САГIИД АФАНДИ
АЛЬ-ЧИРКАВИ

# قصص الأنبياَء

# КЪИСАСУЛЬ АНБИЯЪ

**ТIОЦОБИСЕБ ТIЕХЬ**

2-б басма

Махачкала
ИД «Нуруль Иршад»
2010

ББК 84,4 (Ава) + 86,38
УДК 821.351 + 29
С - 14

САИД АФАНДИ АЛЬ-ЧИРКАВИ.

**КЪИСАСУЛЬ АНБИЯЪ**: Истории пророков/ на аварском языке. –Саид афанди аль-Чиркави. В двух томах. Том 1, 2-издание. – Махачкала: Нуруль иршад, 2010. – 606 с.

В книге Саида-афанди «Истории пророков» на основе таких достоверных источников, как толкования Корана, хадисы и книги авторитетных ученых, доступно и увлекательно повествуется о сложной и порой трагической истории жизни пророков Всевышнего, от Адама ﵇ и до нашего пророка Мухаммада ﷺ.

Книга одобрена решением Экспертного совета Духовного управления мусульман Дагестана за № 09-0267

ISBN 978-5-903593-06-4 (Т.1)

ISBN 978-5-903593-09-5

©Саид-афанди аль-Чиркави
©Издательский дом «Нуруль Иршад»

# بسم الله الرحمن الرحيم

ولا حول ولا قوّة إلاّ بالله العليّ العظيم ملاء ما علم وعدد ما علم وزنة ما علم الحمد لله ربّ العالمين والعاقبة للمتقين ولا عدوان إلاّ على الظالمين والصلاة والسلام على أشرف المرسلين محمد وعلى آله وأصحابه أجمعين إلى يوم الدين

«Бисмиллагь» - ан байбихьун, Халикъасе рецц гьабун,
Свалат-салам АхIмадгун агьлоялде битIизин,
Эсул хулафаазде, хадуб асхIабзабазде,
Салафун-халафунал – гьелги гIахьал гьаризин.

Гьелда хадуб, рохалил хабар бицун, кIалъазин,
Лъайгин гIакъло бугелаз щукру гIемер гьабизе.
НигIматазулги султIан – исламияб гьидаят
Гьаб Дагъистан ракьалде бачIиналъул хIакъалъулъ.

Цо нухалда Жабраил, жиндирго гIадаталда,
ХIабибуллагьасухъе зияраталъ щванила,
Гьудул тIаде вачIиндал, тIаде вахъунеб адаб
ТIагьаяс гьесиеги гьабулеб букIанила.

Гьеб нухалда абуни, халкъалъулго МустIафа
ТIаде вахъинчIого чIун, Жибрил хIайранлъанила,
Жив зияраталъ вачIин чIалгIунищ ккарабилан
ГIаламул-гьудаясде хитIабги гьабунила.

«Я Халикъасул Амин, дирги божарав гьудул,
Дур зиярат чIалгIунев инсангидай вукIунев?
Аллагьас шараигIал русулазухъе кьезе
ВаситIа гьавурав мун гьечIого дие гIелищ?»

Гьединаб жаваб гьабун, гьуинаб хабар бицун,
Хадуб Жабраиласда Расулас гьикъанила:
«ГьитIинавгин кIудияв – кIигоясул кинасе
Кинав тIаде вахъине мустахIикъав вукIунев?»

КIудиясе гьитIинав вахъинилан абидал,
Дур гIумро чан сонилан суал цIигьабунила.
Гьелъиеги Жибрилас жаваб берцин кьунила,
Жиндирго гIумроялъул соналги рицанила:

«Анкьнусазар сон индал цо нухалъ жиб баккулеб
Цо цIва буго, гьеб дида лъабцIол баккун бихьана».
БетIергьанас мун вижун, тIоцобе дур бер щвараб
Щиб жо бугилан абун тIадвуссунги гьикъана.

Гьелъиеги Жибрилас жаваб гьадинаб кьуна,
Жив вижиндал тIоцобе бихьарабги бицана:
«БетIергьанас дун вижун, дир бер тIоцобе щвараб,
ГIаршалде жиб далараб нуралъул чирахъ буго».

Нурანияв ХIабибас хIасратав гьудуласде
Гьеб дуда бихьараб нур – дун вугилан абуна.
«Дуда гьеб нур бихьани, гьанжиги лъалищ?»-илан
Гьикъидалги, Жибрилас лъалин жаваб гьабуна.

«Гьаб нур доб букIанищ?-ан кIалъайги гьабулаго, –
Малъазде валагье»,-ян гьимун, ХIабиб пинщана.
Гьел малъазда жанисан нуралъул халгьабидал,
Гьаб нур доб букIанилан, – кIалъан жавабги кьуна.

«Дир беразул канлъи»,-ян каламги гьабулаго,
Малъал, убачги гьабун, бераздаги рахъана.

БетӀергьанас тӀоцобе ТӀагьал нур бижиналъул
Жигиги дагьаб баян гьабизин гӀин баразе.

«Дурарудь-хӀисан»-илан абулеб тӀехьалдасан
СуйутӀияс бицараб босизин гӀажамалде,
«Дакъаикъул ахбарги» – ли-АхӀмад ибнул Къази –
КӀиябго данде къараб накълоги дий бугебин.

ТӀадегӀанав Аллагьас махлукъ бижилелдего
Ункъго гӀаркьелги бугеб цо гъойтӀ бижарабила,
Шажаратул якъинги элде цӀар тарабила,
Эб гъойтӀалдаса цебе цоги жо бижинчӀила.

Цинги ХӀабибасул нур, хӀалкӀолев БетӀергьанас,
ТӀавусалда релъълъараб суратгун бижанила,
Жавгьаргун якъуталъул хӀижаб-пардавги гьабун,
Гьеб нур, босун, РахӀманас гъойтӀалда тӀад лъунила.

ТӀавусалъул суратгун ХӀабибуллагьасул нур
КӀикъоазарго соналъ, тасбихӀ гьабун, чӀанила.
Гьелда хадуб Халикъас цо матӀу бачӀанила,
«Миръатул хӀаят» – илан цӀарги элда танила.

Гьеб матӀу тӀавусалда, босун, цебегӀан лъедал,
ЦихӀин жаниб балагьун, жибго жинда бихьидал,
Жиндир берцинлъиялда, РахӀманасдаса нечон,
Нуранияб тӀавусалъ щуцӀол сужда гьабуна.

Гьеб щуго сужда рикӀкӀун, щибаб къойил щуго как,
РукугӀ-сужудгин цадахъ, камил гьабун тӀобитӀи
ТӀадегӀанав Аллагьас АхӀмадгин умматалъухъ
Аманатлъун кьун букӀин кӀочонге, бусурбаби!

Цойги нухалъ РахIманас рахIматалъул балагьи
Гьеб нуралде гьабидал, нич бергьун, гIетI кIанцIана.
Гьелъул лугбазда бараб гIетIул къатIрабаздасан
Къудраталъул Аллагьас гIалам загьир гьабуна.

ГIаршгин Курс, ЛавхIгин Къалам, бакъ-моцI, цIваби, хIужубал –
Гьормада загьирлъараб гIетIалдасан рижана.
Жабраилгин Микаил, тIолго малайкзабиги
БотIрода загьирлъараб гIетIалдасан рижана.

Каранда загьирлъараб гIетIалдасан абуни, –
Анбияал, русулал, гIуламаал рижана,
Жиги шугьадаалгин салихIунал гIадинал,
ГIилмогун гIамал бугел гIарифунал рижана.

Байтуллагь, Байтул-МагIмур, цинги Байтул-Мукъаддас,
Дунялалда тIад ругел тIолго масажидалги,
ТIолго масжидал рарал бакIалъул чIабаралги
Мугъалда загьирлъараб гIетIалдасан рижана.

КIиябго кьенсералда бараб гIетIалдасанги
Бижана БетIергьанас МухIаммадияб уммат, –
Муъминал, муъминатал – киналго бусурбаби,
Ислам къабул гьабурал агьлу-щагьадатайни.

ГIиндузда загьирлъараб гIетIалдасан рижана
Мажусиял, ягьудал, насраниязул рухIал,
Гьезда релълъон жал ккарал мулахIхIидин, жахIидин,
Мунафикъзаби гIадал, – гьезул рухIалгун цадахъ.

ХIатIазда загьирлъараб гIетIалдасан бижана
Бакъбаккуда – тIерхьуда гьоркьоб бугебщинаб ракь,

Ракьалда бугебщинаб магIданияб махлукъат,
Халкъалъул хIажат бихьун, гьебги загьир гьабуна.

Гьелда хадуб РахIманас МухIаммадил нуралда
Ункъабго рахъалдехун балагьеян абуна.
Балагьун халгьабидал, Хириясул нуралда
Ункъабгоги рахъалда чIарал нурал рихьана.

Расуласул ункъавго халифа гьел рукIана:
Абубакаргин ГIумар, ГIафанил ГIусман, ГIали رضي الله عنهم.
МагIнавияб-хIисияб халафаталъул амро
Ункъасдаго тIобана, тIаде анлъго моцI рехун.

Цингиги ХIабибасул хIакъикъияб гьеб нуралъ
Лъабкъоялда анцIазар соналъ тасбихI гьабуна,
Гьелда хадуб, тIолалго анбияазул нурал, –
АхIмадил нуралдасан гьелги загьир гьаруна.

Гьанжиги БетIергьанас МухIаммадил нуралде
РахIматалъул балаялъ цойги балай гьабуна,
Гьелдалъун ХIабибасул нуралдасан рухI бижун,
РухIалдасан рижана анбияазул рухIал.

Щивав аварагасул рухIалда загьирлъараб
ГIетIалдасан рижана жив-живасул умматал.
Умматун мархIуматун – МухIаммадил гьаб уммат
Гьесул рухIалда бараб гIетIалдасан бижана.

ГIаламалъулго Халикъ жодее якъинлъидал,
Жодой аслолъун ккарав ХIабибуллагьги лъайдал,
Лъаралда гIамал гьабун, тIолго рухIаз ахIана:
«Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад – расулуллагь».

Гьелда хадуб Аллагьас цо чирахъ бижанила,
Жанисанги тIасанги матIугIан жиб гвангъараб.
Жив дунялалде вачIун букIине бугеб хIалалъ
МухIаммадил суратги бижанила хадубго.

Халкъалда тIаса вищун, тIокI гьавурасул сурат,
Босун, доб нуранияб чирхъида жаниб лъуна.
Жиндир вижин камилав, камалатал тIорарав
ТIагьал берцинаб сурат къиямалдаго[1] чIана;

Къадирасдаса нечон, гIодов чIезе кIвечIого,
Какилъ гIадин, вахъун чIун, адаб цIунизе лъана;
Манлъулев чи гьечIого, гьабеян абичIого,
Гьаб гIаламалъул Халикъ жинца кIодо гьавуна.

Гьеб чирахъалда сверун тIолго анбияазул
АрвахIаз тIаваф гьабун, нусазарго сон ана.
Элда хадуб Аллагьас халкъалъулго рухIазде
«МухIаммадил нуралде балагье», - ян манлъана.

Балагьун бихьанщинаб гьесул лага халгьабун,
Халикъас гIаламалъул гIамал-пиша бижана.
БетIер бихьараб къокъа хулафаал гьаруна,
Халкъалда гьоркьосанго салатIиналгун цадахъ.

Нодоялде бер щварав гIадилав амирлъана,
Берал рихьарал чиги хIуфазаллъун лъугьана.
Кьунсрул рихьанщиналги накъкъащаллъун[2] гьаруна,
ГIиндул рихьаралазги хIакъаб къабул гьабуна.

[1] Къиям – вахъун чIей.
[2] Накъкъащ – накъищ бахъулел махщелчи.

КIаркьаби рихьаралги гIукъалаал[1] лъугьана,
КIутIбузде бер щвараралги вазирзаби лъугьана.
МегIер бихьараб къокъа – хIакимзаби, тIабибал[2],
КIал бихьарал абуни, кIалал кколел лъугьана.

Щекъер-мукъулукъалде бер щваралин абуни,
ВагIза-насихIатчагIи, муазинал лъугьана.
Мегеж бихьаразулги мужагьидал лъугьана,
Габур бихьарал чиги базаргабилъун ккана.

КIигъуждул рихьарал чи – фурсанал сайяфаллъун,[3]
Кванарабаб бихьарал хIажамаллъун[4] лъугьана,
КогIабаб бихьаралги жагьилаллъун хутIана,
Кваранаб хъат бихьарал хазиначагIилъана.

КогIаб хъат бихьаралги – кайяллъун, бахилаллъун,
КIиябго хъат бихьарал сахаватал лъугьана,
Кваранаб тIасахъа койр бихьарал – тIаббахаллъун[5],
КвегIалъул анмалатал[6] рихьарал – катибаллъун[7].

Кваранаб койрзул килщал рихьарал – хайятIаллъун,[8]
КвегIалъул рихьаралги – хIаддадаллъун[9] лъугьана.
Керен бихьараб къокъа мужтагьидал рахъана,
Мугъ бихьарал абуни, шаргIалъе мутIигIлъана.

[1] ГIукъалаал – гIакъло камилал гIадамал*
[2] ТIабиб – тохтур*
[3] Хвалчабаздалъун рагъулел, гьунар бугелллъун (палачал).
[4] ХIажжам – би чIвалев чи.
[5] ТIаббах – квен гьабулев чи (повар)*
[6] Анмалат – килщал.
[7] Катиб – хъвадарухъан (писарь)*
[8] ХаййатI – партал букъулев чи (портной).
[9] ХIаддад – маххул устар.

ТIагьал хьибил бихьарал гъазизаби рахъана,
Чехь бихьарал абуни, загьидзаби[1] лъугьана.
Накаби рихьаралги – ракигIун-сажидунал[2],
ХIатIал рихьарал чиги – чанахъаби лъугьана.

Гъоркьа хIатIал рихьарал рилълъине лебаллъана,
РагIду гореб бихьичIел кочIохъаби рахъана.
Щибниги жо бихьичIел – мушрикинал лъугьана,
Мажусиял, ягьудал, насраниял гIадинал.

Расуласул нуралде балагьиго гьабичIел,
Гьеб къокъайин абуни, Аллагьгун дагIбадана.
«Дин» абурабщинаб жо эз гьереси гьабуна,
Аллагьал жал ругилан лагълъиялъе халкъ ккуна.

Халикъасул къудраталъ дунял-гIалам бижана,
Жиндир ирадаталда хIукму-къадар тIобана,
ХIабибасул черхалде балагьи гьабуниги,
Гьесул, цо-цо сан гореб, киназдаго бихьичIо.

Дунялалде жив вачIун, чIаго вугеб хIалалъги
ХIакъикъияб куцалда киназдаго гьев лъайчIо.
Гьесде иман лъеялъул къадаралда горони,
Къадирас гьесий кьураб гьунар-къуватги лъайчIо.

[1] Загьид – дунял рехун тарав чи*
[2] рукугI-суждаялдалъун, какал ран Аллагьасе гIибадат гьабулел чагIи*

# - ФАСЛО -

## АЛЛАГЬАС АДАМ АВАРАГ ﷺ ВИЖИ

Цинги, БетIергьанасул гIалам загьир гьабизе
Азалалда тIобараб хIукму къадаралде щун,
Халкъалъулго эменлъун Адам гьави бокьидал,
Ракьалдехун Аллагьас, вахIю гьабун, абуна:

«Я ракь, Дица дудасан цо халкъ бижизе буго,
Цоял – Дий мутIигIлъулел, цойгидал – гIасилъулел.
Диде гIасилъараб къавм жужахIалде битIила,
МутIигIлъарал абуни, Алжаналде руссина».

Гьелда хадуб Аллагьас, амро гьабун, Жабраил
Ракь босеян витIана, Адам вижизе гIоло.
Амма ракьалъ абуна: «Мун дихъе витIарасул
ТIадегIанлъиялдалъун, дица цIуни гьарула,

Дуца босиялдаса дир дагьабниги къадар –
Къиямасеб къояца цIадул бухIи щезелъун».
ХIилмо тIокIав Жабраил, ракьалда гурхIел гьабун,
ХIукмуги гьедин букIун, чIового нахъвуссана.

«Дудалъун цIуни гьарун, цIадул бухIиялдаса
ХIинкъун, ракь зигардидал дун хIайранлъун кканилан»,–
ХIаяъ бергьун, Жабраил Бишасда цеве чIана.
Цинги, Микаил витIун, гьесулги гьебго ккана.

Гьанжи ГIизраил малайк, лъабабилеб нухалда
Аллагьас амро гьабун, гьев рещтIана ракьалде.

Гьесдеги ракь зигардун, истигIазат гьабидал,
Гьелда гурхIелги гьабун, амро тезе нечана.

«Дун духъе витIарасул тIадегIанлъиялдалъун,
Дун Жиндеги гIасилъун ццин бахъи щвеялдаса
Дицаги гьарулила Гьесдалъун цIуни», - йилан,
Манлъухъе ракьги босун, ГIизраил тIадвуссана;

МугIрузул, авлахъалъул, хIеренабгин хъачIалъул,
ЧIегIерабгин багIараб – батIа-батIа кьералъул,
БатIа-батIа бакIалъа данде гьабураб ракьгун
«Гьале БетIергьан», - илан Бишасда цеве чIана.

Цинги Малакул-мавтас, Халикъас буюрухъ кьун,
БатIа-батIаяб лъеца ракь буцун, хIарщ гьабуна.
Гьуинабгин кьогIабгин цIамгIалаб лъим букIана,
Лъеда релълъон халкъалъул ахлакъалги[1] рижана.

Ракьул батIа-батIаяб кьергин бижин халгьабун,
Гьелда рекъон Аллагьас гьаб гIаламги бижана,
БатIа-батIа мацIалъул, берциналгин сурарал,
ЛъикIал-квешал, чIегIерал-хъахIаллъун жал рижана.

Гьелда хадуб, Аллагьас амро гьабун, Адамил
РухI гьечIеб черх бижана буцараб хIарщалдасан.
Цинги, гьеб Алжаналъул нуцIаялда гIагарлъухъ
Малайкзаби хьвадулеб нухда лъун, заман бана.

Берцинаб суратальул, халатаб къавматалъул
Халикъасе бокьухъе бижараб черх бихьидал,

[1] Ахлакъал – тIабигIатал*

Жинда релълъараб махлукъ бихьичIел малайкзаби
ГIажаибго Адамихъ балагьулел рукIана.

Бахьикъосараб иблис, Адамиде бер щведал,
«Щиб жоялъе гIолодай гьаб махлукъ бижана», - ян,
Жиндир гьесдехун бугеб хIасадалъул цIакълъиялъ,
ХIалбихьизе, аскIоб ун, Адамида тункана.

Эсул гьодори батун, гьеб, кIалдисан жаниб ун,
Жавфалъул аххадасан къватIибеги лъугьана.
Гьанжи цадахъ рукIарал малаикзабадехун
МалгIуналъ, хитIаб гьабун, гьезулги хIалбихьана:

«Нуж киназдасаго гьав Аллагьас тIокI гьавуни,
Ножоца щиб гьабизе бугеб?» - илан гьикъана.
Гьелъие жаваб гьабун, малайкзабаз абуна:
Амроялда нахърилълъун, мутIигIлъизе ругилан.

Мугъ бекараб иблисалъ нафсалдехун абуна,
Адамидехун бугеб рокьукълъи загьир гьабун:
«Дидаса хириявлъун Аллагьас гьев гьавуни,
Гьесий мутIигIлъизе дун киданиги гьечIилан;

Гьасдаса хирияблъун дунго гьабунаниги,
Гьалаг гьавичIогоги дица гьав теларилан», –
Гьедараб хIисабалда жиндийго къотIи гьабун,
Къадирасде гIасилъи, чIухIун, тIаса бищана.

ХIисаб гьабе, гIадамал, гIибрат бугин кIудияб:
ГIилмогин гIамалалде мугъчIвазе бегьулищан!
Балагье, муъминзаби, хIасадалъул къабихIлъи
ХIарамаб бугониги, иблисалъ гьабун тараб!

Аллагьас Жиндий бокьун вижарав Адамиде
ИгIтиразалда[1] чIараб чIухIалъул гуч бихьулищ?!
РухI гьечIеб къаркъалагун дагIбадизе бахъине,
БетIергьанас гьалдаса гьукъараб щиб букIараб?!

ГьелъиегIан гIемераб гIилмого кьун букIинчIо,
ГIамалалъул рахъалъги бищун тIокIаб букIана.
Зобалазда-ракьалда цо рокьогIан къадарцин
Гьелъ сужда гьабичIеб бакI букIинчIиланги буго.

КIикъоазарго сон гьелъ Алжаналда бан буго,
Къоазарго сонаца вагIзаги гьабун буго,
Микьазарго соналъ гьеб мугIаллим букIун буго,
ГIарш сверун тIаваф гьабун, ункъазар сон бан буго.

РавхIаниязда цадахъ курубиюназдаги –
Лъебераза-азар сон гьезда тIадги бан буго.
ТIоцобесеб зобалда «ГIабид»[2] – цIар букIун буго,
КIиабилеб зобалда «Загьид»[3] - илан лъун буго.

Лъабабилеб зобалда – цIар «ГIариф»[4] букIун буго,
Укъабилеб зобалда «Вали» - янги лъун буго.
Щуабилеб зобалда «Такъи»[5] - ян букIун буго,
Анлъабилеб зобалда «ХIарис»[6] - илан тун буго.

[1] ИгIтираз – инкар гьабун чIей.
[2] ГIабид - Аллагьасе гIибадат гьабулеб*
[3] Загьид – дунял рехун тараб*
[4] ГIариф – лъАй бугеб*
[5] Такъий – Аллагьасдаса хIинкъараб*
[6] ХIарис – цIакъбахъи кутакаб*

Анкьабилеб зобалда «ГІазиз»[1] - илан лъун буго,
ЛавхІул-МахІфузалдани «иблис» хъван букІун буго.
Аллагьасул балъгояб гІилмул-азалалдаго
ГІакъибат[2] мекъса ккедал, гІамал пасалъун буго.

ГІилмогин гІамалалда вохун, чІухІиялдаса
ЧІового хутІиялда ракІбухІун, гІодиго лъикІ.
ЛъикІлъиги гьабулаго квешалгун хьвадизегІан,
Квешлъиялда вукІунги лъикІал рокьиго гъулай.

ЛъикІлъиялдалъунги чи жужахІалде унелъул,
Аллагь, Дуца цІунаги гІужбу-рияалдаса[3]!
ГІалимин дидаго ккун, Мун лъаялъулъ жагьиллъун,
Жагьлул-мураккабалъе[4] ккезе Дуца тогеги!

[1] ГІазиз – къадро-къимат тІадегІанаб*
[2] ГІакъибат – ахир*
[3] ГІужбу – живго жиндаго лъикІавин ккей; Рияъ – рихьдае гІамал гьаби*
[4] Жагьлун-мураккаб – жгьалив, амма жагьилав вукІинги жиндаго лъаларев*

# - ФАСЛО -

## АЛЛАГЬАС АДАМ ﷺ ЧIАГО ГЬАВИ

Адам чIаго гьавизе Аллагьасе бокьидал,
Эсул гIадалнахулъе лъугьайилан буюрун,
БокьичIого, кIвахIалго рухI гьенибе лъугьиндал,
Гьебго хIалалъ къватIибги бахъинилан абуна.

Аллагьас амро гьабун, Адамил гIадалнахулъ
Азарго соналъги чIун, рухI беразде рещтIана.
Цинги берал ралагьун, жиндирго нафс бихьана,
Буцараб хIарщалдасан гьабураблъун батана.

Гьелда хадуб кIиябго гIиналде рухI рещтIана,
Малайкзабаз гьарулел тасбихIалги рагIана.
Гьенисан рещтIун бачIун, рухI магIарзухъе щведал,
Адам аварагасде гIахьадизе бачIана.

Гьенисанги бачIун, рухI кIал-мацIалде рещтIиндал,
«АлхIамду лиллагь», – абун, рецц гьабизеги лъана.
«ЯрхIамака раббука, я Адам»,-илан абун,
Аллагьас, Живго лъугьун, жаваб гьесий гьабуна.

Гьенисанги бачIун, рухI кереналде рещтIиндал,
ТIаде вахъин бокьана, кинниги бажаричIо.
Цинги гьеб рухI рещтIиндал гьодориялде жаниб,
Адам аварагасул тIагIамалде хьул лъуна.

ТIолго лага-черхалде рухI интишар гьабуна,
Гьелдалъун ракьагин гьан, гьединго бигун щукIдул

Данде гьарун, Аллагьас Адам чIаго гьавуна,
Инсанасул суратги берцинаблъун бижана.

Цинги Аллагьас Адам, берцинаб ретIел ретIун,
БахIарав гIадин къачIан, Алжаналде вачана.
Эсда ретIараб ретIел – гвангъараб малъ букIана,
Мунагьалде ккун хадуб, тIонлъун бадал гьабуна.

Гьесул мугъалда жаниб РахIманас, вадигIатлъун
ХIабибасул нурги лъун, гьаб цIунеян абуна.
Адамида нахъа чIун, мухъ гьабун, малайкзабаз
Гьеб АхIмадил нуралъе салам кьолеб букIана.

Жиндир мугъалда нахъа, мухъ гьабун, малайкзаби
Даимго чIун рихьидал Адам гIажаиблъана.
ХIикмат лъай тIалаб гьабун, РахIманасде гьаридал,
ХIабибасул нуралъе салам кьолел ратана.

Гьанжиги Аллагьасде Адамица гьарана,
Гьев Дур ХIабибасул нур дир надалда лъейилан.
Накъло гьабун, Халикъас гьеб нур надалда лъуна,
Адамил гьариялъе жаваб берцин гьабуна.

Цинги малайкзабазул нахъа букIараб къокъа
Адамида церехун мухъ гьабизе лъугьана.
Нахъеги ХIалимасде, хIелун, гьари гьабуна,
Гьеб нур дида бихьулеб бакIалдаги лъейилан.

Ибгьамалъул малъазда ХIабибасул нур лъедал,
«МархIаба, ХIабиби»,-ян икрам-тахIийят гьабун,
Гьел малъал Адамица, баун, убачги гьабун,
Гьелдаса жив вохиялъ бераздаги рахъана.

Заманалда жанибги заман батизабулев,
Зоб-ракьалъул махлукъат Дуй бокьухъе бижарав,
Бижанщинаб жоялъул хIикматги Дуда лъалев,
ХIабиб хиралъиялъе нугIлъунги Мунго чIарав;

Мун цохIо вукIин лъалел, Дуде инкарги гьечIел,
Дур ХIабибги вокьулел, хIалкIун суннатги кколел,
Сулукалъул агьлоги рохун къабул гьабулел
Гьал факъирал нежеда гурхIа, Аллагь, чIового!

Гьелда хадуб Аллагьас, кIиго кваркьиги бугеб,
«Маймун»-илан цIар бугеб цо махлукъат бижана.
Жабраилас квелъги ккун, Микаил – кваранисa,
Исрафил – квегIиса чIун, Адам гьелда рекIана.

Алжаналдасан рахъун анкьабго зоб сверана,
Аллагьасул махлукъат гьесда бихьизабуна,
Гьес малаикзабазе тахIийятал гьаруна
«Ассаламу гIалайкум» – абураб лафзалдалъун.

«Ва гIалайка ссаламу, я Адам»,-илан абун,
Малайкзабаз гьесие жаваб кьолеб букIана,
Гьелдасан байбихьараб саламалъул тахIийят
Бусурбабазда гьоркьоб даимаблъун хьвадана.

Дунял-гIалам бижизе байбихьиялъул харбал
Хилафалда ратиялъ, воре, занну квешлъуге,
Загьирабгин батIинаб магIна халгьабун хадуб
Мурад цохIо батулин агьлу-ттафасиразул.

Аварагзабаздасан магIсийят кколебилан
РакIалдего беччаге, куфруялде унелин,

Эздасан жал регьарал хатIабиян абуни,
Мажазиял жал руго, хIакъикъиял кколаро.

Масала, БетIергьанас загьираб амроялда
Адамиде абуна: ролъалдаса кунгеян,
Кванайилан абураб амро батIинаб букIун,
Аллагьас гьев вачана сиррул-къадар тIобайзе.

ХIакъаб кашфодул ралъад, машгьурав тIарикъатчи –
Ибнул ГIарабиясги гьадин абулеб буго:
Адам аварагасул бакIалда дун вукIун тун,
Дица доб ролъалъул гъойтI сахго куйнаанилан.

Гьеб ролъ кванай сабаблъун, ккарабщинаб маслахIат,
Щибго жо гьечIониги, гьаб цохIоги гIелаан:
ГIаламалъулго сирру, русулазул фахролъи –
Хирияв ХIабибуллагь ракьалда чIаго гьави.

Ролъ тун нахъиялщинал нигIматазда корщелгун
Квана-гьекъон, бокьухъе Алжаналъув вукIадго,
Кьижун ккарав ворчIидал аскIой ХIава ятана –
Эсул квегIаб хьабалухъ гIучIалдасан йижана.

ЙикIинчIеб бакIалъ ятун, ХIаваде бер щун хадуб,
Шагьват багъарун, Адам элдехун валагьана.
Магьар кьезе кколилан Жабраилас абидал
Жаваб кьезе лъайчIого, «Магьар щиб?»-ан гьикъана.

«ШафагIаталъе изно Аллагьас жиндий кьолев,
Жиндий гIоло кинабго махлукъатги бижарав,
Дур зурийяталъулги саййидлъун жив гьавурав –
Гьев ХIабибуллагьасде лъабцIол салават битIе».

Гьадинаб жаваб гьабун, Жабраилун-аминас,
Свалат битIизе манлъун, гIакъду-никахI гьабуна.
ГьадигIан жиб хирияб, ХIабибасде салават
ХIалкIун гIемераб битIе, исламалъул жамагIат!

Адам-ХIава Аллагьас Алжаналда тей лъайдал,
иблис гьезий гьанжиги кошлъиялъе ургъана.
Кинаб макро гьабунги, гьел мунагьалде ккезе
ГьаричIого теларин малгIуналъ цIакъбахъана.

Хъаравуллъи ккун иблис Алжаналъул бабалда[1]
Лъабнусго соналъ чIана, жаниб нух щоларого,
Хадуб, цо берцинаб хIинчI боржун къватIиб бачIиндал,
Гьикъа-бакъи гьабизе гьелда цебе лъугьана.

«Гьай дуда баркат лъеяб, кисан мун бачIунеб? – ан,
ХIеренаб рагIи бицун, тIавусалде гьарана, –
ТIадбуссун мун унелъул дунги цадахъ бачине
Дур хIал кIвеларищ?» – абун, хIиллаялда кIалъана.

«Дица бачун горони, мунго щай унареб?» - ан
Иблисалъе тIавусалъ тIадбуссун суал кьедал,
Сирран[2] жаниб лъугьине дие бокьун бугилан,
Мурадги балъго гьабун, тIадагьаб жаваб кьуна.

Жанибе мун бачине дида хIалкIвеларилан,
ХIалкIолеб борхьихъе ун, духъе гьеб битIилилан
Нахъбуссун араб тIавус, тIаде босараб къотIи
ТIобайзабизе къасдгун, борхьида аскIоб щвана.

[1] Баб – нуцIа, каву*
[2] Балъго, лъидаго лъайчIого*

Алжаналъул кIалтIа чIун цо малаик вугила,
Мукарраминаздасан, насихIатгун вачIунев.
Вачине дур хIалкIвани, хIалбихьеян тIавусалъ
Борохьалде абидал, элъий цIакъ бокьанила.

ЦIа рекIараб кинигин, Алжаналъул кIалтIе ун,
Эб кIиябгоги тушман балъго гаргаданила.
Борхьил кIал рагьанила, иблис жаниб анила,
Алжаналъул рокъобе малгIунги борчIанила.

Адамие гьукъараб ролъул гъойтIалда аскIоб,
Зурмилал бакъназ рачун, иблис гIодоб чIанила.
РагIичIеб гьаракь-бакъан гIиндачIван, Адам – ХIава,
РачIун, гIагарлъанила иблис бугеб бакIалде.

Адамидехун буссун, хитIаб гьелъ гьабунила,
Гьаб ролъул гъойтIалдаса дагьабниги кванаян.
Дунгин ХIава гьелдаса гьукъун ругин абидал,
Аллагьасул цIар бахъун, гьерсие гьеданила:

«Гьаб гъойтIалдаса кварал Алжаналъур хутIула,
Херлъигин хъахIлъиялъул асарги хъатIуларо.
Ялъуни нуж кIиялго – малайкзаби рукIуна,
Ножой гьеб кванаnилан заралги бачIунаро».

ЧIухIиялъ гьалаклъараб хIалхъубаб малгIуналъул
Макро букIин лъайчIого, гъойтIалде гIагарлъана.
Даимго, абадиялъ Алжаналда хутIизе
Анищ ккарай ХIаваца ролъалдаса кванана.

Щибго зарал ккечIого саламат гьей хутIидал,
Хадуб Адамицаги квана ХIавада релълъон.

Ролъ ургьибе щварабго Адам, бетIералда тIад
БукIараб тажги бортун, пашманлъиялде ккана.

Тушманалъул хIиллаялъ ХIава-эбел тарана,
Эмен-Адам таризе сабаблъунги гьей ккана.
Сабабал рекъезарун, хIукму хьвадизабулев
ХIакимасул шаънаби загьиралда тIорана.

# - ФАСЛО -

## АДАМ АЛЖАНАЛДАСА КЪВАТІИВЕ ВАЧІИН

Адамгин ХIавадасан магIсиятги бегьидал,
Мунагь-хатIаялде ккун, такъсиралъе хIакълъидал,
Халикъас Жибриласе амро-буюрухъ кьуна:
«Алжаналдаса рачун, гьел Ракьалде рехе», - ян.

Хирияб Алжанги тун, Адам къватIив лъугьиндал,
ТIолабгоги махлукъат, эсда гурхIун, гIодана.
ГIарацгин меседалъул щибниги хIал хисичIо,
Щибго пашманлъиялъул асарги загьирлъичIо.

«Гьаб тIолабго махлукъат Адамихъ гIодулелъул,
Нуж гIодуларел щай?» - ян БетIергьанас гьикъана.
Гьикъаралъе жаваб кьун, гIарац-месед кIалъана,
ГIузру бачун, нечадго Бишасдехун абуна:

«Дур амро-нагьюги тун, хилифлъарав Адамихъ,
Аллагь, Дудаса нечон, гIодичIилан, – бицана. –
ГIасилъарав лагъасе Саййидас гIадло гьаби –
ГIодизе мустахIикъаб вакъигIатлъун бихьичIо».

ГIарацгин меседалда БетIергьан разилъана,
БитIун хIукмо гьабиялъ гьезул къимат борхана.
Къиямасеб къоги чIун, дунял паналъизегIан
Гьеб кIиялдего инсан хIажатавлъун гьавуна.

Жабраилас койрги ккун, Адам ракьалде щвана,
РетIелги тIад гьечIого, гIицIгоги гьев вукIана.

Гьиндалъул мугIруздаса рузман къоялъ, бакъ тIерхьулъ,
«Рагьун» абун цIар бугеб цо магIарде рещтIана.

Релъедаги, къад гIадин, къалъ-къалъун жиб бихьулеб
Жабалу-«Рагьуналда» нур бугилан абула.
Адам аварагасул, анцIго натI роцен бугеб,
Бицуна, гьеб магIарда хIатIил лъалкI бугиланги.

ХIижазалъул ракьалда, цIамгIалаб ралъадалъул
РагIаллъуда жиб бугеб Жиддат абураб шагьар, –
Гьеб бакIалда Жибрилас, Жаббарас амро гьабун,
АскIов инсан гьечIого, ХIава-эбелги тана.

иблисилан абуни, ГIиракъалде рехана,
РахIматалдаса къотIун, ражимлъунги гьабуна.
Жинцаго жиндиего никахI-магьари гьабун,
Гьелдалъун гьеб малгIуналъ ункъго хоно гьабуна.

Гьел ханал бакI-бакIалъ лъун, тIанчIазде байбихьана,
ТIолабгоги дуниял гьелъул наслабаз цIуна,
Инсанасул чорхолъ жал, би кинигин, хьвадизе
БетIергьанас, гьунар кьун, бокьухъеги реччана.

Башаразул инсуде, хIасад гьелъ гьабун хадуб,
Гьеб дур тушман бугилан Аллагьас лъайзабуна.
Гьелдасан байбихьараб гьесул зурийяталъе
ТавхIидалде нух къайзе тIаде гьелъги босана.

ТIолалго русулазухъ кутубал рещтIунелъул,
Киназдаго рехсана иблис тушман бугилан.
«Элъий мутIигIлъуге»,-ян амро гьабун, Халикъас
Хирияб Каламалъулъ рехсей гIемер гьабуна.

Киналниги Дур лагъзал къосине гьаричIого
Теларилан гьеб малгIун гьедана Аллагьасе.
Дир хIакъикъиял лагъзал къосине гьаризени,
Гьеб дуда кIойларилан, Аллагьасги абуна.

Иман загIифаб агьло иблисалъ гукканиги,
ИгIтикъад щулияв лагъ БетIергьанас цIунула.
Гьидаят тIалаб гьабун, РахIманасе хIеларав
РахIматалъул ралъдалъа къватIивго вахъунаро.

Къадирасул тавлият жиндие насиблъарав
Нафсул-аммараталда лагълъун ккойзе кIоларо.
Лагълъиялъул куцги лъан, гIибадат гьуинлъарас
ГIарацгин меседалъухъ исламги бичуларо.

иблис Алжаналъубе бачине квербакъараб
Борхьилги БетIергьанас шакло хисизабуна.
Гьелъул кIалдиб загьро лъун, ахраслъунги гьабун тун,
«Исбагьани» абураб ракьалде жиб рехана.

Жавагьирал тIаса ун, берцинлъи нукъсан гьабун,
иблису-ллагIиналъул баркат гьечIолъи бихьун,
БетIергьанас тIавусги «АнтIакият» абураб,
Ялъуни Бабилалъул ракьалде рехун тана.

Хирияб Алжанги тун, Адам ракьалде щведал,
РетIелги тIад гьечIого, гIицIавлъунги вукIиндал,
Ругьун гореб черхалда бакъ хIехьезе кIвечIого,
Бигьалъи тIалаб гьабун, Жибриласде кIалъана.

Жиддаялде рехарай ХIава-эбелалъухъе
Алжаналъул куй бачун, Жабраил-амин ана.

Эб къунцIун, квасги гьабун, кун дургъизе манлъана,
Кун бессулеб къагIида – гьебги баян гьабуна.

Гьанже ХIаваца, бессун, гIабаъ хIадур гьабуна,
Гьеб Адамие букIин Жабраилас бицинчIо.
Босун гьебгун Гьиндалде Адамихъе жив ана,
Амма ХIаваца бесси гьесий загьир гьабичIо.

Гьеб гIабаъги тIад ретIун, къаркъала рахIатлъидал,
Ракъиялъул асар лъан, Адамий квен бокьана.
Алжаналде ун Жибрил кIиго оцгун вачIана,
Алатул-хIарс кодоб кьун, векьаризе манлъана.

Бекьараб хIалалъ баккун, ролъалда тIор барщана,
Лъилъулеб куцги манлъун, бакIаризе тIамуна.
Лал тIамун, гьород беччан, ххине хIадур гьабуна,
Гьанжи, ханжу гьабеян, кIиго гамачIги кьуна.

ЖужахIалдаса босун, цIадул хIенехI бачIана,
Анкьго нухалъ лъелъги ччун, къуват загIиф гьабуна.
Гьедин рекъезе гьабун бухIи букIинчIебани,
БухIа-чIурхIун гьаб дунял гьелъ пана гьабилаан.

Алжан тун ракьалде щун, кIикъого сон букIана
Адам аварагасде ургьибе жо инчIого.
Гьеб цIаялда панкъ бежун, кваназе къасд гьабидал,
«Сабро гьабе», - ян абун, Жабраилас беччайчIо.

Бакъ тIерхьинегIан чIани, дур кIал тамамлъулилан, –
КIал беччалеб гIужалъул гIорхъи лъайзе гьабуна.
Нахъа рачIине ругел наслабазе кьучI тIамун,
ТIоцобе дунялалда кIал Адамица ккуна.

КIал беччайзе мехги щун, панкъалде квер бегьидал,
Адамидаса тIурун, мегIер тун ричIалъана.
ГIедегIун тIаде вахъун, Адам хадув вортана,
ВортичIевани, лъикIан Жабраилас абуна. –

Жибго тIад буссинаан, мун хадув инчIевани.
Хехлъанин Адамилан Аминуллагь кIалъана.
Аллагьасул хIукмуги гьедин къарарлъун букIун,
Ризкъи тIалаб гьабулеб зурийятги хутIана.

ТIадбуссун кодоб щведал, панкъил бащалъи кванан,
Бащадаб Адамица иддихаралъе тана.
ТечIого лъикI букIанин Жабраилас абуна,
Иддихар гIаламалъулъ гIадатлъунги билълъана.

Бащадаб панкъ кванайдал къечалъул асарги лъан,
Лъин гьекъарав Адамил ургьиб хIалкъай лъугьана.
ХIалхьи тIагIун, чехь унтун, рахIат жиндие хведал,
Жибрил-малаикасде ургъел бикьун, бицана.

Цинги Жибрилас гьесий дару-сабаб гьабуна,
Дубур-къубулалдасан къватIибе нух рагьана.
Гьеб мехалъ Адамица тIагIаратги гьабуна,
Ургьиб букIараб хIалкъай тIаса ун, рахIатлъана.

Вакъидал ХIава кIочон, гIорцIидал ракIалде щун,
Щунусго сон тIобана цуцадаса ратIалъун.
Цо къоялъ Адамица, ХIава ракIалде щведал,
ХIакъикъат лъайзе бокьун, Жибриласде гьикъана:

«Къайдул хIаяталдайищ ХIава йигей, Жабраил?
Ялъуни хунищ йигей, хабарго лъаларищ?»-ан.

Лъалилан жаваб гъабун, Жабраилас бицана
Берцинаб гІумругун гьей дудаса лъикІ йигилан.

«Ралъдал рагІалда йиго, ччугІбузде чан гьабула,
Гьелги кванан, Аллагьас парахат хьихьун йиго».
Адам цІакъго вохана, рохел загьир гьабуна,
Гьей жинда макьилъ йихьи Жибриласде бицана.

Жибрилас, макьо къотІун, гьесде рохел бицана;
Гьейгун мун данделъизе заман гІагарлъанилан.
ГІисяналда пашманлъун, Алжан кІочонарого,
Ургъел даимав Адам тавбоялде кантІана.

ТІадегІанав Аллагьас илгьам ракІалде гьабун,
«Раббана, заламна»[1], - ян ахІизе тавфикъ кьуна,
«МухІаммад», - ан цІар рехсон, гьесий гІоло гурхІаян,
РахІматалде хьулги лъун, Адамица гьарана.

Гьанжиги БетІергьанас гьесде вахІю гьабуна:
«Вижилелде цевего МухІаммад кин лъарав?» - ан.
Лъалевлъунги вукІадго РахІманас суал кьедал,
Масъуласул хІал цІунун, Адамица бицана:

«БетІергьан, Дуца вижун, бетІер дица борхидал,
ТІоцобе дир бер щвараб ГІаршалъул хІубиялда
Къудраталъул Къаламалъ «Лаилагьа илла ллагь,
МухІаммад расулуллагь», – абун хъвараб хатІ буго.

Элдалъун дида лъана Дур хирияб цІаралда
ЦІар хурхине гьабурав МухІаммад хІабиб вукІин».

[1] Нижеца нижедаго зулму гьбуна*.

МахIубубасул цIар рехсон, РахIманасде гьаридал
Адамил хатIаялда Халикъ тIаса лъугьана.

«Гьиндалъул ракьалдасан Макка бугеб бакIалде
Сафар гьабе», - ян абун, гьесухъе вахIю щвана.
Нух манлъизе далиллъун хасав малаикги кьун,
Маккаялъул ракьалде Адам щвезе гьавуна.

Алжаналъуса бачIун, багIараб якъуталъул
Жакъасеб КагIбаялъул роцада рукъ гьабуна,
Гьелда тIавафги гьабун, гьарейилан манлъана,
Гьабулеб куц лъайзабун, анкьго нухалъ сверана.

Сверулеб мехалъ Адам гIурянавлъун[1] вукIана,
БукIинчIо хIатIида хьит, я бетIералда тIагъур.
Башаразул инсуца тIаваф гьедин гьабидал,
Гьеб аслолъун хутIана хIаж-гIумра гьабулезе.

Гьеб тIаваф гьабун хадуб, тавбоги къабул гьабун,
Къадирас буюрана ГIарафаталде аян.
Адам ГIарафалда чIун, вукъуфалда вукIаго,
РакIалдаго гьечIого, дандчIвана гьесда ХIава.

Гьел цуцада ратараб бакI букIиналъе гIоло,
ГIарафат мегIерилан гьеб бакIалде абуна.
Дандельараб къоялде цIарги ГIарафа тана,
ГIарафаталда вукъуф – хIажалъул рукнулъана.

ХIаваги ячун Адам Маккаялде вачIана,
Гьенив дагьалъги вукIун, Гьиндалде тIадвуссана.

[1] ГIурян – къаркъалаялда ретIараб ретIел гьечIев, гIицIцIав*.

Гьанжи, кIиялго рекъон, цIияб гIумру гьабуна,
ГIалам загьир гьабизе гьел сабаблъун тIамуна.

ТIадегIанав Аллагьас амро гьабун Жабраил,
Лъабго жавгьарги босун, Адамихъе витIана.
Имангин гIакъло, хIаяъ[1] – гьеб лъабабго букIана,
Лъабалъулго бокьараб босейилан абуна.

Адамица жиндийго гIакъло тIаса бищана,
Бищун хирияб жавгьар гьеб букIин жинда лъана.
Жабраилас абуна имангин хIаяалде:
«Адамий гIакъло щванин, нуж нахъруссун а», - йилан.

Иманалъ жаваб кьуна Жибриласул рагIуе:
ГIакъло кибе аниги, эбгун цадахъ букIаян
Аллагьасул рахъалъан буйрухъ диеги бугин,
Дунги, гIакълогун цадахъ, Адамгун букIинилан.

Элда хадуб иманалъ хIаяалде абуна,
Аллагьасул буюрухъ элъий баян гьабуна:
«Гьанжи дунги гIакълогун чIезе ккола бугелъул, –
Манлъа-хъвай гьабун гьелде – нахъбусса», - ян абуна.

Иман чIараб бакIалда мунги букIаян абун,
Амро дийги бугилан, хIаяалъ инкар ккуна.
Имангин хIаяалъул маскан[2] гIакълогун ккана,
ГIакъло гьечIеб бакIалда кIиялъего бокьичIо.

Бищун хирияб жавгьар тIаса бищизе лъайдал,
Лъабабго щун Адамил тIабигIат берцинлъана.

[1] ХIаяъ – намус, нич.
[2] Маскан – чIолеб бакI.

БетIергьанас Жиндие вокьарасе горони,
Кьолареб гIакъло ккана гIилмо лъолеб гъалмаслъун.

ГIамалалъе тавфикъгун гIилмул-ахират кьурал
Мухлиссиназда[1] гъорлъа ратIа гьаруге, Аллагь!
БатIингун загьиралъул гъапу Дуца рагьарал,
Дур фукъараstation[2] махIаббат[3] ризкъилъун кье!

[1] Аллагьасе бацIцIадаб гIибадат гьабулел гIадамал.
[2] Фукъараал – мискинзаби. Гьаниб мурад буго тIарикъаталъул агьло*
[3] МахIаббат – рокьи.

# - ФАСЛО -

## КЪАБИЛИЦА ГЬАБИЛ ЧIВАЙ

Адамгин ХIавадасан наслаби байбихьана,
Лаюсаги Гьабилги цо чIарада гьаруна,
Цойги чIарада – Къабил Икълимагун гьавуна, –
Гьеб хIалалъ эгзал гьарун, наслаби гIемерлъана.

ГIи-боцIул милат гьаби Гьабилида тIадкъана,
Къабилилан абуни, хур-хералда тIад тана.
ТIадкъарал пишабазда кIиявгоги хIалтIана,
ТIулбикьарал вац-яцал балугъалде рахана.

БетIергьанас, Гьабилий Икълима ячейилан,
Адам аварагасе амро-буюрухъ кьуна.
Икълимаги Къабилги – цо батIнуялъул[1] эгзал, –
Цуцае никахI гьаби хIарамаблъун букIана.

ХIарам-хIалалалдаса мугъ бан, къосарав Къабил,
Икълима тун, Лаюса ячинарилан чIана.
Бишасдаса хIинкъаян насихIат гьабуниги,
Гьабилие Икълима теларилан лъугьана.

ТалихI къарав гьев Къабил къацандизе рекIиндал,
Къурбан хъоялъул суал Адамица борхана.
БетIергьанас такъарруб[2] лъил къабул гьабуниги, –
Гьесий Икълима тезе къотIуда разилъана.

[1] Цо чIарада цадахъ гьарурал.*
[2] Такъарруб – Аллагьасде гIагарлъулеб гIамал, къурбан.*

ТIаса бищараб чахъу Гьабилицаги хъуна,
ТIор барщичIеб, къанщараб ролъгун Къабилги щвана.
Щибаб цояб – цо гохIда, батIа-батIа гьебги лъун,
Гьеб бихьулеб бакIалъ чIчIун, кIиясго халгьабуна.

Гьаваялдаса гIодоб цо хъахIаб накIкIги бачIун,
Хъамун, Гьабилил чахъу зодобе босун ана.
Балагьун, гьеб бихьидал Къабилил хIал хисана,
ХIасадалъул кутакалъ керенгун ракI гьалдана.

Гьабил чIвазе къасд ккана, чIвалеб къагIида лъайчIо,
БачIун, тушман-иблисалъ эв кантIизе гьавуна.
Кодобе босун кIиго гамачI цуцалъ кьабуна,
Цоялъ цоябги бекун: «Гьадин гьабе», – абуна;

иблисалда нахъвилълъун, кIудияб кьуру босун,
Кьижарав вац – Гьабилил ботIроде беччан тана.
Би ракьалде чвахана, кьижарав Гьабил чIвана,
Гьесул хирияб гIумру къого сонилъ букIана.

Щибго мунагь гьечIого чIварав Гьабилги ваччун,
Гьабилеб жо лъайчIого лъагIалица свердана.
Гьесда цебеги бачIун, кIиго гъеду багъана,
Бергьаралъ къарабги чIван, ракьги хъиращун, букъана.

Балагьун, гьеб бихьидал Къабил гIажаиблъана,
Жинца чIварав вацасе гьабизе кколеб лъана.
Гьеб гъедуялъ кинигин, гвенд бухъун, хобги гьабун,
Гьабилги, жанив тIупун, тIаде ракьги хъван тана.

ТIоцобе ракьалда тIад Адамил наслабазул
Зулму гьабун чи чIварав – къосарав – Къабил вуго.

Гьеб къоялдаса нахъе дунял паналъизегIан
Зулмуялъ чIван хваразул мунагь эсги баччула.

Къабилица Гьабил чIвай Магъарату-ддаммалда,
Димишкъи шагьаралъул Къасиюналда[1] ккана,
Къабилил мунагь бакIлъун, гьеб къоялъ ракь багъарун,
Анкь-анкь нухалъ къо рикIкIун, анкьица багъарана.

ГъутIбузда заз бижана, пихъазул тIагIам хвана,
Гьуинаб букIараб лъин кьогIлъиялде сверана,
ЦIвабзазул гIилмоялъул гIалимзабаз рехсана:
РачIчI бугеб цIва тIоцобе гьеб къоялъ бакканилан.

Ибрагьим – Халилуллагь цIадаве рехизеги,
ГIадил къавм гьалаклъизе, ФиргIавн лъелъ гIанкъизеги
Загьирлъанин гьеб цIваян арбабу-ннужумазул
Ахбаразулъ батула, БетIергьанасда лъала.

Ислам загьирлъидалги, тIоцобе рачIчI бугеб цIва
Бадроялда рагъ ккезе бакканиланги буго,
Гьелда хадуб ГIусмангун ГIали шагьидлъизеги
Гьебго цIва баккун буго, хIикмат лъалев чи гьечIо.

ХIавадисал загьирлъун, халкъалъулъ питна ккезе,
Пача хисун, хан рехун, хиса-баси лъугьине,
Я гьел хун тIаса ине, гьелда релълъаразеги
Гьеб цIва баккулин аби умумулъги батана.

Адамида Гьабил чIвай, гьаналъ бицун, бичIчIана,
Гьиндалдасан къокъун гьес Къабил тIалаб гьавуна.

[1] Къасиюн – Дамаскалда бугеб мегIер.*

Икълимагин цадахъгун Къабилги тIурун ана,
Адам, ХIавагун цадахъ, рухIалида хутIана.

Халикъас гIайиб гьабун, гьесде вахIю рещтIана,
Гьаб зигара щибилан щукруялде тIамуна,
Шис гьавизе вугилан гьезде рохел бицана,
Цадахъ эгиз гьечIого гьавилинги абуна.

Адамица, Шис гьавун, гьев кIудияв гIун хадуб,
Авладазул тавлият[1] гьесда байзе гьабуна.
БетIергьан Аллагьасе тIагIаталда живго чIун,
ТIолалго умуразул[2] амирлъун Шис гьавуна.

[1] Авладал – лъимал; Тавлият – кверщел гьаби, тIалаб гьаби,*
[2] Умурал – ишал.*

# - ФАСЛО -

## АДАМ АВАРАГ عليه السلام ХВЕЙИ

Адам аварагасул гIумру ахиралде ккун,
Хвел рагIизе гьабураб вахIю эсухъе щвана.
Вихха-хичун, «Хвел щиб?» - ан Халикъасде гьикъидал,
Дуцагин зурийяталъ чIамилилан абуна.

Адамица, Шис ахIун, васияйтал гьаруна,
Гьесда гIибадаталъул авкъаталги[1] рицана,
Къабилилгун рагъ гьабун, гьев чIваянги тIадкъана,
Къудраталъул Аллагьас квербакъилин абуна.

Алжаналъуса росун, Аллагьас Адамихъе
Анбияъ-русулазул суртал рещтIун рукIана;
Шисихъе Адамица, хъахIаб дараялда гъорлъ,
Гъансинир лъун цIунеян, гьелги кодоре кьуна.

Гьединго Адамица, жиндирго магжидаса
Дагьал расалги къунцIун, гьелги кьуна Шисихъе:
Гьал расалги кодоргун мун вугевгIан заманалъ
АгIдаазда[2] дур корщел даимлъилин абуна.

Дуда гьаб чIегIераб рас хъахIлъун бихьараб мехалъ
Лъайиланги абуна ажал дуе гIагарлъи.
Жиндихъего рещтIарал сухIуфалги, хатамги[3],
Хвалченгун цадахъ гIанса – гьелги кьуна Шисихъе.

[1] Авкъатал – гIужал.*
[2] АгIдаал – тущбаби.*
[3] СухIуфал – Аллагьас рещтIарал тIахьал; хатам – баргъич (печать).*

Гьадинал васияйтал васасдеги гьарун тун,
Тана панаяб дунял гIаламалъул инсуца.
Азарго соналъ гIумру ракьалда тIадги гьабун,
ТIадвуссун Алжаналде ана Халикъас вачун.

Адам хун лъагIалиде эбел-ХIаваги хвана,
Аби-Къубайсалда гьел рукъанилан абула.
КIикъого хIаж гьабизе Маккаялдеги вачIун,
Гьиндалдаго хванилан цо риваятги буго.

Цинги Шис хIадурлъана, хIарбуялъе[1] къачIана,
Къабилгун дандчIваялъе гIураб къуват куцана.
Дунялалда тIоцобе ккараб рагъ гьеб букIана –
Гьабилил къисасалъе Къабил чIвазе гьабураб.

Гьеб рагъул хIасилалда асир гьавурав Къабил,
Гьормадаса нич бахъун, Шисидехун кIалъана:
«Нелъеда гьоркьоб бугеб рахIму-насаб[2] цIуне», - ян
ХIалихьатал рагIаби къватIир загьир гьаруна.

«Гьабилил насаб дуца щай цIуничIеб?» - ан абун,
Шисица, кIалги гьикъун, гьесул койрал рухьана.
Гьеб басрияб куцалда, рагIад гьечIеб бакIалда,
Бакъукь эхетизавун, хойзегIан чIезавуна.

Хун хадув гьев вукъизе гьесул лъимал къачIана,
Гьел къосине гьаризе иблисги хIадурлъана –
Малайкасул сураталъ гьезда аскIобги бачIун:
«Гьев ракьулъ вукъуге»,-ян къиматалда кIалъана;

[1] ХIарбу – рагъ.*
[2] РахIму-насаб – гIагарлъи.*

Балурияб навгIалъул кIиго гамачI бачIана,
«БекIкIун, гьел гьодор гьарун, жанив лъе»,-ян манлъана.
ЛъикIаб ретIел тIад ретIун, дару-дарманги гьабун,
Гьев цIунулеб къагIида цIакъго мухIкан гьабуна;

Гьесие гIодов чIезе меседил тахги гьабун,
Восун лъеян абуна чIухIараб цо рукъ бакьулъ.
Къабилил лъималазда иблисалъ кьили лъуна,
Бокьаралъур рачунел чуял гIадин, куцана.

Цинги амро гьабуна: «Гьеб рокъов лъугьанщинас
Лъабго нухалъ Къабилий сужда гьабе», - ян абун.
Гьелда хадуб малгIуналъ «Цо хассаб къо Къабилий
ГIалам тIаде хьвадизе гIидлъун кке», - ян абуна.

Балуралъул кIиябго гамчIил гьодориялъуб
Гьалмагълъун Къабилие цо щайтIанги тIамуна,
Щиб жо къваригIаниги, Къабилил рахъалдасан
РачIарал гIадамазе жаваб гьелъ гьабулаан.

Гьаб рехсараб куцалда Къабилий сужда гьабун,
Къосарал гIадамазул гIемерал сонал ана.
иблисалъул макроялъ гуккун чIараб агьали,
Аллагьлъун Къабилги ккун, куфруялда хутIана.

Халкъалъул тадбир гьабун, тавхIид щулаго цIунун,
ШаргI хьвадизе гьабулев Шис Гьиндалда вукIана.
Гьесде рещтIарал тIолго сахIифатазул къадар
КIикъоялда анцIиде бахана РахIманасул.

Ракьулъа магIдан бахъи, дарангин базар гьаби,
Гьесдасан байбихьана тIоцобе дунялалда.

Борцунелъе гел гьабун, цIалелъе мизан гьабун,
БацIцIадаб гIадлоялъул низамги гьес гIуцIана.

ГIумруялъул ичIнусго соналде жив вахиндал
Гьавурав васасде эс Ануш абун цIар лъуна.
Инсул чIегIерал расал гьесда хъахIлъун ратана,
Гьеб соналъ Шис накълолъун, Ануш нахъе хутIана.

Рехсараб къагIидалда къудраталъул Аллагьас,
Адам ракьалде веччан, халкъалде байбихьана.
Халикъасул мурадги инсан вижиналдасан –
Жив агьло вукIинги лъан, лагълъи эз гьаби буго.

Гьезие ризкъи кьезе Жив гъоркьеги чIун вуго,
Жиндий гIибадат гьаби гьезде тIамун тун буго,
Гьезие Жинца кьурал дунялалъул нигIматал
Дин билълъанхъизабизе гIавнуялъе кьун буго.

ГIисяналъе кверчIвазе, куфруялъе хIалае,
КигIан дагьабги къадар, Къадирас бижун гьечIо.
Жиндир бакI горелъубе сарф гьабураб боцIи-мал
БоцIул бетIергьанасда гIазабалъе батила.

БетIергьан ризкъи кьезе гъоркье чIун вугониги,
ЧIагояв инсанасда гIамал тIад гьабун буго.
БекьичIого хур бачIин гIадатлъун билълъун гьечIо,
ГIамалалде мугъчIвайги – ширкалъул гIаркьел буго.

ГIалам загьир гьабизе байбихьараб куцалъул
Цебе рехсараб къиса мекъаб бугин абулес,
Атеизма лъикI лъалев гIалимчиги валагьун,
Бегьила бахIс гьабизе, маймалакги гьоркьоб лъун.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَهُوَ ٱلَّذِى خَلَقَ ٱلسَّمَٰوَٰتِ وَٱلْأَرْضَ فِى سِتَّةِ أَيَّامٍ وَكَانَ عَرْشُهُۥ عَلَى ٱلْمَآءِ ﴾ سورة الهود ، الآية ٧ ، أي لم يكن بينهما حائل بل هو في مكانه الذي هو فيه الآن وهو ما فوق السموات السبع والماء في المكان الذي هو فيه الآن وهو تحت الارضين السبع . وذلك أن أول ما خلق الله النور المحمدي ثم خلق منه العرش ونشأ الماء من عرق العرش فخلق الله منه الارضين والسموات فالارض من زبده والسموات من دخانه . «صاوي» صـ ٢٠٨ ، جـ ٢

﴿ وَكَانَ عَرْشُهُۥ عَلَى ٱلْمَآءِ ﴾ فالمعنى : وكان عرشه تعالى قبل خلق السموات والارض على الماء ... الخ . والجمهور على أن أول ما خلق الله من الأجسام هو العرش ومن الأرواح الروح المحمدي الذي يقال له العقل الأول والفلك الأعلى أيضا . «روح البيان» جـ ٤ ، صـ ٩٩

إن أول ما خلق الله تعالى نور سيدنا محمد ﷺ ثم خلق منه القلم والحجب السبعين وملائكتها ثم خلق اللوح ثم قبل كماله وانعقاده خلق العرش والارواح والجنة والبرزخ . أما العرش فإنه خلقه الله تعالى من نور وخلق ذلك النور من النور المكرم وهو أي النور المكرم نور سيدنا محمد ﷺ وخلقه أي العرش ياقوتة عظيمة ... الخ «إبريز» صـ ٢٢٤

... وشاهده حديث عبد الرزاق بسنده عن جابر رضي الله عنه : قال : يا رسول الله أخبرني عن أول شيء خلقه الله قبل الأشياء ؟ قال ((يا جابر إن الله تعالى خلق قبل الاشياء نور نبيك من نوره فجعل ذلك النور يدور بالقدرة حيث شاء الله تعالى ولم يكن في ذلك الوقت لوح ولا قلم ولا جنة ولا نار ولا ملك ولا سمآء ولا أرض ولا شمس ولا جن ولا إنس فلما اراد الله ان يخلق الخلق قسم ذلك النور أربعة أقسام ))... الحديث . «الفتوحات الأحمدية» صـ ٦

وشاهده حديث عبد الرزاق بسنده عن جابر رضي الله عنه : يا رسول الله أخبرني عن أول شيء خلقه الله قبل الأشياء ، قال : (( يا جابر ان الله تعالى خلق قبل الاشياء

نور نبيك من نوره ...فلما أراد الله أن يخلق الخلق قسم ذلك النور أربعة أجزاء فخلق من الجزء الاول القلم ومن الثاني اللوح ومن الثالث العرش ثم قسم الجزأ الرابع أربعة أجزاء)) . «المنح المكية» صـ ١٦

عن جابر رضي الله عنه بن عبد الله الانصري وهو أنه قال : قلت : يا رسول الله بأبي أنت وأمي أخبرني عن أول شيء خلق الله قبل الاشياء ، قال : (( يا جابر إن الله تعالى خلق قبل الاشياء نور نبيك من نوره )) ...الخ . «شرح قصيدة البردة» صـ ١٠٠

وكل آي أتى الرسل الكرام بها فإنما اتصلت من نوره بهم

وهذا المرام ما رواه جابر الانصاري رضي الله عنه عن النبي ﷺ عن أول شيء خلقه الله تعالى فقال : (( هو نبيك يا جابر خلقه ثم خلق منه كل خير وخلق بعده كل شيء وحين خلقه أقام قدامه في مقام القرب إثني العشر ألف سنة ثم خلقه أربعة أقسام فخلق العرش من قسم )) ...الخ . بـهامش «شرح قصيدة البردة» صـ ٩٩ .

والأحاديث الدالة على ترفعه ﷺ على سائر الأنبياء والمرسلين حديث الترمذي : ((أنا سيد ولد آدم يوم القيامة ولا فخر وبيدي لواء الحمد ولا فخر وما من نبي آدم فمن دونه إلا تحت لوائي)) . «جمل» على «الهمزية»

أنت مصباح كل فضل فما تصدر إلا عن ضوئك الاضواء

كلها من الآيات والمعجزات وسائر المزايا والكرامات وإن تأخر وجودك عن جميع الانبياء لأن نبوتك مقدم عليهم بل وعلى جميع المخلوقات . «المنح المكية»

وقال رضي الله عنه : لما أراد لله تقدير الخليقة وذرء البرية قبل دحور الارض ورفع السماء وهو في انفراد ملكوته و توحد جبروته لمع نور من نوره ثم اجتمع ذلك النور في تلك الصور الخفية فوافق صورة محمد ﷺ فقال الله تعالى : انت المختار المنتخب عندك يستودع نوري وكنوز هدايتي من أجلك أسطح البطحاء وأرفع السماء وأجعل الثواب والعقاب والجنة والنار ... الخ . «نزهة المجالس» صـ ٨٠ ، جـ ٢

Гьаваялда нахъвилълъун ХIабиб кIалъаларилан
НугIлъи жиндилъ бачIараб аятги бихьулелъул,
Жабирица бицараб машгъураб хIадисалда
Дирни игIтираз[1] гьечIо, лъица щиб бицаниги.

Щибго жо бижилелде Жиндирго нуралдасан
Дур Аварагасул нур Халикъас бижанилан,
Жабирил суалалъе Расулас кьураб жаваб,
Бокьун, къабул гьабула гьав пакъирасул ракIалъ.

Гьедин гьечIеб батани, халкъ бижиналъул тартиб
Бугеб куцгIаги кинха, ахбаразулъ бачIараб ?
Агьлу-ттарихлъун ругез рицун тарал къисаби,
Къабулго гьаричIого нахъчIвайищха битIараб?

Халкъ диналде ахIизе илчилъун жив витIарав
БетIергьан-Аллагьасул лагъ вуго нелъер ХIабиб,
Лъица кин веццаниги, гьаб сифаталда жанив
Жиндехун рокьи ккарав ккеладайха мекъиса ?

Къадирасул афгIалалъ «лима-кайфа»[2] - ялъулги
КъагIида кколареблъи бальгояб жо горелъул,
Бальгоял умуразул амроги Досде тIамун,
Аварагасул вижин бачIухъе бицани щиб ?

[1] ИгIтираз – инкар гьаби.
[2] Ай, Аллагьасул пишабазда тIасан «ЩАй, кин?» абизе бегьуларо.

# - ФАСЛО -

## ИДРИС АВАРАГАСУЛ ﷺ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Шис хойдал халафалъи Анушица босана,
Инсул васийят цIунун, гIадлоялда хьвадана.
Анушие вас гьавун, Къайнан абун цIар лъуна,
Эмен хойдал, халафат гьесги тIаде босана.

Хвалил унти чIварабго Къайнананица жиндир вас –
Магьлаил гIагар гьавун, халафалъи тIадкъана,
Хатамгиму сухIуфал жаниб бугеб табутги,
Жиндихъе щвараб гIадин, гьесда кодобе кьуна.

Магьлаилги хун, нахъе Ярд абурав вас тана,
Гьесиеги вас гьавун, Идрисин цIар ахIана.
Адамил нодоялда букIараб ТIагьал нурги,
ТIолгояз цуцахъе кьун, Идрисихъе бачIана.

Хъанчал Аллагьлъун ккурал Къабилил тухум-кьибил
ТавхIидалде ахIизе Аллагьас гьев витIана.
Амрогин нагьюялъулъ къвакIараб гIадло бугев,
ГIибадаталъулъ тIокIав сиддикълъун жив вукIана.

Жиндир лъикIал гIамалал гIаламалдаса тIокIав,
Малайкзабаз хIайранлъун, гIажаиблъи гьабурав,
Лъеберго сахIифатги Къадирас жиндихъе кьун,
Къуръаналда рехсарав аварагги вукIана.

Цо нухалъ Малакул-мавт, Аллагьасдеги гьарун,
Идрис аварагасде зияраталъ рещтIана,

Лъалареб сифаталъул инсанасде бер щойдал,
Мун щив чи вугевилан Идрисица гьикъана.

«Аллагьасул рахъалъан изноги босун, духъе
Зияраталъ вачIарав ГIизраил», - ан бицана.
Цинги Идрис кIалъана Малакул-мавтасдехун:
«Мун ГIизраил ватани, хекко дир рухI босе», - ян.

Дур рухI босизе изно Аллагьасул гьечIилан,
Идрисидехун вуссун, ГIизраил кIалъалаго,
Гьесул рухI босейилан вахIю Бишасул бачIун,
ГьебсагIат ГIизраилас Идрисил рухI босана.

ХIалкIолев БетIергьанас, тIадбуссаян, буйрухъ кьун,
Бахъараб Идрисил рухI, нахъбуссун, чорхолъ ана.
Хвалил лълъар къулчIун хадуб чIаголъи тIадбуссиндал,
Идрисие бокьана цIадул гIазаб бихьиги.

ГIизраил-малайкасде цIидасан гаргадана,
«Дида жужахI бихьизе гьабе», - йилан гьарана.
Гьелъиеги Аллагьас изно кьедал, ГIизраил,
Идрисги вачун, щвана Малик-малаикасухъ.

Малик-малаикасде Аллагьас амро гьабун,
Идрис чIезе гьавуна жужахIалъул рагIалда,
Жаниве валагьидал, агьвалалги[1] рихьидал,
ХIехьезе хIалкIойчIого, гIакълоялдаса ана.

ГIизраилас аскIов ун, тIадеги вахъинавун,
ТIадвуссун, вукIаралъув вачун щозе гьавуна.
Гьелдаса хадув Идрис, ургъелалъул кутакалъ,

[1] Агьвалал – гIазаб-гIакъоба.*

Койн тун, лъин тун, макьо тун, гIибадаталда чIана;

ГIумру рагIалде ккедал, Мутавшалах абулев
Жиндирго васасда тIад халафалъи бухьана;
«ХойзегIан каказда тIад чIа», - ян васийят гьабун,
Табутги сухIуфалги – гьелги кодоре кьуна.

Гьанжи Идрис жиндирго михIрабалъуве ана,
«Алжан бихьизабе», - ян Халикъасде гьардана.
Ризван-малаикасде Аллагьас, вахIю гьабун,
«Идрис Алжан бихьизе ваче», - йилан абуна.

Амроялъе мутIигIлъун, ТIуба абураб гъотIол
Ризваница цо гIаркьел ракьде дализабуна.
Идрис гьелда хурхана, хехаб тадбир гьабуна,
Гьебги ккун, зобалазде лахIзаталда вахана.

Хадув Ризван-малайкас Алжаналде вачана,
Жанир ругел нигIматал киналгоги рихьана.
ХIалхьезегIан гIодов чIун, рахIат гьабун хадуса,
«Гьанжи къватIив вахъа», - ян Ризваница абуна.

Алжан тун къватIив ине тIобан инкар гьабуна,
Аллагьасул Каламги далилалъе бачана,
«Куллу нафсин заикъатул мавти»[1] - йиланги цIалун,
Дица гьеб чIамунилан хIужжа къотIизабуна.

ЖужахI щивав чиясда бихьулилан абураб
Аят цIалун, Ризваний гьеб бихьиги бицана.

[1] Ай, «Хвел бихьуларев, гьелъул кьогIлъи чIамуларев инсан гьечIо, киназго гьеб чIамула», – абураб аятги цIалун, дида гьебги бихьана, дун гьаниса къватIивеги инаро»,- ян абуна.

Цинги, «Ва ма гьум мингьа би мухрижин»[1] – абураб
Аятги кьочIой босун, Идрис тIиртIирун чIана.

ТIадегIанав Аллагьас Идрис витIухъ гьавуна,
«Абадиялъго къватIив вачIунге», - ян абуна.
Эсул, зодов унелъул, лъабнусиялда хадуб
Лъабкъоялда щуго сон гIумруялъул букIана.

ГIибадат-тIагIат гьабун, ункъабилеб зобалда
Идрис, жакъа нилъ гIадин, чIаголъиялда вуго.
ЧIалгIин буссине цо-цо Алжаналъувги уна,
Эниб свериги бахъун, нахъвуссунги вачIуна.

Нужумгин хIисаб-гIилмо гьесдасан байбихьана,
Букъараб ретIел гьаби гьесде щвезегIан лъайчIо.
Гьединго дунялалда тIоцобе къалмидалъун
ХатI хъван, расен гьабиги Идрисидасан лъана.

Ужра[2] босун халкъалъул ретIел гьес букъулаан,
Гьеб ретIаралщиналги разиго хутIулаан,
ХиятIаталъул[3] пиша хIалтIизе гьабун щвараб,
ХIалалаб гореб тIагIам кваналебги букIинчIо.

БатIинабгин загьираб ризкъиги хIалалаб кьун,
ХIалалаб касбуялда[4] даим гьаре, БетIергьан!
БитIараб нух манлъизе далилги божарав кьун,
Дунялгин ухраялъул ургъелги тIаса босе!

---

[1] Ай, Алжаналъуре лъугьун хадур гьелъул агьлоялъе гьениса къватIире рахъин гьечIо, Ай, даимго гьенир рукIуна» – абураб магIнаялъул аят.

[2] Ужра – мухь.

[3] ХиятIат – ретIел букъи.

[4] Касбу – хIалтIи, пиша-махщел.*

# - ФАСЛО -

## НУХӀ АВАРАГАСУЛ ﷺ КЪИСА

Идрисил, Ламак абун, васасул вас вукӀана,
Гьес, жиндий вас гьавидал, ГӀабдул-Гъаффар цӀар лъуна.
ГӀемер гӀодун, магӀо тӀун, Аллагьасе хӀелиялъ
НухӀ абураб цӀаралда халкъалъулъ машгьурлъана.

Цо къоялъ ГӀабдул-Гъаффар, ункъберилаб гьой бихьун,
«Гьалъул сурукълъи щиб?» - ан, ракӀщвечӀого кӀалъана.
РахӀманас гьунарги кьун, гьоялъ гьесда абуна:
«Я ГӀабдул-Гъаффар, дуца гӀайиб чӀвалеб лъида? - ян. –

Дий бокьухъе бижине гьунар букӀарабани,
Гьойлъун букӀинго дица тӀаса бищилароан.
Дун бижарасда гӀайиб гьабулев мун ватани,
Гьевги гӀуюбаздаса вацӀцӀадав Халикъ гьечӀищ?»

Гьоялдаса нич бегьун, хатӀаялда пашманлъун,
Аллагьасдаса хӀинкъун, НухӀ гӀемерав гӀодана.
МагӀо бадиб бакъварал къоял-сардал гьечӀого,
Гьесул гӀумродал сонал тавбоялдаго ана.

Тавбоялдаса кӀал-мацӀ батӀалъизе рес гьечӀел
Мунагьал гьаруниги, гьелъул нелъей гьечӀеб кӀвар.
РекӀел басиратталда кьаву бицатаб чӀваялъ
ЧӀахӀиял мунагьалцин рихьизе кӀолел гьечӀо.

Русулал-анбияал магӀсумиял ругелъул,
Мунагьал гьездасан ккей ккоге хӀакъикъияблъун.

ХIикматал жанир рукIун, нелъее мисалалъе
Сурат бугин загьираб, занну[1] квешлъизе тоге.

Щунусиде гIагарун гIумру соназул индал,
Аллагьасул амрогун Жабраил гьесухъ щвана.
Жиндирго къосаралгун Къабилил тухум-кьибил
ТавхIидалде ахIизе расуллъунги витIана.

Либасул-жигьад ретIун, нусраталъул чалма къан,
ГIазмуялъул хвалчен бан, Жабраилас къачIана,
Къосарав гIанидилан[2] гIаламалда машгьурав,
Дармашилан цIар бугев ханасухъе витIана.

ТIоцобе дунялалда, жаги цIцIун, гьеб гьекъезе
Къималдалъун[3] лагIбу[4] гьабизе байбихьарав,
Месед бекьараб ретIел ретIине ругьунлъарав –
Гьав малгIунин бицуна «БадаигIу-ззугьуралъ».

Аллагь кIочон хъанчазе лагълъиялдеги руссун,
Ракь угьдараб пасалъи гьездасан загьирлъана.
НикахI-магьариялъул гIадло-низам рехун тун,
ГIалхулал хIайваназда хьвадиги релълъон ккана.

ЧIухIарал, месед-гIарцул тахазда тIад гIуцIарал,
ГIемерал хъанчал хьихьун хъаравулалги тана.
ГIалам гьениб буссине хассаб къоги чIезабун,
Къурбанал хъун, кеп гьаби гIадатлъунги билълъана.

---

[1] Занну – хиял, пикру.*
[2] ГIанид – квешезе чIарав.*
[3] Къимар – гьоркьоб гIарац лъун кагътаздалъун хIАй.*
[4] ЛагIбу – хIАй, расанди.*

ГIидалде гьел руссараб къоялъулги халгьабун,
Борхатаб гохIде тIаде НухI авараг вахана ﷺ.
«АхIмадил нуралдалъун дие комек гьабе», - ян
БетIергьан-Аллагьасде мунажатги гьабуна.

Гьелда хадуб халкъалде, ахIун гьаракь гьабуна,
Аллагьас жив расуллъун витIун вугин бицана.
ТIолго гIалам бижарав, гIибадаталъе хIакъав
Халикъ горесе лагълъи бегьуларин абуна.

Магърибгун машрикъалде гьесул гьаракь рагIана,
ГIидалде данделъарал, тамахлъун, гIодор ккана.
Тахазда тIад рукIарал хъанчал гIодоре гъана,
ГIажаибаб хIинкъиялъ халкъ хIайранлъизабуна.

Гьебщинаб халкъалда гъорлъ ГIимрат абун цIар бугей,
Бахьи кьурай цо гIадан иманалде ячIана.
Элъулгун къадар батун, никахI-магьари гьабун,
Гьелъ НухI аварагасе анлъго лъимер гьабуна.

Гьезул лъабго вас вукIун – Сам, ХIам, Яфис цIар лъуна,
Ясал – БухIайвиратгун Сарат, ХIасват рукIана.
Исламалде ячIарай ГIажвидил яс – ВалгIабги –
Гьейги лъадилъун ячун кIиго валад гьавуна.

КIиявго васасде цIар Балус, КангIан букIана,
Бахьи кьечIей йижиналъ нахъа ВалгIаб тарана.
ТавхIидалъул гьуинлъи гьелъул рекIелъ хъатIичIо,
Хъанчий лагълъи гьабулеб агьлоялде юссана.

Исламалде рачIарал руччаби-бихьиназул
Лъабкъоялда анцIиде къадар-гIадад бахана,

Дармашилгун гьесул къавм тавхIидалде ахIизе
НухI авараг хIалтIана лъабнусгогIанаб соналъ.

Дармашил гьалаклъана, гьесул вас ханлъун ккана,
Инсудаса къосарав малгIун гьевги вукIана.
Гьев гьалаклъун хадувги ханлъун ТIагърадус ккана,
ТIугъяналъулъ[1] бищунго бергьаравги вукIана.

Гьаб къосараб агьали тавхIидалде ахIулев
НухI аварагас бана анлънусго сон замана.
Аллагьас тIоритIичIел Къабилил наслабазулъ
Ислам къабул гьабизе къасд бугев чи лъугьинчIо.

Гьез вухун, НухI авараг, рощнол гохIдеги рехун,
Хваравилан таравги вакъигIатал[2] рукIана.
ГIакъоба-гIазаб хIехьон, гIемер къварилъи баччун,
Къавм тавхIидалде ахIи НухI аварагас течIо.

ХIалкIвараб зулму гьабун, гьез къварид гьавуниги,
Гьезие, лъикIаб гореб, дугIа гьабулароан.
Гьединаб сабруялъул къуват жиндилъ букIиналъ
«Улул-ГIазми» абураб сифат гьесий гьабуна.

Гьелда хадуб Аллагьас гьесде вахIю гьабуна:
Гьанжеялдаса хадур иман лъун мутIигIлъулел,
БутIунал[3], асслабазулъ[4] наслабицин гьечIилан.
Гьез иман лъеялдаса хьулги къотIизабуна.

[1] ТIугъян – къосин.*
[2] ВакъигIат – лъугьа-бахъин.*
[3] БутIунал – эбелалъул ургьиб.*
[4] Асслаби – умузул мугъзал гьод.*

Гьанжи НухI аварагас Аллагьасде гьарана:
«Ракьул гьомералда тIад кафур чи тоге», - йилан, –
Тани, тIолго Дур лагъзал гьаз къосинарилилан, –
Къабилил наслабазе квешаб дугIа гьабуна.

Гьес дугIа гьабулелъул зобал гьаргьадун ана,
Аллагьас къабул гьабун, жавабги гьекко щвана,
Куфаялъул ракьалда гъутIби чIезе манлъана,
Гьелъул рохь лъугьинегIан кIикъого сон тIобана.

ТIуфан тIолеб гIужалъул гIаламат баянлъана,
ГIуж абурав нартасда хъарщи баччизабуна.
Баччаралъухъ ужраги ГIужие – койн букIана,
ГIорцIизегIан кьейиги шартIлъун къабул гьабуна.

Лъабго панкъги цебе лъун, кванайилан абидал,
«Абищ дие койн?»  -илан ГIуж-нартас балъаргъана.
«Бисмиллагь» бахъизабун, бащадаб панкъ кванайдал:
Дун гьанжи гIорцIанилан, хутIараб нахъе тана.

Халикъас амро гьабун, Жабраиласги манлъун,
НухI жиндирго лъималгун гама гьабизе лъвана.
Лъимго гьечIеб ракьалда гама гьес гьабулелъул,
Гьев валъаргъун, къавмалъе къойилго кеп букIана.

Анлънусго натI – гIеблъуда, азарго – халалъуда
Лъураб гама гьабизе гьез кIикъого сон бана.
Гьабун тIобайдал гама, БетIергьанас изно кьун,
Инсанасул мацIалда фасахIатго кIалъана.

Нафю-исбаталдалъун байбихьиги гьабуна,
Гьелда хадуб жиндирго хIакъикъатги бицана,

Жинда рекIарав инсан, хвасарлъи баян гьабун,
Хилифлъи гьабурав чи гьалаклъилин абуна.

Гьеб мехалъ НухI авараг къавмалдехун кIалъана,
«Лъеларищ гьанжиниги иман?» - илан гьарана.
Гьесул рагIухъ гIинбайзе гIадамаз къасд гьабичIо,
СихIроялъ кIалъанилан, гамил вагIза босичIо.

БетIергьан Аллагьасул ццин бахъин кутаклъана,
«Киналго хIаваижал къачIай, – абун манлъана. –
Анлъго моцIие гIураб койн-тIех цадахъ босе», - ян
Буйрухъ щун, НухI авараг хIадурлъизе лъугьана.

ХIаж гьабизе анищ ккун, Аллагьасде гьарана,
Изно кьун, ХIарамалъул ракьалде жив къокъана.
Анкьго тIавафги гьабун, гьенибги Аллагьасде
«Къавмалдаса интикъам[1] босе», - йилан гьарана.

НухI Маккаялде индал, иман гьечIел гавурал
Гама, цIа гъун, бухIизе хIукмуялда рукIана.
ХIалкIолев БетIергьанас гьаваялде босана,
Гьезда бихьулеб бакIалъулъ, лъеда тIад гIадин чIана.

ТIолабго рухIчIаголъи, хIинчI-гъедо, гIалхул чундул
Мин куллигьим завжайни[2] гамаялде рачана.
Руччабигун бихьинал – иман лъуразул къадар
Ункъогоялде рахун, гьелги цадахъ рачана.

Цинги Адамгин ХIавал къаркъалаби росана,
СухIуфал жанир лъураб табутги данде къана.

[1] Интикъам – рецIел боси.*
[2] щибалдасан бихьинабги цIоябги.*

Адам аварагасул гIанса, ХIажарул-асвад –
Гьелги лъуна гамида, амроялда нахъвилълъун.

Абулеб буго харбилъ: ахиралда гамиде
Рахарал хIайваназул хIама букIарабилан,
ХIамил рачIчIалда хурхун, иблисалъ квалквал гьабун,
Гьелда жаниб лъугьине кIола букIинчIебила.

Бокьун инкаралда чIун хIама бугебилан ккун,
ХIалхъубаб щайтIаналъул макро букIин лъайчIого,
«Мун жаниб щай унареб, я малгIун?» - илан абун,
НухI авараг хIамиде, семун, кIалъаравила.

РачIчIалда хурхун чIараб малгIун – иблисгун цадахъ
Гамаялде жанибе хIама лъугьарабила.
«Мун, изного гьечIого, жаниб щай бачIараб?» - ан
ЩайтIаналде, ццин бахъун, НухI гаргадаравила.

«Дуца, "МалгIун, жанибе лъугьа", - йиланги абун,
Изно дий кьечIищ?» - илан щайтIан дагIбаданила,
ГIаламалъулъ мутIлакъго малгIун, дун гореб, гьечIин,
Дун къватIиб инарилан, инкар гьабурабила.

Коронисан лъин бурун, гIаламат тIатун ккана,
ТIуфан тIезе байбихьи гьелдалъун загьирлъана.
НакIкI гьечIого цIцIадал ран, ракьулъан лълъинал бурун,
Гьалдолеб хьагил мисал дунялалъул лъугьана.

Лъин коронисан бури – тIуфаналъул байбихьи
БукIинилан НухIиде вахIю гьабун букIана,
«Гьеб бихьараб сагIаталъ гамаялде вахине
Хехаб тадбир гьабе», - ян амроги щун букIана.

Амроялда нахъвилълъун Аллагьасул авараг
Кинабго агьалигун гамида къарарлъана.
«Дида цадахъ гамиде ваха», - ян ахIаниги,
Инсуе мутIигIлъичIев КангIан гьалаклъун хвана.

Гамида рекIаразул къадар гьоркьоса бахъун,
Ракьалда бугебщинаб махлукъат паналъана,
Къабилил наслабаде рещтIараб ццинбахъиналъ
Нахъе рухI хутIичIого, ахираталде ана.[1]

Адамил заманалда малаикзабаз бараб
КагIба-рукъги Аллагьас зодобе босун ана.
«Ал-Байтул-МагIмурул гIатикъ» цIарги элде абула,
Ункъабилеб зобалда бугиланги бицуна.

Ункъоялда анцIазар малаикал цадахъгун
«Бисмиллагь» - ан байбихьун, сафинат[2] багъарана.
Бищун цебе КагIба-рукъ букIараб бакIалда тIад
ТIаваф гьабун, гамаялъ анкьго свери бахъана.

Гьениса багъаридал, Байтул-Мукъаддас бугеб
БакIалда тIадги сверун, зияратги гьабуна,
Гьеб хIалалда сафинат дунялалда хьвадана,
Магърибгун машрикъалда щвечIеб бакIги хутIичIо.

Щварабщинаб бакIалъул исмуги[3] баян гьабун,
НухIий сияхI кьолеблъун сафинат тIаса инчIо,
Фалакалъулъ хьвадулеб цIураб шагьримоцI гIадин,
Ралъдал карачалабалъ лъедана анлъго моцIалъ.

---

[1] Сива ГIужин – ГIуж хутIизегIан
[2] Сафинат – гама.*
[3] Исму – цIар.*

Гьелда хадуб, Аллагьас гІазаб тІаса босана,
ТІуфаналъул балагьал бигьалъизе лъугьана,
Лъелъ гІанкъарал жибалал раккизе гІагарлъана,
«Жуд» абураб магІарда гамил макъамги[1] ккана.

Гьеб къо мухІаррамалъул анцІабилеб букІана,
Элда ГІашураалъул къойиланги абула.
Аллагьас жиндий кьурал гІемерал нигІматазе,
НухІ-гІалайгьи-ссаламас, шукру гьабун, кІал ккуна.

Ккоян амро гьес гьабун, гьалмагълъи мутІигІлъана,
Гьеб къоялъ кІал ккойчІев чи цохІониги вукІинчІо.
ХІатта гІалхул хІайванал, хІинчІ-гъедо, рухІчІаголъи –
РухІ бугебщинаб жоялъ ккуниланги бицуна.

Цинги НухІ аварагас кваналел нигІматазул
Киналниги хутІарал мугьал къватІир рахъана,
Гьеб кинабго бакІарун, цохІо хьагинибе бан,
Цадахъ белъун, киназго, данде руссун кванана.

Гьелдаса хадуб гьеб мугь балеблъунги лъугьана,
НухІ аварагасдасан суннатлъунги бачІана;
Жакъаги гьеб гІадамаз гІодоб тейи лъикІ гьечІо,
ЛъикІаздасан бачІараб суннат ккой беццун буго.

ГІашураалъул къоялъ ихІтисабан[2] кІал ккуни,
Азарго хІажгин гІумра Аллагьас гьесий хъвала,
Азарго лагъ тархъарав чи гІадинги вукІуна,
Азарго шагьидасул кириги гьесий кьола.

[1] Макъам – чІейи, рещтІин.*
[2] Аллагьасе гІоло.*

Рес рекъарас гьеб къоялъ «Къулгьу» азарго цIале, –
РахIматалъул балагьи БетIергьанасул щвела.
Бесдаласда гьеб къоялъ хIалкIвараб ретIел ретIе, –
ХIулалул-жаннати[1] щун, Алжаналъув вохила.

Аллагьасе гIолойин бацIцIадаб нийят гьабе,
Нийят пасадаб гIамал гьабаун мансурлъулин[2].
Балъго кьураб садакъа рияъ-сумгIаталдаса
Божарабги букIунин, кIванагIан жигар бахъе.

МухIаррамалъул авал – лъагIел байбихьулеб къо,
Гьеб къоялъ кIал ккойиги цIакъго рекъараб буго.
ЦIияб соналъул авал, Аллагьасе гIололъун,
ГIибадат-тIагIаталда тIамиги берцин буго.

Къудраталъул Аллагьас гьеб къоялъ жиб цIаларав
ЦIунизе кIиго малайк вакил гьавун витIулеб,
Гьеб къоялда хасслъараб хассаб дугIаги бугеб,
ГIалимзабаде цIехон, цIализе гIамал гьабе.

ГIашураалъул къоялъ лъабкъоялда анцIцIолго
Абизе цIакъ рекъарал рагIабиги кIочонге,
РагIаби абун хадуб анкьцIол дугIа гьабуни,
Гьев чиясде гьеб соналъ гIажал щвеларин буго.

Гьал рехсарал пайдаби гIададисел жал горо,
ГIадан мекъса тIамулеб гьереси-мацIги горо,
Гьаваялдасан босун, ургъун дицаги хъвайчIо,
Нахърилълъине бегьулел тIахьаздасан горони.

---

[1] ХIулалул-жаннати – Алжаналъул ретIел.*
[2] Гьабаун мансур – гьороца босун араб хIур (щибго пАйда гьечIеб).*

ТІадруссинин гьанжи нилъ тІуфаналъул харбиде,
ТІамчил гьормал регизин, гьелъул хутІараб лъайзе:
Лъинги жаниб кІкІун, тІагІун, тІолго ракь цебе лъуна,
Цебе букІараб хІалалъ дунялги берцинлъана.

Гамида тІад букІараб тІолабго рухІчІаголъи,
РахІманас амро гьабун, арзалде[1] беччан тана.
Аллагьас сордогин къо, бакъ-моцІ, цІвабзазул канлъи, –
Кинабго загьир гьабун, гьезулги тартиб ккана.

Гамидаса рещтІиндал гьитІинаб росо ккуна,
«Къарятул саманина» цІарги гьелде букІана.
Гьелда хадуб, берцинаб рахІматалъул цІадги бан,
ЦІидасан дунялалда магІишат байбихьана.

НухІ авараггун цадахъ лъимал-хъизан, руччаби
Нахъе тун, гьеб росдалги тІолго агьали хвана.
Хадуб НухІ аварагас лъабавгогиі васасда,
Лъабго рахъалде бикьун, ракь бихьизе гьабуна.

Гьезул бищун кІудияв Сам абурав вукІана,
Магърибалъул рахъалда чІейиги гьес гьабуна.
Гьелда тІаде, ХІижазгун Йемен, ГІиракъ, Шам гІадал,
Улкаби тІаде жоран, гьелги гьесухъе кьуна.

Нубувваталъул[2] нурги гьесул гьормалъ букІана,
Инсул адаб-хатирги кутакалда гьабуна,
Гьесдаса разиявлъун НухІ даимго хутІана,
ДугІа гьабун, гьесие лъикІабщинаб гьарана.

[1] Арз – ракь.*
[2] Нубувват – аввараглъи.*

Гьарараб къабул гьабун къудраталъул Аллагьас,
Самил зурийяталъул анбияал рахъана.
Румал, фурсал, гIарабал – гьесул наслаби ккола,
Инсул адаб гьабуни, гьадинаб талихI кьола.

ХIамин абуни, инсул адаб гьечIев вукIана,
АскIове жив ахIидал, жаваб гьабун, вачIинчIо.
Жунбияб рахъалдехун чIейиги гьес гьабуна,
Гьормал чIегIераб миллат – гьесул наслаби ккана.

«Гьедин, гьормал чIегIерал, басрияллъун, лагъзаллъун
Лъугьаги наслаби», - ян инсул дугIа букIана.
Мисрайимин цIар бугев ХIамил вас, гьаракь рагIун,
«Гьале дун, жадди», - йилан, жаваб гьабун вачIана.

Гьесие кIудадаца, кIудияб разилъигун,
«Зурийяталда баркат лъеги» , -йилан гьарана, -
Лълъимал-хурзал гьарзаяб, гьава-бакъ рекъон ккараб
Ракь-мулкалда ризкъи хъван хьихье», - янги ахIана.

КIудадаца гьабураб дугIаялъул баркаталъ
БетIергьанас Мисрайим Мисриялде вачана.
Мисрийилан абураб цIар лъей гьелдалъун ккана,
Гьесул зурийяталъул къибтIиялги лъугьана.

Гьанжи НухI аварагас Яфисиде ахIана,
Инсуе жаваб гьабун, гьевги аскIов вачIинчIо.
«Аллагь, Дуца Яфисил наслаби халкъалъулго
Бищун квешал гьаре», - ян, гьарун, дугIа гьабуна.

Гьев Яфисил наслаби яъжуж-маъжуж лъугьана,
Гьабураб дугIаялъе жаваб Аллагьас кьуна.

Инсуе мутIигIлъичIел лъималазул гIакъибат
Мекъса ккей халгьабурав, гьидаят щун, вохила.

Талхис гьабун горони, тIуфан тIеялъул хабар
Халат гьабун бицине назмоялъ хIалрекъечIо,
Риваятазулъ хилаф гIемерал дандечIваялъ,
Дагьабго баян гьабун, гьалда къокъ гьабун тана.

КIикъоялда анцIго сон азарго гIезе камун,
ГIумруялъулъ вукIаго НухI къадаралде щвана.
Бищунго дунялалда замана гIемер барал
Анбияазда гьоркьоб гьесул цIарги рехсола.

РухI босизе ГIизраил, салам кьун, тIаде щведал,
Щаклъун, НухI аварагас «Мун щив?» - илан гьикъана.
«Малакул-мавт дун вугин, дур рухI боссе щун вугин», –
ГIизраилас абидал, дагьаб ракI лъикI лъугьинчIо.

«Дунялалдаса рекIел гIорцIи гьечIогойищ?» - ан –
ГIизраилас абидал, данде жаваб гьабуна:
«Дида дунял батана кIиго кIалтIу бугеб жо,
Жаниве цоялъ лъугьун, къватIив – цойгиялъ унеб».

Цинги Малакул-мавтас, гьесий бигьалъиялъе,
Алжаналдаса босун, шараб гьекъезе кьуна.
Гьеб гьекъон тIобан хадуб, нахулъа рас кинигин,
РухI бигьаго чорхолъа къватIибехун лъугьана.

Лъималаз НухI чурана, мусрал жемун, къачIана,
Жаназалъул какги бан, берцинго хабалъ лъуна.
Бицуна гьев вукъараб къабру бугеб бакIалда
БацIцIадаб лъин чвахулеб иццги баккарабилан.

# - ФАСЛО -

## ГЬУД АВАРАГАСУЛ ﷺ ВА ГIАДИЛ КЪАВМАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Яманалда букIараб ГIадил къабилаталъулъ
ГIорхъодаса борчIараб фасалъи загьирлъана,
Самил авладаздаса наслаби гьел рукIана,
Аллагь кIочон, хъанчазе лагълъиги гьез гьабуна.

Гьездаса къуват бугел, къаркъалаби чIахIиял
Къавм ракьалда Халикъас бижунго батиларо.
Бищун къокъасул къавмат[1] лъабкъого натI букIана,
Нусго сон бан горони, балугълъулел рукIинчIо.

БетIерлъи гьезий гьабун, нусго натI жинда бугев,
Жалижанилан абун, цо залимги вукIана,
Зулму-къварилъи гореб жиндасан бихьиялде
Хьул гIадамазул гьечIев, къосаравги вукIана.

Нусго сонги унаан гьезда хвел бихьичIого,
ГьедагIан тIинчI-къедалъе битIи бугел рукIана.
БитIараб шаргIалъул нух ГIадилазде манлъизе
ГIадилав БетIергьанас Гьуд расуллъун витIана.

Гьесде инкар гьабуна, дагIват къабул гьабичIо,
ЧIухIарал ГIадилазе сагIадат[2] насиблъичIо.
Наслаби гIемерлъиялъ гIазаб нахъчIвалин ккана,
ЧIахIиял чурхдул рукIун, чияхъа къинин ккечIо.

[1] Къавмат – черхалъул борхалъи.*
[2] СагIадат – талихI.*

Чанги Гьуд аварагас насихIат гьабуниги,
ГамчIал речIчIун, рагъ гьабун, гьесдаса тIурулаан.
Лъабкъоялда анцIго сон къавмалда гьорлъ тIобана,
ТIугъян[1] цIикIкIун горони, батIаяб хиси ккечIо.

«Нисаал гIакъим гьарун[2], ГIадилазул къавмалъул
Наслаби дагь гьаре» - ян, гьарун, дугIа гьабуна.
Гьеб лъагIалида жаниб лъимал гьезий гьаричIо,
Гьудил дугIа къабуллъи гьезул берда бихьана.

Бахьикъосарал гьезий гьеб мугIжизатги гIечIо,
Жедерго ахIмакълъиялъ кантIизе къасдги ккечIо,
Къудраталъул Аллагьас анкьго соналъ цIад къотIун,
Къавмалъул бащдалниги ракъиялъ гьалаглъана.

Гьеб заманалда гIадат гIаламалъул букIана
Балагь-къварилъи щварал Маккаялде рачIунеб,
Гьениб дугIаги гьабун, Аллагьасде гьардолеб,
Бусурманал-кафурал ратIаги гьарулареб.

Гьанжи ГIадил къавмалъги, тIаса бищун, цо къокъа
Макка бугеб бакIалде цIад гьаризе ритIана.
Гьезие загьирлъана зодор накIкIул парчаби:
Цо – багIараб, цо – хъахIаб, цо – лахIдугIан чIегIераб.

«Лъабалъулго бокьараб тIаса бище», - ян абун,
ТIасан гьатифалъ ахIун, цо гьаракьги бачIана.
ЧIегIераб накIкI цIцIадае гIаламат букIунелъул,
ЦIцIад гьарун щварал гьазий чIегIерабго бокьана.

[1] ТIугъян – къосин.*
[2] Руччаби хIоралльун (лъимал гьаруларелльун) гьарун.*

Гьеб чІегІернакІкІул парча Яманалде боржана,
БачІина гьеб бихьидал ГІадилал цІакъ рохана.
ЦІцІад баялде хьул лъураб бахьигьечІеб къавмалде
Къудраталъул Аллагьас гьорол балагь беччана.

Гьоркьоса къотІичІого пулеб кутакаб гьоролъ
Гьеб къавм анкьго сордогин микьго къоялъ рукІана.
Кьолболъа гъутІби рахъун, минаби пана гьарун,
Гьезул вахъун чІарав чи цохІониги хутІичІо.

Хойзеги реччайчІого, чІаголъиги гьечІого,
ЧІимхил цІцІадги тІаде бан, гІазаб чІамизабуна.
Чабхил гухІдузда гъоркьан гьезул угьди-зигара
Иман лъуразда къойил рагІулебги букІана.

ГІадилал гьалаклъизе балагьлъун ккараб гьорол
Гьудиде руссаразда щибго зарал хьатІичІо,
Хъанчий лагълъи гьабулез гьеб гІазаб чІамулелъул,
Гьезда гъорлъ ругониги, муъминзаби цІунана.

Маккаялде битІараб къапила гъорлъа бахъун,
Нахъе чІагояв инсан ГІадилазул хутІичІо.
ГІасругин бащадалда гІумру жиндир букІаго
Жабалул-АхІкъафалда Гьудги накълолъун ккана.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿سَخَّرَهَا عَلَيْهِمْ سَبْعَ لَيَالٍ وَثَمَٰنِيَةَ أَيَّامٍ حُسُومًا﴾ الحاقة : ٧

# - ФАСЛО -

## САЛИХІ АВАРАГАСУЛ ﷺ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

ГІадил къавмги гьалаклъун хараблъараб улка-ракь
Аллагьас цІигьабизе Самудилал тІамуна.
БетІергьанас гьезие гьарзаяб ризкъи кьуна,
Гьезул боцІи-малалъул мегІер-гІалахги цІуна.

ГІадилал гьалаклъараб гьорол балагьалдаса
Божаралльун рукІине, ракьулъ нохъал гьаруна.
Гьородаса цІунани, балагь щоларебгІадин,
Щулиял нуцІбиги лъун, цІакъ мухІканлъи гьабуна.

МагІишат цІикІкІанагІан, боцІи-мал боргьанагІан,
ГІадилазул нухалда Самудилалги ана.
Амру-нагью рехана, Халикъги кІочон тана,
Хъанчазе лагълъи гьабун, хьвадизе байбихьана.

БетІергьанас гьеб къавмги тавхІидалде ахІизе
Гьездаго гьорлъан СалихІ авараглъун витІана,
Лъабкъоялда анцІго сон Самудилалгун бана,
Рисалаталъул амру эзухъе щвезабуна.

Элда хадуб Аллагьас Самудил къавмалда гьорлъ
Муаннасаб[1] щинаб жо гІакъимаблъун[2] гьабуна.
ГІатІгояб гьойтІ-рохьгицин цойидасан бакъвана,
Къавмалъ СалихІ авараг чІвазе хивал гьабуна.

[1] ЦІуябщинаб жо.
[2] Насло лъугьунареблъун гьабуна.

Гьездаса вахчун СалихI цо нохъоде кIанцIана,
КIикъого соналъ гьенив кьижун ккарав ворчIичIо.
ВорчIаравго тIадвуссун, Самудилазухъ щвана,
Щибаб къойил гьезда гъорлъ дагIваталда вукIана.

ТавхIидалде гьел ахIун, кIалъай гъабунщинахъе,
Гьезул тахбакIалдаса хъанчал гъунел рукIана.
РекIелъ къасаваталъул[1] къуваталъул бергьиналъ,
Беразда бихьаниги, Рисалат къабуллъичIо.

Самудилаз хадусан СалихI аварагасде
Цо суал шартI гьабуна, тIобани, иман лъезе.
Гьеб суалги букIана – хадуб тIинчIгун варани,
ГамачI хъвалхьун, жанисан къватIибе бачIинаби.

БачIун хадуб варани щибго заралалдаса
Божараблъун букIине шартI гьезиеги лъуна.
Лъекъаб вилаят букIун, варанигин къавмалъе
Къоялги чIезе гьарун, биъруги[2] кIи бикьана.

КIиязулго рахъалъан къотIи щула гьабуна,
ШартIал тIорайзаризе тIолгояз рагIи кьуна.
ТIадеги вахъун, какил кIиго ракагIатги бан,
КIиябго койр цебе ккун, Аллагьасде гьарана.

Гьанжи СалихI авараг, кьуруялде аскIов ун,
Адамилго букIараб гIанса гьелда кьабуна.
Гьеб мехалъ кьуруялъул лъалаго хIал хисана,
ХIара чIвараб кинигин, зигардизе лъугьана.

---

[1] Къасават – ракI биццалъи, хIакъаб жо бихьунгутIи
[2] Биъру – гъуй.

ГьебсагІаталъ ганчІилъан, халкъалда бихьулаго,
Хадуб тІинчІгун варани, бачІун, къватІиб лъугьана.
Гьеб мацІ лъалареб хІайван «Ла илагьа илла ллагь,
СалихІ – расулуллагь», - ан фасахІатго кІалъана.

КІутІун тІадеги вахъун, Самудилазул ханас
СалихІил бетІералда, къунчун, убач гьабуна.
Гьесда цадахъ къавмалъул гІемераз иман лъуна,
Рисалат къабул гьабун, тавхІидалде рачІана.

ТІинчІгун цадахъ варани, мегІер-гІалахги сверун,
Къасеялде росулъе тІадбуссун бачІунаан.
Щивасул кІалтІеги ун, лъалхъи гьелъ гьабулаан,
Гьезие рахьги бикьун, къавулъги буссунаан.

Буссунеб бакІги гьелъул, росо бакьулъ, СалихІил
Масжид букІараб бакІалъ букІарабилан буго.
Варанидул халалъи – анкьнусго, гІеблъи – нусго
НатІ букІанин бицана Ибну-ГІаббасидасан.

Рехсараб сураталда СалихІил вараниялъ
Саламатго мех бана маргІаялда[1] хьвадулеб,
Расги ургъел гьечІого, гьелъ бачІараб рахьги ххун,
РахІаталда, берцинго агьалиги букІана.

Цинги гьекъезе накъат[2] биъруялде бачІиндал,
БоцІи, гьелдаса хІинкъун, тІурулеблъун лъугьана.
ТІадеги, къо гьоркьоб ккун, биъру гьелъий тезе ккей, –
Гьеб ракІалда рекъечІел мунафикъал раккана.

[1] МаргІа – сага.*
[2] Накъат – варани

КъутIамилан цIар бугей, боцIи-панзги гIемерай,
ГIадлу-низамги гьечIей чIужугIадан йикIана.
РекIелъе хIасадги ккун, хIалхъубай КъутIамица
МусдигI абун цIар бугев мунафикъ аскIов цIцIана.

КIиялгоги данделъун, балъго хабар бицана,
Балъго варани хъойзе хIиллаялъе ургъана.
ХIалае тIад рекъолел мунафикъалги рачун,
МаргIаялда букIараб варани хъун рехана.

Нахъе хутIараб тIинчIги хъойзе хивал гьабуна,
Гьездаса тIурун борчIун, ганчIида жаниб ана.
Аллагьасулгун къотIи къавмалъ хойзе гьабуна,
Хвел балагьун горони, гьезда рукIине лъайчIо.

Гьанжи варани хъойи халкъалда загьирлъана,
Гьаби гIадин, тIаделъун, тIолгояз талагьана,
Гьоркьов чи хутIичIого, гьан киназего щвана,
Киназго бежа-белъун, релъа-рохун, кванана.

РакI къварилъарав СалихI къавмалдехун кIалъана:
«Лъабго къоялъул рахIат гьабе», - йилан абуна,
Балагьалда цересел гIаламатал рицана,
ГIазаб ножой щванилан хIинкъи рагIизабуна.

Радал тIаде рахъиндал, тIолго Самудилазул,
ХIелказул тIентIал гIадин, гьормал багIар ратана.
Гьелда нахъияб къоялъ, багIарлъиги нахъе ун,
ТIогьилал гьормал лъугьун, гьезул хIинкъи цIикIкIана.

Лъабабилеб къоялде, чIегIерлъун гьормалги ун,
ЧIегIерал гъудул гIадин, цуцаде ралагьана.

Гьеб лъабабго гІаламат лъабабго къоялъ лъугьин –
Гьеб букІана бицунги СалихІица къавмалъе.

КъотІи жедей гьабурал гІаламатал лъугьиндал,
ГІазабалдаса рорчІи гьечІолъи якъинлъидал,
Гьанжи гьез къасд гьабуна Аллагьасул халифа, –
Жалго хвелелде цебе, – СалихІ авараг чІвазе.

Иман лъун мутІигІлъарал, къотІуе хилифлъичІел,
ЛъикІал муъминзабазул гьитІинабго къокъагун,
ТІадегІанав Аллагьас амроги гьедин бачІун,
Ана Халифатуллагь Палестиналде гочун.

Чурхдузда мусрал жемун, Самудилазул къавмги
Ункъабилеб къояца хвалихъ ралагьун чІана,
Ракьулъандай бачІина, зодосандай рещтІина –
Щивав чи гьеб ургъелалъ хагазавун вукІана.

РакІалдаго гьечІого гьаваялъул рахъалъан
Гьабуна цо кІудияб, зоб гъугъадараб гьаракь.
Гьеб хІехьезе кІойчІого хІинкъиялъул кутакалъ
Киналго, ракІалги тІун, руге-ругелъур хвана.

Халикъасул амро тун, къотІуе хилифлъараб
Къавмалъул, рогьалие чІагояв чи хутІичІо.
Хадув СалихІ авараг Маккаялде вачІана,
Нусиялда ункъого сонги бан, гьенив хвана.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَأَخَذَ ٱلَّذِينَ ظَلَمُواْ ٱلصَّيْحَةُ فَأَصْبَحُواْ فِي دِيَٰرِهِمْ جَٰثِمِينَ ﴿٦٧﴾ ﴾
سورة هود : ٦٧

# - ФАСЛО -

## ИБРАГЬИМ АВАРАГАСУЛ ﷺ КЪИСАЯЛДАСАН БАЯН

РагIийят лагъзаллъун ккун тIоцове дунялалда
«Дун – Аллагь», - илан чIарав цо капурчи вукIана.
Куш абулев чиясул КангIан абун вас вукIун,
Гьесие вас гьавидал гьадинаб къиса ккана.

Гьев вас бахьикъосарав, койшав лъугьине вукIин
КангIанида бичIчIана жиндирго фарасаталъ.
Васасул эбелалда, ургъел бикьун, дандги бан,
КIиялго разилъана вас тIагIине гьавизе.

Халияб[1] авлахъалде эбелалъ вас восана,
Амма чIвазе барахщун, гIурдаде рехун тана.
ГIалхул жанаваралцин, жив вихьидал, тIурана,
ЖужахIалъул мугьруги гьесул гьормалъ букIана.

Гьенисаги восун, гьев гIурулъеги рехана,
ГIоралъ рагIалде рехун, гIадамазухъе щвана.
Намрузилан цIарги лъун, эбел-эмен лъалареб
Лъимер, гIадамаз хьихьун, гIолохъанчи лъугьана.

Гьанжи гьев ругьунлъана гъачагълъи гьабиялда,
ГъоркьчIел гьабун, нухал ккун, халкъ къварид гьабиялда.
Къоялдаса къоялде зулму гьесул цIикIкIана,
Сверухъ бугеб агьали гьесие мутIигIлъана.

[1] Халияб – чи гьечIеб.*

Гьев жиндирго вас вукIин лъаларев КангIанида
Квешав зулмучи вугин вахъунилан рагIана.
Рагъуе гъунар бугеб аскарги данде гьабун,
Намруз чIвазе къасд гьабун, сапаралде вахъана.

Намрузида гьеб рагIун, гьесги бо бакIарана,
Бугеб къуватги бачун, дандеги вагъарана.
ДандчIвараб бакIалдаго боял цуцалъе ана,
Авлахъ бида босараб, кутакаб рагъ гьабуна.

КангIанил бо биххана, Намрузилал бергьана,
Мубаразалъ[1] рахъине кIиялго хIадурлъана.
КIиявго – эмен-васас цуцае рагIи кьечIо,
Кьалул майдан гъугъараб рагъалде байбихьана.

Гъачагъасул койрдалъун КангIан ракьалда лъуна,
Койшав Намрузил давлат[2] дагьабги гIатIилъана,
«Дун – ножор Аллагь» - илан, жинде иман лъезабун,
Аллагьасул тушманас рагIийят балъаргъана.

Гьединаб тах-мулкалъул корщалида вукIаго,
Койшаб макьоги бихьун, каранда ругъун лъуна.
КагьанатчагIаздасан баян тIалаб гьабидал,
Дур ханлъи хвезабулев вас гьавилин бицана.

Цинги гьес хIукму гьабун, гьеб лъагIалида жаниб
Гьарурал лъималазул, ясал тун, васал хъуна.
Рос-лъади цуцадаса рикIкIад чIезе гьаруна,
Гьеб гIадло-тадбиралъе хъаравулзаби тана.

[1] Мубараза – кIигояв цуцалъ рагъизе данде рахъин.*
[2] Давлат – ханлъи.*

Зобал ракьал рижарав БетIергьанасул хIукму
Намрузил гIадлоялда хисизабизе кIойчIо,
Халкъалъул тадбиралда даимав Къадирасул
Къиралзабазе бокьухъ къадар билъанхъуларо.

Билълъанхъулебилан ккун, макро букIин лъайчIого,
Чан кIудияв ханасул хараблъичIеб дуниял.
Лъимал хъун, зулмуялда залим хьвадунин абун,
Ибрагьим – Халилуллагь Халикъас рехун течIо.

Лаюсаян абурай, Ибрагьимил эбелалъ
Ургьиб лъимер бугеблъи халкъалда лъайзе течIо.
Виладаталъе[1] заман жиндие гIагарлъидал,
ГIадамасда лъайчIого, цо нохъоде лъугьана.

Гьенив гьавун васги тун, Лаюса рокъой ана,
Нохъоялъул кIалтIуги, къед эхетун, бацана.
Эбелалъе лъимадул рухIи кIудияблъидал,
Лъабго къо ун хадуса тIаде яккизе ана.

ТIинкIун унеб моцI гIадин, гьайбатаб сураталда
Саламатго вас ватун, Лаюса цIакъ йохана.
Къуталде[2] хIажалъидал, гьес килщал цIункIулаан,
МоцIабаздасан гIадин, гьоцIо-рахь чвахулаан.

Цо къоялъ – моцI баравгIан, моцIалъ – лъагIел баравгIан,
ГIун бачIунеб гъойтI гIадин, тIегьан унев вукIана.
АнцIила щуябго къо нохъода жанибги бан,
Жабраилас нух манлъун, рокъов щозе гьавуна.

[1] Виладат – лъимер гьаби.*
[2] Къут – квен.*

Руватазул багIазаз бицунелъухъ балагьун,
Ибрагьим чIаго вукIин инсуда лъалароан.
Лъимадул хIакъалдасан Лаюсаде гьикъидал,
Гьелъ «Нелъей васги гьавун, хванин», - абун букIана.

РакIалдаго гьечIого вачIун тIаде вас щведал,
Щиб-кинали лъайчIого, Азар тамашалъана.
Балъголъи рагьун хадур, васасдаса рохиялъ,
Рохалил курмулги цIун, цуцада къунчарана.

Цинги Ибрагьим-Халил, эбел-инсуде вуссун,
Аллагь цо вукIиналда тIад кIалъазе лъугьана.
Гьелдаса инкар гьабун, Намрузидаса хIинкъун,
Азарица васасул гьомералда хъат бана.

Намрузиде аскIуве гьевги вачун, къокъана,
«Гьале дуй хIинкъи бугев чи», - ян вихьизавуна.
ГьанжелъагIан дидаги дир вас вукIин лъайчIилан,
Лъугьа-тарабги бицун, гIузру бачун кIалъана.

ГIайибалдаса хIинкъун, къосарав Азарица
Ибрагьимил хIакъикъат ханасда цебе лъуна.
Халикъас, килщидасан рахьги кьун, хьихьарав вас
Инсуца, кьегIер гIадин, хъойзе кодове кьуна.

Намрузица, Ибрагьим аскIуве гIагар гьавун,
Гьикъа-бакъун, гIакъидат лъайзе тIалаб гьабуна.
Мун вижарав дур Аллагь – дун вугилан абидал,
Дур гьереси бугилан гьесул кIал-мацI къотIана.

ГьитIинаб лъимадулгун дагIба гьабун кIалъазе
Дун гIадинав ханасда рекъон букIинарилан,

«Рокъов вачун, манлъа-хъван адабалда куце», - ян
Азарихъе, тIадвуссун, вас Намрузица къуна.

Нужги, дунги, – кинабго дунял-гIалам бижарав
БетIергьан горевасе, лагълъи бегьуларилан,
ГьитIинав Ибрагьимил эбел-инсуй шикаят[1]
Щибаб къойил рокъоса къотIулареб букIана.

Къиматал, багьа тIокIал, берцинал хъанчал гьарун,
Гьел ричизе Ибрагьим инсуца витIулаан.
ХIатIал кварица рухьун, хадур гьелги рехъерхъун
Росу сверун, Ибрагьим рокъов тIадвуссунаан.

«Росарасе щибниги мунфагIат жедер гьечIел
Гьал хъанчал росулев!» - ан гIакIаги ахIулаан.
Гьаб хIалалда Ибрагьим, инсулгун дагIбаялда,
АнцIила анкьго сонил гIумруялде вахана.

Авлахъалда гIидалде гIадамал данделъулеб
ЛъагIалида жаниб цо къо чIезабун букIана,
Гьеб къоялъ койн-тIех гьабун, хъанчазда цебеги лъун,
Авлахъалде рахъине хIадурлъулел рукIана.

«Нежеда цадахъ мунги вилълъинарищ?» - ан абун,
Ибрагьимиде руссун, гIадамал гаргадана.
«Дун унтун вуго,» - абун, эзий хабарги бицун,
Халкъалдаса ватIалъун, Халилуллагь гъоркь чIана.

Намрузил рагIийяталъ гIидалде байбихьана,
ГIащтIи босун, Ибрагьим хъанчазухъеги ана,

[1] Шикаят - зигарди, гIарз.*

Нусиялда лъабкъого, жиги анцIго тIадеги –
ТIолгоял данде рачун, гьезул къадар букIана.

Гьезий даим койн лъейи – гIадат билълъун букIана,
Лъунщинаб гьез кунаян рохелги букIунаан.
Амма хIакъикъаталда койн щайтIабаз унаан,
Элъул пикру гьабулев чи эзульги вукIинчIо.

Гьанжи Ибрагьимица хъанчазде байбихьана,
Бищун кIудиябги тун, гъурун тIатIала лъуна.
ТIолго хъанчалги гъурун, нахъе тараб кIодода
Габуниб гIащтIиги бан, Ибрагьим рокъов ана.

Авлахъалда гIид гьабун, гIалам тIадбуссун щвана,
ТIолгоял гьеб баркизе хъанчазухъе рилълъана,
Нахъе жого течIого пасад гьарун ратидал,
«Гьаб гьабурав щив?» – абун, цуцаде гьикъардана.

Цояз: «Цо гIолохъанчи вахъун вуго, – абуна, –
Хъанчазде инкар бугев, Ибрагьимилан абун».
«Гьев дихъе ваче!», - йилан Намрузица буюрун,
Вачун вачIун, Ибрагьим цеве чIезе гьавуна.

«Гьал аллагьалги гъурун, гъалмагъар гьабурав чи
Мунищ, Ибрагьим?» – абун, Намрузица гьикъана.
«Гьале гьас гъуранилан, бокьани гьикъе», - йилан
Горбода гIащтIи бараб хъанч бихьизе гьабуна.

Гьанжи халкъ гIажизлъана, гIодор къулун хутIана,
ГIакъло, рухI, лъайго гьечIел хъанчал кин кIалъалаян.
РукIаниги, Намрузил божарал уманааз
Ибрагьим, цIадав рехун, вухIизе гIакъло къуна.

ГIаламалде ахIи бан, рухI бугев чи вакIарун,
КIудияб цIа бакизе цIул бакIари тIадкъана.
ТIолго мугIрул-щобазде гIорцIмабигун хьвадана,
ГIураб цIул данделъизе лъабго моцI заман ана.

Ибрагьим вухIиялъе цIул баччи гIорцIмабазе
ГIакъималлъун[1] лъугьине багьаналъун хутIана.
ТIокIаб гьелдаса нахъе гьезул наслу лъугьинчIо,
Гьедин бицунеб буго цо-цо риваяталда.

Цинги цIулал гохI бакьулъ цIаги лъун, нахъе къана,
НакIкI гIадин гьелъул кIкIуялъ сверухълъиго бацана,
Хадуб цIа гьалаклъана, гьаваялде бахана,
Гьелъул гьалакаб бухIи Димишкъиялде щвана.

Гьанжи, Ибрагьим цIадав киндай рехила? – абун,
Ургъалица киналго хIайран гьарун рукIана.
КIудияв цо чиясул сураталдаги бачIун,
иблисалъ гIакъло кьуна манжаникъ[2] гьабейилан.

ЖужахIалъул кIкIалабахъ кафурзаби рехулеб
Манжаникъ иблисалда бихьун лъараб букIана.
Манлъулев чи ватидал, Намрузий рохел щвана,
иблисалъ гьабун кьедал, гьелъги цIакъго вохана.

Гьалдолеб жужахI гIадин беролеб цIа бакьулъе,
Манжаникъалъувги лъун, Ибрагьим рехулелъул,
Борхатаб мегIералде тIадеги вахун Намруз,
ТIаса гъоркье валагьун, кеп гьабулев вукIана.

[1] ГIакъим – жиндир наслу лъугьунареб, тIинчI гьабулареб.*
[2] Манжаникъ – катапульта.*

Ибрагьимида гурхIун, зодор малаикзабаз
«Зулму тIаса босе!» - ян Аллагьасде гьарана.
«Гьес, ножодасан комек тIалаб гьабун, ахIани,
АхIуй жаваб гьабе», - ян РахIманас изно кьуна.

Ибрагьимида аскIов Микаил малайк вачIун,
«ЦIцIадалъул чабхъен бачун, тIад лъелищ?» - ан абуна.
Щибго дудасан дие хIажатаб жо гьечIилан,
Гьесул комекалдаса инкар гьабун кIалъана.

Гьанжи Жабраил вачIун, гьададинго абуна,
«Дидасан дуй хIажатаб жо бугищ?» - ан абуна.
«Дудасанни гьечIилан, – гьесийги жаваб кьуна, –
Жаббарасул гIилмо-лъай дий гIун бугин», – абуна.

Ибрагьимил таваккал киназдаго бихьана,
Камилаб игIтикъадалъ нажатги[1] насиблъана.
Намрузил гучаб цIадул, Жибрилас кваркьи кьабун,
Кинабго къуватги хун, рекъараб хIал лъугьана.

Гьекъезе цо рахъалда цIорораб ицц баккана,
Цойги рахъалъ абуни, руманул[2] гъойтI бижана.
Алжаналда жаниса Жибрилас тах бачIана,
Тамахаб сундусалъул[3] босен рекъезабуна.

Берцинаб ретIел ретIун, бетIералда таж лъуна,
БахIарав гIадин къачIан, гIодов чIезе гьавуна.
ГIумруялъго бихьичIеб, хинлъи-цIорой рекъараб
РахIаталда Ибрагьим аваданго вукIана.

---

[1] Нажат – хвасарлъи.*
[2] Руман – гранат.*
[3] Сундус – дарай.*

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿قُلْنَا يَٰنَارُ كُونِي بَرْدًا وَسَلَٰمًا عَلَىٰٓ إِبْرَٰهِيمَ ﴿٦٩﴾﴾ الأنبياء : ٦٩

Аллагьас гьесий къурал мугIжизатал рихьидал
ГIемерав чи гьеб къоялъ иманалде вачIана.
Амма къосарав Намруз бихьанщиналъ кантIичIо,
Улка-ракь тун, Ибрагьим къватIив аян абуна.

Ибрагьим – Халилуллагь вухIизе цIа бакарав,
Баркат гьечIев Намрузил щулалъаби рихьизе
Руссине жигар гьабе гьанжисеб Урфаялде[1],
Унелъул-рачIунелъул, хириял хIажизаби.

Намрузил улкаги тун, Ибрагьим – Халилуллагь
ХIавраналъул рахъалде сафаралъ къачIадана.
Жиндирго вацасул вас – ЛутIги цадахъ вачана,
Цойги, Сарат абулей, гIаданги данделъана.

Гьейги Ибрагьимиде иман лъурай йикIана,
Аллагьас вахIю гьабун, лъадилъунги ячана.
ЛъикIаб магIишаталда, берцинаб гIумруялда
ХIавраналъул ракьалда парахатго рукIана.

Хадув Ибрагьим-Халил, Саратги цадахъ ячун,
Мисриялъул ракьалде тижараталъ[2] вахъана.
Гьенив вугев ханасул зулму-саяхълъи бицун,
Берцинлъиялъ бакI ккурай Саратида хIинкъана.

Къайи-матахIалда гъорлъ гъансиний Саратги лъун,
Вилълъун унев Ибрагьим хIарасаз[3] чIезавуна.

[1] Урфа – хIежалде унелъул батулеб Турциялъул шагьар.*
[2] Тижарат – даран-базар гьаби.*
[3] ХIаррасал – хъаравулзаби.*

ЧIухь байзе байбихьана, къайи-матахI биххана,
Яхчун йикIарай Сарат, бакъ гIадин, цее лъуна.

Цинги Саратгун цадахъ Ибрагьим – Халилуллагь,
Ханасда цере рачун, гIодор чIезе гьаруна.
ЧIужулъун Сарат жиндий кьейи тIалаб гьабуна,
«Гьелъул рос вуго», – абун, Ибрагьимги кIалъана.

Иман гьечIев ханасул гьормадаса нич босун,
Сарат Ибрагьимихъа, къагьро[1] гьабун, яхъана.
Гьелде бегьулаго койр бакъван гьесул хутIана,
Хадуб, тавбо гьабидал, букIухъеги лъугьана.

КIиабилеб нухалъги бегьизе къас гьабидал,
Бохгун цадахъ гьеж бакъван, жиги тавбо гьабуна.
Гьеб хIалалъ, хивал квешлъун – квер бакъван, тавбо гьаби
Такрарлъана ханасул хивал бацIцIалъизегIан.

Хадуб тавбо гьабуна, гьелдаса пашманлъана,
Саратил мугIжизаталъ мекъав вукIин бичIчIана.
МатIуялдасан гIадин, басиратаЛъ[2] валагьун,
Гьезул Ибрагьимийги балъгояб жо букIинчIо.

Гьоболлъи рагIизабун, ахIун аскIуве вачун,
Ибрагьим-Халиласе ханас икрам[3] гьабуна.
Гьажарилан цIар бугей жарият[4] сайгъатлъун кьун,
Саратги Ибрагьимги ханас нухда регIана.

[1] Къагьро – хIал гьаби*.
[2] Басират – рекIел нуралдалъун бихьи.*
[3] Икрам – кIодолъи, хIурмат.*
[4] Жарият – гъараваш.*

Гьениса къватIир рахъун, Шамалъул улкаялда
«Вади ссабугI» абураб цо кIкIалахъе рещтIана.
БетIергьанас гьесие гьарзаяб ризкъи кьуна,
Гьесул гIи-боцIиялъул мегIер-гIалахги цIуна.

Цадахъ гьобол гьечIого гьев кваналев вукIинчIо,
ГьечIони, валагьизе унеб гIадат букIана.
Анбияазда жанив бечедавги вукIана,
Бишасе хIели цIакъав, хIалимавги вукIана.

Мисриялъул маликас[1] сайгъат гьаюрай Гьажар,
НикахI гьабун гьей ячун, ИсмагIилги гьавуна.
Вас гьавидал хадусан Гьажар дагьай йорхана,
Саратил рагIи-калам къотIизе ялагьана.

Гьелъ ццин бахъарай Сарат цо нухалъ гьедун ккана:
«Гьанжи дица Гьажарил черхалдаса гьитIинаб
Гьаналъул къитIгIатниги[2] , къалбу[3] рахIат лъугьине,
КъотIичIого теларин гьелъий кошезе», – абун.

Гьедиялда ракIбухIун, ццин чучун хадусала
Саратица лъугьараб Ибрагьимий бицана.
«Гьажарил кIиябго гIин борлъе», - йилан манлъана.
Манлъухъе гIундул рорлъун, гIакIаги тIаса ана.

Саратица гьанжиги: «Гьажар йигеб бакIалда
Дун йикIинаро», – абун, инкар загьир гьабуна.
«ИсмагIилги Гьажарги ХIарамалде щвезарун,
Мунго Саратгун чIа», - ян вахIюги тIаде щвана.

[1] Малик – хан.*
[2] КъитIгIат – кесек.*
[3] Къалбу – ракI.*

Варанида къайи лъун, къварагIараб хIадурун,
ХIарамалъул рахъалде Ибрагьим вагъарана.
ИсмагIилги Гьажарги – гьелги цадахъ рачана,
Нахъвуссун вачIинегIан Сарат Шамалда тана.

Щивниги гIадан гьечIеб, бекьизе хур-хер гореб
ЧIобогояб цо кIкIалахъ хъорщил сурат гьабуна.
Гьаб бакIалда гьалги тун, Ибрагьим нахъ унелъул,
ИсмагIилил эбелалъ дагьаб зигар баккана.

«Дунги гьаний тун ине изно дуе батани,
Аллагь дие гIолилан», – Гьажарица абуна.
Амро гьадин бугилан Ибрагьимица бицун,
Инкар тун, Гьажарица «Нух битIа», - ян абуна.

Гьеб мехалъ Халилуллагь Аллагьасде вуссана,
Аманат Дудейилан, дугIа гьабун, хIелана:
«Дица зурийят толеб гьаб Дур хирияб ХIарам
Халкъ жинде гьетIулеблъун гьабе», - йилан гьарана.

Гьеб хIалалъ агьлоги тун, Ибрагьим нахъвуссана,
ИсмагIилги каранда хахулев чи вукIана.
Кодоб букIараб сурсат квана-гьекъонги бахъун,
Къечалъул хIал бергьиндал Гьажар къватIий яхъана.

ГьитIинав ИсмагIилги, цин гIодун, цинги лъалхъун,
Лъеде бугеб анищалъ сабро тIагIун вукIана.
Сафаялдеги яхун, Гьажар лъикI ялагьана,
Гьенисан, йортун-хъетун, Марваялдеги ана.

Анкьго нухалъ Сафагин Марваялда гьоркьосан
Гьажар, лъин тIалаб гьабун, дое-нахъе къотIана.

Къадирасде гьардолей гьеб хIалалда йикIаго,
«Гьале дуй лъин бакканин, тIадюсса!» - ян ахIана.

Гьатифалъул гьаркьихъе Гьажар хех тIадюссана,
ИсмагIилил хIатIакьан бурулеб лъин батана.
«Ракзату-Жибрил»[1] абун гьеб бакIалде абуна,
Эс гIодоб хIетIе кьабун, эб баккараб бугелъул.

Гьорол гIадаб гьаракьгун бурулеб лъин батидал,
«Зам-зам, я мубарак[2]» - ан Гьажар, хIинкъун, кIалъана.
Гьаракьги къотIун ккана, лъинги гIодоб беччана,
ЧIараб хIорил мисалалъ баркатгунги хутIана.

Ракъиги гьелъ кколаан, къечги гьелъ буссунаан,
КъварагIарабщинабги гьелдалъун тIобалаан.
Гьеб хIалалда парахат Гьажарги ИсмагIилги
Аллагьасул рахIматалъ берцин хьихьун рукIана.

Цинги «ХазагIатилал» абулеб кьибилалъул
Цо къапила рещтIана ХIарамалъул ракьалде,
Лъехъ гIащикъал факъирал гохI-щобалде рахиндал,
ХIинчI-гъеду данделъараб цо бакIалде бер щвана.

Роржунел жал данделъи – лъел гIаламат бугилан,
Бану-ХазагIатилаз лъайзе тIалаб гьабуна.
Гьенир щун балагьидал Гьажарги ИсмагIилги,
Эркенабго лъеда тIад къайиги чIван ратана.

Гьикъа-бакъи гьабуна, гьаб ицц лъилан цIехана,
ХазагIатилазеги гьанир чIезе бокьана.

[1] Жабраилас хIетIе кьабураб бакI.
[2] «ЧIа! чIа, баракат лъеяб».

Гьаб лъин дида Аллагьас хасс гьабураб бугилан,
Гьажарица гьезие разиго жаваб кьуна.

«Нежер боцIи-малалъул пай ножойги гьабилин,
Гьанир чIезе нежейги изно кье», - ян гьарана.
Гьажарги разилъана, рагIиги данде ккана,
Маккаялъул кьучI лъезе байбихьиги гьабуна.

ГьитIинав ИсмагIилги балугъалде вахана,
ХазагIатилаздасан ригьин-цIаги гьабуна.
Гьел гIарабиял рукIун, наслабазулъ ИсмагIил
«Абул-гIараби»[1] абун цIаралда машгьурлъана.

Васасде зияраталъ Маккаялде вачIиндал,
Ибрагьим-Халиласда гьев чанав ун ватана.
Гьикъа-бакъун, къварилъи чIужуялде цIехедал,
Рохел гьечIеб горони, хабар элдасан щвейчIо.

«Дуца росасде бице дир рахъалдасан салам,
Рукъалъул ратумахIо хисейиланги абе». –
Гьаб аманатги тIадкъан, Ибрагьим нахъвуссана,
ИсмагIилги чанаса тIадвуссун, рокъов щвана.

Шамалъул гьоболасул сифат-суратги бицун,
ИсмагIилил чIужуялъ аманат тIобитIана.
Эмен вукIин якъинлъун, гIакъло къабул гьабуна,
Къо базегIан течIого чIужу ятIа гьаюна.

ЦIияб хъизанги гьабун, ратумахIоги хисун,
Инсул васият тIобан, ИсмагIил парахлъана.

[1] Ай, гIарабазул эмен.

Хадусанги Ибрагьим ИсмагIелихъе щведал
Эсул рокъой ятана гьайбатай цо хIурулгIин.

Гьоболасе тIадаб хIакъ тIобайзе йортанхъана,
БетIергьанчи чанаве ун вугилан бицана.
Берцинаб кIалъай гьабун, гьикъаралъе жаваб кьун,
Гьелъулъ бугеб баракат Ибрагьимида лъана.

«Гьекъолебгин кваналеб щиб ножор?», - ан гьикъидал,
Щибниги камураб жо гьечIилан жаваб кьуна. –
Гьанги рахьги кванала, Зам-зам лъинги гьекъола,
Гьаб нежее кьурасе рецц бугилан абуна.

Ибрагьим аварагас, Аллагьасда цеве чIун,
«Гьаз кунеб ризкъиялда баркат лъе», - ян гьарана.
БукIарабани гьезул бекьулеб мугь, богIоллъи, –
Баркаталъул кутакалъ дунялго хьихьилаан.

«Дуца росасде бице дир рахъалдасан салам,
Рукъалъул ратумахIо хисугеянги абе».
Гьеб аманатги тIадкъан, Ибрагьим нахъвуссана,
Инсул васияталда ИсмагIилги хьвадана.

Сонал гьоркьор ун хадуб Ибрагьим-Халиласул
Васасде зияраталъ ине ракI балагьана.
Изно тIалаб гьабидал, Саратица шартI гьабун,
Гьажаргун кIалъангутIи къабул гьабизе ккана.

Гьеб шартIалда Ибрагьим нусалда тIад рещтIана,
ИсмагIил рокъов гьечIеб къоялде данде ккана.
Гьикъа-бакъи гьабуна, Гьажарил хIал цIехана,
Ахираталде анин, пашманго жаваб кьуна.

Цинги Халилу-РрахIман, Зам-замалъ черхги чурун,
Чанав арав васасухъ интизаралда[1] чIана.
ИсмагIил тIаде щвана, эменгун данделъана,
Эменги васги къунчун, кIудаб рохел гьабуна.

Энисан рокъорги ун, эмен-вас гIодор чIана,
ГIемераб хабар бицун, цуцадехун чучана.
Хадуб Ибрагьимица, ургъел бикьун, васасде
КагIба цIигьабиялъул вахIю рещтIин бицана.

[1] Ай, вачIиналъухъ валагьун.

# - ФАСЛО -

## КАГIБА БАЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

ТIуфанги тIун, КагIба-рукъ зодобе аралдаса
Дунялалда хIаж гьаби гьоркьоб къотIун букIана,
Гьеб букIараб бакIалъул суратцин лъалароан
Ибрагьим-Халиласде Халикъас бицинегIан.

Халкъалъул МагIбудасе, Жиндир КагIба цIигьабун,
ЦIидасан ХIарамалде халкъ бакIари бокьидал,
Халил – Ибрагьимиде, вахIю рещтIун, манлъана
Жиндир гьалбадерие баркаталъул рукъ баян.

Гьаваялдасан бачIун, цо хъахIаб накIкIул парча,
КагIба балеб бакIалда рагIадги гьабун, чIана.
«Гьеб рагIадалда рекъон Рукъалъул кьучI лъе», - йилан
РахIманасул рахъалъан гьатифалъги ахIана, –

«ХIажизабазе ажру жодер цIавуда щвезе
Щуго мегIералдаса гамчIал росе», – абуна.
ТIурасайнаъ, ТIур Зайтаъ, Лубнан, Жудийгун ХIираъ –
Гьал мугIруздаса росун гамчIал данде гьаруна.

Гьанжи Ибрагьимица, амроялда нахъвилълъун,
Аллагьасул рукъалъе кьучI лъезе байбихьана.
ГамачI босун, хIарщ буцун, хIажаталъе койрбакъун,
Комекчи хIисабалда ИсмагIилги вукIана.

Эменги васги лъугьун, КагIба эхетулелъул
Аби-Къубайс абулеб магIардасан ахIана:

«Я Ибрагьим, Дихъ бугеб дур гьаб вадигIаталъе
Духъе кьезе мех щванин, вачIа босизе», - йилан.

Ибрагьим гьенив ана, мегIералде вахана,
МегIералъул цо кесек, къотIун, кIихIи бихъана,
НухI-гIалайгьи-ссаламас, ялъуни Жабраилас
Гьениб бахчун букIараб ХIажрул-асвад батана.

Гьебги босун Ибрагьим КагIбаялде рещтIана,
Рукнул-яманиялъул букIуналдаги лъуна,
«Ядуллагьи фи ддуня» – дунялалда жиб бугеб
Аллагьасул койр абун, сифат гьелъий гьабуна.

БацIцIадаб игIтикъадгун тIаваф байбихьулелъул,
Гьелда суждаги гьабун, койр бахъун, убач гьаби, –
Кинавниги хIаж-гIумра гьабулев хIажиясе
Суннатабги бугебин, кIвар гьечIел дорегIан те.

Гьанжини гьеб истилам[1] гьабизе захIмат буго,
ИздихIам[2] гьениб гьечIеб заман букIунарелъул.
Гьелъул бакIалда чIола, суннатги хIасуллъула,
ХIажарул-асвадалде койр битIун, убач гьаби.

Гьеб суннат рес рекъохъе цIунарав хIажиясе
ХIажарул-асвадалъул шафагIат щолин буго.
ШафагIат-комекалде гIалам цIакъ хIажалъараб
МахIшаралъул къоялъ гьеб нугIлъун чIелинги буго.

Нелъер кIудияв эмен Алжаналъув вукIаго,
Аллагьас, гьев хьихьун, цо малаик таравила.

[1] Истилам – кверхъвай.*
[2] ИздихIам – хIалкъай, гIанкъари.

Ролъул гъойтIалда аскIов Адам гIагарлъун ккедал,
Эсдаса ватIа кIанцIун, малайк нахъа чIанила.

РахIматалъул цо балай БетIергъанас гъабидал,
Гьесдаса нечон малайк гамачIлъун лъугьанила.
Ролъ кванан хатIалъидал, Алжанги тун, Ракьалде
РещтIунев Адамица гьеб цадахъ босанила.

Босулеб мехалъ гамачI гIазухъахI букIанила,
ГIаламалъул койр бакIлъун, мунагьаз кьер сванила.
Гьелъул хIакъикъияб нур загьир гьабурабани,
Гьаб дунял-гIаламалъе гьеб гIезе букIанила.

ГIарасат-майданалда хирияб XIажрул-асвад,
Аслуялдеги буссун, малаик лъугьунила
ИхIтисабан[1] истилам жинда гьабунщинасе
НугIлъи гьабун, кIалъайзе гьев малайк вачIунила.

Гьадинаб къиса буго XIажарул-асвадалъул,
XIакъикъатин абуни, Аллагьасда лъикI лъала.
Агьлу-таварихазул харбал къабул гьариги –
Къалбун салим гьечIезе бигьаяб амро горо.

«Ибрагьимил макъам» - ан жинде абулеб бакIалълъ
Нелъеда жиб бихьулеб хъахIаб гамачI абуни,
Ибрагьим тIад вахун чIун, эхебегин эхеде
Эб хьвадулеб букIана, гьанжисеб кран гIадин.

Гьебги, Алжаналъуса Адамица бачIараб,
ГамачIлъун бихьаниги, гвангъараб якъут буго.

[1] Ай, Аллагьасе гIоло, бацIцIадго.

Баракат тIалаб гьаби мурадлъун бугеб хIалалъ,
Гьелде балай гьабиги берцинаб суннат буго.

Цинги, Байту-ллагьалъул бинаъ тамамлъун хадуб [1] ,
«Халкъ гьенибе ахIе!» - ян Аллагьас буюрана.
Ибрагьимица ахIун, РахIманас рагIизабун,
Магърибгун машрикъалде щвараб гьаракь гьабуна.

Гьесие жаваб гьабун, Аллагьасул хIикматалъ,
ХIаж насибал заррабаз «Лаббайка» - ян абуна.
Ибрагьимил ахIуе заррабаз жаваб кьурал
ХIажалдаса гьукъизе гьунар лъилго гIоларо.

Гьеб кинабго тIобайдал, ТIадегIанав Аллагьас
Ибрагьим – Халилуллагь хIаж гьабизе тIамуна.
Жабраил малаикас манасикалги манлъун,
Инсуцаги васасги гьеб тIобайзе гьабуна.

Гьесда нахъвилълъун, нелъер хирияв ХIабибасги
ХIажалъул манасикал, гьесго гIадин, тIорана.
ТIадегIанав РахIманас вахIю гьедин рещтIана,
ТIолабго умматалъе нухлъунги гьеб хутIана.

Гьенир гьарулелщинал фарзалгин суннатазул
ХIикмат жаниб камураб гIамал цониги гьечIо.
ХIажалъул сафар бухьун къатIив вахъаралдаса
Бахъараб гали рикIкIун кири гьесие хъвала.

Гьединго, гали рикIкIун, хатIаби тIаса уна –
Ибну-ГIумаридасан хIадис гьедин бачIана.

[1] Ай, КагIба бан тIобайдал.*

ХIаж гьабурав чиясул гIисиналгун чIахIиял
Мунагьал чурулилан тIахьаздаги батула.

ХIаж бухьиналда аскIоб черх чуриялъул хIикмат –
ХIажизабадаса Жив вохиялъ БетIергьанас,
«Гьазухъ балагье», - йилан, малайкзаби ахIула,
Эзда цере рацIцIадго рачIинеги бокьула.

Русулаз, анбияаз хIетI лъурабщинаб бакIалълъ
ХIетI лъезе къачIадулел хириял хIажизаби,
Гьезул баракат щвезе, адабги камиллъизе
ИхIрамалъе, черх чурун, хIадурлъи – суннат буго.

Ханасул рагьдухъ ине гьалбал къачIадулелъул,
Гьезул гIадат букIуна чIухIараб ретIел ретIин.
БетIергьан-Аллагьасе, гьоболлъухъ рачIунелъул,
Гьелъул гIаксалда лагъзал цере чIезе бокьула,

РетIелги тIаса бахъун, хIамамалде[1] унелъул
Гьезда ракIалде щвела жедер гIумрудал авал,
Аллагьасда цере чIун, хIисаб гьабулеб къоги, –
Гьеб кIиябгоги борцун, жалго жедеда лъайзе.

Жиндир къадро кIудияв ханас тIаде ахIараз,
РухIги жанги кьун гьесий жаваб гьабулеб гIадин,
ГIаламалъулго ханас гьоболлъухъе ахIараз
«Лаббайка» - ян жаваб кьей цIакъго берцинаб буго.

Жиндие жаваб гьабун, «лаббайка» бачаразул
Гьари къабул гьабизе БетIергьан хIадур вуго,

[1] ХIамам – баня.*

Бокьанщинаб гьареян, гьале Дун нужгунилан,
Гьезул мурад тIобайзе Жив гъоркьеги чIун вуго.

ТIаваф гьабулеб хIалалъ хIажизабазул хивал
ХIалалъул мацIалдалъун Аллагьасде буссина,
«Дур рахIматалде хьул лъун рачIарал гьалбаллъидал,
ЧIорого тоге»,-йилан ракIалъ ахIиги бала.

МахIшаралъул къояца, бухIараб бакъалда гъоркь
ХIехьезе бугебщинаб гIакъобагин къварилъи,
ГIарафаталда чIедал, гьебги тазакур гьабун[1],
Гьенир чIун ругел гIадин, хIинкъиялъулъ рукIина.

Муздалифаталдаса чIимхал росун унелъул,
Мунагьазул гьиралгун унеб хIисаб гьабила.
МашгIарул-хIарамалда Аллагь рехсей гьабурал
Аллагьас малайкзабалъ лъикIалдалъун рехсела.

Жамаратаздеги щун, гамчIал рехулеб мехалъ,
Халикъасе мутIигIлъун, тIагIаталде машгъуллъун,
ТIолго мунагь-хатIаби гьенире рехулеллъун
Хивал ракIалъги гьабун, рехила кколелъуре.

Минаялда бетIер кIкIван, тIаса араб рас рикIкIун,
ГIарасат-майданалда нур щолин абун буго.
Аллагьас тавфикъ кьеги хIаж гьабулелщиназе,
ХIикматазда нахърегIун, гIамалал тIоритIизе.

ГIарафат мегIералда бераца магIуги тIун,
МашгIарул-хIарамалда Аллагь рехсейги гьабун.

---

[1] РакIалде щун.*

Минаялда къурбан хъун, бетIер кIкIван хадусала
Гьев чиясул черхалда мунагь хутIуларила.

БетIергьанас гьесие кьолеб ажрудул хIисаб
Жив горесда лъалареб къадаралъ букIунила,
Къиямасеб къоялъги жужахIалдаса цIунун,
Жив разияб къавмалъулъ чIезеги гьавулила.

Гьединго КагIбаялъул хиралъиялда тIасан
Хабар буго бицунеб Мусал Тавраталдаги ﷺ.
Манбагьил Вагьбодасан гьадин абулеб буго,
Амма Тавраталда гьаб гьанжи киса батулеб.

БетIергьанас буюрун, мукъаррабуназдаса
Къиямасеб къояца анкьнус азар малаик,
Меседалъул рахсалги щивасда кодоре кьун,
КагIба-рукъ МахIшаралде бачеян ритIулила.

ТIолгоял, рахсалги ран, гьеб цIайзеян лъугьиндал,
Дир гьари тIобайчIого, дун билълъине гьечIилан,
ДагIба гьабун, КагIбаялъ инкар гьезде гьабидал,
«Гьаре дур мурад», -илан изно гьелъий кьолила.

Гьарулила КагIбаялъ БетIергьан-Аллагьасде:
«Дида сверухъ рукъарал тIолго муъминзабазе
Изно дие кьейилан гьезий шафагIаталъе».
Кьунин дуй изнойилан жавабги бачIунила.

Жодер хъахIал гьормалгун, жемарал ихIрамалгун,
ХIарамалда рукъарал киналго муъминзаби,
Бачунеб лаббайкагун, КагIбаялда сверухъе,
ХъахIал маккал кинигин, данде ракIарулила.

«Дур гьариги тIобанин, гьанжи билълъанхъе»,-йилан
Байтуллагь – КагIбаялде малайказ абулила.
ИгIтираз[1] гьабун, гьезий Байталъ жаваб кьолила,
Жигиги дир мурадал рагIалде рахъинчIилан.

РахIманасул рахъалъан «Гьаре!» - ян ахIулила.
Гьарараб кьезе къотIи Къадирас гьабулила.
Гьанжиги, РахIманасде хIелараб гьари гьабун,
Гьелъ суал борхулила музнибиназда[2] тIасан.

«Сафаралъул хIал баччун, мунагьал-хатIабигун,
ТIолго дунялалдасан дихъ гIищкъу ккун рачIарал,
Дуца амро гьабухъе, манасикал тIорарал
ТIолгоязе шафагIат гьабизе беччай», - илан.

Гьанжи гьаваялдасан гьелъий жаваб щолила:
ШафагIат гьабиялъе агьлолъун жалги гьечIел,
ЧIахIиял мунагьазда, духъе щун хадусаги,
Даимлъаралги ругин гьезда гьоркьорин абун.

«Гьезиеги шафагIат гьабизе изно кье»,- ян
Гьариги такрар гьабун, КагIба зигардулила.
«Зияраталъ духъ щварал киназего гьабе»,- ян,
Койр хьвагIараб изно кьун, гьеб рази гьабулила.

Гьалда хадуб зодисан малайкас ахIулила:
«Аллагьасул рукъалде зиярат гьабунщинал, –
Гьаб халкъалда гьоркьоса, гъорлъа чи камичIого,
Киналго КагIбаялде сверухъ ракIаре»,- йилан.

[1] ИгIтираз – инкар, дандечIей.*
[2] Музнибинал – мунагьал гьарулел бусурбаби.*

ХъахIаб нуралъ гвангъарал, бакъ гIадинал гьормалгун,
Гьенир данделъулила дунялалъул хIужажал.
«Лаббайка» бачунаго, тIавафал гьарулаго,
Гьезий букIунеб рохел, бихьичIого, лъаларо.

«Я, КагIбаталлагь, дуе гьаранщинабги кьунин,
Гьанжиниги билълъа»,- ян малайкас ахIулила.
«Лаббайка» бачунаго КагIба, хIажизабигун,
Малаикзабаз бачун, МахIшаралде щолила.

Вагьбодасан бачIараб, Тавраталда бицараб,
Цебе рехсараб хабар «ИгIанаталда» буго.
Аллагьас нуж гьареги, киналго хIажизаби,
КагIбагун МахIшаралде унеб къокъаялдаса!

الله أكبر

# - ФАСЛО -

## ЛУТІ АВАРАГАСУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН ﵇

Намрузил улкаги тун, Ибрагьим – Халилуллагь,
Иман лъуралгун цадахъ, Шамалде къокъулелъул,
Ширкалдаса вацIцIадав, цIакъго жиндий хирияв,
Жиндирго вацасул вас – ЛутIги цадахъ вачана.

Цинги цо къавм букIана «Садум» абулеб бакIалълъ,
Инсан вижаралдаса жалгIан кошал лъугьинчIел.
Гьезул куфругин нифакъ гIорхъодаса борчIидал,
Диналде гьел ахIизе ЛутI авараг витIана ﵇.

Аллагьасул рахъалъан гIазаб щоялда тIасан
ЛутI аварагас гьезий хIинкъи кьолеб букIана.
«БетIергьанасе лагълъи гьабизе русса», - йилан
НасихIат-вагIзабиги даимго гьарулаан.

Гьесул хIинкъи кьеялъухъ, вагIза-насихIаталъухъ
ГIалхул хIайваназгIанги гIинбалеб гьез букIинчIо.
«Гьеб дуца хIинкъи кьолеб гIазаб уяб батани,
Бихьизе гьабе», - йилан кIал гьикъулеб букIана.

Гьезул букIараб пиша машгьурабги бугелъул,
Бицине ламуслъиялъ хъвайчIого толеб буго.
Умматазулъ, къавмазулъ къосиналъул рахъалъан
Гьазул даражаялде махлукъ щун батиларо.

Бахьикъосарай йикIун, РахIманас тIойитIичIей
ЛутIил чIужугицинни къавмалъухъан йикIана.

Балъгояб хабарги кьун, гьелъ мадугьалзабада
Гьалбал тIаде рачIарал лъайзабулеб букIана.

«ЦIан кье»,- ян мадугьалихъ гьелъ чи витIун вачIани,
Гьалбал рукIин бицунеб гIаламат гьеб букIана.
Гьединаб макро гьабун, гIисяналъе квербакъун,
Къавм гьалак гьабулелъул гьейги гъорлъа яхъичIо.

Гьездаса хьул къотIидал ЛутI-гIалайгьи-ссаламас,
Интисар[1] тIалаб гьабун, Аллагьасде гьарана.
Гьесул дугIа къабуллъун, Къадирас жаваб гьабун,
Къосараб агьлоялъул гIакъибат гьадин ккана:

ГIадло цIакъав Жаббарас: «Жиндие мутIигIав лагъ,
ЛутI аварагасухъе а!», - йилан амро гьабун,
Аминуллагь – Жибрилги, Микаил, Исрафилги
Инсанасул сураталъ гьесде тIаде рещтIана.

Рижинелде цебего гьезул гIамал лъаниги,
ГIадло дуруслъиялъе, русулазе Къадирас,
Къавм гьалак гьабиялъе, гьел къосарал ругилан
Ункъго шагьадат[2] букIин, шартI гьабунги букIана.

Гьалбал тIаде рачIиндал ЛутI дагьав пашманлъана,
«Къавмалъул пиша-гIамал лъалищ?» - илан гьикъана.
«Щиб гьезул пиша?» - йилан гьалбал данде кIалъана,
Лъалареб ххвелги гьабун, бицейилан абуна.

Цинги гьалбадерие, ункъго нухалъ тIатIала,
ЛутI авараг гьедана Аллагьасул цIаралда,

[1] Ай, бергьенлъиялъе комек.
[2] Шагьадат – нугIлъи.*

«Ракьул гьомералда тІад, гьабгІан хъубаб, къосараб
Къавм дида лъаларилан», - нугІлъи камил гьабуна.

Гьалбал цІуниялда тІад ургъулев ЛутІ вукІаго,
ЦІан гьаризе чІужуялъ балъго чапар витІана.
ЛутІиде гьалбал рачІин росдада загьирлъана,
Гьел инжит гьаричІого теларилан лъугьана.

Жедей гІоло гьездехун къеркьолев ЛутІ вихьидал,
ТІаде реччантейилан гьалбал берцин кІалъана.
Цинги Жибрил-малайкас цо нухалъ кваркьи хьвагІун,
Кинавниги чиясул берзул канлъи босана.

СихІро гьабун, ЛутІица халкъго бецц гьабунилан,
Беццал гІанкІаби гІадин, ругелъур чІун хутІана.
Балъго гьалбал ричизе гІаламатлъун цІан ккурай
ЦІанлъун сорарайилан риваяталги руго.

Русулаз Аллагьасул амро баян гьабидал,
Гьекко къавм гьалак гьаби ЛутІие цІакъ бокьана.
«Болжал рогьалилъ бугин, дурго агьлогун цадахъ
Мун гьаниса гоче»,- ян Жабраилас манлъана.

АнцІила кІиазар рухІ щибалда жаниб бугеб
Анкьго росу букІана гьеб кафураб къавмалъул,
Кваркьиги гъоркье бегьун, анкьабго Жабраилас,
Анкьго порол хъал гІадин, гьаваялде росана.

Гьабзазул хІапиниги, хІелказул гІигІийниги
Зодор малайкзабада рагІулебгІан къадаралъ
Борхалъуде щун хадуб, тІаса рахъ гъоркье гьабун,
Ракьалда гьел Жибрилас, жулал гІадин кьабуна.

Жинди-жиндир цIар хъвараб гамчIил цIадги тIаде бан,
ТIадеги гьеб къавмалъе басрияб хIал гьабуна.
БукIараб бакI лъалеб хIал росабазул хутIичIо,
РухI бугебщинаб жоги ахираталде ана.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ فَجَعَلْنَا عَالِيَهَا سَافِلَهَا وَأَمْطَرْنَا عَلَيْهِمْ حِجَارَةً مِّن سِجِّيلٍ ﴿٧٤﴾ ﴾

الحجر : ٧٤

# - ФАСЛО -

## НАМРУЗ ГЪАЛАКЛЪИЯЛЪУЛ КЪОКЪАБ БАЯН

Боркьараб кор гІадинаб кутакаб цІа бакьулъги
БетІергъанас хьихьарав Ибрагьим вихьаниги,
Инкар цІикІкІун горони, иманалде вачІине
ЧІухІарав Намрузида ракІалдацин хъатІичІо.

ТІощел-ризкъи багъалъун, зодисан цІадал къотІун,
Гьесул заманаялда ракъдаллъи ккун букІана.
БачІарабниги къадар хурул магІишаталъул
Хазинадае толеб гІадат гьесул букІана.

Сорухълъиялда ругел тІолалго вилаятал
ТІощел бичун босизе гьесухъе рачІунаан.
Гьес гьикъулаан гьезде: «Дун щив ножой кколев?» - ан,
Жаваб кьезе кколаан: «Мун Аллагь вугин», – абун.

Гьединаб жавабги кьун, жиндий суждаги гьабун,
Гьелда хадуб горони, тІощел гьес кьолароан.
Аллагьилан дагІба бан, лагъзаллъун гІаламги ккун,
Зулмуяб ханлъиялда ункънусабго сон бана.

Ракъдаллъун, хурзал ракъван, къварилъи тІаде щведал,
Намрузилгун дармиде Ибрагьимги вахъана.
ВачІун цеве эхетун Ибрагьим-Халил чІедал,
Гьевги лъан, Намрузица: «Дун щив?» - илан гьикъана.

«Мун вуго Аллагьасул лагъзадерида гъорлъан
Цо лагъ», – абун Ибрагьим гьесда данде кІалъана.

Гьанжиги гьев малгІунас Ибрагьим-Халиласде
«Дие сужда гьабе»,- ян гьагаб рагІи бицана.

ГІаламалъулго МагІбуд – БетІергьан горевасе
Сужда бегьуларилан, баянго жаваб кьуна.
«БетІергьан щив?» - ан абун Намрузица гьикъана.
«Гьува ллази юхІйи ва юмит»[1] вугин абуна.

Инсан хойзе гьавизе, гьев чІаго гьавизеги
Дидаги хІалкІолилан, ахІмакъаб дагІба бана,
ХІукму чІвазе къотІарал кІиго чи цеве вачун,
Цояв чІван, цоявги тун: «Гьале горищ», – абуна.

«БетІергьанас гьадаб бакъ тІерхьудехун бачунин,
ТІадбуссун баккудехун, хІалкІойи дур батани,
Дуцаги баче»,- йилан Халилуллагь кІалъайдал,
КІалъайзе бакІги тІагІун, Намруз гІенеккун чІана.

ТІощел гьесги кьечІого чІового нахъвуссине
Ибрагьим-Халиласе бигьагоги букІинчІо.
Гьелъ,[2] босизе хІалкІвараб багІараб миччилалъул
Нухасан юкги гьабун, агьлоялъухъе щвана.

Ибрагьим, кьижун ккарав, макьидаса вахъиндал,
Агьлоялъ гьесий босун гьабураб койн бачІана.
«Гьаб кисса щвараб?» - илан гьикъа-бакъи гьабидал,
Дуца бачІараб хандал гьабунилан бицана.

Хандаде миччил свери Ибрагьимида лъана,
Агьло-хъизаналдаса балъго гьабунги тана.

[1] «Жинца чІагоги гьарулев, хойзеги гьарулев Аллагь вуго», – абун.
[2] Ай, чІового тІадвуссине захІмат букІиналъ.

«БетIергъанас лагъасе ризкъи кьезе бокьидал,
Кьолеб куц бихьулищ?» - ан щукру гIемер гьабуна.

Куфруялъ жив мехтарав Намрузилан абуни,
Зодов вахун, Аллагьгун вагъизе хIадурлъана.
Рагъуе къуваталъе щулияб хъала бана,
Щуазарго натI гьелъул борхалъуда букIана.

Хадубги гьес хьихьана хъвек-цIумалъул кIиго тIинчI,
ТIад чIун хъулухъги гьабун, гьангун чед куйнеги кьун,
Гьезул цIумал лъугьиндал, къуватги камиллъидал,
ЛъикIаб хъарщи-цIулалъул цо табутги[1] гьабуна.

Гьеб табуталда тIадги, цIумазда бихьуледухъ,
Борхатаб гIорол тIогьиб гьанал кесекги бана.
Кваназе жо кьечIого ракъизе гьелги гьарун,
Гьезул хIатIазда табут, бухьун, щула гьабуна.

Гьанжи, чIорбутIги босун, божарав цо вазиргун,
Намруз табуталъуве лъугьун парахалъана.
Хадуб, ракъи бергьарал цIумазда гьан бихьана,
Гьелде бугеб анищалъ пархун зодор роржана.

Роржун унел цIумалги, кIалдиб щолареб гьанги,
Гьаваялда БетIергьан валагьулев Намрузги
Гьаб хIалалда рукIаго: «Я Аллагьасул тушман,
Мун киве вахуна?» - ян малаикас ахIана.

АхIуе жаваб гьабун, «Гьадав Аллагь вугилан», -
Гьев чIвазе Намрузица чIорбутI речIчIун беччана.

[1] Табут – гъалмас.*

Боржунеб жоялда щун, чIоралда би бахана,
РечIчIаралъуб тIадбуссун, Намрузихъги бачIана.

Бидул цIун чIор бачIиндал, Намруз цIакъго чIухIана
«Зобалазул БетIергьан гьанжи дица чIванилан».
ЧIорбутIалъ рагъги гьабун, гьаваялда босараб
Бергьенлъигун ракьалде рухIгун Намруз ворчIана.

ХIинкъиялъ унтиги ккун, мегеж-бетIерги хъахIлъун,
Цебе букIараб сифат гьесул хутIун букIинчIо.
Халкъалда гьев къосана, «Мун щив?» - илан цIехана,
ХIатта, Намруз горилан, инкаргицин гьабуна.

Гьес эхетун букIараб доб борхатаб хъалаги,
Бергьараб гьуриги пун, – гьебги паналъун ана.
Гьанжиги Аллагьасул къуват лъугIун гьечIилан,
Намрузие бокьана ракьалда рагъ гьабизе.

Вагъулевлъун ватани, зобалазда чIечIого,
Мубараза[1] гьабизе гIодове рещтIайилан,
БетIергьанасде данде хвалчен босун вахъине
Намрузица жиндирго гьунар букIин бицана.

Цинги Ибрагьимица, Аллагьасул рахъалъан,
АхIмакъав Намрузие вагъизе изно кьуна,
«Рагъуе гьунар бугел бахIарзалги ракIарун,
Боял данде гьаре», - ян гьесда лъайзе гьабуна.

«Гьаб дунялалда тIадго бищун загIипаб махлукъ
Къуватаб дур боялде данде лъелин» – абуна,

[1] Мубараза – Ай, хвалчад вахъине.

АслихIатал[1] къачIана, къолдаби хIадурана,
ХIукму ккараб къоялде Намрузил бо гIуцIана.

Бакъул нур суйнабураб, рикIкIине хIал кIолареб,
ГIемераб кIкIараялъе ралъдалъан баб[2] рагъана.
БетIергъанас изно кьун, Намрузил боде тIаде
БагIузатазул[3] аскар гъираялда кIанцIана.

Данде вахъун вагъулев чи гьечIеб кьалул майдан,
Гьоркьоб мехго инчIого, рукьбузул цIун хутIана.
Ракъарал багIузатаз биги цIцIун, гьанги кванан,
Бо гьалак гьабуниги, Намруз чIаго хутIана.

Хадуб багIузатазул бищунго жиб загIипаб
Намрузил магIарзухъе, зузулаго, лъугьана,
Гьенисанги дагь-дагькун димагъалде[4] бахана,
Дару-дарман тIагIараб унти ботIроде ккана.

БетIергьанас гьесие дарулъунги гьабуна
Гьоркьоса къотIичIого чияца бетIер бухи.
БатIа-батIа алаталъ, рахIму бугес – заруца
Намрузил бетIералда къебелъи байбихьана.

КIикъого сон инегIан гъилманаз[5], эрга гьабун,
Гьесул гвангвараялда думи тIаса камичIо.
ТIарамагъадаги цо чIалгIарас, ццинги бахъун,
Кьабун араб квартIица бетIер кIихIи бихъана.

[1] АслихIат – ярагъ.*
[2] Баб – каву, нуцIа.*
[3] БагIузат – кIкIара.
[4] Димагъ – гIадалнах.
[5] Ай, хъулухъчагIаз.

Балагьлъун Намрузие Къадирас кьураб кIкIара,
Къадако-хIинчIгIанги гIун, къватIиб боржун бачIана.
Жазау гIадуваллагь[1] гьаб бугиланги абун,
ГьебсагIаталъ багIузат цебеса тIагIун ана.

Аллагьасул боязул хIисаб лъайзе кIоларо,
ХIилла-макро гьабиялъ Гьесдаса бергьунаро.
БетIергьанасул къуват кидаго, кибго буго,
«Кун» абураб лафзалда ирадат[2] билъанхъула.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَمَا يَعْلَمُ جُنُودَ رَبِّكَ إِلَّا هُوَ ﴾ المدثر : ٣١




[1] «Аллагьасул тушманасе бугеб жаза гьаб буго»,- янги абун.
[2] Ирадат – Аллагьасе бокьи (Гьесие бокьараб жо).*

# - Ф А С Л О -

## ИСМАГIИЛ ХЪОЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН ﷵ

Ибрагьим аварагас вас хъоялъул хабарал –
Халкъалдаго машгьураб вакъигIат[1] бугониги,
Баркаталъе букIине, лъаларез цIализеги,
Лъезин дагьаб гIибарат, гIинтIаме, муъминзаби.

Намрузил улкаги тун, Шамалде ун хадуса
Вас гьавуни, къурбанлъун гьев хъолилан абураб
Ибрагьимил балъгояб къотIи ккун букIаниги,
РакIалдаса гьебги ун, парахатго вукIана.

Нисян[2], гъафлаталдаса вацIцIадав БетIергьанас
Гьесда кIочараб къотIи ракIалде щвезабуна.
Къасе кьижун вукIаго макьилъ Ибрагьимида
Аллагьасул рахъалъан «Вас хъоян», – амро щвана.

Анкьго сордо инегIан тIатIалаго бихьана,
БатIулаб макьо гореб, жиндие загьирлъана,
Назро гьабун букIараб къурбан ракIалде щвана,
Налъи тIобайзабизе тIобараб нийят лъуна.

«Нусги кварги босе»,- ян васасдехунги абун,
Ибрагьим – Халилуллагь цевехун валагьана.
Гьеб кIиябгоги босун ИсмагIил – ЗабихIуллагь
Инсуда хаду-хадув, хух гIадин, вилълъанхъана.

---

[1] ВакъигIат – лъугьа-бахъин.*
[2] Нисян – кIочен.*

«Нусги кварги нелъее щибизе?» - ян гьикъидал,
«Къурбаналъе куй хъойзе хIажат бугин», – абуна.
Минаялда гIагарлъухъ, гIемер рикIкIад гьечIого,
МагIардехун ралагьун, бигьагьарун къокъана.

БетIергьан – Аллагьасул амро тIобайзабизе
Ибрагьимил тавакал иблисалда бихьидал,
Эсде бугеб хIасадалъ хIалхъубаб малгIун ана
Инсанасул сураталъ васасул эбелалъухъ.

«Ибрагьим, васги вачун, кив арав?» - ан гьикъана.
Магьихъе ун ругилан эбелалъ жаваб кьуна.
Хъойзе вачун анилан иблис гьелде кIалъана.
«Гьеб букIине рес гьечIин», – эбелалъ инкар ккуна.

Аллагьасул рахъалъан вас хъойилан абураб
Амро жинде бугилан Ибрагьим чIей бицана.
«БетIергьанасул гьесде гьедин амро батани,
Гьелда дунги цIакъго-цIакъ рази йигин», – абуна.

иблису-ллагIиналъе мацIица пайда кьечIо,
Пашманлъиялъ къвалги бан, чIобого тIадбуссана.
Инсуда цадахъ унев ИсмагIилихъеги щун,
«ЩибакIалде нуж?» - илан гьесдехун гьикъардана.

Къурбан хъойзе эменгун унев вугилан, – абун,
ИсмагIилица гьелъий къвакIараб жаваб кьуна.
«Къурбан дуда лъалищ?» - ан малгIун гьесде кIалъана,
«Лъаларо», - янги абун, ИсмагIил велъанхъана.

«Хъойзе вачуна вугин мун магIарде», - ян абун,
иблисалъ ИсмагIилий инсул нийят бицана.

Цинги ИсмагIилица «Дун щайда хъола?» – абун,
иблису-ллагIиналде[1] суал баккизабуна.

Аллагьасул рахъалъан мун хъойилан бачIараб
Амро бугин Ибрагьим чIун вугилан бицана.
Амро гьедин батани, дунги рази вугилан,
УзхIийяталъе[2] жив хъой васас къабул гьабуна.

Гьесул БетIергьанасе мутIигIлъи бихьун хадуб,
Хьул гьесдасаги къотIун, иблис нахъегIан къана.
Ибрагьимиде буссун, гьесулги хIалбихьизе,
«Мун кив вахъарав?» - илан суал кьезе лъугьана.

Гьесги, нагIанаги кьун, лагIин нахъе хъамуна,
Нахъ-нахъ буссун, гьеб тушман гьесда хадуб жобана.
Жамратул ГIакъабатгин ВустIагун Сугъраялда[3],
Гьеб малгIун цебе лъугьун, анкь-анкь гамачI речIчIана.

Ибрагьимги агьлоги Аллагьасул къудраталъ
Къосараб щайтIаналда таризаризе кIойчIо.
Тушманалъе хIасадалъ натижат[4] хIасуллъичIо,
ХIиллагин макроялъул донкIниб жибго хутIана.

Хадуб Ибрагьимица Аллагьасул рахъалъан
Жинде бачIараб амро ИсмагIилий бицана,
«Амроги къабул гьабун, къурбаналъе мун хъойзе
Нилъ гьанир щун ругилан», – васасдехун чучана.

[1] ЛагIин – Аллагьас рахIматалдаса бачахъараб.*
[2] УзхIият – къурбан.*
[3] Минаялда ругел, хIажизабаз гамчIал речIулел бакIал
[4] Натижат – хIасил, пайда-хайир.*

«Бишасул амро дуца, эмен, тIобайзе гьабе,
Иншааллагь, дуда дир гьелъулъ сабру батила», –
Гьадинаб калам гьабун, камилаб сабру гьабун,
ИсмагIил – ЗабихIуллагь хъоялда разилъана.

Цинги Ибрагьимица кванараб хьибилалда,
Койрал-хIатIалги рухьун, вас вегизе гьавуна.
Зодор малаикзаби, халккун, балагьун чIана
Халикъасе мутIигIал эменгин вас вихьизе.

«Вухьун, чахъу кинигин, дун хъойи берцин гьечIин,
Вичунго веччай», - илан вас инсуде кIалъана.
Инсуца квар бахъана, койрал-хIатIал ричана,
РахIаталъе вегарав бахIарав гIадин чIана;

«ГIазизай эбелалде салам бице», – абуна,
Цуцазе къолъикI гьабун, инсуца нус босана,
ИсмагIилил щокъроб лъун, хъойзейилан лъугьана,
Гьесул гьаналъе нусалъ щибго асар гьабичIо.

Гьеб мехалъ ЗабихIуллагь: «Дир гьормаде валагьи
Дуй захIмат батилилан, – инсудехун кIалъана. –
Нус, гурхIел тун, лъулъаян», – кIалалъги абулаго,
КIалагъоркьеги вегун, сас къотIун гIенеккана.

КигIан цIакъбахъаниги, нусалъ инкар гьабуна,
ИсмагIилил гьаналда гьелъул фурсат[1] рекъечIо.
Гьабизе жо тIагIиндал, ццин бахъарав инсуца
Босун гIодоб речIидал, нус гьесдехун кIалъана:

[1] Фурсат – рес.*

«Жаббарасул амро дий къотIугейилан буго,
КъотIичIого теларин Халилуллагьги вуго,
КIиябго амроялъул жаваб гьабизе хIакъаб –
Жаббарасул бугелъул, дунги гьелда нахъ буго.

Дица гьав ИсмагIилил щекъер кинан къотIулеб,
КунчIун МухIаммадияб нурги надалда букIун,
Дуй бокьараб гьабизе дида хIалги кин кIолеб,
ХIалкIолев БетIергьанас амроги гьабичIого».

Зоб-ракьалъул малайкал, боржунеб жо, хIутI-хъомор,
ХIатта ралъдалъ ччугIбицин, гьеб вакъигIат бихьидал,
«Гьав эменгин васасда гурхIел гьабе»,- ян абун,
Аллагьасдехун руссун, зигардизе лъугьана.

Гьеб мехалъ БетIергьанас Ибрагьим-Халиласде
«Къад саддакъта рруъя»  -ян аят вахIю гьабуна.
ГьебсагIатго Жибрилги, варанигIан черх бугеб,
Бачун, Алжаналъуса цо куйгун тIаде щвана.

«Васги тун, гьесул бакIалълъ, гьаб куй хъой»,-ян абидал,
Киназго, «Акбар» бачун, рохел загьир гьабуна.
Гьебги къурбаналъе хъун, ИсмагIил хвасарлъана,
Аллагьасул рахъалъан даражаги тIокIлъана.

Жабраилас бачIараб гьеб куйилан абуни,
Гьабилил къабуллъараб къурбан букIанин буго, -
Къудраталъул Аллагьас Алжаналъубги хьихьун,
Ибрагьим-Халиласе сайгъатлъун жиб цIунараб.

Тавраталъул агьлоялъ хъойзе вегизавурав
ИсхIакъ вукIаравилан абулеб бугониги,

Руватаз сахIихI гьабун, халкъалъулъ машгьурлъараб,
ЗабихIуллагь – ИсмагIил вукIин мухIканаб буго.

Миллат – Ибрагьимиял, гIакъидат – АшгIариял,
Аллагь, Дуца ниж гьаре агьлу-суннатаздаса!
Гьезул баркат-шафагIат щойчIого, махIрум тоге,
МахIшаралъул къоялъги гьезда гъорлъ рахъинаре.

А М И Н !

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَفَدَيْنَٰهُ بِذِبْحٍ عَظِيمٍ ﴿١٠٧﴾ ﴾ الصافات : ١٠٧

الله أكبر

# - ФАСЛО -

## ШАДАД ГЬАЛАКЛЪИЯЛЪУЛ БАЯН

Дунялалъул бокIнazда жодер корщел батарал
Капурал ханзабазул кIигояв загьирлъана,
Намруз бину КангIанги, ГIадил вас – дов Шададги,
Ва къила Бухтанасар, ла Намруз бину КангIан[1].

Шададил гьитIинав вац, Шадидилан вукIана,
КIиясулго истилаъ[2] ракьалда тIибитIана.
ГьитIинав Шадидги хун, Шадад нахъе хутIана,
Ханзабигун мулукал[3] – киналго гьес росана.

Росабигун шагьарал, улкаби, вилаятал, –
Шададица къагьроялъ[4] рагIияталлъун ккуна.
РахIмо-цIобалъул асар гьесул рекIелъ букIинчIо,
Гьес халкъалда гьабичIеб зулму-хIалги хутIичIо;

Азарго соналъ гIумру дунялалда гьабуна,
Гьел соназда ращадал руччабиги рачана,
Рачарал руччабазул наслабиян абуни,
Ункъазарго вас гьесул вукIаравин бицуна.

Цересел анбияал-русулазде рещтIарал
ТIахьазде валагьулеб гIадат гьесул букIана,

[1] Ай, цояз абулеб буго: «КIиявго ханасул цояв Бухтанасар вукIана, Намруз вукIинчIо»,- ян.
[2] Истилаъ – кверщел.*
[3] Мулукал – пачаял.*
[4] Къагьру – зулму-хIал.*

Гьезда жанир, Аллагьас рехсей жиндир гьабурал,
Алжаналъул сифатал ратулелги рукIана.

Гьел сифатал халгьарун, гьелда релълъараб Алжан
Дунялалда гьабизе гьесде ракIалде ккана.
Гьеб суал гьоркьоб лъезе вазирзаби ахIана,
Мугьандисал[1] ракIарун, кIудияб мажлис лъуна.

Лълъимал, пихъал гьарзаяб, гьава-бакъ рекъон ккараб, –
Гьединаб бакI балагьи Шададица тIадкъана.
ТIолалго мугьандисал сапаралде рахъана,
Дунялалъул букIнazда, кIвахI рехун, жал свердана.

Алжан гьабизегIадаб, гьелъие санагIатаб,
Яманалъул ракьалда цо бакI тIаса бищана.
ТIолгоял разилъараб хIукму гьелъий гьабуна,
Гьениб Алжан гIуцIизе Шададги хIадурлъана.

ХIалбихьи-гьунар бугел махщелчагIи ракIарун,
Шагьаралъе кьучI лъезе гьенире ритIун ана.
Ункъабго рахъалдехун анцI-анцI фарсах роцен лъун,
КIикъого фарсахалъул[2] свери данде бачана.

Дунялалда тIад бугеб тIолабго гIарац-месед,
ГIабасигIан течIого, гьенибе бакIарана.
Гьелъул кирпичги гьабун, сверун сияж[3] гьабуна,
Жанир ралел хъулбузе пуланалги гIуцIана.

ГIанбаралъул, мискалъул, жавгьаргин якъуталъул,
Мискъал кодоб течIого, халкъалъухъа бахъана.

[1] Мугьандис – инженер.*
[2] ГIага-шагарго 205 километр.
[3] Ай, забор.

Хириябщинаб магIдан, щиб бакIалълъ батаниги,
Шададий Ирам байзе кьечIого рес букIинчIо.

Бесдалалъул гIундузда рарал кIилкIал рихьидал,
Хьул халатав Шададил гьел тезе гъунар гIечIо.
ГIажизай ятиматалъ[1] Аллагьасде гьарана,
Гьелъул дугIа загьролъун, зулмучи гьалаклъана.

Гьелде гIунтIун малгIунас гIалам къварид гьабуна,
Къадар тIаде щойзегIан Жаббарас веччан тана.
Жавагьираз къачIараб, накъищаз берцинлъараб,
Лълъимал, пихъал гьарзаяб, гьединаб шагьар бана.

Дунял бижаралдаса гьединаб шагьар байчIо,
Гьелда жаниб камураб когIенлъиги букIинчIо.
Кутубазда[2] рицунел Алжаналъул сифатал
Аллагьасе бокьухъе гьелда тIад релъанхъана.

Лъабнусго сон замана бинаалда[3] тIад ана,
ТIобан рагIалде щойдал, Шадад гьенив ахIана.
Алжаналъуб рекъараб цIарагIгин регел-къайи,
Къого соналъ хIадурлъун, гьебги данде гьабуна.

Меседил гьавадижаз[4] варанаби къачIана,
ЧIолохъаби гIарцул ран, чуязда кьалал лъуна,
Лъимал-хъизан, руччаби, худамал, вузараал,
Умараалгун цадахъ Шадад къватIив вахъана.

[1] Ятимат – бесдалАй.*
[2] Кутуб – тIахьал (Аллагьас рещтIарал).*
[3] Ай, шагьар балаго.
[4] Гьавдаж – варанабазда лъолел, жанир гIадамал рекIунел, палаткаби.*

Къудратав БетIергьанас, хIукму боржалалде щун,
Бесдалалда гьабураб зулму нухда бецIана.
Зодисахун гьабураб кутакаб цо гьаракьалъ,
Гьоркьов чи хутIичIого, къапила гьалаклъана.

Лъабнусго соналъ бараб месед-гIарцул мадинат[1],
Цо сагIаталъ жанив чIун, Шададий рохел щвечIо.
Жавагьираз къачIарал чIухIарал гьелъул хъулби,
БерчIван рихьилелдего, чIван рехана гIажалалъ.

Гьабуге, бусурбаби, инсанасда зулму-хIал,
Мазлумасул[2] дугIаялъ залим гьалаг гьавулин.
Зулмучиясда тIаса Аллагьги лъугьунарин,
Аллагьасул ццин бахъин рещтIинедухъ хьвадуге!

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ أَلَمْ تَرَ كَيْفَ فَعَلَ رَبُّكَ بِعَادٍ ﴿٦﴾ إِرَمَ ذَاتِ ٱلْعِمَادِ ﴿٧﴾ ٱلَّتِي لَمْ يُخْلَقْ مِثْلُهَا فِي ٱلْبِلَٰدِ ﴿٨﴾ ﴾ الفجر : ٦ – ٨

[1] Мадинат – шагьар.*
[2] Мазлум – жинда зулму гьабурав.*

# - ФАСЛО -

## ИСХІАКЪИЛ КЪИСАЯЛДАСАН КЪОКЪАБ БАЯН ﷺ

Гъажарица ИсмагІил Ибрагъимий гъавидал,
Насло гъечІого Сарат пашманлъуда йикІана.
Бишасул рахъалдасан, вас гъавизе вугилан,
Гъелде рохел бицине Жабраил-малайк щвана.

Ункъоялда щуго сон гІумруялъул бан хадуб
Бащарагъа биль ИсхІакъ, фа тІаба къалбу Сарат[1],
Гъесул наслабаздасан азарго гІун авараг
Вахъинилан бициндал, дагъайги разилъана.

Лъеберго сон ИсмагІил гъавуралдаса индал,
Саратида баркараб рохел кодобе щвана.
Баркат бугев вас гъавун, ИсхІакъ абун цІар лъуна,
Азаравго авараг наслабазул лъугъана.

ИсхІакъ кІудияв гІана, авараглъун гъавуна,
Шамалда цо къавмалде расуллъунги витІана,
Тубайлил яс – Рабикъат лъадилъунги ячана,
Цо чІарада кІиго вас ГІайсгин ЯгІкъуб гъаруна.

Гъел эгзал эбелалда ургъирго цуцадехун
Гаргадулел рагІидал, ИсхІакъиде бицана.
ИсхІакъица гІинбана, ГІайс кІалъалев ватана,
ЯгІкъубида тункулеб калам гъесул букІана:

[1] ИсхІакъ гъавизе Жабраилас рохел бициндал Саратил ракІ бохана.

БатІнуялъув[1] дунги тун, дунялалде мун ани,
Эбелалъул чехь дица бихъичІого теларо,
Мунги чІвазе вугилан, – ЯгІкъубие ГІайсица
ГІасиго хІинкъи кьолеб ИсхІакъида рагІана.

ЯгІкъубица абуни: «ИргІа хІакъкъа уммика,
Ва ла тахрикъ батІнагьа, я мубарак,[2] – абуна. –
Ва ла такътул ахака,[3] – дуца дур вацги чІваге, –
Дидаса цеве мунго дунялалдеги вахъа».

ДагІба-рагІи гІодоб тун, ЯгІкъубица сулхІ гьабун,
Эбелалъул ургьибго лъикІаб маслахІат ккана.
Цевеккун ГІайс гьавуна, хадув ЯгІкъуб вачІана,
ЧІагояб гІумруялде кІиясго байбихьана.

Инсуе кІиясулго ГІайс вокьулев вукІана,
Эбелалъул рокьини ЯгІкъубиде цІикІкІана.
ГІумрудул сонал индал ИсхІакъил канлъи ана,
Лъимал ратІарахъизе гьунар гІолеб букІинчІо.

Гьединаб зугІфуялъулъ живгоги ккун вукІиндал,
Жиндиего вокьулев ГІайс аскІове ахІана,
Гьесие баркаталъе дугІа гьабизе бокьун,
«Къурбаналъе хъойзе куй баче», -йилан манлъана.

Лъади Рабикъатида гьезул хабар рагІидал,
ДугІаялъул баракат ЯгІкъубий щой бокьана, –
«ГІайсидаса цеве ун, къурбаналъе куйги хъун,
Хъата-масан инсухъе вачІа», - йилан манлъана.

[1] БатІну – чехь.*
[2] «Дурго эбелалъул хІакъ цІуне, эбелалъул чехьги дуца бихъуге».
[3] «Дуца дурго вацги чІваге».

Ворта-хъетун, куйги хъун, ЯгIкъуб инсухъе щвана,
Щаклъи бегьун инсуца «Мун щив?» - илан гьикъана.
Рабикъат аскIой ячIун, «Гьав дурго вас – ГIайс вугин,
Гьасий дугIа гьабе», - ян ИсхIакъиде абуна.

ГIайсил черхалда тIадго тIомол гIадаб рас букIун,
Рас тIад бугеб палито ЯгIкъубида ретIана.
ЯгIкъуб ГIайсилан ккезе гIураб сихIроги гьабун,
Рабикъатица вачун, инсуда цеве лъуна.

ИсхIакъица васасул черхалда койр бахъана,
Керчаб рас тIад батидал гIенеккун чIезе ккана.
«ГIайсил гIадаб черх буго, махI – ЯгIкъубил бачIуна,
БичIчIизе кIоларилан», – Аллагьасде тIамуна.

Васасул койрги бачун, камилаб хIузуралда
ХIалкIолев Аллагьасде ИсхIакъица гьарана,
Гьасул зурийяталъул наслаби гьарейилан
Анбияал[1], мулукал[2], Дурго фазлоялдалъун[3].

ДугIаги гьабун, ЯгIкъуб аскIуса ватIалъидал,
Инсул амроги тIобан, тIаде ГIайсги вачIана.
«ЯгIкъуб дуда цеве ккун, дугIа досий щванилан», –
Инсуца абун хадув, ццин бахъун, ГIайс кIалъана.

ЯгIкъуб дица чIвайчIого теларилан абуна,
Инсуца, саброги кьун, гIодов веччайзавуна,
«Дуе гьабизеги дир дугIа нахъе бугебин,
Дида цеве вачIа», - ян аскIов гIагар гьавуна:

[1] Анбияал – аварагзаби.*
[2] Мулукал – ханзаби, пачаял.*
[3] Фазлу – хиралъи-цIоб.*

«ГIодоб бугеб миччилгIан зурийят[1] гIемер гьабе,
Гьел горезул маликги тIаде ханлъун веччаге,»–
Гьадинаб дугIа-алхIам ГIайсиеги гьабуна,
Васасул зурийятал, гьарухъеги лъугьана.

Гьанжиги ЯгIкъубиде ГIайсил тунки цIикIкIана,
Гьев чIваялда хIинкъи ккун, Рабикъатги йикIана.
«КангIанги ГIайсие тун, Нажраналде а», - йилан
Эбелалъ гIакълоги кьун, ЯгIкъуб гьениса ана.

ИмгIалги цадахъ вачун, Нажраналде жив щойдал,
Эбелалъул яцалде гьоболлъун тIад рещтIана.
Гьелъул кIиго яс йикIун, кIудияй гьас ячана,
ГьитIинай тIаде ячун, кIияйгоги хьихьана.

КIиго яц цадахъ ячин – гьезул заманаялда
ШаргIалъ бегьизабулеб хIукмуялда букIана, –
ХIалалаблъун хутIана Мусаде гIунтIизегIан,
Гьеб мехалъ БетIергьанас хIарамаблъун гьабуна.

Гьай кIияйго яцалъул кIиабизе ячаралъ
КIиго вас гьавун, Юсуф ва Бунямин цIар лъуна.
Цойгиял руччабазе гьаруралги данде къан,
ЯгIкъубил тIолго лъимал анцIила кIиго гIана.

Лъимал чIахIиял гIедал, ЯгIкъубие бокьана,
Нажраналъул ракьги тун, КангIаналде вуссине.
ГIайсил хIал-хIукму лъайзе васал цере ритIана,
«Салам кьун, тIаде а», - ян манлъа-хъваял гьаруна.

[1] Зурият – наслаби, лъимал.*

Гьел ГIайсихъе рещтIана, тIолго къиса бицана,
ЯгIкъубил лъимал рукIин гьесий баян гьабуна.
Гьездаса ГIайс вохана, гIемерго разилъана,
ЯгIкъубиде букIараб рекIел хъублъиги ана.

Лъималазда хадувго ЯгIкъубги тIаде щвана,
Бакъ щвараб къо кинигин, гьезул вацлъи роцIана.
Гьединаб гIумруялда гIезагIан сонал ана,
Аллагьас рекIелъ лъураб рокьиялда хьвадана.

Цинги вац ЯгIкъубие КангIаналъул ракьги тун,
ГIайс, Шамалдехунги ун, гьениб чIейи гьабуна.
Насматилан цIар бугей жиндирго яцгIал ячун,
Васалгин ясал гьарун, наслаби гIемерлъана.

Мулуку бани-ль-Асфар, румазул къаясирал[1]
ГIайсил наслабаздасан рачIаралин абула.
Амма, Айюб горони, гьезул зурийяталъул ﷺ
Авараг вахъинчIилан риваяталда буго.

Нажраналде унелъул сафаралда ЯгIкъубил,
Къассе вилълъун, къад вахчун, унеб гIадат букIана.
Дунялалда тIоцове сардилъ сапар гьабурав
Гьев вукIанин абула агьлу-таварихаца[2].

Сардилъ рилълъанхъиялде исраъин абулелъул,
Аллагьас ЯгIкъубиде Исраил-ан цIар лъуна.
Гьесул наслаби кколел жугьутI миллаталдеги
«Бану-Исраил» - абун Къуръаналда ахIана.

[1] Румазул ханзаби.*
[2] Агьлу таварих – тарихалъул гIалимзаби (историкал).*

Нусиялда лъабкъого сон гIумруялъул индал,
ИсхIакъ, гIалайгьи-ссалам, ахираталде ана.
Эмен Ибрагьимида аскIов вачун, лъималаз
Лъуна берцинго хабалъ Халилуллагьасул вас.

Нусиялда къого сон гIумруялъул бан хадув
ГIайсги ана хабалъе, панаяб дуниял тун,
Халикъас паналъизе бижараб махлукъалъул
Бижун-бакъван букIунеб хералъул мисал буго.

الله أكبر

# - Ф А С Л О -

## ЯГІКЪУБИЛ ВА ЮСУФИЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

КангІаналда вукІаго ЯгІкъуб аварагасе
Юсуф гъавурай эбел – РахІил абун йикІана.
Гьев гъавураб гІужалда ЯгІкъуб, гІалайгьи ссалам,
Шамалъул ракьалдехун сафаралъ ун вукІана.

Аллагьас, мун горесе, жинда релълъарав кьечІев,
ИчІго бутІа берцинлъи жиндида хасс гьабурав
Юсуф дуй гьавунилан, рохел бицун, Жабраил,
Сапаралда вукІаго, ЯгІкъубихъе рещтІана.

Рокъове тІадвуссана, Юсуфихъ валагьана,
Гьесдаса бер таризе кІоларевлъун лъугьана.
Къурбаналъул цІаралда азарго чахъу хъуна,
Нахъе лукъма течІого, садакъадай бикьана.

Юсуфидехун рокьи ЯгІкъубил цІикІкІиналъе,
Лъималазда гьоркьосан гьев тІаса вищиялъе
БатІа-батІа рицарал риваятазда гьоркьор
Гьадинги бицун буго «ГІараисалда» жаниб.

ГІаламалъул Халикъас, Жиндир къудраталдалъун,
ЯгІкъубил рокъоб жаниб цо гъойтІ бижун букІана.
Жиндие гьавунщинав вас рикІкІун, цо-цо гІаркьел
Гьеб гъойтІалъул рохтолъан баккулебги букІана.

Лъималазул гІумругун гІаркьел кІодолъулаан,
ГІолохъаби лъугьиндал, къотІун гьезухъ кьолаан.

Гьезул щивасе гIадин, Юсуф гьавураб мехалъ
Гьеб гъотIол рохтиялда гIаркьел бижун букIинчIо.

Жиндийги гIаркьел абун, Юсуфил зигар букIун,
БетIергьан Аллагьасде ЯгIкъубица гьарана:
«Гьав дир Юсуф вохизе, ихваназда чIухIизе,
Гьезул гьечIеб гIадинаб гIаркьел гьасийги кье», - ян.

Гьариялъе жаваб щун, Жабраил малаикас
Зубаржадалъул гIаркьел Юсуфие бачIана.
Алжаналъул гъусну[1] кьун, Юсуф кIодо гьавидал,
Гьесдехун ихваназул хивал дагьаб квешлъана.

Хадубго Юсуфида, жиндирго гIаркьелги чIун,
Макьилъ, гьелъул гъойтIги гIун, пихъазул цIун бихьана;
Вацазулин абуни, цоники рекIинчIого,
Ракъварал гIаркьалаби гьороца росун ана.

Гьеб макьу Юсуфица, инсуде бицунаго,
«Вацада бальго те», - ян абун букIананиги,
Эзда элъул хабар лъан, бальго Юсуфидехун
Хивалал кошлъиялъул хIал дагьабги цIикIкIана.

АнцIила кIиябго сон Юсуфил тIобайдалги,
Бихьараб макьуялъулъ гьесий рохел букIана:
Бакъ-моцIгин анцIила цо цIваялъги Юсуфида
Жиндий сужда гьабулеб – гьебги бихьун букIана.

Гьеб макьуги, вацазда бальго тун букIаниги,
Лъан, Юсуфиде гьезул хIасад цIакъго бергьана.

[1] Гъусну – гIаркьел.*

Гьединал вакъигIатаз[1] рахIатхварал вацазул
Инсуе Юсуф вокьи хIехьезе гьунар гIечIо.

Гьесие макруялъе, данде руссун, ургъана,
Дунялалда чIаго гьев теларилан лъугьана.
«РасанкIаби гьаризе Юсуф нижгун витIе», - ян,
ТIолгоял цадахъ лъугьун, ЯгIкъубиде гьарана.

«Гьев бацIалъ кванаялда дун хIинкъула», - ян абун,
Инсуца инкар ккойдал, вацал чIухIун кIалъана.
«Юсуф бацIалда куйне нежеца толевищ?» - ан
Нийяталда хилифаб[2] рагIи кIалаз бицана.

Радал вацалгун цадахъ авлахъалде иналъе
Инсуца изнуги кьун, Юсуфги разилъана.
Лъимал нухда регIизе ЯгIкъуб живго вахъана,
Нахъвуссун рокъов щведал, дагьаб ракIги бухIана.

ХIиллаялъул гьин рехун ккурав Юсуфги вачун,
КангIаналъул ракьги тун, вацал гIалхуде щвана.
ВахIшияб кьаби гьабун, гьез Юсуф цIакъ вухана,
Гьекъезе лъин гьаридал, гьебгицин нахъе чIвана;

ТIаса ретIелги бахъун, къаркъала гIицIцI гьабуна,
ГIайиб гьечIев вацасул къисас боссе лъугьана.
«Мусрудае букIине горде те», - ян гьаридал,
Гьеб тIад тараб рахIмоцин вацаздасан бихьичIо.

Юсуфида гьабулеб зулмугин хIал бихьидал,
Зодор малаикзаби, гьесда гурхIун, гIодана.

[1] ВакъигIат – лъугьа-бахъин.*
[2] Ай, ракIалда бугелда данде колареб.*

Гьезул бищун кIудияв – Ягьуз абун вукIана,
Гьесул хIалимлъи бергьун, хIукму дагьаб хисана.

Хойзего гьавичIого, гъуйинив гьевги рехун,
Рокъоре тIадруссине тIолгоял разилъана.
Рахъун чIун нилъ тIерхьунеб тIиналда бугеб лъелъе,
Рухьен къотIун, веччана ЯгIкъубил берзул канлъи.

Киназго гIакъло дандбан, гIалхудаса бацI ккуна,
Биги кIалалда бахун, гIайиб гьелде рехана.
Гьединго, Юсуфида тIаса бахъараб горде,
Хъураб чахъдал би бахун – гьебги хIадур гьабуна.

Мунагь гьечIев вацасе гьаб къварилъиги гьабун,
Рокъоре щведал, вацаз рицана чарал харбал.
Бидул цIураб гордеги инсуда цебе рехун,
БацI бихьизе гьабуна, гьалъ кванан ватанилан.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَجَآءُو عَلَىٰ قَمِيصِهِۦ بِدَمٍ كَذِبٍ ﴾ يوسف : ١٨

Гьеб рагIарабго ЯгIкъуб гIакълоялдаса ана,
Юсуф гьечIолъи лъайдал, лъай босун, гIодов ккана.
Лъавуде вачIун хадув, «Фа сабрун жамиль» – абун,
Эз бицунеб гьереси Аллагьасде тIамуна.

АскIобе бацIги ахIун, ЯгIкъуб, гIалайгьи ссалам,
ГIалламул-Гъуюбасде гьари байзе лъугьана,
«Гьаб бацI кIалъазабе», - ян РахIманасе хIелана,
ХIалкIолев БетIергьанас бацI кIалъазе тIамуна.

Мун аварағлъун тIаса вищарав АллагьасхIа,
Юсуфил гьаналда дир кIал хъвайчIилан гьедана. –
Нежее БетIергьанас анбияазул лахIму[1]
ХIарам гьабун бугилан, гьебги баян гьабуна.

Гьанжиги ЯгIкъубица гьелъий суал гьабуна,
«Ва гьал Юсуф фи къайдиль-хIаяти?[2]» - ян гьикъана.
Гьелъиеги бацIица, дун мацIцIихъанги горо,
Дида бальгояб жоги лъаларин жаваб кьуна.

Жаниб хIикмат камураб вакъигIат букIунаро,
МунфагIат гьечIеб хабар Къуръаналъ бицунаро,
«БацIалъ Юсуф куйналда дун хIинкъулин» абураб, –
ЯгIкъуб цохIо каламалъ ибтилаалде[3] ккана.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَأَخَافُ أَن يَأْكُلَهُ ٱلذِّئْبُ وَأَنتُمْ عَنْهُ غَٰفِلُونَ﴾
يوسف : ١٣

Юсуф жанив рехидал гъуялъул цIамгIалаб лъин,
ЦIамул асар гъорлъ гьечIеб, гъуинаблъун лъугьана,
Гьекъарасул къеч хьвалеб, ракъуе къутлъун чIолеб[4], –
Лъин – койналъул бакIалда гIей гьабулеб лъугьана.

Лъабго-ункъго сордо-къо гъуялда жаниб бана,
Жабраил-малаикас, рокъов гIадин, цIунана.
ЦIадав Ибрагьим гIадин, Аллагьасул рахIматалъ
Лъелъан къватIиб баккараб гамчIида тIад хьихьана.

[1] ЛахIму – гьан.
[2] «Юсуф чIаго вугищ?».
[3] Ай, балагьалде.
[4] Ай, ракъи кколеб (гIорцIизе гьарулеб).*

Гьеб гъуялъул гъварилъи ункънусго натI букIана,
Нухлулал лъин босизе гьенире руссунаан.
НухI аварагасул вас – Самица жиб бухъараб
БукIанинги бицуна «БадаигIу ззугьуралъ».

Юсуф гъуйинив рехун нахъияб къоялъ рачIун,
«Мун хунищ, чIагойищ?» - ан вацаз жаниб ахIана.
«ЧIаго вугилан», – абун данде жаваб гьабидал,
Гьесде тIаде кьураби разе хивал гьабуна.

«Гьеб ножоца гьабуни, гьабунщинаб инсуде
Дица бицинин», – абун, вац Ягьуз данде чIана.
Цинги гьел тIадруссана, Юсуф чIаго хутIана,
ТIаде вачIун, нухлулас гъуйиниб гел бегьана.

Гел бухьараб рухьен ккун, Юсуф щулаго чIана,
Щвараб бакъул нур гIадин, ракъдаде жив вахъана.
Вохун-хинлъун нухлулав къапилаялъухъ ана,
Лъеда хадув гьез витIун, аравги гьев вукIана.

Гьезда Юсуф гъуйинив ватанилан бицинчIо,
ЧIового жиндий кьурав гъулам вугин абуна.
Гъуйихъе хадусанги, Юсуфий койнги босун,
ВачIарав Ягьузида гьев нухлулаз ин лъана.

Ягьуз вацалгун цадахъ гьесда хадув вахъана,
Нухлулазул къапила Мисриялъул букIана.
Юсуф гьелгун ватана, гьас хIакъикъат бахчана,
Гьав нежер тIурарав лагъ вугин гьаз дагIба бана.

«Дица вичун восилин, гьав вас дие те», - йилан
Юсуф жиндие щварав Маликица[1] гьарана.

[1] Гьадав чиясде цIар Малик букIана.

Гьелда вацал рекъана, дагьабго багьа чIвана,
ЧIового гIадин, Юсуф гьесие вичун кьуна.

МатIуялъув валагьун, жиндирго гьомералъул
Гьайбатлъи бихьун, Юсуф гIажаиблъун вукIана.
Жив лагъ вукIаравани, багьа кьун, гIадамасда
Воссе кIойлароанин ракIалде ккун букIана.

БетIергьан – Аллагьасе гIужбу[1] къабуллъуларо,
Жагь[2] тIалаб гьабурасе басралъи камуларо,
Юсуф, гIужбу сабаблъун, гIабдун абикълъун[3] гьавун,
Учузго гьев вичизе вацал тIаде тIамуна.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَشَرَوْهُ بِثَمَنٍۭ بَخْسٍ دَرَٰهِمَ مَعْدُودَةٍ ﴾ يوسف : ٢٠

Цебе рехсон аниги, абизе ккараб буго:
Анбияазул гIисян мажазияблъун ккола,[4]
МагIсумиял[5] ругелъул, гьез мунагь гьабуларо,
Мисал халкъалъ босизе Халикъас тIамичIони.

Мисриялде щун хадув Юсуф берцинго къачIан,
ЧIухIараб ретIел ретIун, гIадамалълъе вачана.
ГIажаибаб, гьайбатаб гьесул сифат бихьидал,
Гьав инсан ватиларин абулеб хIал лъугьана.

Гьелда хадуб Маликий гьев вичизе бокьана,
Багьа чIваялъул рахъалъ гIадамал гаргадана,

[1] ГIужбу – живго жиндаго лъикIавлъун вихьи.*
[2] Жагь, кIодолъи, ъадро-къимат.*
[3] ГIабдун абикъ – хважаинасдаса лъутарав лагъ.*
[4] Ай, аварагзабазул хатIаби – сурат буго, хIакъикъат горо
[5] МагIсумиял – мунагьалде ккеялдаса жал Аллагьас цIунарал.*

Данде цIцIараб гIарацин, ялъуни миск, хIаририн[1], –
Маликида[2] бокьараб кьейи лъалеб букIана.

Мисриялъул ханасул вазирас вичун восун,
Гьесул рокъоб анкьго сон Юсуфица бахъана.
ГIолохъанлъи камиллъун, камиллъараб моцI гIадин,
Къойидаса къойиде берцинлъулев вукIана.

Юсуф вичун восарав ханасул вазирасде
ЦIар КъитIфирин букIана, ГIазизин абулаан,
Имраатул ГIазизи[3] Зулайхаян йикIана,
Юсуфил берцинлъиялъ гьелъул гIакъло сверана.

ГIазизил хъизаналъе Юсуф хияналъичIо,
Халикъасул гIинаят[4] гьесие насиблъана:
Инсул сурат цебе чIун, килщал хIанчIун, бихьана,
Кереналда инсуца хъат баниланги буго.

Ялъуни Жабраилас Юсуфиде абуна,
Нагьюялъул нухалда гьев кантIизе гьавуна:
«Зулайхал тIалабалда тIад рекъани, Аллагьас
Анбияазда гъорлъа мун вахъулев», – бицана.

Цинги Юсуф тIурана, нуцIихъе векерана,
Нахъасан Зулайхаца ккураб горде бихъана.
Божкъаликье тIаде ккун, ГIазизида рихьана,
РахIат хой лъугьаниги, сабро Аллагьас кьуна.

[1] ХIарир – дарай.*
[2] Малик – Юсуфил бетIергьанасде цIар.
[3] ГIазизил чIужу.
[4] ГIинаят – комек, квербакъи.*

Анкьго къо бараб лъимер киниялда букIана,[1]
Баянаб гьаркьидалъун ГIазизиде кIалъана:
«Зулайхалгин Юсуфил ритIарал-тIекъал лъайзе
Бихъараб гордеялъул халгьабе»,- ян абуна.

Нахъаса горде бихъун ГIазизида батана,
Зулайхал хияналъи гьелдалъун загьирлъана.
Кинниги руччабазул макру кIудияблъидал,
Юсуфида гIайиб чIвай – гьелъул мурад букIана.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ فَلَمَّا رَءَا قَمِيصَهُۥ قُدَّ مِن دُبُرٍ قَالَ إِنَّهُۥ مِن كَيْدِكُنَّ إِنَّ كَيْدَكُنَّ عَظِيمٌ ﴿٢٨﴾ ﴾ يوسف : ٢٨

ГIадло-низам битIарав БетIергьанас койрбакъун,
Юсуф вацIцIадав вукIин ГIазизида бичIчIана.
Бугониги, Зулайхал Юсуфидехун бугеб
Балъгояб рокьиялъул рекIелъа асар инчIо.

Юсуфилгун Зулайхал вакъигIат[2] рагIун хадуб,
ГIемерал руччабаца гьей рехсолей йикIана.
Юсуф жиндие вокьи гIадлъун бихьун, киназго
ГIайиб жинде рехулеб Зулайхада рагIана.

Вазирзабазул рихьун руччаби данде гьарун,
Гьезул щиялъул кодоб утружатгун[3] нус кьуна.
Юсуф цеве вачIиндал, къотIун, щиялъ утружат
Гьесухъе кьеян манлъун, мухъ гьабун чIезаруна.

[1] Зулайхал лъимер букIинчIо, гьеб гьелъул ункъгIалалъул букIана.
[2] ВакъигIат – лъугьа-бахъин.*
[3] лимон.

Дарайдул ретIел ретIун, жавгьар-якъут бекьараб, –
БетIералда тажги лъун, Юсуф хIадур гьавуна.
«Нисаазул[1] мухъалда цевесан къотIе», - йилан
Бакъул гIадаб нургун гьев гьезда тIаде витIана.

Гьев вихьидал руччаби гIакъло хисун лъугьана,
Гьав чи малаик вугин, инсан горин абуна.
Утружаталъул бакIалълъ, жодорго койрал къотIун,
КIикъого чIужуялъул ичIгояй парахлъана[2].

قَالَ تَعَالَى: ﴿فَلَمَّا رَأَيْنَهُۥٓ أَكْبَرْنَهُۥ وَقَطَّعْنَ أَيْدِيَهُنَّ وَقُلْنَ حَٰشَ لِلَّهِ مَا هَٰذَا بَشَرًا إِنْ هَٰذَآ إِلَّا مَلَكٌ كَرِيمٌ ﴿٣١﴾﴾ يوسف : ٣١

Хадубги Зулайхаца Юсуфий хIинкъи кьуна,
«Бокьараб гьабичIони – туснахъ», - илан абуна.
Аллагьасдехун вуссун, Юсуфица гьарана,
Гьелъул макроялдаса цIуни тIалаб гьабуна.

«Ассижну ахIаббу»,[3]-ян туснахъ тIаса бищана,
Бишасде гIасилъулеб фигIлу къабул гьабичIо.
ГIадамазул харбаца рахIат хойзе гьабидал,
Зулайхал росас Юсуф туснахъалде витIана.

Зулайхал руччабазул гьаб къиса – маргъу горо,
Къуръаналда рехсараб мухIканаб хабар буго.
Халикъасул каламги гIадада букIунаро,
ГIаламалъе пайдаяб танбигьалъе[4] горони.

[1] Нисаал – руччаби.
[2] Ай, хвана
[3] Ай, туснахъго бокьилин.
[4] Танбигь – кантIизари.*

Лъайгин гIакъло арасда таклиф[1] тIаса борхула,
Таклифалда вугесда шаргI цIунизе тIалъула.
Щиб жоялъулъ паналъун инсан вугонаниги,
Гьесул цойги жоялде пикруго буссунаро.

Юсуфилъ паналъарал Зулайхал руччабазда
Заз хIунчарабгIан унти, койрал къотIидал, лъайчIо.
Рокъоре тIадруссиндал, россабаз руханиги,
«Юсуф!» - илан ахIулеб ахIи гьезул букIана.

Инсан вокьиялъулъцин инсан паналъиялъе
Аллагьасул Каламалъ нугIлъиги гьабулаго,
Гьесде гIищкъо бергьарал, цойги жо кIочон тарал
Авлияазул фанаъ[2] бицун лъида хIалкIолеб.

Юсуф туснахъ гьавидал, гьев берзукьа тIерхьиндал,
ТIадго якъван, Зулайха гIучI-сан гIадин лъугьана.
Лъин-койн рехун, макьу тун, ракIалъул чIаголъи хун,
ЧIагого хварай гIадин, гIажизлъиялде ккана.

Юсуфилан абуни, масжуниназда[3] гьоркьов,
Гьезий хабар бицунев мухбир гIадин вукIана.
РакIгъей гьездехун буссун, Зулайхал хIал кIочон тун,
Туснахъалъул къварилъи гьесда лъалеб букIинчIо.

Гьениса къватIив ворчIун, мун ханлъун вукIинилан,
Рохел бицун, Жабраил мех-мехалъ вачIунаан.
Цо нухалъ, Алжаналъул якъутги босун вачIун,
Юсуфида Жибрилас гьеб къулчIизе гьабуна.

---

[1] Таклиф – шаргIалъул амраби ва нахъчIваял.*
[2] Фанаъ – цогидаб щинаб жо кIочон тун, Аллагьасулъ паналъи.*
[3] Масжунинал – туснахъалда тIамурал чагIи.

Гьелдалъун Юсуфида тагІбиру-рруъя[1] лъана,
Туснахъалда ругезулъ дагьавги машгьурлъана,
Макьо къотІизе гІилму РахІманас гьесий кьуна,
НасихІат-вагІзаялъе гьунарги цІакъ букІана.

«Райян» абун цІар бугев Мисриялъул ханасде
ХІасад бугев цо тушман вукІана Яманалда.
Гьес гъоркьанго, Райяний лъин кьолев, койн гьабулев,
КІиго хадимасулгун[2] балъго хабар бицана.

Ханасе загьро кьезе къотІи-къайи гьабуна,
Кьурасе хІисаб гьечІеб боцІи-малги бицана,
БоцІуда бахиллъиялъ гьоркьоб хІасад бижана,
Цуцадасан мацІ гьабун, ханасухъе хьвадана.

Дуй загьро кьезе тІаббах[3] хІадурлъулев вугилан,
Лъин кьолес мацІги гьабун, гьесда хадуб хал ккуна.
Хадуб лъин кьолесдасан тІаббахас гьебго бицун,
Гьанжи ханас кІиявго лъикІаб хІалалъ къакъана.

Балъголъи къватІиб чІвана, хиянат загьирлъана,
Загьро кьезе букІараб къотІи-къайи бицана.
Цинги ханас кІиявго туснахъалъув тІамуна,
Юсуфида аскІор ккун, эсулгун лъай-хъвай ккана.

Лъин кьолев вукІарасда, цІибил цІцІун, чагъир гьабун,
Ханасе жинца кьолеб макьо бихьун, бицана.
Мун къватІив ворчІилилан Юсуфица къотІана,
КъотІухъе гьебги лъугьун, гьевги чІаго хутІана.

---

[1] ТагІбиру рруъя – макьо къотІи.
[2] Хадим – хъулухъчи.*
[3] Ай, ханасе квен кьолев вукІарав.

Хадусан тIаббах вачIун, бихьичIеб макьо бицун,
Юсуф махсароде ккун, гаргадизе лъугьана:
«Дицаго чедги бежун, дирго ботIрода тIад лъун,
Гьеб хIанчIаца кваналеб бихьанилан», – абуна.

«Мун къватIивги вачина, кварида ван гIанкъила,
Дур бетIералъул нахги хIинчI-гъедоялъ кванала».
Квешиса макьо къотIун, тIаббах ургъаликь ккана,
Ургъун бицараб хабар гьеб букIанилан чIана.

Гьеб кин батананиги, хIукму гьедин тIобанин,
ТIаббахасдехун вуссун, Юсуф къвакIун кIалъана.
Лъабабилеб къоялъго тIаббах къватIиве ана,
КъотIараб макьоялъул хIасилги гьедин ккана.

Гьелдаса хадуб ханас сакъи[1] туснахъалдаса
Эркен гьавизе хIукму харижалде[2] бахъана,
Жиндир цебе букIараб хIалтIуде гьев тIамизе,
ТIаса лъугьун, разилъун, вачеян изно кьуна.

«Зулмуялъ жанив лъурав, мунагь гьечIев цо гъулам,
Маликасул ракIалде – дунги щвезе гьаве», - ян
Гьев гIолохъанчиясда, къватIив веччан унелъул,
Аманат хIисабалда Юсуфица тIадкъана.

ТIадегIанав Аллагьас Юсуф, гIалайгьи ссалам,
«Узкурни»[3] - ян абураб каламалъул хIарф рикIкIун,
Жив горесде хьул тIамун, гьеб рагIи абунилан,
Анкьго сон соризегIан, туснахъалъувго ккуна.

[1] Ханасе лъин кьолев вукIарав.
[2] Ай, загьир гьабун, къватIибе бахъана.
[3] Ай, дун ханасде ракIалде щвезе гьаве.*

Комекалде хIажатас хIалкIолесде гьаризе
Гьукъун рещтIараб аят Къуръаналда байинчIо,
Амма лъайзе тIалъула тIолавго муслимасда
Мусаббибул асбаби[1] – Аллагь-ТагIала вукIин.

Гьес Жиндир хIукму-къадар билълъанхъизе гьабизе
Лагъасул фигIлуялъе[2] сабаб рекъезабула.
Масала, цо жо гьари – цоясул рекIелъ тIамун,
Цойгиявин абуни – кьезе гьесизавула.

Гьарулевги кьолевги – кIиявго махлукъ вуго,
КIиявгоги – сундуйго щибниги гьунар гьечIев.
Щибаб жоялъулъ къудрат-ирадат[3] Жиндир бугев
Аллагь – ТагIала ккола хIакъикъияв фагIеллъун[4].

ХIакъикъияб мугъчIвайи, Жив горесде, гьабизе
Инсанасе хIарамлъи – щаклъи гьечIеб жо буго.
Гьадинаб гIакъидатги бусурманав чиясул
БукIунилан абизе бигьаяб амро гьечIо.

Гьелде нилъ кантIиялъе, Юсуф аварагасул
Мисал бачун, Аллагьас аятги рещтIун буго.
Щибниги хIавло-къуват жиндий гьечIеб махлукъат
Халикъасда релълъене гIакъилас гьабуларо.

قَالَ تَعَالَى: ﴿وَقَالَ لِلَّذِي ظَنَّ أَنَّهُۥ نَاجٍ مِّنْهُمَا ٱذْكُرْنِى عِندَ رَبِّكَ فَأَنسَىٰهُ ٱلشَّيْطَـٰنُ ذِكْرَ رَبِّهِۦ فَلَبِثَ فِى ٱلسِّجْنِ بِضْعَ سِنِينَ ﴿٤٢﴾﴾ يوسف : ٤٢

[1] Сабаб тIамулев, гьеб рекъезе гьабулев.
[2] ФигIлу – пиша.*
[3] Къудрат – хIалкIвей; Ирадат – бокьи.*
[4] ФагIил – Жинца гьабулев, бижунев.*

Юсуф туснахъалдаса хвасарлъизе мех щведал,
Рохел бицун Жабраил гьесде тIаде рещтIана.
Райяница, бихьараб макьо къотIизе вачин –
Мун эркен гьавиялъе сабаб ккелин абуна.

Нил гIор ракьулъ кIкIунги ун, макьилъ гьев Райянида
Анкьго кьарияб гIака къватIиб бачIун бихьана,
Гьелда хадуб, хIалакъаб анкьго къватIибги бачIун,
Анкьабгоги кьарияб гьез квананги бихьана.

Гьелдаго хадуб гьесда гIурччиналгин тIогьилал
Ролъалъул анкь-анкь тIорал тIаде раккун рихьана,
ТIогьилаб анкьабго тIор гIурччиназде руссана,
ГьебсагIаталъ киналго цадахъго ракъван ана.

РакI хIинкъун, вихха-хичун макьидаса ворчIана,
Макьил тагIбир гьабулел агьло данде ахIана,
Гьезда макьо бицана, къотIейилан абуна,
«Азгъасу ахIлам»[1], - илан киназго инкар ккуна.

Нахъияб сордоялъ хан, кьижун, тIаде вахъиндал,
ТIолго бихьун букIараб макьо кIочон батана,
Макьо жинца бицарал мугIаббируназулги[2]
РакIалдаса гьеб инчIев цониги чи ватичIо.

Туснахъалдаса къватIив ворчIарав гIолиласда
Юсуфил доб аманат кIочон хутIун букIана,
РакIалде гьебги бачIун, гьес ханасде рехсана,
Сижнуялъуб[3] жиндийго макьо къотIи бицана.

[1] ХIакъикъияб гореб макьу (щАйтIабазул макьу).*
[2] МугIаббирун – макьу къотIулел чагIи.*
[3] Сижну – туснахъ.*

Цинги ханас гIолилав сижнуялде витIана,
«Юсуфиде, кIочараб макьо гьикъе», – абуна.
Гьеб ракIалде щвезаби гьесдасан загьирлъани,
Вазирлъун вачинилан, щулияб рагIи кьуна.

ГIолилас Юсуфие мурад баян гьабидал,
Райянида бихьараб макьо кIочен бициндал,
Цо рагIи камичIого, кинабго мухIкан гьабун,
Гьадин бихьун букIанин ракIалде щвезабуна.

КIудияб рохалида гIолилав тIадвуссана,
Юсуфил тазкиратгун[1] ханасда аскIов щвана.
КIочон букIараб макьо ракIалде щвезабидал,
Райян гIажаиблъана Юсуфил гIилмоялда.

РекIине чуги кьолон, меседил тажги къачIан,
Юсуф тIаде ахIизе ханас къокъа битIана.
«Халкъалда дир вацIцIалъи бихьун хадуб горони,
Дун къватIив вахъинарин», – Юсуфий къабуллъичIо.

Сижну тIаса бищарав гьесул рацIцIалъиялда
Райянил вазирзаби тамашалъун хутIана.
Пашманго тIадруссунел гьездехун Юсуфица,
Гьадинаб калам гьабун, аманатги тIадкъана.

Нусаз койрал къотIарал нисватазул[2] хIакъикъат
Лъай – жиндир мурад букIин гьезда бичIчIизабуна.
«Гьеб ханасде гьикъе», - ян къокъаялде абуна,
Аманат къабул гьабун, гьелги рокъоре щвана.

[1] Тазкират – ракIалде щвезе гьабураб жо.*
[2] Ай, руччабазул.*

Гьанжи ханас киналго – Зулайхагун руччаби
РакIарун, данде гьарун, гьезие суал кьуна:
«Юсуфидехун ножор кинаб балай бугеб?» - ан,
Бицине гьелги тIамун, жавабалъухъ гIинбана.

Жедеда киданиги квешлъи Юсуфидасан
БихьичIилан руччабаз цокIалаб жаваб кьуна.
Цинги Зулайхацаги хIакъаб рагIи бицана,
ГIайибги тIаде босун, Юсуф витIухъ гьавуна.

قَالَ تعَالَى: ﴿ قَالَتِ ٱمۡرَأَتُ ٱلۡعَزِيزِ ٱلۡـَٰٔنَ حَصۡحَصَ ٱلۡحَقُّ أَنَا۠ رَٰوَدتُّهُۥ عَن نَّفۡسِهِۦ وَإِنَّهُۥ لَمِنَ
ٱلصَّٰدِقِينَ ٥١ ﴾ يوسف : ٥١

Зулайхагун руччабаз хIакъаб рагIи бициндал,
Халкъалда жаниб жиндир бараатги[1] лъугьиндал,
Гьанжи Юсуфун-сиддикъ, ханасе жаваб гьабун,
Гьевгун дандчIвай гьабизе разиго къачIадана.

Къварилъиялъ чурхъарал ракIал гIатIид гьарулев
Гьалмагъ ватIалъулелъул, масжунинал[2] гIодана.
ГIисинал лъималазе эмен гIадин вукIарав
Гьев гъорлъа камун хутIи киназего бакIлъана.

Берцинаб дугIа-алхIам гьезиеги гьабун тун,
Туснахъ-рокъоса Юсуф къватIиве лъугьунелъул,
КъолъикI гьабиялъе гьес гьеб рукъалъул нуцIида
«Гьаза къабрул ахIъяи»[3] – абураб калам хъвана.

[1] Бараат – вацIалъи.*
[2] Масжунинал – туснахъалда тIамун ругел.*
[3] «Гьаб буго чIагоял гIадамазул хоб».*

Вазирзаби церегун, цадахъ умараалгун
Райянил къасруялде[1] Юсуфун-сиддикъ щвана.
ГIараб мацIалъ салам кьун, гьесде тIаде лъугьана.
«Гьаб мацI щиб буго?» – абун, ханас суал гьабуна.

«Гьаб буго нежер имгIал – Ибрагьим-Халилил вас –
ИсмагIилил мацI», – абун, Юсуф данде кIалъана.
КIудияб хIурмат гьабун, аскIов гIодов чIезавун,
«Мун щивха кколев?» – абун, тIадвуссунги гьикъана.

«Дида цIар Юсуф буго, эмен дир – ЯгIкъуб вуго,
ЯгIкъубил эмен ИсхIакъ – Ибрагьимил вас вуго».
«Туснахъалъув лъица мун лъурав?» - илан гьикъана.
Зулайхаца лъунилан, кканщинабги бицана.

Цинги хадуб гьев ханас макьил тагIбир гьикъана,
Гьелъийги Юсуфица мухIканаб жаваб кьуна:
«Анкьго сон баркат бугеб хур-хералъул букIина,
Хадусеб анкьго соналъ щибго жо бижинаро».

Хадубги Юсуфие ханас суал гьабуна:
«Гьаб дир макьугин тагIбир дуда бицарав щив?» - ан.
Дида гьеб бицарав чи Жибрил малайк вугилан,
Жаваб кьун, Юсуфица гьеб суалги къотIана.

Юсуфил гьайбатлъиялъ, гьесул гIакълогин лъаялъ,
Лъайгин гIакъло бугезе бакIго хутIичIин ккана.
Берцин кьолеб жавабалъ, жавгьар гIадаб каламалъ,
Гьев сиддикъ[2] вукIиналда ханасул божи ккана.

[1] Каъсру – кIалгIа.*
[2] Сиддикъ – ритIухъав, божи бугев.*

Жинда бихьараб макьо Юсуфица къотIидал,
Ракъи ккезехъин букIин ханасе баянлъана.
«Гьелъий гъабулеб тадбир щибдай букIина?» – абун,
РакI рагъун, Райяница Юсуфида дандбана.

«Дуца анкьабго соналъ кIварабгIан хурги бекьун,
Кваназе къадарги тун, нахъе лъе,- ян манлъана. –
Ролъ, тIоралда жаниб тун, хьутIгун цадахъ цIуниги
Ресго гьечIеб бугилан», – тIаде гIакълоги кьуна.

«Рекьиялъул гъаб тадбир тIадкъайзе гIадинав чи
Щивдай вукIина?» – абун, цойги суал баккана.
Юсуфица ханасде: «Дун гъаве», - ян абуна.
Гьелда цIакъго разилъун, ханас къабул гъабуна.

قَالَ تَعَالَى: ﴿قَالَ ٱجۡعَلۡنِي عَلَىٰ خَزَآئِنِ ٱلۡأَرۡضِۖ إِنِّي حَفِيظٌ عَلِيمٞ ٥٥﴾

يوسف : ٥٥

КъитIфирги гIазло гъавун[1], гьесул бакIалда ханас
Халкъалъул тадбиралъе Юсуф тIаса вищана.
ТIолалго вазирзаби, гIавамалгун хавассал,
Юсуфие мутIигIлъун, игIтирафалда[2] чIана.

Туснахъги тIаса рехун, ханас вазирлъун тедал,
Юсуфил гIумруялъул лъеберго сон букIана,
Мисриялъул ракьалда гIадлу-низам гIуцIана,
ГIаламалда рагIараб ритIухълъи загьирлъана.

[1] Вазирлъиялдаса нахъе вахъун.*
[2] ИгIтираф – мукIурлъи.*

«КигIан лъил хIалкIваниги, кIварабгIан хур бекье», - ян
Халкъалде амро гъабун, гъира байзе гъабуна.
Гъваридал кIкIалабахъги, мугIрул-щобазда тIадги,
ТIанкIцин нахъе течIого, бегъулеб бакI бекьана.

БачIараб тIощел бихьун, щивасул хумус[1] босун,
Махазиназда[2] жаниб Юсуфица цIунана.
ЦIцIад-бакъ рекъарал соназ гьеб хIалалъ данде гьабун,
Агьрамал[3] цIураб тIощел хазинадае лъуна.

Хадуб цIцIадал къотIараб, бакъ бухIараб сон бачIун,
Мисриялъул ракьалда ракъи ккей байбихьана.
Бищун цебе халкъалъул ханасде ракъи щвана,
Вакъунин ахIделаго кьижун ккарав, ворчIана.

Кванил цIураб тIутI босун, тIаббах аскIов вачIана.
Ханас: «Дун вакъун вукIин кин лъараб?» - ан гьикъана.
«Гьеб дида Юсуфица бицанилан» – абуна.
Балъгояб гIилмоялда Райян гIажаиблъана.

ГIорцIизегIан кваниги, ракI бакъухъе букIунеб
Ракъул соналъул хасса ханасда даимлъана.
Юсуфица чехьалда койр бахъидал, хадубни,
Кинабго тIасаги ун, берцинаб хIал лъугьана.

Гьединго Мисриялъул кинабгоги агьали,
КигIан кванаданиги, гIорцIуларел лъугьана.
ГIорцIи гьечIеб ризкъигун ракъул балагьалдаса
БетIергьанас цIунаги МухIаммадияб уммат!

---

[1] Хумус – щуйил бутIа.*
[2] Махазин – ролъ цIунулел бакIал
[3] Агьрам – пирамидаби.*

Мисриялъул халкъалде ракъул балагь бачIиндал,
Ролълъул махазинаде къараб нуцIа рагьана.
Къварилъи тIаде щвараб соназул авалалда,
Меседгин гIарацалъухъ дармиде байбихьана.

Бечедавгин мискинав – кинавниги чиясул
Кинабго гIарац-месед Юсуфиде буссана,
Мисриялъул ракьалда койр бегьун щолеб бакIалълъ
КигIан гьитIинабниги гьелъул асар хутIичIо.

Хадусеб соналъ даран жавагьиразухъ гьабун,
«Жавгьар» - ан абулеб жо улкаялда хутIичIо.
Элда хадусеб соналъ халкъалъ гIи-боцIи кьуна,
ГIи-боцIул бетIергьанлъи Юсуфиде буссана.

Ункъабилеб соналъ ролъ, лагъзал ричун, босана,
Мисриялъул чиясда кодов лагъго хутIичIо.
Щуабилеб соналъги ракь-милкалъухъ босана,
Юсуфил корщаликье кинабгоги буссана.

Нисаал-авладал[1] кьун, анлъабилеб соналъги
Мисриялъул агьлоялъ ролъул даран гьабуна.
Руччабиги лъималги, гъоркь гIадан хутIичIого –
ТIолалгоги Юсуфил арикъаал[2] лъугьана.

Анкьабилеб соналъги ролъалъухъ Юсуфие
Мисриялъул бихьиназ жодор чурхдул ричана.
Руччабигун бихьинал, гIи-боцIи, ахал-хурзал –
Мисриялъул улка-ракь Юсуфил милк лъугьана.

[1] Руччаби – лъимал.*
[2] Арикъаал – лагъзал.*

Ракъул балагь рещтIараб анкьабго сон инегIан,
Юсуф, гIалайгьи ссалам, гIорцIизегIан кванайчIо.
ГIорцIарасда вакъарав кIочонин абулелъул,
Ракъарал кIоченалда хIинкъун, вакъухъе чIана.

Ракъул кьогIлъи чIамурав хан вукIин мурадалда,
Райянил тIаббахасде амрогицин гьабуна:
«Сордо-къоялда жаниб, щибаб къаде горони,
Щибниги кванайзе жо ханасе кьоге», - йилан.

Нафсалъ къабул гьабураб гIадло-низам букIиналъ,
Юсуфил амроялде инкар ханас гьабичIо.
Ханзабазул бербалай жиндир рагIийятазде,
Тажрибаталъ[1] кьучI тIамун, кколеб куцалъ манлъана.

Цинги Юсуфун-сиддикъ ханасдехун кIалъана,
«ЛъикI бихьанищ гьаб низам дуда?» - йилан абуна.
Дур раъюги[2] – раъюян, нижги – дуда нахъилан,
Нахъ рагIи сверичIого, ханас къабул гьабуна.

Гьеб мехалъ Юсуфица ханасдехун абуна:
Мисриялъул агьали, Аллагьасе гIололъун,
Мунги нугIлъиялъе лъун, дица гьел тархъанилан,
Гьезул боцIигун малги тIадбуссинабунилан.

ТIадегIанав Аллагьас ханлъи кьун тананиги,
ТархъичIев лагъасгIанги, боцIул тIалаб гьабичIо.
Бокьанщинал нигIматал кваназе рес щваниги,
Нафсалъул мурад гьабун, гьелдасан кеп босичIо.

[1] Тажрибат – хIалбихьи, (гьаниб: жинцаго мисал бихьизе гьаби.)*
[2] Раъю – гIакъло, пикру.*

Мисриялъул ханас жив гІазло гьавун хадуса,
Зулайхал бетІергьанчи гьеккого хун вукІана.
Гьев хун хадуй Зулайха, харабаталдеги[1] ун,
Дуниялги рехун тун, халваталда йикІана.

Херлъиги тІаде бачІун, беразул канлъиги ун,
Кодоб букІарабщинаб хазинаги батІалъун,
Зулайхаян абуни, гІадан божиларедухъ,
ГІажизаб гІумруялда гІезагІан сонал ана.

Юсуфил хабар рагІун, гьевгун дандчІвазе бокьун,
Гъоркьго букІараб рокьи херлъанагІан цІилъана.
Халваталда чІалгІана, сабро гьабизе кІойчІо,
Юсуф хьвадулеб нухда нуцІцІидал цо хъорщ бана.

Цо къоялъ Зулайхаца, жинца лагълъи гьабулеб
Хъанчалдехунги юссун, семун кІалъай гьабуна:
«Басралъи дуе щваяб, дур рахІму гьечІолъи щиб,
Дир херлъи-бецлъиялда гурхІулареб мун кинаб?»

Мун жакъаялдаса дий къварагІунго гьечІилан,
Гьелъие лагълъи гьаби гьеб къоялъ рехон тана.
Халикъасде иман лъун, зикруялде юссана,
Радалгин бакъанида вазифатлъунги[2] ккуна.

Юсуф аварагасул гІадат билълъун букІана
Зама-заманаялда, чода рекІун, хьвадулеб.
Чуялъул хІихІидиялъ тІоритІел гьабулаан
Гьелда Юсуф рекІуна вукІин баянлъиялде.

[1] Харабат – рехун тараб, чІунтараб бакІ.*
[2] Вазифат – тІаде босун гьабулеб иш, вирд.*

Гьеб чуялъул хIихIиди рагIарабго гIадамал
Данде ракIарулаан Юсуфихъ ралагьизе.
Зулайхаги, гьеб рагIун, хъорщниса къватIий ячIун,
КъватIнае ялагьидал, берчIвана Юсуфида.

БахIараб гIумруялъул вакъигIат ракIалде щун,
Къварилъизе бачIарай Зулайхаца ахIана:
«Жиндий мутIигIал лагъзал ханзабилъун гьарулев,
ГIассилъарал ханзаби лагъзаллъунги гьарулев!» –

Гьединаб сифат гьабун, Аллагь вацIад гьавулеб
Гьелъул берцинаб калам Юсуфида рагIана.
РекIелъе гьебги бортун, нигIматал ракIалде щун,
МунгIимасдаса нечон, чвахараб магIо тIуна.

**فلما مرّ بها يوسف نادت بأعلى صوتها : سبحان من جعل الملوك عبيدا بالمعصية وجعل العبيد ملوكا بالطاعة . «روح البيان» جـ ٤ ، صـ ٢٨٠**

ТIадвуссун, валагьана, гьелда цIакъ ракIбухIана,
«Гьелъул хIажат тIобай», - ян гъуламасде[1] абуна.
Гъуламас, хIажат цIехон, гьикъа-бакъи гьабуна,
Гьелъ, Юсуф горесдалъун, тIобаларин бицана.

Цинги Юсуф, тIадвуссун рокъове щун хадуса,
«Хералъул щиб ккараб?», - ан гъуламасде цIехана.
Гъолъ абураб бицана, матIлуб[2] баян гьабуна,
«Мун вихьи гореб, долъул мурад гьечIин», – абуна.

«Гьейги ячун, вачIа», - ян гъуламасда тIадкъана...
ТIаде щун, Зулайхаца Юсуфий салам кьуна.

[1] Гъулам – хъулухъчи.*
[2] МатIлуб – мурад.*

Салам буссине гьабун, гьелдехун гаргадана,
«Дур хIажат бице», – абун, берцин калам гьабуна.

«КигIан гьекко, я Юсуф, дуда дун кIочарай», - ян
КIодоца суал гьабун, Юсуф пикрабалъ ккана.
«Лъаларо мун дида», - ян гIажаиблъун хутIана.
Хадусанги «Мун щий», - ян щаклъухъего гьикъана.

Дун Зулайха йигилан, жийго загьир гьаюна,
Гьелдехун дагьаб хъачIго калам Юсуфил ккана.
Кинниги, гIузру бачун, гIиллаги баян гьабун,
Гьей тIадюссун кIалъайдал, Юсуфил ракIбухIана.

«БоцIи-малгин бечелъи, берцинлъигин камиллъи
Кибеха дур араб?» - ан Юсуфица гьикъана.
Сижнуялъуса вачун, гьеб ханлъи духъе кьурас
Нахъе босун анилан Зулайхаги кIалъана.

КIиабилебги нухалъ «ХIажат щиб?» - ан гьикъидал,
«Гьеб дуца тIобайлищ?» - ан рагIи кьезе гьабуна.
ТIобайзе гьабилилан Юсуфица рагIи кьун,
РахIманасде гьаризе лъабго мурад тIадкъана.

«ТIоцебесеб дир мурад – духъ гIемер гIодун араб
Дир гIуюназул[1] канлъи тIадбуссинаби буго.
ТIадеги, дир букIараб бахIараб гIумруги кьун,
ГIолохъанайлъун лъугьин – гьебги дир мурад буго».

Гьаб кIиябгоги мурад, Зулайхаца тIадкъараб,
Къадирасда цеве чIун, Юсуфица гьарана.

[1] ГIуюназул – беразул.*

Гьесул дугIа къабуллъун, Къадирас жаваб гьабун,
Беразде канлъи бачIун, камилаб черх лъугьана.

«Гьанжи дуца дун ячин – дир лъабабилеб мурад
Гьебги тIобайзабе», - ян Зулайхаца абуна.
Абизе жо лъайчIого, Юсуф гIодов къулана,
Къадирасул рахъалъан Жабраил тIаде щвана.

ТIоцобе, РахIманасул салам гьесде бицана,
Цинги «Зулайхал тIалаб тIобай,-илан абуна. –
ТIадегIанав Аллагьас дунялгин ухраялда
Дур лъади гьей гьаюнин, яче»,- ян лъайзабуна.

Мисриялъул хан ахIун, ашрафал[1] данде гьарун,
Гьезий гьоболлъиялда валимат[2] тIобитIана.
Зулайха ячиналъул рохел загьир гьабизе,
Зодосан Юсуфихъе малайкзаби рещтIана.

Берцинаб ретIел ретIун, курхьаби ххун, кIилкIал ран,
Юсуфил гъаравашаз Зулайха къачIан тана.
Байтул-халваталъуй гьей парахалъун хадуса,
Юсуфица, тIаде ун, тазкират[3] цIигьабуна;

«Доб цебе дидасан дуй бокьун букIаралдаса
Гьадинго лъикI гьечIищ?» - ан Зулайхада абуна.
«Айюгьа-ссиддикъ, дуца дида гIайиб чIваге», - ян,
ЧIухIичIого, бахIаралъ букIанщинаб бицана.

[1] Ашрафал – къадро-къимат бугел гIадамал.*
[2] Валимат – бертин.
[3] Тазкират – ракIалдещвей.

**فقالت : أيها الصديق فإني امرأة حسنآء ناعمة في الملك والدنيا وكان زوجي عنينا لا يصل إلى النساء وكنت كما جعلك الله في صورتك الحسنة فغلبتني نفسي . «روح البيان» جـ ٤ ، صـ ٢٨٢**

БахІарай гьаюлелъул гьелъул гІазизаб гІумру –
Ункъоялда анцІго сон букІарабилан буго.
КІиго вас гьезий цадахъ цо чІарада гьавуна,
Гьев кІиясдего цІарги – Афрайим, Манша лъуна.

Зулайха йокьиялъулъ Юсуф гІорхъолъа ана,
Эй гьечІеб бакІалълъ чІезе кІоларевлъун лъугьана.
Гьелъул рекІелъ букІараб жив вокьиялъул бухІи,
ТахІвил[1] гьабун, Аллагьас гьесул рекІелъ тІамуна.

Гьединго БетІергьанас Зулайхал мажазияб[2]
ГІищкъо, тахІвилги[3] гьабун, хІакъикъияб лъугьана,
Гьелъул Юсуфидехун букІараб рекІел рокьи,
РахІман горев, кІочараб хІалалдехун сверана.

ХІатта, Юсуфидаса цо къоялъ гьей тІурана,
Хадув вортун арав гьес гьелъул горде бихъана.
«Дица цебе бихъараб дур гордеялде данде
Гьабги бачун те», - йилан Зулайхаца абуна.

**وراودها يوسف يوما ففرت منه فتبعها وقدّ قميصها من دبر فقالت : فإن قددت قميصك من قبل فقددت قميصي الآن فهذا بذاك . «روح البيان» جـ ٤ ، صـ ٢٨٢**

[1] Ай, Юсуфил рекІелъе тІамуна.
[2] Мажазияб – хІакъикъияб гореб.*
[3] ТахІвил – сверизе гьаби.*

Юсуф аварагасул никахI-магьариялда
КIикъого соналъ гIумру Зулайхаца гьабуна.
Цо ясги кIиго васги – наслабиги нахъе тун,
Накълолъана Зулайха дарул-ахираталде.

Хадусан Юсуфица тIокIаб хъизан гьабичIо,
Гьелда хадуб ракIбухIун, хIузнуялда[1] хутIана.
ХерлъизегIан ханасул тахида гIодов чIана,
Нусиялда къого сон гIумру бан, накълолъана.

ТIоцобе дунялалда гьандасаталъул[2] гIилмо,
Юсуфица байбихьун, загьирлъанилан буго.
БаличIого тIоралъулъ[3] ролъул хазина гьаби –
Гьебги, гьес манлъизегIан, лъалебго букIун гьечIо.

Нил гIоралъул лъин борцун, гьелъул къадар лъайзабун,
Фаюмалде[4] бачине канал гьес бахъун буго.
Каналалъул аххада лълъел гьабалги ран руго,
Лъабкъоялда анцIго къо ралагун тIад хун буго.

Райян вазирзабигун гьел рихьизе ун вуго,
Гьабураб хIалтIи бихьун, гIажаиблъун ккун руго.
Азарго къо замана, гIадаталда борцани,
Гьаб хIалтIуй къварагIинин къокъаялъ абун буго.

«Алфа явмин»[5] абураб рагIиялдасан бачIун,
«Фаюм» - ин абураб цIар гьеб бакIалде тун буго.

[1] ХIузну – пащманлъи.*
[2] Гьандасат – нженерлъиялъул.
[3] Ай, лал тIамичIого, тIоргун цадахъ.
[4] Ай, гIалахалде лъураб цIар.
[5] Алфа явмин – азарго къо.

Гьениб цІакъго берцинаб, кІудаб шагьар бан буго,
Гьеб баян Юсуфихъе вахІю щун букІун буго.

**كان انتهاء العمل منها في سبعين يوما فتعجب الملك من ذلك وركب هو ووزراؤه ورأوا ما صنعه يوسف فتعجبوا من ذلك وقالوا : هذه الطواحين كانت تعمل في ألف يوم . فسميت من ذلك اليوم الفيوم . «بدآئع الزهور»**

БетІергьанас тІоцове тагІбиру-рруъяялъе[1]
ГІилмо жиндий кьуравги Юсуф авараг вуго.
Рехсон арал пишаби Юсуфида хасс гьари
Кисаияс бицараб риваяталда буго.

Дунялалъул ханлъи кьун, халкъалъулъ къадро цІунун,
Къадирас жиндий кьурал нигІматал камиллъидал,
Даимал, абадиял гьел рукІунгутІиги лъан,
ТІаса унареб Алжан Юсуфие бокьана.

Бокьун анбияазул цонигияс гьаричІеб,
БачІун тІаде щвезегІан анищ-хьулги гьабичІеб,
Инсан жиндаса тІури Къуръаналъги рехсараб
Хвел тІалаб гьабун, Юсуф Аллагьасде гьардана.

Гьелда хадуб гІумрудул къоял дагьлъарал лъайдал,
Бану-исраилазул[2] жамагІат бакІарана,
Жиндие ажал щвейи гьезий баян гьабуна,
БетІергьанасул амро рещтІун букІин бицана.

Цинги Юсуфидехун къавмалъ хитІаб гьабуна,
Гьев холев вукІин лъайдал, ургъел бикьун, кІалъана:

[1] ТагІбиру-руъя – макьу къотІи.*
[2] Ай, жугьутІ миллат.

«Мунги гьоркьоса индал, бану-исраилазул
Агъаз-тIалаб гьабулев чи щив?-илан гьикъана. –

Нелъер миллат, дин, дунял – данде бачун цIунизе,
Дуца тIадкъарав вакил вихьизаве», – абуна.
Бану исраилазул ункъого чи вукIана,
Амирлъун Юсуфица Ягъуза[1] гьезий тана.

«Аллагь» - ан дагIба балев къосарав цо капурчи
КъибтIиязда гьоркьосан загьирлъилин абуна,
Гьес, руччаби нахъе тун, лъимал хъун, зулму гьабун,
Бану-исраилазда хIал гьабилин бицана.

«Цинги ножода гъорлъан цойги гIадан вахъина,
ГIимранил вас Муса-ян цIарги гьесде букIина,
Гьесдалъун нуж цIунила къудраталъул Аллагьас
Къосарав дов ханасул хIалгин зулмуялдаса».

Зулмуяв хан вачIине, хадув тIаса инеги,
Муса гьавураб заман гьезий баянлъизеги,
Лъугьинесеб гIаламат гьеб жиндирго къавмалъе
Юсуфица бицун тей «ГIараисалда» буго:

ГIумруялъул щунусго сон дунялалда бараб,
Юсуфил букIанила цо хьихьараб хIелеко.
ХIелеко гIигIидулеб бугебгIан заманалда,
Нуж ножорго диналда рукIинин абунила.

РахIмо гьечIев дов малгIун дунялалде вачIиндал,
ХIелеко, гIигIиди тун, сас къотIун чIелебила.

[1] Жиндирго вац (цо рагIиялда рекъон).

Гьесул вилаяталда корщел бугебгIан мехалъ,
Бану-исраилазул динги хараблъилила.

Хадусанги хIелкица гIигIиди байбихьидал,
ГIимрание вас гьави, гьелъ ножой якъинлъила,
Къосарав дов ФиргIавнил зулмуги тIаса ина,
Муса аварагасул амроги билълъанхъила.

Бану-исраилазул тIоцовисев авараг –
Юсуфил бацIцIадаб рухI ГIизраилас босана,
Мусал рохел гъорлъ бугеб хабарги гьезий бицун,
Халикъасде гIащикълъун, ана ахираталде.

Гьев хойдал, гIадамазул гIемер хабар бижана,
Хоб бухъулеб бакIалда тIасан рагIи бицана.
Баракат тIалаб гьабун, тIолазего бокьана
Жеде-жедер бакIалда жаназа гьесул лъезе.

Жегиги цо-цояца рагъизе къасд гьабуна,
Гьоркьоб маслахIат гьабун, саброялде рачIана.
Мисриялъул халкъалъе баркат гIаммаб букIине,
Нил гIоралда жанив гьев вукъизе хIукму ккана.

Мармар ганчIил гьабураб гъалмас, жанив гьевги лъун,
Нил гIоралъул рагIалда лъеда жаниб беччана.
Гьеб рахъалда – хур бижун, доб рахъ – бакъвахъе хутIун,
КъотIун букIараб дагIба гьанжиги байбихьана.

Гьениса восун, Юсуф доб рагIалдегIан лъуна –
Доба хур-хер бижана, гьаб рахъ бакъван хутIана.
Хварав гьесул къаркъала кибехун босаниги,
Баркат гьелда хадуб ин халкъалъе загьирлъана.

Нил гIор кIиййиде бикьун, бакьулъ Юсуф вукъана,
КIиябгоги рахъалда баракатги гIаммлъана.
ЛъикIав чиясул баркат камун хутIулеб гьечIо
ЧIагоги, хун хадубги, халгьабе, бусурбаби!

**وذلك أنه لما مات تشاح الناس عليه كل يحب أن يدفن في محلتهم لما يرجونه من بركته حتى هاموا بالقتال فرأوا أن يدفن في النيل حيث تتفرق المياه بمصر... الخ . « « عرآئس » » صـ ١٢٢**

Гьанжи бугеб къавмалъул мекъса пикру бихьулищ,
Баркат тIалаб гьабизе гьезий бегьулареб куц.
БетIергьанас халкъалъе рахIматлъун жив витIарав
ТIагьаясул Равзацин аз ричIад гьабулеб куц.

Кавну жиндие гIоло бижарав ХIабибасул
Фазаилал[1] рехсейцин азие гIадлъулеб куц.
Аллагьас гьесий кьурал мугIжизатал цIализе
Мажлис данде гьабиги гьезий бокьулареб куц.

Гьаругеги РахIманас, рахIматалъул Авараг
Вокьун, гIуцIулеб мажлис рихараб къавмалдаса!
Кьогеги БетIергьанас Расуласул шафагIат,
Щоларин абулезул мекъса ккараб гIакъидат!

[1] Фазаилал – хиралъаби.*

# - ФАСЛО -

## ЮСУФИХЪЕ, ТІОЩЕЛ ТІАЛАБ ГЬАБУН, ЖИНДИРГО ВАЦАЛ РАЧІИНАЛЪУЛ КЪОКЪАБ БАЯН

Мисриялъул ракьалда ракъи ккарал санабаз
Сверухъ ругелщиналги гьелда гъорлъа рахъичIо;
Шамалъул улкабиги, КангIаналъул ракьалги –
Кутакаб ракъдаллъи ккун, ракъи гьенибги щвана.

КангIаналда вукIарав ЯгIкъуб аварагасул
Мисриялдехун васал ритIизе хивал ккана,
«Ханасде тIадеги ун, нелъерго хIалги бицун,
ТIощел босун рачIа», - ян манлъа-хъваял гьаруна.

Найил гьоцIогун зайтун, цогидал базаигIал[1],
Рича-хисун, дармие къачIан, хIадур гьаруна.
Гьебги босун сапаралъ Мисриялде рахъана,
Юсуф вугеб хъаладухъ гьалбаллъун жал рещтIана.

Гьел гIибранияб мацIалъ гаргадизе лъугьана,
«Нуж щал чагIи кколел?» - ян Юсуфица гьикъана.
«Ниж руго Шамалдаса, Аллагьасул авараг –
ЯгIкъубил лъимал» – абун, жаваб гьезги гьабуна.

«Ножор чан вац вугев?», - ян Юсуфица цIехана.
АнцIила кIиго вуго, цо тIагIанин абуна. –
ТIагIарасул цояв вац инсуда аскIовги тун,
АнцIгоял – ниж гьанире щун ругилан бицана.

[1] Ай, батIи-батIияб къайи.

Вацаз Юсуф гъуйинив рехараб къоялдаса
КIикъого сон – замана гьоркьоб унги букIиндал,
Гьезда Юсуф къосана, Юсуфида гьел лъана,
ЛъайчIеллъун ххвелги гьабун, гьездаса балъго тана.

«Гьеб ножоца бицунеб хабар уяб батани,
Эменгун тарав дов вац дихъе ваче, – абуна. –
Инсуца нугIлъи гьабун, гьал лъимал дир ругилан,
Дос койралъ хъвараб кагъат босе», - янги тIадкъана.

ЯгIкъубил лъималазда кутакаб ургъел ккана,
Инсуе дов ватIалъи захIмалъулин абуна.
«Рагьноялъе[1] ножорго цояв гъоркь тун горони,
Гъиллат[2] кьезе гьечIилан», – Юсуф гьезда кIалъана.

Гьезул цохIонигияс рагьно къабул гьабичIо,
Гьоркьосаго можоро тIамизе хIукму ккана.
Къарав ханасухъ тезе шартIиги мухIкан гьабуна,
ШамгIунил можоро къун, рагьноялъе гьев тана.

Гьел разияб хIалалда тIощалил гьиралги цIун,
Гьелъухъ ккараб багьаги балъго тIадбуссинабун,
Гьалбадерие тIадаб хидмат-хъулухъги гьабун,
Берцинго Юсуфица вацал нухда регIана.

Рокъоре щведал вацал инсуде тIаде ана,
Мисриялъул ханас жал кIодо гьари бицана,
Гьесул бакIалда дур вас ханлъун вукIаравани,
ТIокIаб хъулухъ гьабизе рес букIинчIин абуна.

[1] Рагьно – гъоркьлъелалъе.
[2] Ай, тIорщел.

«ШамгIун кив арав?» – абун, ЯгIкъубица гьикъана.
Гьев гъоркьлъалий танилан лъималаз жаваб кьуна.
Жедерго ккарабщинаб къисаги баян гьабун,
Бунямин цадахъ витIи тIалаб гьабун, гьардана.

Гьезда ЯгIкъуб божичIо, гьари къабул гьабичIо.
Бунямин вачинчIого рес гьечIин вацал чIана.
Цебеккун Юсуфийги гьабураб бихьанилан,
БадибчIвай хIисабалда, эмен гьезде кIалъана.

Лъимал тIаса ричIичIо, чIечIого зигардана,
«Нежеца бицанщинаб битIараб бугин», – чIана.
«Бунямин дида аскIов тIадвуссине гьавизе,
Гьедун, рагIи кье», - йилан инсуцаги абуна.

Абухъе, гьедун, васаз инсуе рагIи кьуна.
«Аллагь – нелъер нугI», - илан эменги разилъана.
АнцIго цадахъ ритIарал аварагасул лъимал
Мисриялде сапаралъ рахъине къачIадана.

Рихьани, бер ккеялда хIинкъараб куц букIана,
Цуцадаса гьайбатаб гьезул сифат халгьабун.
Гьелъий гIоло инсуца, «Мисриялде жанире
Цадахъ цо гъапудухъан лъугьунге», - ян манлъана.

Мисри шагьаралъубе ункъо гъапу букIана,
Инсуца манлъухъе гьел, ункърикьун, жанир ана.
Амро тIобан, тIадруссун, гьале, ниж рачIанилан,
Юсуфида тIаде ун, анцIавго цеве чIана.

Вацалгун данделъидал, балъгояб рохел гьабун,
«ЛъикI рачIарал нуж», – абун адаб-хIурмат гьабуна.

Инсул саламги бицун, берцинго гаргадана,
Дуй лъикIаб дугIаялда таниланги бицана.

Цинги, гьоболлъи гьабун, гьезие койн къачIана,
КIи-кIи вац батIа-батIа гIодор чIезе гьаруна.
Гьалмагъ цадахъ гьечIого, живго цохIо хутIидал,
Вац – Юсуф ракIалде щун, Бунямин къварилъана.

Къваридго гьоболги тун, гьадин бегьиларилан
Буняминида аскIов Юсуф гIодов вукIана.
Сордо щведал босаби гьебго хIалалъ тIамуна,
Бунямин Юсуфица жиндаго аскIов тана.

Эбел цадахъав вацгун сухIбат гьабизе щведал,
Гьесул махI сунтIун, Юсуф гIорцIулевго вукIинчIо.
КIиясго цо босада сордо рогьун хадуса,
Юсуфица вацасда: «Дур цIар щиб?» - ан гьикъана.

ЦIар бицун хадусала лъимал-хъизан цIехана,
«АнцIго вас вуго», – абун, цIар-цIарккун, гьел рикIкIана.
Гьанжиги «Дов тIагIарав дур вацлъун дун вугони,
Дуй бокьизе гьечIищ?» - ан Юсуфица абуна.

«Мун гIадав вацни дие кисаха щозе вугев,
Кинниги, мун ЯгIкъубий гьавун гьечIелъул», – абун,
Угьараб хIухьел беччан, пашманлъи загьир гьабун,
Бунyаминица жаваб Юсуфие гьабуна.

Гьеб мехалъ Юсуфица сирру[1] загьир гьабуна,
«Дун дур вац вуго», – абун, вацасда тIад хурхана.

[1] Сирру – бальголъи.*

Цебе букIарабщинаб ракIалде щун кIиявго,
Рохалил магIо чваххун, цуцада къунчарана.

Цинги Бунyаминие тафрикъат[1] къабуллъичIо,
Рокъовего инчIого, аскIув чIелин лъугьана.
Эмен, мунги ватIалъун, цIакъго пашманлъилилан,
Пашманаб хIалалъ Юсуф Бунямингун кIалъана.

Мун гьанив ккойзе ккани, дуда тIад гIайиб чIолеб
ГIилла букIине кколин, Юсуфица абуна.
«Бокьухъе гьабе», - йилан гьелда вац разилъана,
Балъго гьасул гьириниб сахI лъезе хIукму ккана.

ЛъикIаб хIалалъ гьирал цIун, гьел разияб тIощел кьун,
ТIадруссун рокъор ине вацал къватIир рахъана.
Цинги, ахIи-хIур гьабун, хIажиб[2] хадув вортана,
Ханасул сахI гьечIилан гьезде гIайиб рехана.

«ГIадамасе гьабичIеб гьоболлъи гьабуралъухъ
Гьабищ ножор яхI?» – абун, бадирчIваял гьаруна,
Нуж горез сахI бикъизе гIамал-чара гьечIилан,
Гьезда тIад цIогь чIезабун, хIажиб цIакъ гаргадана.

«Ниж цIогьаллъун гьечIилан», – гьалбал рихха-хичана,
РацIцIадал рукIиналъе далаилал рачана.
РачIинаго нухасан, хур-хералдаса цIунун,
Варанабазул кIалдир гьез турпи ххун рукIана.

«Бунямин вачинеян тIадкъан, рокъор щведалги
ТIощалил гьиразда гъорлъ гьелъул ужра батидал,

[1] Ай, Юсуфидаса ватIалъизе бокьичIо.
[2] Ай, хъаравул.

Гьебги тIадбуссинабун, ханасухъе бачIунел
Ниж цIогьал рукIунищ?» - ан вацазда квеш букIана.

«Бикъараблъун батани, нуж цIогьалги лъугьани,
Гьелъий букIунеб жаза щиб?» - илан суал лъуна.
«Щивасул гьирги чIинхъун, сахI жаниб батарав чи,
Туснахъ гьавун, ханасухъ цо соналъ те», – абуна.

ЯгIкъуб аварагасул шаргIалъ гьеб къотIулаан,
Жо бикъарав такъсирчи соналъ лагълъун кколаан.
Инсул шаргI цIогьорасе гьабизе хIукмуялда
Киназулго къай чIинхъун, Буняминил хутIана.

Хан, «Гьав васасул къайи чIинхъичIони щиб?»-илан,
Божун толеб кинигин, макроялда кIалъана.
РацIцIалъи камиллъизе, щаклъиги тIаса ине,
ТIолго хъирщун лъикIилан, вацаз къабул гьабичIо.

Гьеб мехалъ Буняминил къайи тафтищ[1] гьабуна,
Гьелда жаниб батун сахI, бахъун, бихьизабуна.
Буняминихъ ралагьун, бутIрул гIодоре далун,
ГIемер нечеялъ вацал, чара бухIун хутIана;

РахIилил лъимал нежей балагьалъе кканилан,
Буняминиде руссун, бадирчIваял гьаруна.
РахIилил лъималазе нуж балагьлъун ккanилан,
Бунямингi гьездехун дагьав ворхун кIалъана.

«Гьас бикъараб кинигин, цебе гьасул вацасги
Бикъун букIараб», - илан вацаз такрар гьабуна.

[1] Хъирщана.

Гьездехун Юсуфица щибго калам гьабичIо,
Кинабго балъгоги тун, лъаларев гIадин чIана.

ГIуламаазул цояз бицунелъул халгьабун,
ГьитIинго Юсуфица, цо гьардухъан вачIиндал,
УнкъгIалалъул рокъоса гьесий кьезе цо хоно
Босун букIарабилан буго «БадаигIалда».

Яги РахIилил эмен, ай Юсуфил кIудада, –
Гьесул букIарабила меседил гьабураб хъанч.
Гьеб, босун, Юсуфица, бакьулъа кIиги бекун,
Басра гьабун, къотIнобе рехун букIарабила.

Амма, «ГIараисалда» Юсуф, эбел хун хадув,
УнкъгIалалъ аскIов вачун, хьихьун вукIанин буго.
Вас вихьичIого чIезе ЯгIкъубие захIмалъун,
РахIматиде: «ТIадвуссун кье», - йилан абун буго.

Элъиеги цIакъго цIакъ Юсуф вокьулев вукIун,
КьечIого хутIиялъе багьана ургъун буго.
Бегьулеблъун батани дагьал къояз тейилан,
ЯгIкъубги рази гьавун, дагьал къояз ккун вуго.

Инсуца изно кьурал къоял тIаса рорчIидал,
ТIадвуссине гьавизе гьелъ Юсуф къачIан вуго.
Гьесул рачлида гъоркьан ирсалъул рачелги къан,
Рачел тIагIун бугилан балайзе лъугьун йиго.

Гьесда къан батун буго, бикъараблъун чIун буго,
УнкъгIалалъул хIиллаялъ хIукмуялде ккун буго.
ШаргIалъ гьабулеб хIукму – жо бикъарав такъсирчи
БоцIул бетIергьанасухъ лагълъун тей букIун буго.

Лъабго моцIалъги Юсуф яцалъухъа вачине,
Чара гьечIеб бакIалде ЯгIкъубил иш ккун буго.
Гьасго гIадин, вацасги бикъун букIарабилан
Вацаз рогьо байиги гьаб сабалъун ккун буго.

Юсуфида ункъгIалалъ балъго къараб доб рачел,
Ибрагьим аварагас нахъе тун букIун буго.
Наслабазул кIудияс ирсалъе гьеб босулеб,
Гьезул шаригIаталъул хIукмуги букIун буго.

ИсхIакъил наслабазул бищун кIудияй йикIун,
ЯгIкъубица гьеб рачел РахIматихъе кьун буго.
РахIматица, жиндихъго Юсуф хутIизе бокьун,
Балъгого гьесда борчун рачелги букIун буго.

Буняминил гьириниб батараб ханасул сахI,
Юсуфица жиндихъе босеян абун буго.
Босун кодобе кьедал, кодоб букIараб къазиб[1],
Къолода гIадин, кIутIун, гьелъухъ гIенеккун вуго.

Гьалъ бицунеб бугилан, вацаздехунги вуссун,
Цебеккун лъугьанщинаб гьезие бицун буго:
«Нуж киналго – анцIила кIиго вац рукIун руго,
Цояв, гIалхуде вачун, учузго вичун вуго».

Гьеб рагIидал Бунямин, кIутIун тIадеги вахъун,
Ханасе лъикIаб дугIа гьабизе вуссун вуго,
«Юсуф чIаго вугищан сахIалде гьикъе», - йилан,
ДугIа гьабун хадуса, ханасде гьарун буго.

[1] Ай, хьоп, гIучI.

Гьанжиги, добго къазиб сахIалдаги кIутI-кIутIун,
Юсуф чIаго вугилан ханас жаваб кьун буго.
Жиги хадуб лъалилан, рагIиги бабайзабун,
«Бунямингги анив тун, а», - ян буюрун буго.

«Бунямингги гьанив тун, инсуде тIаде ине
Рес нежее гьечIилан, вацаз цIакъ гьарун буго. –
Гьесул бакIалда нежер бокьарав гьанивги тун,
Гьев рокъов веччанте», - ян шикаят[1] гьабун буго.

Гьари къабул гьабизе ханас къасд гьабун гьечIо,
СахI жиндихъ батичIев чи ккойзе бегьуларилан.
Гьезул бищун гIакъилав – ШамгIун тIадеги вахъун,
ТIолго вацаздехун гьес гьаб калам гьабун буго:

«Нуж тIадрусса инсухъе, гьесде ккарабги бице,
Бунямин, хиянатлъун, ханас ккунинги абе.
Бицаралда щаклъани, божи камиллъичIони,
КангIаналъул вафдалда[2] гьикъейиланги абе».

Гьаб гIакъло гьезийги кьун, ШамгIунил хIукму ккана,
Шамалдего инчIого, вацасда аскIов чIезе,
«Инсул изну гьечIого, Мисриялдаса къватIив
Дун лъугьине гьечIилан», – таъкид гьабун[3], кIалъана.

Бунямин цIунизеян Аллагьасул цIаралда
Гьабун букIараб къотIи тIобайзе рес ккечIелъул,
РагIи хун, къотIи биххун, инсуде тIаде ине
Намус-яхIалъул рахъалъ ШамгIунил гьунар гIечIо.

[1] Шикаят – гIарза, зигарди.*
[2] Ай, алго гIадал дармиде рачIаразул къокъа.
[3] КъвакIизабун, мухIкан гьабун.*

ИчIавго вац, тIадвуссун, инсуда аскIор щвана,
Пашманаб хабар бицун, кIалъайзе байбихьана.
Ханасул сахIги бикъун, такъсиралъеги хIакълъун,
Бунямин гъоркь ккоялъул кканщинабги бицана.

Цинги, Юсуфихъ гIодун, магIу тIагIарав ЯгIкъуб
ТIадеги Буняминил ургъелалъ сверун ккуна.
Юсуфие гъабураб гъабун батилин абун,
Гьез бицараб рагIуда гIамал гьабизе кIойчIо.

Бераздаса канлъи ун, керен Юсуфихъ бухIун,
Бихьанщиналде тIаде гьаб къварилъи бачIиндал,
Кинабго хIукму-къадар Къадирасул бугилан,
«Фа сабрун жамил», – абун, жиндийго сабру кьуна.

Гьеб пашманаб хIалалда михIрабалъув вукIаго,
ВачIараб бакI лъайчIого цо гIадан аскIов чIана.
«Изну тIалаб гьечIого, къараб баб[1] рагьичIого,
ВачIарав мун щив?» – абун, ЯгIкъубица гьикъана.

Аллагьасул рахъалъан саламгун духъе щварав
Дун – ГIизраил вугилан, живго загьир гьавуна. –
Зиярат гьаби гореб, тIокIаб мурад гьечIилан,
Макъсудги баян гьабун, ЯгIкъуб рази гьавуна.

Гьеб мехалъ ЯгIкъубица ГIизраил малайкасде
Юсуфил хIакъалдасан гьикъа-бакъи гьабуна,
«Гьесул хвел-рахъиналъул хIакъикъат бице», - йилан
Малакул-Мавтасдасан гIилму тIалаб гьабуна.

[1] Баб – нуцIа.*

ГIизраил-малаикас ЯгIкъуб воххизавуна,
Рохел дуда баркизе щун вугилан бицана. –
Щивниги инсанасе кьечIеб гIадаб ханлъуда –
Дур Юсуф чIаго вугин, ургъел теян абуна.

Ургъел тIаса босизе заман гIагарлъун бугин,
ГIизраилас бициндал, ЯгIкъубил ракI лъикIлъана.
РакIбухIун, берал гIодун, гIодоб чIвараб къаркъала
ГIолохъанаб жан бачIун, чIагояблъун лъугьана;

ЧIаго Юсуф ватидал, вихьиялда божи лъун,
Мисриялъул ханасде битIизе кагъат хъвана.
ТIоцобе умумузул асло баян гьабуна,
Гьезде тIаде рачIарал балагьазул рехсана;

БетIергьанас ибтилаъ[1] гьабураб агьлоялъул
Вас – дун ЯгIкъуб вугилан, жиндирго къиса хъвана. –
Юсуфилан цIар бугев, бищун дий хирияв вас, –
Гьевги тIагIун рухIалилъ дунги кканин, бицана.

Цинги, – нежер агьлого цIогьаллъун ратичIилан,
ЩIогь бан Бунямин ккойи битIун гьечIин, абуна. –
Гьев тIадвуссун рокъове дуца витIичIонани,
Дица квешаб дугIа дуй гьабилин, хIинкъи кьуна.

Гьеб кагъат кодобе кьун, лъимал нухда регIана,
Лъабабилеб нухалъги Мисриялде къокъана.
Мисриялъул ханасухъ инсул рисалатги[2] кьун,
Васал, жаваб халгьабун, интизаралда чIана.

[1] Ибтилаъ – балагьал тIаде реччан жедер хIалбихьи.*
[2] Рисалат – кагъат.*

Гьеб кагъат кодоб босун, Юсуф рокъове ана,
Убач гьелдаги гьабун, хIалхьезегIан гIодана.
Ножор кIудияв инсул рисалат гьаб бугилан,
ЦIалун хадуб, бихьизе лъималазухъе кьуна.

Цинги, жиндир тахида гIодов чIун, Юсуфица,
Вацал тIадеги ахIун, хIеренаб мацI бицана,
«Ножор гьав вацасда дун тIаса лъугьанин, – абун,
ТIадруссине изно кьун, – суал бугищ?» – абуна.

Гьез жедерго ресукълъи Юсуфие бицана,
Бегьараб комек гьаби мурад бугин абуна,
«Авфи лана-ль-кайла ва тасаддакъ гIалайна[1]» - ян,
Мисриялъул ханасде тIощел-ризкъи гьарана.

Гьеб мехалъ Юсуфица, бетIералда букIараб
Тажги бахъун, гьезие гьадинаб суал кьуна:
«Нужеда лъалеб бугищ нуж жагьилаб гIужалда
Ножоца вацасдаса Юсуф ватIа гьавурав?»

Гьаб каламалъ вацазул щаклъи бижизабуна,
«Мун Юсуфцин горищ?» - ан гьикъизеги тIамуна.
Гьес, дун Юсуф вугилан жаваб гьезийги гьабун,
Гьавги дир вац вугилан, Бунямин аскIов цIана. –

Ножоца макро гьабун, ратIалъизаруниги,
Аллагьасул гурхIелалъ ниж данде гьарунилан, –
Гьезие Юсуфица саброгин такъваялъул[2]
МухIсининазе[3] ажро холарилан бицана.

[1] Ай комек гьарана.
[2] Такъва – Аллагьасдаса хIинкъи.*
[3] МухIсинин – лъикIлъи гьабулеб агьло.*

Хваралъул бакIалде ккун, Юсуфидаса нечон,
Нежедаса Аллагьас мун хира гьавунилан,
ХатIаялъе мукIурлъун, гIайибги тIаде босун,
Юсуфидасан вацаз гIафву[1] тIалаб гьабуна.

Умумузул рахъалъан ирсалъе бачIун щвараб,
Юсуфил бетIералда цо гIаламат букIана.
Саратилгун ИсхIакъил, ЯгIкъубил бетIералда
Гьеб гIаламат букIанин буго «ГIараисалда».

БотIродаса таж бахъун, гIаламат бихьун хадуб,
Хан жедерго вац вукIин – гьелъги мухIканлъун буго.
Гьелде тIадеги, ханас гьитIинго лъугьанщинаб
Рехседалги, вацазул щаклъиго тIагIун буго.

«Дун тIагIун хадув инсул хIал-хIукму щиб буго?», - ян,
Юсуфица вацазде гьикъа-бакъи гьабуна.
«Беразул канлъиги ун, къаркъалаги загIиплъун,
ГIажизго вуго», – абун, жаваб гьезги гьабуна.

Гьеб мехалъ Юсуфица вацаздехун абуна:
«Инсул вилаяталде тIадруссун нуж а, - йилан. –
Эменги цадахъ вачун, нахъияб гIагарлъигун,
Нахъруссун анирfalsеги рачIа», - йилан манлъана.

Гьез гъуйинив рехидал Жабраил малаикас
Жинда ретIун букIараб Алжаналъуса горде –
Инсул берazде канлъи гьалъ бачIине бугилан,
Гьебги хIадур гьабуна, вацазухъ кьун, битIизе.

[1] ГIавфу – тIаса лъугьин.*

Ягьузаян абулев, бищун кIудияв вацас:
Бидул цIураб гордегин аравги дун вукIиндал,
Эмен вохизавизе, гьаб босунги гьесухъе
Гьанжиги дун инилан, горде тIалаб гьабуна.

ТIалаб гьабун гьаридал, гьесухъе горде кьуна,
Гьебги босун, инсухъе ине сапар бухьана.
Мисриялъул ракьги тун, вацал къватIир лъугьиндал,
ЯгIкъуб аварагасде Юсуфил махI бачIана.

ХIатIида хьит гьечIого, ботIрода жо лъечIого,
Лъелго къокъун, Ягьуза, къапилаги тун, ана.
Ункъого фарсахалъул манзилги анкьиде тун,
Инсул гьормаде тIаде гьеб горде гьес рехана.

ГьебсагIаталъ ЯгIкъубил, ун замана бахъараб,
Берзул канлъи тIадбуссун, бихьулевлъун лъугьана.
БахIарлъи тIаде бачIун, зугIфу-херлъи тIаса ун,
Ургъел-пашманлъи борхун, рохелалъ сверун ккуна.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَلَمَّا فَصَلَتِ ٱلْعِيرُ قَالَ أَبُوهُمْ إِنِّى لَأَجِدُ رِيحَ يُوسُفَ ۖ
لَوْلَآ أَن تُفَنِّدُونِ ﴿٩٤﴾ قَالُوا۟ تَٱللَّهِ إِنَّكَ لَفِى ضَلَـٰلِكَ ٱلْقَدِيمِ ﴿٩٥﴾ فَلَمَّآ أَن جَآءَ
ٱلْبَشِيرُ أَلْقَىٰهُ عَلَىٰ وَجْهِهِۦ فَٱرْتَدَّ بَصِيرًا ۖ قَالَ أَلَمْ أَقُل لَّكُمْ إِنِّىٓ أَعْلَمُ مِنَ ٱللَّهِ مَا
لَا تَعْلَمُونَ ﴿٩٦﴾ ﴾ يوسف : ٩٤ – ٩٦

Юсуфил хабар босун, Ягьуза тIаде щведал,
ТIоцобе ЯгIкъубица васасул хIал цIехана.
Гьесул ханлъи-кIодолъи, халкъалъулъ адаб-хIурмат
Инсанасе кьечIебгIан кьун бугилан бицана.

Цингиги ЯгІкъубица «Гьесул ханлъи дие щай?
Щиб диналда гьев вугев бице», - йилан гьикъана.
«Исламияб диналда вуго гьев», - ан абидал,
«Гьедин батани, нигІмат камиллъанин», – абуна.

Лъималаз инсудасан гІафву тІалаб гьабуна,
ГІафуввун Каримасде гьареян хІелхІедана.
«Савфа астагъфиру»[1], - ян жаваб гьезийги гьабун,
Живгоги тІаса лъугьун, лъимал рохизаруна.

Рузман сордо бачІиндал, радакье тІаде вахъун,
БетІергьанасда цеве Исраил[2] эхетана,
Тавбо къабул гьабулеб, гьарараб нахъчІвалареб,
Гьеб хирияб гІужалда «ГІафву![3]»-йилан ахІана.

МухІаррам моцІалдаса анцІабилеб – ГІашураъ, –
Гьеб рузман сордо-къогун данде ккунги букІана,
КІиябго хирияб гІуж данделъараб хІалалъулъ,
ХІелун, гьабураб дугІа РахІманас нахъе чІвайчІо;

«Инни гъафарту лака ва лагьум ажмагІина» –
Аллагь тІаса лъугьараб вахІю гьесде рещтІана.
Юсуфги гьел вацазда тІаса лъугьун вукІана,
ТІолалгоги, гІамм гьарун, гІафвуялъулъ тІерхьана.

**قال صالح المري : ثم نزل جبريل ﷺ على يعقوب ﷺ فقال : إن الله تعالى بعثني إليك أبشرك بأنه قد أجاب دعوتك في أولادك وأنه عفا عما صنعوا وأنهم قد انعقد مواثيقهم بعدك على النبوة. قصص الانبياء المسمى بـ«العرائس» صـ ١٢١**

[1] Ай, «Хадуб гьарила Аллагьасде».
[2] Ай, ЯгІкъуб.
[3] Ай, лъималазда тІаса лъугьаян гьарана.*

Цинги ЯгІкъуб васалгун, наслабазул тІанчІигун
Мисриялде къокъизе къачІадизе лъугьана.
Лъабкъоялда анцІила кІиго чи агьлоялъул –
Руччабигун бихьинал – гьевгун цадахъ рукІана.

КангІаналъул ракьги тун, Мисриялде лъугьана,
Юсуф вугеб бакІалде щвезе жив гІагарлъана,
Жинда дандчІвай гьабизе Юсуфица гІуцІарал
ГІаскаразде бер щведал, ЯгІкъуб гІажаиблъана.

ГІаскарал бакьулъ Юсуф, асад[1] гІадин, вукІана,
Аллагьас хІижаб борхун, ЯгІкъубида вихьана.
Жабраил-малаикас Юсуф вугин бицана,
Цинги, чодаса рещтІун, инсуде данде ана.

Инсуе салам кьезе Юсуфил къасд букІана,
Жабраилас нахъги чІван, инсуца байбихьана.
«Ас-саламу гІалайка, я музгьибаль ахІзани»,[2] –
Абураб саламги кьун, кІиялгоги къунчана.

КІотизегІан гІодана, рохалил магІо тІуна,
Ригьиндал Юсуфица инсудехун абуна:
«Я дир эмен, дихъ гІодун, гІемер магІу щай тІураб,
МахІшаралъул къояца дандчІвазеги рукІиндал?»

«Диналдаса ватІалъун мун ватилевин абун,
Эб сабаблъун дораги данделъиларин хІинкъун,
Дир хІузнугин пашманлъи гьелъий гІоло букІанин», –
МагІзурасул[3] хІисабалъ ЯгІкъубица абуна.

---

[1] Ай, гъалбацІ.
[2] Ай, ургъел-пашманлъи ине гьабулев Юсуф.
[3] Ай, гІузру бачунеб хІисабалда.

Юсуфихъ магӀу тӀолев ЯгӀкъубихъ жал гӀодарал,
Данделъун гьел рихьидал, малайкзаби рохана.
Мисриялъул хан – Райян, умараал, вазирал –
РекӀарабщинаб гӀаскар чуяздаса рещтӀана.

Рохалил дандчӀваялъул даража камиллъана,
Киназго, бутӀрул къулун, сужда гьезий гьабуна.
Гьедин суждаби гьарун, тахӀийятал гьариги
Мисриялъул халкъалъул гӀадаталда букӀана.

Берцинаб гӀумруялда, гӀатӀидаб яшавалда
Къоло ункъго сон ана Мисриялда ЯгӀкъубил.
Цинги, Жабраил вачӀун, умумузул арвахӀал
Духъ гӀащикълъун ругилан, хвел рагӀизе гьабуна.

Гьеб мехалъ ЯгӀкъубица лъимал данде гьаруна,
«Дун хойдал, хадуб лагълъи лъий гьабилеб?» – абуна.
Гьез инсуй жаваб кьуна: дурги умумузулги
Аллагь тун, нахъиясе лагълъи гьабиларилан.

Лъималазул игӀтикъад ЯгӀкъубида бихьана,
Исламалда горони, хогейилан манлъана.
Хадусан Юсуфиде васийятги гьабуна:
«Дирго умумул ругеб ракьалда вукъе»,-йилан.

**وقال : ما تعبدون من بعدي ؟ قالوا نعبد إلهك وإله آبائك إبراهيم وإسماعيل وإسحاق . ثم قال : [قال الله تعالى] ﴿يَٰبَنِيَّ إِنَّ ٱللَّهَ ٱصۡطَفَىٰ لَكُمُ ٱلدِّينَ فَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنتُم مُّسۡلِمُونَ﴾ البقرة : ١٣٢ . «عرائس» صـ ١٢١**

Кьурал къоял тӀагӀана, къадаралде гьев щвана,
Гьес гьабураб васийят Юсуфица тӀобана.

Байтул-Мукъаддасалде вукъизе гьев восана,
ИсхIакъги Ибрагьимги гьенир рукъун рукIана.

ЯгIкъубгун эбелалъул ургьиб дагIба гьабурав
ГIайсилгин ЯгIкъубил хвел цохIо къоялъулъ ккана.
Цо бухъараб хобалъулъ кIиявго эгиз лъуна,
КIиясулго гIакъибат[1] авалалда релъулъана.

Нусгогин кIикъоялда анкьго сон гIумруги бан,
ГIайсгин ЯгIкъуб къокъана Къадирасул гьоболлъухъ.
Къуръаналда рехсараб Юсуфил къисаялъул
Къокъго гьабураб назму гьалда тIобайзе тана.

**وكان عمرهما جميعا مائة سنة وسبعا وأربعين سنة لأنهما ولدا في بطن واحد وقبرا في قبر واحد . «عرائس» صـ ١٢١**

Анбияъ-русулазул къисаби баян гьарун,
Къуръаналда гьел рехсей – гьадингояб жо горо.
Гьел ХIабибасе рицун, ракIгъей тIалаб гьабизе,
РакIгъеялде хIажатав ХIакимги – Аллагь горо.

АхIмадий – таслиятал, умматалъе – танбигьал[2], –
Таманал хIикматазул кIулал руго къисаби.
АсхIабул къулубаца[3] магIийятгун цIалидал,
МагIнаби гъварилъулел ралъадалги руго гьел;

Гьидаяталъул нухде тIалибинал рачунел
Чанги фаваидазул[4] магIданалги руго гьел,

[1] ГIакъибат – ахир.*
[2] Аварагасул ﷺ ракIбати, умматалъе кантIизе гьари.
[3] Ай, ракIал рацIцIадал гIарифунал.
[4] Ай, пАйдабазул.

Муъминчиясул рекIелъ Ислам щула гьабулел,
Щулияб буружалъул[1] арканалги руго гьел;

РахIманасул балъгоял асрарал[2] жанир лъурал,
Жавгьаргин якъуталъул табуталги[3] руго гьел,
Тавбоялде къасд ккарал агьлул-кабаиразда[4]
Каву рагьи бицунел кицабиги руго гьел;

Кинабго гIаламалъе гIулумал жинца кьолев,
ГIалламул-Гъуюбасул Каламлъунги руго гьел,
«Кун» абураб лафзалда хIукму-къадар тIобалев
Къадир Жив вукIин лъайзе хIужалъунги руго гьел.

Гьиммат гьечIев мукъассир,[5] къисаби цIаланиги,
«ЩIакъаб буго» абураб рагIудаго хутIила.
БетIергьанас тавфикъ кьун, тIовитIарав абуни,
БатIиналдеги ваккун, баркаталъ бечелъила.

Баркат щвезабе, Аллагь, анбияъ-русулазул,
Гьезул къиссаби цIалун, гIибрат[6] гьабунщиназе!
ШафагIат камун тоге лъикIал Дур лагъзадерил
ЛъикIалщинал рокьулел, ниж гIадал, факъиразе!

[1] Ай, щулияб хъалаялъул.
[2] Асрарал – балголъаби.*
[3] гъалмасал.
[4] Агьлуль-кабаири – чIахIиял мунагьазул агьло.*
[5] Ай, кIвар гьечIев.
[6] ГIибрат – фикро гьабун, пайда боси.*

# - ФАСЛО -

## АЮБ АВАРАГАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ КЪИСА عليه السلام

ГIайсил наслабаздасан, цохIо Аюб горони,
Авараг вукIинчIилан буго «БадаигIалда»,
ЯгIкъубил заманалда ХIавраналъул[1] агъали
ТавхIидалде ахIизе витIаниланги буго.

НикахI-магъари гъабун, гьес лъадилъун ячарай,
Юсуфил васасул яс – РахIмат абун йикIана.
Аюбил эбелалъул насабилан абуни,
ЛутI аварагасдасан бачIун букIанин буго.

БоцIи-мал цIакъ гIемерав, гIадамазда гурхIулев,
ХIелму-сабро цIикIкIарав, гъалбал жиндий хирияв,
Хасго ятимзабазе сахават-койргIатIидав,
ТIагIат-гIибадаталъе халкъалдасаго тIокIав;

ТIадегIанав Аллагьас жиндие кьуралщинал
НигIматазе гъабулеб щукруги цIакъ камилав,
Кинабниги замана зикруялда тIамулев,
Зодор малаикзаби жинда гIажаиблъарав;

Аюб – Жиндий вокьулев лагъ вугилан Жаббарас
Жибриласда лъайзабун, зобалазда машгьурав.
Гьев веццун, малайкзабаз гIемер бицунеб рагIун,
МалгIун-иблисалъ гьесде цIакъаб хIасад гъабуна.

[1] Шамалъул цо бутIа.

Гьеб заманалда иблис анкьалго зобалазда
Бокьухъе хьвадизе жиб беччантараб букIана.
Нахъа, ГIиса авараг зодове вачун индал,
Ункъго зобалдаса гьеб гъукъана БетIергьанас;

Бищун гъоркьияб лъабго зобалазде бахине
Ихтияргун букIана, Авараг гьавизегIан ﷺ,
Анбияазул хатам ракьалде вачIун хадув,
Анкьабго зобалдаса махIрумаблъун гьабуна.

ХIасадалъ гьалаклъараб хабисалъе[1] Аллагьас
Аюб малайкзабазе вецци рекIее гIечIо.
ЧIухIиялъ мекъса рехун, кафурлъараб гьеб иблис
Аюб рахIаталда тун чIеларилан лъугьана:

Гьев мискинав, пакъирав лагълъун вукIаравани,
Аллагьасе лагълъи гьес гьабизе букIинчIилан,
Гьесул боцIи-малалъул ихтияр дихъе кьуни,
ГIибадат-тIагIатги гьес рехон тезе бугилан,

Зодоб малайкзабигун гьеб тушман гаргадана.
Гьеб мехалъ БетIергьанас вахIю гьелде рещтIана,
«Инни къад саллатIтука гIала малигьи»[2] – абун,
Аюбил боцIул корщел гьелда кодобе кьуна.

Гьанжи гьелъ ахIи бана, боял данде гьаруна,
Бугеб къуватги бачун, хурзабахъе бортана,
Хур-хералда цIа гъуна, цIер гIадин, гьеб бухIана,
РухI бугебщинаб боцIи, тIурччи гIадин, гьабуна.

[1] Хабис – хъубаб, ракI махIцараб.*
[2] Ай, Аллагьас абуна иблисалде «Дица мун тIамуна (Ай, беччан тана) Аюбил боцIи-малалде тIаде»,-ян.

Гьеб хабар босун, иблис Аюбихъе кIанцIана,
Аллагьас дур боцIи-мал бухIанилан бицана.
«Бокьун Жинцаго къураб Жинцаго нахъе арав
Аллагьасе рецц», - илан саброялда кIалъана.

«Аль-мубтала ссабир»[1] абун, надалда хъварав Аюб
иблисалъул боязда корде восизе кIойчIо.
Кутакаб гьужумалъул ахирги гIадада ккун,
Аллагьасул гьеб тушман пашманго нахъбуссана.

Нахъойги зодоб бахун, малайкзабазулъ ана,
Гьез Аюбил хIакъалъулъ гьикъа-бакъи гьабуна.
Гьесул БетIергьанасде божи цIакъ батанилан
Жаваб гьезийги гьабун, гьанжиги дагIбадана:

Дун лъималазде тIаде Аллагьас беччан тани,
Аюбил сабро гьезий батуларин, абуна.
Авалалдаго гIадин, «Къад саллатIтука»[2] – абун,
Аллагьас вахIю гьабун, гьанжиги изну кьуна.

Аюбил лъимал жанир чIун ругеб минаялъул
Ункъабго тан кIобокIун, багъаргъизе гьабуна.
Гьезде тIаде тIох беччан, киналго гъоркье ккана,
Нахъе чи хутIичIого, киналго гьалаклъана.

Гьанжиги малгIун – иблис Аюбихъе бортана,
Эсда цебеги бачIун, гIода-чIвадун лъугьана.
«Лъугьа-бахъараб щиб?» - ан Аюбица гьикъана,
«Рукъ тIаде тIун, гъоркье ккун лъимал хванин», – бицана.

[1] Ай, балагьалъулъ ккарав ва сабро гьабурав.
[2] Ай, лъималазде тIадеги беччана.

«Бокьун, Жинцаго кьурал лъимал Жинцаго арав
Аллагьасе рецц», – абун, цеве гIадин, кIалъана.
Цебе гIадин горони, гьужумалъ хайир кьечIеб
Хабисги, гIечудаса Хважа гIадин, буссана.

«Васазул чурхдуздасан чвахун гIодоб унеб би,
Чахьал рихъун, къватIибе бачIун бугеб ургьимес, –
Гьел рихьанани дуца щибиндай абила?» - ян
Аюбиде, тIадбуссун, иблис гIода-чIвадана.

Аюбил ракIтIеренлъун, лъималаздаги гурхIун,
Лъай гьечIого кинигин, дагьавго гIодун ккана,
ГIодоса, хъаталъ босун, ботIроде ракь рехана,
«Я лайтани лам ухлакъ»[1] – кIалалъ абунги ана.

Гьелдалъун малгIуналъе кIудияб асар щвана,
Аюбил саброялда жинца койр лъунин ккана,
Киналдаго рекIекълъун, «Астагъфируллагь», абун,
Тавбо гьес гьабун хадуб гьанжиги гIодоб чIвана.

ГIодоса зодоб бахун, малайкзабалъе ана,
Аюбида тIасан гьез гьикъа-бакъи гьабуна.
«Гьанжиги гьесул божи БетIергьан – Аллагьасде
ТIадеги цIакъ щулияб батанин», – жаваб кьуна.

Жигиги малгIуналъул гьесдаса хьул къотIичIо,
Гьесдехун бугеб хIасад тIадеги хIалуцана,
«Цойги нухалъ Аллагьас Аюбил жасадалъул[2]
Ихтияр дихъе кьуни, лъалаан», - ин абуна.

[1] Ай, вижунгогIаги вукIинчIевани.
[2] Черхалъул.

«Инни къад саллатIтука гIала жасадигьи»[1] - ян,
Гьанжиги БетIергьанас изну гьелъие кьуна.
Лъабабилеб нухалъги хабис къватIиб бахъана,
Бишасе тIагIаталда Аюб гьелда ватана.

Гьелъ гьесул магIарзухъе цохIо нухалда пуна,
Цойидасан цIа бачIун, къаркъала букарана,
Кутакалда хъасиялъ, килщил малъал рортана,
Хъарщи-цIулалъ, гамчIаца хъасизегицин ккана.

Хъасун хIалго хьолареб хIиккат[2] черхалда бана,
Чапун тIаса гьан бортун, ракьа-сан загьирлъана,
ТIонгин гьаналда гьоркьоб унтиялъ хIал гьабуна,
ХIапара бан, къаркъала къадид[3] гIадин лъугьана.

**وقعت في جسده حكة لا يملكها ولا يتمسك عن حكها فحك بأظفاره حتى سقطت كلها ثم حكها بالمسوح الخشنة حتى قطعها ثم بالفخار والحجارة الخشنة فلم يزل يحكها حتى نزل لحمه وتقطع وتغير وانتن فأخرجه أهل القرية ... الخ . «عرآئس» صـ ١٣٥**

Къаркъалаги кIудияв, кIигъуждулъаги гIебав,
Габур къокъав, къуватав, сурат жиндир берцинав,
БотIрода рас кIургIарав, лагаялъулъ ворхатав, –
Унтилелде Аюбил гьаб сифат букIун буго.

Ибтилаалде[4] ккедал, сахлъиги тIаса индал,
«Аюб»,- илан абулев инсан сверухъ хутIичIо.
Унтиялъ сверун ккойдал, гIажизлъунги хутIидал,
Жиндие койрбакъизе, Къадир горев, ватичIо.

[1] Ай, «Черхалъулги эхтияр кьуна», – абун.
[2] Хъирис.
[3] Бакъвараб гьан.
[4] Ай, балагьалде, унтулъе.

Акъарибал-живарал,[1] жиндир росдал агьали,
ТIолгояз рехонги тун, хIайранлъиялде ккана.
Лъабго чIужу йикIана, кIигояй нахъе ана,
Амма РахIматицани росасул хIакъ цIунана.

ХIатта жинде иман лъун, лъабго гIадан вукIана,
Лъабавгоги, – унтидал щакдаризе лъугьана:
«Гьас цIакъ кIудияб мунагь гьабун букIун горони,
Гьаб, сахлъи гьечIеб, унти ккелаанищ?» – абуна.

Аюбида аскIор ун, гIакъло кьезе лъугьана,
Лъалареб хабар бицун жагьлоялда кIалъана,
«Дуца мунагьалдаса тавбо гьабе»,- ян абун,
Аллагьасул авараг музниблъунги[2] гьавуна.

**فلما رأى أصحابه الثلاثة ما ابتلاه الله به اتهموه ورفضوه من غير أن يتركوا دينه . فلما طال به البلاء انطلقوا إليه وهو في بلائه فبمتوه ولاموه وقالوا له : تب إلى الله من الذنب الذي عوقبت به . «عرائس» صـ ١٢٥**

Гьезда цадахъ вукIарав цо гIолохъанав васас,
ГIайиб гьездаги гьабун, цIакъаб кIалъай гьабуна:
«Алам тагIламу анна Аюба набийяллагь»,[3] - ан,
Гьез бицараб рагIуда гIолилав тIад рекъечIо.

ГIемер бадибчIвай гьабун, гьел кантIизе гьабураб
Гьав васасул насихIат толеб буго къокъ гьабун.
Гьелъул гIатIидаб баян «ГIараисалда» буго,
ГIемерлъизехъин букIун, рехсана къокъаб къадар.

[1] ГIагарлъи-мадугьаллъи.
[2] Ай, мунагь гьабурав чилъун.
[3] «Ножода лъаларищ Аюб – Аллагьасул авараг вукIин?»

Гьанжиги малгIун – иблис ургъана макроялъе,
Кинаб хIилла гьабунги, Аюбий заралалъе.
Ахирги росдал агьло гьелъ кодобе босана,
«Росулъа Аюб къватIив къотIе»,- йилан манлъана.

КъватIив гъечIого тани, унти тIолго росдаде
Гьесдасан бахунилан хIинкъи кьезе лъугьана.
Гьеб хIинкъи жамагIаталъ РахIматиеги кьуна,
«Росу тун инчIони, гьев чIвалин», – лъайзе гьабуна.

Гьанжи мутIигIай лъади, гъажалда Аюбги чIван,
Авлахъалде ялагьун, росуги тун, къокъана.
Къаданиб гамачIги лъун, чIарбида босен гьабун,
Росасе тIадаб хъулухъ РахIматица гьабуна.

ХIулидал босен тIамун, тIад вегарав кинигин,
Ялъуни киниялда кьурщараб лъимер гIадин,
Унти-захIмалъиялъул зигара-бакъ гьечIого,
Гьуинаб макьуги щун, кьижана саброялда.

Сагаялда тIад бараб гIи-боцIул хIисабалда,
ХIапараги букIана черхалъул гьан кваналеб.
Гьеб гIажизаб куцалда Аюбица гIалхуда
Анкьго лъагIел тIамуна, тIаде чи сверичIого.

ЧIагояв инсанасе койнги къваригIунелъул,
Кинабго сабабалда хурхунги букIунелъул,
Халикъас, Аюбие ризкъи жалбу гьабизе,[1]
Жиндир лагъзадерилъа РахIмат сабаблъун кьуна.

[1] Ай, жинца Аюбие хъвараб ризкъи гьесухъе щвезе гьабизе.

Росулъе сапар гьабун, гьезие мухьдахъ хIалтIун,
ХIалтIун щвараб мухьалъухъ Аюбий тIагIам босун,
ТIадюссун щведал гьесда щвара-тараб цебе лъун,
Цадахъ БетIергьанасе кIиязго щукру гьабун,

Гьеб куцалъ РахIматица, хIал баччун, Аюб хьихьи
иблисалъул хIалае гьанжиги цIакъ бакIлъана.
Цо нухалъ РахIматида тохтурасул суратальлъ
Тушманалъ, данде лъугьун, цIеха-рехей гьабуна.

Сах вукIаго Аюбил букIанщинабги рехсон,
Расги гьечIого гьанжи хутIиги цебе рехун,
«КидаллъизегIан дуца гьаб захIмат баччилеб?» - ан,
РахIматил ракIалде гьелъ васвас ккезе гьабуна.

«Бисмиллагь» бахъичIого дир цIаралда чахъу хъун,
Чагъир гьекъани, Аюб дица сах гьавилилан,
Гьеб малгIуналъ бицараб рагIиги уйилан ккун,
Аюб сах гьавиялде РахIматил анищ ккана.

Ккарабщинабги бицун, Аюбие чучана,
«Абухъе, чахъуги хъун, дару гьабе», – абуна.
Аюбил ццин бахъана, РахIматиде семана,
Иблисалде гIин байдал, бадирчIваял гьаруна.

«БетIергьан – Аллагьасде дару-сабаб гьаре», - ян
Гьелда цееги РахIмат дагьай кIалъан йикIана.
НигIматазе шукруги балагьазде сабруги
БукIине кколин гьелъий гIакълоги кьун букIана.

БукIаниги, иблисалъ абураб уян ккедал,
Аллагьасде мугъчIвайи РахIматил загIиплъана.

«ЛъикI лъугьиндал, нусго тIил дуда хIад кьабичIого
Дица теларин», – абун, Аюбица гьа бана.

Гьанжи хадув гIодана, гIемерго ракIбухIана,
РахIманасдехун вуссун, мунажатал гьаруна,
«ХIакъикъаталдаги, дир кинаб мунагь букIундай
Дий гьаб унти кьуна?» - ян Аллагьасде хIелана.

Илагьияб рахъалъан «Я Аюб,- ан ахIана, –
Унти хIехьезе къуват дуй киса? - ян гьикъана. –
Кинабго расул кьолболъ дица лъун горебани,
Сабро гьабизе гьунар дур букIинчIин», – абуна.

Аюбил жасадалъул[1] корщелги кодобе кьун,
Бокьухъе хIалбихьеян иблис беччан толелъул,
Истиснаъ гьабун[2] гьелъ тIад корщел гьабиялдаса,
Гьесул ракIгин мацI, гIакъло гъорлъа бахъун букIана.

**فقال الله تعالى : انطلق فقد سلطتك على جميع جسده ولكن ليس لك سلطان على لسانه وقلبه ولا عقله . «عرآئس» صـ ١٣٥**

Бицун цебе рехсохъе, гьесул черхалда бараб
ХIапараялъул эрга кIалдиб мацIалде щвана,
Бишасе шукру гьабун, гьев рехсезе букIараб
КIалдиб лисан[3] гIажизлъи Аюбий захIмалъана.

ЗахIматгин къварилъиялъ кигIан сверун ккуниги,
Иблисалъе бокьараб кьечIеб Аюбил сабро,

[1] Жасад – черх.*
[2] Истиснаъ гьабун – хъорлъа бахъизе гьабун.*
[3] МацI.

Аллагь рехсезе бугеб мацІалде унти щведал,
«Массания ззурру»[1] - ян ахІичІого борчІичІо.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَأَيُّوبَ إِذْ نَادَىٰ رَبَّهُۥٓ أَنِّي مَسَّنِيَ ٱلضُّرُّ وَأَنتَ أَرْحَمُ ٱلرَّٰحِمِينَ ٨٣﴾ الأنبياء : ٨٣

Жиндий гІоло горони, Аюб зигардичІелъул,
Зоб-ракьалъул Халикъас хехаб рахІмат беччана.
РахІмогин цІоб гІатІидав гІаламалъул МагІбудас
ГІуббадал[2] хьихьулеб куц иблисалда бихьана.

Алжаналда жаниса цо хІавагІечги босун,
Жибрил-малаик щвана Аюбида аскІове.
«Росу-жамагІаталъги лъалел-кІолелщиназги
Рехон тарав дихъ щварав мун щив?» - илан гьикъана.

Гьикъаралъе жаваб кьун, Жабраил-малаикас
Алжаналъул хІавагІеч гьесда кванайзабуна.
Гьеб кванайдал Аюбил, ургьиб букІарабщинаб
Унтиги къватІибе ун, къаркъала рахІатлъана.

«ТІаде вахъа»,-ян абун, Жибрил гьесде кІалъана.
«КІолеб гьечІелъул дида, кин вахъинев?» – абуна.
Койрги ккун тІаде цІана, «Вилълъанхъе»,- ян абуна,
АнцІила кІиго гали гьесда тІамизабуна.

Гьеб мехалъ квегІаб хІетІе гІодоб кьабизабуна,
Ракьулъан бухІараб лъин къватІибги загьирлъана.
Гьединго кваранабаб хІетІеги гІодоб кьабун,
ГІаздалгІан цІорораб лъин гьенисанги баккана;

[1] Ай, «Дида зарал хъатІана!»
[2] ГІуббадал – Аллагьасе гІибадат-тІагІаталда даимал гІадамал.*

«БухIаралъ черхги чурун, цIорораб гьекъе», - йилан
Жабраил-малаикас Аюбида манлъана.
БухIаралъ черх чурана, цIорарабги гьекъана,
Къварилъиялда хадуб гIатIилъиги батана;

Унта-шокълъи тIаса ун, щулияб черх лъугьана,
Черхалда бан букIараб хIапара гIодоб гъана,
ГIолохъанлъи тIадбуссун, сифат-сурат берцинлъун,
Бицун чи божулареб сахлъи жиндие щвана;

Жабраил-малаикас, Алжаналъуса босун,
РетIел ретIун, тажги лъун, бакъ-моцI гIадин гвангъана.
БетIергьан – Аллагьасе шукру гьабун, гьеб бакIалълъ
КIиго ракагIат какил Аюбицаги бана.

**ثم أتاه جبريل بحلة من الجنة وألبسه إياها وتوجه بتاج من الجنة فصار أيوب يزهو كالشمس المضيئة فعند ذلك صلى أيوب ركعتين شكرا لله تعالى على نعمته ورضائه . «بدآئع» صـ ١٠٣**

Гьеб вакъигIат кколелъул РахIмат аскIой йикIинчIо,
Аюбие къуталъул[1] тIалабалда йикIана.
ТIадюссун ячIунаго, данде лъугьун, иблисалъ
Васвас гьелъул рекIелъе рехизе къасд гьабуна.

«Сахлъи гьечIеб унтулъе ккун вугев Аюбие
КидаллъизегIан дуца гьаб хъулухъ гьабилеб? - ан. –
Гьелде тIадеги, дуда, сахлъидал, хIад кьабизе
ХIукмуги гьечIищ?» - илан гьей понцIозе гьаюна.

[1] Къут – квен-тIех.*

Гьанжесалалъ щайтIаналъ РахIмат койрде йосичIо,
МалгIуналъул анищал гьородухъ росун ана,
иблисалъул рагIуде, гьойихъгIан, гIинбайчIого,
БетIергьанчи вукIараб бакIалде тIадюссана.

ТIаваф гьабун свердана, сверухъ лълъун ялагьана,
Балагьалъулъе ккарав Сабир[1] ватизе кIойчIо,
Сабро дагьлъун гIодана, «Ва Аюб! - ан ахIана, –
Мун кив тIагIарав?» – абун гIакъло биххун лъугьана.

ГIалхул бацIазищ кварав, ракьалъ жанивищ цIарав? –
ЦIар лъезего лъайчIого, суалазулъе ккана.
Аюбица, РахIматил ахIи-хъуялде данде,
«Дуй къварагIарав щив?» - ан гьикъа-бакъи гьабуна.

Гьаб бакIалълъ тун вукIарав Сабир ватуларого
Тирулей йикIанилан, РахIмат данде кIалъана.
РетIел ретIун, тажги лъун, гIарус[2] гIадин къачIарав
ГIолилав РахIматида Аюб вукIинго лъайчIо.

«Вихьани, дуда гьесул ватIавахъизе лъалеб
ГIаламат букIанищ?» - ан Аюбица гьикъана.
Гьесде юссун, халгьабун, РахIматица абуна:
Аюбида дур релълъен кутакалда бугилан.

РахIматихъги валагьун, гьимун, Сабир велъана,
«Дун Аюб вуго», – абун, рохел загьир гьабуна.
Балагь-къварилъи хIехьей рохалиде сверана,
Рохалилаб дандчIвайи кIияцаго гьабуна.

[1] Ай, Аюб.
[2] ГIарус – бахIарав.

Гьезул бухIараб хур-хер , боцIи-малгин бечелъи,
БукIухъе, БетIергьанас тIадбуссине гьабуна.
Гьединго хварал лъимал, тIатIала ккараб мина, –
ТIолгоял, чIаго гьарун, гьезда кодоре кьуна.

Гьаб буго цо риваят, хилафазда гьоркьосан,
Хварал лъималазда тIад гIалимзабазул ккараб.
ГIалламул-Гъуюбасда хIакъикъат цIакъ лъалелъул,
Лъалесде тIамун тани, нилъго мекъса ккеларо.

**قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿فَٱسْتَجَبْنَا لَهُۥ فَكَشَفْنَا مَا بِهِۦ مِن ضُرٍّ ۖ وَءَاتَيْنَٰهُ أَهْلَهُۥ وَمِثْلَهُم مَّعَهُمْ رَحْمَةً مِّنْ عِندِنَا وَذِكْرَىٰ لِلْعَٰبِدِينَ ﴿٨٤﴾﴾ الأنبياء : ٨٤**

**وأحيا الله له أولاده ورد عليه مواشيه وزرعه ونسي أيوب ما قساه من البلاء والمحنة في سبع السنين وهو صابر . «بدآئع الزهور» صـ ١٠٣**

РахIматида нусго тIил кьабичIого теларин
Бараб гьа ракIалде щун, Аюб цIакъ пашманлъана,
Щиб гьабилеб лъайчIого хIайранлъун жив вукIаго,
Жабраил-малайк вачIун, гIакъло гьесие кьуна:

«Нусго сумаги босун, гьелъул квацIиги гьабун,
Цо нухалъ РахIматида кьабе»,- йилан манлъана.
Манлъухъе гьеб кьабуна, гьаялдаса ворчIана,
Росасе мутIигIлъиялъ РахIматги хвасарлъана.

ЛъикIаб магIишаталда, берцинаб гIумруялда,
БетIергьан – Аллагьасе бацIцIадаб шукруялда
Аюбгин РахIматица цадахъ сонал тIамуна,
Нусиде гIагаридал, Аюб ракьалде ана.

Абулеб буго цояз, ибтилаалда[1] хадуб,
Аюбий къолоанлъго лъимал гьаруралинги.
Лъималазул кIудиял ХIавмил, Мукъил ва Рашад,
Рашид ва Башир абун, рукIаралилан буго.

Эмен хойдал лъималги лъикIаб нухда ун руго,
Аллагьасе гIибадат-тIагIатги гьабун буго,
ДагIамил вас – Лам абун, гьезул заманаялда,
Капурзабада гъорлъа цо ханги вукIун вуго.

Хилафазда гьоркьосан цо-цо риваят босун,
БегьарабгIан къадаралъ гIибаратги къокъ гьабун,
Къварилъи-хIал щваразе гIибратлъунги букIине
БакIарараб Аюбил къиса гьалда тIобана.

Аюб аварагасул къиса рагIарав чияс
Чанги къварилъи-балагь къулчIила, тавфикъ кьуни,
Къадирасул рахъалъан тIаде бачIараб амро,
Эсго гIадин хIехьела иманалъул агьлоялъ.

Аллагьасе гьабулеб гIибадат-дин гьечIесе
Дунялалъул бечелъи кьоларебилан ккоге,
Кьун бихьани, гьелдаги, воре, бер халалъуге[2],
БетIергьанас, ццин бахъун, живго тун вукIуневин.

Жиндехун ширк гьабулеб гьаб капураб халкъалда
Халикъ – РахIман вугелъул, гурхIулев куц бихьулищ?
Куфруялъул агьлоян Аллагьас ратIа гьарун,
Гьаздаса гьукъараб жо нигIматазул бугебищ?

[1] Ибтилаъ – балагьалдалъун хIалбихьи гьаби.*
[2] Ай, гьелда бахиллъуге.*

БетIергьанасда аскIуб багIузаталъул[1] кваркьи
Жиндасаги къиматаб байтулман – гьаб дуниял,
Дин гьечIеб агьлоялъе истидражалъе[2] кьураб
Ухраялъул тавъаман[3], таманав чи гуккараб.

Чангиял зигардула, дагьаб унти щваниги,
Дунялалъул магIишат тIеренлъизе кканиги,
«Как-кIалги балеб бугин, динги гьабулеб бугин,
Дун щайда БетIергьанас гьадин тола вуго?»-ян.

Гьаб жагьлоялъ унтараз, Аллагьас, хIалбихьизе,
Аюбиде бачIараб балагьалъул халгьабе:
БетIергьанасе лагълъи гьабичIого вукIунищ,
Гьадаб рехсарабщинаб унти досие кьураб?

Дунял данде билълъине комек-койрбакъиялъе
Къасдалда дин гьабуни, гьелдеги «ширк» абула.
Щибниги мурад-гъараз гъорлъе жобараб тIагIат
ТIадегIанав Аллагьас кодобе босуларо.

БетIергьанас халкъалде балагьал реччалелъул,
Бищун цIикIараб къадар анбияазде щола.
Эзда хадур балагьал вализабаде щола,
Суммаль-амсаль, фаль-амсаль[4], – гьеб куцалда рещтIуна.

((أشد الناس بلاء الانبياء ثم الاولياء ثم الامثل فالامثل)) كما ورد في الحديث . «صاوي»
جـ ٣ ، صـ ٨٢

[1] БагIузат – кIкIара.*
[2] Истидраж – гукки.*
[3] Ай, кIиго яц гIадаб жо, цояй хун горони цояй ячине бегьуларей.
[4] Ай, дозда хадур рачIаразде, цинги гьезда хадур рачIаразде.

Гьединал балагьазулъ ккун горони, Аллагьас
Инсанасе кьоларел даражаби рукIуна.
Жигиги, гьел балагьал тIаде реччан горони,
Чуруларел мунагьал рукIунинги абула.

Ругезул – мунагьалгин хатIаби чуриялъе,
ГьечIезул – даражаби-макъамал рорхиялъе,
Къадирас сабабалъе хIалбихьизе реччарал, –
ХIехьезе сабру кьеги балагь муъминзабазе.

Мунтакъимас[1] ццин бахъун балагьал реччаниги,
Гьелдаса хIинкъуларел – шаргIалъул рахсаз ккойги!
Шукру гьечIого боцIи исраф[2] гьабулеб агьло,
Аллагьас кантIизарун, тавбоялде рачаги!

РахIмат Аюбий гIадин, мутIигIлъани росасе,
Руччабазеги давла, долъий гIадинаб, щвела.
ГIадатазе гьабулеб лагълъиги тун, руссани,
Ислам тIадегIанлъизе сабаблъунги рукIина.

Сардал рорчIун, какал ран, кидаго кIалалги ккун,
КигIан гIемер гIибадат гьабулей йигониги,
БетIергьанчи разияй лъадилъун жий гьечIони,
Гьабурабщинаб гIамал – гьабаун мансур[3] буго.

Гьабурабниги гIамал гIадада хунгутIизе,
ГIемер данде къацандун, къварид гьаруге россал.
КъварагIел гьечIеб абун, эрга щолареб бицун,
Ножодаго кьабизе кьоге дозухъе тIилал.

[1] Ай, Жиндие бокьарасдасан рецIел босулев.
[2] Исраф – гIадада хвезе гьаби.*
[3] Ай, гьороца араб хIур гIадаб, гIадада хвараб жо буго.

Ножор жагьлоялдаса бергьараб къуват гьечIо,
Гьаб ракьалда магIсият[1] тIибитIизе гьабизе.
Макро-хIиллаги ножор – Къуръаналъго рехсараб,
Нужго жанир рортизе рухъулел донкIал гIадаб.

Дунял гIуцIизеги нуж жундуздаса лебалал,
ГIадатал ургъизеги махщел ножор цIикIкIараб.
Модабиги ножое рухIаздаса хириял,
Халичабиги ножой инпортный къваригIунел.

ГIарац-меседалдаса гIорцIиги ножор гьечIеб,
ГIорхъолъа ун щваниги, шукруги ножор дагьаб.
Дагьаб рукъ тIеренлъани, ножоца хIехьолареб,
Нуж сабалъун бихьинал ургъалилъе рехулел.

Ургъел гьабизе ккараб ножода лъала гьечIеб,
Лъалезул насихIатги ножой къабуллъулареб.
Нуж киналго, цо гIадал, ругиланги дун горев,
Ругел ножода гъорлъги Алжан босизе лъалел.

Эбелалъул тарбият – лъималазул сагIадат[2],
Лъимал куцулел улбул – гьел ножолъ камун гьечIел.
ВачIун-унев, зайф[3] гIадав, инсуде тIамичIого,
ГIанчIи данде рачунел руччаби гIемер ругел.

Рокъоб баракаталъул рукнулъунги нуж ругел,
Ножор лъикIлъиялдалъун лъималаз кошлъи толеб.
Койн-тIехалъулъ рацIцIалъи ножор камиллъанагIан,
Кванарасул рекIелъе лъикIал хIалал рачIунел.

[1] МагIсият – Аллагьасде гIасилъи, мунагьал гьари.*
[2] СагIадат – талихI
[3] Ай, гьобол.

ХIукму гIемералдалъун гьабулеб гIадатлъидал,
ГIемерисел руччаби жагьилгоги ругелъул,
Жагьлуялъул унтуе даруги – лъай бугелъул,
Дару тIалаб гьабизе тIамеги нуж Аллагьас!

Ножоца гIадатазе гIорхъаби лъолел ани,
ГIорхъи гьечIеб баракат халкъалде рещтIинаан.
ШаргIалъул низамалда хьвадун нуж чIолел ани,
Дин гьечIел базаргаби рокъорго хутIилаан.

Халикъасул амро тун, Аварагасул нух тун ﷺ,
ТалихI къарал руччаби, нуж гьедин бегьиларо.
Ножор гьаб хьвада-чIвади сурунго бихьуларел
Бихьиназеги дида къимат кьезе лъаларо.

Руччабазде данде ккун, ичIго нухалъ цIикIкIараб
ГIакъло бетIералъе кьун, тIокI гьарурал бихьинал,
ГьадагIанго диналъулъ кIвар гьечIого рихьидал,
ИчIго нухалъ гIакъло дагь кьурал дозги щибилеб?

# - ФАСЛО -

## ЗУЛЬ-КИФЛИ АВАРАГАСУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Зуль-кифлиян кунийят[1] жинде бугев авараг
Аллагьас Къуръаналда цIар рехсаразулъ вуго.
Гьесул къисаялда тIад тIахьазда хилаф буго,
Халикъасда гIадин лъикI, лъидаго гьеб лъаларо.

Ражулун свалихI[2] абун цояз абулеб буго,
Цойгиязин абуни, аварагин бицуна.
Иляс, я Закария, яги ЮшагI авараг
Гьев вукIанин абулеб цо риваятги буго.

Бану-исраилазул цо аварагасухъе
ВахIю рещтIун, Аллагьас лъайзе гьабунин буго:
«Гьанжи дур гIумруялъул къоялги дагьлъун ругин,
Дурго бакIалда тезе цо чи тIаса вище», - ян.

ТIаса вищиялъеги лъабго шартI гьабун буго:
Щибаб сардилъ, макьо тун, рогьинегIан какал рай,
Гьединго, къад кIалал ккун, кидаго жив даимлъи,
Лъабабилеб – халкъалъулъ жиндир ццин бахъунгутIи.

Цинги гьев аварагас, гIаламги данде ахIун,
Аллагьасул буюрухъ гьезда цебе лъунила:
«Гьаб лъабабго вазифат[3] тIаде боссе хIалкIолев
Вугищ ножода гьоркьов чиго?» - ян гьикъун буго.

[1] Ай, тIокIцIар.
[2] Ай, Аллагьасул лъикIав гIабид.
[3] Ай, тIаде росарал жал.

Гьел киналго руцIцIун чIун, данде жаваб кьун гьечIо,
Жинда кIолилан абун, цо фата[1] вахъун вуго.
Вахъаниги, гьеб къоялъ фата нахъе чIван вуго,
Нахъияб къо бачIиндал гьебго суал кьун буго.

Гьеб къоялъги гIадамал тIолго руцIцIун чIун руго,
ТIаде вахъун, фатаяс добго жаваб кьун буго.
Дов аварагас фата халифалъун тун вуго,
Халкъалъулъ хIукму гьаби гьесги байбихьун буго.

Гьев халифалъун тарав аварагин абуни,
Аль-ЯсагI вукIанинги буго «ГIараисалда»,
Дов фатаги Аюубил вас Башир вукIанилан
БачIараб цо риваят «Ссавиялъги» бицуна.

Цинги жив гъоркье чIарав макъам тIобайзабизе,
Къасе сардилъ какал ран, къад кидаго кIалал ккун,
Къазаъгин[2] хIукмуялъулъ жиндир ццин бахъинчIого,
Башир, яги дов фата, гIадлоялда хьвадана.

ГIибадаталъул агьлу жинда рихараб иблис
Жинда хадур гьел цIайзе ургъулебго чIоларо,
Аварагзабазулцин, сверун лъугьун, хIалбихьи
ХIалхъублъиялъ щайтIаналъ гьабичIого толаро.

Гьев аварагасулги хIалбихьизе иблисалъ
ЛъабцIолго батIайиса тIаде гьужум гьабуна,
Гьес, ццин бахъунгутIизе, тIаде босараб къотIи
ТIобан бажарулищан имтихIанал[3] гьаруна.

[1] ГIолохъанчи.
[2] Къазаъ – хIукму къотIи.*
[3] ХIалбихьиял.

Гьесул гIадат букIана, сордо-къоялда жанив,
Къалъул гIужалъ горони, кидаго кьижулареб.
Кьижизе заманаги, гьедин горони, гьесий
Данде кколеб букIинчIо, фирагъ[1] букIунгутIиялъ.

ДагIба-рагIулъе ккарав херав чи хIисабалда,
ХIукму къотIизабизе, къайлулаталъул[2] гIужалъ
Лъабго къоялъ тIатIала гьесул рокъобе хьвадун,
Къосун ккараб малгIуналъ рахIат хойзе гьабуна.

РахIат хойи халгьабун, гьес хIал лъайзе гьабичIо,
ХIеренаб рагIи бицун, щцин бахъине беччайчIо.
Цинги гьеб тушманалъул гьесдаса хьул къотIана,
Гьелдаса хадуб тIокIцIар «Зуль-кифли» - ян рекIана.

«Ссавигун» «РухIул-баян», «Хазин», «ГIараисалда»
Гьаб магIнаялда буго къисса Зуль-кифлиясул.
КагIбул-АхIбаридасан бачIарабин абуни,
«БадаигIалъ» бицунеб риваят цойги буго:

Аюб аварагги хун, лъимал нахъе хутIидал,
ДагIамил вас – Лам абун, капурав хан вукIана.
Гьев ханасе Аюбил яс гьаризе бокьана,
Гьеб бакка-бахъи гьабун, хъван кагъатги битIана.

«Нежер диналда жаниб капурчиясе ригьин
Гьабизе бегьуларин – вацаз инкар гьабуна. –
Гьеб дур мурад батани, диналде вусса», - йилан
Ислам рагIизабураб жавабги данде хъвана.

[1] РегIел.
[2] Къалъул заманалда кьижулеб.

Жиндехун инкар гьаби ханасе захIмалъана,
Гьелъ, кIияздаго гьоркьоб дагIба-рагIи бижана.
Боялги данде гьарун, рагъизе хIадурлъана,
Мубараза[1] гьабизе гьалги долги рахъана.

Гьелда хадуб кIиябго бо цуцалъе жубана,
Цуцада рахIму гьечIеб, хIалуцараб рагъ ккана.
ХIавмилил бо биххана, Башир[2] асир гьавуна,
Ханасул боялдеги бергьараб кьаби щвана.

Башир кварида вайзе ханас хIукму гьабуна,
Кинниги фидят[3] кьуни, веччаялде вачIана.
Фидят гьесие кьезе ХIавмилги разилъана,
ХIукму тIобайзабизе Баширги гъоркье чIана.

Баширихъ фидят кьезе хIадурлъулев вукIаго
ХIавмилиде къаилас,[4] макьилъ вачIун, абуна:
«Кьоге дуца фидятги, хIинкъуге вацасдаги,
Исламалде дов ханги вачIине вуго», – абун.

Макъу къотIун, дандбана, диван-хIукму гьабуна,
Баширихъ фидят кьейи ХIавмилица хисана.
Ханасда гьеб рагIана, кутакаб ццин бахъана,
Башир вухIизе донкIо бухъеян буюрана.

Бо тIаделъун, донкI бухъун, жаниб гучаб цIа бакун,
ЦIадав Баширги рехун, хангин бо балагьана.

[1] Ай, хвалчад рахъин.
[2] КIиявго – Аюбил васал.
[3] Ай, боцIи.
[4] Ай, лъаларев чияс.

Баширида цІаялъул щибго асар хъатІичІо,
Сверухъ рукІаралщинал гІажаиблъун хутІана.

«Баширица гъабураб кутакаб сихІру!» - йилан,
Киназдасаго цІикІун, ханги гІажаиблъана,
Хаварикъуль-гІадаталъ[1] хІайран гьавунаниги,
ХІукму тІаде щвечІого, иманалде вайинчІо.

«Ниж сихІрочагІи горо, аййугьаль-малик[2], – абун,
Аллагьасул хІалкІолъи Баширица бицана. –
Нежер кІудияв эмен Ибрагьимин вукІана,
Гьевги Намрузил цІаялъ вухІичІилан абуна.–

Нижги – досул наслаби – БетІергьанас цІунула,
ЩІадаре реханиги, гьелъ нижги рухІуларо». –
Гьаб калам рагІун хадуб ханасул ракІ хІеккана,
РахІматалъул цІалги щун, Исламалде вачІана.

Аюбил яс ячана, вацаз дурцлъун гьавуна,
Диналъе койрги бакъун, куфруялде рагъ бана.
Кафиллъун фидяталъе[3] гъоркье чІарав вукІиналъ,
Ламица Башириде «Зуль-кифли» - ян ахІана.

ХІавмилица Зуль-кифли, Аллагьас изно гьабун,
Расуллъун витІун ана Шамалъул агьлоялде.
Лам - ХІавмилида цадахъ, досул байрахъалда гъоркь
Гъазаватал гьарулев бол бетІерлъун вукІана.

[1] Ай гІадат гьечІеб жо.
[2] Ва хан!
[3] Ай, фидят кьела абун гъоркье чІун вукІиналъ.

Гьеб хIалалда рукIаго ХIавмил ракьалде ана,
Эсда хадув – Зуль-кифли, цинги – Лам накълолъана.
Хадуб ГIамаликъатаз[1] Шамалда тIад койр лъуна,
ШугIайб аварагасул бигIсаталде щвезегIан.

[1] «ГIамаликъатал» – абун цо къавм букIана. Гьезул кIудияв эмен вукIун вуго ГIамликъ абун. Гьевги вукIана НухI аварагасул вас – Самил вас. Къаркъалаби чIахIиял гIадамалги рукIун руго гьел.

# - ФАСЛО -

## ШУГІАЙБ АВАРАГАСУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН ﷺ

ШугIайб аварагасул къиса халгъабунани,
«Хазин»-«ГIараисалда», «Сави»-«БадаигIалда» –
БатIа-батIа рачIарал риваятазда гъорлъан
Рицун лъикIилан ккарал руго баян гьарулел.

Гьесул аслияб цIарги сирянияб мацIалда –
Ятрун букIанин буго «ГIараисалда» бицун.
Эбелги – ибната ЛутI[1] йикIана гьесул абун,
Бицен буго бачIараб Ибну ИсхIакъидасан.

ШугIайб аварагасул эмен Микаил ккола,
Микаилил эменги – Яшжарин вукIун вуго.
Гьесулги эмен Мадян – Ибрагьим-Халилил вас
ВукIаравилин буго гьебго «ГIараисалда».

Мадян абун цIар бугеб шагьаралъул халкъалде
ШугIайиб авараглъун Аллагьас витIун вуго.
Гьеб шагьаралъул агьло Мадянил насло букIун,
КIудияв инсул цIар гьез шагьаралде лъун буго.

**وقال لهم مدين : إنكم اكثرتم والرأي عندي أن تبنوا لكم مدينة كبيرة حصينة حتى لا تخافوا على أنفسكم من عمالقة . فبنوا مدينة وحصنوها وسموها باسم جدهم مدين فنزلوا بالأيكة وهي قرية قريبة من مدين «بدائع الزهور» صـ ١٠٥**

[1] ЛутI аварагасул яс.

ШугIайб аварагасул къиса баян гьабизе
Гьанже «БадаигIалъул» тIамчазде ралагьизин,
Гьаб тIехьалда бицараб гьесул хIакъикъаталъул
Къокъго таржама гьабун, тефтералдаги лъезин.

Ибрагьим-Халиласул Мадян абурав васас
Халатаб гIумруялда чIаголъи гьабунила,
ГIамаликъатаздаса лъадиги йикIанила,
Лъималги, гьелъ гьарурал ункъго вас вукIанила.

Ункъавго рукъде руссун, лъимал-хъизаби лъугьун,
Гьезул наслабаздасан тIинчI-къед гIемерлъанила.
ЦIакъго ГIамаликъатал гIемераллъун лъугьани,
Гьездасан заралалда Мадянги хIинкъанила.

Наслабазулъ гIакъилал, гIумруялъулъ кIудиял
Мадяница ракIарун, гIакълаби дандранила.
ГIамаликъатаздаса цIунараллъун рукIине,
ЦIияб шагьар баялъул суал гьоркьоб лъунила.

Гьел киналго разилъун, раъю-гIакъло данде ккун,
Мадянил пикроялда тIолгоял рекъанила.
ТIолго къуват бакIарун, кIвараб щулалъи гьабун,
КIудадае бокьухъе шагьар гьез барабила.

Бан хадуб шагьаралде, гьез жедерго кIудада
КIодо гьавун, гьелде цIар «Мадян» - ин лъурабила.
Мадяналда вукIарав, СангIун абун, цо гIабид –
Гьес ГIамаликъатаздасан лъади ячарайила.

Гьей лъадиялъ гьавурав васасде СангIуница
ТIоцобего лъураб цIар Ятрун букIарабила.

БукIаниги, хадусан, халкъалъ гIемер абиялъ,
Авалаб цIарги рехун, ШугIайб рекIарабила.

РекIиналъе сабабги: СангIуница даимго
Аллагьасде гьарулеб дугIа букIарабила:
«Аллагьумма барик ли фи шугIайби», – абураб,
Ай, «Дир гьав вас баракат бугев лъугьаги»,-йилан.

Гьеб «шугIайби» абураб рагIиялдасан бачIун,
Ятруналъул бакIалда ШугIайб тIибитIанила.
БетIергьанас СангIуний жаваб гьабун батила,
Баркатги тIаде рещтIун, ШугIайб авараглъарав.

**فكان صنعون يقول : اللهم بارك لي في شعيبي ، أي ولدي . فغلب عليه اسم شعيب وسقط عنه الاسم الاول . «بدائع الزهور» صـ ١٠٥**

Эмен хун хадув ШугIайб гьесул бакIалда чIана,
Дуниял рехун тарав гIабидлъун жив лъугьана.
Жиндир заманаялда лъикIлъиялъул цIар арав,
Агьалиялда гьоркьов гьесде щварав вукIинчIо.

Гьеб Мадяналъул агьло – базаргаби рукIана,
Бичун босун тIощалил хазинаби гьарулел.
Гьеб багьалъизегIан тун, нахърателал гьариги –
Гьезул гIадат билълъараб тIабигIатлъун букIана.

ТIоцоре дунялалда ихIтикар[1] гьабуралги –
Гьеб Мадяналъул агьло букIанин абун буго.

[1] Ай, базаралъе босараб тIощел, гIадамал хIажат ругониги, бичичIого, багьалъизегIан нахъе цIунун чIей.

Борцунебги цIалебги мизан-микялги[1] гьезул
ГьитIинабгин кIудияб – кIиго букIанин буго.

КIудияб – шираалъе[2] хьвадизе гьабулаан,
ГьитIинабин абуни – байгIалъе[3] букIунаан.
Бичулеб камизабун, босулеб тIокI балагьун,
Гьез, хIилла-макро гьабун, гIалам цIакъ гуккулаан.

Инсул ирсалъе щварал чахъабиги билагьун,
Гьездасан яшав гьабун, ШугIайбги вукIунаан,
Шираъ-байгIалда гьоркьов гьелгун гIахьаллъичIого,
ГIибадат-тIагIаталда тIадчIейги гьабулаан.

Гьеб хIалада цо къоялъ зикруялда вукIаго,
ВачIун, лъаларев чияс салам гьесие кьуна,
Мун лъикIав чи вугелъул, дирго унти бицине
Духъе вачIун вугилан, мурад баян гьабуна.

Нусго къали тIощалил бичун босун хадуса,
Борциндал, къого къали гьелда гьорлъаги камун,
Гьабизе жо тIагIарав пакъирав муштарияс[4]
ШугIайбидасан гьелъий комек тIалаб гьабуна.

Гьевги вачун, ШугIайиб къавмалда аскIов ана,
Гьесдагин баигIасда[5] гьоркьоб ккараб бицана.
Гьез ШугIайбил рагIуде гIинбайзе къасд гьабичIо,
Гьоболасе бугеб хIакъ кьезе хивалги ккечIо.

---

[1] Ай, цIалеб ва борцунеб жо.
[2] Шираъ – бичун боси.
[3] БайгI – жедецаго бичи.
[4] Ай, гьеб ролъ босарав чияс. (Муштари – бичун босарав чи.*)
[5] Ай, бичарав чиясда. (БаигI – жинца бичарав чи.*)

«Бичулеб камизаби, босулеб камил гьаби –
Гьеб нежер нух гьечIищ?» - ан, кIал гьикъун, гаргадана.
«Ножор нух Аллагьасул суннатлъун гьечIо», – абун,
Гьезде данде ШугIайбги, гъалбацI гIадин, вахъана.

«Ножоца налъуласул хIакъ тIобайзе гьабе», - ян
Гьеб къавмгун дагIбадулев ШугIайб вугеб мехалда,
ВачIун цеве эхетун, Жабраил-малаикас,
Инсанасул сураталъ, салам гьесие кьуна.

Салам буссине гьабун, «Мун щив?» - илан гьикъана.
ШугIайбие Жибрилас живго загьир гьавуна,
«Мадяналъул агьлогин Айкаталъул[1] капурал
ТавхIидалде ахIизе мун витIанин», – абуна.

Аллагьасул рахъалъан амро тIаде бачIиндал,
Мадянгин Айкаталъул агьали бакIарана.
БетIергьан горевасе лагълъи бегьуларилан
Берцинго хъанчил агьло Исламалде ахIана;

«Бахсуль-микял валь-мизан[2] хIарамаб буго», – абун,
Аллагьасул рахъалъан хIинкъи гьезие кьуна.
Гьеб къавмилан абуни, умумузул батараб
ГIадатниги динниги теларин данде чIана.

قَالَ تَعَالَى: ﴿وَإِلَىٰ مَدۡيَنَ أَخَاهُمۡ شُعَيۡبٗاۗ قَالَ يَٰقَوۡمِ ٱعۡبُدُواْ ٱللَّهَ مَا لَكُم
مِّنۡ إِلَٰهٍ غَيۡرُهُۥۖ قَدۡ جَآءَتۡكُم بَيِّنَةٞ مِّن رَّبِّكُمۡۖ فَأَوۡفُواْ ٱلۡكَيۡلَ
وَٱلۡمِيزَانَ وَلَا تَبۡخَسُواْ ٱلنَّاسَ أَشۡيَآءَهُمۡ وَلَا تُفۡسِدُواْ فِي ٱلۡأَرۡضِ بَعۡدَ

[1] Мадяналда аскIоб букIараб росо.
[2] Ай, борцун яги цIцIан бичулеб жо камизе гьаби.

إِصۡلَٰحِهَاۚ ذَٰلِكُمۡ خَيۡرٞ لَّكُمۡ إِن كُنتُم مُّؤۡمِنِينَ ﴿٨٥﴾ الأعراف : ٨٥

**فقالوا : يا شعيب لم نكن نترك ما يعبد آباؤنا أو أن نفعل في أموالنا ما نشآء وليس معك حجة وقد عرفناك وعرفنا أباك....الخ . «بدائع الزهور» صـ ١٠٦**

Таманаб бахIсги гьабун, гьеб къоялъ ратIалъана,
ТIадеги лъабго къоялъ дандчIваял тIоритIана.
ДагIба цIикIкIун горони, гьелдасан пайда ккечIо,
ШугIайбги цадахъ вачун, ханзабазухъе ана.

Абу-Жадгъавзгин Калман, СагIфас, Къарашат гIадал,
Мадянгин Айкаталъул мулукал[1] ракIарана,
Киназго цохIо кIалалъ кIалъан хабар бицана,
«Нежер аллагьаздехун инкар те»,- ян гьарана.

ГIутбатица, аскIов ун, ХIабибасде кинигин,
Капурал ханзабаца ШугIайб аварагасде:
«Дуе бокьун батани, риясат[2], я боцIи-мал –
Гьеб дуй гIахьал гьабилин, нижгун чIа», - ян гьарана.

Ножор боцIи-малалде хIажалъи дир гьечIилан,
ХIабибас ГIутбат гIадин, кIалкъотIун, чIезаруна,
НухI, Гьуд, СалихI, Ибрагьим, ЛутIил къавмазде тIаде
БетIергьанас реччарал балагьалги рицана.

Цинги, тIадеги вахъун, Калманица абуна:
«Ин каналь-амру кама такъулу, я ШугIайбу, –
Балагьал тIаде реччай дур битIараб батани,
Бортизабе нежеда тIаде зобалъул кесек».

[1] Мулукал – ханзаби.*
[2] Риясат – бетIерлъи-ханлъи.*

Гьелда хадубги къавмалъ ШугІайб аварагасде
«Дуца нежер гьал хъанчал кІалъайзаре», – абуна. –
Гьез мун ритІухъ гьавуни, дуде иманги лъуни,
Инкар тун, дуде нижги руссинин», – рагІи кьуна.

Аллагьасул расулас, хъанчазда аскІовги ун,
«Ман раббукум?»[1] – абураб суал гьезие кьуна.
Гьединго: «Ва ман ана»[2] – тІаде зиядги гьабун[3],
ТІолабго халкъгун ШугІайб хъанчазухъ гІенекккана.

«ГІалам бижарав Халикъ, халкъалъулго БетІергьан –
Нежер Аллагь вугилан, – хъанчаз жаваб гьабуна. –
Ва анта, я ШугІайбу, расулуллагь[4] вугилан», –
СарихІаб[5] жавабги кьун, хъанчал гІодор къулана.

Къавмалъе гьебги гІечІо, рагІуда нахъа чІечІо,
Хъанчаз нугІлъи гьабилин гьезда ккунги букІинчІо.
Гьеб мехалъ БетІергьанас кутакаб гьури пуна,
Гьалаклъиялда хІинкъун, рукъзабахъе кІанцІана.

Руччабигун бихьинал – гІемераб халкъ гьеб къоялъ,
ШугІайбида нахърилълъун, тавхІидалде рачІана.
ТавхІид гьез къабул гьаби захІмалъарав Абу-Жад,
Тагьдид гьабун, гьезие хІинкъи кьезе лъугьана.

«ХІинкъуге гьесукьа»,- ян ШугІайбица яхІ гъуна,
ЯхІ хварав хан Абу-Жад агІваназухъ[6] вортана.

[1] Ай, «Ножор БетІергьан щив?» – абун гьикъана.
[2] Ай, «Дун щив?»-ан гьикъана.
[3] Ай, тІаде жобан.*
[4] «Мунги Аллагьасул расул вуго»,-ян жаваб кьуна хъанчаз.
[5] СарихІаб – баянаб, чІванкъотІараб.*
[6] Ай, комекчагІи.

Амро гьабун, «ШугIайбгун, гьесда нахърилълъаралгун
Рагъ гьабизе къуватаб къокъа гIуцIе», – абуна.

Аллагь цо гьавиялде гьел рачIунгутIи лъайдал,
ЛъикIаб насихIатги гьез босунгутIи бихьидал,
ХьулкъотIун ШугIайбица, РахIманасда цеве чIун,
РахIмо-цIоб гьечIеб дугIа гьеб къавмалъе гьабуна.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ رَبَّنَا ٱفْتَحْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا بِٱلْحَقِّ وَأَنتَ خَيْرُ ٱلْفَٰتِحِينَ ﴿٨٩﴾ ﴾

الأعراف : ٨٩

ГьебсагIат БетIергьанас бухIараб гьури пуна,
ХIехьезе кIойчIого къавм подвалахъе лъугьана.
Гьелдаги нуж хутIизе гьечIилан хIинкъи кьолев,
ШугIайб вугониги, къавм, къвакIарал тамахлъичIо.

Хадубги гьезде тIаде хIалкIолев БетIергьанас,
ХIанчIани гIадан холеб тIутIазул бо беччана.
ТIутIаца машгъул гьарун, ШугIайб гьезда кIочана,
Гьесдехун рагъ гьабизе регIелго гьезий ккечIо.

Гьанжиги гьезде тIаде рихIун самум[1] беччана,
БакI-бакIалде тIурахъдун, кIанцIизе бакI тIагIана.
«ТIурун нуж рорчIуларин тавбо гьабе», - ян абун,
Гьезда хадув ахIдезе ШугIайибги лъугьана.

«НахIну накфуру бика ва бираббика»,[2] – гореб,
БатIаяб жаваб гьесий капурзабаз гьабичIо.

[1] Балагьалъулаб гьури.
[2] «Дудеги дур Аллагьасдеги ниж капурал руго».

«Фа зидна ма нахIну фигьи»,[1] – абураб горони,
Балагьаздаса хIинкъун, хIелиги гьезда лъайчIо.

Гьанже чIегIернакIкI, бачIун, къавмалда тIад тIупана,
ТIолабго дунял гьезий бецIаб рукълъун лъугьана.
БецIлъиялда цадахъго гучаб бухIи бачIана,
Бицун хIалго кIолареб ццинбахъин тIаде щвана.

ШугIайб аварагасде Аллагьас, вахIю гьабун,
«Иман лъуралгун цадахъ нахъе а»,- ян манлъана.
«Унзур, кайфа яхIиллу бигьим гIазаби»[2] – абун,
ГIазабалъе гьел хIакълъи Къадирас лъайзабуна.

БухIигун цадахъ бугеб чIегIернакIкIалъ сверун ккун,
Койгъулел бусби гIадин, гIазабалъ жал чурхъана.
Чурхдузул тIомал рухIун, тIуладе жаниб бортун,
ЖужахIалде щелдего цIадул гIазаб чIамуна.

Зобгин ракь гьаргьадулеб гьаракь Жибрилас гьабун,
Жигиги гIазабалъул даража камиллъана.
Жибриласул гьаракьалъ гьезие ахир лъуна,
Харбие чIагояв чи гьезул нахъе хутIичIо.

Гьеб рехсанщинаб гIазаб мушриказ чIамулелъул,
ШугIайбиде руссарал, берталъ гIадин, рукIана.

Беразда бихьи гореб, гIазабалъул рахъалъан
Гьезие рахIат холеб щибго асар букIинчIо.

---

[1] Ай, «КигIан цIикIкIун балагь беччаниги руссинаро, цIикIкIине гьабе»,-ян абуна.
[2] Ай, Аллагьас абуна Жиндирго расуласдехун: «Гьанжи балагье мун Дир гIазаб гьезде рещтIунеб куцалъухъ», – абун.

Аллагьасде иман лъун, чӀаго хутӀанщиназе
Хвавалщиназул боцӀи, бащад гьабун, бикьана.
ШугӀайбги Мадяналда, боцӀи, лъимал-хъизангун,
Берцинаб яшавалда херлъизегӀан вукӀана.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَلَمَّا جَآءَ أَمۡرُنَا نَجَّيۡنَا شُعَيۡبٗا وَٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ مَعَهُۥ بِرَحۡمَةٖ مِّنَّا وَأَخَذَتِ ٱلَّذِينَ ظَلَمُواْ ٱلصَّيۡحَةُ فَأَصۡبَحُواْ فِي دِيَٰرِهِمۡ جَٰثِمِينَ﴾ هود : ٩٤

Дармилъ хӀилла-рекӀкӀ гьаби модаялда лъугьанин,–
Мадяналъул агьлодай Дагъистаналде щвараб?
ШугӀайб аварагасде къавмалъгӀан, гӀалимзабахъ
ГӀин байзе хивал гьечӀеб къавмалда щиб гьабилеб?

ШаргӀалъул низамалда хьвадизе бокьуларел
Бусурманал наслаби, ножода цӀар щиб лъелеб?
ЦӀадар лъугьун горони чӀеларилан лъугьине,
Лъугьараб жогӀаги щиб Шамилил ракьцоязе?

Шубгьа-хӀарамалдаса нахъе къайиго гьечӀел,
Нуж гьеб даран-базаралъ кирехундай рачина.
КигӀан гӀемер щваниги, боцӀуца гӀорцӀуларел,
ГӀарцул босен тӀамунищ лъелел нуж лахӀдуялъур?

Тавбоялде рачӀине кӀвахӀаллъарал гӀолилал,
ГӀумру кибе щун бугеб лъалеб бугищ ножода?
Ялъуни ГӀизраилас, ножор изно гьечӀого,
РухӀ боссе вачӀинарин къотӀийищ гьабун бугеб?

Гьедин къотIи гьабизе къваригIарав чи ккани,
Чан миллион гъурущдай гьесие къварагIина?
Гъурщазул бакIалда дос долларал росуладай?
Меседил къайи кьуни, кьолародай васикъат[1] ?

Суалазе жавабал ножоцаго гьарун те,
Жаваб гьабизе лъайчIел, лъалезде гьикъизе а.
Гьединги бокьичIони, бокьараб гьабун рукIа,
Гьоко нахъе гиридал лъалебин бугъбузул хIал.

Бищунго шаригIаталъ хIалалаллъун рикIкIунел
ХIирфат[2]-пишабаздаса ккола тижарат[3] гьаби.
ХIарасаталдасаги[4] гьеб хIалалаб бугилан
Буго гIалимзабазул абулеб цо къокъаги.

Цинги даранчиясе лъайчIого чара гьечIел,
Чанги шурутIал руго, шаригIаталъ тIадкъарал.
ТIолго гьанир рехсезе гьунарги дир гьечIелъул,
ГьечIого гIоларезул бакка-бахъи гьабизин.

Бичулес босулесе гьереси бицинаро,
ГьечIеб сифатги гьабун, къайиги бецциларо.
Бугеб гIайибги бахчун, босулев гуккиларо,
Божилъи щулалъизе гьерсийги гьедиларо.

Гьединго вазну-кайлу камизе гьабиларо[5] ,
Капурго хвараб жоги бичизе бегьиларо.

[1] Ай, документ, «РухI бахъизе гьечIо», – абун..
[2] Ай, хIалтIи-пишаялдаса.
[3] Базар гьаби.
[4] Хур бекьи.
[5] Борцунеб ва цIалеб мехалъ камизе гьабиларо.

Бичулеб жоги живго бетIергьанаб букIина,
Бикъа-хъамураб боцIул малик гьев вукIунаро.

Мускирлъун[1] кколебщинаб кинабго гьекъолеб жо
КигIан дагьаб къадарги дармилъе беччайларо.
Чагъир гьабулеб лъани, яги щаклъи бачIани,
Босулесе цIибилцин кьезе хIарамаб буго.

Бичулеб жо батани гIорхъолъа ун учузаб,
Босулесда тIалъула гьелъул цIех-рех гьабизе.
Базаралда бичулеб цIехогеян абулеб,
Амма гьадаб хIалалъулъ цIехечIого гIолареб.

ЦIехон хадуб, гьеб боцIи хIарамаб букIин лъани,
Лъицаниги босизе бегьуларо шаргIалда.
Бичун щвараб багьаги босун щвараб къайиги
БукIунаро хIалалаб кIиявго гьудуласе.

Босулесда боцIи-мал хIарамаблъи лъайчIони,
Лъалесда аскIов щойдал,[2] бецIизе гьес ккеларо.
Кинниги, лъан кканиги, лъайчIого кกананиги,
Ургьибе загьро ккани, зарал батIалъи гьечIо.

Гьал рехсон цере арал, шаригIаталъ гьукъарал
Пишабазда ругьунал, ригьине мех щун гьечIищ?
Халкъалъе тIад ругезул гIадло хун батаниги,
ГIадлоялъе хвел гьечIев Халикъ вугев лъаларищ?

Нилъ эркен ругеб хIалалъ Аллагь кIочон хьвадани,
ХIал тIаде щвараб къоялъ Досда нилъ кIочонелъул.

[1] Жинца мехтизе гьарулебщинаб жо.
[2] Ай, Аллагьасда аскIоб, ахираталда.

КIудиял къварилъаби тIаде рещтIун хадуса,
ТIаса росеян гьари гьеб мехалъ кватIун ккола.

БутIрузда кIаз къаларел, къвалал гордазда гьечIел,
Базаралда рукIунел, руччаби, ножор сури.
Ножоцаго ножода гьабула бугеб зулму, –
Гьеб лъайзе гIакъло гьечIел ножой щибха бицинеб?

ШаргIалда бегьулареб даран-базаралъ щварал
Гъурщаз миллионазул зарал тIаде бачуна.
Босулезе камурал граммаз дуе гьабураб
Дагьа-макъаб пайдаялъ гIемер боцIи чурула.

БоцIи гIемерлъанагIан ракI мискинав лъугьуна,
МискинчиясулгIанги сахават букIунаро.
Баркат гьечIеб, хIарамаб магIишат гIуцIулаго,
ГIемерисел, фужъатан[1] хвалил гудрица ккола.

Цо пуланав чиясул гIака букIарабила,
Радалги къайисаги къали рахьдал бахъулеб.
Къойилго рахь бичизе базаралде унелъул,
Лъим гъорлъе тIолеб гIадат гьесул букIарабила.

Бералда бихьулареб гьеб хIилла-макро гьабун,
ХIалалго щолел капкал чурук гьаруралила.
Гьел хIарамал капказул баркат гьечIолъиги щун,
Лъеда жанибеги ккун, гIака гIанкъарабила.

Рокъой йикIарай гьесул цо гьитIинай сабийят[2] –
Гьелъ, инсудеги юссун, гьадин абурабила:

[1] Ай, ракIалдаго гьечIого, божкъаликье.
[2] Ай, гьитIинай яс.

«Эмен, дуца рахьдалъе жобан бичарабщинаб
Лъин данделъун батилин дур гIака гIанкъизе», - ян.

Ножоца дармилъ гуккун, зарал ккарал гIадамаз
ГIарасат-майданалда байрахъ борхизе буго,
Борцунаго, цIалаго ножоца тIокI гьарурал
Гарамазухъги дора келаби ине руго.

Ножой бицун харбилни хайир кколареб лъала,
Лъаниги, ахIвалаца[1] тIамула хъвадаризе.
ТIокIаб ножой гьабизе кIолеб гIадло гьечIелъул,
КIвараб гьабулайилан вукIуна гаргадулев.

Дун ножода гурхIула, жагьилал базаргаби,
БачIараб хайиралъул закат кьезе лъаларел.
Барахщизе бачIуна гьеб ножор гIумруялда,
Дин-Ислам бичIчIичIого гIадада ина бугеб.

ГIодула кидаго ракI, руччабазул халгьабун,
Россиялъул шагьраби нахъарукълъун лъугьарал.
Хадубги ццин бахъуна гьезул залимлъиялда,
Замана квешлъаниги, хIинкъизего лъаларел.

ХIалалаб бугониги, махIрамияв гьечIого,
Руччабазе гьединаб сапар хIарамаб буго.
ХIатта, цо хIажги гьабун, фарз тIобарай ятани,
ТIокIай гьений инецин шаргIалъ изно кьоларо.

ШаргIалдаса бацIцIадаб хIукму-къанунги гьечIо,
Къуръаналъул гIадинаб гIадлоги букIунаро.

[1] Халкъалъул хьвада-чIвадиялъ.*

БетIергьанас лагъасда зулмуги гьабуларо,
Гьесие маслахIатаб баян гьабун горони.

Гьединав Халикъ вуго, халкъалъул МагIбуд вуго,
Махлукъалда гурхIулев РахIман – Досул цIар буго.
Дунял цIурал мунагьал гьарун щив вугониги,
Тавбо бацIцIад гьабуни, чурилин абун буго.

Уммат жиндий хирияв ХIабиб – авараг вуго,
Аллагьасул буйрухъал гьес тIорайзарун руго.
ТIаде хулафаазги, хадур аимматазги
ШаргIалъул ахIкамазе гIорхъабиги лъун руго.

ГIорхъи бахун къватIиве гIакъло бугев инаро,
ГIакълоялъ ккойчIев инсан шаргIалъги цIуниларо.
ШаргI цIунизе гIакълоги, гьеб лъезе гвангвараги
ГьечIел, Аллагьасги кьун, рачIаги Исламалде!

Астагъфируллагь, тавбо тIолго мунагьаздаса,
Мун рехсей горебщинаб рагIи-каламалдаса,
РакI Дудаса гъапуллъун, беччараб хIохьладаса,
ХIарамалде буссараб самгIгин басаралдаса[1].




[1] Бер-гIиналдаса.

# - ФАСЛО -

## МУСА АВАРАГАСУЛ ﷺ КЪИССАЯЛДАСАН КЪОКЪАЛ БАЯНАЛ

**ФиргIавн гъавиялъул ва гьесул гьитIинаб гIумруялъул хIакъалъулъ къокъаб баян (лагIанагьуллагь)**

Нусгогин лъабкъоялда анцIго сон гIумру бугев,
Мисриялъул ракьалда цо гIиял вехь вукIана,
МусгIабилан абураб цIарги гьесда букIана,
Насло жиндие гьечIев гIакъимлъунги[1] вукIана.

ГIалахалда вукIаго, хадуб бечегун бугеб
ГIака жинда бихьидал, гьелдехун хIасад ккана.
ХIалкIолев БетIергьанас гIакдае гьунарги кьун,
Гьеб, МусгIабиде буссун, пасахIатго кIалъана:

«Саюладу, я МусгIаб, лака валадун»,[2] – абун, –
Вас дуйги гьавилилан рохел гьесде баркана,
Аркану жагьаннама[3] гьев вукIине вугилан,
ВукIинесев васасул гIакъибатги[4] бицана.

Цинги, вас гьавизегIан, МусгIаб чIаго хутIичIо,
Гьев хун хадув вас гьавун, Валид абун цIар лъуна.
Эбелалъ гьев хьихьана, балугъалде вахана,
Хадув нажжарасухъе[5] ругьун гьавизе кьуна.

[1] ГIакъим – насло лъугьунарев.*
[2] «Дуеги гьавизе вуго вас».
[3] ЖужахIалъул агьлолъун, гьезул бетIерлъун.
[4] ГIакъибат – гьесул ккезе бугеб, ахир.*
[5] ЦIулал устар.

Нажжарасул хIалтIуда Валидил ракI рекъечIо,
Къимаралда[1] ругьунлъун, гьелъул агьло лъугьана.
«Гьеб пиша жибго те», - ян кигIан цIакъ гьараниги,
Гьес эбелалъул вагIза бетIералде босичIо.

«Я умми, каффи гIанни, фа инни гIавну нафси»,[2] –
Васас гьединаб гореб жаваб гьелъий гьабичIо.
Гьелдалъун «ГIавну» абун тIокIцIар гьесда рекIана,
Гьеб цIар абун горони, лъалаpевлъун лъугьана.

Гьелдаса хадув ГIавну, щибго жоги рехун тун,
Щибаб сардилъги къадги къимаралда вукIана.
Къанщинахъе ГIавнуца, гIарац гьабизе бичун,
Черх бахчизе парталцин тIад гьечIого хутIана.

Халкъалда гьоркьов чIезе нечараб хIал лъугьиндал,
Гьанжи ГIавну тIурана лъалареб рахъ балагьун.
Гьев тIурун, тIагIун индал гIадамаз цуцадехун
«Фарра ГIавну»,[3] - ян абун, махсараби гьаруна.

Гьедин тIагIарав ГIавну, замана гьоркьоб индал,
Зазил цIураб гъойтI гIадин, тIадвуссун рокъов щвана.
«ТIурун ана ГIавну», - ян абураб рагIудасан
Гьесул цIар «ФиргIавн» абун, халкъалъулъ машгьурлъана.

«Нажжарасул хIалтIуда машгъуллъун лъикI гьечIищ?»-ан
Гьанжиги васасдехун эбел берцин кIалъана,

[1] Гьоркьоб гIарацги лъун, гьабулеб хIай.
[2] Эбелалде инкар гьабун абулеб буго, ай кIалъалев вуго, «Дица диего бокьараб горони гьабиларо», – абун.
[3] Ай, ГIавну тIурана.

Нафсалъ тIаса бищараб гьабиялда горони,
Дун разилъуларилан, ФиргIавница абуна.

Цинги базар гьабизе гьесул ракIалде ккана,
БукIараб цо диргьам кьун, хармуз-пастIан босана.
Бичизе базаркъватIнав къоялъ гIодов вукIана,
ГIарифу-тIтIарикъ[1] вачIун, диргьам кьеян абуна.

«Диргьамалъул къиматаб къай гореб, дихъги гьечIин,
Диргьам дуй сундуй гIоло кьезе кколеб?» – абуна.
БазархIакъ бакIарулес: «Чи рикIкIун, диргьам боси –
Ханас тIадкъан бугилан», – къвакIун, жаваб гьабуна.

Бадиса канлъи араб кутакаб ццинги бахъун,
Вахъун тIадегун ФиргIавн, базар тун, нахъе ана.
Бикъа-хъамиялдаса пайда боссе лъугьана,
Мисриялъул ракьалда, къватIук гIадин, хьвадана.

Ккойзе щун, жанив тIамун, тIурун ворчIун, вахчарун,
Нич гьечIого гъачагълъи ФиргIавница гьабуна.
Гьеб хIалалда вукIаго гIамаликъатаздаса
Цо чиясул тIурараб чу, ккун, досухъе кьуна.

Нахъе хутIараб боцIи босизе варис гьечIев,
Гьев чиясе ФиргIавнил лебаллъи данде ккана.
«Дида аскIов, вас гIадин, чIа», - ян абун, гьарана.
ЧIун лъикIин ракIалде ккун, ФиргIавнги разилъана.

ФиргIавнил хидматалда дов чи халат хутIичIо,
Хун довгун тIолго боцIи гьасул кодобе щвана,

[1] Ай, базархIакъ бакIарулев чи.

Щванщинаб боцIи-малгун эбелалъухъе ана,
Элъул бакIалдаги чIун, чIвархизе байбихьана.

ЧIобого щвараб давла, гъийин бихьичIеб боцIи,
БарахщичIого кьабун, ФиргIавница кIутIана.
ТIолго кванан бахъана, койр байзе бакI хутIичIо,
Хадусеб касбуялъе[1] ургъизе байбихьана.

Гъийинго бихьичIого боцIи щолеб къагIида
Бигьаго ФиргIавница хIисабалде босана,
Мисриялъул хабзалалъ хварав чи вукъулелъул,
Зараибал[2] тIадги лъун, бакIари лъикIин ккана.

ТIадеги, гьеб ханасул амро бугилан абун,
Агьалиялда жаниб тIибитIизе гьабуна.
Гьеб хIалалъ харж бакIарун, хваразда налогал лъун,
Ханасул яс хойзегIан гIемер мал бакIарана.

Гьей ясги хун, юкъизе хабзалалъе йосидал,
Нукъудал[3] кьун горони, ФиргIавница йеччайчIо.
ФиргIавнил налогалъул гIарз ханасухъе щвана,
Ханас, тIадеги ахIун, чIвазе хIукму гьабуна.

ЧIваялдаса ворчIизе ФиргIавн цIакъ вортанхъана,
НахъчIвайзе хан нечараб боцIи досий регIана.
РагIи данде ккезабун, гьоркьоблъи лъикI гьабуна,
Гьединго вукIайилан ФиргIавн, койр хьвагIун, тана.

[1] Касбу – хIалтIи-пиша.*
[2] Ай, тIад налог лъураб гIадин, гIарац кьун горони, хварав чи вукъизе веччайчIо.
[3] Ай, гIарац кьун горони.

Кинниги, вазирзаби ханасда тIад рекъечIо,
«Ханзабада рагIани, рогьо гьечIищ?» – абуна.
Гьанжиги ФиргIавница ханасул хьибил ккуна,
Мун хьихьизе тIадкъани, тIобайлилан абуна.

АгIдаазул[1] рахъалъан хIинкъи бугевги вукIун,
ХIарасаталъе[2] ханас ФиргIавн къабул гьавуна.
АгIванал[3] данде гьарун, къуват цIикIкIарал рищун,
Шагьар бакьулъ къуба бан, ФиргIавн гьезда тIад тана.

Гьелда хадуб ханасда квешаб макьу бихьана,
Кутакаб цо гIанкъраялъ макьилъ гьесда хIанчIана.
ХIинкъун, тIуркIун ворчIана, тIаде вахъун, кьолона,
Макьу къотIизабизе вазирасухъе ана.

Унаго нохда ватун, ФиргIавн данде лъугьана,
«Лъугьа-бахъараб щиб?» - ан гьикъа-бакъи гьабуна.
Гьесдехун ургъел бикьун, макьу ханас бицана.
Берцинго ФиргIавница къубаялъув вачана;

Хвалчен кьабун, ханасул хехго бетIер къотIана,
КIутIун чодеги вахун, досул хъаладухъ ана,
Хъатамасан ханасул тахида гIодов чIана,
Тажги бетIералда лъун, хазинаби рагьана.

Вазирзаби ахIана, хIеренго гьел гуккана,
ХIалхьезегIан малги кьун, руцIцIун чIезе гьаруна.
Зарраго мекъса ккарав, къосарав ФиргIавница,
КъвакIараб гIадло гьабун, ханлъи щула гьабуна.

[1] Тушбабазул рахъалъан.
[2] Ай, охранлъиялъе.
[3] АгIванал – комекчагIи.*

Шакъаваталъ мехтарав гьев тIадеги чIухIизе,
ТIоцобе иблис бачIун, гьесий сужда гьабуна.
Гьелда хадуб ФиргIавний, вачIун, суждаги гьабун,
Гьаманица гьесие «Аллагь»-илан цIар кьуна.

ЦIергIадин вазирзаби, агIванал-кагьанатал[1] –
Киназго ФиргIавние цадахъ сужда гьабуна.
Гьанжи гьес байбихьана бану-исраилазде,
Аллагьасе бацIцIадго лагълъиялда рукIарал.

Лагълъи жиндие гьаби гьездасан тIалаб гьабун,
БегьанагIан къварилъи ФиргIавница гьабидал,
РакIалъ «Аллагьасе», - ян балъгояб нийяталда,
Бану-исраилазги сужда гьесий гьабуна.

Гьелда хадуб иблисалъ, ФиргIавнилгун дандги бан,
«Дуего цо хассаб хъанч гьабун лъикI, - ин абуна, –
Гьединго, гIаламалъги гIибадатал гьаризе,
Гьезиеги батIаго хъанчал лъикI», - ин бицана.

Бицаралда тIадрекъон, ФиргIавница гъулбасун,
иблисалъе бокьухъе хъанчал, гьарун, гIуцIана.
ГIибадат-дин гьабизе гIалам гьезде буссана,
Бану-исраилазул балъго тавхIид букIана.

Бидулал койраздалъун, койшол ахлакъаздалъун
Ханлъи бахъун горони, ахбасуль-хабис[2] чIечIо.
Халкъалда зулму гьабун, «Аллагь»,-илан дагIба бан,
Аллагьасул тушманас Мисри лагъзаллъун ккуна.

---

[1] Кагьанатал – сихIручагIи.*
[2] Бищунго хъубазулги хъубав.

Мунагь-хатIабаздаса нахъе къайиго гьечIел,
Гьанжисел хIарамзатал ФиргIавнида релълъана, –
Зулму-хIалалъ рахъулел хъулухъазул халгьабун,
Гьазул церетIеялъул цого къагIида буго.

Цинги хадуб халгьабе хабис[1] гьалаклъиялъул,
Гьесий ханлъиялдасан щвараб давла-милкалъул.
Досул атбагIазулги[2], чIаго нахъе хутIараз
Халгьабун те, гIакъибат[3] кинабдай букIунаян.

[1] Хабис – чурук.*
[2] Ай, досул гIадаб нухдасан унезулги.
[3] ГIакъибат – ахир.*

# - Ф А С Л О -

## ФИРГIАВНИЦА АСИЯТ ЯЧИНАЛЪУЛ КЪОКЪАБ БАЯН

Асият эбелалъул ургьий йигеб гIужалда
Эмен – МузахIимида цо макьу бихьанила:
Жиндирго мугъзадасан гIурччинаб гъойтIги бижун,
БачIун, чIегIераб гъеду гъотIода кIетIанила.

«Дир гъойтI буго гьаб», – абун, гьеб гъойтIалда чIанила,
ГьебсагIалъ МузахIимги, кьижарав, ворчIанила,
Макьил тагIбир[1] гьабизе гьунар гьесул гIечIила,
Гьеб къотIизе гьабизе лъалесухъе анила;

ЛъикIлъиялъул цIар арай, бахьи-сагIадат бугей
Яс дуе гьайилилан, – гьеб макьу къотIанила. –
Къадар гьей ясалъулгун капурчиясул бугин,
Гьесда аскIой шагьидлъун хойлинги бицанила.

Цинги МузахIимие Асият гьаюнила,
Гьелъул гIумродул сонал къойиде раханила.
РакIалдаго гьечIого боржун бачIараб хIинчIалъ
Гьелъул кварчIеналъубе цо жавгьар реханила.

Цинги Асиятиде гьеб хIинчIалъ абунила:
«Авану тазвижика – гьаб жавгьар гIурччинлъи,[2] -ян, –
ГIурччинаб кьер хадусан багIараблъун лъугьиндал,
Гьебги дуй гIаламатан вакъту шагьадаталъе»[3].

---

[1] ТагIбир – макьу къотIи.*
[2] «Гьаб жавгьар гIурччинлъидал мун рукъалде ина»,-ян абунила.
[3] «БагIараб кьер жавгьаралъул лъугьиндал мун шагьидлъилин»,- ги абунила.

Гьелда хадуй Асият халкъалда машгьурлъана,
ЛъикIалщинал пишаби гьелъ хIалтIизе гьаруна,
Гьелъул хIакъалъулъ бицен ФиргIавниде бахана,
ХитIбат[1] гьабун, гьаризе инсухъе чи витIана.

Инсуе цIакъ бокьичIо, нахъчIвазе къасд гьабуна,
Асият гIун гьечIилан, гIузру бачун, кIалъана.
ГIузру къабул гьабизе ФиргIавнил хивал ккечIо,
Хадуб МузахIимица магьар тIалаб гьабуна.

Магьари кьеларилан ФиргIавн инкар ккун чIана,
«Гьебниги кье», - ян гьарун, гьесухъе чагIи ана.
Кьуниги инарилан Асият данде чIана,
«Аллагь»-ан чIарав ФиргIавн гьелъие къабуллъичIо.

«Гьува гIала динигьи, ва анти гIала диник,[2] –
Дуца дурго дин гьабун, дос жиндиргояб гьабун,
Ли ажли мударати ФиргIавн[3], – чара гьечIого
Ригьнаде ун лъикI», - илан лъикIаб гьелъий бицана.

Бицаралде гIенеккун, Асият разилъана,
Инсул тIалаб тIобайзе ФиргIавнги данде чIечIо.
ГIарацгин меседалъул анцIазарго якъия
Асиятий магьари кьеялде гьев вачIана.

Гьелъий хассаб къуба бан, цере гъаравашал тун,
Бертадуе гIемераб гIигин боцIи жинца хъун,

[1] ХитIбат – яс гьари.*
[2] «Дуца дурго дин гьабе, дов жиндирго диналдаги вукIун, досие а»,- ян гьаранила гьелде.
[3] Ай, ФиргIавнилгун хIалрекъезе гьабизе гIоло ун лъикIин абуна гьелде.

ЖужахI тIадазул къаид[1] къудраталъул Аллагьас,
Асият ячаниги, гIанинлъун[2] чIезавуна.

ГIадатиял гIадамал зулмучагIаз кIойкIичIеб
Заманниги бакIниги букIунго батиларо.
РахIаталда муъминчи мунафикъзабаз тейи –
Батила дунялалда кидаго букIинчIеб жо.

Капурчиясе дунял Алжанлъун кьун бугелъул,
Бокьухъе рукIа абе иман гьечIеб къавмалде.
Ахираталъул рокъор туснахъ гьаризе ругел
Гьел гъоркь чIараб гъойтIалъул рагIад тIад хутIуларо.

**فلما صارت عند فرعون – أي آسية – دخل عليها وهمّ بها فلم يقدر على ذلك وكان هذا حاله معها فرضي بالنظر منها فقط . «بدائع الزهور» صـ ١٠٩**

[1] Цевехъан.
[2] ГIанин – руччабаздаса загIифав, гьезде хIажалъи гьечIев.*

# - ФАСЛО -

## ФИРГІАВНИДА РИХЬАРАЛ ГІАЛАМАТАЗУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН (ЛАГІАНАТУЛЛАГЬИ ГІАЛАЙГЬИ)

Асиятие бараб къубаялъув кьижарав,
Макьилъ ахIун, гьатифалъ ФиргIавн ворчIизавуна:
«Духъа ханлъи бахъизе бану-исраилазул
Вас вачIине вугилан», – гьесие хIинкъи кьуна.

ХIинкъиялъул цIакълъиялъ къаркъала сородана,
Асиятиде: «Гьаракь рагIанищ?» - ан гьикъана.
Гьелъ «РагIанилан», – абун, жаваб гьесий гьабуна, –
Жигиги ФиргIавние хIинкъиги кутаклъана.

Тахиде вахун ФиргIавн цойги къоялъ гъапана, –
ГъалбацIалдаги рекIун, гIолохъанчи вачIана;
ГIансица бетIер бухун, ФиргIавн инжит гьавуна,
Гьелде тIаде, бохги ккун, ралъдалъеги рехана.

Вихха-хичун ворчIана, макьу тIагIунго ана,
«Макьу къотIизе чагIи ахIе», - йилан абуна.
АхIун рачIарал гьезий гьас макьу бицун тана,
Гьеб къотIизе, ургъизе заман гьезги гьарана.

Гьеб шартIалда тIадруссун унел мугIаббируназ[1]
Макьоялъ гьав гьалаклъи бицунилан къотIана.
Бицине ФиргIавнихъа хIинкъарал тагIбирчагIаз
«Азгъасу ахIлам»,[2] – абун хадуб рекъезабуна.

[1] Макьо къотIулел чагIаз.

[2] «Гьадингояб, щайтIабазул макьо буго», – абун тана ФиргIавниде, тIадруссун досухъе рачIиндал.

Хадусел сардабазги, ФиргIавн макьид восидал,
Довго гIолохъанчияс гIанса ботIрода бана,
«БетIергьанасдаса дур нечонгутIи щиб?» - илан,
Квешал рагIабаздалъун кIалгьикъиги гьабуна.

КIиго кваркьиги бижун, Алжаналъул хIинчI гIадин,
Асият гьаваялда йоржанхъулей йихьана,
Ракьулъан иццал раккун, лъин лъугьунги бихьана,
Лъеда жанив живгоги лъугьинавун вихьана.

Байтул-Мукъаддас бугеб рахъалдасан цIа бачIун,
Мисриялъул ракьалда рукъзал рухIун рихьана,
КъибтIиял цадахъ рухIун, исраилал хутIана, –
РухI ун хIинкъарав ФиргIавн макьидаса ворчIана.

Макьабаз хIинкъизавун, хIалхьи жиндий тIагIиндал,
ТIолго кагьанатчагIи гьанжиги ракIарана.
Гьезде макьу бицана, къотIейилан абуна.
КъотIун, гьел макьабазул хIасилги гьадин ккана:

«Духъа ханлъи бахъулев цо вас гьавизе вуго,
Гьес жив аварагилан дагIбаги байзе буго,
Дуйги дур къавмалъеги гьалаклъи щвезе буго,
Гьев васасул койрдасан гьебги букIине буго».

Гьедин макьо къотIидал тIаде ургъел бегана,
ТIолго вазирзабигун мушавара гьабуна.
«Щибдай гьабун лъикI?» - илан, гьелгун гIакъло дандбана.
«Гьарурал бихьинлъимал хъой», - илан гьез манлъана.

Лъимал гьаризе ругел бану-исраилазул
Руччабазе халккойзе хассаб къокъа гIуцIана.

ГIимранил лъадиялде аскIор гьел унароан, –
Гьев – бищунго ФиргIавнил божарав чи вукIиндал.

Васал хъойхъун, ясал тун, улбузе гIакъоба кьун,
Бану-исраилазда гIазаб чIамизабуна.
АнцIилакIиазарго бихьинлъимер гьес хъуна,
Лъабкъоялда анцIазар хъурабиланги буго.

Бану-исраилазда къибтIияз гьабун тараб
Зулмуялъул хIакъалъулъ хIалкIойларо бицине, –
ХIалтIи кьун, мухь кьечIого, чIорого хIалтIизарун,
ХIалтIизе кIоларезда тIад кIудияб жизъят[1] лъун.

Лъималазул рухIабаз умумузулъ хвел баккун,
Бану-исраилазе ками кколеб букIана.
Нежее хIалтIизе гьел гьечIого гIоларилан,
ГIарз гьабун, къибтIияца ФиргIавниде бицана.

Цо соналъ гьарурал хъун, цойгиялъ гьарурал тун,
Лъимал хъоялъул низам гьелда чIезе гьабуна.
Гьарун[2] гьавураб лъагIел лъимал хъолареб букIун,
Гьесул ургъел ккечIого, эбел йорчIун йикIана.

Муса ургьив вачIараб лъагIелилан абуни,
Лъимал хъолеб данде ккун, ккана гьей ургъалилъе.
Ургъел тIаса босизе хIалкIолев БетIергьанас,
Сабаб рекъезе гьабун, гьебги бигьалъун ккана.

Юсуф аварагасго бицун букIараб хIалалъ,
Бану-исраилазда ФиргIавнил зулму ккана.

[1] Жизят – магъало, налог.*
[2] Гьарун – Муса аварагасул вац.*

Зулму бергьарав малгIун гьалаклъизе мех щойдал,
Муса аварагасул виладат[1] берцинлъана ﷺ.

Бану-исраилазул руччабазда тIад тарал
Къавабилазда[2] гьоркьой цо лъалей гIадан йикIун,
Балъгого гьейги ахIун, гьелъ чIарахъанлъи гьабун,
Гьавун босада лъуна Муса, гIалайгьи-ссалам.

Гьесул beразда гьоркьоб бугеб гIаламат бихьун,
Балагьизе кIойчIого чIарахъан сородана,
Сверухълъиго гвангъараб нуралъул хIисаб гьабун,
Муса вокьиялъ рекIелъ кIудаб асар гьабуна.

Гьев гьавиялъул хабар ФиргIавнихъе босизе –
Балъго букIараб нийят чIарахъаналъ хисана.
Мусал эбелалдехун, гьедин букIанин бицун,
«Гьав вас дуца цIуне», - ян цIакъ берцинго манлъана.

Рокъоса къватIий лъугьун къабилат[3] унеб мехалъ,
Гьелде бер щун, щаклъи ккун, щвана кIалтIе къибтIиял.
ХIинкъиялъ гIакъло арай эбелалъ, лъай гьечIого,
ЧIартилъги жемун, Муса коралда жанив лъуна.

Жанир рачIун къибтIияз гьикъа-бакъи гьабуна,
«Къабилаталъул мурад щиб букIараб?» – абуна.
«Щойзе жийго ячIарай заират[4] йикIанилан», –
ЗулмучагIазе жаваб ракIалде щвараб кьуна.

Щаклъун жанир рачIарал къибтIиял тIадруссана,

[1] Виладат – гьави.*
[2] ЧIарахъабазда гьоркьой.
[3] Къабилат – чIарахъан (акушерка).*
[4] Ай, зиярата лъ ячIарай.

Муса жанив лъураб кор цIаялъ боркьун букIана.
Боркьараб коронисан вас гIодизе лъугьана,
Гьеб рагIизегIан эбел гIакълоялда йикIинчIо.

ГIакъло-лъай тIадбуссиндал вас коронив ватана,
Кинилялда лъуравгIан парахатги вихьана.
Халикъасул рахIматалъ, цIеда жанив лъуниги,
Алжанлъун корги гьабун, гьенив Муса хьихьана.

Гьарун нахъе, хъойчIого, лъимал хутIилин хIинкъун,
ХIинкъарав ФиргIавница тафтищ[1] кутак гьабуна.
Гьесул заралалдаса вас цIуниялъул ургъел
Эбелалъул рекIелъги цIидасан багъарана.

«Вас, табуталъувги[2] лъун, Нил-гIурулъе рехе», - ян
РакIалде илгьам гьабун, гьей кантIизе гьаюна. –
ТIадвуссун саламатго вас духъе щвезе вугин,
«Щибго ургъел ккоге», - ян – гьеб рохелги бицана.

Цинги нажжарасухъа[3] табут бичун босана,
Босулелъул, баигIас[4] «Щибизе?» - ян гьикъана,
Гьереси бокьичIого, гьесде битIун бицана.
Гьев нажжар, хиянатлъун, заббахIиназухъ[5] ана.

Гьезий хабар бицине нажжарас къасд гьабуна,
Къудраталъул Аллагьас гьесул кIал-мацI бухьана.
КIалъайзе гьунар гIечIо, койраз ишан гьабуна,
Гьагав чи хIисабалда, вухун, къватIиве гъуна.

---

[1] Ай, цIех-рех.
[2] Табут – гъалмас.*
[3] Нажжар – цIулал устар.*
[4] Гъалмас бичарав устар.
[5] Лъимал хъолел чагIи.

ТIадвуссун рокъов щвана, бухьараб мацI бичана,
НечечIого, гьанжиги гьадазухъего ана.
Добго хабар дозие бицине къасд гьабуна,
Гьанжисала кIал-мацI ккун, берзул канлъиги ана.

Койраз ишара гьабун, гьанжиги мацIихъанас
Мусал хабар гьезие бицине къасд гьабуна.
БичIчIизего кIолареб гьасул ишара чIалгIун,
«Гьав гIабдалго щив?» – абун, кьабун къватIив рехана.

Рокъобе къасд гьабуна, нух бачине хIалкIойчIо,
Беразул канлъи иналъ хIайранлъизе гьавуна,
Гьанжи: «КIал-мацI беччани, канлъиги тIадбуссани,
ТIокIав заббахIиназухъ инарин», – къотIи ккана.

Аллагьас, гьесул ниййят бацIцIадаб букIин лъайдал,
КIал-мацIги беччан тана, берзул канлъиги кьуна.
БетIергьанасул къуват жинда берда бихьидал,
Бахьи кьурав нажжарги суждаялде ккун ана.

Мусаде иман лъуна, инкар жиндир къотIана,
Аллагь цо вукIинги лъан, тавхIидалде вачIана.
Табут, васги жанив лъун, балъго, сардил гIужалда
Нил гIоралде жанибе эбелалъги рехана.

ФиргIавнил, цо яс горей, насло цебе букIинчIо,
Гьейги барас унтиялъ[1] гIузру ккарай йикIана.
ГIемерал атIибааз, кагьанат-сихIрочагIаз[2]
Кин дару гьабуниги, гьелъий сахлъи байинчIо.

[1] ТIомалда тIад лъугьунеб квешаб унти.
[2] Тохторзабазги сихIрочагIазги.

Ралъдалъа къватIив вахъун, чIагояв инсанасул
ХIацIу бахин горони, гьелъий дару гьечIилан,
Ялъуни Нил-гIоралъул лъеца щибаб къойил черх
Чуризе кколин абун, киналгоги кIалъана.

КIиябгоги риваят «ГIараис»-«БадаигIалъ»
Бицун бугелъул, ножой дицаги рехсон тана.
Хилафалда тIад кIалъай – дир шаъноги горелъул,
Лъалесде гьеб тIамун тей дие бищун бокьула.

Барасалъе дарулъун Нил-гIорил лъин хасслъидал,
Халиж[1] бахъун, бачана ФиргIавнил азбаралде.
АтIибааз манлъараб дару-сабаб гьабизе
Гьение унтарай яс къойилго рещтIунаан.

Гъаравашалгун цадахъ цо къоялъ лъел рагIалда,
Цуцай махсаро гьабун, ракIгьеялда рукIана.
РакIалдаго гьечIого, Аллагьасул къудраталъ
Табут лъел карачелаз гьезда цебе рехана.

Цинги ФиргIавнил ясалъ табут къватIиб бахъана,
ТIолгояз, сверун лъугьун, гIажаиблъи гьабуна.
Жаниб щибдай бугоян гьебсагIаталъ рагьана,
Меседил горо гIадав гьайбатав вас ватана.

Васасда койр хъварабго яс чан гIадин лъугьана,
Черхалда тIад букIараб барас унти тIагIана.
Асиятихъе ана, ккараб къиса бицана,
Барас унти иналъул рохел загьир гьабуна.

[1] Ай, канал.

Гьанжи Асиятица вас кодове вачана,
Надалда убач гьабун, гьев цIакъ хира гьавуна.
Гьесул гьормада бугеб гвангъараб, гьайбатаб нур,
Гьадияс тIойитIидал, гьелъул берда бихьана.

Гьевги вачун Асият ФиргIавнихъе яккана,
Ккарабщинабги бицун, гьесда вихьизавуна.
Васасда койр бахъидал, барас унти тIаса ун,
Ясалъе щвараб сахлъи – гьебги гьесда бицана.

Бугониги, ФиргIавнил ракIалъ къабул гьабичIо,
Бану-исраилазул вас ватилин хIинкъана,
«ХIинкъарал макьабазул тагIбир жиндий гьабурав
Гьав васцин горищ?» – абун, Асиятгун кIалъана.

Вас хъойзе кколин абун, ФиргIавн тIиртIирун чIана,
Хъогейилан Асият гьесда данде кIалъана:
«Нелъее пайда бугев вас лъугьине бегьулин,
ЛъугьинчIони, хадусан хъойларищ», - ан абуна.

Асиятил рагIиялъ ракI ФиргIавнил хIеккана,
Рокьукълъи-рихиналъул асарги тIагIун ана.
Аллагьасул къудраталъ, къосарав малгIун – ФиргIавн,
Мусаги кодове кьун, хидматалъе[1] тIамуна.

Халикъасул макроялъ капурав хан гуккана,
Махдумас[2] жиндиего гьабизе бугеб лъайчIо.
«Гьанже гьасде цIар лъе», - ян ФиргIавница абуна,
Асиятица гьесде: «Муса», - йилан ахIана.

[1] Ай, Мусае хъулухъалъе.
[2] Жиндие хъулухъ гьабурас (Ай, Мусаца).

Эбелалъ Нил-гIурулъе рехулелъул лъимадул,
Лъабго моцI букIанилан буго цо къавлоялда[1].
Цо сордо-къо, я лъабго лъелъ бахъанин бицуна,
Цойги риваяталда – кIикъогойилан буго.

Ракъиялъе, къечалъе, жиндирго килищ цIункIун,
Табуталъуб Аллагьас Мусае гIей гьабуна.
ГIакаялда хахулеб бечеялъе кинигин,
Килищалдасан гьесий рахь чвахулеб букIана.

Хадуб Асиятица Мусае кафилатлъун[2]
Керемалда рахь бугел маразигIал[3] цIехана.
РачIанщинал руччабаз керен кIалдиб чIваниги,
Киназдаго хахизе васас инкар гьабуна.

Гьесие данде кколей мурзигIат[4] кисадаян
Асият цIакъ кутакаб ургъалида йикIана.
Нил-гIурулъе рехарав васасухъ ракI гIодулей,
ГIимранил лъадуеги хабар лъайзе бокьана.

Халикъас илгьам гьабун, Мусал яц Марямиде
Вацасул хIал цIехезе аян абун манлъана.
Марям къватIий яхъана, Асиятихъе щвана,
Мусаги кварчIинив лъун, гьей гIодой чIун ятана.

«Дица ячIина гьесий кафилат», - ан абуна,
Асиятги разилъун, эбелалъухъе ана.

[1] Ай, цо-цо гIалимзабазул рагIиялда.*
[2] Ай, Муса хьихьизе.
[3] Ай, лъимал хахулел руччаби.
[4] МурзигIат – лъимал хахулей гIадан.*

Эбелги цадахъ ячун, вацасде тIадюссана,
ТIинкIун унеб моцI гIадин, Муса гьелда вихьана.

Вас кодове вачана, керен хахизе кьуна,
КьагIрида лемаг гIадин, васасда эбел лъана.
Эбелалъул махI бачIун, Муса гьелда хахана,
МаразигIазул лабан[1] гьесий хIарам гьабуна.

**قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَحَرَّمْنَا عَلَيْهِ ٱلْمَرَاضِعَ مِن قَبْلُ فَقَالَتْ هَلْ أَدُلُّكُمْ عَلَىٰٓ أَهْلِ بَيْتٍ يَكْفُلُونَهُۥ لَكُمْ وَهُمْ لَهُۥ نَٰصِحُونَ ﴿١٢﴾ ﴾ القصص : ١٢ من قبل ثدي مرضعة غير أمه فلم يقبل ثدي واحدة من المراضع المحضرة له . «صاوي» سورة القصص ، جـ ٣**

Мусал эбел, йихьидал, Асиятида лъана, –
Гьелъул рос Асиятил имгIал кколев вукIана.
Амма лъайчIеб ххвел гьабун, зарал щоялда хIинкъун,
Щибго жо абичIого, балъгого гьабун тана.

Балъгояй эбел ячIун, керен жиндий кьелелде
Микьго сордо-къо Мусал вакъухъе ун букIана.
Вакъарав гьесда гурхIун, хIайран вукIарав ФиргIавн
ХIикмат гьабун хутIана, хахулев гьев вихьидал.

«Рахь цIакъ лъикIаб бихьулин, лъимер дур бугищ?» – абун,
Мусал эбелалдехун ФиргIавница гьикъана.
«Гьал таракаль-малику ли ахIадин валадан»[2], –
Абураб жаваб гьабун, гьейги данде кIалъана.

Гьай дицаго вас хъурай эбел йигилан абун,
Аллагьас илгьам гьабун, ракIалде ккезабуна.

[1] Ай, батIаял руччабазул рахь.
[2] «Ханас хъвечого цониги эбелалъул васищ тарав?» – абун кIалъана.

Рахь васасе данде ккей бихьарав ФиргIавнида –
ГIимранил лъади йикIин лъайзе РахIманас течIо.

«Васасе кафилатлъун нежеда аскIой чIа», - ян
Мусал эбелалдехун Асият гаргадана.
«Дий, рукъ-бакIги рехун тун, гьаний чIезе рес гьечIин,
Вас, ножойго бокьани, кье дихъе», - ян абуна.

Асият разилъана, вас эбелалъухъ щвана,
Щукру Бишасе гьабун, рокъое тIадюссана,
ТIадегIанав Аллагьас Жиндир гьабураб къотIи
ТIобайзе гьабичIого толареблъи бихьана.

КIиго лъагIел инегIан эбелалъ гьев хьихьана,
Хадув, тIадвуссинавун, Асиятихъе кьуна.
Асиятил рахъалъан, рахьдал эбел хIисабалълъ,
ХIалхьезегIан сайгъат кьун йохизеги гьаюна.

**قَالَ تَعَالَىٰ:** ﴿إِنَّا رَادُّوهُ إِلَيْكِ وَجَاعِلُوهُ مِنَ ٱلْمُرْسَلِينَ﴾ القصص : ٧ **فأرضعته ثلاثة اشهر ... الخ . «صاوي»**

Лъабго сон барав Муса цо нухалъ ФиргIавница,
Вачун, жиндаго кодов гIодов чIезе гьавуна.
Гьесул халатаб мегеж, хапун, Мусаца ккуна,
Кутакалда ццин бахъун, ФиргIавн вихха-хичана.

«Гьаза гIадувви»,[1] – абун, чIвазе хивал гьабуна.
Гьоркьой маслахIаталъе Асиятги кIалъана:
«Лъай-гIакълоялда гьечIеб гьитIинаб лъимадасан
Лъугьараб хIисабалда лъун бегьилищ?» – абуна. –

[1] Ай, «Гьав вас дир тушман вуго»,- ян абуна.

«Лъай гьечIого гьабураб гьеб букIиналъе далил
Дица чIезе гьабизе бегьилищ?»- ан абуна.
Гьелда ФиргIавн разилъун, тIутI бачIине гьабуна,
Гьелъул кIиябго рахъалъ цIагин чамарсак лъуна.

Кинабдай босулаян Мусада цебе ккуна,
Мусал койр тамроялде[1] гьесун унеб букIана,
ГьебсагIат Жабраилас жамраталдехун[2] бачун,
Босун, Мусаца жамрат жиндирго кIалдиб лъуна.

Гьелъ кIалдиб мацI бухIана, хIохьал къотIун, гIодана, –
ГIакъло-лъай гьечIолъиялъ гьабураб букIин чIана.
ЧIвачIого теларилан гьалаклъарав ФиргIавнил,
Лъин тIураб цIа кинигин, ццинги гIодоб буссана.

Муса анкьго соналъул гIумруялде вахиндал,
ТахбакIалда тIад ФиргIавн гьевгун гIодов вукIана.
РакIгъеялъе лъаларо, ФиргIавница жиндирго
КIиябго койр тахалда хархадизе гьабуна.

Гьесда ццин бахъун Муса тахидаса рещтIана,
Тахалда, кIвараб хIалалъ, цо малги бан беччана.
Бекун кIиго бохги ун, ФиргIавн гъоркье вортана,
МегIер чункун, би чвахун, бида гьомер белъана.

Гьанжиги ФиргIавница Муса чIвазе къасд лъуна,
ЯчIун, Асиятица «ЧIваге,-йилан гьарана. –
ГьадагIан къуват бугев, къо ккаралъув ватизе
Вас вукIиналдаса мун воха», - йилан абуна.

[1] Чамарсак.
[2] ЦIадул хIенехI (терет).

Уйилан ккун, ФиргIавнил ццин гIодобе буссана,
Мусадехун кошлъараб хивалги лъикIлъун ана.
Асият сабабалъе гаргадизеги тIамун,
Азалалда тIобараб хIукмуги билълъанхъана.

Мусал гIумру анцIила кIиго соналде щведал,
Цо къоялъ гьевгун ФиргIавн кванaзе гIодов чIана.
Кванил маидаталда,[1] бежун, варани лъуна,
ЛъикI берцинаб мизаж-хIал[2] ФиргIавнилги букIана.

«Би изниллагь къум»,[3] – абун, Муса гьелде кIалъана,
ГьебсагIаталъ варани бохдузда бахъун чIана.
Вихха-хичун, хIал хисун, Асиятихъеги ун,
Мусадасан бихьараб ФиргIавница бицана.

Цинги Асиятица: «Гьединал гIажаибал
Жиндасан лъугьунев вас дуй лъикI гьечIищ?» – абуна.
Гьеб мехалъги ФиргIавнил ццин гIодобе буссана,
Мусадехун квешлъараб хIалги лъикIлъун бачIана.

Къололъабго соналде гIумру Мусал бахиндал,
Вахъун, какиги чурун, как байзе гьев лъугьана.
Гьесда аскIов вукIарав цо къибтIияс: «Я Муса,
Лиман туссалли?»[4] – абун, суал гьесие кьуна.

«Уссалли ли саййиди ва мавлая»,[5] – абураб
Жаваб гьев къибтIиясе Мусацаги гьабуна.

[1] Столалда, ай, кванил тIутIалда.
[2] Ай, разияб хIал.
[3] «Аллагьасул изноялдалъун мун тIаде бахъа».
[4] «Дуца как лъие бала бугеб?»
[5] Ай, «Дица БетIергьан-Аллагьасе бала буго как».

Гьанжиги гьев къибтIияс суал такрар гьабуна:
«Дурго эмен – ФиргIавний балеб горищ?» – абуна.

«Аллагьасул нагIана ФиргIавнийги дуеги
Батаги», - йилан абун, Муса гьесде вагъана.
Даимго ФиргIавние, гIадамазда гьоркьобги,
НагIана гIемер кьолеб гIадат Мусал букIана.

Мусал нагIана кьейи, мацIцI гьабун, ФиргIавниде
Бицине щив аниги, щолароан кIалъайзе.
Аллагьасул хIикматалъ, калам гьес гьабилелде,
Кутакаб ццинги бахъун, ФиргIавн гьалаклъулаан.

Гьезул цоял чIвалаан, цойгиял рухIулаан,
Цойгиясе, койр къотIун, гIакъуба гьабулаан.
Гьеб бихьидал, гIадамаз гIарзалъ ин рехон тана,
Хадур гъезе кIолареб хIикмат букIин бичIчIана.

Берцинаб гореб хабар Мусадасан бицине
Цониги гIадамасда кIолареблъун лъугьана.
Гьеб хIалалъ кIикъого сон Мусал гIумру тIобана, –
Бану-исраилазе насихIатал гьаруна.

Амро-нагью гьабуна, гьезий ФиргIавн какана,
Гьесул залалат[1] бицун, мажлисазда кIалъана.
МалгIунилан горони, цIарги досде абичIо,
Агьлуль-куфруялдехун ццин бахъинги цIикIкIана.

**علم أهل مصر أنه من أراد أن يمشي إلى لملك بما فعله موسى يتسلط عليه ويضره قبل أن يمشي فامتنعوا من أن يخبروا فرعون بشيء من فعل موسى إلا بالجميل فلما صار لموسى**

[1] Ай, къосин.

**أربعون سنة وبلغ أشده كان موسى يذكر لبني إسرائيل ما عليه فرعون من الضلالة وكان يأمر بالمعروف وينهى عن المنكر ويبغض أهل الكفر . «بدائع الزهور» ، صـ ١١٢**

Муса ФиргIавнил васлъун гIадамаз рикIкIунаан,
Гьезул гьоркьоблъиялъул хIакъикъат лъаларoан.
РакIгъеялъе, ФиргIавнил рекIунеб чуги кьолон,
Бокьараб мехалъ Муса сверизеги унаан.

Бану-исраилазе къибтIияца гьарулел
Къварилъаби Мусаца гIемерал нахъчIвалаан.
ГIадамазеги Муса цIакъго цIакъ вокьулаан,
Рокьи БетIергьанасго жиндилъ лъураб букIиндал.

Жигиги иблисалде гьикъарабин абула
«Гьал ахIбабта ахIадан минал гIаламин»?[1] – абун.
«Ла, илла Муса бину ГIимран»[2] – абун, иблисалъ
Жавабги кьурабилан бицен буго бачIараб.

«Кайфа залика»?[3] – абун хадусанги гьикъидал,
«Ва алкъайту гIалайка махIаббатан Минни»,[4] - ян,
Мусал хIакъалъулъ бугеб аят цIалун, малгIуналъ
«ВокьичIого рес щиб?» - ан гIузруги бачанила.

[1] «Дуе цониги чиго вокьанищ?» – абун.
[2] «Муса горони вокьичIо», – абун.
[3] «Гьев кин вокьарав?»
[4] «Дица мун вокьи гIадамазул рекIелъе рехана», – абун, гьесул хIакъалъулъ бугеб аят цIаланила.

**قوله تعالى ﴿وَأَلْقَيْتُ﴾ بعد أن أخذوك ﴿عَلَيْكَ مَحَبَّةً مِّنِّي﴾ لتحب من الناس فأحبك فرعون وكل من رآك ﴿وَلِتُصْنَعَ عَلَىٰ عَيْنِيٓ﴾ تربى على رعايتي وحفي لك . سورة طه الآية ٣٩ . يحتمل أن المعنى : ألقيت عليك محبة صادرة مني بأن أحببتك فتسبب عن محبتي محبة الناس لك . «صاوي» جـ ٣**

Цинги малгІун – ФиргІавнил цо тІаббах[1] вукІанила,
Фатун, яги Фалисун – цІар гьесда букІанила.
ЦІулал магь бичун босун, баччизе чи къварагІун,
КъибтІияв гьелда аскІов эхетун вукІанила.

ВачІун цевесан унев бану-исраиласе,
АскІуве цІан, къибтІияс къварилъи гьабунила.
Рокъобе цІулги баччун, вачине лъугьанила,
Вилълъинарилан абун гьавги данде чІанила.

Гьезда гІагарлъухъ вукІун, бану-исраилияс,
Истинсар[2] тІалаб гьабун, Мусаде ахІанила.
Мусаца къибтІиясде: «Гьев те», - ян абунила,
Инкар гьабун дов чІедал, каранда зар банила.

Калам къотІун, къибтІияв ракьалде ккун анила,
Лага багъаричІого, гьебсагІаталъ хванила.
Гьев хоялда пашманлъун, Аллагьасдаса хІинкъун,
Истигъфар-тавбоялда Мусаги хутІанила.

ТІаббах чІвазе къасдалда Мусаца кьабичІила,
Кьабулелъул бихьарав гІаданги вукІинчІила.

---

[1] Койн гьабулев чи (повар).
[2] Ай, комек тІалаб гьабун ахІанила.

Бану-исраилияс къибтIияв чIван вугилан
Къатил[1] лъайзе цIакъбахъун, хьвадулел рукIанила.

Нахъияб къоялъ радал довго исраилияв
Мусада къибтIиявгун къецалда ватанила.
КъибтIияв – макътуласул ибнуль-ах[2] вукIанила,
ИмгIал чIварав къатил лъай мурадги букIанила.

Бану-исраилияс Мусадасан гьанжиги,
Сонго гIадин, истинсар тIалаб гьабурабила.
Гьесда ццин бахъун Муса хъачIго кIалъаравила,
«Иннака ла гъавийюн мубин»,[3] – абурабила;

«Агъвайтани биль-амси»,[4] – мун сабаблъун сонги дун
Къосун кканилан абун, бадибчIвай гьабунила.
Гьединги къибтIиясда кьабизе борхараб койр
Бану-исраиласда жиндегоян кканила.

Живго чIвалайилан ккун, хIинкъарав гьав пакъирас,
ЯхI гьабизе кIойчIого, балъголъи гьурщанила,
«Сон чIварав чи кинигин, жакъа дунги чIвазейищ
Дуе бокьараб?» - илан Мусаде абунила.

Исраилиясдасан къисас боссе бокьарав
КъибтIиясе, гьес имгIал чIвайчIев якъинлъанила.
Лъугьаралда пашманлъун, Мусал рекIекълъи бихьун,
Къатил Муса вукIинги гьесий баянлъанила.

[1] Ай, къибтIияв чIварав чи.
[2] Ай, гьав къибтIияв вукIанила сон чIварасул вацасул вас.
[3] Ай, «Мун дагIбадулав вуго», – абун, гьесда гIайибчIванила.
[4] «Сонги дуца дун къосине гьавунилан».

ГьебсагIаталъ къибтIияв ФиргIавнихъе анила,
ИмгIал Мусаца чIвайи досие бицанила.
«Муса, кив ватаниги, чIвай», - ян изно досги кьун,
Авлияуль-макътули[1] хадур рортанхъанила.

«Харкъил» абун цIар бугев, ФиргIавнил агьлоялъул,
Балъгого иман лъурав, муъминчи вукIанила,
Мун чIвайзе ФиргIавнилал рортанхъулел ругилан,
Харкъилица Мусаде мухIканго бицанила.

Цинги, ФиргIавнидаса вахчизе ккедал Муса,
Киве ине лъайчIого, хIайранлъун хутIанила.
Халикъасул рахъалъан малаик тIаде вачIун,
Мадяналъул рахъалде Муса тIовитIанила.

Мисриялдаса вахъун, Мадяналде унелъул,
Мусада кодоб щибго куйне жо букIинчIила,
Киналдего хIалкIолев Къадирасде мугъги чIван,
Микьго сордо-къоялъул сапаралъ вахъанила.

قَالَ تَعَالَى: ﴿وَجَآءَ رَجُلٌ مِّنْ أَقْصَا ٱلْمَدِينَةِ يَسْعَىٰ قَالَ يَٰمُوسَىٰٓ إِنَّ ٱلْمَلَأَ يَأْتَمِرُونَ بِكَ
لِيَقْتُلُوكَ فَٱخْرُجْ إِنِّي لَكَ مِنَ ٱلنَّٰصِحِينَ ﴿٢٠﴾﴾ القصص : ٢٠

ФиргIавнилал-къибтIиял къватIахъ сордулелги тун,
Тохаб хIалалъ Мусаца Мисриялъул ракь тана,
Микьабилеб къоялда Мадяналде лъугьана,
Гьенив цо гъотIол рагIдукь хIалхьезе гIодов чIана.

[1] Ай, чIварав къибтIиясул гIагарлъи.

Мадяналъул гIи-боцIи гьекъезе бакIарулеб
Гьеб гъойтIалъул гIагарлъухъ лъел биъруги[1] букIана.
Эрга гьабун, рехъаби гьенир гьекъезарулел
РугIатазул[2] къокъаги сверухъ лъугьун ратана.

Балагьарав Мусада, гьездаса батIа кIанцIун,
КIиго чIужугIадангун гIиял рехъен бихьана.
Нуж щибулел чагIиян, щай нахъегIан чIаралан, –
Рехъада аскIове ун, Муса гьезде кIалъана.

Гьал рехъаби тIаса ун, нахъе хутIун горони,
Нежей лъин щоларилан, руччабаца абуна.
Эменги нежер – херав, гIажизав чи вугилан,
Жедерго гIузру бицун, берцин жаваб гьабуна;

Жедер эмен – Аллагьас гьаб къавмалде витIарав
Набиюллагь вугилан, гьебги баян гьабуна, –
Гьесий РахIманас кьурал нигIматал бегьичIого,
Гьесдехун гьез хIасадги цIакъ гьабулин абуна.

Биъру, тIад къоноги лъун, гIи гьекъон хадуб тейи –
РугIатазул къокъаялъ гIадатлъун ккун букIана.
КIудияб къоно тIад лъун, биъруги щула гьабун,
Гьеб къоялъги ругIатал, гIи гьекъон, нахъруссана.

«Рехъен гьаниб баче», - ян руччабаздеги ахIун,
ЯхI гьабизе кIойчIого, Муса тIаде вахъана.
ТIолго гIухьбуз койрал ран, хIалалъ тIад лъураб къоно,
ХIули гIадин, Мусаца, босун, нахъе рехана.

[1] Ай, гъуй.
[2] ГIухьбузул.

Рехъен аскIоб бачана, хIалхьун гьекъезабуна,
ХIасадчагIазул мурад Мусаца хойзабуна.
Хадув, гъотIокье вачIун, рагIдукь гIодов вукIана,
ГIиял рехъенги бачун, ясалги нахъруссана.

Рокъор, кидаго гIадин, кватIичIого гьел щведал,
«Гьекко щварал кин?» – абун, эмен гьезде кIалъана.
Гьез кинабго хIакъикъат инсуй баян гьабуна,
Мусадасан жодое щвараб комек бицана.

Цинги ШугIайб авараг ясалдехун кIалъана,
«Мусаги дихъе вачун, ячIа», - йилан манлъана.
Инсул мурад тIобайзе яс къватIие яхъана,
Мусаде аскIойги ун, цIакъ нечадго кIалъана:

Нежей дуца гьабураб комекалда дандбитIун,
Дуе ужра-мухь кьезе инсуй бокьун бугилан, –
Бадибе кIазги бачун, кигIан намуслъаниги,
Мусае инсул мурад ясалъ загьир гьабуна.

Нух бачине далиллъун гьей ясги цее тIамун,
Гьоболлъухъе унелъул Муса хадув вукIана.
Гьороца горде борхун, бохдул рихьулел рукIун,
Хадуй ясги ккезаюн, живго цеве лъугьана.

Гьелда манлъизе гьабун, нух жиндицаго бачун,
Мадяналъул ракькъотIун, ШугIайбихъе рещтIана.
«Щиб мурадалъ вачIарав Мадяналде?» - ян абун,
Мусаде гьикъа-бакъи ШугIайбица гьабуна.

Гьоболасе рекъараб адаб гьабун, кIалъана,
Гьуинаб рагIи бицун, цуцадехун руссана.

Мусаца Мисриялда ккарабщинаб бицана,
ШугІайб аварагасги гьесул ракI лъикI гьабуна.

«Ла тахаф, нажавта миналь-къавми ззалимина»[1] –
Мадяналда ФиргІавнил кверщел гьечІин абуна.
Гьанжи койн-тІех бачІана, Мусада цебе лъуна,
Рецц Аллагьасе гьабун, гьес кьураб ризкъи квана.

РахІмугин къуват-варагI Мусал жинда бихьарай
Ясалъул фарасаталъ[2] гьесие къимат кьуна,
«Истаъжиргьу»,[3] - ян абун, инсудехун кІалъана,
Досул къуват-божилъи бицун, баян гьабуна.

Гьелдалъун ШугІайбилги рагъбат[4] дагьаб цІикІкІана,
Муса ажирлъун ккойзе Аллагьас кантІи кьуна.
Микьго сонил боржал цІан, гІи хьихьизе шартI гьабун,
ШугІайбица Мусае яс кьезе къотІи ккана.

«ТІаде кІиго сон жобан, анцІго гІезе гьабуни
«Гьебги дурго иш бугин, – ШугІайбица абуна. –
Амма дица шартI гьабун, дуй захІмалъи гьабизе, –
Гьеб дий бокьун гьечІилан», – бокьарабги бицана.

Цинги Муса, разилъун, ШугІайбиде кІалъана:
«КІиябго ажал байни ва байника»,[5] – абуна. –

[1] Ай, «Гьанжи мун хІинкъуге къосараб къавмалдаса, ФиргІавнил Мадяналда кверщелги гьечІо», – абуна.

[2] Ай, ясалъул цІодорлъи (рентгеналъул гІадаб бихьи).

[3] Ай, «Муса, мухьги кьун, вехьлъун те».

[4] РакІ балагьи.

[5] Ай, «Гьеб нилъ кІиядаго гьоркьоб бугеб жо буго, кинаса гьабуниги, нелъедаго бараб»,-ан абуна.

Кинаса гьабуниги, гьеб нилъерго иш бугин,
Аллагь нугIлъунги гьавун, гьелдалъун гIакъд[1] тIобана.

ТIолалго Мадяналъул муъминзаби ракIарун,
Муса, Сафура[2] ячун, ШугIайбил дурц лъугьана.
Цинги цо рокъов вачун, «Къеда рарал гIунсбузул
Бокьараб босе», – абун, Муса тIаде веччана.

ТIоцобе койр бегьана, багIараб гIанса щвана,
ШугIайбица, койр бахъун, «Нахъе лъе», - ян абуна.
Нахъуйги койр бегьана, добго гIанса бачIана,
Добго хIалалъ Мусаде «Нахъе лъе», - ян абуна.

Нахъуйги койрал регьун, чанцIолго босаниги,
Мусал хъатикье гIанса, доб горони, байинчIо.
«Дуе буго гьанже гьеб багIараб гIанса», – абун,
Мусае ШугIайбица босизе изно кьуна.

Аллагьасул рахъалъан Адам аварагасе
Алжаналдаса бачIун щун букIанин бицана.
Цинги «Гьеб цIуне», - йилан цIакъ васийят гьабуна.
Гьелдаса хадуб гIанса Мусал кодоб хутIана.

Мадяналъул ракьалда вакьадасул гIияда
Микьго соналъул вехьлъи Мусаца байбихьана.
ГIухьбузухъ биъруялъул букIараб корщел ана,
ШугIайбил хIасадчагIи Мусаца чIезаруна.

Муса, рехъенги гьекъон, нахъе вуссун горони,
Нахъиял ругIатазе эрга щолеб букIинчIо.

[1] ГIакъд – даран.*
[2] Мусада хадуй ШугIАйбица йитIарай ясалъул цIар.

Ункънусго чахъдал бетIер, Мусаде цебе гъураб,
Микьабго сон иналде ункъазариде щвана.

КъотIи гьабураб заман – микьабго сон тIобайдал,
Мусаца вехьлъи тезе ШугIайбие бокьичIо,
ЩартIлъун букIинчIониги, кIиго сон тIаде жобай
Жиндие бокьун букIин Мусай загьир гьабуна.

«Исанасеб тIинчIалъул тIолго бихьинал кьагIи,
БачIунеб анцIабилелъ цIоял гьарунщиналги –
Гьел дуе рукIинилан», – ШугIайбица абуна.
Гьелда Муса разилъун, вехьлъи тIаде босана.

Гьеб соналъ гьабунщинаб тIинчI бихьинаб лъугьана,
ТIасиялъин абуни, тIолго цIоял гьаруна.
ЦIоялги бихьиналги – кIиябго соналъул тIинчI –
ТIолабгоги Мусае щвана, къотIуда рекъон.

Ризкъи махлукъаталъе кьезе Жив гъоркье чIарав
Халикъас «Кун»[1] абидал, бокьараб жо букIуна.
Жиндир балъгояб гIилму гIаламалда лъаларев,
ГIалламуль-Гъуюбасул къувват камилаб буго.

**لما بلغ موسى ثماني حجج قال له شعيب : مهما جاء من الغنم ذكورا في السنة التاسعة فهي لك وما جاء في السنة العاشرة إناثا فهي لك . فأتت الاغنام في التاسعة بذكور خلص وفي العاشرة بإناث خلص ، فسبحان الرزاق العليم ، فأخذ الجميع موسى . «بدائع الزهور» صـ١١٣**

[1] Ай, «Мун букIа»,-ян.

АнцIго соналъул ажал вехьлъиялда тIобайдал,
ТIадвуссун Мисриялде ине Мусал къасд ккана.
«Къаркъала загIифлъарав, берзул канлъи дагьлъарав
Дунги гьадин тунищ?» - ан ШугIайб гьесий гIодана.

ГIемер заман, эбелгун яц йихьичIого, индал,
Ине бокьун бугилан Мусацаги абуна.
Эбел йихьизе бокьи ШугIайбица нахъчIвайчIо,
«Нух битIаги», - ян гьезий лъикIаб дугIа гьабуна.

«Дуда аманат гьаюн, цадахъ йитIула йигей
Гьай дир ясалда, воре, гурхIел гьабе», – абуна.
Гьединго ясалдеги васийят цIакъ гьабуна:
Муса разияб хIалалъ гьалмагълъи гьабейилан.

Лъимал-хъизанги бачун, гIиял рехъенги бацIун,
Мадяналдаса Муса Мисриялде вахъана.
«ТIур» мегIералда аскIуб, «ТIува» абураб кIкIалахъ,
Къасе сордоги бачIун, чатир чIван чIезе ккана.

Кутакаб гьуригун цIад гьеб сордоялъ букIана,
ЦIикIкIараб квачги бачIун, цIаялде хIажат ккана.
ХIара чIван, лъимадуе Сафураги унтана,
Ургъалица сверун ккун, Мусаги хIайранлъана.

ХIатIаб[1] данде гьабуна, цIа бакун бажаричIо,
МачIу-сакI хIалтIичIого гьабизе жо тIагIана.
Гьеб ургъалилъ вукIаго валагьарав Мусада
ДобегIан, цIакъ гвангъараб, цIадул канлъи бихьана.

[1] ЦIул.

ЦIа тIалаб гьабун, Муса гьелда аскIове ана,
Илагьияб нуралъул гвангъи – гьебги букIана.
Гьеб бакIалда букIараб кIудияб гъойтI гвангъараб,
Зобалазде гIунтIараб, кIкIуй гьечIеб цIа батана.

ЦIакъго Муса хIинкъана, къаркъала тIуртIудана,
ТIаде ине кIойчIого нахъе-нахъегIан къана.
Нур, гьалакаб цIа гIадин, гъотIода цIикIкIанагIан,
ГъойтIги гьелдаго цадахъ гIурччинлъулеб букIана.

РакIалдаго гьечIого: «Я Муса!» - ян ахIана.
АхIулев чи щивдай-ян Муса лъикI валагьана.
Гьесда гIадан вихьичIо, ахIулев чи ватичIо.
«Инни ана Ллагьу»[1] - ян гьанжиги гьаракь щвана.

Гьеб гьаракь Аллагьасул букIин Мусада лъана,
Нусабго лагаялда рагIулебги букIана.
Рахъ-жигьатго гьечIого, гъоркьан-тIасан лъайчIого,
Бихилафи гьайригьи[2] бачIунебги букIана.

Гьаракь-хIарпго гьечIого, хIикматго жиб рагIулеб,
Бицине хIалкIолареб, рахIат черхалъе бугеб,
БихьичIеб, я рагIичIеб, ракIалдаги хъатIичIеб
РахIманасулгун унсалъ[3] Муса берцин гьавуна.

Бищунго тIадегIанал нигIматал камиллъараб,
Кинабниги баракат тамамлъи[4] жиндилъ ккараб
МигIражалъул сордоялъ ТIагьае щвараб гIадин,
Щвана Мусае гьениб гьеб сордоялъ камалат.

[1] Ай, «Дун Аллагь вуго дур».
[2] Ай, цогидал гьаркьал рагIулеб къагIидаялъул гIаксалда.
[3] Ай, ракIгьей.
[4] Ай, баракат камиллъи.

«Кодоб бугеб щиб?» – абун, БетIергьанас гьикъидал,
«Гьаб дир гIанса бугилан», – маарибал[1] рицана.
«Алкъигьа, я Муса»,[2] - ян, «ГIодоб рехе», – абуна.
Рехидал, борохь лъугьун, Муса, хIинкъун, лъутана.

«Мунгун кIалъала вугев БетIергьанасдасайищ
ТIурулев, Муса?» - йилан Жабраилас абуна.
Муса тIадвуссун ана, гIансида аскIов щвана,
ГIансил лъугьараб борохь добго хIалалъ букIана.

«Босе гьанже кодоб», - ан Аллагьас буюрана.
Муса, койр гъвазе хIинкъун, сверсведулев хутIана.
«ХIинкъичIого босе», - ян БетIергьанас абуна.
Босун, кодоб ккун хадуб, борхьил гIанса лъугьана.

«Лъоробе койр бегье», - ян гьанжиги буюрана.
Бегьун, нахъе босидал, хъахIаб нуралъ гвангъана. –
ХIинкъи рекIелъа ана, черхалъе къуват щвана,
Къадирасул Каламалъ керен гIатIид гьабуна.

Нелъер аварагасе МигIражалде иналде,
Макъу бихьун, цебего кьучI тIамураб кинигин,
Койргин гIансаялдалъун гIаламат загьир гьабун,
ФиргIавнгун дандчIвалелде кьучI Мусайги тIамуна.

Нусиялда анцIила ункъазар рагIудалъун
Аллагь Мусагун гьенив кIалъаравин абула.
Абун буго гьединго, щибаб рагIуда цадахъ,
ХIакъ гьечIого чи чIвайи гьесда бадиб чIванилан.

[1] Ай, гIансаялъ тIоралел мурадал рицана.
[2] Ай, «ГIанса гIодобе рехе, ва Муса».

ЧIвазе къасдго гьечIого къибтIияв чIванин абун,
Халгьабе, бусурбаби, гьаб амроялъул кутак!
Исламалъе хIалтIулел, я данде рахъунарел,
Расги гIайибго гьечIел чIвалезул щибдай ккела?!

Дунялалъул боцIуца чанги чи гьалаклъула,
Чияр боцIи кванaзе талихI къарав тIамула,
ТIадбан мегIер кваналел кьагIи гIадин, терола,
Кьурабалъ расандулел буртIал гIадин, рихьула;

БетIергьанчиго гьечIел жанаваралин ккола,
ЖужахIалъе бижараб агьлодаян щаклъула.
Щибго гьал нахъе цIалеб мунагьги бихьуларо,
Гьай, бечедал гъачагъал, нахъа ножор мискинлъи!

Ножода миллиардаз гьабулеб жо бихьила
Гьаб гIаламалъул боцIи бецIизе ккараб къоялъ,
Босила ножодасан гIемер чиясул къисас,
ГIарац хIатIикь мерхьунеб ГIарасат-майданалда.

РагIалго гьечIеб майдан букIунеб гIадат гьечIо,
Батила ножодаги гIумруялъул цо ахир.
Охраналъул къуваталъ къадарги хисуларо,
Къоял тIагIун хадуса теларо нужги гьанир.

Тавбоялъул гъапуги жеги рагьухъе буго,
Гьидаят бокьарасда гурхIулев Аллагь вуго.
Иман-Ислам цIехезе ресалги рекъон руго,
РачIа, гIакъло батани, ккойзин гIурватун вускъа.[1]

---

[1] Ай, Исламалъул рохьен.

Рисалаталъул амро Аллагь-РахIманас тIадкъан,
Мусада, «ФиргIавнихъе а»-ян, лъайзе гьабуна.
«Гьарун[1] гIахьал гьаве», - ян Муса, хIелун, гьардана.
«Гьевги дуе кьунилан», – БетIергьанас абуна.

Мусаги аскIоса ун, квачалъ рахIат хойзабун,
Лъимадуй хIараги чIван, Сафураги йикIана.
Сафурал зигар рагIун, сукканул-вади[2] рачIун,
Гьей хинлъизе цIа бакун, чIарахъанлъи гьабуна.

ВачIунарев Мусаги, чIалгIарай Сафураги,
Сверухъ гьечIев гIаданги, гIенеккун чIараб кIкIалги,
ГIарцул горо гIадинав, аскIув гьавурав васги,
Аллагьасул горони, гьечIеб щибго комекги. –

Гьаб пашманаб хIалалъул пикрабазда йикIаго,
Мадяналъул рахъалъан цо гIиял вехь вачIана.
Гьесда Сафура лъана, пашманаб хIал бихьана,
Вехьас, тIадюссинаюн, инсуда кодой кьуна.

Мусалги ФиргIавнилги дагIба бугебгIан мехалъ,
Мадяналда эменгун гIумру гьабун йикIана.
Гьезда тIаде ваккизе, зарал-хайирги лъайзе,
ЛъагIел тIобанщинахъе, Мусаги вачIунаан.

Аллагьасул щцин бахъун, ФиргIавнги гьалак гьавун,
Гьесул зулмуялдаса Муса эркенлъи лъайдал,
Мусал хъизангун лъимал, «Ножой нух битIаги»,-ян,
ТIадруссун, ШугIайбица Мисриялде ритIана.

---

[1] Гьарун – Мусал вац.*
[2] Гьеб кIкIалахъ рукIарал жундул.

«Изгьаб ила ФиргIавна иннагьу тIагъа»,[1] – абун,
Амро Аллагьас гьабун, Муса къватIив вахъана.
ТIуваялъул кIкIалахъан сапар жинца бухьана,
Мисриялъул ракьалде тохаб гIужалъ лъугьана.

Гьарун гьеб заманалда, ФиргIавн бищун божарав,
Рукъалъул чи гIадинав, вазирилан вукIана.
«Расуллъун ФиргIавнихъе витIарав дур вац – Муса
Мисриялде щванилан», – макьилъ гьесде абуна.

Гьарун, хIинкъун, ворчIана, макьуялда щаклъана,
ЩайтIанияб батилин, гьебги тун, кьижун ккана.
Гьелда хадубги вахIю кIицIолго такрарлъана,
Малаикас: «Мусагун дандчIвай гьабе», – абуна.

Гьарун къватIив вахъана, къараб нуцIа рагьичIо,
Гьадавго малаикас нухда ккезе гьавуна.
Гьарунилги Мусалги калам цуцаде щвана,
Щибниги бухьеналъул алат гьезухъ букIинчIо.

Аллагьас амро гьабун, гьури сабаблъун тIамун,
АскIур ругел кинигин, кIиявго гаргадана.
Нух манлъизе далиллъи цуцай гьабураб гIадин,
Цо пуланаб бакIалда кIиявго данделъана.

Балъгояб ликъаъ[2] гьабун, гьуинаб хабар бицун,
Цуцазде ракIал чучун, вацаз ургъел бикьана.
Рисалаталъулъ мунги гIахьал гьавун вугилан, –
Гьаруниде Мусаца гьеб рохелги бицана.

[1] Ай, «Мун гьанжи ФиргIавнихъе а».
[2] Ай, дандчIвай.

Цинги эбелалъухъе ине хивал гьабуна,
Гьарун гIадамазда жал рихьилилан хIинкъана.
«ХIинкъуге», - ян Мусаца вацасул ракIбатана,
РахIман нелъеда цадахъ вугевилан абуна.

Эбелалъул кIалтIе щун, кIиявго эхетана,
Тохаб сардил гIужалда нуцIида кIутI-кIутIана.
КIиявго вас данделъун эбелалда рихьана,
Рохалилаб хIал бачIун, тамахлъун гIодой ккана.

ГIакълоялде ячIиндал, Мусаца эбелалъе,
Лъугьарабщинаб бицун, къиса баян гьабуна.
Расуллъун ФиргIавнихъе, гьесул къавмалъухъеги
Къудраталъул Аллагьас жив витIиги бицана.

Цинги Гьарун, тIадвуссун, арав сурат бичIчIула,
Мусайилан абуни, эбелалъухъ хутIана.
Нахъияб сордо щведал Муса, кодоб гIансагун,
Сардил халгьабичIого, ФиргIавнихъе къокъана.

Къаралщинал гъапаби, гIанса кIутIун, рагьана,
ФиргIавнил къубаялъул кIалтIе щвезегIан ана.
МалгIунасул хIараслъун[1] аскIув вукIарав Гьарун,
Муса тIаде вачIиндал, вихха-вичун лъугьана.

«Гьадинаб гIужалдайищ гIадан тIаде вачIунев,
ТIадвуссун а», - ян Гьарун Мусадехун кIалъана.
Муса тIадвуссун ана, вацасухъ гIенеккана,
МалгIун – ФиргIавн абуни, кьижаравго ворчIичIо.

[1] Ай, ФиргIавн цIунарав чи (телохранитель).

Гьеб сордо рогьарабго Муса къватIив вахъана,
Къосарав ФиргIавнилгун дандчIвай гьабизе ана.
Гьев лъалелгин лъаларел къибтIиял данде чIвана,
ВачIун вукIин бицине ФиргIавнихъе рортана.

РахIат хун, ФиргIавница гIадамазде цIехана:
«ГIала аййи хIалатин?»[1] – вачIун вугев гьикъана.
Гьез, Мусал сипат-сурат, ретIел-хьиталъул гьари
Гьади-гьадин бугилан бицун, баян гьабуна.

Цинги ФиргIавн хIинкъана, къаркъала сородана,
Муса вукIинги бичIчIун, бадиса кьер босана.
«Туснахъ гьаве!», - ян абун, Гьаманий буйрухъ кьуна,
Гьаруница «ДандчIвазе вачун лъикI», - ан абуна.

Цинги ФиргIавн къачIана, дандчIвазе хIадурлъана,
ЧIахIиял вазирзаби – киналго ракIарана.
Кваранаб рахъалъ – Гьарун, когIаб рахъалда – Гьаман, –
Гьелги аскIур чIезарун, Муса тIаде ахIана.

ТIоцове ФиргIавница Муса кIалъайзавуна,
Лъаларев ххвелги гьабун, «Мун щив?» - илан гьикъана.
Мусаца жаваб гьабун, жив ГIабдуллагь вугилан,
Аллагьасул лагъ вукIин гьесий баян гьабуна.

«Муса! Мун – ФиргIавнил лагъ, гьесул лагъасул васги
Вуго горищ? - ан абун, малгIун чIухIун кIалъана. –
Мун расуллъун витIарав лъихъе? - йилан гьикъана. –
Сундалъун вачIарав?»-ян жагьилаб суал кьуна.

[1] Ай, «Кинаб хIалалда?».

Мусаца, «Дун витIарав духъе вуго», – абуна. –
Дун жиндалъун вачIараб – тавхIид бугин», – бицана,
БетIергьанасул сифат ФиргIавние чIезабун,
Рисалаталъул тIалаб чIванкъотIун цебе лъуна.

Цинги, «Расуллъун духъе дида цадахъ витIарав
Дир вац – гьав Гьарунги», - ян, гьесде килищ битIана.
«РещтIа мун тахидаса, я ахи[1],» - ян ахIана,
«Ва баллигъ рисалата Раббика[2],» - ян абуна.

Амроялда нахъвилълъун, Гьарун гIодов рещтIана,
ФиргIавнидехун вуссун, Муса гIадин, кIалъана.
КIудияб къадру бугев, божарав вазирасги
Муса къабул гьавидал ФиргIавн гIажаиблъана;

ГIемераб ццин бахъана, нафсалъ гьалак гьавуна,
«Гьарун гIицIцIго гьаве!» - ян вазирасде ахIана.
Вазирас, ретIел бахъун, Гьарун гIицIцIго гьавуна,
ГIаврат бахчараб гореб, пардав гьесда тIад течIо.

ТIаса бахъун, Мусаца хъабарча гьесухъ кьуна,
Гьарунил микъясалда[3], ретIиндал, данде ккана.
«Дир нигIматал рехсарал насихIатал гьезие
Гьаре», - ян ФиргIавница Гьаманида тIадкъана.

Гьарунгин Муса вачун, Гьаман рокъове ана,
Икрам[4] гьабун, кIиявго цIакъ кIодоги гьавуна.

---

[1] «Я дир вац Гьарун».
[2] «Щвезе гьабе ФиргIавнихъе Аллагьас дуда тIадкъараб Рисалаталъул амроги»..
[3] Микъяс – размер.
[4] Икрам – кIодолъи гьаби.*

Гьаманил «пулеб зурма» ФиргIавние букIана,
КIиявго вацас Гьаман тавхIидалде ахIана.

Таманал гаргадана, гIатIидаб калам ккана,
Кинниги, кIиябго рахъ цуцае мутIигIлъичIо.
Мусагин Гьарун гьанжи ФиргIавница ахIана,
«Алам нураббика»,[1] - ян Мусада бадибчIвана.

«Мун дица хьихьун гIурав вас гIадинги вукIаго,
Ва фагIалта фагIлатак аллати фагIалта»,[2] - ян,
ФиргIавница, Мусада, жиндихъа хун вукIарав
КъибтIияв цеве рехун, гьеб тавбихги[3] гьабуна.

Гьелъиеги Мусаца баянаб жаваб кьуна,
«Бокьун дица гьабичIеб хатIа кканин, – абуна. –
Гьелдалъун дун вахчана, ножодаса тIурана,
Мурсалиназда гъорлъа Аллагьасги гьавуна».

Гьанжи хадуб Мусаца, ФиргIавнида бадибчIван,
Бану-исраилазда гьабураб хIал бицана,
«Гьел дуца, лагъзаллъун ккун, лъимал хъун, руччаби тун,
ВахIшияб зулму гьабун, зуричIищ?» - ан абуна.

Абизе жо тIагIана, ФиргIавнил ццин бахъана,
«Мун витIарав ватани, аят[4] бугищ?» – гьикъана.
Гьеб мехалъ Мусал гIанса кодобго хIалагъана,
ХIалщвараб жо кинигин, сородизе лъугьана.

---

[1] Ай, «Мун дица хьихьун гIезе гьавичIищ?» – абун.
[2] Ай, къибтIияв чIвай ракIалде щвезе гьабуна.
[3] Ай, гьеб бадибчIвайги гьабуна.
[4] Ай, «ГIаламат, мугIжизат бугищ?» - илан гьикъана.

Мусаца гIодоб рехун, гьеб борхьиде сорана,
Гьелда берчIвайдал ФиргIавн кутакалда хIинкъана.
ХIинкъиялъул кутакалъ бищун цеве тIурана,
Сверухъ ругелщиналги гьесдаго хадур ана.

Гьединго Мусаца койр, лъорониб лъун, бахъана, –
Балагьизе кIолареб хъахIаб нуралъ гвангъана,
ХIижаб-пардав гьечIого, кибего гвангъи щвараб,
Киданиги бихьичIеб нуралъ сверухълъи цIуна.

Мусал мугIжизаталда ФиргIавн кисса божулев,
ЖужахIалъул, надалда мугьруги чIван букIаго.
КIудияб сихIроялъул бетIергьан гьав вугилан, –
Гьесде данде рачине сахIаратал[1] къачIана.

Лъабкъоялда анцIазар сихIручи данде гьавун,
Гьезда гъорлъа къуватал анкьазарго рищана.
Анкьазаргоясдаги гъорлъа анкьнусго вищун,
АнкьцIали гьезулъаги бищун гучал рищана.

Муса къине гьавуни, гьезие ФиргIавница
ГIемераб боцIи кьезе кьучIаб рагIи бицана.
Цинги, явмул-зинаталъ[2] дандчIвазе къотIи гьабун,
Гьеб сверухъ ругелщинал шагьаразда рагIана.

ГIемерал гIунсби-кварал сахIаратаз ракIарун,
ЗухIаялъул гIужалда гIалам данде ахIана.
Гьарунги цадахъ вачун, Муса гIансагун щвана,
Сверухъ лъугьун, балагьун гIаламги чIун букIана.

[1] СихIрочагIи.
[2] Ай, базаркъо.

Бищунго къуват бугел ФиргIавнил сахIаратаз
Сверухъ лъугьараб гIалам масхIуринал[1] гьаруна.
ХIибалалгун[2] гIунсбузул борхьазул сурат лъугьун,
Бер бухьун, гьеб халкъалда уян ккезе гьабуна.

Гьел цуцаде гьесардун, цинги тIатIала раччун,
Расандулел кинигин, гиргидулел рукIана.
Дол рихьидал Мусалги рекIелъе хIинкъи ккана,
ВахIю рещтIун, Аллагьас: «ХIинкъуге»,-ян абуна;

«Иннака анталь-агIла» – мун бергьарав вугилан,
Гьезул батIулаб сихIро къине букIин бицана,
Цинги, «Ва алкъи ма фи яминика», – абуна.
Амро тIобан, Мусаца гIанса гIодоб рехана.

Залимаб, цIакъ кIудияб, анкьго бетIерги бугеб
Аздагьо гIансил лъугьун, борхьадехун жобана.
Борхьица къуркъби гIадин, гIунсбигун цадахъ кварал –
Киналго аздагьоялъ гьел цо-цоккун кIкIун рана.

Цинги ФиргIавнги къавмги, борхалъудеги рахун,
Хадуб щибдай кколаян ралагьун чIун рукIана.
Борхьазул иш тIобайдал, аздагьо балагьана,
Балагьараб халкъалде бортизе къасд гьабуна.

СихIраби хIакъирлъана, хIакъикъат загьирлъана,
Лъабкъоялда анцIавго сихIручи мукIурлъана.
Мусал Рисалаталда сахIихIаб иман лъуна,
Аллагь цо вукIиналда шагьадатги битIана.

---

[1] Ай, жедеде сихIро гьабураллъун лъугьана.
[2] Кварал.

БетIергьанасе сужда киназгоги гьабуна,
Камилаб тавбо гьабун, ихласги бацIцIалъана.
Изно жиндир гьечIого Мусаде руссунилан
СахIаратазде ФиргIавн кутакалда хичана.

ЧамарсакIил гъутIбузда, хIатIалгин койрал къотIун,
Лъабкъоялда анцIавго ФиргIавница ригъана.
Радал тIаде рахъиндал капураллъун рукIарал
Киналго бакъанида шугьадааллъун хвана.

Гьабурабщинаб хIалтIи хIурул нухалдаги ун,
ЯхIхварав ФиргIавница рокъобе нух босана.
Бану-исраилазул гIаскар чIараб бакIалде,
Басра ФиргIавнги гьавун, Мусаги тIадвусана.

СахIаратал жиндие хияналъун рихьидал,
Халкъалдаса ФиргIавнил божиго тIагIун ккана.
Бану-исраилазда зулмучилъи гьабизе
Гьанжиги ФиргIавница цIидасан байбихьана.

Мухь гьечIого, чIорого гьел хIалтIизе гьаруна,
Гьезий гIакъоба кьезе къибтIиял реччан тана.
КъибтIиязул хIал бакIлъун, бану-исраилазги
Мусаде щикаятал[1] гьаризе байбихьана.

«Ножорго къавмги бачун, къибтIиялги жалго тун,
Ватан ккун Мисриялда чIезе гIамал гьабе», - ян
Муса аварагасде, Гьарунги гIахьал гьавун,
ГIалламул-Гъуюбасул амроги щун букIана.

[1] Зигара.

Мусалгун дагIба гьабун хайир кколареб бихьун,
Бахьикъосарав ФиргIавн пикрабаде вуссана,
Гьесул Аллагь вихьизе щиб гьабундай лъикIилан,
Гьаманилгун дандги бан, хъала байзе ургъана.

КIикъоялда анцIазар махщелчи данде гьавун,
Гьезий къварагIанагIан гIуммалал[1] чIезаруна.
Зоб-ракь бижаралдаса жиндир борхалъиялде
ЩвечIеб сархI[2] эхетизе анкьго сон хIажалъана.

РахIмо гьечIев, къосарав ФиргIавние кьун бугеб
Бечелъиги къуватги Мусае захIмалъана.
ВахIю рещтIун, Аллагьас гьесул ракI лъикI гьабуна,
«СархI пана гьабизе дий щибжо бугеб?» – абуна.

Жабраил-малаикас цо хьвагIараб кваркьиялъ,
Лъабго кесекги лъугьун, хъала ракьалда лъуна.
Ралъдалъ жаниб, Гьиндалда, гьединго магърибалда –
Гьаб лъабабго рахъалда лъабабгоги речIчIана;

Риваят буго цойги: ФиргIавнил гIаскаралда,
Кваркьи хьвагIун, Жибрилас тIад гьеб рехарабилан.
Гьеб байзе гIахьаллъарал хIалтIухъабазда гьоркьов,
Гьелъ гъоркье вачинчIого, чиги хутIичIевилан.

Халикъасул къудраталъ ФиргIавн хIайран гьавуна,
Гьесдехун хIилла-макро хIалтIунгутIи бичIчIана.
Берда цебе гьабулеб рагъго маслахIатилан,
Мусалгун къиталалъе къуват данде гьабуна.

[1] ХIалтIухъаби.
[2] Ай, хъала.

**فلما رأى فرعون ذلك من أمر الله تعالى علم أن حيلته لم تغن عنه شيئا فعزم على قتال موسى وقومه فأمر أصحابه فنصبوا له الحرب . «عرائس» صـ ١٦٥**

Гьанжиги БетӀергьанас, ФиргӀавн кантӀуларищан,
БатӀа-батӀа аятал гьесда рихьизаруна.
Мусалгун рагъ гьабизе гьесие регӀел течӀо,
РагӀияталъул тӀалаб тӀобайзе машгъуллъана.

ТӀоцобе, микьго къоялъ тӀупан тӀурал цӀцӀадал ран,
ЦӀер гӀадин хур-хер тӀерхьун, авлахъал хараблъана.
Рукъзал-къватӀал лъед росун, лъимал-умумул гъанкъун,
РагӀият ФиргӀавнихъе гӀарзабигун кӀанцӀана.

ГӀарзаби нахъе чӀвани, рубубият[1] холелъул,
ЛъикӀаб-тӀокӀабги бицун, тӀадруссине гьаруна.
Гьанжи чара хварав гьас Мусаде ахӀи бана,
«Балагь тӀаса босе», - ян гьари тӀалаб гьабуна.

ТӀуфаналъул къварилъи къибтӀиязе букӀана,
Бану-исраилазул рукъзабахъ гьеб лъугьинчӀо,
Гьеб бихьун хадубгӀаги ФиргӀавнил иманалде
Хьул гьабурав Мусаца Аллагьасде гьарана.

Гьеб балагь тӀаса босун, къибтӀиял эркенлъана,
Мусал дугӀа къабуллъун ФиргӀавнида бихьана.
Бугониги, къосиналъ, къибтӀиялги ФиргӀавнги
Къойидаса къойиде Мусаде данде чӀана.

Доб балагь тӀаса ана, дуниял берцинлъана,
Берцинал ахал-хурзаз Алжан гӀадин лъугьана.

[1] Ай, «Аллагь»,-ан дагӀба байи.

Гьаб баракат нелъее тIупаналъул кканилан,
ТIугъяналъ мехтарал гьез ригьине къасд гьабичIо.

Къудраталъул Аллагьас гьезде тIаде, ццин бахъун,
Бицине хIал кIолареб гIемераб гарцI беччана.
ГIурччинаб жо течIого, гьезул бугеб магIишат,
ГIучI хутIизегIан кванан, гарцIалъ пана гьабуна.

Гьанжиги къибтIиязул гIарз ФиргIавнихъе щвана,
«Парахат рукIа»,-йилан, ракIбатун, нухар лъуна.
Намус-яхI нахъе рехун, чIухIунги тIовайчIого,
Чара къотIарав ФиргIавн Мусае хIелхIедана.

«Нежеда тIаса гьаб гарцI дуца нахъе бачани,
Бану-исраилалги дуда цадахъ ритIила.
Дица иманги лъела, мунги ритIухъ гьавила,» –
Гьаб къотIи-къай Мусае ФиргIавница гьабуна.

Гьелде хьул лъурав Муса Аллагьасде кIанцIана,
ЦIорораб гьуриги пун, гьеб гарцIги паналъана.
Гьанжиги ФиргIавница иман къабул гьабичIо,
Балагь тIаса босидал, къотIиги кIочон тана.

КъибтIиязе горони, гарцIалъ зарал гьабичIо,
Бану-исраилазул хур-хералда кIал хъвайчIо. –
Гьеб кIудияб мугIжизат беразда бихьаниги,
Бахьикъосараб букIун, къавмалъ гIадахъ гьабичIо.

БетIергьанас гьанжиги, гьезде тIаде нацIцI тIамун,
ТIолго рукъалъул алат кванайзе байбихьана.
Хьит-партал, регел-къайи тастар гIадин гьабуна,
Гьединго чурхдузда бан, билагьизе хIалкIойчIо.

ХIалщвараб къавм гьанжиги, нацIцIил балагьалдаса
Хвасарлъи тIалаб гьабун, ФиргIавнихъе кIанцIана.
ФиргIавн, Мусахъе вортун, добго къотIи гьабуна,
Гьанжиги Муса гьардон, балагь тIаса босана.

Балагь тIаса арабго, Мусай гьабураб къотIи,
БукIинчIеб жо кинигин, ФиргIавница биххана.
Халикъас гьезде тIаде гьанжи къуркъби реччана,
Гьеб бищунго захIматаб балагьлъунги букIана.

Гьабураб кванилъе ккун, хьагазда жанир ратун,
РатIлиде жанир лъугьун, босабазда жанир чIун,
Бокьулареб, рокьукъаб махIги жедеда бугеб,
Бишас тIаде тIамураб боялъ яхI хойзабуна.

ХIалщойдал жал кIанцIулев къосарав ФиргIавнихъе,
Къуркъбуздасан гIарз гьабун, гьанжиги къавм бачIана.
«Рокъоре а», - ян абун, гьезий хабарги бицун,
Гьанжиги Мусадасан дугIа тIалаб гьабуна.

Гьев иманалде вачIин анищ бугев Мусаца,
Аллагьасдеги гьарун, гьеб балагьги борхана,
Ихх бахъарал цIцIадал ран, цIер гIадин, къуркъбузул бо,
Къадирасул хIалкIоялъ, хъащтIун ралъдалъе рана.

РагIуда нахъа чIечIо, Мусаде иман лъечIо,
Инкар цIикIкIун горони, ФиргIавний хиси ккечIо.
Хадубги, «Нил-гIоралъулъ гIанса къабе», - ян абун,
Мусаде БетIергьанас, вахIю рещтIун, манлъана.

Мусаца гIанса къабун, гIурул кьер багIарлъана,
БацIцIадаб биги лъугьун, къибтIиял хIайранлъана,

Бану-исраилияс гІурулъа дангъур цІуни,
БацІцІадаб лъинги лъугьун, гьекъезе бегьулаан.

Гьебго бакІалъа цІураб ФиргІавниласул дангъур,
Даммун гІабитІлъун[1] лъугьун, гІодоб тІезе кколаан.
Нил-гІоралъул лъедаса махІрумлъарал къибтІиял,
Къечалъул хІалги бергьун, гьалаклъизе рекІана.

Гьаб къварилъи тІаса ун, къибтІиял эркенлъани,
Киназго иман лъезе ФиргІавн заминлъун[2] чІана.
Зиманалда божи лъун, Мусаца дугІа гьабун,
Гьеб захІматаб къварилъи къавмалда тІаса ана.

Нил-гІор лъеде буссана, Мусаде иман лъечІо,
Зиманалда гьабураб къотІи ФиргІавнил хвана.
КъотІуе хиянатлъи гьезий гІадатлъун ккедал,
Гьезул иманалдаса хьул Мусалги къотІана.

Къавмалъул боцІигин мал цІакъго гІемераб букІун,
Мусаца гьелда тІасан щикаятал гьаруна.
Ад-дугІау мин Муса ва таъмину мин Гьарун,[3]
Гьабураб дугІаялъе РахІманас жаваб кьуна.

Жедер боцІи-мал чурун, хІисаб хун ками ккана,
ХІатта, къавмалъул цоял гамчІаллъунги сверана.
Мусадасан гьебщинаб мугІжизат бихьаниги,
Бахьикъосараб агьло иманалде байинчІо.

[1] Ай, бацІцІадаб би.
[2] Ай, гъоркье чІана, рагІи кьуна.
[3] Ай, Мусаца дугІа гьабун, Гьаруница «Амин» бачун.

# -ФАСЛО-

## ФИРГІАВНИЦА МАШИТІАТ ВА АСИЯТ ﷺ ЧІВАЯЛЪУЛ КЪОКЪАБ БАЯН

Руватазул цояца бицунелъул халгъабун,
ФиргIавнил хазиначи – «Харкъил» абун вукIана.
Аллагьасда божулев, жиндир иман бацIцIадав,
Загьиралда ФиргIавнил божарав чилъун вугев.

Мусаде иман лъурал сахIаратал чIвалелъул,
Балъго букIараб иман гьес тIатине гьабуна.
Мусадехун дагIбадун, къеркьолев ФиргIавниде
ХIакъаб рагIи абизе таваккалги тIамуна.

ГIаламалда цебесан, жинде инкарги гьабун,
Аллагьасде иман лъун, Мусада тIадги рекъон,
Харкъил чIаго нахъе тун ФиргIавние бегьилищ, –
Шагьадаталда хвана сахIаратазда цадахъ.

Цинги ФиргIавн божарав хазиначи вукIиндал,
Гьев Харкъилил лъадиги машитIатлъун[1] йикIана, –
Меседил тахбакIалда ясги гIодой чIезаюн,
Ясалъул бетIер ххайи – гьелъул хIалтIи букIана.

Гьеб хIалалда цо къоялъ бетIер ххала йикIаго,
РакIалдаго гьечIого гьоркьо гIодоб бортана.
«ТагIиса ман кафара биллагьи»,[2] - ян абурал
РагIаби машитIатил кIалдисан рортун ана.

[1] Ай, ФиргIавнил ясалъул бетIер ххалей чIужулъун.
[2] Ай, «Аллагьасде капурлъарав басралъаги, балагьалъулъе ккаги».

Яги, «Бисмиллагь», – абун, гьоркьо кодоб босана.
Ясалъ «Дир эмен горищ Аллагь?» - илан абуна.
Гьелъий машитIатица, жаваб гьабун, абуна:
«Аллагь, диргин дур инсул, цо горони гьечIилан».

Гьеб жавабалъ ясалъул рахIат хойзе гьабуна,
Инсулги Аллагь вукIин ракIалдаго рекъечIо.
РакIалъе захIмалъараб машитIатил хабаргун
Хехго ФиргIавнихъе ун, ясалъ гьесде бицана.

Цинги, ццин бахъун, ФиргIавн, гъалбацI гIадин, хичана,
«Хехго машитIат дихъе яче!» - йилан ахIдана.
Чанахъанасда кодоб хъойзе щвараб гIанкI гIадин,
ГIайиб гьечIей муъминат, ячун, цее къотIана.

Цевеккун ФиргIавница эмен чIван, бесдаллъарал
Лъималги цадахъ рачун, яхъана, асир гIадин.
Аллагьасде имангун, Гьесде тавакал тIамун,
ТIобараб саброялда щвана гьей ФиргIавнихъе.

«Щив дур бетIергьан?» – абун, гьелдехун ццидахана.
«Дунги мунги вижарав Аллагь вугин», – абуна.
ГурхIел-рахIмоялдаса ватIалъарав малгIунас
МашитIатие кьуна кьогIалщинал гIазабал:

Бакъвайзе тIибитIараб чахъдал хамалаг гIадин,
ГIурдада йигъизаюн, хIатIал-койразда магI чIван,
«Диде иман лъечIони, гьал лъимал дур каранда
Киналго хъойлин», – абун, кIал гьикъун, гаргадана.

Къудраталъул Аллагьас рекIей щулалъи кьурай
МашитIатица гьесул тагьдид[1] санго гьабичIо.
Гьелъул каранда тIад лъун, цо-цоккун, лъимал хъуна,
Цо – ахиралда хъураб – разигIлъунги[2] букIана.

«ГIараисалда», лъимал, эбелалда цересан,
Цо-цоккун, коронир лъун, рухIанин абун буго.
Бищун гьитIинаб разигI, корониб рехулелъул,
Эбелалъе сабро кьун, кIалъаниланги буго:

«Исбири я уммагьу фа иннаки гIалал хIакъ»,[3] –
ФасахIатаб куцалда гьаб калам гьабун буго.
Иман жинде лъечIезе хасс гьабун жиб къачIараб,
Гьеб маххул коронир лъун, киналго рухIун руго.

Риваятазул хилаф лъималазда тIад буго,
МашитIат юхIиялда киналго рекъон руго.
Кинаса батаниги, гьеб рухIи бихьулелъул.
«АлхIамду лиллагь» гореб, калам гьелъ гьабун гьечIо.

Гьей къадаралде щведал, «МашитIат ячIанилан», –
Цуцаде рохел баркун, малайкзаби рещтIана.
МашитIатил гIазизаб рухIгун зодоре унел,
Асиятил беразда, гьел малайкал рихьана.

Гьелдалъун Асиятил иман цIакъ щулалъана,
МашитIатил хойлалда хIайранлъизе бачIана,
БетIергьан-Аллагьасде, «Алжаналъуб диеги
Дуда аскIуб рукъ баян», – ракI-ракIалъго гьарана.

[1] ХIинкъи кьейи.
[2] Каранда хахулеб.
[3] «Дуца сабро гьабе эбел, мун хIакъаб нухалда йиго».

Гьанжи Асиятида Алжанул махI бахъана,
НахъчIвазе хIалкIолареб сабро тIагIин бачIана.
«Я малгIун», - илан абун, ФиргIавниде юссана,
Басриябщинаб рикIкIун, гьесда данде кIалъана. –

Дур гьеб къосараб хьвади, Халикъасде инкар ккой
КидаллъизегIан дица хIехьелеб?-ан абуна. –
Аллагьасде капурлъун, Гьесул нигIматал кванан,
Кидаго гьаб хIалалъ мун толарин», – кIалгьикъана.

Гьанжи ФиргIавн виххана, ахIи-хIур багъарана,
Божа-бокьаралщинал вазирзаби ахIана,
«Асиятий Мусаца гьабураб жо бихьизе
Гьанире балагье», - ян гьездехун гаргадана.

«Дур яс женаз ккун йигин, сихIроги гьабун бугин», –
Гьелъул эбелги ахIун, ФиргIавница бицана.
Цинги Асиятиде эбелалъ цIакъ гьарана,
«Гьесие мутIигIлъе», - ян лъикIаб-тIокIаб бицана.

Бадие ялагьичIо, гьезул харбихъ гIин лъечIо,
«ГIалам бижарав Халикъ – Аллагь вугин, – абуна. –
Аллагьас расуллъун жив витIарав Мусадеги
Дица иман лъолилан», – шагьадатги битIана.

Гьанжи вазирзабаца, мушавараги гьабун,
Асият чIвазе кколин хIукму тасдикъ гьабуна.
Гьей чIвайчIого тани, дур къавмго пасалъилилан,
ФиргIавние гIакъло кьун, рецц-бакъалъе кIалъана.

Цинги, хIатIал-койразда магIалги чIван, Асият,
ГIурдада турут гIадин, тIийитIизе гьаюна.

Ялъуни богогьанас, бежизе, чахъу гIадин,
МашитIатида релълъон, короние рехана.

Кинаса батаниги, гьезие кьураб гIазаб
РагIарасул беразда магIу ккойзе кIойларо,
МалгIунасул зулмуялъ гIакъидат пасалъичIел
Гьезул гIадаб гIакъибат[1] талихI кьурасул ккела.

Кьер-кьерал гIазабазулъ Асият йигеб гIужалъ
Жабраил-малаикас «ТIаде йорхе», – абуна.
Алжаналъур жиндийго рарал рукъзал рихьана,
Рохелалъ гIазаб кIочон, Асият елъанхъана.

Алжаналъул шараб[2] кьун, хIухь бан, гьекъезабуна,
Гьелда хадуб Жибрилас цойги рохел бицана:
«Ливаул-хIамд кодосев ХIабиб – МухIаммадие
Завжат[3] Алжаналъуй мун йикIинилан», – абуна.

**وبشرها بأنها تكون زوجة محمد صلى الله عليه وسلم في الجنة فماتت من غير ألم رضي الله عنها . «بدائع الزهور» صـ ١١٧**

Ахирисеб сагIаталъ хвалил мехталабазулъ
Асият елъанхъидал, ФиргIавние гIадлъана,
«ГIадаллъарай мажнуналъ гьабулеб жо бихьизе
Гьанире балагье», - ян сверухъ ругел ахIана.

Алжаналъул агьлолъун зарраго бижарасул,
Ширкалда хьваданиги, ахир битIулеб буго, –

[1] ГIакъибат – ахир.*
[2] Шараб – гьекъолеб жо.*
[3] Завжат – лъади.*

Балагье сахIаратахъ, ФиргIавний лагълъиялда
ГIумру жедер аниги, ахир ритIун ккарал куц.

Алжаналъул рохалил хабар бицананиги,
Халгьабе, ГIумар-асхIаб истидражалда[1] хIинкъи.
ХIинкъи рекIелъ гьечIолъи – чIухIиялъул гIаламат,
ЧIухIгун бугеб гIилмуялъ иблис гьалаклъи – гIибрат[2].

Аллагьас тIоритIаги тIалаб гьабуралщинал,
ТIадеги цIикIкIун кьеги рокьи-унсалъул макъам!
Асият-машитIатил даражаялде щваги
Диналъул ургъел бугел исламиял руччаби

**...فقالت الوزراء لفرعون : إن لم تقتلها أفسدت عليك جميع قومك . فأمر فرعون فصنع بها مثل ما صنع بالماشطة فنزل في الحال جبريل فبشرها بالجنة وناولها كأسا فشربت منه وبشر لها بأنها تكون زوجة محمد ﷺ في الجنة فماتت من غير ألم .**
**«بدائع» صـ ١١٧**

[1] Истидраж – гукки.*
[2] ГIибрат – пикро гьабизе дарс.*

# - Ф А С Л О -

## ФИРГІАВН ВА ГЬЕСУЛ КЪАВМ ГЪАНКЪИЯЛЪУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Мусалги ФиргІавнилги ккарал вакъигІатазул,
Къокъаб назмоялъ рехсон, рагІалде бахъинаро.
Рахъ-бакІ жинда лъаларев нухлуласе сухъмахълъун,
Сура-хъурат гьабуна, къасд ккарасе цІализе.

Цинги, ФиргІавнил ханлъи хараблъизе мех щведал,
Муса аварагасе Аллагьас койрбакъана;
Аллагьин чІарав малгІун, Жибрил малаик вачІун,
Жиндийго сот къотІизе тІамуна, макро гьабун.

Берцинаб ретІел-тІехгун, инсанасул суратальлъ,
Гьесде тІаде цо къоялъ Жибрил-малаик щвана.
«Щив мун?» - илан гьикъидал, Жабраил малаикас,
Къокъабго жаваб гьабун, мурад баян гьабуна.

«Жиътука мустафтиян гІала гІабдин,[1]» – абуна,
Элда хадуб, лагъасул хьвада-чІвади бицана:
«Дица нигІматалги кьун, бокьухъе веччан тарав,
Бокьанщинабги гьабун, эркенлъиялда вугев,

Дир лъикІлъи цІикІкІанагІан дидехун дагІбадулев,
Дир цІар жиндего ахІун, жив – дун вугилан чІарав,
Дир тІолго нигІматазде жиндиргоян абулев
Лагъасе мустахІикъаб жаза щиб?» - ан гьикъана.

[1] Ай, «Дудасан фатва тІалаб гьабун вачІун вуго», – абуна.

«ГьедагIан саййидасе мутIигIлъи жиндир гьечIев,
Гьев – цIакъ кошав лагъ вугин, – ФиргIавница абуна. –
Гьесий рекъараб жаза – гьаб ралъдалъеги рехун,
Гъанкъизе гьави бугин», – гьеб фатваги абуна.

«Гьеб фатва дурго койралъ кагътида хъван кье»,-йилан
Жабраил-малаикас ФиргIавниде гьарана.
Гьаридал, ФиргIавница, фатваги хъван, гьеб кагъат
Кутакаб ракIчIеялда гьоболасухъе кьуна.

Гьеб кагъат босун, Жибрил Мусаде аскIов ана,
Эсие ФиргIавнилгун кканщинабги бицана.
Цинги, «БетIергьанасул, бану-исраилалгун
Мун гьаниса айилан, амро бугин», – бицана.

Мусаца ахIи бана бану-исраилазде:
«ИртихIалалъе[1] къачIан, хIадурлъе,-йилан абун. –
Ункъ-ункъ рукъалъул агьло цо-цо рокъор данделъун,
Цинги кьагIи хъой», - илан, гьаб амроги гьабуна.

«Гьел хъурал кьагIазул би бану-исраилазул
Щивасул нуцIаялда бахе»,-янги абуна.
Малаикзабаз къасе къибтIиязул абкарал[2]
Гъуризе рукIиналъул хабарги лъан букIана;

Би нуцIбузда бахарал рукъзабаде жанире
Малаикал лъугьине гьечIиланги бицана.
Цинги исраилияз нуцIбузда би бахана,
Балагьун, къибтIиялги релъа-рохун рукIана.

[1] Къокъине.
[2] Ай, гьезул киналго гIолилал.

Радалалде абкарал – киналго хун ратана,
Лъабкъоялда анцIазар гьезул къадар букIана.
Гьел рукъа-рухьиналда къибтIиял машгъуллъана,
Шугълуялда[1] гьелги тун, Мусаги нахъе ана.

Анлънусазарго чигун Муса ун вукIин лъайдал,
Нелъер абкаралги чIван, гьев тIурун ун вугилан
АхIи бан, ФиргIавница гьесда хадув вахъине,
РикIкIине хIалкIолареб гIаскар данде гьабуна.

**قال فرعون : هذا عمل موسى وقومه ، قتلوا أبكارنا من أنفسنا ، ثم إنهم خرجوا ولم يرضوا بأن ساروا بأنفسهم حتى ذهبوا بأموالنا معهم . فنادى فرعون في قومه كما قَالَ تَعَالَىٰ:** ﴿ فَأَرْسَلَ فِرْعَوْنُ فِى ٱلْمَدَآئِنِ حَٰشِرِينَ ﴿٥٣﴾ إِنَّ هَٰٓؤُلَآءِ لَشِرْذِمَةٌ قَلِيلُونَ ﴿٥٤﴾ ﴾
الشعراء : ٥٣ – ٥٤ ... **الخ . «عرائس» صـ ١٧١**

Юсуф, гIалайгьи-ссалам, хвалиде гIагарлъидал,
Хун хадув жив вукъизе Шамалде восейилан,
Васият букIаниги, Мисриялъул агьлоялъ
Гьев дове веччангутIи цебе бицун букIана.

Бану-исраилалгун, Мисриги тун, унелъул,
«Юсуфил жаназаги цадахъ босе», - ян абун,
Муса аварагасде Аллагьасул рахъалъан
Амро букIун, вукъараб бакI балагьизе ккана.

Гьев вукъараб бакI лъалев чи ватулев вукIинчIо,
ИчIнусго сон бахъарай цо кIодо данделъана.
Долда хоб лъалеб батун, Нил-гIурухъе рачана,
Вукъараб бакIги бицун, Юсуф къватIив вахъана.

[1] Гьелде руссун.*

Мармаралъул гъансинив лъурав Юсуфги восун,
Муса жиндирго къавмгун ралъдахъехун къокъана.
Къадирасул рахъалъан, гьеб рахъалде айилан
Амро букIиндал, ана Муса витIаралъуве.

Ралъдал рагIалде Муса гIагарлъараб мехалда,
ГIаскаргун тIаде щолев ФиргIавн гьезда вихьана.
Нахъруссине рес гьечIеб, цебехун ралъад бугеб,
Бану-исраилазул чарахвараб хIал ккана.

«Кинаб хвасарлъи гьанжи нелъей букIунеб?» – абун,
Мусадехун къавмалъул пикраби рикь-рикьана.
Ралъдахъехун айилан амро жинде букIиндал,
Аллагь нилъгун вугилан, Мусаца сабро кьуна.

РахIманасул рахъалъан: «Ралъдалъ гIанса кьабе»,-ян
Мусаде, амро гьабун, вахIю тIаде рещтIана.
Ралъдада гIанса кьабун, мугIрул гIадал чIахIиял
Карачелазда гьоркьоб, бикь-бикьун, нух лъугьана.

Бану-исраилазул анцIила кIиго кьибил, –
Щибаб цо-цо нухасан цадахъ жанир лъугьана.[1]
Гьарун хадув вукIана, Муса цеве къокъана,
Къункъразул боялъ гIадин, БахIрул-Къулзум[2] бахана.

Хехлъиялъул рахъалъан, пирхараб пири гIадин,
Пахрояв ФиргIавнгун бо ралъдал рагIалде щвана,
Ралъад хъвалхьун, бахъараб нухалъухъ валагьана,
Гьенисан билълъун унеб Мусал къавмги бихьана.

[1] Ай, 12 нух лъугьана ралъдалъан.
[2] Ралъадалде цIар.

Къавмалда хадув ине хивал жинца гьабуна,
Жаниб лъугьине хIинкъун, чу нахъе-нахъе къана.
Жибрил-малаик вачIун, рамакат[1] цебе цIана,
Цинги ФиргIавнил барти, инкар тун, хадуб ана.

Хвалиде гали лъурал гавуразул гIаскарал,
Муса довехун щведал, жанир лъугьун рахъана,
Жибрил-малайк – цевегун, Микаил – хадувги чIун,
ГIачи гIадин, рацIана ралъад бакьулъ щвезегIан.

Рикь-рикьун чIун рукIарал чIахIиял карачелал –
Киналго, цуцалъ кьабун, жорайзе байбихьана.
Жабраил-малаикас жиндирго койралъ хъвараб
Кагъат, «Ма гьаб цIале», - ян ФиргIавнихъе бегьана.

Гьеб кагъат цIаларабго ФиргIавнида бичIчIана,
Фатва жинцаго жиндий гьабун букIараб лъана,
Гьалаклъи якъинлъана, мугъчIвазе бакI тIагIана,
Гъаргъаратаалда[2] аскIуб шагьадатги битIана.

«Ал ана?[3] – гьанжийищ,-ан Жабраилас абуна, –
Аллагьасде гIасилъун гIумру дуцаги тIамун».
ТIадвуссунги шагьадат гьес битIиялда хIинкъун,
ХIарщги кIалалда речIчIун, чIезе гьавуна малгIун.

РагIал, доб майданалъул, ракIалдаго гьечIого,
Гьаб бакIалда батана ФиргIавнгин къибтIиязда,

[1] ГIала.
[2] Ай, хола вукIин мухIканлъидал.
[3] Жабраил малаикас «ГIумроялъ «Аллагь»,- илан дагIбаялдаги вукIун, гьанжийищ битIулеб шагьадат?» - ан абуна.

Зулму-хIалалъ бахъараб ханлъиги малакаги
Мавтул-фужъаталъ[1] ана талихI къарав ФиргIавнил.

Ралъадалъ жанир рачун, къибтIал гъалаклъулелъул,
Гьезул ккараб вакъигIат Мусалазда бихьана.
Бихьаниги, бахьикъос гIанкъиялда божичIо,
ГIанкъичIин ФиргIавнилан абулел чи рахъана.

Эзул шаклъи тIагIине, ТIадегIанав Халикъас
Хварав ФиргIавнил ракьа сах-саламат цIунана, –
ХойчIилан абулезул якъинги щулалъизе,
Ракъдаде рехизабун, гьезда цебе бачIана.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَجَٰوَزْنَا بِبَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ ٱلْبَحْرَ فَأَتْبَعَهُمْ فِرْعَوْنُ وَجُنُودُهُۥ بَغْيًا وَعَدْوًا
حَتَّىٰٓ إِذَآ أَدْرَكَهُ ٱلْغَرَقُ قَالَ ءَامَنتُ أَنَّهُۥ لَآ إِلَٰهَ إِلَّا ٱلَّذِىٓ ءَامَنَتْ بِهِۦ بَنُوٓا۟ إِسْرَٰٓءِيلَ وَأَنَا۠
مِنَ ٱلْمُسْلِمِينَ ﴿٩٠﴾ ءَآلْـَٰٔنَ وَقَدْ عَصَيْتَ قَبْلُ وَكُنتَ مِنَ ٱلْمُفْسِدِينَ ﴿٩١﴾ فَٱلْيَوْمَ
نُنَجِّيكَ بِبَدَنِكَ لِتَكُونَ لِمَنْ خَلْفَكَ ءَايَةً ۚ وَإِنَّ كَثِيرًا مِّنَ ٱلنَّاسِ عَنْ ءَايَٰتِنَا لَغَٰفِلُونَ
﴿٩٢﴾ ﴾ يونس : ٩٠ – ٩٢

КъибтIиязул къавмалъул къадро бугевщинав чи,
Рукъизе хоб щойчIого, щуща-хъухъан тIагIана.
ТIолго гIолилалги хун, хараби нахъе тана,
Лъималгин руччабазда божун элги хутIана.

Эзул бугеб боцIи-мал – кинабниги бечелъи
Бану-исраилазе гъаниматлъун[2] лъугьана.

[1] Ай, божкъаликьан ракIалдаго гьечIого бачIараб хвелалъ.
[2] Гъанимат – давла.*

Мусал Рисалаталъул ритIухълъиги бихьана,
РахIманасул гьесие гIавну[1] букIинги лъана.

Гьеб бихьидал хадубги ширкалдехун къасд гьабун,
Къавмалъ «Лагълъи гьабизе хъанчал гьаре», – абуна,
«Я Муса, ижгIал лана илагьан кама лагьум»[2] –
Калам гьез гьабиялъе Къуръан далиллъун буго.

قَالَ تَعَالَى: ﴿وَجَٰوَزۡنَا بِبَنِيٓ إِسۡرَٰٓءِيلَ ٱلۡبَحۡرَ فَأَتَوۡاْ عَلَىٰ قَوۡمٖ يَعۡكُفُونَ عَلَىٰٓ أَصۡنَامٖ
لَّهُمۡۚ قَالُواْ يَٰمُوسَى ٱجۡعَل لَّنَآ إِلَٰهٗا كَمَا لَهُمۡ ءَالِهَةٞۚ قَالَ إِنَّكُمۡ قَوۡمٞ تَجۡهَلُونَ ١٣٨﴾
الأعراف : ١٣٨

Аллагь разилъи щваяв ГIали-асхIабасухъе
ВачIун, цо ягьудияс гьаб калам гьабун буго:
Ножорго Авараг хун къоло щуго соналъцин,
Сабро гьабичIого, нуж цуцаз чIвалел ругилан.

Цинги ГIали-асхIабас «БитIараб буго, – абун,
Сабро гIунгутIиялъул гIайиб тIаде босана, –
Бугониги, ралъдал хIарщ хIатIазда бакъвайчIого,
Ножоца Мусадеги хъанчал гьаре абуна».

Гьаб жавабалъ жугьутIав кIал-мацI къотIун хутIана,
КIалъайчIев анищан ккун, тIадвуссун, рокъов ана.
Аллагьасул Зул-факъар, ХIабибасул мууварис[3] –
ХIайдарилгун бахIс гьабун, бергьарав чи лъугьинчIо.

[1] ГIавну – комек-квербакъи.*
[2] «Мушрикиназул ругел гIадин, нежееги хъанч гьабе», - ян абуна Мусаде.
[3] Ирс щварав.*

Цинги БетIергьанасул Мусахъе вахIю щвана:
«Шамалъул ракьалдехун сафар гьабе», - ян абун,
Гьениб хъанчазе лагълъи гьабулеб къавм бугилан, –
Гьебги баян гьабуна – тавхIидалде ахIизе.

Амроялда нахъвилълъун, бану-исраилазда
«Сайруялъе[1] къачIай», - ян Мусаца лъайзабуна.
Мусада нахърилълъине гьезие къабуллъичIо,
Гьесдехун инкар гьабун, дагIбадизе рекIана:

«ФиргIавнидаса дуца хвасар гьарун хадуса,
Гьанжи нежей гьабулеб гьаб жо щиб? - ан абуна. –
Гьаб бухIараб гьава-бакъ, гьечIеб кодоб койнгин лъин,
Кин рилълъунел ниж? – абун, багьанаби ратана. –

Гьал руччаби-лъималги, херал-гIажизал чиги, –
Нежеда гьанже дуца баччизе гьабулеб щиб?
Гьаб къварилъи-захIмалъи, ФиргIавнгин къибтIияца
Баччизабуралдаса, нежее бакIаб буго».

Гьеб игIтираз[2] гьабизе исраилал лъугьиндал,
Мусаде Аллагьасул хадубги вахIю щвана:
«НакIкIул рагIад гьабила, бухIи хъвайзе теларо,
Зодосан рещтIинабун, тIагIам ножое кьела. –

ГамчIидасан ножое, бокьанагIан гьекъезе,
Лъин баккизе гьабила, къечезеги теларо,
Туригин хоялдаса хьит-парталги цIунила, –
Сапаралъул захIмалъи ножода хъатIиларо». –

[1] Ай, сафаралъ рахъине.
[2] Ай, дандечIей, инкар гьаби.

Инсуца лъималазе лъикIаб бицунеб гIадин,
Бану-исраилазе БетIергьан хIалимлъана,
Гьездасан пайда-хайир хIажатав чияс гIадин,
ХIеренаб калам гьабун, гьезул хIужжа къотIана.

Гьел шартIал къабул гьарун, къотIиялда разилъун,
Мусагун исраилал сапаралде рахъана.
Сапаралъул захIмалъи гьезда рагIизе течIо,
Гьезий хIажатабщинаб – кинабгоги батана.

Хадуб, жаббариназул шагьаралде витIизе
ТIаса вищун анцIила кIиго чи хIадурана.
Дозул хIакъикъаталъул хабар босун рачIаян,
Мусаца амро гьабун, гьел къватIире рахъана.

АрихIа шагьаралде жал гIагарлъараб мехалъ,
Жаббариназул цояв, гьел рихьун, аскIов щвана.
Нух бачунеб хIисабалъ, хIилла гьабун, гьев чияс
Гьел жаббариназухъе маян кодоре къуна.

Бану-исраилазул кIи-кIи чиясул гIадаб,
Черх цо-цоясул бугеб, залимаб халкъ батана.
ЗагIипал исраилал – цоязе чIвазе бокьун,
Цойгияца – «Лагъзаллъун ккун лъикI»,-илан абуна.

Гьеб харбида къо ана, гIакъло цуцаде ккечIо,
Къасе сордо бачIиндал, исраилал тIурана.
«Вадиль-гIункъуд» абураб цо кIкIалахъе рещтIана,
Гьениб хIухьбахъи гьабун, нахъойги рагъарана.

Гьеб кIкIалахъа цо руман, цо цIибилалъул хьопги –
Цо-цояб кIи-кIияс ккун, хIалалъ гIадин босана.

Мусаде аскIор щвана, ккарабщинаб бицана,
КIи-кIияс ккун бачIараб руман-гIункъуд[1] бихьана.

Бану-исраилазул рекIелъе хIинкъи ккана,
Руман-гIункъуд бихьидал гIажаиблъи гьабуна.
Жаббариназде тIаде иналде инкар гьабун,
Гьанжиги Мусадехун, адаб тун, гаргадана:

«Дурго Аллагьги вачун, гьезулгун рагъ гьабизе,
Гьаб бакIалда нижги тун, мунго а,-йилан чIана. –
ФиргIавнил мамлакатго[2], гьезде тIаде инегIан,
Нежей бигьа букIанин», – гIемерисез абуна.

«Инна лан надхулагьа вагьум фигьа абадан»[3], –
Абураб рагIудаса исраилал кьуричIо.
«Фафрукъ байнана ва байнал-къавмил-фасикъин»,[4] – абун,
Мусаца, дугIа гьабун, Аллагьасде гьарана.

Аллагьас жаваб гьабун, гьесде вахIю рещтIана:
Гьезий кIикъого соналъ Шам хIарам гьабунилан.
КъотIуе хилифлъарал тIолго фусакъаазул,
КIикъого сон инелде, чIагояв чи хутIичIо.

Хвелги гьезул, цо-цоккун, гьалмагълъиялдаса тIун,
ТIадруссине лъайчIого, авлахъалдаго хутIун,
Аллагьасул хIикматалъ хIайран гьарун, гьенирго
Гьалаклъараб букIана, боцIи-панзалъул гIадин.

---

[1] Руман – гранат; ГIункъуд – цIолбол хьоп.*

[2] ФиргIавнил лагъзаллъун рукIин.*

[3] «АрихIа шагьаралда жаббаринал ругебгIан заманалъ ниж гьенире лъугьине гьечIо», - ян чIана.

[4] Мусаца Аллагьасде гьарана: «Мунапикъзабадаги нижедаги гьоркьоб батIалъи гьабе», - ян.

ГIавногин нусраталъе[1] вафаул-гIагьд[2] – шартIалда,
ТIадегIанав Аллагьас «Дун – нужгун»,-илан абун,
Жабабиратазда тIад корщел батизе бугин
Бану-исраилазде бицарабги букIана.

Цинги хадуб Мусаца, тафтишалъе[3] унелъул,
АнцIила кIиявгоги накъибасда[4] тIадкъана:
«ТIадруссун нуж рачIиндал, дозул бугеб ахIвал-хIал
Бану-исраилазда балъго гьабун те»,-йилан.

Гьез – Аллагьасул къотIи, нукъабааз – тIадкъараб,[5]
ТIадруссун жал рачIиндал, накъзо[6] гьабун, биххана.
Бихьараб жаниб тезе гьунар гьезул батичIо,
Жаббариназул къуват, къаркъалаби рицана.

Нукъабааз Мусае къотIи хойзабун течIо,
Къиталалъе[7] инкар ккун, ташвишалъе[8] хIалтIана.
ЮшагI авараг, Калиб – кIиявго такъи вукIун,[9]
КъотIи-гIагьдалда жаниб гьез хиянат гьабичIо.

Халикъасе гьабураб къотIи жедер биххидал,
Бану-исраилазде баркат гьечIолъи щвана.

[1] ГIавно-нусрат – комек-квербакъи.*
[2] Ай, Аллагьасе гьабураб къотIи гьез тIобайзе гьабиялъул шартIалда, гьезде абун букIана: «Жаббариназда тIад ножоца бергьенлъи босила», – абун.
[3] Ай, цIех-рехалъе ритIулелъул (разведкаялъ).
[4] Ай, рацIцIадал, божарал цо-цо кьибилалдаса цо-цо рищун рукIана.
[5] Ай, мунафикъзабаз – Аллагьасе гьабураб къотIи, нукъабааз – Мусал амро, ай, «Жаббариназул ахIвал-хIал бицунге»,-ян абураб.
[6] Ай, хойзе гьабун.
[7] Рагъуе.
[8] Квалквалалъе.
[9] ЮшагI аварагас ва Калибица – кIиясго къотIи биххичIо, гьел Аллагьасдаса хIинкъарал рукIун.

Шамалъул ракьги гьезий хIарамаблъун гьабуна,
Рехсон араб куцалда, цо-цоккун, гьалаклъана.

КIикъого соналъ Муса Тигьалдаго хутIана,
Хадув муъминзабигун АрихIалде къокъана.
АрихIалъул капурал, койгъун, басра гьаруна,
Гьениса къватIир кIанцIун, бакI-бакIалде тIурана.

ТIадегIанав Аллагьас Мусае койрбакъана,
КъотIуй хилифлъичIезе интисар[1] хIасуллъана.
РахIманасе гIугьудал[2] тIорайзари бокьула,
ТIадкъараб амроялъе хилифлъи – фискъу ккола.

Рехсанщиналде тIаде, Тигьалда гьалаклъарал,
Гьаб манну-салваялде[3] сабро нежер гIоларин,
Ракьалдасан рижунел нигIматал Аллагьасде
Гьарейиланги чIана, щибго намуслъичIого.

Гьал инжитал пишабаз, адаб тарал инкараз
Аллагьасул ццинбахъин гьезде тIаде рещтIана.
Зиллуги масканатги[4] гьезул зурриялдалда
Дунял паналъизегIан тIад чIараблъун гьабуна.

БоцIи гIемерлъунилан бечелъи гьезий гьечIо,
Гьезул рекIелъа факъру[5] кидаго бахъуларо, –
Къуръаналъул аятаз гьедин бицунеб буго.
Гьеллъун нилъ ратичIелъул, рецц Аллагьасе буго.

[1] Ай, бергьенлъи.
[2] КъотIаби.
[3] Аллагьас жедее зодосан рещтIине гьабураб нигIмат, тIагIам.
[4] ГIодорегIанлъи, басралъи, боцIи гIемерлъаниги, ракIал мискинлъи.
[5] Факъро – мискинлъи.*

Закариягун ЯхIя – кIиявгоги эмен-вас –
Бану-исраилаца зулмуялдалъун чIвана.
Лъабкъоялда анцIго гIун авараг гьез цо къоялъ
ЧIвараlинги абула агьлу-ттафасираца[1].

ГIиса, гIалайгьи-ссалам, жедеца чIваравилан
Хабар гьез бицун хадуб, факъроги масканатги
Халикъас гьезде тIаде дагьабги цIикIкIун беччан,
РекIелъ факъро гьечIев чи гьезул вукIунев гьечIо.

Гьелда хадуб, халкъалъе рахIматлъун жив витIарав,
ТIахьал насхо[2] гьабураб Къуръан жиндихъе кьурав,
Жиндир Рисалаталъе Тавратги нугIлъун чIарав
Нелъер ХIабибасдеги хIасадалъ гьел руссинчIо.

Гьезул хIакъалъулъ хабар хадусанги бицине
Хивал буго ракIалъул, къоял нахъе ратани.
Къадирас кьураб нигIмат бусурбабазда бичIчIи –
Буго гIицIго гьеб мурад, гьечIо батIияб анищ.

[1] Ай, тафсиралъул агьлоялъ бицуна.
[2] Цере рещтIарал тIахьазул хIукму хисулеб.*

قَالَ تَعَالَى: ﴿ وَظَلَّلْنَا عَلَيْكُمُ ٱلْغَمَامَ وَأَنزَلْنَا عَلَيْكُمُ ٱلْمَنَّ وَٱلسَّلْوَىٰ ۖ كُلُوا۟ مِن طَيِّبَٰتِ
مَا رَزَقْنَٰكُمْ ۖ وَمَا ظَلَمُونَا وَلَٰكِن كَانُوٓا۟ أَنفُسَهُمْ يَظْلِمُونَ ﴾ البقرة : ٥٧

قَالَ تَعَالَى: ﴿ وَإِذْ قُلْتُمْ يَٰمُوسَىٰ لَن نَّصْبِرَ عَلَىٰ طَعَامٍ وَٰحِدٍ فَٱدْعُ لَنَا رَبَّكَ يُخْرِجْ لَنَا مِمَّا
تُنۢبِتُ ٱلْأَرْضُ مِنۢ بَقْلِهَا وَقِثَّآئِهَا وَفُومِهَا وَعَدَسِهَا وَبَصَلِهَا ۖ قَالَ أَتَسْتَبْدِلُونَ
ٱلَّذِى هُوَ أَدْنَىٰ بِٱلَّذِى هُوَ خَيْرٌ ۚ ٱهْبِطُوا۟ مِصْرًا فَإِنَّ لَكُم مَّا سَأَلْتُمْ ۗ وَضُرِبَتْ
عَلَيْهِمُ ٱلذِّلَّةُ وَٱلْمَسْكَنَةُ وَبَآءُو بِغَضَبٍ مِّنَ ٱللَّهِ ۗ ذَٰلِكَ بِأَنَّهُمْ كَانُوا۟ يَكْفُرُونَ
بِـَٔايَٰتِ ٱللَّهِ وَيَقْتُلُونَ ٱلنَّبِيِّـۧنَ بِغَيْرِ ٱلْحَقِّ ۗ ذَٰلِكَ بِمَا عَصَوا۟ وَّكَانُوا۟ يَعْتَدُونَ ٦١ ﴾
البقرة : ٦١

الله أكبر

# - Ф А С Л О -

## АЛЛАГЬАС МУСА ﷺ «ТIУР-САЙНАЪ» АБУРАБ МАГIАРДЕ АХIИ ВА ГЬЕСУХЪЕ ТАВРАТ ХЪВАРАЛ ХЪАРЩАЛ КЬЕЯЛЪУЛ КЪОКЪАБ БАЯН

ТIура-сайнаъ магIарде Аллагьгун гаргадизе
Муса иналъул къиса, къокъ гьабун, бицун тезин.
Цересел умматазул хабар лъалел гIадамаз
Лъун ругел гIибаратал гIажамалде росизин.

Мисриялда вукIаго, бану-исраилазе
Мусаца, къотIи гьабун, кьураб рагIи букIана:
«БитIараб шаргI манлъулеб, лъикIаб-квешаб бицунеб
Китабгун[1] ножохъе дун вачIине вуго», – абун.

Аллагьасул къудраталъ ФиргIавнги гьалак гьавун,
Гьесул зулму-къварилъи – кинабго тIасаги ун,
ТIолабгоги рахъалъан божи-аман лъугьиндал,
Бану-исраилаца Китаб[2] тIалаб гьабуна.

Гьанжи Муса авараг Аллагьасде вуссана,
«Исраилазул тIалаб тIобай»,-илан гьарана.
«Лъеберабго сордоялъ кIал ккой»,-ян амро гьабун,
Аллагьасул рахъалъан Мусаде вахIю щвана. –

Цинги хадуб, черх чурун, бацIцIадаб ретIел ретIун,
ТIура-сайнаъ магIарде вачIа»,-йилан манлъана.

---

[1] Ай, шаригIат хъвараб тIехь.
[2] Ай, доб Мусаца къотIи гьабун букIараб тIехь.

Гьениб Каламги гьабун, кодобе доб ТIехьги кьун,
ТIадвуссун витIилилан, БетIергьанас абуна.

Амроялда нахъвилълъун, лъеберабго кIал ккуна,
Аллагьгун гаргадизе ТIур-сайнаалде ана,
Сайнаъалде вахиндал, халуфуль-фамм[1] сурун ккун,
Сивак бахун, Мусаца гьеб махI пасад гьабуна.

Малаикзаби, Мусал кIалдиб бахъараб, гьеб махI
Мискалдаса гьуинго сунтIулеллъун рукIана.
«Сивак бахъун, дуца гьеб пасат гьабунин», – абун,
Пашманлъи загьир гьабун, гьел Мусаде кIалъана.

Гьединго БетIергьанас: «ТIадеги анцIго къоялъ
КIал ккой»,-ян амро гьабун, вахIю Мусахъе щвана. –
Мискалъул махIалдаса халуфу фамми ссаим
АтIябу гIинди»,[2] – абун, хиралъиги бицана.

Халуфуль-фамм Мусаца кIалдиса хойзабидал,
Халикъас, гьелъий гIоло, анцIго кIал тIад жобана,
Жиндие саимасул[3] кIалдисан бахъараб махI
Мискалдаса бокьулеб букIин бичIчIизабуна.

Микъат баян[4] гьабизе Къуръаналда Аллагьас,
Къоял гьоркьоса рахъун, сардал рехсон тун руго.
Сордогин къо рекъараб Мусал кIал ккой букIиндал,
Сардал рехсон тун руго, къоял лъалел ругелъул.

[1] КIал ккурав чиясул кIалдиб букIунеб свараараб махI.

[2] Аллагьас Мусаде «КIал ккурав чиясул кIалдисан бахъараб махI Дида аскIоб мискалъулалдаса лъикIаб буго»,-ян абуна.

[3] Саим – кIал ккурав чи.*

[4] Ай, 40 сордоялъ кIал ккоян аби бицун буго Къуръаналда, къоял, кIал кколеллъун рукIин баянаб бугелъул, рехсон гьечIо.

Къоязда сардал рацIцIун, кIалал ккоян абуни –
Анбияал горезе хIарамабилан буго.
ХIалалгин хIарамалъул гIорхъалаби цIунизе,
ГIилму-ннафигI[1] кье, Аллагь, тIалаб гьабунщиназе!

ТIаде анцIго кIалги ккун, кIикъого тамамлъидал,[2]
ТатIгьирги[3] камил гьабун, Муса къватIив вахъана,
ТIура-сайнаъ магIарда Аллагьгун гаргадана,
Мунажаталъул[4] рахъалъ аскIов гIагар гьавуна.

Аллагьас, Мусадаги Жиндаги гьоркьоб бугеб
Лъабкъоялда анцIабго пардавалъул, цо хутIун,
Цойгиял нахъе росун, тахлият[5] жиндий щведал,
Жив вижарав БетIергьан вихьизе анищ ккана.

Цинги, «Рабби арини анзуру илайка»[6]-ян,
Аллагьасде Мусаца, гьарун, кIалъай гьабуна.
Гьесие жаваб гьабун, «Лан тарани»,[7] – абуна,
Дунялалда Жив вихьи хIехьонгутIи бицана:

«Мадяналъул мугIрузулъ бищунго жиб борхатаб –
«Жабалу-Забиралде валагье»,-ян абуна,
«Гьеб жиндирго бакIалда къарарлъун чIун бихьани,
Фа савфа тарани»,[8] - ян Мусал ракIги батана.

[1] ГIилму-ннафигI – ахираталъе пайда бугеб гIилмо.*
[2] Ай, кIикъого кIал гIедал.
[3] Ай, рацIцIалъиги камил гьабун.
[4] Мунажат – кIалъай.*
[5] Ай, дунялалъул пикраби-хивалаздаса бацIцIалъун, ракI Аллагьасде буссиндал.
[6] Ай, Мусае бокьана Аллагь вихьизе, гьеб тIалаб гьабуна.
[7] Аллагьас абуна Мусаде: «Дуда Дун вихьи хIехьезе кIоларо», - ян.
[8] «Цинги вихьила дуда Дун», ай, мегIер бугеб хIалалъ чIун бихьани.

Аллагьасул тажали загьирлъизе букIин лъан,
МугIруз цуцада жаниб чIухIи гьабурабила.
Гьеб чIухIиги нахъе чIван, «Дий тажали киса?»-ян,
ТавазугI[1] тIаса бищун, Забирги чIарабила.

Забиралъул тавазугI БетIергьанасда бихьун,
Бищунго борхатаблъун гьеб мегIер гьабунила.
Тажалиялде хьул лъун, цуцалъ чIухIи гьабурал,
ЧIахIиял мугIрузда гъорлъ кIодолъиги щванила.

КIодолъи тIалаб гьабун, цуцалъ чIухI гьабулезе
Гьал мугIрузул мисалги – гIураб насихIат буго.
ХIайванун-натIикъ[2] гурев, Инсан вукIине ккани,
Аллагьасул лагъ вукIин лъайчIого чара гьечIо.

Лъалебанищ халкъалда лагълъиялъул даража, –
Дунялалъул ханлъиялъ гуккизе чIелароан.
БичIчIулебанищ Ислам, унго, бусурбабазда, –
Улкабазул букIназда байрахъал аз чIвалаан.

Жабалу-Забиралде Аллагьас вахIю гьабун,
«Гьал тутIикъу руъяти?»[3] – абурабилан буго.
Аллагьасул Каламалъ хIайран гьабун, гьеб мегIер,
Мусада бихьулаго, тIатIала ккун ун буго.

Илагьияб тажали загьирлъараб къагIида,
Гьелъул къадаралъулъги хилафал гIемер руго.
Ибну-ГIабасидасан: Жабалу-Забиралъе
Живго БетIергьанасул нур загьирлъи бицана.

---

[1] Живго жиндаго гIодовегIанавлъун вихьи.
[2] Аллагь лъаялде щвечIел, жагьилал,нилъ гIадал гIадамазде шаргIалъ: «Мацl лъалел хIайванал» – абула.
[3] «Дуда Дун вихьи хIехьезе кIолищ?» – абун.

Гьединго, Забиралъе загьир гьабураб гьеб нур
ХIижабияб букIанин ЗахIакица абуна.
ГIабдуллагь бину Салам, КагIбодасан риваят:
РокIкIадул ролълъи гIадаб нур букIанин бачIана.

БетIергьан – Аллагьасул нуранияб тажали,
Лъабкъоялда анцIазар пардавги гьоркьоб гьабун,
Диргьам гIанасеб къадар Жабалу-Забиралъе
Загьир гьабурабилан абулел чиги руго.

Илагьияб тажали мегIералъе загьирлъи
Къуръаналъул насс буго, кайфият мажгьул буго[1].
Кайфиятги къадарги Аллагьасда лъалелъул,
Лъалесде тIамун тейи – нелъей маслахIат буго.

МегIералъе тажали загьирлъараб гIужалда,
Мажусазул цIаял ссун, хъанчал гIодоре гъенон,
Ракь гIурччинлъун, тIугьдул ран, цIамгIалаб лъин гьуинлъун, –
Гьал горел цогидалги гIаламатал лъугьана.

Илагьияб нуралъул тажали загьирлъидал,
Залзалат[2] щун, сородун, мегIер бихх-биххун ана.
Аварагасул ﷺ хIадис: «Забир анлъиде бикьун,
Анлъго мегIер лъугьанин», – Анасица бицана.

УхIуд, Варкъан ва Разва Мадинаялда лъуна,
ХIираъгин Савр ва Сабир Маккаялдаги лъуна.
МегIералда берчIвайдал Муса тамахлъун ккана,
Хамиз къо гьеб букIана, ГIарафаб данде ккараб.

[1] Ай, илагьияб нур кин ва кигIанасеб къадаралъ загьирлъараб абуни, гьелда тIад батIи-батIияб хилаф буго.
[2] Ай, багъарун.

РухIуль-хIаят[1] Аллагьас жиндир чорхолъе беччан,
Хун лъун вукIарав Муса кIутIун тIаде вахъана,
Мун вихьизе хIехьезе хIалкIолареб лъанилан,
ХIалкIвараб щукругин рецц Халикъасе гьабуна.

Гьелда хадуб Аллагьас Жибрил-малаикасда
«Жаннатуль-ГIадноялде а», - ян лъайзе гьабуна,
«Гьениса гъойтIги къотIун, Таврат хъвайзе, алвахIал[2]
ХIадур гьаре»,-ян абун, гьебги лъайзе гьабуна.

Гьенив ун гъойтI къотIана, ичIго хъарщи бахъана,
ИчIалдаго ичI-ичI натI, Мусал зирагIалдалъун,[3]
ГIеблъиги халалъиги, – гьезул роцен букIана.
ГIибаратуль-«ГIараис»[4] – дица накъло гьабуна.

Цинги Жибрил-малайкас, Аллагьас амро гьабун,
«Сидратуль-Мунтагьа»-ян абураб гъойтIалдаса
ИчIго гIаркьел босана, нуразде гьел сверана,
Нуралъул къалмал лъугьун, лавхIал гьездалъун хъвана.

Гьел къаламазул къирси Мусада рагIулаан,
Илагьияб къудраталъ хъвалеб букIин лъалаан.
Амро-нагью, мавгIизат, мидарату-щараигI[5] –
Щибаб жо мухIкан гьабун, гьесухъе ЛавхIал кьуна.

---

[1] Ай, чIагольиялъул рухI. (Муса тамахлъун вукIинчIо, хунго вукIанаянги абула цоцояз).
[2] АлвахIал – хъарщал.
[3] Ай, Мусал натIалдалъун.
[4] Дица гьаб накъло гьабуна «ГIараис» абураб тIехьалдасан.
[5] Амро, нахъчIваял, вагIзаби, шаргIалъул роценал.*

ГIидуль-азхIа[1] дандккараб рузман къо гьеб букIана,
Муса тамахлъун ккараб ГIарафалда нахъияб;
Нураниял акъламаз[2], илагьияб къудраталъ,
АлвахIал хъвалеб къоялъ дунял нуралъ гвангъана.

ШаригIат жаниб хъварал хъаршал кодоре кьедал,
Щукру-рецц гьабун, Муса гьезде тIаде ваккана.
«Дие Дуца гьабураб кIодолъи-икрам»,-илан,
Аллагьасдехун вуссун, мунажатги[3] гьабуна.

БетIергьанас Мусаде: «Инни истIафайтука
ГIала-ннаси би-рисалати ва би-Калами
Фа-хуз ма атайтука ва кун мина-щакирин
Ва тамута гIала хIубби МухIаммад»[4], – абуна.

Жив вокьулевлъун хваян дида амро гьабулев
Гьав МухIаммадго щиван, Муса хIайранлъун ккана.
ХIабибасул хиралъи, халкъалдаса тIокI гьави –
ТIадегIанав Аллагьас Мусай баян гьабуна:

«Зобал-ракьал рижине азарго сон букIаго
Исму[5] ГIаршалда хъварав АхIмад вугин, – абуна. –
Кинабго халкъалдаса Дица тIаса вищарав
Бищун Дие вокьулев Сафи вугин», – бицана.

Цинги Муса: «Я Рабби, ин кана МухIаммадун
АхIабба илайка мин жамигIиль-халаикъи,

[1] Къурбан къо.
[2] Акъламал – къалмал.*
[3] Мунажат – хIели-кIалъай.*
[4] Ай, «Дица мун тIаса вищана гIадамаздаса Дир Рисалаталъе ва Дир Каламалдалъунги, дуца гьеб цIуне, шукруги гьабе, МухIаммад (с.гI.в.) вокьулевлъун хойзеги хва».
[5] Исму – цIар.*

Гьал халакъта умматан акрама гIалайка мин
Уммати»[1],-йилан абун, тIадвуссунги кIалъана.

«ТIолго халкъалде данде Дир хиралъи гIадинаб,
Хиралъи умматазулъ гьесул умматалъулги, -
Аллагьас, – Дида аскIоб бугилан» – жаваб гьабун,
Гьел рихьизе анищан Мусаца хьул гьабуна.

Гьел дуда рихьуларин, хьул къотIизе гьабуна,
Гьезул калам рагIизе бокьилищан гьикъана.
Бокьилилан Мусаца Аллагьасде абуна,
Аллагьас: «Я уммата МухIаммад»,-ан ахIана.

Аллагь-ТагIалаясе МухIаммадил умматалъ, –
Зеррабаз жаваб гьабун, «Лаббайка»-ян абуна.
«Дир рахIмат – цциналдаса, гIафву – гIазабалдаса
Ножой цебе кканилан», – рохел гьезда бицана.

Гьаб рехсараб вакъигIат Ибну-ГIаббасидасан
Аварагас бицараб хIадисалда бачIана ﷺ.
ХIабибасул хиралъи Къуръаналъ бицунелъул,
Цойги риваятазде хIажалъиго щиб бугеб.

**عن ابن عباس رضي الله عنه قال : قال رسول الله ﷺ : ((لما أعطي موسى الالواح نظر فيها فقال : يا رب لقد أكرمتني بكرامة لم تكرم بها أحدا من العالمين قبلي . قال الله تعالى : يا موسى إني اصطفيتك على الناس برسالتي وبكلامي فخذ ما آتيك وكن من الشاكرين – أي بقوة وجد ومحافظة – وتموت على حب محمد ﷺ )) ... الخ . «عرائس» صـ١٧٨**

[1] «МухIаммад авараг ﷺ кинабго халкъалдаса Дуе хирияв ватани, дир умматалдаса Дуе хирияб умматго бугищ?» – абун кIалъана Муса Аллагьасдехун.

Лъеберго къоялдасан тIадвуссине къотIигун
ТIура-сайнаъ магIарде Муса унеб мехалда,
Бану-исраилазе гIадлу-тадбир гьабизе
Гьезие халафалъи Гьарунида тIадкъана.

Лъеберго сардил микъат[1] кIикъойиде бахиндал,
КъотIи гьабураб гIужалъ Мусал тIадвуссин ккечIо,
ВачIине гьев нахъе ккей багьана ккараб гIадин,
Бачие лагълъи гьаби гьезда берцин бихьана.

Гьаб къисаялда тIадги хилаф гIемераб буго,
Агьлу-таварихаца батIа-батIа бицараб.
Бицине лъикIин ккараб дица рехсолеб буго,
Аслу-къиссат[2] абуни, Къуръаналъул насс буго.

Бану-исраилазулъ, Ислам загьир гьабурав
Цо мунафикъ вукIана, Муса-Зафар абулев.
«Самират»-ан абулеб тухумалъул гьев вукIун,
Гьесде абулеб тIокIцIар Самирийю букIана.

ФиргIавнидаса хIинкъун, гьарурал бихьинлъимал,
Балъго гIалахалде ун, рахъ-рахъалда, нохъазда
Рахчун толеб къагIида бану-исраилазул
Руччабазул букIана, зулму тIаса инегIан.

Цинги гьел лъималазе тарбият-тIалабалъе
ТIадегIанав Аллагьас малайкзаби толаан.
Килщал цIункIун лъималаз чIаголъи гьабулаан,
Лъай-гIакълоялде щведал тIадруссунги унаан.

[1] Микъат – гIуж (Аллагьгун дандчIвазе цIараб заман).*
[2] Къиссаялъул асло.*

Муса-Зафарги, гьедин гIалхуде рехун тарав,
Тарбият Жибриласул жиндий щварав вукIана.
Жиги, валаду-зина[1] гьев вукIаравин абун,
Агьлу-таварихазул цо риваятги буго.

Цинги, живго хьихьарав Жибрил-малаик гьесий,
Кида вихьананиги, кIочонарев лъугьана.
Гьев рекIунеб жоялъул милъир[2] хъвараб ракь бани,
РухIго гьечIеб жоялъе хIаят[3] щолебги лъана.

Лъеберго къо тIобайдал тIад Муса вуссинчIелъул,
Бану-исраилазул гьесдехун щаклъи ккана.
Гьабураб къотIуе гьев хилифлъанилан абун,
Иман загIипаб агьло хабаралде руссана.

Фарасул-хIаят[4] рекIун Жабраил сверулелъул,
Самирийюда вихьун, ватIа вахъизе лъана.
Гьесул чол милъир хъвараб ракьалдаса босана,
Бану-исраилазе питнаялъе ургъана.

Гьезда кодоб букIараб меседил цIарагI босун,
Биун гьеб кинабгогин бачил сурат гьабуна.
Гьанжи чол милъир хъвараб доб ракь кIалдибе бана,
Бече гьебсагIаталда гIергIедизе лъугьана.

Анлънусазар чиясул, анцIила кIиазарго
Гъорлъа рахъун, хутIараз бачий лагълъи гьабуна.

[1] КъватIулъа лъимер (зинаялдалъун гьавурав).*
[2] ЩинкIил*
[3] ЧIаголъи.
[4] Жабраил малаик рекIараб чу.

«Гьаза илагьукум ва илагьу Муса»[1],– абун,
Бану-исраилазде Самирийю кIалъана:

Муса, Аллагь валагьун, сверизе ун вукIанин,
Нухкъосун, тIадвуссине гьесухъа бажаричIин,
«Гьале Аллагь, ножода цеве вачIун, кIалъалев,
Мусаде гъотIодасан[2] кIалъан вукIарав гIадин». –

Гьадинал харбал рицун, къосарав Самирияс
Сверизе гьабуна къавм бачий лагълъи гьабизе.
Гьаруница: «Фатантум бигьи»[3] - ян абуниги,
Эсда нахърилълъине къасд исраилаз гьабичIо;

Бачидаса ниж руссин, Муса тIадвуссинчIони,
БукIунеб жо горилан дагIбадизе рахъана.
ДагIбадун бергьунгутIи Гьарунида бичIчIана,
Бачий лагълъи гьабичIеб къокъаялда гъорлъ чIана.

Къадирас вахIю гьабун, ТIура-сайнаъ магIарда
Мусае, баян гьабун, къавмалъул хIал бицана,
Хувар[4] жиндие бугеб меседил бече гьабун,
Гьелъий лагълъи гьабизе тIамун ругин абуна.

«Я Рабби, кайфа,[5] – абун Муса гIажаиблъана. –
ГIижлуялда[6] рухI лъурав щив?» – ан абун гьикъана.[7]

[1] Ай, «Гьаб буго ножор ва Мусал Аллагь», – абун бече бихьизе гьабуна.
[2] Ай, гъойтI бугеб рахъалдасан.
[3] Ай, къосуна руго абураб мурад.
[4] Гьаракь бугеб.
[5] «Гьеб кин гьез гьабураб?»
[6] ГIижлу – бече*.
[7] «Бечеялда рухI лъурав щив?»

Къадирас, жаваб гьабун, Дун вугилан абуна,
Дозул рекIелъ гьеб батун, кьун тей бичIчIизабуна.

Таврат хъварал хъарщалгун, кутакаб ццинги бахъун,
Пашманаб хIалалъ Муса къавмалъухъе вуссана.
Бече сверун кьурдулел гьел рихьидал, квешбукIун,
Кодор рукIарал хъарщал гIодоре роpтун ана.

КогIаб койралъ мегеж ккун, квараналъ ботIрол рас цIан,
Мусаца Гьаруние гьабуна хъачIаб кIалъай.
«Гьал къосуна рихьидал рагъ кин гьабичIеб?» – абун,
Гьезда бахъараб цциналъ вацасдехун семана.

«Ла таъхуз билихIяти вала би раъси»[1], – абун,
Мусае гIузру бачун, Гьарун данде кIалъана,
Дир вагIзагин насихIат гьаз къабул гьабичIилан,
Къавмалдаса бергьине кIунгутIиги бицана.

Цинги Муса, ццин бахъун, Самирийюде вортун,
«Ма хатIбука»[2],-ян абун бадирчIваял гьаруна.
Гьев Мусай мукIурлъана, ккарабщинаб бицана,
«Казалика саввалат ли нафси»,[3] - ян абуна.

Гьанжи Муса: «Иннакум заламтум анфусакум»,[4] –
Абураб калам гьабун, къавмалдехун вуссана.
Мекъса ккейиги бичIчIун, бачий лагълъи гьабураз,
Гьабизе нежей лъикIаб манлъейилан абуна.

[1] «Дир мегежги бетIерги ккоге».
[2] Ай, «Дуца гьабураб жо щиб?» – абураб мурадалда.
[3] «Дида дирго нафсалъ гьедин берцин бихьизе гьабуна».
[4] «Ножоца ножодаго зулму гьабуна».

Бачие лагълъи гъабун муртадлъараб къавмалъе
ШафагIат тIалаб гьабун, тIасалъугьин гьаризе,
ТIура-сайнаъ магIарде вачIаян амро гьабун,
Аллагьасул рахъалъан Мусаде вахIю щвана.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَإِذْ قَالَ مُوسَىٰ لِقَوْمِهِۦ يَٰقَوْمِ إِنَّكُمْ ظَلَمْتُمْ أَنفُسَكُم بِٱتِّخَاذِكُمُ ٱلْعِجْلَ فَتُوبُوٓاْ إِلَىٰ بَارِئِكُمْ فَٱقْتُلُوٓاْ أَنفُسَكُمْ ﴾ البقرة : ٥٤

**وإنما كان ذلك لأن الله تعالى أوحى إلى موسى عليه السلام أن توبة المرتد لا تتم إلا بالقتل ... الخ «خازن» جـ ١ ، صـ ٥١ . وما ذكره المفسر من أن السائل لرؤية الله جهرة هم السبعون المختارون للمناجاة أحد الطريقين ... الخ . «الصاوي» جـ ١ ، صـ ٣١ . قالوا : ثم ان الله تعالى أمر موسى أن يأتيه في ناس من خيار بني إسرآئيل ليعتذروا إليه من عبادة قومهم العجل فاختار موسى سبعين رجلا لينطلقوا معه إلى الجبل كما أمره الله . «عرائس» صـ١٨٤**

Исраилазда гъорлъан лъикIаздасаги лъикIал
Лъабкъоялда анцIго чи Мусаца хIадурана,
Гьабизе кколеб манлъун, кIал ккоян амро гьабун,
Аллагьгун гаргадизе гьелгун къватIив вахъана.

ТIура-сайнаъалде жив гIагарлъараб мехалда,
МегIер жаниб бачараб накIкIалъул хIуби чIана.
Нужги тIадегIан къаян къокъаялдеги абун,
Ана Муса накIкIукье, ралъдалъе ччугIа гIадин.

РахIмангун гаргадулев Мусал гьомер гвангъараб,
Нуралде ралагьизе исраилазда кIойчIо.
Аллагьас кIияздаго гьоркьоб пардавги гьабун,
Гьел ахяралги[1] ана, накIкIалде жанир лъугьун.

[1] ТIаса рищун рачIарал 70 чи.

Жедер аварагасде Аллагьасул рахъалъан
Гьабулебщинаб калам киназдаго рагIана.
Киналго, гIодор къулун, суждаялде ккун ана,
Мукалама[1] тIобайдал тIаса накIкIги борхана.

Хадурги Мусаде гьел адаб тун гаргадана,
Аллагьасул ццинбахъин рещтIун горони чIечIо.
Нежер беразда Аллагь вихьун горони дуде,
Иман лъезе гьечIилан чIванкъотIун цебе лъуна.

Цинги гьаваялдасан малайкас гьаракь гьабун,
Ялъуни пири речIчIун, чIагояв чи хутIичIо.
Хвелги гьезул – цо-цоккун, цоясда хадув цояв,
Цуцада рихьулаго букIарабилан буго.

«Бану-исраилазул суфагьаал[2] сабалъун
Нижищ гьалак гьарилел, БетIергьан?»-илан абун,
Аллагьасдехун вуссун, Муса цIакъ зигардана,
Дун тIадвуссун дозухъе кин иневан хIелана.

ХIакъикъияб хвелалъул лълъар гьекъарал ахярал[3],
Хун сордо-къо бахъиндал, чIаголъизе гьаруна,
ЧIаго гьариги гьезул хвелго гIадаб букIана,
ГIибрат бугел[4] кантIизе, цоясда хадув цояв.

Цинги[5] мужриминазде[6], «Аллагьасдеги руссун
Тавбо гьабе», - ян абун, Мусаца буюрана.

---

[1] Мукалама – кIалъай (Аллагь Мусагун кIалъай)*.
[2] Ай, гIакъло гьечIел.
[3] Ахярал – лъикIал чагIи.*
[4] Пикро гьабулел, ургъулел*
[5] Ай, тIадвуссиндал.
[6] Ай, къосун ккаразде.

Тавбо кин гьабилебан гьез хадубги гьикъана,
Мекъса ккарал ккечIелаз чIваян абун манлъана.

Амро тIобайзабизе мужриминал[1] разилъун,
МухIтабина[2] гIодор чIун, цо бакIалде руссана.
Суюфалгун[3], хунжрулгун бариунал[4] тIаделъун,
Байбихьана гъуризе муртадлъараб агьали.

Эмен-васалгин вацал, мадугьаллъи-гIагарлъи –
Лъалаго цояс цояв чIвазе бигьа букIинчIо.
Бариаз, гьеб захIмалъун, Мусаде гIарз бахъана.
БетIергьанас гьезда тIад тIупун чIегIернакIкI лъуна.

Лъица жив чIвала вугев мужриминазда лъайчIо,
Лъайзе тIалаб гьабиги гьезие нахъе чIвана.
Жив чIвалев къатиласде[5] бер борхун вуссаницин,
Макътуласул[6] тавбоги бегьуларин бицана.

Бакъанил мех щвезегIан мужриминал гъурана,
Лъабкъоялда анцIазар чи гьезул парахлъана.
Гьарунгин Муса, гIодун, Аллагьасде гьардана:
Гьал бану-исраилал лъугIулаго ругилан.

РахIманас гьезда тIаса тIупараб накIкI босана,
АслихIатал гIодор лъун, къатлу[7] теян абуна.

[1] Мужриминал – бачие лагълъи гьабиялдалъун жал къосун ккарал.*
[2] Ай, накаби чахьазда цуйзе гьарун.
[3] Хвалчаби.
[4] Бачие лагълъи гьабичIел, рацIцIадал.
[5] Жинца чIвалев.
[6] Жив чIвалев.
[7] «Ярагъги гIодоб лъун, рагъ (чIвай) те», - ян абуна.

НакIкI тIаса босун хадуб гъурараб халкъ бихьидал,
Бигъаяб хIал лъугьинчIо Муса аварагасе.

Аллагьасул рахъалъан: «Къатилалгун макътулал
Алжаналде ритIизе мун разияв вугищ?» - ан,
Мусаде вахIю рещтIун, гьесул ракI лъикI гьабуна.
Гьезул тавбо къабуллъи Къуръаналъги бицана.

Бану-исраилазул чIван хварал шагьидлъана,
Нахъе хутIаразулги мунагь-хатIа чурана.
Мусаца бече хъуна, цIоройзабун бухIана,
ЦIцIер гIадин рахъу, босун, Нил-гIоралъубе бана.

Цинги Нил-гIоралъул лъин гьекъезе гьел тIамуна,
ТIолго мужриминазул гьормал кьер тIогьиллъана.
Гьелдаго цадахъ кIутIби лахIчIегIерлъун лъугьана,
Ялъуни, михъазда тIад меседил асар чIана.

Гьеб букIана гIаламат бачий лагълъи гьабурал,
Гьеб аллагьлъун ккураб къавм ратIа гьаризе бугеб.
Гьелдалъун горони гьез, риддаталъе[1] мукIурлъун,
Тавбоялде рачIине къасд гьабичIинги буго.

Самирийю чIвазеян Мусаца къасд гьабуна,
Сахаватав чи вугин, чIвагеян вахIю щвана.
НагIана кьун, Мусаца аскIоса вачахъана,
Эсда аскIор къагеян къавмалдеги абуна.

Къосарав Самирийю вахIшиявлъун лъугьана,
Щивниги чиясулгун таълиф[2] гьесул лъугьинчIо,

[1] Ай, жал диналдаса руссиналъе.
[2] Ай, гьуинлъи.

Гьесда нагагь хъварасул гьан къойкьмаххалъ къотIана,
Гьеб басрияб хIалалда, куфруялдаги хвана.

Халкъ куфруялде ахIун къосарав Самирийю,
Сахаватав вукIиналъ, чIвайчIого хвасарлъана.
Халикъасе лагъасул койргIатIилъи бокьула,
Капурасеги пайда дунялалда гьабула.

Дунял-гIалам бижарав Халикъасул афгIалал[1] –
ХIикмат Жиндаго лъалеб балъгояб амро буго.
Жибрил-малаикасул тарбият щварав Муса,
Ширкалде халкъги ахIун, къосун хварав, халгьабе!

Гьединго Мисриялда магIбуд[2] живилан чIарав,
Жиндаса къосарав хан дунялалда вижинчIев,
Жиндир мулкалда хIинкъун бихьинлъимал хъойхъарав
ФиргIавница кодов ккун, Муса, авараг гIарав.

Аллагьас къадар гьабун, азалалда тIобараб,
Инсанасул гIакъибат[3] сабабалъ хисуларо;
Мусаббибуль-асбабас[4] сабабги рекъезабун,
Василатлъун тIамураб багьана – къадар ккола.

قال بعضهم :

إذ المرأ لم يخلق من الأزل ❁ قد خاب من ربي وخاب المؤمل
فموسى الذي رباه جبريل كافر ❁ وموسى الذي رباه فرعون مرسل

«الصاوي» جـ ١ ، صـ ٣٠

[1] Пишаби.
[2] Ай, жив аллагьилан чIарав.
[3] ГIакъибат – ахир*.
[4] Ай, Аллагьас сабабги рекъезабун.

Бачий лагълъи гьабурал бану-исраилазул
Аллагьас, тIаса лъугьун, тавбо къабул гьабидал,
Таврат жодода хъварал хъарщалги кодор росун,
Муса, воххун, гьезие гьел цIализе жована.

Жалго шаригIат хъвараб тIехь гьарулаги рукIун,
Гьелда бугеб рагIидал исраилал руссана.
Инкар гьабун, дагIба бан, Таврат къабул гьабичIо,
Гьаб баччизе нежеда хIалкIоларин абуна.

Аллагьас Жибрил витIун, ТIуралда гъоркь кваркьи бан,
Бану-исраилазде тIаде дализабуна,
ТIехь къабул гьабичIони, гьаб мегIер тIаде беччан,
ЧIинтIизе гьарилилан гьезие хIинкъи кьуна.

ХIинкъун, чара къотIидал, къавмалъ сужда гьабуна,
Бащдаб нодо горони, ракьалда хъвайзе течIо.
МегIер тIад бортулищан цояб бер гьелда лъуна,
Гьеб хIалалда горони, Мусаде иман лъечIо

الله أكبر

# - Ф А С Л О -

## МУСАЛГИ КЪАРУНИЛГИ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ ХАБАР

Муса аварагасул цІакъ мискинав, пакъирав,
Къарун абун цІар бугев лъикІав вацгІал вукІана.
ЛъикІазул къапилагун ТІура-сайнаъ магІарде
Муса унеб мехалъги цадахъги гьев вукІана.

Аллагьас Мусадехун гьабулебщинаб Калам –
Кинабго Къарунида, гьебги рагІун букІана,
Бищунго къавмалда гъорлъ Таврат гІемер цІалулев,
ГІибадат цІакъ гьабулев гІабидлъунги вукІана.

Мусаца Къарунида, ЮшагІгин Калманида
Киймияалъул[1] гІилму лъайзабунги букІана.
Лъабасдего кинабго цадахъго манлъичІого,
Цо-цо жоялда цо-цо хасс гьавунги вукІана.

Мусал Рисалаталде Къарунил хІасад ккана,
Нафсги щайтІанги рекъон мекъаб нухав рехана.
ЮшагІгин Калманида лъарабги тІалаб гьабун,
Киймияъ гІилмоялда тІадчІаравлъун лъугьана.

ТІохьидул – гІарац гьабун, пахьалъул – месед гьабун,
Месед-гІарцул хазина Къарунил гІемерлъана.
Къокъаялда горони кодор россе кІоларел
КІулал гьесул рукІана хазинадул киртазул[2].

[1] Киймияъ – химия.
[2] Кирит – кІулал (замок)*

Кутакалда чIухIана, чIахIиял сиял рана,
Мискинлъи кIочон тана, Мусагун къиркъидана,
Мискинав пакъирасда гурхIизе къасдго ккечIо,
Кодоб щварабщинаб мал[1] жиндиргойилан ккана.

Щибаб азаридаса – цо-цо диргьам ва динар,
ГьедагIанабго къадар хIатIил боцIиялдаса, –
Мусал шаригIаталда закат тIадаб букIана, –
Бахиллъун, Къарунида гьеб гIемерлъун бихьана;

«ГIемераб жо Мусаца тIадлъола буго», – абун,
Бану-исраилазулъ ташвишалъе[2] хIалтIана,
ХIаладаго чIолареб иман загIипаб къавмги,
Къарунида нахърилълъун, киналго руцIцIун чIана;

Муса суризавизе сихIроялъе ургъана,
Ажнабияй цо гIадан гъоркьан йичун йосана,
ГIемераб меседги кьун, Мусада бугьтан лъезе,
Гьей гIаданалъе къотIи Къаруница гьабуна.

Цинги Муса цо къоялъ, къавмалги данде гьарун,
Гьезий шаригIаталъул баян кьезе лъугьана:
Бикъарасул койр къотIи, гьекъарасда хIад кьаби,
Гьединго заниясе ражму[3] бугин бицана.

Цинги Къарун вахъана, Мусадехун кIалъана,
«Мун вугонигийищ?»-ан рекъечIеб суал кьуна.
Дунги батIа гьечIилан Мусаца, Къарунис
КъвакIараб жаваб гьабун, калам къотIизабуна.

[1] Мал – боцIи*
[2] Ташвиш – квал-квал гьаби*
[3] Ай, зина гьабурав чи чIимхал речIчIун чIвАйи.

Къаруница Мусаде зина гІунтІизабуна,
Заниятлъун йиххьизе дой гІаданги гьаюна,
Гьелъул кІал мукІурлъараб хІужжа бугин абуна,
ХІайранлъарав Мусаца «Гьаний яче», – абуна.

Гьей Къарунил боцІуца асир гьаюрай гъарин,
Мусада цее ячун, эхетизе гьаюна.
«Гьал гІадамаз бицунеб хабар уяб бугищ?»-ан
Аллагьасул расулас суал гьелъие кьуна.

Гьереси нугІлъи гьабун, Мусада бугьтан лъезе
Меседалъухъ – гьабураб къотІуе гьей чучана,
Къудраталъул Аллагьас кІал-мацІги сверизабун,
Исраилазда цебе хІакъаб рагІи бицана.

Къаруница кІалдиб лъун, абейилан манлъараб
РагІи гьеб букІанилан мукІурлъана халкъалъе.
ХатІаялъе мукІурлъун, бацІцІадаб тавбо гьабун
Гьей гІаданалъ Къарунил мугъ бекизе гьабуна.

Бану-исраилазулъ жиндирго къадроги хун,
Хваралъул бакІалде ккун, гьев гІодове къулана.
Къарунил хІасадалъул кутак жинда бихьидал,
Кутакалда хІалги щун, Мусаги зигардана.

Залимасе гьабураб мазлумасул дугІаги,[1]
Гьоркьоб пардав гьечІого, РахІманасде щолелъул,
«ХІасад чи ла ясуду»[2] – гьединги абулелъул,
Гьаб кІиялъгоги Къарун къориниве рехана.

[1] Жинда зулму гьабурасул дугІа жинца зулму гьабурасе къабулаб букІуна.
[2] Ай, «хІасадчи мурадалде щоларо».

Халикъасул рахъалъан: «Ракь дуй мутIигI гьабунин,
Бокьараб гьабе»,-йилан Мусаде вахIю щвана.
Тушман гьалаг гьавизе изно жиндий бачIиндал,
Борхатаб гьаркьидалъун гьес къавмалде ахIана;

«Къад багIасани ила Къарун кама багIасани
Ила ФиргIавна,[1] – абун гъазбу[2] загьир гьабуна.
«Гьесда нахърилълъаразул къокъаги гьесие тун,
Гьанирехун рачIа»,-ян Мусаца койр хьвагIана.

Киналго исраилал Мусада аскIор чIана,
КIиго чиги Къарунги жалго цохIо хутIана.
Цинги Мусаца гьесде кутакаб кIалгьикъана,
«Дун суризавулайищ мун вукIарав?» – абуна.

«Я арзу, хузигьим»[3],-ян Мусаца амро гьабун,
ХIатIал хинкихъ щвезегIан лъабавго ракьалъ кIкIуна.
Лъабго-ункъго нухалда хадубги амро гьабун,
Дагь-дагьккун жанир рачун, ракьулъе гьел тIерхьана.

Ракьалъ жанир цIцIалелъул рахIму-цIоб гьабейилан
Гьев лъабасго Мусаде ахIи балеб букIана.
АхIи баялъ чучулеб хIал Мусада букIинчIо,
ХIелун гьез гьаранагIан ццин кутаклъун горони.

Ракьалъ гьел кIкIун хадубги бану-исраилаца,
Мусадехун щакдарун, жедергояб гьабуна, –

[1] «Дун витIана Аллагьас расуллъун Къарунихъе, ФиргIавнихъе витIарав гIадин».
[2] Ццин бахъин.
[3] Мусаца ракьалъе амро гьабуна: «Гъов лъабавго ккой», – абун.

Къарунил кунузазда[1] корщел гьабизе бокьун,
Гьабураб дугIа бугин цуцаде щурщудана.

Цинги Муса, ракIбакъван, Къадирасде гьардана:
Къаруние гьабураб малалъеги[2] гьабеян.
Гьесул мина-ватанги, боцIи-мал, кунузалги, –
Кинабго ракьулъ тIерхьун, нахъе щибго хутIичIо.

Хабаралъулъ бачIана Къарунги гьалмагъзлъиги,
Къойилго ракьулъ унел, чIезего чIоларилан,
КъагIруялде[3] щойиги гьезий букIунарилан,
Къиямасеб къоги чIун, дунял паналъизегIан.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ فَخَسَفْنَا بِهِۦ وَبِدَارِهِ ٱلْأَرْضَ فَمَا كَانَ لَهُۥ مِن فِئَةٍ يَنصُرُونَهُۥ مِن دُونِ ٱللَّهِ وَمَا كَانَ مِنَ ٱلْمُنتَصِرِينَ ﴿٨١﴾ ﴾ القصص : ٨١

**وكان قارون أعلم بني إسرآئيل بعد موسى وهارون وأقرأهم للتوراة وأجملهم وأغناهم ... الخ . «الصاوي» جـ ٣ ، صـ ٢٢٧ .**

**وكان قارون ابن عم موسى وكان رجلا فقيرا عابدا صالحا...الخ . «بدآئع» ، صـ ١١٩ .**

**قالوا : فلما خسف الله بقارون وصاحبيه الأرض أصبحت بنو إسرآئيل يناجون فيما بينهم أن موسى إنما دعا على قارون ليستبد بداره وأمواله وكنوزه...الخ . «عرآئس» صـ ١٨٩**

Бихьизе кьер берцинаб кьогIаб пихъил гъойтI гIадаб,
Панаяб дунялалъул инсанасе хиралъи,
Халикъасе жиндаса рихараб жого гьечIеб,
Жиндихъ рокьи ккарасул хьулал хIорго хутIулеб;

[1] Ай, хазинаби.
[2] БоцIуеги.
[3] ТIиналде.

ТІаса ийин якъинаб, щаклъиго жинда гьечІеб,
Жиб ккойзеян лъугьарав мурадалде щолареб,
Макьилъ цебе тІамулеб азгъасуль-ахІлам[1] гІадаб,
Унго, гьал гІадамазе тахбакІалъул хиралъи.

ХойчІого рукІиналде хьулгІаги бугебани,
Хьулалъ гуккаравилан гІузруниги бачине.
ГІумру ахирго гьечІеб заманлъунгІаги ани,
Абадияб рукъ гІадин, дунял гІуцІун рукІине.

МугІруз тІаде босичІеб Исламалъул аманат
Инсанасул жагьлоялъ къабул гьабунаниги,
Гьидаят насиб гьабун РахІманас цІуничІони,
ЦІунизе кІолеб гьечІо гьаб кІудияб вадигІат[2].

ГІорцІанагІан хъантІулел, нахърателги цІунулел
ЦІунцІрабигун гІункІкІазда гІадан релълъон вугев куц.
Цуцаца талагьулел гІалхулал бацІаздаса
БатІаяб жо халкъалъул бихьа-рагІулеб гьечІо.

Буголъи хІехьолевги, гьечІолъи бахчулевги
Бусурманав лагъ гьанжи гІабдаллъун толев вуго,
ГІарцухъ намус бичичІев, чилъи цІунун хьвадарав,
Чармил ракІ бугониги, бахІарчилъунги гьечІо.

БахІарзални гьел руго хІакъикъат бичІчІаразе,
Бергьенлъи гьезухъ буго нафсуль-аммараталда[3].
Умумузул гІадатги дин-Исламалъул нухги
Месед-гІарцухъ хисичІел – гьелги руго бахІарзал.

[1] Гьадингояб, щайтІабазул макьо.
[2] Ай, цІунизе кьураб жо (Ислам).
[3] Нафсун-аммарат – квешалдалъун амро гьабулеб инсанасул нафс*

Халикъасдаса нечон чияр гъийин кунарев,
Кесе тIеренлъаниги, битIаралъул рахъкколев,
БетIергьанас къуралда разилъун, гIей гьабулев –
Гьевги вуго бахIарчи, ватизе цIакъ захIматав.

Метер букIунеселъул хIисаб жакъаго гьабун,
Жиндирго гIумруялъул къадру-къиматги бичIчIун,
КъварагIел гьечIебщинаб «ма ла ягIни» жибго тун,
Пайда босизе лъарав – гьевги вуго бахIарчи.

Гьарурал мунагьазда – ракIбухIун, тавбо гьабун,
Таввабиназул мухъилъ бакI ккойзе гьунар гIурав,
Гьидаяталъул гьапу БетIергьанас рагьарав –
Гьевги вуго бахIарчи, талихI нахъа батарав.

ДагIба-рагIуда гьоркьов гьересигун мацI гьечIев,
МацIихъабазда божун рагIуда гIоркь гьоларев,
ГIайибго гьечIониги, къел тIаде боссе кIолев,
Бищунго гьунар тIокIав – гьевги вуго бахIарчи.

БоцIи гьоркьобе ккедал вацлъи цIунизе кIварав,
БайгIалъулъ[1], шираалъулъ[2] бигьалъаби гьарурав,
БетIергьанасул нигIмат, шукру гьабун, кваналев –
Гьевги вуго бахIарчи, бодулъго ватуларев.

БоцIи-малалда закат тIад гьабун букIин лъалев,
Лъаралда гIамал гьабун, гьебги тIобайзабулев,
ТIаде ресалда рекъон табарругIиги[3] гьабулев –
Гьевги вуго бахIарчи, чугин ярагъ хIалалав.

[1] Бичиялъулъ.
[2] Бичун босиялъулъ.
[3] Суннатаб садакъа.

Чан Къарунил ирсалда корщел батарав ахIмакъ,
ГIакъилин жиндаго ккун, чIухIун хьвадила вугев,
ЧIухIарал минаби ран, боцIи-мал исраф гьабун,
Ахираталда жаваб кьезе кколареб гIадин.

ГIибрат бугев гIакъилас Къарунил пикру гьабе,
Гьес закат нахъе чIвараб гIарац-месед киб араб?
Мусадехун хIалхъублъун хIасад жинца гьабурав
Гьесул гIумрудул ахир, ургъун вихье, кин ккараб?

Раззакъас духъе кьолеб чанги рухIалъул ризкъи
ХIукму азалалдаго дозие Жинца хъвараб,
Доб цIунизе хIарраслъун, бикьизе гIамиллъунги [1]
Мун гьавун, щвезабулеб щибаб рухIалъухъе гьеб.

Гьединаб гIадат бугеб ГIалламул-Гъуюбасул,
ГIаламалъулъ тадбирал рилълъанхъизе гьарулеб.
Закаталъул гъурщазда бахиллъун мун ватани,
Миллионазул зарал гьез дуде тIаде цIалеб.

Дуца ккурал гъурщазул заралги лъийго гьечIеб,
Гьеб боцIи дуй кьурасда дозий кьезеги кIолеб,
Закат бахъун хутIараб боцIуда баркат лъолеб,
Баркат бугеб Аллагьас тIаде гIемераб кьолеб.

Кьогеги БетIергьанас Къарун гIадасе боцIи,
Бахиллъиялъ, тIад лъураб закат бахъизе кIойчIев!
Баркат тIаса унгеги гъанийюн сахиясда[2],
Сахаватаб койрдалъун комек диналъе бугев!

[1] ХIаррас – хъаравул; гIамил – закат бикьизе тарав чи
[2] Гъанийюн – бечедав чи; сахий – сахаватав чи.

# - ФАСЛО -

## ХИЗРИ ГIАЛАЙГЬИ-ССАЛАМАСУЛ ГЬИТIИНАБ ГIУМРУ БАЙБИХЬИЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Хизри, гIалайгьи-ссалам, авараг вукIанилан
ГIалимзабазул цояз бицараб хабар буго.
Цойгиязин абуни: «Кана гIабдан свалихIан
Ва лам якун набийян»,[1] – гьадин абулеб буго.

Гьаб хилафалда тIасан бахIс нелъей хIажат гьечIо,
Гьелъул хIакъикъат, амро Аллагьасде тIамила.
Амма Хизри хванилан цо-цояз абуниги,
Агьлуллагьаз[2] гьев чIаго вукIин чIезе гьабула.

Гьелъие гIураб далил – ГIали-асхIабасдасан
Бицараб хабар буго, халкъалдаго машгьураб.
Гьевгун ижтимагI[3] ккарал зугьадазул[4] хIакъалъулъ
Къисабиги дагь гьечIо, дица гьел рехселаро.

Хизри абураб цIарги гьесда рекIараб буго,
Гьев гIодов чIараб бакIалъ гIурччинаб хер бижиндал.
Буго цойги риваят: какилъ сужда гьабизе
Гьес нодо лъурал бакIал гIурччинлъулаанилан.

Аслияб гьесул цIарги «Баля» букIанин буго,
«Хазрун» букIарабилан цо рагIиги батула.

---

[1] Ай, авараг вукIинчIоян абула цо гIалимзабаз.
[2] Агьлуллагьал – Аллагь лъаялде щварал вализаби*
[3] ИжтимагI – данделъи*
[4] Дунял рехон тарал чагIи.

Расулуллагь, хвелелде, Хизригун данделъана,
Дин-Ислам къабул гьабун, асхIаблъунги лъугьана.

**وقد اجتمع برسول الله ﷺ وأخذ عنه فهو صحابي . «الصاوي» جـ ٣ ، صـ ٢٠**

Ибну ГIаббасидасан бицараб хабар буго:
Щибаб ГIарафа къоялъ ГIарафат мегIералда
Хизри – Иляс данделъун, ижтимагI[1] букIунилан,
Минаялда цуцазул бутIрулги гьез кIкIвалилан;

КIиясулго кIкIвараб рас, хисун, цуцазги босун,
Цинги дугIаги гьабун, гьел ратIалъун унилан.
«Инналь-Хизри ва Иляс фи къайдиль-хIаяти ма
Дамаль-Къуръан мавжудан филь-арзи»[2], – абун буго.

«БадаигIу-ззугьуралъ»: Дажал загьирлъун хадув,
Хизри гьевгун дандчIвазе вугевилан бицуна.
Цинги, гьев малгIунас чIван, къотI-къотIун рехун хадув,
Халикъасул къудраталъ чIаголъулинги буго.

Гьес жиндирго гьитIинаб гIумру байбихьиялъул,
Баркаталъе букIине, бицун тезин, гIинтIаме:
ГIайсил наслабаздасан ГIамил абурав цо хан
Хизрил эмен вукIанин буго «БадаигIалда».

Инсуца, гьитIинав чи Хизри вугеб мехалда –
Муаддибасда[3] аскIов адаб манлъизе тана.
Эсухъе хьвадулелъул нухав цо гIабид вукIун,
ГIажаибго эсдехун Хизрил рокьи жобана.

[1] Данделъи.
[2] Ай, «Хизриги Илясги чIаго рукIине руго Къуръан ракьалда бугебгIан заманаялъ».
[3] Ай, гIилмо-адаб манлъулев чиясда аскIов.

Рокъов чIун вугевилан мугIаллимасдаги ккун,
Досухъе аравилан инсуцаги живго тун,
Гьоркьосаго Хизрица рехсарав гIабидасда
АскIов чIун, пайда босун гIезагIан сонал ана.

ГIелму, гIибадат, адаб, киналго шамаилал[1] –
Кинабгоги Хизрие гIабидасдасан щвана.
ГIолохъанчи вас гIедал, хъизан гьабун лъикIилан
Лъади гьесий ячине ханасул пикру ккана.

Хизрица нахъе чIвана, кIваричIилан абуна,
Инсуца цIакъбахъидал адаб рехизе кIойчIо.
Ханзабазул яс ячун, ригьин тIобайзабуна,
РакIалъ тIаса бищичIеб къабул гьабизе ккана.

Гьанжи Хизри авараг лъадудехун кIалъана,
Балъголъи дуй бицине бокьун бугин абуна,
Бицун хадуб дуца жиб балъго гьабун цIунани,
Балагь-гIазабалдаса хвасарлъиги бицана;

Цинги гьеб къватIиб бицун дун суризе гьавуни,
Дунял-ахираталъул талихI къинин абуна.
БахIаралъ Хизридехун хитIаб берцин гьабуна,
«Бице дурго сирру[2]»,-ян сабруялда кIалъана.

«Дун вуго бусурманчи, инсул диналда гьечIев,
Ва-лайсати ннисау мин хIажати,[3]» – абуна. –
Элда мун разилъани, дир динги дуй бокьани,
Дида аскIой чIезе дуй рес бугилан абуна. –

---

[1] Шамаилал – хиралъаби, беццараб хьвада-чIвади*
[2] Сирру – балъголъи*
[3] Ай, руччаби дие къварагIунаро.

Ва ин анти абайти лахIикъти би агьлики[1] –
БокьичIони, рокъое йитIилинги абуна.
«Укъиму магIака[2]»,-ян чIужуялъ жаваб кьуна,
Жий разилъун, Хизригун гIумру тIаса бищана.

МоцIал, сонал сверана, насло гьезул букIинчIо,
Гьелда ракIбакъварав хан Хизридехун кIалъана,
Наслабазул ихтияр Халикъасухъ бугилан
Хизрица инсудехун хабар къокъ гьабун тана.

Ханас Хизрил лъадуе добго хабар бицана,
Ихтибар[3] хIисабалда гаргадизе гьаюна.
Гьелъги, Хизрица гIадин, хабар къотIизабуна,
Наслабазул ихтияр нелъехъ гьечIин абуна.

Насло гьечIого инсуй вас тезе къабуллъичIо,
Валуд[4] ячун лъикIилан Хизрида цебе лъуна.
Хизрица, инкар гьабун, гьай гIелилан абуна,
Гьел ратIалъун горони, ханасул ракI хIалхьичIо.

Расги гIайиб гьечIого жий рокъой йитIаниги,
РагIи кьураб къотIуе гьей гIадан хилифлъичIо.
Хизрил балъголъиялда щулияб къоноги чIван,
Щибго хIал хисичIого чIейи тIаса бищана.

ТIокIаб хъизан гьабизе Хизрил къасд ккечIониги,
Ханасе цо вугев вас гьедин тезе бокьичIо.

[1] «Дуе бокьичIони, нахъеги йитIила».
[2] «Дуца гьабурабги гьабун, дуда аскIой чIела»,-ян абуна.
[3] Ай, хIалбихьизе гIадин.
[4] Ай, лъимал гьарулей чIужу ячун лъикIилан абуна инсуца.

Гьев рази вукIунгутIи хIисабалда лъечIого,
Лъалей валудги ячун, рукъде вуссинавуна.

Рокъой йитIун аралъе лъун рукIарал шурутIал
ТIаде ячаралдаги Хизрица цере лъуна.
Балъго тей къабул гьабун, гьейги разилъун чIана,
Гьеб хIалалда гьезулги моцIал, сонал тирана.

Наслабазухъ гIащикъав ханасул рахIат хвана,
Хизридехун гьанжиги добго суал борхана.
Хизрица инсуеги жаваб добго гьабуна,
Гьеб иш нелъер горилан гарацI рагIуда бана.

ГIайиб-гIузру лъайчIого чIеларилан хивал ккун,
Хизрил чIужуялдехун хан сихIирго кIалъана.
Сирру китман гьабизе[1] къотIи ккун букIаниги,
Нахъарукъ букIинчIого, гьелъ къватIибе рехана.

Хизрий кьураб рагIуда нахъа чIун бажаричIо,
Бокьун тIаде босараб аманат билагьичIо.
Гьанжи ханас, ццин бахъун, Хизрида бадиб чIвана,
Бугеб-гьечIебги абун, гьев нечезе гьавуна.

Гьелдаса хадуб Хизрил ханасда божи лъечIо,
ЧIваялда хIинкъиги ккун, аскIоса тIурун ана.
ТIокIав гьесде бер щварав щивниги чи ватичIо,
Щиб гьабилеб лъайчIого ханги хIайран хутIана.

ТIурун арав васасул ургъелалъ сверун ккуна,
Нусго чи, анцI-анцI рикьун, анцIго рахъалъ ритIана.

[1] Ай, балъго тезе рагIи кьун букIаниги.

АнцІабго къокъаялъе ханас буюрухъ кьуна,
Хизри валагьи тІадкъан, сапаралде рахъана.

Сабро тІагІарав ханас, Хизри тІагІин захІмалъун,
Хадуй ячун йикІарай валуд тІаде ахІана.
Вас тІагІиналъе дие сабаблъун мун кканилан
ТІаде щвараб сагІаталъ чІван гІодое рехана.

Хизрил сирру[1] цІунарай, аманат тІобитІарай
ТІоцоесей лъадуда хадусей чІван рагІана.
Хадуб эрга жиндеги щвезе горилан хІинкъун,
Шагьар тун къватІиехун гьай пакъирги тІурана.

Гьанжи Хизри валагьун, ахІуд рахъун аразул
АнцІил бутІа хадубккун Хизригун данделъана.
Ралъдал чІинкІиллъиялда, чи гьечІеб гІалахалда
ГІибадат-тІагІаталда парахат гьев вукІана.

Гьикъа-бакъи гьабуна, хабар щибан цІехана,
Ханас, мун тІалаб гьавун, ритІун ругин бицана.
Цинги Хизри кІалъана, хитІаб гьезде гьабуна,
«Ханасде дир хІакъикъат бицунге»,-ян абуна.

Цойгиял гьалмагъзаби тІадруссарал кинигин,
Нужги айилан абун, Хизри берцин кІалъана.
Балъголъи жаниб бахчун, дир аманат цІунани,
ТІадегІанав Аллагьас нуж цІунилин абуна.

Инсухъе дун вачани, я дир хабар бицани,
Гьес дун чІаго толарин гьезий баян гьабуна.

[1] Сирру – балъголъи*

Гьеб мехалъ нуж «би дамми»[1] мунагьалъулъ ккелилан
ЛъикIаб насихIат гьабун, гьезие гIакъло кьуна.

Гьел киназго разилъун китман[2] тIаде босана,
ТIадруссун рокъор ине Хизрие гъоркье чIана.
Ханасде вас ватичIин абизе къотIиялда,
АнцIавгоги гьалмагъас рокъобе нух босана.

КъотIуда гьел чIчIеялъе Хизрил божи ккечIого,
БакI хисун, цойги рахъалъ сафар гьасги бухьана,
Нагагь ханасги битIун, тIадбуссун ахIи щвани,
Абадиялъги гьезда ватуларелъув ана.

АнцIавго рокъов щвана, ханасда аскIор ана,
ИчIгоясул нахъарукъ багь-багьараб батана.
Гьабун букIараб къотIул хилафалда кIалъана,
Хизрилгун кканщиналъул баян гьесухъе кьуна.

АнцIабилев абуни рагIуда нахъа чIана,
ИчIасго бицараб жо – хабар бугин абуна,
Хизриги вихьичIилан, гьевгун дандги чIвайчIилан,
ГамачI гIадин, чIарав гьев тIиризавизе кIойчIо.

ИчIавго дагIбадана, гьев гьереси гьавуна,
Гьанжиги, Хизри вачун, рачIинищан абуна.
Ханас ихтиярги кьун, ичIавго хIадурлъана,
Ралъдал чIинкIиллъиялде Хизри вачине ана.

Хадур сверун яхI хвана, Хизриде тIаде ккечIо,
ТIаде ккараб базаргун рокъоре нахъруссана.

[1] Ай, «Дир би сабаблъун».
[2] Ай, бальго тезе.

Хизри кодов щойчIилан ичIасгоги бицана,
ИчIавгоги, ццин бахъун, цо-цоккун ханас чIвана.

Цинги Хизрие кьураб рагIуй хилифлъичIесул,
Ханас гьалмагълъи чIвайдал, жиндаго хIинкъи ккана.
Живги, дол чIварал гIадин, чIвайзе горилан хIинкъун,
ХIинкъи гьечIеб рахъалде рухI хъамун, тIурун ана.

Риваят буго цойги: Хизригун данделъарал –
Даран-базаралъ арал тужжарал[1] рукIанилан,
Ралъад къотIун унаго гамаги бихх-биххун ун,
Хъарщи-цIулалда рекIун чIинкIиллъиялде ккарал.

Руватал хилифлъиялъ харбил магIна холаро,
Мурад-матIлуб кидаго аслоялда хутIула.
Ахбаразулъ хилафал цIакъго гьарза рукIуна,
Гьелдалъун мекъса ккейи нелъее букIунаро.

Цинги хадуб гьадаб къавм кошлъиялде буссана,
Куфру-нифакъ гIемерлъун, гIазабалъе хIакълъана.
ГIадилав БетIергьанас гьаваялдеги босун,
Гьеб къавмалъул мадинат[2] кIалагъоркье речIчIана.

Руччаби-бихьиназул кIиго рухI нахъе хутIун,
Нахъиябщинаб гIалам хун ракьалде буссана.
ХойчIого жал хутIидал, тамаша-хIикмат гьабун,
Гьаб кIиябгоги гIадан цуцаде гьикъардана.

Гьал ратана Хизрие кьураб рагIи цIунарал,
КъотIуе хилифлъичIел чIужуги бихьинчиги.

[1] Базаргаби.
[2] Мадинат – шагьар*

Божи гьабун тIадкъараб аманат цIуниялъул,
Унго, балагье гьазий щвараб баракаталде.

Шагьаралъул тIолго халкъ балагьалъукье ккедал,
Гьоркьосан гьал хвасарлъи – халгьабе хIикматалъул.
Божи гьабун бицараб сирру китман гьабидал[1],
Гьазие щвараб нажат[2] тоге пикро гьечIого.

ЧIунталие буссараб шагьаралъул ракьалда
РакIгъезе жо гьечIого, сверседулел хутIана,
ХутIбату-никахIалде[3] Аллагьас гьесизарун,
Гьал кIиязго хадусеб гIумру цадахъ гьабуна.

«ГIараисалъ» бицухъе къиса тIолго рехсечIо,
Макъсуд[4] хIасуллъун ккедал, гьалда къокъ гьабун тана.
Гьаб вакъигIат[5] – нух ккола ккойзе лъаралщиназе,
ШаргIги нелъер – гьаб буго гьеб бичIчIун хьвадулезе.

Гьанжи, диналъул вацал, нелъерго халгьабизин,
Хиянат-рекIкI гореб жо бугищ бихьа-рагIулеб,
Бегьулеб-бегьулареб, шаригIаталъ нахъчIвараб
БатIа гьабулев инсан – гьев чан ватула вугев.

Гьабураб къотIиялда нахъа чIун бажарулев
Божарав гьалмагъ гьанжи – гьеле кибритуль-ахIмар[6].

[1] Жедеде бицараб балъголъи бахчидал.*
[2] Ай, хвасарлъи, цIуни.
[3] Магьари лъеялде.*
[4] Макъсуд - мурадлъун бугеб жо.*
[5] ВакъигIат – лъугьа-бахъин.*
[6] Ай, бати надираб жавгьар.

Аманат тIобитIизе гIураб намус-яхI бугев
ГIолилав кодов щойги – ка гъурабилл-агIсами[1].

ГIалимчи хъомор гIадав,– нахъзаманалъул сифат,
Пардав гьоркьоб гьечIого, гьанжи загьирлъун ккана.
Зулмуялъ халкъ кIойкIулеб, гIадлу-низам биххараб,
ГIарцул гореб цIар гьечIеб – гьале доб ахир заман.

Дунялалъулъ паналъун цойги жо кIочон тараб,
Тушманлъи гьарзалъараб – гьале доб ахир заман.
Ислам-диналъул рагIдукь рахчарал мунафикъал
Муъминзабиян чIараб – гьале доб ахир заман.

Иман ракIазулъ гьечIеб, кIал-мацI бегIераб къавмалъ
ГIуламаал какулеб – гьале доб ахир заман.
Ургьиб бугеб нифакъалъ къосарал залимазул
Зулму халкъалда ккараб – гьале доб ахир заман.

Аллагьасул ццин бахъун истидражалъ гуккараз
Дунялалда кор лъураб – гьале доб ахир заман.
Улкаби рикь-рикьараб, кьалде гIалам ахIараб,
ХIадисалда рехсараб – гьале доб ахир заман.

Биял гIодоре тIолеб, гIадада халкъ гъурулеб,
Гъачагълъи цебетIураб – гьале доб ахир заман.
Исламалъул цIаралда цIогьазе давла щвараб,
ШаргIалде мугъ рехараб – гьале доб ахир заман.

Ахилгун хурзабазул дазу-гIорхъи сабалъун,
Вацал-яцал рарщараб – гьале доб ахир заман.

[1] Ай, чIегIер гъудузда гьорлъ хъахIаб гьедогIан къанагIатаб, батулареб жо.

Умумузул милк гореб, ирсалъе нахъе течIеб,
ГIакъар гIадин [1] ракь кколеб – гьале доб ахир заман.

Унтаби гIемерлъараб, гIилажалъе[2] рес дагьаб,
Дару-дарман хирияб – гьале доб ахир заман.
Гьабулеб гIамалалъулъ рияъ[3]-сумгIат[4] горони,
Ихласго батулареб – гьале доб ахир заман.

Аллагьасул ццин бахъин щоялда хIинкъичIого,
Щвараб жо чияс кунеб – гьале доб ахир заман.
Шубгьагин хIарамалъул гIорхъи-хIад цIехоларел
ГIолилазде буссараб – гьале доб ахир заман.

Рехсарал унтабазул шархIалде нилъ ккеларо,
Щивасул рокъоб гIадин, гьеб тIибитIун бугелъул.
«Гьалака ннас куллугьум[5]» – гьадинги абиларо,
Агьлуллагьал камураб заман букIунарелъул.

КIикъого чиясда гъорлъ цо вали вукIунелъул,
Вализабазул баркат камун нилъ хутIугеги!
Квешал гIемерлъаниги, лъикIалги ратулелъул,
ЛъикIазул шафагIатал щваги нилъ киназего!

Кинниги, ракIбацIцIадго ургъел бикьун чучизе
Чи ватигIан захIматаб амрони букIун гьечIо.
Божи гьабун балъголъи бицани, гьеб цIунулев
Гьалмагъ щойчIин абуни, – гьереси букIинаро.

[1] Ай, умумузул батараб мина-милк гIадин.
[2] ГIилаж – дару гьаби.*
[3] ГIадамазда рихьдае жо гьаби.
[4] Халкъалъулъ машгьурлъиялъе жо гьаби.
[5] Ай, кинабго гIалам гьалаклъун бугоян абиларо.

Гьадинал божи гьечIел, «муридзаби» цIар бугел
Мунафикъзабазлъидал Шамил имам вичарав.
Щиб жоялъе агьлолъун Аллагьас вижаниги,
Ахиралдаги инсан гьелде вуссунев вуго.

Эбел-инсул разилъи гьечIеб дунял гIуцIуге,
Дунял кьун, гьел разилъи щвезе хIаракат гьабе!
Шагьабазухъ яхI бичун, вацлъи хойзе гьабуге,
Зарал халгьабичIого гьеб цIунизе яхI бахъе!

ХIанилъ рас батунилан рахьалда гIайиб чIваге,
Хьопалъул чIало гьабун, рагIи кьара гьабуге!
Гьудулзабаде мугъчIван, къо борхизе лъугьунге,
Къо тIаде ккараб бакIалълъ мунго дуего вата!

Дунялалъе гIорхъи чIвай, гIумруялда божуге,
ГIадада заман беччан чIовогоги вукIунге,
ЧIухIдае рагIи бицун, кIал-мацI учуз гьабуге,
Учузаб кIал-мацIалъул гьалмагълъи бичIчIун вукIа!

ЧIараб ралъдал гьелчолел карачелал лъугьуна,
Гьури кутаклъанагIан къувват гьезул цIикIкIуна.
КъварагIел гьечIеб бицун, калам гIемерлъанагIан,
Карачелал къуватлъун гIадават[1] багъарула.

ГIадават гьабе дуца дурго гьеб нафсалдехун,
Халикъ лъаялде щвезе мун теларин лъугьараб.
Тушбабазул бищунго кIудиябги гьеблъидал,
Гьеб къинабизе кIвани, къарал духъа цогидал.

[1] ГIадават – тушманлъи

Цинги дунялалда мун лагълъун ккойзе кIоларо,
Лагълъи Жиндие хIакъав Халикъасдеги щвела.
Халикъасде щоялъул магIна – къурбат[1] бугелъул,
Мукъаррибунал чIолеб макъамниги бихьила;

Макъамуль-ихIсаналда[2] гIибадатги гьабила,
ГIужбу-рияалдаса божаравги лъугьина.
БетIергьан лъан, мунго лъан, лагълъи ихласгун[3] гьабун,
Аллагь разияб хIалалъ гIумруги тIобитIила.

ГIакълуги, чидай кьезе духъго батананиги,
Дуего къварагIиндал чидахъ батулебги лъай.
Бакъул рекьи бергьунеб, къали цIун, цIадалдаса,
РоцIараб гьомералда гарцIал ранги вукIунге!

ГарацI кIичIалда ккани, бичизе гIедегIуге,
ГIедегIараб лъин ралъдалъ щоларин аби буго.
Умумузул кицаби маргьабиянги ккоге,
Гьезда жаниб камураб гIелмуго батуларин.

ГIабдаласул кIалдисан бачIараб бугониги,
Босе пайда гIакъилаб рагIи-каламалдасан.
Дудаго лъайги букIун, лъалесдаги гьикъани, –
Гьеле дур гIакълоялъул рагIа-ракьанде щойи.

[1] Къурбат – Аллагьасде гIагаръи, ай Гьев лъаялде щвей.*
[2] Макъамуль-ихIсан – Аллагь вихьулевгIадин Гьесие лагълъи гьабулеб макъам.*
[3] Ихлас – гьабулеб гIибадат гIицIго Аллагьасе гIоло, цойги мурад гьечIого гьаби.*

# - Ф А С Л О -

## МУСАЛГИ ХИЗРИЛГИ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН ﷺ

Бану-исраилазул къавмалде цеве вахъун,
Цо къоялъ вагIзаялде Мусаца байбихьана.
БетIергъанас жиндие кьурал нигIматал рехсон,
Реццгин хIамдалда кIалъан, гьел хIайранлъизаруна.

Гьоркьосан вахъун цояс: «Ман агIламу ннас»?[1] – абун,
Мусае суалги кьун, лъайзе тIалаб гьабуна.
Бищун гIадамазда гьорлъ гIалимав дун вугилан
Дов саиласе[2] жаваб Мусацаги гьабуна.

Мусаца «ана»[3] аби Аллагьасе бокьичIо,
БадибчIвараб кинниги, калам гьесде гьабуна.
Гьоркьов васитI гьечIого, гIилму Дицаго кьурав,
АгIлама минка[4] – Дир цо лагъ вугилан абуна.

Цинги Муса авараг Аллагьасде гьардана,
Гьев лагъгун дун дандчIвайзе гьавейилан хIелана.
ХIалимав БетIергьанас, Мусае жаваб гьабун,
Жиндир лагъ вугеб рахъ-бакI бицун баян гьабуна.

Гьалмагълъиялъе цадахъ ЮшагI аварагги къан,
Ракъидал чедгун куйне самакун мамлухI[5] босун,

[1] «Бищун гIалимав чи щив?»
[2] Гьикъарав чиясе.
[3] «Дун вуго»,- ян аби.
[4] Дудаса гIалимав.
[5] ЦIамгIалаб ччугIа.

БетIергьанас манлъухъе, Хизри тIалаб гьавизе,
Гьанже кIиявго цадахъ сапаралде рахъана.

Нагьару-зайт абулеб гIурул рагIалде щвана,
ГIайнуль-хIаят[1] абулеб ицц гьеб бакIалъулъ букIана.
Иццда аскIоб букIараб сахраталде[2] аскIор щой –
Хизригун дандчIваялъе гIаламатги букIана.

ГIайнуль-хIаяталдасан ччугIаялъе асар щун,
Аллагьасул къудраталъ гьеб чIагояб лъугьана,
ЮшагIида кодосан ралъдалъе кIанцIун ана,
Муса гъапуллъун вукIун, гьеб гIаламат бихьичIо.

Гьенисанги кIиясго сапаралде байбихьун,
Свак чучизе цо бакIалъулъ гIодор чIезе къасд ккана.
Гьаб сапаралъулъ нелъей захIмалъиги цIакъ кканин,
Куйне ччугIа босеян ЮшагIида абуна.

ЮшагIица Мусае ччугIил хабар бицана,
Хизригун дандчIваялъе гьеб игIламги[3] букIана.
БетIергьанас: «Гьеб ччугIа чIаголъараб бакIалда
Дуда Хизри дандчIвалин», – Мусай бицун букIана.

Цинги Муса: «Залика ма кунна набгъи»[4], – абун
ЮшагIидехун кIалъан, иццухъе тIадвуссана.
Ралъдал чIинкIиллъиялда Халикъасе как балев
Хизри, гIалайгьи-ссалам, Мусадаги вихьана.

---

[1] Гьекъани, чIаголъулеб лъин.
[2] Сахрат – кIудияб гамачI, кьуру.*
[3] ИгIлам – лъайзаби, гIаламат.*
[4] «Гьеб букIана нелъее къваригIараб бакI».

Мун тIадвуссун, гьанисан Гьарунихъе айилан,
ЮшагIги нухда регIун, Муса Хизрихъе ана.
«Ас-саламу гIалайка, я Муса бину ГIимран,
ЛъикI щварав», – илан абун Хизри гьесде кIалъана.

«Ва гIалайка ссалам»,-ан, Хизрий жавабги гьабун,
Жив Муса вукIин дуда кин лъарабан гьикъана.
Гьелъиеги Хизрица: «ГIаррафани бика ман
ГIаррафака би»,[1] – абун, берцинго жаваб кьуна.

Цинги хадуб Хизрица мурад щибан гьикъана,
Мурад бицун, Мусаца рушду[2] тIалаб гьабуна.
Дудасан гIилмо щойи макъсуд[3] бугин бицана,
«Мунгун цадахъ чIезе дий изно гьечIищ?» – абуна.

«Иннака лан тастатIигIа магIия сабран,-ян,[4]
Мусадехун Хизрица хабар-калам гьабуна. –
Ва кайфа тасбиру?»[5]-ян хадуб баянги гьабун,
БатIинияб тасарруф жиндир букIин бицана.

Цинги, «Сатажидуни иншааллагь сабиран
Ва ла агIси лака»,[6]-ян Мусаца рагIи кьуна.
Мусадехун Хизриги, «ФаиниттабагIтани
Фала тасъални»,[7] – абун, къотIи гьабун кIалъана.

[1] «Мун дида лъАйзе гьавуна дуда дун лъАйзе гьавурас».
[2] Ай, битIаралде тIовитIи, гIилмо тIалаб гьаби.
[3] Макъсуд – мурад.*
[4] «Дида цадахъ дур сабро гIеларо».
[5] «Кин дур сабро гIолеб?»
[6] Мусаца рагIи кьуна сабро гьабизе.
[7] «Мун дида нахъвилълъуневлъун ватани, дица гьабуралда тIасан гьикъуге», - ян абуна Хизрица.

Гьадинаб къотIиялда сапар гьаз байбихьана,
Басрияб цо макъбарат[1] гьазда нухаб батана.
Гьенир тIаде рехарал хваразул жамажимал[2] –
Рукьбуздеги ралагьун, гIибраталда[3] хутIана.

Хизрица анкьго бетIер гьезда гъорлъан рикIкIана,
Гьал вацал рукIанилан щивасул цIар бицана.
Цинги, жеде-жедерго цIараздада бутIрул кIалъан,
БукIараб гIумру-яшав тIолго баян гьабуна.

Гьанже Муса авараг гIажаиблъун хутIана,
Хизрил гIилму бихьидал тамашалъи гьабуна.
Гьенисаги рахъана, ралъдал рагIалда чIана,
ЧIичIилаго бачIун, цо хIинчI цебе басандана.

Цинги ралъдалълъ гозо ччун, кIобокIун, боржанхъана,
Бихьу-тIерхьудеги ун, тIадбуссунги бачIана,
Добго чIичIиди гьабун, гьазда цебе пархана,
Хизрица «Гьалъ бицунеб лъалищ?»-илан гьикъана.

Лъаларилан Мусаца Хизрие жаваб кьуна,
Жиндирго загьиралда гIамал гьабун кIалъана.
Ладун-гIилмуялда[4] жив Халикъас хасс гьавурав
Хизрица, хIанчIил бакъан тафсир гьабун[5], бицана:

«Ножой Аллагьас кьураб гIилму-лъаялъул къадар
Дие, ралъдалъ гозо ччун, щвараб къатIраялдаса

[1] Хабал агьло.
[2] Ай, хваразул гвангвараби.
[3] Пикрабазда.*
[4] Ладунияб гIилмо – Аллагьас Жиндирго рахъалдасан, цIаличIого, кьураб гIилмо.*
[5] Баян гьабун.*

ГIемер дагьаб бугилан гьалъ биցанин», – абуна,
Гьелдаги Мусаца цIакъ гIажаиблъи гьабуна.

Гьенисаги рахъана, ралъдал рагIалчIван ана,
Багъарун унеб батун, цо гама чIезабуна.
Гамихъабазде гьарун, гьелде тIаде рахана,
ТIадеги сапаралде кIиясго байбихьана.

Ралъад бакьулъе щойдал, щибго хабар гьечIого,
Хизрица цIияб гама, къабун, багьизабуна.
Гьелда сабро гьабизе Мусахъа бажаричIо,
БатIиналда гьелдалъун бугеб хайир бичIчIичIо:

«ЧIорого рекIинарун нелъей лъикIлъиги гьабун,
Гама багьизе гьаби бегьилищ?»-ан абуна,
ШаргIалда хIарамлъулеб чияе зарал гьаби,
Загьиралда борциндал, Мусае данде ккечIо.

«Дунгун сапар гьабизе сабро дур гIеларилан
Абун букIинчIищ?» – абун, Хизри гьесде кIалъана,
«Гьанжиялдаса тIокIав кIалъайзе гьечIо», – абун,
КIочон тей гIузру бачун, Мусаги мукIурлъана.

Гамидасан рещтIана, ракьдадасан рилълъана,
РасанкIаби гьарулел лъимал нухда ратана.
Хизрица гьезда гьорлъа балугъалде вахинчIев,
Берцинав, цIакъ гьайбатав цо гъулам[1] хъун рехана.

«Расги гIайиб гьечIев вас чIвана гори дуца»,-ян,
Цевего гIадин, Муса инкаралда кIалъана.

[1] Гъулам – гьитIинав вас.*

«Алам акъул лака»,[1] -ян, Хизрица кантIизавун,
«ТIокIабги гьикъани, дун цадахъ тоге», – абуна.

Гьенисаги рахъана, цо росулъе рещтIана,
ТIаде росун гьоболлъи гьабулев чи лъугьинчIо,
Гьеб росу къотIулаго, биххулеб къед батана,
Хизри, гьелдехун вуссун, квалквадизе лъугьана.

ГамачI данде бакIарун, ракь буцун хIарщ гьабуна,
Гьеб къед цIидасан байзе Хизрица байбихьана.
«Мухьниги дуца гьелъухъ босулебанищ»,-илан
Муса гьаб нухалдаги инкаралда кIалъана.

Лъабабизеги инкар Мусаца гьабун хадуб,
Гьанжи нилъ цуцадаса ратIалъизе кколилан,
«Гьаза фиракъу байни ва байника»[2],-ян абун,
БатIинги загьир гьабун, Хизри гьесда кIалъана.

Загьиралда борцани, шаргIалда бегьуларел
Гьарурал пишабазул хIикмат баян гьабуна,
БатIинияб тасарруф гIилму-ладуналдалъун
Манлъун гьабураб букIин[3] – гьебги Мусай бицана.

Гамайилан абуни, бесдалазул букIана,
Ажру[4] босун ралъдалъан гIалам баччун хьвадулеб.
ГIайиб-гIузруги гьечIеб, ислахI[5] гьабун къачIайчIеб,
РекIарал цIакъ рохулеб цIиябги гьеб букIана.

[1] «Дица дуде абун букIинчIищ дида цадахъ сабро гьабизе дуда кIойларо»,-ян.
[2] Ай, «Гьанжи нилъ ратIалъизе ккола»,-ян абуна Хизрица.
[3] Ай, жинца гьарурал гьел загьиралда шаргIалде данде кколарел пишаби балъго ТIадегIанав Аллагьас малъун гьабураб букIин.*
[4] Ажру - мухь.*
[5] Ай, ремонт гьабичIеб, цIияб.

ЦIиял гамул рахъизе ханасул хIукму букIун,
ХIукмуялъулъ ккечIого гьеб хутIиялъе гIоло,
Хизрица, кьабун, гама багьизе гьабун хадуб
Ханасул завракъ,[1] бачIун, гьазда цебе кIанцIана.

ЦIиял гамул рахъизе амро нежей бугилан
Жанир лъугьун ралагьун, цIакъ тафахIхIус[2] гьабуна.
Багьараб бакI бацизе палас къайзабун батун,
Басралъараб бугилан берцинго нахъе ана.

Цинги дов вас чIваялъул хIикмат баян гьабизе
Васасул къосиналъул хабар Мусай бицана,
Гьесул щуъмуялдалъун[3] лъикIал эбелгин эмен
Куфруялде ккеялда хIинкъанинги абуна.

ХIатта гьев вас чIваялда Мусаца инкар ккойдал,
Ццин бахъарав Хизрица, калам къотIизабизе,
КвегIабаб хъарщилага бахъун, тIаса гьан хашан,
«Гьале», – абун, Мусада бихьизабунин буго.

«Кафирун ла юъмину биллагьи абадан»,[4] -ян
Илагьияб къудраталъ гьелда тIад хъван батана,
Гьоркьов васитI гьечIого[5] гьаб гIилму Жинцаго кьун,
Жаббарас, Хизри тIамун, хIукму тIобайзабуна.

Къосарал лъималазул баркат гьечIолъи бахун,
Бихьулищ, умумулцин капурлъизе рес бугеб.

[1] Ай, хехаб гама, катер.
[2] Ай, цIакъ ралагьана.
[3] Ай, васасул баркат гьечIолъиялдалъун.
[4] «Абадалъго Аллагьасда иман лъезе гьечIев кафир», – абун хъван батана.
[5] Гьоркьов мугIаллим гьечIого.*

КварчIинир лъун хьихьидал райхIанатазухъ[1] балай,
Тушбабилъунги лъугьун, балагьалъе ратулел.

ЛъикIаб хасияталъул асарго жиндилъ гьечIев,
Гьал разияб хIалалда хьвадизе хьулги гьечIев,
Гьев васасда ццин бахъун, эбел-эмен кидаго
Кошаб дугIа гьесие гьабулел рукIунаан[2].

Гьев кошав вас сабалъун лъикIал эбел-инсуе
Алжан хIарам гьабизе РахIманасе бокьичIо,
МаслахIат гьедин букIун, гьев вас гьитIинго чIвана,
Гьесул бакIалълъ Аллагьас баркат бугей яс кьуна.

Инсуца, кIудай гIедал, аварагзабадаса
Цо аварагасе кьун, гьей яс рукъалде ана.
Гьелъ гьарурал васалги анбияал лъугьана,
Лъабкъоялда анцIиде гьел раханин бицана.

Балугъалде вахинчIев вас Хизрица чIваниги,
Нелъер шаригIаталъ гьеб гьукъараб букIинги лъай.
Лъай-гIилму Хизрил гIадав гIалимлъун ватаниги,
Таклиф тIалъичIев гъулам[3] чIвазе нух букIунаро.

Ярагъ кодоб босарав хIарабияв[4] гьечIони,
Куффаразул лъималцин чIвазе бегьулел гьечIо.
Гьаб – хIадисалъ бицараб Исламалъул нух буго,
Нух таричIого ине тавфикъ Аллагьас кьеги!

[1] Ай, гIисинго рукIаго лъимал эбел-инсуе махI сунтIулел тIугьдул гIадин рукIуна.
[2] Цо рагIиялда рекъон.
[3] Балугъалде бахинчIеб лъимер.*
[4] ХIаларбияв – нильгун рагъда вугев.*

Доб биххула букIараб басрияб къед абуни,
Эбелгин эмен хварал бесдалазул букIана.
Долъул кьучIалда гъоркьги, умумузго бахчараб,
Дол бесдалал маликаб[1] гIарац-месед букIана.

Биххун къед арабани, къватIибеги загьирлъун,
Гьеб балъгояб хазина чидахъ щолеб букIана.
КIиявгоги бесдалав балугъалде щвезегIан
Балъгого гьеб цIунизе Халикъасе бокьана.

Балъгоял хIикматазул хабарги жиндий бицун,
Хизри ватIалъулелъул Муса гьесда кIалъана.
«Авсини»,[2] -ян абуна, гIилму тIалаб гьабуна,
ТIадеги Хизридасан баркат щвезе бокьана.

Баркат щвеялде хьул лъун, къиса дицаги хъвана,
Къокъаб хIасилги босун, мурад баян гьабуна,
«БичIчIизе тавфикъги кьун, цIаларазе мунфагIат,
ЦIцIобал гIатIидав Аллагь, гьабе»,-янги ахIана!

Гьанжи нилъ тIадрусинин тIугьдузул майданалде,
ТIадеги пайдаялъе жаниб свери бахъизе.
Жегиги халгьабизин хурдузул маргIаялъул[3],
МацI лъалел хIайваназе дару батуларищан.

Дарабигин загърраби ратIа гьаризе лъалел
АтIибааз[4] бицунеб дица кагътида хъвайзин,

[1] Маликаб – бетIергьанаб.*
[2] «Диде лъикIалдалъун васият гьабе», – абуна.
[3] Ай, сага.
[4] Тохторзабаз.

Дунго хIайван гьечIилан дагIба дир гьечIеб лъайзе,
Далиллъун гьебги тезин лъай макъсуд бугелазе.

Къисаби – цIакъго гIемер, гIаламалда машгьурал,
МугъчIвазе аслуялъе босизе далил гьечIел,
Гьелда релълъон – маргьаби, нукаталгин[1] кицаби,
Кагьанатал-гIаррафаз[2] рицунел чарал харбал.

Цинги гьел киназулъго, маххулъ жавгьар кинигин,
Халкъалъе асар бугеб цо-цо гIакъло батула,
ГIалхул пихъалдасанги пайда камуларелъул,
Пайдаго гьезулъ гьечIин гьечIо дица абулеб.

Амма рицунел харбал гIадамаз къабул гьари
Равиясул[3] гIадиллъи-сикъат[4] халгьабун буго.
Халкъалъго кодоб босун, киназго къабул гьабун,
Мункир[5] данде камураб каламги букIунаро.

Рави, гIалимгун гIариф, гIакъил ватананиги[6],
ГIирфан[7] щойчIеб агьлоялъ гьев къабул гьавуларо,
Гьединго Расуласул хIадисалда тIасанги
СахIихIаб[8]-загIифабан дагIба-рагIи бижуна.

ДагIбадулав, къаниги, мукIурлъун чIоларелъул,
ЧIолеб къо бачIинегIан букIа абе гьаб гьадин,

[1] Анекдотал.
[2] Ай, балъгоял жал рицунаян рукIунел гIадамал.
[3] Ай, бицунев чи (автор).
[4] Божи бугев вукIин.
[5] Инкарчи.*
[6] Гьеб бицунев чи лъай бугев гIакъил ватаниги.*
[7] ГIирфан – лъай.*
[8] СахIихIаб – кьучIаб.*

Гьанжи тIаде баккараб, букIинчIеб жо горелъул,
БетIергьанасда лъала битIарабги тIекъабги.

Къуръанилан абуни, Аварагасухъ кьураб,
Аллагьасул бацIцIадаб Каламун-къадим буго,
Къец гьабун чи бергьинчIев, насхо жиндие гьечIеб,
Нус-нусгин азар соналъ табдил[1] хIарфалъулъ ккечIеб.

Цересел адяназул[2] хIукму жинда тIобараб,
ТIолалго Кутубазул[3] магIнаби жанир лъураб,
Инжилгин Тавраталъе тахIвил[4] къавмалъ гьабидал
Гьеб Жинцаго цIунизе БетIергьан гъоркье чIараб.

БатIулабгин тIекъалъе хIукму жинца къотIулеб,
ХIалалгин хIарамалъул гIорхъалаби рицунеб,
ГIайну-шаригIаталъе аслолъун жиб гьабураб,
Женаздагин инсазда амро-нагью гIаммлъараб;

Анбияъ-русулазул къисаби жанир ругеб,
Алжангин жужахIалъул сифат жинца гьабулеб,
Самавияб, арзияб, [5] дунялгин ухравиял
Ахбаразул бицине нахъе тараб жо гьечIеб.

Гьанжи дий бокьун буго, исламалъул жамагIат,
Жагьлоялъ мехтаразе ножоца суал кьезе.
Суал кьун щвараб жаваб мухIканаб букIунелъул,
МухIканаб жавабги щун, ножор лъай гIатIилъизе.

---

[1] Ай, цохIо хIарпцин хисизе гьабизе гIадамасда кIойчIеб.
[2] Адянал – динал.*
[3] Кутубал – Аллагьас рещтIарал тIахьал.*
[4] Ай, магIна ва рагIаби хисизе гьарун, сверизе гьарун.
[5] Самавиял – зобалазул; арзияб – ракьалда бугеб.*

Загьирияб горони гIилму букIунарилан
ГIадамазе бицунел цо мунафикъал руго,
Къуръан-хIадис горелда жал нахърилълъунарилан
Жеведаго релълъарал мекъаб нухаре цIалел.

Къуръан-хIадис горелъул хIукму бусурбабазе
ХIарамаб букIиналда инкар лъица гьабулеб?
Амма мунафикъзабаз кIалалъ гьеб бицаниги,
Гьабулелъухъ ралагье, батулеб куц гIаксалда.

БатIинияб гIилму кьун, Аллагьас хасс гьарурал
Хавасаздеги[1] гьазул бергьараб хIасад буго.
ХIатта гьеб агьлоялда, женаз ккурал чагIиян,
Зоб-ракьалъ хIехьоларел бугьтаналгицин лъола.

Гьанжи ножоца гьикъе гьел мунафикъзабаде:
«Гьаб кашфоялъул агьло женаз ккурал ратани,
Алжаналдасан рохел бицарав ГIумар-асхIаб ﵁ –
Гьевгийищха вукIарав женаз ккурав чи?» – абун.

Кинабгоги кIваричIо, ихтилафилан[2] букIа,
Хизригийищ вукIарав щайтIабаз кодов восун,
Мусалгин гьесул къиса Къуръаналъ бицунлъидал,
КъуръангIаги лъил калам, мацI лъалел багьаимал?[3]

БетIергьанас гIадада хабарги бицунарин,
Хизрил къиса нилъеда лъайзе щайда гьабуна?
Щибго мурад гьечIого аятги рещтIунарин,
Аят рещтIиналдасан мурад щибдай букIана?

[1] Хаваccал – хассал вализаби.*
[2] Ихтилаф – батIи-батIиял пикраби, дандеккунгутIи.*
[3] МацI лъалел хIайванал.

ЩайтIанияб горони кашфу гьечIеб батани,
Гьаб къиса Аллагьасул гьереси ккела гори!
Гьалдеги кантIуларев ахIмакъ горев ватани,
АхIмакъилан цIар лъезе инсанго вукIинаро.

Инсанас жиб бицараб хабарги гьаб горелъул,
Хизрил къисаялда тIад муъминчи кIалъаларо.
Мунафикълъун гьечIони, Къуръаналъул аятал,
Инкар гьабун, нахъчIвалев гIаданги вукIунаро.

ГIилму-лладун гьечIилан хабар бицунеб къокъа,
Къуръан горищ ножоца гьереси гьабун бугеб?
Гьелда горони гIамал гьабуларин абулел,
Гьал аятал цIализе беццлъунищ нуж хутIарал?

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿فَوَجَدَا عَبۡدٗا مِّنۡ عِبَادِنَآ ءَاتَيۡنَٰهُ رَحۡمَةٗ مِّنۡ عِندِنَا وَعَلَّمۡنَٰهُ مِن لَّدُنَّا عِلۡمٗا ٦٥﴾ الكهف : ٦٥

БетIергьанасде горищ игIтираз[1] ножор бугеб,
Аяталъул равиги[2] – Дов горони, гьечIелъул?
Гьединго Расуласул хIадисалдайищ бугеб,
ЩайтIанияб горони, кашфу букIунарилан?

Бугеб батани, цIале, нижги тIадрекъон чIела,
ГьечIеб батани, бице, гьатифалъищ ахIараб?
ХIадисалда гьечIебги Къуръаналъ бицарабги –
КIиялдего мугъги кьун, гьединищ суннат кколеб?

Суннаталъул агьлоялъ Аварагасде свалат
«Саййидуна» абураб лафзалдалъун битIула,

[1] ИгIтираз – инкар, дандечIей.*
[2] Рави – бицарав чи.*

Беццабгин гIинкъаб къавмалъ Къуръангин хIадисалда,
ГьечIеб бидгIа бугилан, данде хвалчен бахъула.

Нежеда хIарам гьабун хъвараб бакI бихьичIилан,
Танхьие «гьудулзабаз» гIатIидаб нух батула,
БидгIабазул бищунго къабихIаблъун рикIкIараб,
Къуръан-хIадис гьазие гьалъулъ къварагIунаро.

Гьабулеб дугIаялъулъ Аллагь горесде гьари –
Гьалдаса кIудияб ширк азда аскIубго гьечIо.
Амма Юсуфил вацаз инсуде гьарун буго ﵇:
«Нежер мунагьал чури Аллагьасде гьаре»,-ян.

Гьал лъималаца эмен Аллагьасде гьаризе
Гьоркьов васитIалъун ккой Къуръаналъ бицун буго.
Къуръаналда горони гIамалго гьабуларез,
Гьаб аят цIалулелъул, щиб пикродай гьабула:

قَالَ تَعَالَى: ﴿ قَالُوا۟ يَـٰٓأَبَانَا ٱسْتَغْفِرْ لَنَا ذُنُوبَنَآ إِنَّا كُنَّا خَـٰطِـِٔينَ ﴾ يوسف : ٩٧

Щибниги умматалъе хайир жиндилъ гьечIого,
ЧIалгIададай Аллагьас гьаб аятги рещтIараб?
Гьедин гореб батани, рачIа ургъун рихьизин,
Аяталдасан нелъей бугеб пайда халгьабун.

Халикъасде гьаризе кIал-мацI букIинчIогундай,
Аллагьасде гьаризе васаз эмен тIамурав?
ТIамидал инсуцаги: «Савфа астагъфиру»[1] -ян
Жаваб гьазий щай кьураб, ширк бугин абичIого.

[1] Ай, «Нахъа гьарила дица Аллагьасде ножор мунагьал чури ( радакье яги рузман къоялъ).

Аварагзабазулги «хатIа кколеб батани»,
БетIергъанасниги щай гьел кантIизе гьаричIел?
Ширк гьеб букIин лъайчIого, ялъуни гъапуллъун ккун,
ГъалатIищха беччараб БетIергьан Аллагьасги?

Исламалда баккараб къавудаялъ унтарал
Англичаназ кколел нуж ахираталдаги.
Явма тубла ссараир[1] загьирлъараб мехалда
Лъайзе бугеб ножода доз нужго рачунеб бакI.

Бусурбаби цуцаде гьусулел куффаразе[2]
Комекалъе рахъарал ножода щиб абилеб?
Уммат бикьизабизе гьоркьор хIалтIулел гьезий
ХIалае чIараб къокъа, къосин гIеларищ ножой.

Ножор гьеб гIуцIиялъе кьучI лъурал мушриказде
Магьди вахъун хъухъари балеб заманги щойлеб,
Зодосан ГIиса рещтIун, шаригIат цIигьабидал,
Ширк ккуралги ккойчIелги гьесги ратIа гьарилел.

[1] РекIелъ рукIаралщинал бальгоял мурадал къватIир чIвараб къо (Къиямасеб къо).
[2] Куффарал – капурзаби.*

# - ФАСЛО -

## МУСА ВА ГЬАРУН ХОЯЛЪУЛ КЪОКЪАБ БАЯН ﷺ

Муса аварагасул гIумру рагIалде щвейдал,
Инсанасул сураталъль Малакул-мавт вачIана,
«Ажиб раббака»[1] – абун, Мусадехун кIалъана,
Мусаца гьормалъ хъат бан, гьесул цо бер бахъана.

БетIергьанасде гIарзалъ ГIизраил тIадвуссана,
Дур лагъасе хвел бокьун батичIилан абуна.
«Ва факъкъаа гIайни»,[2]-ян бер бахъиги бицана,
Бахъараб бер Аллагьас букIухъеги гьабуна.

Хадусанги ГIизраил Мусада аскIов ана,
Аллагьасул рахъалъан щвараб амро тIобана,
Оцалъул мугъалда тIад тIибитIараб хъатги лъун,
Гъоркье ккараб рас рикIкIун, сон дуй бугин абуна.

«Элда хадуб щиб?» – абун Мусаца суал кьуна,
Малакул-мавтас гьесда хвел бугилан абуна.
Ахир-къадги хойчIого чара гьечIолъи лъайдал,
Гьанжего хойзавеян Муса разилъун чIана.

Мусаца берги бахъун, гьаб вакъигIат ккезегIан
ГIизраиласул хьвади вихьулаго букIана.
Вихьулаго вачIун гьес рухIал рахъулел рукIун,
Хварав чи гьес чIванилан абулебцин букIана.

[1] Ай, «Дуца жаваб гьабе дурго Аллагьасе».
[2] Ай, «Дир берги бахъана»,-ян абуна.

Гьелда хадув ГIизраил халкъалдаса вахчана,
Вихьулареб сураталъ хьвадизеги лъугьана.
Гьаб къиса Расуласул хIадисалда бачIана,
«Ла яруддугьа илла мубтадигIун»,[1] – абуна.

Вагьбудасан бицараб риваяталда рекъон,
Цо бакIалда данделъун малайкзаби рукIана.
Мусада гьел рихьана, малайкал рукIин лъана,
Мурад лъай тIалаб гьабун, гьезда аскIове ана.

Гьез бухъулеб батана гIажаибаб, батIаяб,
ГIумруялъго бихьичIеб махI берцинаб цо къабру.[2]
Цинги Муса, хIайранлъун, лъие гьеб бухъулебан
Гьикъа-бакъун, гьездехун цIехолдизе лъугьана.

«НахIфуругьу ли гIабдин свалихIин карим»,[3] – абун,
Малайкзабаз Мусае берцинаб жаваб кьуна.
Жиндий хоб бухъулесда тIадеги цIакъ хIайранлъун,
ТалихI бугев чи щиван хобалде анищ ккана.

«Дуйго бокьунцин горищ гьаб хоб?»-илан абидал,
«У, буго»,-ян Мусаца берцинаб жаваб кьуна.
«Бокьун батани, жанив лъугьун, хIалбихье»,-йилан
ХIайранлъарав Мусаде малайкзабаз абуна.

Муса жанив лъугьана, музтIажигIан[4] вегана,
Аллагьасдехун вуссун тIадагьго хIухьал цIана.

[1] Ай, «Гьаб къисаялде инкар гьабиларо къосарав бидгIачияс горони».
[2] Ай. хоб бухъулел ратана.
[3] Ай, «Аллагьасе хирияв, лъикIав цо лагъасе бухъулеб буго», - ян абуна.
[4] Ай, хьибилалда вегана хобалъув.

РухI гьеб бакIалъ босана, Муса гьенив къанщана,
Малайкзабаз тIовитIун, гьеб хобалъув вукъана.

Гьарун Мусадасаги цеве накълолъун вуго,
Накълолъиялъул къиса къокъго бицунеб буго:
Цо къоялъ кIиявго вац сверизе рахъун руго,
Нохъаздасан цоялде жанире лъугьун руго.

Гьеб бакIалда къадар щун, Гьарун парахлъун вуго,
Хоб бухъун гьевги вукъун, Муса тIадвуссун вуго.
Исраилаз гьесда тIад гьечIеб бугьтан лъун буго,
Гьарун дуца чIванилан гаргазе лъугьун руго.

Гьеб захIмалъун Мусаца шикаят[1] гьабун буго,
БетIергьан-Аллагьасда цеве чIун, гьардон вуго.
Гьелги рачун хобалде аян вахIю щун буго,
«Инни багIисугьу»,[2] -ян лъайзеги гьабун буго.

Гьелгун Муса Гьарунил хобалде вачIун вуго,
Хабал рагIалдаги чIун, вацасде ахIун буго.
БотIродаса хIур кIутIун, Гьарун тIад вахъун вуго,
«Ана къаталтука?»[3]-ян Мусаца гьикъун буго.

Гьаруница вацасе, халкъалда рагIулаго,
«Ла, валлагьи»,[4]-ян абун жавабги гьабун буго.
Бану-исраилазул щаклъиги тIагIун буго,
«ГIараисалда» гьадин къисаги бицун буго.

---

[1] Шикаят – зигара, гIарз.*
[2] Ай, Аллагьас абуна: «Дица Гьарун тIаде вахъине гьавила», – абун.
[3] Ай, «Мун дица чIванищ?» – абун гьикъана.
[4] Ай, тIадеги вахъун, Гьаруница «Валлагьи чIвАйчIо, дунго хвана»,- ян абуна.

# - Ф А С Л О -

## ЮШАГІ АВАРАГАС ﷺ АРИХІА ШАГЬАР БАХЪИЯЛЪУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Муса, гІалайгьи ссалам, къадаралде щун хадуб,
ЮшагІ аварагасги гъазават байбихьана.
БетІергьанас койрбакъун, Шамалъул улкаялда
Лъеберго шагьаралда тавлият[1] гьес гьабуна.

Гьелдаса хадув ЮшагІ, бану-исраилазул
ЖамагІатги бакІарун, кІалъан цеве вахъана,
Мусаца жигьад гьабун, койрде босун букІараб
АрихІа шагьаралъул хІал-хІукмуги бицана:

«Гьеб шагьар бахъулаго жал тІурун ун рукІарал
Жаббаринал тІадруссун рачІун ругин абуна,
Эзулгун рагъ гьабизе дий ине бокьун бугин,
Бокьарав чи ножорго хІадурлъе»,-ян манлъана.

АрихІа шагьаралъул цо рагІалде рещтІана,
ЮшагІгин гьалмагълъиялъ гъазават байбихьана,
Биял гІодоре тІуна, гІемераб халкъ гъурана,
Гъазунал-магъзуназе[2] гІемераб зарал ккана.

Рузман къо къалъун хадуб бакъанил мех щолелде,
ЮшагІица тушбаби щущахъ риххизаруна.
Ахир гьезий лъечІого гьеб къоялъ рес букІинчІо,
Бакъ тІерхьине гІагарлъун, гьабизе жо тІагІана.

[1] Тавлият – кверщел.*
[2] Ай, кІиябго рахъалъ гІемераб халкъ гъурана.

Гьелда хадуб бачIунеб шамат къоян абуни,
Бану-исраилазул хIалхьеялъул букIана.
ХIалхьи гьабун гьел чIани, гьеб къоялъ тушбабазе
Къуват данде гьабизе ресги щолеб букIана.

Тушбабазе ахир лъун, бергьенлъи босизегIан,
Бакъ тIерхьине тогеян ЮшагIица гьарана.
Гьесул дугIа къабуллъун, Аллагьасул къудраталъ,
АрихIа бахъизегIан бакъ тIерхьинчIого чIана.

БетIергьанас койр бакъун, куфру басра гьабуна,
АрихIа шагьаралда ЮшагIица койр лъуна.
Кинабниги боцIи-мал гъаниматлъун[1] босана,
Бану-исраилазул шавкат[2] гьениб билълъана.

Гьелдаса хадув ЮшагI КангIаналдехун ана,
КангIаналъул мулукал[3] тавхIидалде ахIана,
Эзул лъебергогIанаб хъала жинца бахъана,
Хъала рикIкIун ханги чIван, гъаниматги гьабуна.

Нусиялда къойиде гIумру щвараб мехалда
ЮшагIицаги тана байтул-мал – гьаб дуниял.
Бану-исраилалги Шамалда къарар гьарун,
Вукъана набийюллагь Афраим мегIералда.

**قالوا : فلما استقرت بنو اسرآئيل بالشام وصفت لهم توفي نبي الله يوشع ودفن في جبل افراييم وكان عمره مأئة وعشرون سنة ، وتدبيره أمر بني إسرائيل بعد موت موسى سبعا وعشرين سنة . ((عرائس)) صـ ٢١٨**

[1] Гъанимат – давла.*
[2] Шавкат – къуват, гуч.*
[3] Мулукал – ханзаби.*

# - ФАСЛО -

## ИЛЬЯС АВАРАГАСУЛ عليه السلام ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Иляс гьавураб гIужалъ дунял нуралъул цIуна,
Нур баккараб бакI цIехон, исраилал свердана.
Иляс гьавун ватана, гьесдаса цIакъ рохана
«Гьаза ллази бущирна бигьи»[1],-йилан абуна.

Анкьго соналде щведал Таврат рекIехъе лъана,
Лъимадул букIунареб пагьму гьесие кьуна.
Гьелда хадуб цо къоялъ къавмалде гьес абуна:
«Урикуму мин нафси гIажабан»[2],-ян кIалъана.

Зоб гъугъараб кинниги, кIудаб гьаракь гьабуна,
Гьеб рагIидал къавмалъул, хIинкъун, ракIал сорана,
ХIинкъи тIаса ун хадуб Иляс гьезда рихана,
Гьесдехун хIасад бергьун, чIвазе хиял гьабуна.

Гьеб къавмалдаса тIурун Иляс мугIрузде ана,
ГIалхул хIайваназда гъорлъ сардал-къоял тIамуна.
КIикъого сон гIумрудул тIобайдал Илясихъе,
Аллагьасул рахъалъан, вахIюгун, Жибрил щвана.

Мун щивилан гьикъана, къварагIел щиб абуна,
Нубувваталъул[3] рохел Жабраилас баркана,
Капурлъарал ханзаби Исламалде ахIизе
Аллагьас мун расулллъун витIун вугин бицана.

[1] Ай, «Гьав вуго жив гьавизе вукIиналдалъун нилъеде рохел бицарав вас».
[2] Ай, «Дица ножода бихьизе гьабила цо гIажаибаб жо»,- ян абуна.
[3] Нубувват – авараглъи.*

«Борчине ярагъ горев, вагъизе къуват гьечIев,
Гьезухъ дун кин унев?»-ан Иляс хIайранлъун ккана.
«Инна ннусрата лака валь-къуввата лиЛлагьи»,[1] –
Ургъел тун Жабраилас Иляс рахIат гьавуна;

Аллагьас амро гьабун, гIалхул хIайваналгин цIа
Дуй мусахарлъун[2] кьунин гьесул ракIги батана,
«Лъеберго набиясул къувват дуйгоги кьунин,
Дурго къавм тавхIидалде ахIе»,-ян буюрана.

Аллагьасул тIадкъайгун къавмалъухъе гьев ана.
Лъабкъоялда анцIгогIан росу гьезул букIана.
Росабазулъ сиясат билълъанхъизе гьабулел,
Хъанчил агьлолъун ругел мулукалги рукIана.

Росабазул цоялде Иляс жанив лъугьана,
Гьениб ханасул рагьдухъ рещтIин жинца гьабуна.
Борхатаб гьаракь беччан, къираат[3] берцин гьабун,
Тавраталъул гьомерал цIализе байбихьана.

Ханасул лъадиялда гьесул къираат рагIун:
«КъварагIел щиб, мун щив?»-ан гьикъардизе лъугьана.
Гьелъие жаваб гьабун, нуж диналде ахIизе
Аллагьас витIун щварав расул вугин абуна.

«Рисалаталъе хIужжа бугищилан гьикъана.
«Щиб дуй бокьилеб?» – абун, Иляс гьелде кIалъана.
«Гьаб цIа дуца аскIобе ахIе»,-йилан абуна,
Аллагьасде гьес гьарун, гьеб цIа аскIоб бачIана.

[1] Ай, «Къуваталъул бетIергьан Аллагь вуго, дуе Досул квербакъи буго».
[2] МутIигI гьабун.*
[3] Къираат – цIали.*

Гьелъ росасда бицана, кIиязго иман лъуна,
Илясги витIухъ гьавун, тавхIид къабул гьабуна.
Гьениса вахъун Иляс цойги росулъе ана,
Рисалаталъул амро гьезухъе щойзабуна.

Гьеб росдал агьалиялъ Иляс тIаде восичIо,
Ислам рагIизабидал цадахъго дандечIана.
Цинги, киназго кьабун, хIакъи-бакъир гьавуна,
Гьенисан, койрал рухьун, ханасухъе вачана.

Ханас, цIаялги ракун, хьагал рагIаризарун,
ЧIечIони, жанив рехун вухIилилан абуна.
Илясица цебего гьабун букIараб гIадин,
КIудияб гьаракь гьабун, гьез бакараб цIа свана.

Гьединго ракIал хIинкъун, жалгоги сородана,
Илясил къуваталъе киналго мукIурлъана,
МетерлъизегIан сабро гьабейилан абуна,
Ургъун рихьизе теян, гьари гьабун, кIалъана.

Радалго тIаде вахъун, Иляс гьезухъе ана,
ВагIза гьабун, хIинкъи кьун хабар гьезий бицана.
Хъаба цIураб чIагIдаде тIаде гьоцIо тIурабгIан
Гьес бицараб рагIуца асар гьезий гьабичIо.

Гьел къавмазул кIудияв – ГIамил абурав ханас,
ГIуламаал ракIарун, кIалъа-балъай гьабуна.
Гьав Илясиде ножор кинаб балай бугебан,
Киназулго раъяби[1] лъайзе тIалаб гьабуна.

[1] Раъю – пикру.*

Гьездасан гIемерисел раъюялъулъ цолъана,
Цогояб пикроялда маликасде кIалъана:
Нежеда Тавраталъулъ сифат жиндир батулев
Авараг гьев вугилан гьесие баян кьуна.

Балагьун бихьилилан ГIамил мугьмалго чIана,
ГIуламаалги, рахъун, рокъо-рокъоре ана.
Илясги тIадвуссана, Жабида[1] аскIов ана,
Жабие ГIамилилгун кканщинабги бицана.

Кинабго бицун хадув Жаб муртадлъун ватана,
ТавхIидалдаса вуссун Иляс къабул гьавичIо,
«Фансариф гIанни, фала хIажата ли бика»[2],-ян,
Куц гьечIеб рагIи бицун, Иляс нахъе хъамуна.

Амма Жабил чIужуялъ жаваб къвакIараб кьуна,
Жий муртадлъиларилан Илясил хьолбохъ чIана,
Илясицаго гIадин гIибадатги гьабуна,
ГIамилил мина сверухъ цо бакIалде рещтIана.

Цинги ГIамилил ясалъ Ислам къабул гьабуна,
Илясида нахъйилълъун, тавхIидалде ячIана.
Гьеб захIмалъарав ханас яс чIвазе къасд гьабуна,
Бищун хирияв вас хун, регIичIого хутIана.

Ханасдехун цо къоялъ Илясица абуна:
Дуца лагълъи гьабулеб хъанчил къуват батани,
Гьев хварав васасул рухI нахъбуссине гьабеян,
Гьаре дуца хъанчалде, дуй жаваб гьабулищан.

---

[1] Жаб – дов иман лъурав ханасда цIар.

[2] Ай, Жабица абуна: «Мун дий къварагIинаро, нахъе а дида аскIусан», ай муртадлъун ватана.

Гьанжи, хъанчалъухъе ун, ГIамил цIакъ хIелхIедана,
ХIелун суждаби гьарун, гьаризе цIакъ бахъана.
Хъанчалъ жаваб гьабичIо, гьарун мурад тIобайчIо,
ТIадвуссун, Илясиде аман гьаризе ккана;

Гьав дир вас дур Аллагьас чIаго гьавун вихьани,
Гьаб хъанчий дица лагълъи гьабуларин абуна,
Дуца манлъараб гьабун, Исламалъул нухги ккун,
ХойзегIан дуда цадахъ чIелилан рагIи кьуна.

РахIманасдехун вуссун Илясица гьарана,
ГьебсагIаталъ хварав вас чIаголъун тIадвахъана.
Вас чIаголъун вихьидал ГIамил цIакъ мукIурлъана,
КIиябгоги шагьадат ракIбацIцIадго битIана;

Бокьун ханлъи жибго тун, гIибадаталде вуссун,
Илясида нахъвилълъун бацIцIадаб дин гьабуна.
Гьанжиги Илясица Рисалат тIобитIана,
Исламалде рачIине къавмаз хивал гьабичIо.

Гьеб хIалалда вукIаго ГIамил накълолъун ккана,
ГIамилил васги ясги, Жабил чIужуги хвана.
Халикъасде гIасияб къавмалда ццин бахъарав
Илясица «биль-къахIтIи»[1] – дугIа гьезий гьабуна.

Зодосан цIцIад тIинкIичIо, ракьулъан мугь тIирщичIо,
Ракъул балагь тIаде щун гьалаклъиялде ккана;
Гьабзазулгин гIункIкIазул гьан кваналеб букIана,
Гьоркьо-гьоркьор холезул къадарги гIемерлъана.

[1] Ай, цIцIад къотIун ракъдаллъи ккагиян.

ГIалхул жанавараздa, роржунел тIуюразда[1]
РакIбухIун, малайкзаби РахIманасде гьардана,
Гьединго Илясихъе, гъорлъ ругел муъминзаби,
Ракъи-къечалъул бицун, шикаяталъ хьвадана.

Дуца дугIа гьабуни, гьаб хIал тIаса босулин,
РахIму гьабун, гурхIаян киналго зигардана.
Дир къавмалде щцин бахъин Аллагьасе гIололъун,
Гьел гIасилъун ругелъул, бугин Илясги чIана.

Аллагьас вахIю рещтIун: «ГурхIа, - йилан абуна,
Илясица, цIакъ нечон, тавбойилан ахIана. –
Иман лъуни, хвасарлъи гьезий дудалъун ккела,
ЛъечIони, Дир рахIмат-цIоб дуралдаса цIикIкIина;

Дуца Исламалде гьел гьанжиги ахIе»,-йилан
Аллагьас Илясиде вахIю такрар гьабуна.
Гьениса вахъун, Иляс цойги росулъе ана,
Цо гIажизав васасул эбелалъухъ рещтIана.

АлясагI абураб цIар гьев васасде букIана,
Илясица гьесие лъикIаб дугIа гьабуна.
ГьебсагIат вас сахлъана, гIузру чорхолъа ана,
Илясги ритIухъ гьавун, Исламалде вачIана;

Иляс киве аниги, гьесда цадахъ хьвадана,
ГьитIинав вац кинигин кидаго хьолбохъ чIана,
Бану-исраилазул капурлъараб агьали,
Истискъаъ[2] тIалаб гьабун, Илясихъе рачIана.

[1] Ай, хIинчI-гъедо.
[2] Ай, цIцIад гьари тIалаб гьабун рачIана. Къварилъи тIаса ани, иман лъелин рагIиги кьун букIана.

Аллагьасде гьес гьарун, гьеб балагь тIаса ана,
Баркат бугел цIцIадал ран, дуниял берцинлъана.
Бугониги, капурал Исламалде райинчIо,
Илясие гьабураб къотIуе хилиплъана.

КъотIуе гьел хилиплъи Илясида койш букIун,
Койшаб дугIа гьезие гьабизе нийят ккана.
Гьанжиги РахIманасул рахIму-гурхIел цIикIкIана,
ВахIю рещтIун, Илясил ракIги рахIат гьабуна,

«Я Иляс, къад баллагъта Рисалата Раббика
Ва фагIалта ма амарту бигьи»,[1] -ян абуна,
«Аль-ана[2], АлясагIги дурго халифа гьавун,
Гьеб къавмалда гъорлъа мун нахъе а», - ян манлъана.

«Анта гIинди ла-миналь-мукъаррабина»,[3] – абун,
Къурбалъулъ[4] ккараб ками гьечIолъиги бицана.
Цинги Иляс, АлясагI халифалъунги гьавун,
Халикъас манлъаралъуб, къавмги тун, нахъе ана.

Къавмалдаса ватIалъун Иляс нахъе унаго,
Авлахъго нуралъ цIураб цо чу цебе пархана,
Халикъас мун рекIине гьадийятлъун битIараб, –
Гьале дун бачIанилан чу гьесда цебе чIана.

Чода жив рекIинелде Жабраил тIаде щвана,
Бишасул рахъалдасан рохел гьесги баркана:

[1] Аллагьас абуна: «Дуца Дир Рисалатги къавмалъухъе щвезе гьабуна, Дир амроги тIобАйзе гьабуна».
[2] «Гьанжи мун а».
[3] «Мун Диде гIагараздасан вуго».
[4] Аллагьасде гIагарлъиялъулъ.*

«Малайкзабигун цадахъ, ракьул гьомералда тIад
Гьанжи дуйго бокьухъе воржанхъе»,-ян абуна.

Аллагьас лъин-койналъул лазатги нахъе босун,
Малайкзабазул сурат – сифатлъун жиндий гьабун,
Инсийян, малакийян самавийян, арзийян[1]
Иляс гьавун вугилан тIахьазда бицун буго.

Цойги, Иляс-Хизрица щибаб шагьру-рамазан
Байтул-Мукъаддасалда тIамулин абун буго,
Гьенир кIалал тIоритIун, кIиялго Маккаялде
ХIажалъул заманалда рачIуниланги буго.

**ثم إن إلياس لما خرج عن قومه فإذا هو بفرس تلهب نورا فقالت : أنا هدية الله إليك فاركب ، فاستوى على ظهرها ، وجاء جبريل عليه السلام وقال : يا إلياس طر مع الملائكة في الأرض حيث شئت فقد كساك الله الرش وقطع عنك لذة المطعم والمشرب وجعلك إنسيا ملكيا سماويا أرضيا . «بدائع» صـ ١٢٤ . «الصاوي» جـ ٣ ، صـ ٣٤٥**

**روي أن إلياس وخضر يصومان رمضان كل عام في بيت المقدس ويحضران موسم الحج كل عام ويفترقان عن اربع كلمات : بسم الله ما شآء الله ... الخ . «الصاوي» جـ ٣ ، صـ ٣٤٥**

الله أكبر

[1] Ракьалда хьвадулев инсанлъун ва зобалазда хьвадулев малаиклъунги гьавуна Иляс.

# - ФАСЛО -

## ШАМГIУНИЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН ﷺ

Бану-исраилазе, Илясида хадусан,
ХойзегIан Ал-ЯсагIас халифалъи гьабуна.
Хойдал, Палестиналда Ал-ЯсагI гьез вукъана,
Авараг гъорлъ гьечIого анцIго соналъ хутIана.

АнцIго сон ун хадуса Гьарунил наслабазул
ГIайлал-Кагьин абурав цо халифа вахъана,
Цинги исраилазул тадбир гьес байбихьана,
Берцинаб хьвадиялъул лъикIав чи гьев вукIана.

Гьес халафалъиялда кIикъого лъагIел бана,
Бану-исраилазулъ Мусал дин цIигьабуна.
Муса хун хадусала ритIанщинал русулал
Досул дин цIигьабизе ритIулелги рукIана.

Муса авараг хвараб къоялдаса байбихьун,
ГIайлал-Кагьин хойзегIан щунусгогIан сон ана.
Исраилазда жанир гьесул заманаялда
Давудгиму ШамгIунил виладатги[1] букIана.

Гьарунил асбатIазул, цо гIакъимай, гIажизай[2]
ЧIужугIадан горони, нахъе хутIун рукIинчIо.
АсбатIазул авараг жедее кьеян абун,
Бану-исраилалги дугIаялда рукIана.

[1] Ай, кIиявго гьавуна Кагьин абулев халифаясул заманалда.
[2] Ай, Гьарунил наслабазул лъимер гьабуларей херай цо гIадан хутIун йикIана.

Дой гIакъимай, гIажизат ШамгIунил эбел гьайи
Аллагьасе бокьидал, гьей хIамиллъун[1] лъугьана.
Гьеб лъайдал, исраилаз гIажаиблъи гьабуна,
Гьелъ набий гьавиялда божиги гьезул лъуна.

Жийго дой гIажузатги даимго Аллагьасде
Вас жиндий гьавегиян гьариялда йикIана,
Гьарарасе гьарараб кьезе гIажизлъуларев,
Кьуна РахIманас гьезий асбатIазул авараг.

Аваладда васасде цIар Шамвил лъун букIана,
ШамгIун абун хадусан кин абураб лъаларо.
Лъимерлъуда гьесие кафиллъун[2] Кагьин чIана,
ГIакълуялда ватидал Таврат лъайзе гьабуна.

Гьелда хадуб ШамгIунил кIикъого сон тIобана,
Жибрил-малаикасул сас гIинда чIван, хIинкъана,
Вихьулев чи гьечIого, гьаракь жинда рагIидал,
ГIайлал-Кагьинидехун, тамашалъун, бицана.

Цинги ШамгIуниде гьес, гьев Жибрил-малайк вугин,
Гьевгун дандчIвай гьабизе хIадурлъеян манлъана.
Манлъухъе жив хIадурлъун, бацIцIадго какичурун,
Камилаб тIугьруялда жулусалда[3] вукIана.

Жабраил загьирлъана, Рисалат босун щвана,
ШамгIун исраилазде авараглъун витIана.
Аллагьасул нухалда хIукму-къазаъ тIобалев, –
КIикъого сон гьезда гъорлъ ШамгIуница бахъана.

---

[1] Къинай лъугьана.
[2] Ай, хьихьулев чи.
[3] Ай, какичуриялда гIодов чIун вукIана.

ШамгӀуний кафиллъарав[1] Кагьинил заманалда
Бану-исраилазда кодоб букӀараб табут,[2]
Рагъазул хӀасилалда гӀамаликъатал бергьун,
Гьаздасаги батӀалъун, дозухъе щун букӀана.

Бану-исраилазул мурад-тӀалаб халгьабун,
Халикъасдехун вуссун, ШамгӀуница гьарана:
«ГӀамаликъатазухъа табут нахъе бахъизе
Гьазие къуваталъе цо хан чӀезе гьаве»,-ян.

Гьабураб дугӀаялъе Аллагьас жаваб гьабун,
Алжаналъуса босун, гӀанса гьесухъе кьуна,
«Гьаб гӀансаялъул роцен – чорхол халалъи бугев
Чи ножой ханлъун кьунин, халгьабе»,-ян абуна.

Бану-исраилазе хӀамил мугъалъ лъин баччун,
БетӀербахъин гьабулев цо мискинчи вукӀана.
Цо къоялъ гьебги тӀагӀун, тӀалабалда вукӀаго,
РакӀалдаго гьечӀого, ШамгӀунил кӀалтӀе ккана.

«Я ШамгӀун – набийяллагь, дир хӀама тӀагӀун бугин,
ТӀадбуссине гьабеян гьаре БетӀергьанасде», –
Гьаб калам ТӀалутица, тӀаде лъугьун, гьабуна,
«Гьабила дугӀа», – абун, ШамгӀунги разилъана.

ШамгӀунида Аллагьас бану-исраилазе
ТӀалут ханлъун витӀанин цӀар бицунги букӀана,
Цинги доб гӀанса, босун, ТӀалутида борцана,
Роцен бащадаб батун, ШамгӀунида гьев лъана.

[1] Ай, ШамгӀунил тӀалаб гьабурав халифа.
[2] Алжаналъуса Адамихъе кьун букӀараб гъалмас.

Цинги ТІалутида гьес ханлъи рагІизабуна,
Халикъасул рахъалъан амро бугин бицана.
Амро тІобайзе гьабун, «Къад маллактука»,[1] – абун,
Бану-исраилазе ТІалут ханлъун гьавуна.

Гьеб бициндал къавмалъулъ къил-къала гІемерлъана,
Мискинав сакъаъ[2] ханлъун кин толеван абуна.
«Аллагьас ножое гьав тІаса вищун вугелъул,
ТІалутий мутІигІлъе,-ян ШамгІун гьезде кІалъана. –

Гьав ханлъун витІиялъе ножое гІаламатги –
ГІамаликъатазухъа табут тІадбуссин буго».
Табут тІадбуссиналъул хабар жедей бициндал
Бану-исраилаца ТІалут къабул гьавуна.

[1] Ай, «Дица мун ханлъун чІезе гьавуна».
[2] Лъин баччулев, бичулев чи.

# - Ф А С Л О -

## ТАБУТ ТIАДБУССИНАЛЪУЛ КЪОКЪАБ АЯН

Гьеб табуталъул къиса къокъго гьабун бицинин,
БачIараб бакIги рехсон, сифат баят гьабизин.
Баракат тIалаб гьабун, Къуръаналъул аятал
Тафсир гьабуралдасан гIажамалде босизин.

Алжаналъуса Адам ракьалде рещтIун хадуб,
Халкъ бижарав Аллагьас табут[1] гьесухъе кьуна.
Гьелъул халалъи-гIеблъи – лъабгогин кIиго зирагI[2]
БукIарабилан буго «Сави»-«ГIараисалда».

Аслоги табуталъул Алжаналъуса буго,
Шамшар абун цIар бугеб цIулалъул жиб гьабураб.
Гьелда жанир, дарайдул ххамалда тIад рахъарал,
ТIолго анбияазул сураталги рукIана.

Сверунункъабго рахъалъ ункъавго халифагун,
Хадусел асхIабзаби – хIалкъа гьабун, гьелги чIун,
Гьезда гьоркьов вахъун чIун какилъ вугев ТIагьаги –
Гьаб суратги букIана гьеб табуталда жаниб.

**وكان من خشب الشمشار وطوله ثلاثة أذرع وعرضه ذراعان مموه بالذهب وكان عند آدم عليه السلام فيه صور الأنبياء جميعهم وفيه صورة محمد ﷺ وبيته وأصحابه وقيامه يصلي بينهم ثم توارثه ذرية آدم ... الخ . «الصاوي» سورة البقرة ، جـ ١ ، صـ ١١٦**
**أهبط تابوتا على آدم عليه السلام من الجنة حين أهبط إلى الأرض فيه صور الانبياء من**

---

[1] Ай, гъалмас.
[2] Ай, натI.

**أولاده وفيه بيوت بعدد الرسل منهم وآخرهم البيوت بيت محمد ﷺ من ياقوتة حمرآء وإذا هو قائم يصلي . «عرآئس» صـ ٢٣٣ . وكان قصة التابوت على ما ذكره علماء السير والاخبار أن الله تعالى أنزل على آدم ﷺ تابوتا فيه صور الانبيآء عليهم السلام ... الخ . «خازن» ، جـ ١ صـ ١٧٢**

Адамил наслабаца ирсалъе цуцахъе къун,
Муса аварагасде щвезегIан гьеб бачIана.
Гьелда жаниб Тавратги лавхI[1] бекарал кескалги
Мусаца лъолаанин бицун буго тIахьада.

Цинги, Муса хойдалги, исраилазда гьоркьоб
Гьеб, табут цуцахъе къун, ирсилазулъ хьвадана.
Гьезул цо хIукмуялъулъ хилаф ккараб мехалда,
Табуталъ, фатва гьабун, битIараб бицунаан.

Рагъде рахъунелъулги кидаго, камичIого,
Малаикзабаз баччун, гьеб цадахъ босулаан.
Бергьиналъе фатваги табуталъ гьабулаан,
Гьелъие гIаламатги – гьаракь гьаби букIана.

Гьаракь гьабун табуталъ изно жедее къураб
Къалда, бергьун горони, гьел нахъруссунароан.
Сас къотIун табут чIейи – изно гьечIолъи букIун,
Гьедин чIани, гъазават гьабичIого толаан.

Табуталъул хассаги гьелъул сипат-суратги
Нилъ гIадиназе гIураб къадаралда рехсана,
Къуръаналъул тафсираз гьеб гIатIидго бицуна,
Бицанщинаб рехсезе фурсат[2] дир рекъоларо.

[1] Таврат хъварал хъарщал.*
[2] Фурсат – рес, гьунар.*

Бану-исраилазде, пасалъаби гIемерлъун,
ГIамаликъатал тIаде тIамуна БетIергъанас.
Бицен цебе гъабураб табутги кодоса ун,
Аллагъасул ццин бахъин щварал гIадин хутIана.

ГIамаликъатаз табут, жодохъ щвараб сагIаталъ,
Хъанчал жанир гIуцIараб рокъобе ккезабуна.
Гьезул бищун кIудияб хъанч табуталда тIад лъун,
ТIаде нуцIабиги къан, къассе гьел парахлъана.

Радал тIаде рахъиндал хъанч гъоркье ккун батана,
Гъоркь лъун букIараб табут хъанчалда тIад батана.
Табут гъоркье ккезабун, цIидасан хъанч тIад лъуна,
Хъанч, хIатIазда магIал чIван, цIакъ щулаги гьабуна.

Гьеб сордоги рогьана, радал тIаде рахъана,
Хъанч, гъуждул-койрал къотIун, гIодоб рехун батана.
ГIодоре бутIрул къулун, къараб гIаскар кинигин,
Рукъ цIурал хъанчазулги гIадлуго хун букIана.

ГIамаликъатаз табут, гьениса къватIиб босун,
Росу рагIалда бугеб цо къватIнабе рехана.
КъватIнаб унти баккана, гIемерал чагIи хвана,
ГIакълочагIаз дандги бан, цойги росулъ битIана.

Росулъ цо гIункIкI баккана, хIанчIани, гIадан холеб,
Хвараб сагIат – тIадги чIун, тIул-ракI гьесул кваналеб.
Гьеб талихIкъосин тIаде табуталъ бачIанилан,
Байтул-халаалъубе[1], босун, гьезги рехана.

[1] ХIажатхана.*

Гьенив лъугьанщинасде дауль-бавасир[1] ккана,
Дару-дарман лъаларел унтаби гIемерлъана,
Табут лъезе бакIалъул ургъел тIаде бачIана,
ТIолалгоги хIайранлъун, гIакъло биххун хутIана.

ГIамаликъатазда гъорлъ насаб анбияазул
Цо исраилай йикIун, гьелъ гьезий гIакъло кьуна:
Нелъер улка-ракьалда табут буголъанагIан
Балагь-къварилъи тIаса ине гьечIин абуна.

Гьеб табуталъул гьезий цойги букIараб балагь –
Гьелда аскIов щванщинав чи вухIулев вукIана,
Чи вухIичIого табут, улка тун, къватIиб лъолеб
КъагIидаги манлъана исраилиялъ гьезда.

Гьелъ манлъараб куцалда, койшги лъикIги гьеб табут,
Улка тун, къватIибехун гIамаликъатаз лъуна,
Ункъго малаик вачIун, гьаваялде борхана,
Босун, ТIалутил рокъоб, къавмги балагьун, лъуна.

Ралагьун жалги рукIун, табут ТIалутихъ кьедал,
ТIолго исраилазе кIудияб рохел щвана.
ШамгIуница бицараб гIаламат тIатун ккедал,
ТIалутил ханлъиялда киналго мукIурлъана.

Койшал гIамалаз тIаде лъикIлъаби рачунаро,
ЛъикIаб рахъ цIикIкIун ккани, квешалъул къуват хола.
Къуваталда квешлъаби лугбузги хIалтIизарун,
РахIматалде хьул лъейги лъаларо кин букIунеб.

[1] Ай, унти.

Бану-исраилазул пасалъи гIемерлъидал,
ГIамаликъатал тIаде тIамураб куц бихьулищ?
БетIергьанас дозие рахIматлъун кьун букIараб
Табуталъул халгьабе, гьазий балагьлъун ккараб!

Гьанжи Дагъистаналда квешлъи гIемерлъун буго,
ЛъикIлъабазе нух къалел къуватал цIикIкIун руго,
Къудраталъул Аллагьги тIаде валагьун вуго,
Гьесде гьарун горони, гьабизе жоги гьечIо.

Гьабзазул мисалалда, суфизабиян чIарал,
ЧIараб бакIго лъаларез хIалхьиги толеб гьечIо.
ХIутIаму-ддуня щведал, дин-Ислам малакь лъурал
Мунафикъзабазулги сипат гIункIкIазул буго.

الله أكبر

# - Ф А С Л О -

## ЖАЛУТ ЧIВАЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Байтул-Мукъаддасалда гIамаликъатазул цо,
Жалут абун цIар бугев, къуватав хан вукIана,
Къадирас, вахIю рещтIун, ТIалут гьевгун вагъизе
ВитIеян, ШамгIунида, амро гьабун, манлъана.

Гьеб амро тIаде щведал ТIалутги хIадурлъана,
ХIарбуялъе[1] рес гьечIеб къуватги бакIарана,
Бану-исраилазул ункъоазаридаса
ЦIикIкIараб боги бачун, сапаралде вахъана.

Рукъ байзе байбихьарав, гьелдаса регIел гьечIев,
ЧIужу жинца ячарав, чияр налъи тIад бугев,
Базаралда машгъуллъун, фирагъ гьечIел тужарал[2] –
Гьал рехсарал аснафал[3] ТIалутица нахъчIвана.

Нахъияб халкъалдасан, бокьун цадахъ рахъарал
ГIолохъабаз гIуцIараб, гIаскар гьесул букIана.
БухIиялъул цIакълъиялъ къечалъул хIал бергьана,
Къиллатулл-маъ[4] захIмалъун бодул зигар баккана.

Боялде хитIаб гьабун, ТIалутица абуна:
Ножода цебе гьанжи цо гIор бугин бицана,

[1] ХIарбу – рагъ.*
[2] Ай, регIел гьечIел базаргаби.
[3] Аснафал – тайпаби.*
[4] Ай, лъин гьечIогоян, гIоларогоян.

ГIор бахунеб хIалалъулъ гьелъул лъин гьекъарав чи
Дир диналъул гьечIилан гьезда лъайзе гьабуна.

Дагьабго къадаралъул, хъатица босараб, лъин
Бокьарасе гьекъезе истиснаъги[1] гьабуна,
«Гьеб ножор иманалъул Аллагьас хIалбихьизе
ИмтихIан буго», – абун, хIикматги бицун тана.

Цинги ТIалутгин гIаскар гIурул рагIалде щвана,
ГIорда жанир лъугьингун, лъин гьекъезе жорана.
Лъин гьекъаралщиназул кIутIби-кIал чIегIерлъана,
ГIор тIолго гьекъаниги, къеч хьвалареб хIал ккана.

Иманияб къуват хун, хIинкъи рекIелъе тIамун,
ТIалутил амро тараз рагъизе инкар ккуна,
«Аль-явма ла тIакъата лана би-Жалут»,[2] – абун,
Аллагьасул къотIуе хилифлъун, нахъруссана.

Хъат цIураб лъинги гьекъон, къотIиялда чIаразул,
Къеч хьвараб хIалги лъугьун, рекIелъ иман цIикIкIана.
Аллагьас къуватги кьун, къитал[3] тIаса бищана,
ТIалутий мутIигIлъараз гIор добехун бахана.

ГIаскаралъул ТIалутгун дагьал чагIи хутIана,
Лъабнусгогун анцIила лъабго чи гьел рукIана.
Гьаб гьитIинаб къокъагун ТIалут цевехун ана,
Иман гьечIев Жалутгун дандчIвай жинца гьабуна.

[1] Ай, гьеб бегьилин абуна.
[2] Ай, Жалутгун рагъизе жедехъа бажаруларин.
[3] Ай, рагъ.

Жалут мубаразалъе[1] къачIан хIадур вукIана,
«Данде чи витIе!»-йилан ТIалутиде ахIана.
ТIалутица, жиндирго боялде хитIаб гьабун,
Жалут чIван вачIарасе бащдаб ханлъи манлъана;

Ханлъиялде тIадеги, яс кьун, дурцлъун гьавизе –
Гьаб кIиябго шартIалда мубариз[2] валагьана.
Мубаразалъ вахъине чияс тIаде босичIо,
ТIалут ШамгIунидехун, ургъел бикьун, кIалъана,

«Я набийяллагь ШамгIун, мубаразалъ вахъине
Аллагьасдасан цо чи гьаре»,-йилан абуна.
Аллагьас ШамгIунида Жалут чIвалев чиясул
Сипат-сурат, гIаламат лъайзабунги букIана.

АнцIила лъабго васгун ТIалутил боялда гъорлъ
Айша абун цIар бугев цо мукъатил[3] вукIана,
Мубаразалъ вахъине гьесул лъималазда гъорлъ
Гьунар бугев щивдаян ШамгIун кIалъа-ралъана.

Лъималазул бищунго гьитIинав Давуд ватун,
«Гьаза гьуваль-матIлуб»,[4] -ан ШамгIуница абуна.
Жалут чIвалев багьадур – гьав вас вугин бицана,
Гьелъий хIужалъун гIолеб гIаламатги букIана.

Мун Жалут чIвайзе витIи дида тIадкъан бугилан
Къадирасул рахъалъан, ШамгIун гьесда кIалъана.

[1] Мубараза – ай, хвалчад вахъин.
[2] Хвалчад вахъунев чи.
[3] Ай, рагъухъан.
[4] Ай, «Гьав вуго нилъее къваригIарав чи».

ЛъикI бугоян жаваб кьун, Жалут чIвай тIаде босун,
ТIалут вугеб бакIалде кIиявго вагъарана.

Нохда батун, цо гамачI Давудида кIалъана,
«Дунги цадахъ босе»,-ян пасахIатго гьарана,
Гьаруница жиндалъун ханзаби чIвай бицана,
Жалутги жиндалъун чIвай – мурад бугин абуна.

«Мусаца дидалъунги ханзаби чIван рукIана,
Дунги цадахъ босе»,-ян цойгиялъги гьарана.
Лъабабилеб чIимихги Давудида кIалъана:
«Дунги дур чIимих буго, Жалут чIвайзе бугеб»,-ан.

Босун лъабабго гамачI таргьаялда жаниб лъун,
Жалут чIвайзе хIадурлъи Давудица гьабуна.
Давуд бетIерлъун гьавун, ТIалутица бо битIун,
Майданалда кIиявго цуцаде гIагарлъана.

ГIаскар цохIо жинцаго биххизабулев Жалут,
Давуд берзуй гIечIого, чIухI-чIухIун гаргадана.
ГамчIал, цуцада рекIун, цохIо лъугьун батана,
МикъгIалалъуб[1] гьеб лъола Жалутида бихьана.

Жегиги ццин бахъана, Давудида кIалъана,
«Дун гамчIица, гьой гIадин, чIвазехъинищ?» – абуна.
Гьоялдаса койшав мун гьадин чIвазе вугилан,
Гьесде данде Давудги, гъалбацI гIадин, хичана.

Хадуб, микълагIалъуб лъун, хIадур букIараб гамачI
Бер къанщун Давудица Жалутида речIчIана,

[1] Ай, гамачI рехулеб алат.

Жалутил бетIералда цIадул хIубилъун щвана,
Лъеберго чигун цадахъ ракьалда гIодов лъуна.

Давудгун цадахъ бугеб ТIалутил гьитIинаб бо,
Гьалаклъараб гIор гIадин, Жалутилазде ана.
Жалутил кIудаб аскар, Аллагьас койрги бакъун,
Бану-исраилаца кутакалда гъурана.

Рагъда бергьенлъиги щун, сах-саламат тIадруссун,
ТIалут вугеб бакIалде богин Давуд рещтIана.
Давудица Жалутил килщидаса бахъараб
Баргъичгун цадахъ бетIер – ТIалутихъ гьебги кьуна.

БетIергьанас жодое койрбакъараб куц бихьун,
Бану-исраилазе кIудияб рохел щвана.
Тушманасул бетIергун Давуд тIаде вачIиндал,
ТIалутил разилъиялъ дунял гIатIид гьабуна.

Гьелдаса хадув Давуд ТIалутиде кIалъана,
«ТIаде босараб къотIи тIобайзабе», – абуна.
КъотIи тIобайзабизе ТIалутил гьунар гIечIо,
Магьар кьечIони, ригьин гьабиларилан чIана.

«Магьаридай Жалут чIвай, тIаде бащдаб ханлъи кьей –
ШартI дие букIинчIищ?»-ан Давудги тIирун чIана.
ТIалутиде къавмалъги: «КъотIи тIобай», – абуна,
Халкъ Давудиде гьетIун, ТIалут дагьав хIинкъана;

Дуй бокьараб гьабилин, магьарги босиларин,
Бугониги, цо тIадкъай тIобайилан гьарана:
Гьанжиги капуразул кIинусго инсанги чIван,
ВачIаравго дур тIалаб тIобайлин рагIи кьуна.

Давуд тІаде вахъана, капуразухъе ана,
Кодов щваравщинав чІван, къулфатал[1] ракІарана,
КІинусабго къулфат ххун, халатаб читІир гьабун,
Гьеб читІир ТІалутиде маян цебе рехана.

Хадубги Давудие данде кколареб бицун,
Бану-исраилаца: «КъотІи тІобай», – абуна.
ТІалутида Давудил къуват-гьунар бихьидал,
Гьесдаса хІинкъи бачІун, чІвазе ракІалде ккана.

Давуд тохаб гІужалда хасаб гІанса речІчІана,
ГІанса щвечІого хутІун, хвалидаса ворчІана.
Давудица «Дун чІвайищ дуй бокьараб?» – абуна,
Дур хІалбихьи букІанин ТІалутица бицана.

БацІги циги кинигин, кеп гьечІого рукІана,
Кинниги ТІалутица Давуд дурцлъун гьавуна.
Дурцлъун гьавун хадувги Давудидехун кколел
Койшал хивалаздаса ТІалут вацІцІалъун ккечІо.

Рохалил мажлис гІуцІун, гІадамал данде гьарун,
Давудги тІаде ахІун, хІилла-макро ургъана.
Мажлис тІобан, тІадруссун гІадамал рокъор ана,
Давудида, кьижаян, тах бихьизе гьабуна.

Тахалда тІад кьижизе Давуд гьесда божичІо,
ЧІагІдал цІураб цо рахълъен лъун тана тахалда тІад.
ТІад йоргъан-къайиги бан, къачІа-кІатІан гьебги тун,
Гьанжи Давуд нахъасан халккун валагьун чІана.

[1] Сунат гьабулаго къотІулеб хъал.

Сардилъ, тохаб гІужалда, ТІалут тІаде вахъана,
Давуд чІвазе къасдалда тахалда аскІов щвана.
Тахалда тІад кьижараб кьарияб чІагІдал рахълъен
Кьабун араб хвалчаца кІихІи хъвалхьун рехана.

Махсароде жив ккойи ТІалутида бичІчІана,
Давудидаса хІинкъи тІадеги хІалуцана.
ХІуррасал[1] гІемер гьарун, гІадамаздаса нечон,
Вахча-хьвараб хІисабалъ хьвадиялде иш ккана.

Аллагьасул къудраталъ хІуррасалги бецц гьарун,
Бигьаго ТІалутиде тІаде Давуд лъугьана.
Гьев жиндирго тахалда парахатаб куцалда,
Хахараб кьегІер гІадин, кьижун гьесда ватана.

Макьид восарав ТІалут тІуркІизецин гьавичІо,
Гьесдехун койр битІизе ракІалдаги хъатичІо,
ТІалутида къаданир – кваранаб-квегІаб рахъалъ,
ХІатІаахада – цо-цо чІорги лъун нахъвуссана.

Нахъа ТІалут ворчІана, макьидаса вигьана,
Сверун ункъабго рахъалъ ункъго чІор лъун батана.
ЧІвазе хІалги кІолаго рахІмо жинда гьабурав
Гьав чи Давуд вугилан живго жинхъа нечана.

Жиги гьелдаса хадуб сориде авлахъалде
Вахъун вукІарав ТІалут Давудгун данделъана.
Давуд лъелго вукІана, гьасда гъоркь чу букІана,
Гьеб бакІалълъги ТІалутил Давуд чІвазе къасд ккана.

[1] Ай, охрана.

АскIоб цо нохъо батун, Давуд гьенив лъугьана,
Гьесдагин ТIалутида гьоркьоб хIижаб[1] букIинчIо.
ХIалкIолев БетIергьанас ТIалутил канлъи босун,
Беразда цеве вугев Давуд вихьизе кIойчIо.

Давудидехун бугеб рокьукъаб балагьиялъ
Гьев вокьулел ахIбабал ТIалутица гъурана.
Гъурун хадуб, ракIбухIун, тавбо жинца гьабуна,
Тавбо къабул гьабураб лъайзе жиндий бокьана.

ШамгIунил хобалде ун, «Я набийяллагь», - абун,
Борхатаб гьаркьидалъун ТIалутица ахIана.
Аллагьасул къудраталъ, хабалъан жаваб кьуна,
Жиндасан ккараб мунагь ТIалутица бицана.

«БетIергьанас дур тавбо къабулаблъун гьабизе,
Къадирасда аскIов мун лъикIавлъунги лъугьине,
Вачун анцIавго васгун Аллагьасул нухалда
ХойзегIан рагъе»,-йилан, ШамгIуница манлъана.

Манлъухъе ТIалутица жиндирго анцIавго вас,
Жигьадалде рахъине, къачIан, хIадур гьаруна.
Гьанже васалгун цадахъ гъазаваталде ана,
АнцIавгоги шагьидлъун, живго нахъе хутIана.

ТIалутил анцIавго вас цо-цоккун шагьидлъана,
Щивасул мубараза[2] гьесул берда бихьана.
Гьелда хадув живгоги, хвалчен бахъун, кIанцIана,
КIудияб рагъги гьабун, гьенивго шагьидлъана.

[1] ХIижаб – пардав.*
[2] Мубараза – хвалчад вахъин.*

ШамгIунил къисаялъул къокъалдасаги къокъаб
Дица босараб баян «БадаигIалда» буго.
Амма «ГIараисалда» гIатIидго бицун буго.
ГIибрат[1] бугес цIалани, гьабги дагьабго гьечIо.

[1] ГIибрат – ургъи, пикро гьаби.*

# - ФАСЛО -

## ДАВУД АВАРАГАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН ﷺ

ТIалут хун хадусала Халикъас Давудие
Ханлъиги нубувватги – кIиябго цадахъ кьуна.
КIикъого сонил гIумру жиндир тIобан букIана,
Байтул-Мукъаддасалде сапар жинца гьабуна.

Гьесул заманаялда Урдун, Шамгин Палестин,
ГIамман, ХIалаб ва ХIамат – тIолго койрде росана.
Рехсарал улкабазда жаббаринал рукIана,
Жулица гьелги лъухьун, тавхIидалде рачана.

Давуд аварагасда Аллагьас хасс гьарурал
Хиралъаби рукIана, лъиего кьечIел гIадал.
ГIибранияб мацIалда Забур гьесде рещтIана,
Нусгогин кIикъоялда анцIго сурат букIана.

Берцинаб гьаракь-макъан, гьесий гIадаб, Аллагьас
ГIалам бижаралдаса лъиениги кьун гьечIо.
Лъабкъоялда анцIабго бакъан – Забур цIалулеб –
БукIарабилан буго Давуд аварагасул.

Гьесул гьаракь-бакъаналъ унтарал сахлъулаан,
Сири-хизирма щварал гIетIулъан раккулаан,
Унтун тамахлъун ккарал ригьа-ричун унаан,
Унеб лъин, пулеб гьури – гьелги чвархъан чIолаан.

Инсал, женал, тIуюрал, тIолалго гIалхул чундул,
ГIалхуда цIалдолелъул, гьесухъ гIенеккулаан.
Гьаракьгин бакъаналъе къимат кьолеб бакIалда,
«Давудил гIадаб»,-илан гIадат буго абулеб.

МугІрул-щобаз, гъойтІ-рохьаз, гьецІо-цІул, – жамадатаз[1]
Жинда цадахъ кидаго тасбихІал гьарулаан,
Гьесдехун хІасад гьабун, хІал квешлъараб иблисалъ
АлхІаназул алатал[2] гьаризе байбихьана.

Гьесул гІадат букІана жив лъаларел чагІазда
«Давудил хьвада-чІвади щиб буго?»-ян гьикъулеб,
Гьелдалъун жиндир чорхол гІайиб-гІузруги бихьун,
ГІолареб-щолареб рахъ лъайзе тІалаб гьабулеб.

Лъаларев инсанасул сураталда дандчІварав
Давудица гьеб суал Жабраиласе кьуна.
Байтул-малалдаса гьес кваналеб гьечІебани,
Гьев лъикІав чи вугилан Жабраилас абуна.

Жиндилъ бугеб гІунгутІи Давудида бихьана,
Байтул-мал жинца кванай мекъса букІин бичІчІана,
БетІергьан Аллагьасде койрзул пиша гьарана,
Гьелдалъун бетІербахъи гьабизе анищ ккана.

Аллагьас Давудие мах мусахар гьабуна[3],
Гьеб койралъ, гІажин[4] гІадин, бокьухъе гьабулаан.
Гьаперо пун, цІа бакун, квартІа-лабч хІалтІичІого,
ХІаддадасул синагІат[5] – гьесул махщел лъугьана.

Маххул къолдаби гьари гьесда лъайзе гьабуна,
Гьел ричун чед-хинкІалъе шагьи-капек батана,

[1] Жамадатал – рухІ гьечІел жал.*
[2] Ай, бакънал рачунел алатал, хъумуз, зурма, къали гІадал жал.
[3] МутІигІ гьабуна.*
[4] Ай, буцараб ханжу гІадин.
[5] Маххул къебедасул махщел.

Бищунго дунялалда ханлъи-къуват цІикІкІарал
Ханзабада гьоркьоса рикІкІаравги вукІана.

РитІаралгин тІекъазе хІукму-къазаъ гьабизе
Гьесие мугІжизатлъун силсилат[1] кьун букІана,
Меседил лъин беччараб, къуват маххалъул бугеб,
Гургинал, цІа-багІарал гІукІдузул жиб гьабураб.

Гьеб рахсида койрал хъван, цинги каранда рахъи –
Диналде лъугьиналъе гІаламатги букІана.
Унтарал гІадамаца рахасалда койр хъвани,
СахлъичІого хутІулев чиги вукІунароан.

Зобалазда лъугьунел хІавадисазул[2] баян,
Рахасалъ цІумур кьабун, Давудида лъалаан.
Давудил михІрабалъуб гьелъул дали букІана,
ДагІбаялъулъ мекъасул койр гьелде щолароан.

Койр щварав дагІбаялъулъ витІарав вукІунаан,
Гьелдалъун Давудица хІукмуги гьабулаан.
Гьеб хІалалда силсилат саламатго хІалтІана,
ХІилла, макро-хадигІат гьезулъ загьирлъизегІан.

Гьеб хІилла-макроялъул къиса гьадинаб буго,
Къокъ гьабун, рагІичІезе дица бицунеб буго,
Дуниялалъул боцІухъ намус-яхІ бичарав чи
Бечелъулеб куцалъул хал ножоцаги гьабе:

Цо пуланав чиясул жавгьар букІарабила,
Гьеб цойгиясухъе гьес хьихьизе къурабила,

[1] Рахас.
[2] ХІавадисал – лъугьа-бахъинал.*

Гьоркьоб заман ун хадуб бетІергьанчияс: «Жавгьар
ТІадбуссине гьабе», - ян досде абурабила.

Дов жавгьар тІадбуссине гьабунин чІаравила,
Гьеб сабалъун кІиявго дагІбаялде кканила.
ДагІба-рагІи къотІизе, жавгьаралъул бетІергьан
Давудил рахасалде вилълъайин чІаравила.

Рахасалде жиндирго койр гІунтІулареблъи лъан,
ГІанса бикІун жаниб лъун, жавгьар бахчарабила.
Жавгьар жаниб бахчараб гІансаги босун, хаин[1]
Силсилаталда аскІов муддагІигун[2] анила;

«Дица силсилаталде койр бегьун, гьеб ккойзегІан,
Гьаб гІанса билагье»,-ян досухъе кьурабила.
Дица жавгьар гьасухъе кьураб Дуда лъалилан,
Аллагьасдеги ахІун, ас койр бегьарабила.

Бигьаго эхеб бачІун рахас ккойзе щванила,
Хадуб жиндирго гІанса нахъеги босанила,
Жавгьаралъул бетІергьан гІажизлъун хутІанила,
Хиянатаб койр бегьун, жив гуккарав лъайчІила.

Радал тІаде рахъиндал, Аллагьасул къудраталъ,
Силсилат зобалазде цІцІан ун батарабила,
Адаб гьечІев хаинас хиянатаб койр хъвайдал,
Давудил рахас тІокІаб тІадбуссун байинчІила.

БитІарабгин тІекъалъе хІукмуги Давудица
НугІзалгин гьаялдалъун гьаби байбихьанила,

[1] Ай, хиянатчи.
[2] Ай, жавгьаралъул бетІергьан.

ДагIбадуласе – нугIзал, инкар ккурасе – гьеди –
Гьедин букIарабилан бицун буго тIахьазда.

Гьанжи, диналъул вацал, дагьаб хабар бицинин
Давуд аварагасул хатIиаталда[1] тIасан,
МагIсумияб[2] имангун Аллагьас жал рижарал
Анбияал-русулал хатIаялде кин кколел?

Кинниги, Халикъасул халкъалдаса балъгоял
ХIукмаби рилълъанхъизе загьир сабаблъун ккола,
Загьиргун батIиналъул мизаналда[3] лъечIого,
ЛъикIабгин койшаб цIайзе гьунар нелъер гIоларо.

Гьедин ишги бугелъул, бахIс нелъее кIваричIо,
КIудиял гIалимазул рагIуда нахъа чIела.
Риваятазда гъорлъан анбияъ-русулазул
РукIине рекъоларел къавлаби[4] жалго тела.

Ибтилаалъе[5] ккараб сабабалда тIасанги
Тафасиразул агьло батIа-батIа кIалъала,
РакIалъ тIаса рищарал, рукIинеги бегьулел,
Гьезда гьоркьоса цоял рицун дицаги тела.

Давудица цо нухалъ, «Ибрагьим-Халиласе,
ИсхIакъ, ЯгIкъубий гIадаб, хиралъи дийги щойзе,

[1] ХатIиат – хатIаялде ккей.*
[2] МагIсумияб – Аллагьас цIунараб (мунагьалде кколареб).*
[3] Мизан – цIадеро.*
[4] Къавлаби – рагIаби.*
[5] Ай, балагьалде ккей.

Дозий гIадин, ибтилаъ[1] диеги гьабе»,-йилан
Гьарун, БетIергьанасде мунажатал[2] гьаруна.

Гьесие жаваб гьабун, Къудраталъул Аллагьас,
Къоги мугIайян[3] гьабун, ««ХIадурлъе»,-ян абуна.
Аллагьас болжал цIараб къо тIаде щведал Давуд,
МихIрабалъуве лъугьун гIибадаталда чIана.

БачIун цо берцинаб хIинчI, гордухъан жаниб лъугьун,
Жинда тIад михIрабалъуб боржанхъизе лъугьана.
Гьеб хIинчI тIаируль-жаннат[4] батилин ракIалде ккун,
Давудица, койр бегьун, ккойзе хивал гьабуна.

Койр хъвайзего чIечIого, бачIараб гордонисан
Боржун къватIибеги ун, ахикье жиб рещтIана.
Алжаналъул батилин Давудида ккараб хIинчI –
ХIиллаялъе бачIараб малгIун – иблис букIана.

Боржун араб хIанчIица хIайран гьавурав Давуд,
Гьелда хадув валагьун, ахалде бер речIчIана,
Ахикь хIорил рагIалда чIужугIадан йихьана,
Жиндир берцинлъи-сипат гIорхъодаса борчIарай.

Цинги Давудил рекIел рокьи гьелдехун бижун,
Гьелъул хIакъикъат цIехон лъай тIалаб гьабунила.
Гьей мутазаввижатун[5] йигилан абунила,
Росги гъазаваталде ун вугин бицанила.

[1] Ибтилаъ – ай, хIалбихьи.
[2] Мунажат – хIели, гьари.*
[3] Ай, цо къо чIезе гьабун.
[4] Ай, Алжаналъул хIинчI.
[5] Ай, гьелъул бетIергьанчи вугин абуна.

Аврия абураб цIар росасде букIанила,
Боялъул бетIерасде хъван кагъат арабила.
«Аврия, табутги кьун, такъдим[1] гьаве»,-ян абун,
Гьев чIвазе мурадалда Давуд кIалъаравила.

Доб боялъул бетIерас, Давудил кагъат щведал,
Табутги кьун, Аврия цеве тIамуравила.
ТIоцобесеб нухалда бергьенлъи щварабила,
Хадусеб эргаялда Аврия чIваравила.

Аврия чIван хутIарай чIужу, гIидда лъугIидал,
Давудица жиндийго лъадилъун ячанила.
Гьей ячинги Давудил ункъоялда анцIила
ИчIайго чIужуялде тIаде букIарабила.

Гьей ячине гIололъун ургъунго Давудица,
Аврия чIвазе бокьун, боялъул бетIерасде
Доб кагъат битIанилан тIахьазда бугеб хабар,
БатIиналъул агьлоялъ къабулго гьабуларо.

Гьей Сабигъ[2] Аврияца гьарула йикIун йиго,
Гьей гьаризе Давудги досда тIад вахъун вуго.
Давудил хатир гьабун, адаб тезе кIойчIого,
РекIей захIмалъаниги, Аврияца тун йиго.

Ялъуни Аврияца дой ячун йикIун йиго,
Давудица абуни, еччаян гьарун буго.
Гьаб кIиябго къагIида Давудил заманалда
ШаргIалъ бегьизабураб нухлъунги букIун буго.

[1] Ай, цеве тIамеян.
[2] Ай, Сулайманил эбел.

КIиябгоги хIалалъулъ Давуд аварагасул
Мунагьлъун рикIкIунеб жо цо буго, тIокIаб гьечIо, –
Гьебги – Авриял рекIелъ ккараб дагьаб захIмалъи, –
Бегьулареб, хIарамаб ишалъулъ гьечIониги.

ХIасанатул абрари Аллагьасде щваразул
Сайййиатал[1] – абураб мурад долъулъ бихьула.
Бегьулеб бугониги, «Дуцагийищ гьабулеб
Гьадинаб жо», – абураб магIнаги долъулъ буго.

БетIергьанас лагъасда, ккечIониги, гIайиб чIвай,
ГIакълоялъ борцаниги, бегьулареб жо горо.
БадибчIвай сайййидасул жиндие щунин абун,
Щибго, гIабдасе ккезе гIодобегIанлъи гьечIо.

Гьаб рехсараб куцалда, кинаса батаниги,
Нусабилей чIужулъун Сабигъ Давудий ккана.
Сабигъ горони лъади жиндир гьечIев Аврия,
Гьелдасаги ватIалъун, пашманлъиялде ккана.

Пашманлъиялде гьев ккей шаргIалда бегьаниги,
Давудил хатIалъун гьеб рехсана загьиралда.
Гьеб сабалъун Давудил даражаби цIикIкIине –
Даимаб тавбоялде тIамуна БетIергьанас.

Гьев кантIизе гьавизе, Аллагьас амро гьабун,
Инсанасул суратальлъ, кIиго малайк витIана, -
Микаилгун Жабраил гьел рукIанин абула, –
КIиявгоги Давудил михIрабалъув лъугьана.

[1] Ай, лъикIал чагIазда аскIор лъикIаллъун кколел гIамалал Аллагьасде гIагарлъарал гIадамазда аскIор квешаллъун кколел руго.

РачIараб бакI лъайчIого гьел аскIур загьирлъидал,
«Гьал гIадамал щал?» – абун, Давуд вихха-хичана.
«Ла тахаф, хасмани»[1]-ян сабро Давудий кьуна,
Духъе хIукму къотIизе рачIун ругин бицана.

«Бицеха мурад», – абун, Давудица изно кьун,
Аллагьасул русулал гьесдехун гаргадана.
ДагIба ккараб суаллъун мисал досийги бачун,
Данде жаваб хIажатаб хIисаб-суал гьабуна.

«Нусго гIезе цо камун гIоркIкIен жиндие бугев
Дир гьав диналъул вацас дир цохIо бугеб гIоркIкIен –
Гьебги жиндий кьейилан диде гьарулеб бугин,
Гьасулги дирги хIукму кин букIунеб?» – гьикъана.

«Гьас жиндир гIоркIкIабазде тIаде дурабги гьари –
Гьеб дуда зулму кколин», – Давудица абуна.
ДагIбадулал, цуцаде ралагьун, релъанхъана,
Роржун гьелги ун, Давуд живго цохIо хутIана.

Цинги жиндийго хIукму жинцаго къотIи лъана,
ТIобанго жив хатIалъи вакъигIаталъ[2] бицана,
КIикъого сордо-къоялъ суждаялда гIодана,
МагIо чвахун, ракь буцун гIурччинаб хер бижана.

Хадув, тIадеги вахъун, хъачIаб ретIел ретIана,
ТIадвуссун суждаялде Давуд гьанжиги ана,
Аллагьсдаса нечон, хатIаялда ракIбухIун,
«РахIман, гурхIел гьабе!»-ян гьарулев тIаса инчIо.

---

[1] Ай, «Мун хIикъуге, ниж руго хIукму къотIизе духъе рачIарал дагIбадулал»,-ан абун.
[2] Гьаб ккараб лъугьа-бахъиналъ.*

ТIадегIанав Аллагьас тавбо къабул гьабуна,
Гьеб рохел босун, Жибрил Давудихъе рещтIана.
Авриял хобалде ун, тIаса лъугьин гьарана,
Гьев рази гьавиялъе Вагьгьабги гъоркье чIана[1].

Аллагь тIаса лъугьараб хатIалъун бугониги,
БетIер борхун зодове Давуд валагьун гьечIо.
Гьекъолеб лъин, я тIагIам, магIогун цадахъ гореб,
Цониги гьесул ургьиб унебги букIун гьечIо.

ПурчIинадул чедалъул къвакI-къвакIарал лукъмаби[2],
КъасгIаталъурги[3] рехун, магIица хулулаан,
ХатIииназул[4] кванай гьаб букIине кколилан,
Гьедин горони Давуд кваналевги вукIинчIо.

РакIалдаса инчIого берда цебе букIине
Накъищ бахъун хъаталъуб хатIги гьес хъван букIана.
Гьеб бихьарабщинахъе гIоди цIигьабулаан,
МагIо бадиб бакъварал къоял-сардал рукIинчIо.

Къудраталъул Аллагьас, халкъалда тIаса рищун,
Рисалатгин нубувват жедеда хасс гьабурал,
Жиндаги халкъалдаги гьоркьор васаитIаллъун[5]
Гьарурал анбияал[6] гIисяналде[7] кколаро!

[1] Ай, Аллагьас абуна Давудиде «Аврия ахираталда, Дирго рахъалъан рази гьавун, тIаса лъугьине гьавила», – абун.
[2] Лукъма – цо хIанчIараб гIанасеб кесек.*
[3] Гъадароялъуреги рехун.
[4] ХатIиинал – мунагьалде ккарал чагIи.*
[5] ВасаитIал – Аллагьасдаги лагъзадеридаги гьоркьор ругел чагIи.*
[6] Анбияал – Аварагзаби
[7] ГIисян – мунагь-хатIа.*

Давудида бугьтан лъун кIалъарав инсанасда,
Нусиялда лъабкъого тIил жинца къабилилан,
ТIадгIанав Аллагьасул разилъи жиндий щварав,
ГIали-асхIабас аби «Хазиналъ»[1] бицун буго.

Цинги, анбияазул макъамалда рекъечIел,
Агьлу-китабаздасан ахбаразулъ[2] рачIарал,
Асло хисизе гьабун рицунел къисабазул
Къази ГIияз кIалъана халгьабугеян абун.

Гьаб къиса ккун хадубги, ккезегIан цебегоги,
Давудий санаъ[3] гьабун, Къуръан кIалъалеб буго.
Къудраталъул Аллагьас веццарав Жиндирго лагъ
Веццухъе толарев чи гIакъилав вукIунаро.

ГIакъло бугес цIалани, къиса танбигьлъун[4] буго,
Тавфикъ къурасда гьелъулъ ратила пайдабиги.
Тавбо гьечIеб гIибадат – хьон гьечIеб хур гIадаб жо,
ГIужбуялъул[5] чIараца жаниб гIанкъун хутIараб.

Халикъасул тIадгIанлъи лъаялъул къадаралда
Махлукъаталъул хIинкъи букIин якъинаб буго.
Бицин-рагIиялдаги сипатал лъаялдаги
Гьоркьоб бугеб батIалъи – балъгояб жоги гьечIо.

Бихьун лъараб абуни, гIайнул-якъин букIуна,
ГIайнул-якъин гьечIесул хIинкъи камиллъуларо.

---

[1] Гьумер 35, жузъу 4.
[2] Ай, жугьутIаздасан ва христианаздасан бицун рачIарал.*
[3] Санаъ – рецц.*
[4] Ай, кантIизе гьарилъун.
[5] ГIужбу – живго жиндаго берцин вихьи, лъикIавин ккей.*

ХIинкъи рекIелъе лъугьин лъаялда бараб буго,
Лъалареб жоялдаса инсан кинан хIинкъулев.

Къудраталъул БетIергьан лъай рекIелъ гьечIев чияс,
Лъидаса хIинкъун телел мунагьал гьаричIого?
Мунагьал тезе ккани, Аллагь лъай шартIлъун ккедал,
ШартI камиллъизе гьаби тIалъичIого чара щиб?

Щиб гьабилеб, гьанжи нилъ гьадинал лъугьун руго,
ЛъикIаб-койшаб борцунеб роценги билун буго.
БетIергьан лъаялъулъги боцIуда релълъон руго,
Бокьанщинаб гьабизе гьездаса бергьун руго.

Бицунеб жо кIал-мацIалъ дин-Исламалъул буго,
Дунялалъухъ гIащикълъун ракIалъ инкар ккун буго.
Аллагь вугин абула, магIрифат[1] кIочон буго,
БоцIи-малалъе гIоло чIван, холел васал руго.

Хоялде инкар гьабун дунги кIалъалев гьечIо,
Мугьаддаралльун[2] руго ахираталде унел.
Аллагьасе, халкъалъе хIукъукъазулъ тIерхьухъе,
ХIатта била васийят,[3] толеб буго гьаб дунял.

Гьаб цохIого чIандаян чIалгIун ножой кканиги,
ЧIалгIунарел вацазде дир дугIадул аманат.
ДугIа къабуллъаразул къалмикье нуж рачаял,
Ножое заралалъе кIал дица бичIуларо.

[1] МагIрифат – Аллагь лъай.*
[2] Ай, гIадада хвараллъун, ай, дин-Исламалъе гIоло яги исламияб нухдаги рукIун горел.
[3] Ай, васиятцин гьечIого.

# - Ф А С Л О -

## СУЛАЙМАН АВАРАГАСУЛ عليه السلام ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН ВА ДАВУДИЛГУН عليه السلام ГЬЕСУЛ ХIУКМУ КЪОТIИЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪИСА

Цо пуланав чиясул бакIаризе мех щвараб
ТIощалил хурда жаниб чияр гIи кIанцIанила,
Нахъе жо хутIичIого хур гIиялъ кварабила,
Хур бетIергьанчиясе бецIизе ккарабила.

РецIелалъул хIакъалъулъ хIукму баян гьабизе
Гьев кIиявгоги цадахъ Давудихъ аралила,
Давудица, хуралъе гьабураб зараладда
Данде кколел чахъаби досда тIад къотIанила.

Нусабилей лъадилъун Давудица ячарай
Сабигъаца гьавурав Сулайман вукIанила,
Давудил лъималазул бищунго жив гьитIинав
Гьесул анцIила цо сон гIумрудал букIанила.

КIиявго ражуласда[1]: «Давудица гьабураб
ХIукму щиб ножой?» – абун Сулайман кIалъанила.
Лъугьа-бахъараб бицун, хIукмуги баян гьабун,
ГьитIинав Сулайманий жаваб гьазги кьунила.

Жедей гьабураб хIукму дагIбадулаз бициндал,
Давудил фатваялда Сулайман рекъечIила.
Сулайман аскIув ахIун, Давудица гьесдехун
«Дуца кинха гьабизе букIараб?» – абунила.

[1] Ай, кIиявго чиясда (дагIбадулазда).

БетIергьанас гьитIинго гьунар кьурав Сулайман,
Гьадин гьабилаанин инсуда кIалъанила:
КIиясулго магIишат цо лъагIелалъ цуцахъе
Хисун кьезе кколилан фатваги гьабунила;

Гьеб лъагIелалъ хуралъул бетIергьанас гIи хьихьун,
ГIиял тIинчIгин квасгин рахь гьесие телебила.
Гьесул хурин абуни, бекьун хIалтIизабизе
ГIиял бетIергьанасухъ кьелебин абунила;

Бекьун, хIалтIизе гьабун хIалбахъин камиллъидал,
ЛъагIалил ахиралда хур тIадбуссинабила.
Хурул бетIергьанасги жиндихъе кьураб къадар
ГIи тIадбуссине гьабун досухъе кьелебила.

Давудица гьеб хIукму разиго къабул гьабун,
«Аль-къазау гIала ма къазайта»[1] – абунила.
Инсуда Сулайманил гIелму, гьунар бихьидал,
Гьев жиндирго бакIалда халифалъун танила.

Халифалъи лъимадухъ кин кьолебан дагIба бан,
Бану-исраилазул бахIсал рижаралила.
Гьеб рагIун, Давудица, ЯгIкъубил асбатIазул[2]
АгIянал[3] данде гьарун, диван гьабурабила.

Гьезул щивав цоясде жинди-жиндир цIар хъварал
ГIунсби росун рачIаян Давуд кIалъаравила.
Давудица абухъе, агIяназ жеде-жедер
ЦIарал хъварал гIунсбигун мажлис гIуцIарабила;

[1] Ай, «ХIукму дуца къотIухъе буго», - ян абунила.
[2] АсбатIал – наслаби (потомство).*
[3] Ай, церехъаби, къиматал гIадамал.

ГӀунсби цо рокъорги лъун, къассе нуцӀбиги рахан,
Радал тӀаде раккизе хӀукму гьабурабила,
Гьелда гъорлъан гӀурччинлъун лъил гӀанса батаниги,
Халифалъун гьев тезе разилъи ккарабила.

Киналго агӀяназул, Сулайманилгун цадахъ,
Цо рокъор гӀунсбиги лъун, нуцӀби рахаралила.
Радал тӀаде рахъиндал тӀолгоязул гӀунсбузе
Хисараб жо щибниги лъугьун батичӀебила.

Сулайманил абуни, гӀурччинаб тӀамахги бан,
ГӀанса, квагьаш-гъойтӀ гӀадин, лъугьун батарабила.
Гьеб бихьидал, Сулайман халифа вукӀиналда
Хилаф-ишкал гьечӀого гьел тӀад рекъаралила.

Гьаб вакъигӀат[1] ккелалде Давудихъе Аллагьас
АнцӀила лъабго суал рещтӀун букӀарабила.

Щибалъе жавабалгун жанир гьел лъураб китаб[2],
Меседил мугьруги чӀван, къачӀан букӀарабила.

Гьал суалазе жаваб Сулайманица кьуни,
Дуда хадув халифа – гьеван абурабила.
Гьаб Аллагьасул амро Сулайманий бициндал,
Суалал жиндий кьезе гьев разилъаравила.

Гьел суалал кьезеги гьадин байбихьанила:
«Бищун гӀагараб жо щиб, бищун ричӀадабги щиб?
Бищун ракӀгьей бугеб щиб, бищун ракӀгьей гьечӀеб щиб?
Бищунго берцинаб щиб, бищунго къабихӀаб щиб?

[1] ВакъигӀат – лъугьа-бахъин.*
[2] Китаб – тӀехь.*

Бищун къанагIатаб щиб, бищунго гIемераб щиб?
КIиго – даимго чIараб, кIиго – хьвадулеб жо щиб?
КIиго – цуцалъ гIахьалаб, кIиго – дагIбадулеб щиб?
Хасиятазул бищун ахир лъикIаб – койшаб щиб?»

Киналго гьал суалал Сулаймание кьедал,
Данде кколел, ракIчIарал жавабал гьарунила:
Бищунго гIагараб жо – ахират бугебила,
БорчIун кодоса араб дунял – ричIадабила.

Бищунго ракIгъей бугеб – рухI бугеб черх бугила,
РухI гьечIеб черх – вахIшияб, ракIгъей гьечIеб бугила.
Бищунго берцинаб жо – багIдаль-куфри аль-иман,[1]
АкъбахIуль-ашяиги[2] – аль-куфру багIдаль-иман[3].

Бищун къанагIатаб жо – якъин абурабила,
Аксаруль-ашяиги[4] – щаклъи абурабила.
Жиб кIиябго чIараб жо – зобгин ракь бугебила,
Хьвадулеб кIиябгоги – бакъгин моцI бугебила.

КIиго цуцалъ рекъараб – сордогин къо бугила,
Цуцадехун багъулеб – хвелгин чIаголъийила.
Ахир жиндир беццараб – цциналда аскIоб хIилму,
Ахир жиндир какараб – ццин бахъиндал хехдари.

Рехсарал суалазе Сулайманил жавабал,
Самавиял[5] данде ккун, щибго хиси батичIо.
Бану-исраилазул ругьбаназе абуни,
Гьел мухIканал жавабаз щибниги гIей гьабичIо.

[1] Ай, куфруялдаса иманалде вачIин.
[2] Ай, бищунго къабихIаб, сурараб жо
[3] Ай, Исламалда вукIун хадув куфруялде ин.
[4] Ай, бищун бати гIемераб.
[5] Самавиял – зодосан Аллагьас ритIун рачIарал.*

«Гьанжи цо суал бугин Сулаймание кьезе,
Жаваб гьелъийги кьуни, гьев халифа вукIина», –
Гьадинаб рагIи бицун ругьбанал гаргадана,
Бокьараб суал кьеян, Сулайманги рекъана.

«Инсанасул щибго жо жиб лъикIлъидал – лъикIлъулеб,
Пасалъани – тIолабго пасалъун унеб жо щиб?» –
Исраилаз гьаб суал Сулаймание кьуна,
Сулайманица жаваб: ракI бугилан абуна.

Гьанжи Давуд аварag, минбаралдеги вахун,
«АлхIамду лиллагь, – абун, санаалда[1] кIалъана, –
Аллагьасул рахъалъан ножое халифалъун
Сулайман тезе дие амро бугин», – бицана.

Исраилал абуни, гьанжиги кьур-кьудана,
«ГьитIинав чи халифа кин толев?»-ан абуна.
Бицун цебе рехсохъе Сулайманил гIансида
ТIамах баялъул къиса гьалда хадусан ккана.

ГIансида тIамахги бан, тIолалго исраилаз
Сулайманил халафат къабул гьабун хадуса,
Васасе Давудица, васийят хIисабалда,
ВагIза-насихIат гьабун, берцинаб гIакъло кьуна;

ГIорхъи гьечIеб махсаро гьабугеян манлъана,
Гьелъ гьабулеб мунфагIат дагьаб бугин бицана,
Диналъул вацалазда гьоркьоб тушманлъиги гьелъ
Багъаризе гьабулин, гьабугеян абуна.

Гьединго цциналдаса цIунеянги манлъана,
Инсан гьелъ гIодовегIан гьавулилан абуна.

[1] Санаъ – (Аллагьасе) щукру-рецц.*

Аллагьасдаса хIинкъа, тIагIаталда даимлъе –
Гьезукьа къунареб жо гьечIиланги абуна.

Агьлоялдехун гъират[1] гьабугеян манлъана,
Гьелъ халкъалдехун занну[2] квешлъулилан бицана,
Гьездехун хьул лъейиги къотIизабе абуна, –
Гьаб буго бечелъиян хадуб баянги кьуна.

Хадуб гIузру бачине тIамулеб фигIлу-къавлу[3] –
Гьелдаса цIунизеги цIакъбахъеян абуна.
БитIараб бициналда кIал-мацIги ругьун гьабун,
КIванагIан ихIсаналда[4] гIамал гьаби тIадкъана;

«Жакъа къо соналдаса лъикI ийин тIалаб гьабе,
Жугьалаазда[5] аскIов гIодов чIейги гьабуге,
ГIалимавгун диналъулъ дагIба-къецги гьабуге,
Щцин бахъиндал ракьалда нафсги хурхине гьабе». –

Гьадинал васийятал Сулайманийги гьарун,
Гьелдаса хадув Давуд михIрабалъув вукIана.
ВачIараб бакI лъайчIого хьибилалда эхетун,
Лъаларев чи ватидал, Давуд вихха-хичана;

«Дуе гьанив лъугьине изно лъица къураб?» – ан,
Изно гьечIого щварав гьоболасде кIалъана.
Давудие гьоболас: «Дий ханзабазухъ ине
Изно къварагIунарин»,-къвакIараб жаваб кьуна.

[1] Ай, агьло-хъизаналдехун щакдари, божунгутIи, хехдари.
[2] Занну – хиял, пикру.*
[3] ФигIлу – пиша; къавлу – рагIи.*
[4] ИхIсан – Аллагь дуда вихьулев гIадин, ва Гьев духъ валагьун вугев гIадин хьвади.*
[5] Жугьалаал – лъавукъал гIадамал.*

Жавабалъухъ балагьун, Давудида гьев лъана,
«ДагIиян ав нагIиян жиъта?»[1] – абун гьикъана.
Бал нагIиян[2] вугилан Малакул-мавт кIалъана,
Гьелдалъун Давудида хвел тIаде щвараб лъана.

«Хвалие къачIадизе, къоял рукIаго, дида
Лъайзе щай гьабичIеб?»-ан Давудица абуна.
«Дуда дица чанцIолго лъайзе гьабичIищ?» – абун,
Гьесие жаваб гьабун, ГIизраилги кIалъана.

Лъайзе гьабеян дуца дихъе витIарав щиван,
Давуд ГIизраиласде, инкар гьабун, кIалъана.
«Я Давуд,-ан абуна, – айна абука Айша
Ва аяна уммука?»[3]-ян бадибчIван жаваб кьуна.

Жигиги мадугьаллъи, вацал-яцал, цогидал –
Цо-цоккун ГIизраилас «Гьал кир арал?» – гьикъана.
Гьел киналго хванилан Давудица абуна,
«Дуе гьеб гIоларищ?»-ан, ГIизраилги кIалъана.

КIикъого соналъ Давуд халифалъун вукIана,
Нусго сон гIумруги бан, ахираталде ана,
Байтул-Мукъаддасалъул гIагарда хабалъ лъуна,
ГIалам тIаде хьвадулеб зиярат машгьурлъана.

Гьев вукъизе унелъул кIикъоазарго рагьиб
Цадахъ вукIаравилан «БадаигIалда» буго.
Байтул-Мукъаддасалде зияратал гьаризе
Гьекко вачIуневанищ Абул Къасим – МухIаммад.

---

[1] Ай, «Зияраталъищ вачIарав яги рухI босизейищ?»
[2] Ай, рухI босизе.*
[3] «Киве арав дур эмен Айша ва эбел?»

# - ФАСЛО -

## СУЛАЙМАН АВАРАГАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН ﷺ

Давуд хун хадусала Халикъас Сулайманий
Халафаталъул амро данде билълъинабуна,
Бакъбаккуда-тIерхьуда – тIолабго дунялалда
Давлат[1] жиндир билълъараб ханлъиги гьесий кьуна.

Ханлъиги бечелъиги Давудил Сулайманил,
ДугIа гьабун гьаридал, Аллагьас кьун букIана.
Гьариялъе сабабги дица рехсолеб буго,
«БадаигIу-зугьурги» гьеб рехсараб тIехь буго.

Цо пуланаб бакIалда пакъирай, цIакъ мискинай,
Рос хун нахъе хутIарай чIужугIадан йикIана,
Жибрил-малаик витIун, ТIадегIанав Аллагьас
Сулайманида гьелъул баян лъайзе гьабуна.

Гьелъие комек гьабун, койрбакъеян Жибрилас
Жаббарасул рисалат Сулайманихъе кьуна.
Сулайманин абуни мискинав чи вукIана,
ЧIепал[2] хьухьун, гьел ричун бетIербахъин гьабулев.

Гьеб жиндирго мискинлъи Сулайман аварагас,
Расулун-аминасе[3] бицун, баян гьабуна,
Цинги, дой гIадамалъе дида гIавногин комек
Кин гьабизе кIолебан, гIузру бачун, кIалъана.

---

[1] Давлат – ханлъи-кверщел.*
[2] Гьегьал, корзинкаби, масала, варанабада лъолел чIепал.
[3] Жабраиласе.*

БетIергьанас гьанжиги гьесде вахIю гьабуна,
«Дуй бокьараб Дидасан тIалаб гьабе», – абуна.
ТIалаб гьабизе изно Аллагьас жиндий кьедал,
Авалалда – магъфират[1], цинги – ханлъи гьарана.

Ханлъи-кIодолъиялъул корщел Жинда кодосев,
«Кун» абураб лафзалда хIукму Жинца тIобалев
ТIадегIанав Аллагьас, Сулаймание гIадаб,
Давлат жиндие кьурав хан ракьалда лъугьинчIо.

Дунял – лъикIав чиясул кодобин абулелъул,
Кеп гьелдаса босизе мурад гьесул букIинчIо,
Нафсалъе гIолон ханлъи тIалабги гьес гьабичIо,
Гьелдалъун гIадло-тадбир цIунизелъун горони.

РагIияталъул гIадло гьабизе илгьам гьабун[2],
Аллагьас Сулаймании кьураб гьунар букIана.
Гьединаб гIадло-низам жив горесул гьабизе
Гьунар гIолареб лъайдал, гьарарабги букIана.

Гьаб дунялалъул корщел кодобе щунин абун,
КигIан дагьабги чIухIи Сулайманил букIинчIо.
Мискинал-пакъиралгун гIодовги гьев чIолаан,
Гьездаса тIокIав чилъун живго вихьулароан.

Жигиги, гьелгун цадахъ, гъорлъ жован, кваналаан,
Эзулгун хIал лъикI гьабун хабарги бицунаан.
ПурчIинадул чедцин гьес чехь цIезегIан кванайчIо,
Квасул гореб ретIелги ретIун рахIат босичIо.

[1] Магъфират – мунгьал чури, тIаса лъугьин.*
[2] РакIалде рехун.*

РахIаталда хьвадизе, бугеб ресалда рекъон,
Нафсалъ пайда босизе Сулайманица течIо.
Магърибгун машрикъалда давлат[1] билълъанхъаниги,
Дуниял рехон тарав загьидлъунги вукIана.

РакI хъантIарав вугони, мискинчи – загьид горо,
Зугьадазул[2] рекIелъе дуниял лъугьунаро.
Дуниял цIураб боцIул маликлъун[3] вугониги,
КIвар-агъаз гьелъул гьечIев – гьев чи загьид вукIуна.

Давудил Сулайманий мугIжизатлъун Аллагьас
ГIадамалги женалги, вухIушал-тIуюралги,[4]
ТIад рекIине бисатIги[5], гьеб бачине гьуриги,
Бокьаралъув хьвадизе, мусахар гьабун,[6] кьуна.

Халалъи-гIеблъиялда фарсах бугеб гьеб бисатI
Сулайманий жундуца бессун кьураб букIана.
Богун цадахъ Сулайман, бисатIалдаги рекIун,
РакI бугелъув гьороца вачун щойзавулаан.

Зобгин ракьалда гьоркьоб, гьанжи, тIайярат[7] гIадин,
Гьаваялдасан бисатI боржун унеб букIана.
Бачунев чи гьечIого, Сулайманий бокьухъе
Бокьараб хехлъиялъул сайруги[8] букIунаан.

[1] Ай, ханлъи, хIукму.*
[2] Зугьадал – дунял рехун тарал гIадмал.*
[3] Малик – бетIергьанчи.*
[4] ВухIушал – гIалхул хIайванал; тIуюрал – роржунел жал.
[5] Ай, халича, турут, тIамулел жал.
[6] МутIигI гьабун.
[7] ТIаярат – самолет.
[8] Хьвади.

Боркьизе мотор гореб, бензин тIезе бак гьечIеб,
Бачунев тIайярасде[1] хIажалъиго кколареб,
Бер щваралъуб хIетI лъолеб Алжанул буракъ гIадин,
БисатIалъул халгьабе, гьороца бачун унеб.

Гьединаб къуваталъул техника ургъарав чи
Адам вижаралдаса вахъанинго рагIанищ?
ГIалим абураб исму – Аллагьасул цIар буго, –
Адамил лъимalaзе мажазияблъун[2] ккола.

Жив кафиллъун[3] гьавурай дой пакъирай армалат[4]
Ана лъикIго замана Сулайманида кIочон,
РакIалде гьейги ячIун, гьелдаса цIакъ намуслъун,
Вилълъанхъун, адабалда ана гьелъул бакIалде.

КIалтIе щун, изно гьарун, гьелъул рокъов лъугьана,
Лъабго бесдал хутIарал ясалгун гьей ятана.
Гьелде тIаде, беразул канлъи гьелъул батичIо.
Кутакалда къо бухIун, къварилъуда ятана.

«Дуда аманат гьаюн Аллагьас тун йикIарай
КIочонищ дун тарай?»-ян гьей гIадамалъ абуна.
ГIайиб ккарав Сулайман, гIузру бачун, кIалъана,
ГIемераб боцIигин мал гьелъий щойзе гьабуна.

Бакъбаккуда-тIерхьуда – тIуюралгун вухIушал[5] –
ТIолазулго лугъатал[6] гьесда лъалел рукIана.

---

[1] Летчик.
[2] ХIакъикъияб гореб, тIаса унеб.
[3] Гъоркье чIарав чи.
[4] Рос хун хутIарай чIужугIадан.
[5] ГIалхул хIайванал ва роржунел жал.
[6] МацIал.

Сулайманил гIинзуниб гьезул хабаргин калам –
Кинабгоги гьороца щойзабулеб букIана.

Богун цадахъ Сулайман бисатIалда унаго,
Авлахъалда вукIарав цо вехьасда вихьана.
Вехь гьесда хIайранлъана, хIикмат гьабун хутIана,
«Халикъас дуй кьун буго, я-бна Давуд[1]», – абуна.

Авлахъалдаги вукIун, вехьас гьабураб калам,
Гьороца босун бачIун, Сулайманихъе щвана.
Сулайман аварагас вехь аскIуве ахIана,
ХIайранлъун хутIарав гьев кантIизавун, кIалъана;

ТIолго Сулаймание кьураб гьаб мулкалдаса
Муъминчиясул тасбихI хириябин абуна,
Аллагь рехсей, тасбихIгун тагьлилалде[2], хиралъи
Ханлъи-бечелъиялъул бахунарин абуна.

Халикъас Сулайманий кьураб ханлъи-кIодолъи
КIудиял ханзабазул – щварав чиги лъугьинчIо.
Гьури маркаблъун[3] гьабун, ралъад хазиналъун кьун,
Хидматалъе[4] жундул кьун, бокьухъе гьев вукIана.

Бакъуй рагIад гьабулел тIуюрал рукIунаан.
ТIолалго вухIушаца сверун ккун хьихьулаан,
Асиф бину Бархия[5] вазирлъунги вукIана,
«Исмул-АгIзам» тIад хъвараб мугьру койралда ххуна.

---

[1] Ай, я Давудил вас!*
[2] Тагьлил – зикру бачин (Ла илагьа иллаллагь).*
[3] Ай, рекIунеб жолъун.
[4] Хидмат – хъулухъ.*
[5] КIудияв гIалим, «Исмун агIзам» лъалев.

Киналго нигIматазул пикрабазда вукIаго,
РекIелъ дагьаб чIухI рехун, гIужбуялъулъе ккана.
Боржун гьаваялдасан унеб бисатI тIиркъун ккун,
ТIад букIараб боялъул лъикIго чи гьалаклъана.

Гьанжи Сулайманица, бисатIалда тIил кьабун,
БитIун щай чIоларебан гIадло гьелъий гьабуна.
Гьелъги Сулаймание: «Дун битIун чIелалде, цин
Мунго витIун чIа»,-йилан, бадибчIван, жаваб кьуна.

Жиндаго ккараб такъсир Сулайманида лъана,
БисатIалъ кантIизавун, суждаялда речIчIана.
Сужда Жиндие хIакъав къудраталъул Аллагьас
Амро гьабун, гьеб бисатI кIалъайзабун букIана.

Цойги нухалъ Сулайман сапаралда унаго,
Яманалдасан вахъун, Мадинаялде щвана,
Мадинат шагьаралъул хабар бодуй бицана,
Даруль-гьижрат[1] бугилан къиса баян гьабуна;

Гьаниб гьижра гьабулев нахъзаманалъул расул –
Гьесде иман лъурасе рохел бугин абуна.
Цинги, гьениса вахъун, ХIарамалде жив щвана,
ХIарамалъул ракькъотIун, тIасан унев вукIана.

Гьесда хадуб балагьун, КагIбатуллагь гIодана.
«Мун гIодулеб щай?» – абун Аллагь гьелда кIалъана.
Гьава къотIун къокъулев хирияв Дур авараг,
Дихъеги рещтIинчIого, индалин жаваб кьуна.

[1] Даруль-гьижрат – МухIаммад аварагас ﷺ гьижра гьабизе бугеб шагьар.*

Жинде тIадеги рещтIун, какал ран, Аллагь рехсон,
Сулайман инчIогоян Байтуллагь[1] пашманлъана,
Ширкалъул агьалиялъ аллагьаллъун жал ккурал,
Гьал дида сверухъ ругел хъанчалинги кIалъана.

КIиабизеги гьелде Аллагьас, вахIю гьабун,
«Воре, мун гIодуге,-ян букIинесеб бицана, –
Бищун Дие хирияв, ахирзаманаялъул
Авараг вахъунеб бакI – гьаб бугилан», – абуна. –

Авсаналги[2] нахъе ран, мун бацIцIадги гьабила,
Дий гIибадат гьабулеб халкъги духъе буссина,
Дица лагъзадерида парзлъун гьеб тIадги къала,
Къокъаби гьарун гьелги дуде тIаде хьвадила».

Цинги Сулайманида Аллагьас буюрана,
Байталъ тIалаб гьабулеб тIобайзе гьабейилан.
Гьанжи тIолабго гIаскар, – кинабго гьалмагълъигун,
КагIбаялде гьоболлъухъ набиюллагь рещтIана.

БетIергьанас гьабураб амро тIобайзе гьабун,
Гьениб Сулайманица какал ран, къурбан хъуна.
Къоазарабго чахъу, щуазарго варани,
Щуазар оцгун цадахъ хъурабинги бицана.

Хадуб Сулайманица гьеб ракьалъул хиралъи
Гьалмагълъиялда лъайзе, бицун, баян гьабуна,
«Набийюн гIарабийюн[3] гьаб бакIалдасан, нахъа,
Вахъине вуго», – абун, рохалида кIалъана.

---

[1] КагIба рукъ.
[2] хъанчал.
[3] ГIарабияв Авараг ﷺ.

Хирияв ХIабибасул фазаилал рехсана,
Гьесде иман лъурасе рохелилан абуна,
«Ла таъхузугьу филлагь лавмату лаим,»[1] – абун,
Эсул щужагIаталъул[2] баянги гьабун тана.

Байтуллагьалдасанги сапаралде байбихьун,
Богун цадахъ Сулайман гьаваялде вахана,
«Вади-ннамли» абураб кIкIалахъе жив лъугьана,
Гьеб цIунцIрабазул гохIал гIемераб кIкIал букIана.

КIудияб гIаскар-богун, гIемераб бечелъигун,
ГIажаибаб куцалда бисатIалдаги рекIун,
ТIаде щолев Сулайман жинда вихьун, цIунцIраялъ
ЦIунцIрабаде ахIи бан, «ЦIодорлъе»,-ян абуна;

«ЛъайчIогун Сулайманил боялъ нуж мерхьунелин,
Ножо-ножорго рукIнахъ лъугьа»,-ян буюрана.
Буюрараб цIунцIраги гьезул бетIер букIана,
ТIад бугеб жавабчилъи гьелъ тIобайзе гьабуна.

Гьеб цIунцIраялъул ахIи, кIиго фарсах манзилалъ
Гьороца босун бачIун, Сулайманихъе щвана.
Сулайман, гIажаиблъун, велъи бачIун хьимана,
Щукру илгьам гьабеян РахIманасде гьарана;

Гьеб цIунцIра аскIоб ахIун, гьикъа-бакъи гьабуна,
Гьуинаб харбидалъун кIиялго гаргадана.
Дица, халалъилебан, гьалда къокъ гьабун тана,
Тафсиралда абуни, гIатIидго бицун буго.

[1] Аллагьасе гIоло гьабулеб-абулелдаса, гIадамазул бадибчIвай-гIайиб букIиналдалъун, щибго нахъекъай гьечIев.
[2] БахIарчилъи.

ГIарасат майданалда хIисаб-суал тIобайдал,
ТIолалго хIайванатал хIурлъун лъугьунел руго.
«ХIурлъун нижги лъугьине гьарулеланищ»,-илан
Гьеб къоялъ капураздe ракIалде кколеб буго.

Амма хIайван, хIутI-хъомор хIурлъун гьабулеб къоялъ
Гьезда гъорлъа бахъулеб цо анцIго хIайван буго:
ХIабибасул буракъ – цо, Билкъисил гьудгьуд – кIиго,
Сулайманил цIунцIраги, Ибрагьимил бечеги[1],

ИсмагIел хвасар гьавун хъойзе бачIараб куйги,
Исраилаз, хилиплъун, хъун рехараб гIакаги,
Калбу асхIабиль-кагьфи ва хIимару-ГIузайри,[2]
ХIуту-Юнусгун[3] цадахъ СалихIил вараниги.

ХIурлъун жал гьаричIого, гьал хIайванал Аллагьас
Алжаналъур лъугьине гьарулин бицун буго.
Бакъаалъе бижараб[4], бокьарасе жиб кьолеб,
Кьолеллъун гьареги нилъ гьеб лъикIал чагIазул рукъ!

Амин! Амин! Амин! Я Мужиба-ддагIават!

[1] Ай, Аллагьас ЛутIил къавм гьалак гьаризе ритIун унел малаикзаби гьоболлъухъ рачIиндал, Ибрагьим аварагас, гьезие гьоболлъи гьабун, хъураб бече.*
[2] АсхIабул кагьфазда цадахъ бугеб гьой ва ГIузайр аварагасул хIамаги.
[3] ХIуту-Юнуса – Юнус къулчIараб ччугIа.*
[4] Нахъе хутIизе, ай паналъулареблъун бижараб.

# - ФАСЛО -

## АЛЛАГЬАС СУЛАЙМАНИЛ ﷺ ХIАЛБИХЬИЯЛЪУЛ БАЯН

Сулайманий ибтилаъ[1] Аллагьас гьабиялъул
Сабабазда хурхарал хилафал гIемер руго,
Ахбаразул цоязулъ бицаралдасан босун,
Дицаги дагьаб къадар къалмикь бачунеб буго.

Бокьанщинав чиясда нух бахъизе кIолареб
Ралъдал чIинкIиллъиялда цо хан вукIаравила.
Ханасул бечелъиги, гьесул шаъно-къуватги
Сулайманида рагIун, рагъуй хIадурлъанила.

Ралъдалъан гама гIадин, гьорол къуваталъ вачун,
Къуват бугеб гIаскаргун Сулайман аравила.
Инсиялгун, женалгун – жобараб кутакаб бо
Капурав дов ханасде тIаде рещтIарабила.

Щун бачIараб гIор гIадаб Сулайманил боялде
Данде вахъине хивал ханас гьабурабила.
Ханги чIван, гьесул улка койрде босарабила,
Кинабго агьалиги асир гьабурабила.

Гьев, чIварав ханасулги цо яс йикIарайила,
Исламалде гьей ахIун, Сулайман кIалъанила.
Сулайманида цебе иман гьелъ лъурабила,
Амма ракIалда жаниб жафаъгун[2] йикIанила .

[1] Балагьалъулъе ккей, ай хIалбихьи гьаби.
[2] Ай, рекIелъ хъачIлъи, ццингун йикIанила.

Жарадатан абураб цIар элда букIанила,
Элъулгун къадар батун, лъадилъун ячанила.
Руччабазда гьоркьосан, Сулайманида аскIуб,
КIудияб къадро-къимат гьелъул букIарабила.

Бугониги, Жарадат даимаб хIузнуялда[1]
ХIисаб-мизан гьечIого пашманго йикIанила,
МагIо бадиб бакъвараб къого гьечIеб кинигин,
Гьелъул ракI сукIиялда Сулайман рекъечIила;

«Бакъвалареб магIоги, даимаб пашманлъиги –
Дуй бугеб жо щиб?» – абун гьелда гьикъарабила.
Къойилго, чIварав эмен, гьесул букIараб гIумру
РекIелъ жемардулилан Жарадат кIалъанила.

Жиндир, инсухъ бухIараб, ракIги гIодоб беччайзе,
МагIидаса тIоларел бералги лъикI лъугьине,
«Буйрухъ кьун, щайтIабазда дир инсул сурат гьабун,
Гьаб рокъоб лъезабе»,-ян гьей гаргадарайила.

Жарадатие инсул сурат, гьабун, кьейилан
Сулайманица буйрухъ щайтIабазе кьунила.
ЩайтIабаз Жарадатий, живго эменин кколеб,
Кутакалда мухIканаб сурат гьабун, кьунила.

Гьанжи Жарадатица, гьеб сураталда борцун,
Инсул букIараб гIадаб ретIел гьабурабила.
Гьеб ретIелги тIад ретIун, бетIералда тажги лъун,
БахIарав гIадин къачIан, чIезе гьавуравила.

[1] Пашманлъиялда.

Гьанжи берцинаб хIалалъ, жиндир гъаравашалгун,
Жарадатица хъанчий сужда гьабурабила.
Сулайман рокъов гьечIеб заманаги халгьабун,
Гьез, хъанчий сужда гьабун, кIикъого къо анила.

«Аллагь горесе лагълъи дур рокъоб буго», – абун,
Асифица, гьебги лъан, бицен гьабурабила.
Гьеб бициндал Сулайман виххун хутIаравила,
ТIадвуссун рокъов щойдал, хъанч гъурун барабила.

Гъаравашалгун цадахъ Жарадатие хIакъаб
ГIакъоба-гIазабалъул гIадлоги гьабунила,
Рокъоб, жинда лъайчIого, хъанчий суждаби гьари
Сулайманий ибтилаъ гьелдалъун ккарабила.

Бищунго жиб мухIканаб, ХIабибуллагьасдасан
Абу Гьурайратица бицараб хIадис буго:
«ЛаатIуфанна гIала тисгIина имраатан,»[1] –
ЦохIо сордоялъ абун, Сулайман кIалъан ккана;

«Куллугьунна таъти би фарисин южагьиду
Фи сабилиллагь»,[2] – абун, гьабги данде бачана.
«Иншааллагь» абеян Асифица абуна.
КIочон тараб лъаларо, абичIого хутIана.

Гьеб сордоялъ киналго руччабазухъе ана,
Амма хIамиллъун[3] ккарай цо горони лъугьинчIо.
Гьелъги бащадаб ракьхъвай бакъварав вас гьавуна,
«Иншааллагь» тунилан ибтилаалде ккана.

[1] 90 чIужуялъухъе инилан абуна, гьедун.
[2] Киназго васалги гьарила, гъазаваталде рахъине.
[3] ХIамил – къинай.*

Ибтилаалъе сабаб ккараб къагIидаялъул
Къилаялда[1] бачIараб цойги риваят буго.
Руватазулъ хилафал цереги рехсон ана,
Ххамида терекгIанги гIемерал данде чIвала.

«Дир вацгун цо чиясул гьоркьоб дагIба ккун бугин,
Гьезий хIукму гьабе»,-ян Жарадат кIалъанила.
Жарадатил рагIуе Сулайман аварагас,
«НагIам», – абун жаваб кьун, гьеб тIаде босанила.

ТIаде босун, жаваб кьун, «нагIам» абун хадуса
Сулайманил гьеб рагIи гIодобго хутIанила.
«Ай, къала нагIам, – абун, – валам яфгIал, фабтала
Бикъавлигьи нагIам»,[2] -ян «Хазиналъ» бицун буго.

Цойги риваяталда, лъабго къоялъ Сулайман,
Халкъалъул тадбирги тун, тIагIаравилан буго.
ТIадегIанав Аллагьас гьеб сабалъун ибтилаъ
Эсий гьабурабилан, – гьадинги бицун буго.

Цинги, гьал риваятал кинаса ратаниги,
Сулайманил ибтилаъ – Къуръаналъул насс буго.
Сабаб рехсеялда тIад хилафал ккананиги,
Каламуллагьиль-къадим[3] – къисаялъул кьучI буго.

«Исмун АгIзам» тIад хъвараб Сулайманил доб хатам[4],
Ххун койралда чIечIого, гIодобе бортун ана.

---

[1] Цо загIифаб рагIиялда.*

[2] Ай, гьабилинги абун хIукму гьабичIого хутIун буго. «Гьабила» абун кьураб рагIи тIобайзе гьабичIого хутIиялдалъун кканила ибтилаалде.

[3] Къуръан.*

[4] Хатам – мугьру, баргъич.

Такрар гьабун, тIатIала чанцIолго ххунаниги,
ХхурабсагIат бортун ун, гIодоб горони чIечIо.

ГIилмо жиндир бергьарав, Сулайманил божарав,
РакI бугев гьалмагъ вукIун, Асиф гьесда кIалъана,
Ибтилаалъулъе мун ккун вугилан абуна,
Аллагьасдехун вуссун тавбо гьаби манлъана;

«Мун, тавбо гьабун, рокъов тIадвуссун вачIинегIан
ГIаламалъул умурал дида тIад те», – абуна.
Асифида хатам ххун, халкъалдаса ватIалъун,
Тавбо гьабун, Сулайман Аллагьасде вуссана.

Сулайманил тахида халкъалъул умуразда
АнцIилаункъго къоялъ Асиф гIодов вукIана.
Аллагьу-ТагIалаяс тавбоги къабул гьабун,
Тахгин мулк Сулайманихъ, тIадбуссун, кодоб щвана.

Койралда мугьру ххуна, цебе гIадин рекъана,
ГIаламалъул умурал гьаризе байбихьана.
Гьаб рехсараб куцалда кайфиййатулл-ибтилаъ[1]
Ихтисар гьабун буго «Тафсируль-Хазиналда»[2].

Ахбариййюназ бицун машгьурлъараб абуни,
Ибтилаалъул къиса хадуб рехсохъе буго.
Махлукъаталъул хилаф Халикъасдеги тIамун,
ТIахьаздаги бугелъул, дицаги хъвалеб буго.

КIикъого сордо-къоялъ жиндир рукъалда жаниб
Жарадатица хъанчий сужда гьабураб лъайдал,

[1] Ибтилаалде ккараб къагIида.
[2] Къокъ гьабун буго гьаб рехсараб тIехьалда.

Радал вахъун, Сулайман авлахъалдехун ана,
Аллагьасе хIелхIедун, къоялъ тавбо гьабуна.

Къассе рокъов щун хадув халаалде[1] унаго,
Уммуль-валадалъухъе[2] хатам жинца кьун тана.
Хатам гьелъухъ кьун толеб гIадат гьесул букIана,
Бищунго нисаазул[3] божарайги йикIана.

Сулайманил сураталъл «сахрул-марид» абураб
ЩайтIан аскIубе бачIун, мугьру тIалаб гьабуна.
Гьелда гьеб малгIун лъайчIо, Сулайманилан ккана,
Мугьру щайтIаналъухъе маян кодобе кьуна.

Мугьру щварабго щайтIан тахида гIодоб чIана,
ШаригIат хойзабулеб хIукму гьелъ байбихьана.
ХIажат тIобан хадуса Сулайман тIадвуссана,
«Мугьру кье, Аминат» - ан элде кIалъай гьабуна.

Аминат щакдарана, «Щив мун?»-ан суал кьуна,
Сулайман дун вугилан данде жаваб гьабуна.
Дур гьереси бугилан Аминат хIалагьана,
Мугьру Сулайманихъе кьун анилан абуна.

Ибтилаалде ккарав[4] Сулайманида лъана,
Мугьру кодоса индал чIовоголъун хутIана.
«Исмуль-АгIзам» тIад бугеб гьеб мугьруян абуни,
Умурал тIоритIизе койрда ххей – шартI букIана.

[1] Ай, туалеталде.
[2] Ай, гьараваш.
[3] Ай, руччабазул.
[4] Ай, балагьалде ккарав.

ЩайтIаналъ макро гъабун, кодоса мугъруги ун,
Гъабизе жо лъайчIого пашманлъиялде ккана,
Дун Сулайман вугилан кIалалъги абулаго,
Бану-исраилазул къватIал сверун, хьвадана.

«Дун Сулайман вугилан дагIба жинца гъабулев
Мажнун[1] вихьулищ?» – абун гIадамаз валъаргъана.
Гьез къабул гьавунгутIи жинда лъарав Сулайман,
Росо тун къватIив вахъун, ралъдал рагIалде ана.

Ралъдалъа ччугIа кколеб къокъа гьениб батана,
Гьезие комекчилъун хIалтIизе байбихьана,
Базаралде гьез ккураб ччугIа жинца баччана,
Жиб-жиб къоялъе кIи-кIи ччугIа мухьалъе щвана.

КIиябго ччугIаялъул цояб бичун, панкъ босун,
Цоябаб данде бежун, бетIербахъи гьабуна.
Гьеб хIалалда кIикъого къо Сулайманил ана,
Ахиралда, бежизе цо ччугIил чехь бихъана.

Чохьониса къватIибе рехун мугъру бачIана,
Босун, тIад валагьидал, гьеб жиндирго батана.
Гьелдаса цIакъ вохана, гIемераб рецц гьабуна,
Гьебги ххун, ханлъиялде Сулайман тIадвуссана.

Гьесда лъайчIого рокъоб хъанчалъе сужда гьабун,
Араб заман дандбитIун, тIаса ханлъиги ана.
«Сахрул-марид» – щайтIаналъ мугъруги кодоб босун,
Пасадаб къазаалда[2] кIикъого къо тIобана.

[1] Мажнун – жундуз ккурав чи.*
[2] Къазаъ – хIукму къотIи.*

Гьеб заманалда жаниб бану-исраилазул
Асифгун[1] гIалимазда гьелъ гьабулеб бичIчIана.
Гьелъул хIукмугин къазаъ нахъе чIвазе лъугьана,
Гьеб хIалалда сордо-къо кIикъойиде бахана.

Тах-мулкги бугелъуб тун, тушман цебеса ана,
Сулайманил мугъруги ралъдалъе гьелъ рехана.
Рехараб сагIаталъго ччугIаялъ гьеб къулчIана,
Гьеб къулчIараб ччугIаги Сулайманихъе щвана.

Сулайманил камилаб сурат щайтIаналъ гьаби,
ШаригIат пасалъулеб хIукму-къазаъ гьабиги –
МухIакъикъунаца гьаб къабул гьабулеб гьечIо,
МавзугIатал ругилан[2] нахъеги чIвалел руго.

Нелъер кIудияв эмен – Адам, гIалайгьи ссалам,
Алжанги тун, ракьалде РахIманас витIулелъул,
Гьес жал цадахъ росарал ашъяаздаса[3] буго
«Исмун АгIзам» тIад хъвараб Сулайманил доб мугъру.

Мугъруялда гьединго, «Ла илагьа илла ллагь,
МухIаммад расулуллагь» – хъван букIанинги буго.
Бахъун гьеб гIодоб лъедал, тасхир[4] тIаса унаан,
ТIад гьеб ххураб сагIаталъ амро билълъанхъулаан.

БетIергьан-Аллагьасул хIикматал гIемер руго,
Киналниги умурал кунгьуялда[5] тIорала.

[1] Сулайманил божарав гьудул-гьалмагъ, гIилмо бугев кIудияв гIалим.
[2] Ай, гьересиял жал ругилан.*
[3] Жалаздаса.*
[4] Ай, кинабго жо мутIигIлъи мугъру квералда ххедал букIунаан, бахъун гIодоб лъуни, тIаса унаан.
[5] Ай, «кун» абураб рагIиялда.

«Лима-кайфа?»-ялъулги[1] къагIидаго кколаро,
«Кин, щай?» – абун кIалъаялъ пайдаги гьабуларо.

Пайда гьечIеб харбилги хIасилго баккуларо,
Багьа тIокIал анфасал[2] гIадада хой горони.
ГIадада реччан тарал хIохьалазул багьаги
Гьаб дуналалъул рокъоб нелъеда бичIчIуларо.

الله أكبر

[1] Ай, «Щай? кин?» – абун абизе бегьуларо.
[2] ХIохьалал.

# - ФАСЛО -

## БАЙТУЛ-МУКЪАДДАС БАЯЛЪУЛ КЪОКЪАБ БАЯН

Ибрагьим-Халиласул наслабазда баркат лъун,
Бану-исраилазул къадар цIакъго цIикIкIана.
Давуд аварагасул замана гьеб букIана,
Гьелгун Палестиналда лъикIаланго мех бана.

Гьезул гIемерлъиялда Давуд гIажаиблъана,
ГIадад[1] лъай мурадалда рикIкIине къасд гьабуна.
Гьезул хIисаб гьабизе Давудида хIалкIойчIо,
ВахIю рещтIун, Аллагьас гьесде гьадин абуна:

«Дица баракатги лъун, гIемерлъарал наслаби,
Лъайзе дуда кIоларо гьезул гIададгин рикIкIен.
Гьанжи гьел дагь гьарила Дица, тIад балагь беччан,
ТIаса бищеян абе лъабгоялъул бокьараб:

Бокьани, лъабго соналъ ракъи тIаде беччала,
Бокьани, лъабго моцIалъ тушбаби тIаде гьела.
Ялъуни лъабго къоялъ хвел гьезие букIина, –
Гьез тIаса бищаралда хIукму Дир билълъанхъила».

Бану-исраилазда Давудица цебе лъун,
Лъабго къоялда жаниб хвел гьез тIаса бищана.
Хвалие хIадурлъеян гьезда лъайзе гьабуна,
Чурхдул чурун, мусрал ран, хIадурлъи гьез гьабуна.

Байтул-Мукъаддас бугеб борхалъуде ракIарун,
РахIманасде хIелхIедун, гьардезе байбихьана.

[1] ГIадад – рикIкIен.*

Гьезде тIаде Аллагьас тIагIун-унти беччана,
ТIоцобесеб цо къоялъ аза-азар чи хвана.

Хадусеб къоялъ Давуд Къадирасде гьардана,
Гьезий гIафво гьабеян Бишасда цеве чIана,
Бану-исраилазде тIаде бачIине бугеб
ТIолго диде беччаян кутакалда хIелана.

ХIалимав БетIергьанас дугIа къабул гьабуна,
Гьезда тIаде беччараб тIагIун нахъе босана.
Исраилазде рохел Давудица бицана,
БетIергьанасе щукру гьабеянги абуна.

Щукру кин гьабилебан исраилаз гьикъана,
Гьабулеб куц манлъеян баян тIалаб гьабуна,
«ТIадегIанав Аллагьас рахIму ножой гьабураб
Гьаб борхалъиялда тIад масжид гьабе», – абуна.

Байтул-Мукъаддасалъе гьеб бакIалда кьучI лъуна,
Гьеб баялъе хIаракат киназгоги гьабуна.
Гьединго Давудица, жиндирго мугъалда лъун,
Масжидул-Акъсаялъе гамачIгицин баччана.

Цинги, логол къадаралъ къед эхеде бахиндал,
Элде тIаде гьабизе Давуд гIажизлъун ккана.
Давуд аварагасде ТIадегIанав Аллагьас
«ТIокIаб дуца гьеб байзе гьечIин» – вахIю рещтIана.

Нахъе хутIараб бинаъ Байтул-Мукъаддасалъул
Дуе вукIинесев вас – Сулайманица бала, –
Сулайман гьавилелде гьесул ханлъи-мулкалъул
Халикъас Давудие гьедин бицун букIана.

Цинги, инсуда хадув ханлъун Сулайман ккедал,
Аллагьас амро гьабун, гьесда лъайзе гьабуна.
Байтул-Мукъаддасалъул бинаъ тIобайзабеян
ТIадкъараб вахIю бачIун, Сулайман къачIадана.

Женал, инсал, щайтIаби – тIолалго данде гьарун,
ТIолаздаго бикь-бикьун, хIалтIи бихьизабуна.
ТIоцобе шагьар бана, гьеб цIакъ мухIкан гьабуна,
Къиматабщинаб гамачI гьелъий хIалтIизабуна.

Гьелда хадув Сулайман масжид байзе жована,
Жавгьар-якъут бахъулеб гамачI тIалаб гьабуна,
МагIдан бугебщиналъур щайтIаби рикь-рикьана,
Щибаб цо-цо къокъаялъ тIадкъараб иш тIобана.

Ралъдал тIиналде цоял маргъал бахъизе ана,
Ракьулъа гIарац-месед цойгияца бахъана,
Цойгиязин абуни миск-гIанбар бакIарана,
ГIажаибаб куцалда Байтул-Мукъаддас бана.

Къасе сардилъ, къад гIадин, гвангъун гьеб бихьулаан,
Берцинлъи гьелде щвараб масжид цойги лъугьинчIо.
Гьеб масжид бан бахъиндал рохалий данделъана,
Дунялалда лъугьинчIеб гIидалъул къолъун ккуна.

Къоло щуазар хIайван, кIикъоазарго чахъу,
Азарабго варани садакъадае хъуна.
Сахратуллагьалде[1] ун, Аллагьасе рецц гьабун,
Гьениб Сулайманица хадуб къурбанги хъуна.

[1] Нелъер Авараг ﷺ МигIражалде унеб сордоялъ Буракъ бухьараб гамачI.

Къадирасе рецц гьабун, Гьес жиндий кьуралщинал
Щибаб нигIматал рехсон, щукру бацIцIад гьабуна,
Гьелда хадуб абуни, Байтул-Мукъаддасалъул
Баркат щвей тIалаб гьабун, Аллагьасде ахIана:

«Ихласалда, Дуй гIоло гьаб масжидалъув лъугьун,
Гьениб кIиго ракагIат как бан щив вугониги,
Ка явми валадатгьу уммугьу[1] мунагь чурун,
ВацIцIадавлъун гьаве»-ян гьарун, дугIа гьабуна.

Гьединго, хIинкъарасда хIинкъи тIаса унеблъун,
Унтарав сахлъулевлъун, мискин бечелъулевлъун,
Музниб[2] жанив лъугьани, тавбо къабуллъулевлъун
Гьабеянги гьарана хIалкIолев Аллагьасде.

«Дир дугIаялъе жаваб гьабураблъун батани,
Гьелъие гIаламатлъун къурбанги къабул гьабе», –
Гьаб хушугI-тазарругIгун[3] Сулайман зигардана,
Зодосан цо цIва рещтIун, къурбанги босун ана.

Сулайман аварагас бараб Байтул-Мукъаддас
Гьес гIуцIараб куцалда заманаялъ хутIана.
Хадуб, исраилазул пасалъаби цIикIкIиндал,
Пасадав Бухтанасар гьезде тIаде тIамуна.

Сулайман хун хадуса ЯгIкъубил асбатIазул
Исраилазда гъорлъан цо халифа вахъана,
Цинги гьезул гьалаклъи жинда кодоб батулев
Бухтанасарил бицун, вахIю гьесде рещтIана.

[1] Ай, эбелалъ гьавураб къоялъ гIадин.
[2] Ай, мунагьал ругев чи.
[3] Ай, хIелун, хIинкъун гьардана.

НухI аварагасул вас – Яфисил наслабазул
Бухтанасар абуни, Бабилалда вукIана.
ВахIюялъул хIакъикъат Армияъ-халифаяс
Исраилазде бицун, гьезие хIинкъи кьуна.

ХIинкъи кьедал хадусан кIиго-лъабго къо индал,
Исраилазда гьоркьоб магIсият тIибитIана.
ТIугъян-фискъу цIикIкIана, кошлъаби гIемерлъана,
ГIазаб-интикъамалъе мустахIикъал лъугьана.

Анлънусазар амирас байрахъал кодор ккурал,
Кутакал гIаскаралгун Бухтанасар вахъана,
Байтул-Мукъаддасалъул шагьаралде рещтIана,
Шагьар бахъун хадуса масжид пана гьабуна.

Гьелда жанир рукIарал Тавратал гьес рухIана,
Меседгин жавгьар-якъут – кинабго бакIарана.
Баччун ракь жанибе бан, балканал тIаде рехун,
Байтул-Мукъаддасалъур болъоналгицин хъуна.

Цинги исраилазе къварилъаби гьаруна,
Къатлу-нагьбуялдалъун[1] росаби талагьана;
ГьитIиназда гурхIел тун, чIахIиязул адаб тун,
Бухтанасарил зулму ракьалда тIибитIана.

АтIфалал[2] данде гьарун, гIаскаразе рикьана,
Ункъ-ункъ гъулам щивасе щваравилан бицана.
Шабабату-ннисаи[3] худамааллъун ккуна,
Киналгоги дармие базаркъватIазда лъуна.

[1] Ай, гIадамал чIван, боцIи бахъун.
[2] ГIисинал, балугъалде рахинчIел лъимал.
[3] Ай, гIолохъанал руччаби.

ГӀолохъаби-бахӀарзал, цереса ккун, гъурана,
Гъоркь хутӀараб хъущхъалан кӀвар гьабичӀого тана.
Гьениса бакӀарараб бечелъи-малгун цадахъ
Бухтанасар, тӀадвуссун, Шамалдехун вачӀана.

Хадув, Мисриялде ун, къибтӀазде тӀаделъана,
ТӀолго гьезул буголъи зулму-хӀалалъ бахъана,
Хъормаз чахъаби гӀадин, пасад гьарун, гъурана,
Мисриялъул улка-ракь гӀалахалде сверана.

Гьенисан Бухтанасар Магърибалдехун ана,
Магърибги пасад гьабун, Суданалде вачӀана.
Суданалъул ракьалда добго питна гьабуна,
Гьенисан тӀадвуссарав Бабилалде рещтӀана.

Бану-исраилазул атӀфалал[1] рикьулелъул,
ГьитӀинав чи, гьезда гъорлъ, Даниялги вукӀана.
Давуд аварагасул агьлул-байт[2] гьев вукӀана,
Гьев Бухтанасарица цадахъ вачун вукӀана.

«Дун лъалеллъунги рукӀун, Диде гӀасилъаразде
Дун лъаларев зулмучи тӀаде тӀамилин», – абун,
ТӀадегӀанав Аллагьас абурабилан буго,
Бухтанасарги гьедин тӀамун вукӀарав вуго.

Гьес басра гьарун хадур бану-исраилазул
Нахъе хутӀараб тайпа рахъ-рахъалде тӀурана,
Ясрибалдехун ана, Айлаталде рещтӀана,
ТӀутӀураб рехъен гӀадин, дунялалда риххана.

[1] АтӀфалал – гӀисинлъимал.*
[2] Давуд аварагасул ﷺ рукъалъул агьло, ай гьесул наслабаздасан.*

Бухтанасар ракьалде, тІагІун гІадин, веччана,
Дунялалъул бащалъи гьес чІунтизе гьабуна.
Тавраталъул хІарп хъвараб тІамач нахъе хутІичІо,
ТІолго исраилазда гьелъул амро кІочана.

Ракьулъ букъун бахчараб цо Тавратни хутІана,
Хадуб гьелъулги бицен, иншааллагь, бачІина.
ЧІунтизе гьабун тараб Байтул-Мукъаддасалъул
Лъабкъоялда анцІго сон гьеб хІалалда тІобана.

Бану-исраилазул Кайраш абун цІар бугев
Цо ханас гьелда хадуб цІигьабунин абула.
«Ислам бачІун хадуса, ГІумар асхІабас ритІун,
АсхІабзабаз къачІанин», – цойгияца абула.

АхІмад хира гьавиялъ хиралъараб гьаб уммат
Аллагьасул рахІмуялъ рахІаталда тун руго.
РахІат гІемерлъанагІан гІисян цІикІкІун горони,
ГІаламалъул хьвадиги лъикІлъулеб куцго гьечІо.

Койгъизе чи тІагІараб бугъбузул рехьед гІадин,
Бубудун гІолилазги гІадал гьарулел руго.
Рукь габуралда лъечІел гІанчІал бусбуз кинигин,
НасихІат гьабунагІан гьал тирилъулел руго.

Гьазийги нежееги диналъулъ бичІчІи кьеян
БетІергьан-Аллагьасде ахІулел цоял руго,
АхІмадил умматалъе Ислам гьуин гьабеян
Гьари-дугІаялдаса мацІги бакъвалеб гьечІо.

Мунагь-хатІабаздаса рацІцІалъи гьечІониги,
ЦІоб гІатІидав вугелъул, Аллагьасде хьул буго.

Гьесде занну[1] лъикI гьабун, гIайибалъе мукIурлъун,
РакIалъ тавбоги гьабун, Гьесда цере чIун руго.

Гьев горесул рахIму-цIоб Дагъистаналъе гьечIо,
Диналъул тушбабазул макроги цIикIкIун буго,
Мунафикъзабазулги питна гIемерлъун буго,
«Бухъаралъур ккаги»,-ян гьаризе хIажат буго.

الله أكبر

[1] Занну – пикру-хивал.*

# - Ф А С Л О -

## СУЛАЙМАН АВАРАГАСУЛГИ БИЛКЪИСИЛГИ КЪИСАЯЛДАСАН ВА ГЬЕВ ХОЯЛДА ТIАСАН КЪОКЪАБ БАЯН ﷺ

Байтул-Мукъаддасги бан, Сулайман парахлъидал,
Сапар бухьун вахъана ХIарамалъул ракьалде.
ХIарамалде гьабураб гьеб сапаралъул баян,
Гьелъул сипат-суратги цебе рехсон букIана.

Цинги ХIарамалдаса Сулайман тIадвуссана,
Яманалъул рахъалде сапар жинца бухьана,
Радал къо къалъилелде, цо моцIрол нух нахъа тун,
СангIаалъул ракьалда тIасан унев вукIана.

Сулайманида гьениб цо берцинаб, гIурччинаб,
ГIажаибаб бакI бихьун, рещтIине анищ ккана.
Гьениб къалъул как байзе, рещтIун рахIат гьабизе,
Гьороца бачун, бисатI[1] босун ракьалда лъуна.

Сулайманида балъго, гьесул изно гьечIого,
Гьениса боржун гьудгьуд гьаваялде бахана. –
Дунялалъул халгьабун, сверун цIакъ балагьана,
Берцинаб цо ах бихьун, боржун гьенибе ана.

Гьенибги жибго гIадаб цойги гьудгьуд батана,
Цуцадехун кIиязго гьикъа-бакъи гьабуна,
Билкъисил ханлъиялъул хабар гьелъий бицана,
Гьалъ Сулайманил бицун, кIиялго гаргадана.

[1] БисатI – Сулайман ﷺ ва гьесул бо тIад рекIун хьвадулеб халича.*

Цинги ЯгIфурги бачун, ГIафир[1] Билкъисихъ ана,
Бакъуй лагълъи гьабулей агьлолъун гьей ятана,
Гьелъул тах-мулк, бечелъи ЯгIфурида бихьана,
БачIарабго нухасан нахъбуссунеб букIана.

Сулайман аварагас, гьудгьудги тIагIун батун,
Гьеб балагьун бачIаян хъойкI-цIум хадуб битIана,
ЦIияб хабарги босун байинчIони, хъойчIого
Теларилан, ццин бахъун, Набийуллагь кIалъана.

ЯгIфур, нахъбуссунелъул, хъойкI-цIумгун данде чIвана,
ЦIумалъ, мун хъойзе бугин, ЯгIфурида абуна.
«Истиснаъ гьабичIищ?»-ан цIумалде гьелъ гьикъана[2],
Гьабунилан абидал, дун хъоларин боххана.

Бакъанил гIуж щвелелде, хъойкI-цIумалъ бачун, ЯгIфур
Сулайман вугеб бакIалълъ адабалда рещтIана.
БетIер ккун аскIубе цIцIан, Сулайман хъачI кIалъана:
Гучаб гIазаб дица дуй кьезе бугин абуна.

«Аллагьасда цеве мун чIезе вукIин кIочонге,
Я набиййаллагь» – абун, ЯгIфуралъ жаваб кьуна.
Жаббарасда цеве жив чIолеб къо ракIалде щун,
Лугбал сорон, Сулайман саброялде вачIана;

«Щайха мун кватIараб?» - ан гIодов веччан гьикъана.
Гьудгьудалъ Сулайманий цIияб хабар бицана:
Бакъуй лагълъи гьабулей, Сабаалъул ракьалда
Билкъис абун цIар бугей цо хан йигин абуна.

[1] ЯгIфур – Сулайманил гьодгьодалде цIар, ГIафир – Яманалда батараб гьод-гьодалъул цIар.

[2] Ай, чIвалаян абураб рагIуда хадуб, «Цо пуланаб жо гьабунияли горо» - ян абу-нищан гьикъана.

Сулайманил гьеб гьудгьуд лъее далил букIана,
Гьелда ракьулъ лъин букIин, гозо кIутIун, лъалаан.
Гозоялъ кIутIараб бакI щайтIабаз бухъулаан,
Гьенисан лъинги бахъун, къварагIел тIобалаан.

Бакъанил какал райзе лъин гьечIеб бакI гьеб букIун,
Гьудгьуд Сулаймание гьелъ къварагIун букIана.
Гьеб аскIуб батичIого, араб бакIги лъайчIого,
Гьелъий гIоло букIана Сулайманил ццин бахъун.

Цинги гьудгьуд бахъун ун, лъин бугеб бакI балагьун,
Гьеб щайтIабаца бухъун, гъуял гьарун лъин щвана,
Лъеде хIажаталщинал хIаваижал тIорана,
ТIолазго какичурун, какал ран, парахлъана.

Билкъисил тах-мулкалъул, кутакал гIаскаразул
ГIажаибго ЯгIфуралъ Сулайманий бициндал,
Сабаалъул[1] хабарал гьереси-уяб лъайзе,
Гьелда тIадкъай гьабуна тIадбуссун добе ине.

«Бисмиллагь»,-ан байбихьун, «Сулайманил рахъалъан
Сабаалъул маликат Билкъисиде»,-ян абун,
Аллагьасул нухалде бокьун рачIанщиназде
Салам нахърегIизабун, рисалат[2] хIадурана;

«ЧIухI-такаббур гьечIого Исламалде рачIа»,-ян
МагIнаялъулъ камилаб, лафз дагьаб кагъат хъвана.
Кагъат босун расуллъун гьудгьуд нухда регIана,
Гьеб Билкъисихъе кьолеб къагIидаги манлъана.

[1] Билкъис йикIараб бакIалда цIар.
[2] Рисалат – кагъат.*

Мугьру тIад чIван къачIараб, мискалдалъун кьабураб,
Билкъисил кварчIеналъуб гьудгьудалъ кагъат лъуна.
Гьей тIаде ялагьана, мугьруялде бер щвана,
Щибаб лага-сан сорон, гIажаибго лъугьана.

Гьудгьуд, рисалат босун, битIизе гьунар бугев
Гьев ханасул кIодолъи цIикIкIараб бугин ккана.
ЦIалидал Билкъисида кагътил мурад бичIчIана,
Киналго гIакълочагIи данде гьалъ ракIарана.

Гьезда цебе суал лъун, кагътил мурад бицана,
Киндай гьабун лъикIилан гьелгун гIакъло дандбана.
Къуваталъул рахъалъан, рагъ гьабизе бокьани,
Нелъей хIинкъи гьечIилан къвакIун гьелги кIалъана.

Гьезул раъюгин гIакъло Билкъисие бокьичIо,
ГIедегIун лъикI горилан ургъизе хиял ккана.
Рагъда бергьарав ханас аслиял агIиззатал[1]
Басра гьарулеб гIадат гIакълоялда борцана.

Цинги Сулайманихъе битIизе кагъат хъвана,
ВитIарав наби вукIин лъайзе тIалаб гьабуна.
ГьитIинаб гъалмасалъуб багьаяб, жиб борлъичIеб
Жавгьаргун цадахъ, цо чIум – гьетIун борлъараб – лъуна.

«Мун авараг ватани, гьаб гъалмас рагьичIого
Гьалда жаниб лъун бугеб лъай,-ян кагътида хъвана. –
Жавгьар борлъун, чIумалда кун ххе»,-ян тIаде жобан,
ТIобараб кагъатги хъван, къачIан хIадур гьабуна.

---

[1] Ай, рагъулъ къарал ханзаби.*

Гьелда хадуб васалгин ясал данде гьаруна,
Гьелъ киназего ратIлил цохIо форма лъутIана,
Цуцадаса ратIа гьел рахъизе лъаларедухъ,
БахIарал гIадин къачIан, къокъа гьезул гIуцIана.

Яги васазул форма ясалазда ретIана,
Ясазулин абуни, васалазда ретIана.
РетIел ретIиналда тIад риваят кIиго бачIун,
КIиябго гьаниб рехсон, дица баян гьабуна.

«Гъилманал – живаразул, живарал – гъилманазул
Гьаркьидалъун кIалъайзе жигар гьабе», – абуна.
Живаралгин гъилманал ратIа рахъизе лъайи –
Хъвана гьебги кагътида Сулайманий шартI гьабун.

Гьанжи досий битIизе сайгъат хIадур гьабуна,
Гьаб къабул гьабуни, дов хан вукIунин ракIчIана,
ГьабичIони, гьев наби вукIунилан абуна. –
Дос манлъараб гьабизе рекIел нийятги ккана.

РитIулел сайгъатазул сурсат гIемер букIана,
ГIанбаралъул, мискалъул, жавгьаргун якъуталъул,
Живаргин гъилманазул гIададгин къадаралъул
Къавлаби гIемер рукIун, дица мугъмалго тана.

Меседгин гIарацалъул щунус-нус кирпич гьабун,
Гьебги хIадур гьабуна Сулайманий битIизе.
БетIерлъун Мунзир гьавун, гьесий амро-нагью кьун[1],
Гьел нухда тIоритIизе Билкъис къватIий яхъана.

[1] Ай, гьесие манлъа-хъваял гьарун.*

Билкъисил сияхI босун, гъури гIадин хех боржун,
ГьебсагIаталда гьудгьуд Сулайманихъе щвана,
Сайигъатгун бачIунеб Билкъисил карманалъул[1]
Кинабниги хIакъикъат бицун, баян гьабуна.

Цинги Сулайманица щайтIабиги женалги –
Киналго данде гьарун, гьезде хIалтIи манлъана,
Меседгин гIарацалъул кирпич къотIизабуна,
ИчIго фарсах манзилалъ гьеб гIодоб тIибитIана.

ТIолалго роржунел жал, гIалхул хIайван, хIутI-хъомор,
Майдан сверун чIезарун, гIаскар гIадин гIуцIана.
ГIадамалги женалги жиндир хьолбохъ чIезарун,
Живгоги майдан бакьулъ тахида гIодов чIана.

БачIун Билкъисил карман майданалде лъугьана,
Месед-гIарцул кирпичалъ кенчIолеб гьеб букIана.
Гьеб кинабго бихьидал карман гIажаиблъана,
Жалго жедекьа нечон, гIодор къулун хутIана.

Къапилаялъул бетIер – Мунзир аскIуве вачIун,
Сулайманил кодобе Билкъисил кагъат кьуна.
Кагътида жанив ваккун, цIалун мурад босана,
Гъалмас кодобе босун, тIаде-гъоркье ваккана.

ТIаде щварав Жибрилас жаниб бугеб бицана,
Жавгьаргин чIум бугилан баян гьесухъе кьуна.
Гьеб бицун, Сулайманги Мунзириде кIалъана,
Рагьун жанив ваккидал, кIиябгоги батана.

[1] Ай, къокъаялъул.*

Жавгьар жинца борлъизе арзатун[1] разилъана,
Гьеб горелъул гьелъие гьунар гIолеб батичIо.
ЧIум куналда ххезеги дудалъ тIаде босана,
Сулайманил къварагIел кIиялъгоги тIобана.

ТIаде, гъилманаздаса живарал ратIа гьари,
Гьормал чуризе тIамун, гьебги тIобайзабуна,
БетIергьанас дий кьураб бечелъи гIун бугилан,
Билкъисил сайигъатги тIолабго нахъе чIвана;

«НахъчIвайзе, данде чIезе дур фурсат[2] рекъолареб,
Къуватал гIаскаралгун дун гьенив вайинчIого,
Исламалде ячIа»,-ян Билкъисиде абизе
Мунзирида тIадги къан, къокъа нахъе битIана.

Билкъисий Мунзирица Сулайманилгун ккараб
Кинабниги хIакъикъат, бицун, баян гьабуна.
Билкъисида Сулайман авараг вукIин лъана,
Эвгун къеркьани, жиндир жо кколареб бичIчIана;

Къавмалъул мулукалгун мунгин дур дин бихьизе
Дун духъе ячIинилан ракълилаб кагъат хъвана,
Кагъатгун расул витIун, ашрафал ракIарана,
АнцIила кIиазарго эл рукIанин бицана.

Цинги нахъарукъзабахъ жиндирго тах бахчана,
Кирталги тIаде рахан, тIад хIаррасалги[3] тана;
ТIаде чи веччагеян кутакаб гIадло лъуна,
ГIадло-низам цIунеян наибги цIакъ воркьана.

[1] ХIапаро.*
[2] Рес.
[3] Хъаравулзаби.

ТахбакIалда Сулайман цо къоялъ гIодов чIана,
РичIадаго гьечIого, чIурх лъураб хIур бихьана.
ХIур сундулдай бугоян гьикъа-бакъи гьабуна,
Билкъис ячIуней йигин жаваб гьесие кьуна;

«Гьей гьание щолелде гьелъул тахбакI гьанибе
Щойзе гьабизе гьунар лъил бугеб?»-ан гьикъана.
Гьоркьосан цо гIирфиталъ: дида кIолин ахIана,
Мун тIаде вахъинелде аскIуб лъелин абуна.

Гьелдасаги хех дие бокьун бугин абуна,
Асиф бину Бархия: дида кIолин вахъана –
Дуца къанщарал берал ралагьун рахъинелде
Дуда аскIуб тах дица лъезе бугин абуна.

Абухъего, Сулайман бер къанщун валагьидал,
Билкъисил чIухIараб тах аскIуб бачIун батана.
Аллагьас дир хIалбихьи гьабулеб батилилан,
Тах цебе лъун батидал, щукру бацIцIад гьабуна.

Билкъисил тахбакIалъе хиса-баси гьабуна,
Гьелда лъалищан бихьи мурадлъунги букIана.
Билкъисиде Сулайман, аскIуй щойдал, кIалъана,
«Гьадинабищ букIана дур гIарш?»-илан гьикъана.

Гьадинаб букIанилан, суалалда рекъараб
Билкъисица жаваб кьун, Сулайман разилъана.
Сулаймание суал кьезе Билкъисий бокьун,
«Бокьараб гьикъе»,-йилан гьелъие изно кьуна.

Зодосанги рещтIинчIеб, ракьулъанги баккичIеб –
БачIараб лъиналдасан Билкъисица гьикъана.

Гьединал суалазе Сулайман аварагас
Инсалгин женаздасан жаваб балагьулаан.

Гьездасан жаваб щойчIо, щайтIабазде гьикъана,
Гьез «Чу бекеризабун, гIетI байзабе», – абуна.
ГIиркъул хайли бугилан Билкъисий жаваб кьуна,
«БитIараб буго», – абун, гьелъги къабул гьабуна.

Гьелдаса хадуй Билкъис Исламалде ахIана,
Сулайманий жаваб кьун, гьелъ къабулги гьабуна.
Гьелдаса разилъана, лъадилъунги ячана,
ЙикIараб бакIалдаго маликатлъунги[1] тана.

* * * * *

Яманалъул ракьалда бищунго къуват бугев,
ШарахIбилан абулев цо хан вукIаравила.
Цогидал ханзабазул, бетIер барщад гьечIилан, –
Гьезулгун ригьин гьаби гьесие бокьичIила.

Жундузул хан – Саканил яс гьес ячарайила,
РайхIанат абураб цIар гьелда букIарабила.
Гьелъ, ячиндал, ханасе Билкъис гьаюрайила,
Билкъис горони, гьесий насло лъугьинчIебила.

Билкъисий, эмен хойдал, ханлъи къварагIанила,
Халкъалъулъ бикьиги ккун, цойги чи таравила.
Тун хадуб халкъалъе дос сахаб жо гьабичIила,
Жиги саяхъго хьвадун, квешго вукIаравила.

[1] Ай, ханлъун.*

Койшав хан теларилан халкъ данде чIарабила,
Ханлъиялъул гуч цIикIкIун, вахъизе кIойчIевила.
Вахъизе хIиллаялъе Билкъис ургъарайила,
Руччабазул макродул гьин досий гъурабила.

Досулгун ригьин гьаби бокьараб магIнаялда
Гъоркьан балъгояб хабар досде щойзабунила,
Досги цIакъго разилъун къабул гьабурабила,
Билкъисгун данделъизе къотIи тIобарабила.

Берталъе гIахьаллъизе гIемерал худдамалгун[1]
Ханасул минаялде Билкъис ягъаранила,
Къасе ханасда цебе хамроялъул[2] рагIги лъун,
Худамал киналгоги нахъе ритIаралила.

Рохалил сордолъидал, хамроялъул цIураб рагI
Ханас, чIобого гьабун, кIалагъоркье лъунила.
Лъавудаса гьев индал, гьесул бетIерги къотIун,
Билкъисица рокъобе нух берцин гьабунила.

Цинги ханасул бетIер, радал тIаде рахъиндал,
Рукъалъул нуцIида бан, далун батарабила.
Билкъисил ригьиналъул хIасил бихьараб халкъалъ
Ханасул хъулухъалде жийго тIамурайила.

[1] Худдамал – хъулухъчагIи.*
[2] Хамро – чагъир.*

# - ФАСЛО -

## СУЛАЙМАН АВАРАГ ХВЕЙ عليه السلام

Зияраталъ вачIарав ГIизраил-малайкасде
Сулайман аварагас жив холеб мех цIехана.
«Харнубатан абулеб гъойтI бижараб мехалда
Мун хойзе вуго», – абун, ГIизраилас абуна.

Байтул-Мукъаддасалъуб Сулайман аварагас
Сужда гъабунщинахъе гъойтI бижунеб букIана,
Бижанщинаб гъойтIалде «Мун сундуе дару?»-ян,
«Дуда цIар щиб кколеб?»-ан гьикъулебги букIана.

Гьаб пуланаб унтуе даруги дун бугилан,
Дида цIарги гьабилан гьелъ жавабги кьолаан.
Жавабги кагътида хъван, бахъун, Сулайманица
Цогидаб бакIалда гъойтI гъеян буюрулаан.

Гьеб хIалалда вукIаго, цо нухалъ, как балелъул,
Бижараб гъойтIалде гьес «Дур цIар щиб?»-ан гьикъана.
Харнубат дун бугилан данде жаваб гьелъ кьуна,
Жиндир гIумру къокълъараб Сулайманида лъана.

Бустаналда[1] гьеб гъеян амро жинца гьабуна,
Гьелъул манафигIалгун музирраталги[2] хъвана.
Мусрал жемун, черх чурун, хвалие хIадурлъана,
МихIрабалъуве лъугьун, гIансиде тIаде чIвана.

[1] Ахикь.
[2] МунфагIатал ва заралал.

ГIадамазда женазул гIилмуль-гъайб гьечIеб лъайзе[1]
«Женазда дун хваравлъи лъайзе тоге»,-ян абун,
Аллагьасде гьарулев Сулайман вугеб хIалалъ,
Малакул-мавтги вачIун, гьеб бакIалъулъ рухI босана.

Сулайманихъа хIинкъун, рухI бахъун жал хIалтIулел,
ТIадего рорхичIого, женаз лъагIел тIобана,
Балъгоял жал лъалилан гаргадулел рукIарал,
Гургинаб сон инегIан, гIетIулъ тIерхьун хутIана.

Сулайман тIаде чIвараб гIансида хIапара бан,
Бекун гьебгун гьев гIодов вортун хадув горони,
Халкъалъе балъголъаби рицуна жал рукIарал
Женазда, берда цеве хварав Сулайман лъайчIо.

Сулайманил рухI боссе ГIизраил вачIиналъул
Къисаялда тIасанги хилафал камун гьечIо.
Мурадги хIасуллъидал, бастIги[2] хIажат гьечIелъул,
Гьалда къокъ гьабун тана «БадаигIалъ» бицухъе.

Цо риваяталда гьев, нусиялда ункъого
Сон байдал, хваравилан хабар буго бицунеб.
Цойги риваят буго, кIикъоялда анцIила
Лъабго сон горони, гьес дунялалда байчIилан.

Давуд, гIалайгьи ссалам – инсул хобалда аскIув
Сулайман вукъанилан къилаялда бачIана,
Байту-ЛахIму абураб бакIалда вукъанилан
Буго цойгиги къила, Къадирасда лъикI лъала.

[1] Ай, жундузда бальгояб жо лъалареблъи гIадамазда лъайзе.
[2] БастI – гIатIидидго баян гьаби.*

# - ФАСЛО -

## ДАНИЯЛ АВАРАГАСУЛ ﷺ КЪИСАЯЛДАСАН КЪОКЪАБ БАЯН

Бухтанасар, тIадвуссун, Бабилалде щун хадув,
Ханасул тахбакIалда заманаялъ вукIана.
Макьу бихьун, цо нухалъ виххун, хIинкъун ворчIана,
ТагIбирчагIи ракIарун, гьеб къотIизе тIамуна.

ТIолгоял гIажизлъана, жаваб гьабизе лъайчIо,
Лъалев чи киссадаян Бухтанасар вукIана.
Гьеб заманалъ Даниял, Бухтанасарица лъун,
Туснахъалъув вукIана гьалмагъзабигун цадахъ.

Цинги Бухтанасарил макьил къиса рагIидал,
Макьил тагIбир гьабизе гьунар жиндир бугилан,
Даниял аварагас туснахъалда жанисан,
Жандармаги гьоркьов ккун, досде щойзе гьабуна.

Бухтанасарица гьев жиндихъ ваче абуна,
Вачун вачIун Даниял досда аскIуве щвана.
Даниял аварагас досий сужда гьабичIо,
ГьабичIеб щаян абун Бухтанасар кIалъана.

Сужда, Жиндий горони, гьабизе бегьуларин
БетIергьанасул дие амро бугин абуна,
Амроялъе хилифлъун сужда дица гьабуни,
Дий кьураб гIилму-хIикмат нахъе унин абуна.

Бухтанасарица цIакъ гIажаиблъи гьабуна,
Жавабалда ракIрекъон, данде инкар гьабичIо,

Амро тIобайзе гьабун, гIилмо тIадегIан гьаби –
Гьеб гIамал дур лъикI бугин лъикIаб калам гьабуна.

Гьанжи, макьу къотIизе лъалищилан гьикъана,
Гьикъаралъе жаваб кьун, бицинелде къотIана.
Бихьараб макьуялъул, къотIараб куцалъулги
Бицен дица гьабичIо, халалъизехъин букIун.

Бухтанасарил макьил тагIбир лъикIаб букIана,
ЛъикIаса гьеб къотIидал гьевги цIакъ разилъана.
Гьелдалъун Даниялги гьесул асхIабзабиги
Бухтанасар божарал уманаал лъугьана.

Гьеб захIмалъун, мажусал хIиллаялъе ургъана,
Эздасан мацI гьабизе Бухтанасарихъ ана.
Хъанчие гьез гIибадат гьабуларин бицана,
Гьелъие хъураб жоги кваналарин абуна.

У бугищ-гьечIищ лъайзе гьел аскIуре ахIана,
Гьикъа-бакъиги гьабун, лъайзе тIалаб гьабуна.
Гьез битIараб бицана, уяб бугин абуна,
Нежер лагълъи гьабулев – Аллагь вугин кIалъана.

Гьеб калам рагIарабго Бухтанасар хисана,
Хадуб, амроги гьабун, донкI бухъизе гьабуна.
Даниялгун щуго чи гьелда жанир рехана,
Гьезде тIаде къуватаб анкьго гъалбацIиги гъуна.

Адаб тараб куцалда калам гьездеги гьабун,
Гьениса Бухтанасар рокъове тIадвуссана.
Рокъоб хIалхьиги гьабун, ракъарал гъалбацIаца
Гъурарал дол рихьизе нахъеги дове ана;

Даниялгин гьалмагълъи, щибго ургъел гьечIого,
Рокъор гIадин, парахат гIодор рукIун рихьана.
ГIодор лъурал квачIазде тIаде бутIрулги реччан,
Берцинго аскIур регун гъалбацIалги ратана.

Гъозда цадахъ вукIинчIев цойги чи тIаде жован,
Анлъго вукIараб бакIалълъ анкьгоял гIун ратана.
Анкьабилев чи гьанив киса вукIарав абун,
Бухтанасаргун къокъа гIажаиблъун хутIана.

ТIаде жован ватарав, гъоркь вукIинчIев абуни,
Амро гьабун вачIарав цо малаик вукIана.
Цинги Бухтанасарил гьормада гьес хъат бана,
ГьебсагIат, гьомер хисун, сабугIлъун[1] жив лъугьана.

Инсанасулаб ракIгун гIалхул хIайванлъун сверун,
Бухтанасар гьеб хIалалъ вухIушазулъ[2] хьвадана.
Анкьго сон тIобайзегIан БетIергьанас гьедин тун,
Гьелда хадув ханлъуде тIадвуссине гьавуна.

Гьеб илагьияб къудрат жинда бихьун хадуса
Бухтанасар цIидасан Даниялгун рекъана,
Къавмалда жанисаго бищун хира гьавуна,
Мушавара гьабулев вазир гIадин вукIана.

Даниял аварагас макьил тагIбир гьабидал,
Гьелъул ахираб хIасил рехсохъе ккун букIана.
ХIата агьлул-китаби хилафалда кIалъана,
Иман лъун, гьев хванилан абулелги лъугьана.

[1] СабугI – гIалхул хIайван.*
[2] ВухIушал – гIалхул жанаварал.*

Гьанжиги мажусиял хIиллаялъе ургъана,
Икрамалда[1] Даниял теларилан лъугьана.
Гьесда тIасан мацI гьабун, Бухтанасарихъ ана,
Сардилъ лъел тIагьараталъ гьев вахъунин бицана.

Гьедин рахъин гьезие гIадаб жолъун букIана,
РадаллъизегIан гьеб ккой гьунарлъун рикIкIунаан,
Гьебги багьанадай ккун, балъго Даниял чIвазе
Бухтанасарил гIакъло мажусалгун цолъана.

Цинги гIемер койн гьабун, гьекъолеб жо хIадурун,
Даниял гIахьал гьавун, гьабуна цо данделъи.
Гьенир кванан, кеп гьабун, гьекъолес лълъарги борхун,
Гьеб сордоялъ киналго гьенир кьижизаруна.

Жив вугониги, къасе къватIив вахъарав инсан
ЧIвай абун, Бухтанасар баввабасде[2] кIалъана.
Буйрухъ къвакIараб кьуна, кьваризабун абуна,
Баввабги, кутакалда мутIигIлъун, гIенеккана.

Лъел тIагIарат хIалакун, яхI гьабизе кIойчIого,
ТIоцове Бухтанасар живго къватIив вахъана.
КъватIив вукIарав бавваб цIум гIадин тIад речIчIана,
ЧIваян букIараб амро бетIералде босана.

Бухтанасар хIинкъана, живго лъайзе гьавуна,
Дун Бухтанасар вугин баввабасде ахIдана.
Амро Бухтанасарил живги чIваян букIанин,
Дида мун лъаларилан баввабас койр биххана.

[1] Икрам – хиралъи-кIодолъи.*
[2] Бавваб – кIалтIа вугев хъаравул.*

Бухтанасар хоялъул хабар гьадин бицана,
Цойги риваяталда батIайиса бачIана.
БетIергьан-Аллагьасде хIакъикъатги тIамун тун,
ТIехьалда батаралъул цояб дицаги хъвана.

## ДАНИЯЛ ﷺ ХОЯЛДА ХУРХАРАБ КЪИСА

«Сус» абураб мадинат[1] Абу Муса АшгIари
БетIерлъиялда бугеб боялъ койрде босана,
Сабур абун цIар бугев гьелъул маликги[2] чIвана,
Мал-мулкалда койрги лъун, кинабго билагьана.

Гьесул хазинабазул халгьабун сверулелъул,
Рахан щула гьабураб рукъалде тIаде ккана,
Рокъоб бугеб хазина лъайзе тIалаб гьабуна,
ТIутIун кирталги рехун, жанирехун лъугьана.

Гьениб, бикIун гьабураб, ганчIил раса бихьана,
Расаялда жаниб лъун жаназаги батана,
Меседил кун бессараб, мусралги тIад жемараб,
ГIажаибаб, халатаб къаркъала гьеб букIана.

Гьесул мегIер борциндал цо рокьоги хадубги
Халалъи батанилан буго «ГIараисалда».
Сусалъул агьлоялда гьав чи щиван цIехедал,
Гьесул хIакъикъат бицун, жаваб гьадинаб кьуна:

Зодосан цIцIадал къотIун, ракъдаллъи ккараб мехалъ
ГIиракъалъул агьлоялъ гьасдалъун гьарулаан,

[1] Мадинат – шагьар.*
[2] Малик – хан.*

Гьев гьоркьов ккун, гьаридал гьезие цIцIад балаан,
Гьеб баркат гьесул букIин Сусалдаги лъалаан.

Сусалда цIцIадал къотIун, къварилъи ккараб гIужалъ,
ГIиракъалде заманалъ гьев чи кьеян гьарана.
Гьев гьоркьов ккун цIцIад гьари гьезул мурад букIана,
Гьари къабул гьабизе ГIиракъалъ инкар ккуна.

КIикъоялда анцIго чи рагьноялъеги[1] восун,
Сусалде гьев витIизе ГIиракъалъ рагIи кьуна.
Вачун гьаниве щвана, гьав гьоркьов ккун гьарана,
ГьебсагIаталъ цIцIадал ран, баракат тIибитIана.

ТIадвуссун ГIиракъалде гьев веччайзе бокьичIо,
Баркат жедейго бокьун, гьев гъоркь ккойзе рекъана.
Гьеб хIалалда, хойзегIан Сусалда гьев хутIана,
Хойдал, хазина гIадин, гьанивги лъун цIунана.

Гьадинаб къиса рехсон Сусалъул агьалиялъ
Абу Муса АшгIарил суал берцин борхана.
Амма гьалдаса тIокIаб гьесул хIакъалъулъ хабар,
ХIатта цIар лъалев чицин, гьезда гьоркьов ватичIо.

ЦIар лъаларев чиясул суалги жаниб босун,
Сус бахъиялъул рохел хъван кагъат хIадурана.
Халифалъун гьеб гIужалъ ГIумар-асхIаб вукIана,
Абу Мусал рисалат[2] гьесухъе битIун ана.

Гьеб кагъат кодоб щойдал ХатIабил ГIумарица
ЧIахIиял асхIабзаби киналго ракIарана,

[1] Рагьноялъе – гъоркьлъалие (залог).*
[2] Рисалат – кагъат.*

Кагъатги гьезий цIалун, цIар лъаларев чиясул
Лъалеб жого бугищан гьикъа-бакъи гьабуна.

Гьездасан жаваб щойчIо, лъалев чиги ватичIо,
Вахъун ГIали-асхIабас: дида лъалин абуна,
Аллагьасул авараг, расуллъун жив витIичIев, –
Гьев чи Даниял вугин гьезий баян гьабуна;

Гьавураб къоялдаса хойзегIан гьесул ккараб
Кинабгоги вакъигIат ГIумарие бицана,
Цинги Абу Мусахъе кагъат хъваян абуна,
Тажгьизалъул къагIида[1] – гьебги манлъун битIана;

Жаназалъул какги бан, Сусалъул агьлоялда
Кодов щолареб хIалалъ вукъейилан хъван ана.
Абу Мусаца кагъат, кодобе щун, цIалана,
Как бан, мусралги хисун, вукъизе хIадурана.

Сусалъул агьло тIамун, гIор цо рахъалъ къотIана,
Цинги гьениб хоб бухъун, хабалъ Даниял лъуна.
Хадуб гIор, нахъе бачун, букIаралъуб тIамуна,
ТIиналде Даниялил хобги ккезе гьабуна.

Гьесулин абулеб хоб Гьоркьохъеб Азиялъул
Самаркъандалда буго жакъасеб заманалда,
АскIусан билълъун унеб гьитIинаб гIорги буго,
Гьенире зияраталъ гIадамалги хьвадула.

[1] Ай, гьев вукъулеб къагIида.*

# - Ф А С Л О -

## ГІУЗАЙР АВАРАГАСУЛ ﷺ КЪИСАЯЛДАСАН КЪОКЪАБ БАЯН

Дунялалъул бащалъи жинца харабги гьабун,
Бухтанасар, тІадвуссун, Бабилалде унелъул,
Байтул-Мукъаддасалда умумул чІван хутІарав
ГьитІинав ГІузайирги асирзабалълъ вукІана;

Аллагьас тавфикъ кьурав, Таврат жинца цІаларав,
ЦІодорлъиялъ бакІ ккурав, гьунар бугев вукІана.
Бухтанасар хойзегІан Бабилалда хутІана,
Хадусан ватІаналде тІадвуссине рес щвана.

Рес рекъараб хІал ккедал, ГІузайир хІадурлъана,
ХІамаялдаги рекІун, сапаралде вахъана,
Дажлат гІурул рагІалда цо бакІалде рещтІана,
Росу букІун, чІунтарал чІвадал гьенир ратана.

ЧІагояв гІадамасде ГІузайирил бер щойчІо,
ГІажаибаб куцалда паналъун гьеб букІана.
Гьениб батун пихъ кванан, цІибил цІцІун, жа гьекъана,
Гьекъон-кванан хутІараб хІамаялда тІад къана.

«ТІадегІанав Аллагьас гьаб чІаго гьабулебго
КингІаги?»-ян ГІузайир живго жинде кІалъана.
Жаббарасул гьеб къуват пикрабалъ тагІзимлъидал[1]
ТагІажжубан[2] абураб рагІиги гьеб букІана.

---

[1] Ай, кІодолъун бихьидал.*

[2] Ай, Аллагьасул гьеб къуваталъулъ гІажаиблъи гьабун абураб рагІи букІана, Аллагьасда киса кІолебан абураб мурад-къасд букІинчІо.

Гьениб бухьун хIамагун, хIалхьиялда вегана,
РахIаталда макьу щун, парахат кьижун ккана.
Кьижун ккараб бакIалда Халикъас рухI босана,
Нусго соналъ жаназа гьеб бакIалда букIана;

БетIергьанасул къуват гIорхъи гьечIеб бугелъул,
Гьебщинаб заманаялъ чIаго гIадин цIунана.
ЧIагояб махлукъалъул беразда хIижаб гьабун[1],
ХIамаги ГIузайирги рихьизеги реччайчIо.

Нусго сон тIобан хадуб, Халикъас ГIузайирил
ГIаданиб рухIги беччан, бетIер чIаго гьабуна.
Гьелда хадуб черхалъухъ валагьеян абуна,
Бихьулаго къаркъала, сан-санккун, чIаголъана.

ВачIун Жибрил-малайкас «Мун кигIан заманаялъ
Гьанив чIун вугев?» – абун, ГIузайриде гьикъана.
Къоялъ, яги къоялъул багIазалъ чIун вугилан,
Бакъалъул халги гьабун, жаваб гьасги гьабуна.

ЗухIаялъул гIужалъулъ ГIузайр кьижун вукIана,
ВорчIараб мех – къоялъул бакъанил гIуж батана.
Жабраил-малаикас ГIузайр аварагасде
Нусго сон дуца гьаниб бахъанилан бицана.

Цинги, дурго гьаб хIамихъ валагьеян абуна, –
Бухьун букIараб бакIалълъ бахъун чIун гьеб бихьана.
Гьелда тIад къан букIараб пихъгин гIасиралъулги[2]
СагIат гьоркьоб арабгIан хисараб жо батичIо.

[1] Ай, халкъалъул беразда пардав гьабун.*
[2] Ай, цIибил цIцIун бахъун, гьекъон нахъе хутIун букIараб жо.

БетIергъанас Жиндирго къудрат бихьизабуна,
БагIсгиму нушуралда[1] щаклъиги тIаса ана,
Щаклъи бегъун гьабураб калам букIинчIониги,
Нуралде тIаде нур лъун, якъинги щулалъана.

Нусго соналъ цевеккун вукIаравго ГIузайир,
РекIун хIамида тIадгун, ватIаналде къокъана.
Къаряталъул агьлоялъ инкар гьесде гьабуна,
Дун ГIузайир вугилан абуниги божичIо.

Жиндирго букIараб бакI балагьизе лъугьана,
Нусиялда къого сон барай кIодо ятана.
Берада канлъи гьечIей, заманаталъ[2] черх ккурай,
ЗагIипай, цIакъ гIажизай кIодоги гьей йикIана.

«Гьаб бакIал ГIузайирил гьечIищ?» – абун гьикъана,
Щаклъухъего гьабураб каламги гьеб букIана.
КIодоца: «У, буго»,-ян данде жаваб гьабуна.
Дун ГIузайир вугилан тIаде гьасги жобана.

ГIузайир гьечIелдаса нусабго сон анилан,
Гьесул рехсей гьабулев чигицин вихьичIилан,
ГIузайирил рагIуде кIодоца иман лъечIо,
У бугеб-гьечIеб лъайзе гьесдехун гьикъардана.

«Мун ГIузайир ватани, Аллагьасдеги гьарун,
Гьал дир беразул канлъи тIадбуссине гьабе»,-ян,
Мустажабу ддагIвати[3] дов вукIанилан абун,
КIодоца гьесда цебе чIванкъотIун суал лъуна.

[1] Ай, Къиямасеб къоялъ тIаде рахъине гьариялда.
[2] Ай, собарай чIужу йикIана.
[3] Ай, дугIаялъе жаваб гьабулев вукIанин.

Нусго соналъ цевеккун гьалда ГIузайр лъалаан,
ГIузайирил амат[1] гьей йикIанилан абуна.
ГIумру гьелъул доб мехалъ къого сон букIанилан
Буго «ГIараисалда», Аллагьасда лъикI лъала.

КIодое дугIа гьабун, беразда койр бахъана, –
Канлъи бачIун, унти ун дунял гьелъий къалъана.
«Къуми би изниллагьи тагIала»,[2] -ян абуна,
Абигун тIаде яхъун, чу гIадин йилълъанхъана;

Мун ГIузайир вугилан, берчIварабго, абуна,
Эсдаса щаклъиги ун, шагьадатгун кIалъана,
Гьанжи, ГIузайрги вачун, гьесул авладал[3] ругеб
Авалалдеги ячIун, рохел гьезий бицана;

Гьав, нусго сон хунги бан, хадув чIагоги гьавун,
Гьанжи вачIун вугилан къиса баян гьабуна,
Гьас гьабураб дугIаялъ гIажизлъи тIаса арай
Дунги – ножор кIодоян, нугIлъи гьабун, кIалъана.

НугIлъи гьалъ гьабун хадуб ГIузайирил вас, вахъун,
Инсул бугьналогода гьоркьове валагьана.
Гьениб цIияб моцI гIадаб, кьер чIегIераб гIаламат
ГIузайирида букIун, васасда эмен лъана.

Исраилазда гьоркьоб кIудияб рохел ккана,
Киназго къабул гьавун, гьесда сверун руссана.
Гьелгун цадахъ ГIузайир заманаялъ вукIана,
Заманалъул гIорхъи-хIадд БетIергьанасда лъала.

[1] Амат – гъараваш.*
[2] Ай, «Аллагьасул изноялдалъун тIаде яхъа»,-ян абуна дугIаги гьабун.
[3] Ай, лъимал, лъималазул лъимал ругеб авалалде ана.

Муса аварагасул Таврат гьезухъ букIана,
Гьелъ манлъараб куцалда хьвадулелги рукIана,
Дагь-дагьккун Тавраталда гIамал гьаби жибго тун,
Жодоего бокьухъе хьвадизе байбихьана.

БетIергьан-Аллагьасул ццин бахъин гьезде щвана,
Щибго жо хутIичIого, Таврат гьезда кIочана.
Жодохъ букIараб Табут, гьаваялдеги босун,
Гьелдасаги Аллагьас махIрумаллъун гьаруна.

Гьаб хIалалъ, Таврат кIочон, исраилал хутIидал,
ТIадбуссине гьабун гьеб ракIазулъе тIейилан,
РахIманасда цеве чIун, хIелхIедун дугIа гьабун,
ГIузайир аварагги гьардолев вукIунаан.

Гьедин дугIа гьабеян бану-исраилазул
ГIалимзабадехунги амро гьабун букIана.
Аллагь хIалимавлъидал, хIелун гьабураб дугIа
ГIузайирил къабуллъун, натижат хIасуллъана:

ТазаррyгI-хушугIалда Халикъасда цеве чIун,
Цо нухалда ГIузайир как байзе къачIадана.
Какда жанив вукIаго, зодоса гIодоб бачIун,
ГIузайирил ургьибе гьайбатаб нур лъугьана.

ГьебсагIат батIин[1] гвангъун, Таврат ракIалде щвана,
КIочон букIарабщинаб каранда расхулъана,
Бану-исраилазде ахIун, гьаркьал гьаруна,
Аллагьас жиндир рекIелъ Таврат лъунин бицана.

[1] Ай, ракI гвангъун.*

Цинги исраилазда тагIлим-тадрисалдалъун[1]
Таврат лъайзе гьабизе цIидасан байбихьана.
БукIарабго куцалда, камилаб тартибалда
Таврат ГIузайирица тIибитIизе гьабуна.

Гьелда хадуб гьезухъе цебесеб Таврат щвана,
Щвараб куц руватаца[2] хилафалда бицана.
Цояз, жаниб Тавратгун зодобе ун букIараб
Табут тIадбуссун бачIун, щварабилан абуна.

Умумуз ракьулъ бахчун букIараб Тавраталъул
Хабар лъалев чи ватун, гьениса бахъанилан –
Гьаб риваятги буго «ГIараисалда» бицун,
ГIалламуль-Гъуюбасда лъала гьелъул хIакъикъат.

Гьеб щвараб куц нелъее кинаса батани щиб,
Басрияб Таврат гьезухъ щун букIин баянлъидал,
Басриябги цIиябги – кIиябго Таврат босун,
Бану-исраилаца тафахIхIус[3] цIакъ гьабуна.

Гьеб кIиялдаго гьоркьоб щибго хиси батичIо,
Щибаб хIарф кIиялъулго цохIо гIадин батана.
Цинги ягьудияца гIажаиблъи гьабуна,
Гьав ГIузайр Аллагьасул вас вугилан абуна;

Васлъун вукIун горони, Аллагьас гьасул рекIелъ
КIочон букIараб Таврат лъолароанин чIана,
Аллагьасде батIулаб сипатги гIунтIизабун,
ГIузайир вецциялъулъ гIорхъолъаги рорчIана.

[1] Ай, дарс лъун, малъун.*
[2] Руватал – бицунел чагIи (тарихалъул гIалимзаби).*
[3] Ай, цIакъ халгьабун балагьана кIиялдаго гьоркьоб хиси батулищан.

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَقَالَتِ ٱلْيَهُودُ عُزَيْرٌ ٱبْنُ ٱللَّهِ وَقَالَتِ ٱلنَّصَٰرَى ٱلْمَسِيحُ ٱبْنُ ٱللَّهِ ۖ ذَٰلِكَ قَوْلُهُم بِأَفْوَٰهِهِمْ ۖ يُضَٰهِـُٔونَ قَوْلَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ مِن قَبْلُ ۚ قَٰتَلَهُمُ ٱللَّهُ ۚ أَنَّىٰ يُؤْفَكُونَ ﴿٣٠﴾ ﴾ التوبة : ٣٠

ГIорхъи бахараб сипат ГIузайирие гьабун,
Ягьудиял къосарал Къуръаналда бицана.
Къец гьабун чи бергьинчIев Аллагьасул Каламалъ
Куфруялъул къабихIлъи къватIиб чIвайзе гьабуна.

«Къасидатуль-бурдаталъ» танбигьалде рачана,
Гьеб сипат ХIабибасе бегьунгутIи бицана. –
«ДагI ма-ддагIатгьу ннасара фи-набиййигьими
ВахIкум бима шиъта мадхIан фигьи вахIтакими» –

ХIабибасул заталде, гьесул къадроялдеги
Дудаго хIалкIварабгIан хиралъи гIунтIизабе:
«Фансуб ила-затигьи ма шиъта мин-шарафин
Вансуб ила-къадригьи ма шиъта мин-гIизамин» –

ГIаламалъулго султIан – Расуласул хиралъи
Халкъалъул кIал-мацIалда рехсезе хIал кIоларо,
«Фаинна фазла Расулиллагьи лайса лагьу
ХIаддун фаюгIриба гIангьу натIикъун би фамин»[1] –

Нелъеца кIодо гьави – кIудияв ХIабибасе
БахIрул-МухIитIалдаса тIири гIадаб жо буго,

[1] Ай, гьал гIараб байтал МухIаммадул Бусириясул руго. Абулеб буго: «Ягьудияз ГIузайр аварагасе гIадаб сифат нелъер Аварагасе гьабуге, амма гьев вецце, лъил кигIан хIал кIваниги», – абун.

Ралъадал щакъи лъугьун, рохьал къалмаллъун рахъун
Хъвадараниги, гьесул къадро лъайзе кIоларо.

Къуръаналда Аллагьас: «ХIакълъунго, мун ла-гIала
Хулукъин гIазим», – абун къадро ТIагьал бицана.
«Инна – хIакълъунго Дица – арсалнака рахIматан
Лиль-гIаламин», – абураб цойги аят бачIана.

Аллагьас гьал сифатал жиндий гьарун хадуса,
Халкъалъ кин бицаниги, гьалда барщалъиладай?
БетIергьанас Жинцаго веццарав АхIмадие
Дунни нахъе къаларо къимат хIалкIвараб кьезе.

Кьерхараб гьава букIун, бихьуларогойилан,
Бакъ зодоб букIиналда диени щаклъи гьечIо.
«Лима, кайфа»[1] абиги дир умумулъ батичIо,
Эз бегьизе гьабураб – гьеб – диеги нух буго.

ДагIбадун чIел босиги – Исламалъул нух горо,
Аимматаз бицараб – дун гьелда нахъа вуго.
Гьезда тIасан рахараз СиратI бахин щак буго.
Щукру – БетIергьанасе, гьеб гIамал дие кьечIев.

ГIемерго къвакI-къвакIиялъ рекулел цоял руго,
Цинги, цIакъго тамахлъун, гьетIун цогидал руго.
Гьоркьохъеб хIал цIунизе хIаракатгун дун вуго,
ХIакъикъат битIун лъалев – цого-цо Аллагь вуго.

Цойги, дун чIолеб майдан савадул-агIзам[2] буго,
Элгун цадахъ вугони, витIун ккезе хьул буго.

[1] Ай, «Кин, щай?» – абураб жо аби дир остарзабазул батичIо.
[2] Ай, агьло-суннат.

ТIарикъаталъул агьло – дир уманаал[1] руго,
Эзул сайро-сулукги[2] – дун божарав нух буго.

Дийго комек гьабулеб гьалмагълъи хIажат буго,
Гьунар дагьав дун – пакъир дозул лъаркIда нахъ вуго,
Дозул баркат-шафагIат щойчIого тогейилан
Таввабун РахIимасде хIели-гьариги буго.

Гьарулевги кьолевги – Дов вуго, цойги гьечIо,
Цогидалин абуни, васитIаби рукIуна.
ВаситIаби гьоркьор ккун, гьаризе бегьуларез
Доз кьураб жо босизе бегьулебгIаги киндай?

«ГIилму ннафигI кье» – абун Аллагьасде гьарани,
Гьеб дугIа къабул гьабун, жавабги дуе щвани,
Гьеб гIилмо дуе кьезе Дов Живгойищ вачIунев,
Яги мун Дос гIалимгун дандчIвазейищ гьавулев?

ГIалим-гIариф гьоркьов ккун, гьаризе бегьулареб,
Гьеб гIилмо дозде гьари кинха дуе бегьулеб?
Дудасан гIилмо гьарун тIалиб духъе вачIиндал,
Аллагьасде гьареян гьев щайха нахъчIваларев?

Гьанжи дур гIадалзул нах хIамил гьечIеб батани,
Гьабеха, гьудул, пикро дурго гIакъидаталъул,
ГIадамасде гьаруге, гьарарасеги кьоге,
Рехун зодоса гъоркье бачIинегIан чIун вукIа.

БекьичIого хур лъилъе, лъин гьечIелъур гьабал рай,
Гьез ххараб гIатI цIунизе чIепал щулиял гьаре.

[1] Ай, дир божарал чагIи руго.
[2] Гьезул хьвад-чIвади, гьезул нух.*

Ширк дуй бегьуларелъул, дару тIалаб гьабизе
ТIабибасухъеги[1] мун, вореха, ине горин!!!

Абухъе, инсанасда рокьи бугеб харбие
Ахир лъезе лъангутIи – хIакъаб ргIи батила.
ХIущал хъвайзе къасдалда къалам кодоб босидал,
Дунги, кинабго кIочон, гьелъулъ паналъун ккола.

Гьанжи тавбо гьабизе тIалъараб хIал батула,
ХIузур хвараб ракIалда гIайиб чIвазе вортула,
ГIадада борчIун араб заманалда пашманлъун
Щвараб ресалда рекъон пайда боссе лъугьуна.

[1] ТIабиб – тохтур.*

# - Ф А С Л О -

## ЛУКЪМАНУ-Л-ХIАКИМИЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Лукъман вуго – Аллагьас, гIамал гьабигун цадахъ,
ГIилмогин гIакъло кьурав хIикматазул бетIергьан.
«ХIикмат» абураб рагIул магIнаби гьарулелъул,
Гьеб лъабабго данделъи гьелъие шартI гьабуна.

Гьесул насаб-тухумги хилафалда бицана.
Бицадул гIемерисеб гIабдун асвад[1] бачIана.
Авараг вукIанилан абуралги лъугьана,
Ибну ГIаббасидасан вукIунгутIиги чIана.

Лукъманил касбо-пиша: вехь вукIанин абуна,
Нажжар[2] вукIаравилан бицаралги лъугьана.
Цо пуланаб къоялъ гьев къаде кьижун вукIана,
Макьилъ «Я Лукъман!»-илан ахIун гьаракь гьабуна.

«Бокьилищ дуй ракьалда халифалъунги гьавун,
Ан тахIкама байна ннаси биль-хIакъкъи?»[3],-ян гьикъана.
Гьаркьие жаваб гьабун, «Ин хайярани Рабби
Къабилтуль-гIафията», – Лукъманица абуна;

БетIергьанас ихтияр дихъе кьолеб бугони,
Ракьалда халифалъи бокьиларин абураб

[1] ЧIегIерав лагъ.*
[2] ЦIулал остар.
[3] Ай, «Халкъалда гьоркьоб битIаралдалъун хIукму гьабизе халифалъун бокьилищ?»

МагIнаялда гьабулеб гьесул калам рагIидал,
«Лима[1], я Лукъман?», – абун малайкзабаз гьикъана.

Лукъманица гьезулги гьаркьий жаваб гьабуна,
Жиндир рекIей бокьараб баян гьабун, кIалъана.
Гьаб дунялалъул рокъов ханлъун вукIиналдаса
Басраго хьвади дие бокьилилан абуна.

Ахират кIочон толеб кIодолъи Лукъманица,
ГIакъло камилав вукIун, бокьун тIаса бищичIо.
Берцинаб гьесул кIалъай, гьуинаб калам-рагIи
РагIидал, малайкзабаз гIажаиблъи гьабуна.

Гьелдаса хадув Лукъман цойги нухалъ кьижана,
Кьижаралъуб Аллагьас рекIелъе хIикмат тIуна,
ХIикматалдалъун калам гьабулаго ворчIана,
Гьаб къиса къокъго гьабун, хIасил дица босана.

Цинги гьалдаса хадуб Давуд аварагасде
Гьадабго къагIидалда добго гьаракь бачIана.
Ракьалда халифалъи гьесие къабуллъана,
Лукъманица гьабураб шартIиги жинца гьабичIо.

Лукъманул-ХIаким гьесухъ зияраталъ унаан,
Зама-заманалдасан кIиявго дандчIвалаан.
Давудица цо нухалъ Лукъманида хIайранлъун,
ХIикмат баркун досдехун: «ТIуба лака»[2], – абуна.

[1] «Щай?» – абун гьикъана.
[2] Ай, «Дуе кьураб хIикмат барка», - ян абуна.

**وكان لقمان يوازره بحكمته فقال له داود : طوبى لك يا لقمان أعطيت الحكمة وصرف عنك البلاء وأعطي داود الخلافة وابتلي بالبلية والفتنة . «عرائس» صـ ٣٠٦**

Лукъман мамлюказда[1] гъорлъ бищунго саййидасда
АскIув гIодовегIанав вукIаравин абула,
Ахикьа пихъ босеян саййидас гьалмагълъигун
Гьев витIидал ккаралъул хIасил гьадинаб буго:

Гьениса пихъги босун, нахъруссун рачIунаго
Нухда гьез пихъги кванан, Лукъманиде рехана.
Лукъман саййидасдехун, гьеб захIмалъун кIалъана,
КIигьумерчи аминлъун вукIунарин абуна.

«Эзиеги диеги гьекъезе хIамимги[2] кьун,
ХIалбихьи гьабе»,-йилан саййидасде манлъана.
Саййидас, хIамимги кьун, гьекъезе гьел тIамуна,
Гьекъон хадуб кколеб жо щибдаян балагьана.

Гьаз квараб пихъ лагIана, гьереси къватIиб чIвана,
Лукъманица абуни, лъин гореб жо лагIичIо.
Лукъманил хIикматазул каву гьениб къирана,
Гьесул сидкъу, аманат[3] саййидасдаги лъана.

Цойги нухалъ Лукъманил хIикмат загьирлъараб куц:
Гьевги къватIив тун, саййид халаалъуве[4] ана,
Халаалъуса къватIив вачIине гьев кватIана,
Гьев кантIулеб насихIат Лукъманица гьабуна.

---

[1] Мамлюк – лагъ.*
[2] Ай, бухIараб, гьалараб лъин.
[3] Сидкъу – ритIухълъи; аманат – божилъи.*
[4] Халаъ – хIажатхана.*

Гьенив жанив кватIани, тIул унти, давление,
Даул бавасиралъул[1] унти кколин ахIана.
ХIикматалда гьабураб гьесул пайдаяб калам,
Пайда гIаммаб букIине, саййидас къеда хъвана.

ГIиял жо хъойзе Лукъман цойги нухалъ тIамуна,
«Би-атIяби музгъатайн[2] босун вачIа», – абуна.
Бахъун чахъдал ракIгин мацI саййидасе гьес кьуна,
Гьаб кIиябгогIан лъикIаб сан гьечIилан абуна.

«Цогидаб чахъуги хъун, биахбаси музгъатайн[3]
Босун вачIа»,-ян абун, саййид гьесде кIалъана.
Гьеб чахъуги хъун, добго ракIги мацIги бахъана,
Босун гьеб кIиябгогун саййидасухъе ана.

Саййидас Лукъманида: «Гьаб цохIого музгъатайн,
Бищун лъикIабгин квешаб кин букIунеб?» – гьикъана.
Лукъманица: «ЛъикIлъани, гьаб кIиябгогIан лъикIаб,
Квешлъанани – кошабги сан гьечIин», – жаваб кьуна.

Гьебго хIалалда Лукъман, халкъги сверун бакIарун,
Бакьулъги чIун, гьезие вагIзаялда вукIана.
ВачIун, цояс вагIзачи щивдаян хал гьабуна,
Халкъалда гьоркьов чIарав Лукъман гьесда вихьана.

Вехьлъун пуланаб бакIалълъ мун вукIинчIищан абун,
Щаклъухъего гьев чияс Лукъманида гьикъана.
Лукъманица, вукIанин, жаваб гьесий гьабуна,
Гьаб хиралъи дуй щвараб щибунин суал кьуна.

[1] Дауль-бавасир – басур унти (геморрой).*
[2] Ай, «Бищун лъикIаб, гьуинаб кIиго кесек босе»,-ян абуна.
[3] Ай, бищун квешаб кIиго кесек.

«Адауль-аманати ва тарку ма ла ягІни
Ва сидкъуль-хІадис»[1],– абун, жаваб гьелъийги кьуна.
Гьадинал вакъигІатал Лукъманил дагьал гьечІо,
Гьел киналго рехсезе фурсат[2] дир рекъоларо.

Лукъманил хІикматазул ралъад гъваридаб буго,
Гъолъул тІинде раккизе гъаввасал[3] къваригІуна.
РагІалдасан койр бегьун, щваралда гІейги гьабун,
Гьанжи дагьаб рехсезин гьесул васийятазул:

Васги лъадиги гьесул капурал рукІанилан
«РухІуль-баян» абураб тІехьалда бицун буго,
Цинги гьел Исламалде ахІизе мурадалда
Лукъманица гьезие вагІзаби гьарун руго.

ВагІзабазул байбихьи бищунго кІвар цІикІкІараб
Ширк бегьунгутІиялъул аслоялда букІана,
БетІергьанас тІоритІун, вагІзабазул асар щун,
Васги лъадиги гьесул Исламалде рачІана.

Аллагьасдаса хІинкъи дуца тижаратлъун[4] ккой,
Тижараталъул хайир къай гьечІого бачІина.
Хварав чи вукъизе а, гьелъ хойл ракІалде щойла,
Бертабалъе хьвадани, дунялалъ хадув цІала.

Радакье тІаде бахъун хІелеко гІигІидидал,
Гьелдаса гІажизавлъун кьижун босада чІоге.

[1] Жинда божун тараб жоялъе рекІкІ гьабунгутІи, жиндие кколареб къварагІел гьечІеб жо жибго тейи, битІараб бицин.*
[2] Фурсат – рес.*
[3] Ай, водолазал, масала.
[4] Тижарат – даран-базар.*

Метер гьабизейилан тавбо нахъе бахъуге,
Тохлъукьего бачIунеб гIажал нахъа бугелъул.

ГIилмодул мажлисазда гIахьаллъизе яхI бахъе,
ХIукамаазул калам рагIизе жигар гьабе,
Ракъдалаб ракь цIцIадаца чIаго гьабулеб гIадин,
Нуруль-хIикматалъ[1] хварал ракIал чIаго гьарулин.

Дуда лъалареб гIилмо лъайзе тIалаб гьабуге,
Лъаралда гIамал гьабун хадусала горони.
Дуниял – ралъад буго гIемерав чи гъанкъараб,
Такъва-ллагь[2] гамалъун ккой, хвасарлъи дуйго щойзе.

Дуда батараб мехалъ Аллагь рехсолеб мажлис,
Мун гьеб тун нахъе унге, эзда гьоркьове лъугьа.
РахIматалъул балагьи БетIергьанас гьабидал,
Гьезий щваралъул бутIа дуйгоги насиблъизе.

Дуца ричIада гьабе, воре, аскIуве къаге
Аллагь рехсеялдаса гъафулаб мажлисалде,
Гъабаватги[3] цIикIкIина, ракIги дур биццалъила,
Щцин бахъин гьезде щвани, гьоркьовги хутIиларо.

Аткъияал[4] горелаз тIагIамги дур кванаге,
ГIалималгун умурал дандралевлъунги вукIа,
Дуца дур мацIги куце «Аллагьумма игьфир ли[5]»
Абураб калималда даимаблъун букIине.

[1] ХIикматалъул (гIилмоялъул) нуралъ.*
[2] Аллагьасдаса хIинкъи.*
[3] Ай, къосин.
[4] Аллагьасдаса хIинкъарал чагIи.
[5] «Дуца дир мунагьал чуре, БетIергьан!»

Дица гьаб дунялалда бакIабщинаб жоялъул
БаччичIеб жо хутIичIо, махх-гамачIалде гIунтIун,
Койшав, санагIат гьечIев мадугьалгIан бакIаб гьир
Гьаб дунялалъул рокъоб дида щибго батичIо.

Дица чIамун къулчIичIеб мирарагти[1] хутIичIо,
Мираратуль-факърогIан[2] захIматаб данде чIвайчIо.
ХIикматалъ мискинзаби гIодор чIезе гьарула
ЧIахIиял ханзабазул мажалисазда гьоркьор.

РакIги дур къосун букIун, кIодо гьавизе гIоло
ГIадамазда гьоркьов мун такъиявлъун[3] вукIунге.
Воре, налъи гьабуге, гьелдаса вацIцIадго чIа,
Гьеб дуй къад – гIодовгIанлъи, къасе сардида – ургъел.

Дунялалде жанив мун гъуждул гурун лъугьунге,
Гьелъ дур ахираталъе зарал гIемер гьабулин.
ГьабичIого дуниял рехунги дуца тоге,
Халкъалъулъ хIурмат гьечIев гIаяллъун[4] мун хутIулин.

АхIмакъгун дагIбадизе, гIуламаалълъ чIухIизе,
ГIадамазулъ машгьурлъун, рецц-бакъ тIалаб гьабизе, –
Гьал мурадазе гIоло гIилмо дуца цIалуге,
ГIалламуль-Гъуюбасда дур батIин бихьулебин.

БацIгин чахъдада гьоркьоб букIунареб кинигин,
Койшасдагин лъикIасда гьоркьобги вацлъи гьечIеб,

[1] Ай, кьогIлъи.
[2] Мискинлъиялъул кьогIлъигIан.*
[3] ЛъикIав чиян ккезе гьабун.*
[4] Ай, мискинавлъун.

Дуца лъоге дур бирру илла гIинда рагIигьи[1], –
Гьал ратIа рахъизени гьанжи киса хIалкIолеб.

Я дир вас, ахяразе мун вукIа гIабд кинигин,[2]
Ашраралгун[3] гьудуллъи гьабуге киданиги.
Дуца тIалаб гьабуге дудаса мугъ бараб жо,
Данде буссун бачIараб кIвар гьечIогоги тоге.

ГьитIинго адаб манлъун, дуца лъимал куцани,
КIудиял гIун хадуса гьездасан лъикIлъи щойла.
Лъималазе умумуз таъдибалъе[4] кьабиги
Ракьалъе чара гьечIеб цIадалда релълъон буго.

Сардил авалалда мун сапаралъги вахъунге,
Сордо бащалъун хадуб вахъиналда тIадги чIа.
Ва сафир бисайфика[5] сафар хвалченгун бухье,
Чалма къан, хуффал[6] ретIун, кьоло-гъолонги вахъа.

РокIкIенгун гIебу гIадал, койн-тIех лъолел алатал –
Элги россе кIочонге сафаралъ вахъунаго.
Нагагь, гьалмагълъиялъе, я дуйго къварагIани,
Дару-дарманги цадахъ босизе кIочон тоге.

Даимго ургъалида нафсги хурхинабуге,
Хасго пашманлъиялда ракIги машгъул гьабуге,
БетIергьанас дуй кьураб ризкъиялда разилъе –
РакI рахIатаб, роцIараб гIумру дуца гьабила.

[1] Ай, «ЦIунулев чиясде горони манлъуге», – абураб мурад.
[2] Ай, лъикIазда аскIов лагъ гIадин вукIа.
[3] Квешазулгун.
[4] Ай, адабалъе.
[5] Ай, кодоб лебаллъи букIа сафаралъ вахъунаго.
[6] МахIцаби.

Дунялалъул бечелъи дуе бокьун батани,
Чидар кодоб бугелде хьул лъолевлъун вукIунге,
Хьул лъейигин мугъчIвайи БетIергьанасде букIа,
Гьес сабаб рекъезабун, ризкъи данде бачIина.

Дуца лъикIлъиги гьабе гьелъул агьло халгьабун,
Агьло горелъуб ккани, гьеб гIадада холебин,
Дунялалда боцIиги, ухраялда кириги
Ками горони, дуе хайирги щоларебин.

БоцIи-мал чамгIал гьабун, мубаззирлъи гьабуге[1] ,
Гьеб кинабго къан ккурав къатирлъунги[2] вукIунге.
КIиябго рахъ цIунарав мукъгасидлъун[3] вугони,
ВукIина мун бищунго беццараб хIукмуялда.

«ХIикмат» абураб рагIул магIнаби гIемер руго,
ГIарифунал гьелда тIад батIа-батIа кIалъана.
БитIараб, хIакъаб куцалъ мавжудатал жинда лъай,
ЛъикIабщинабги гьаби – гьеб хIикматин абуна.

«ХIужжатуль-Ислам» - илан агьлуллагьаз цIар кьурав
Имам Гъазалиясни шархI мухIканаб гьабуна.
Щибго нахъе течIого, киналго ашъяал лъай,
Аллагь лъайи гьечIони, гьес хIикматлъун рикIкIинчIо.

МагIлумалъул[4] халгьабун гIилмо хиралъулелъул,
ГIулумазул бищунго тIадгIанаб – хIикматлъидал,

[1] Ай, пасат гьабулевлъун вукIунге.
[2] Бахилав, ккурав.
[3] Гьоркьохъеб къагIидаялда.
[4] Ай, жиб лъайи тIалаб гьабулеб жоялъул хиралъиялда рекъон букIуна доб лъай тIалаб гьабиялъул гIилмо.

ТIадегIанав Аллагь лъай жиндилъ гьечIони, инсан
Гьеб цIаруй мустахIикъав вукIунарин абуна.

Аллагь лъалев вугони, гьев чи хIаким вукIуна,
Расмиял гIулумазулъ загIипав вугониги.
ГIарифасул каламги хилафалда букIуна,
Халкъалъул каламалде дандего бачIунареб.

**قال الامام الغزالى رحمه الله : من عرف جميع الاشياء ولم يعرف الله لم يستحق أن يسمى حكيماً لانه لم يعرف أجل الاشياء وأفضلها والحكمة أجل العلوم وجلالة العلم بقدر جلالة المعلوم ولا أجل من الله ومن عرف الله فهو حكيم وإن كان ضعيف المنة فى سائر العلوم الرسمية كليل اللسان قاصر البيان فيها ومن عرف الله كان كلامه مخالفا لكلام غيره ... الخ «روح البيان» جـ ٧ ، صـ ٧٣**

Авлияазе хIикмат вагьбияблъун[1] букIуна,
ВахIю анбияазе букIунебго кинигин.
Касбияблъун кколареб тахIсилалъе тагIлимги –
ГьечIого чара гьечIеб гьединаб жавгьар буго[2].

Жигиги хIикматалъул мисал – чIоралъул буго,
ЧIор речIчIулеб гIужлъунги муъминасул ракI буго.
Рамийилан[3] абуни – Аллагь-ТагIала вуго,
Аллагьас рехараб чIор алхунареб букIуна.

Гьекъолеб лъин, кунеб койн чурхдузе къутлъун буго,
ГIакълоялъе абуни, къут – хIикмат гIилмо буго.

[1] Ай, Аллагьас чIобого кьураб, ай, лагъас гъийин гьабун щвараб гореб.

[2] Ай, хIикмат ккола, жиб хIасуллъизе ккани, хIасуллъулеб куц манлъичIого чара гьечIеб жо. Масала: гьеб хIасуллъизе шаригIат цIунизе ккола, ШаригIат цIунулеб куц, манлъун горони, лъаларо.

[3] Ай, чIор рехулев чи.

БетIергъанас лагъасе кьолел нигIматазда гъорлъ
Дунялалда хIикматгIан къиматаб жоги гьечIо.

ХIикматалъулги бетIер – махафатуллагь[1] буго,
Такъва[2] гьечIеб рекIелъан хIикмат загьирлъуларо.
ХIикмат, рекIелъ бижунеб – кIал-мацIалда пихъ балеб
ГъойтIалда релълъенабун, цойги мисал бачуна.

Лукъманидасан бицун цойги хабар бачIана
«Хадимту арбагIата алафи наби»[3], – абун.
Эздасан рагIанщинаб каламалда гьоркьосан
Микьго калима буго, гьес нелъей нахъе тараб:

Какилъе лъугьиндал – ракI, кваналеб мехалъ – щекъер,
Халкъалда гьоркьоб – мацI-кIал, чияр бакIалда – берал, –
Гьаб ункъабго цIунеян халкъалъе пайдаялъе
Манлъа-хъвай гьабун бугин, гьабе цIунизе жигар.

КIиго жо ракIалде щва, кIоченего беччаге,
КIиялъулго цо – Аллагь, цогияб – хойзе вукIин,
Хадуб – дуца чидае гьабураб лъикIлъи, ихIсан,
Гьединго дуй гьабураб зарал-кошлъи кIочон те.

Лукъманил васиятал, гьесул насихIат-вагIза,
Гьоркьо-гьоркьоса рищун, росана тефтералде.
Танбигьал, манафигIал[4] дагьал горелъул ругел,
Дирго фурсат[5] рекъарал рицана ножоеги.

[1] Аллагьасдаса хIинкъи.
[2] Аллагьасдаса хIинкъи*.
[3] Жинца хъулухъ гьабуна ункъазарго аварагасе.
[4] Ай, кантIизе гьариял ва мунпагIатал.
[5] Фурсат – рес.*

Цинги гьес дунялалда бараб гIумру абуни,
Азарго сон букIанин бачIана къилаялда.[1]
Къабро[2] гьесул, Мисригин Шамалда гьоркьоб бугеб,
Рамлат абураб бакIалълъ бугиланги бицана.

Лукъман хун хадусала гьесда сверухъ цо къоялъ
Лъабкъоялда анцIавго наби вукъанин буго.
Бану-исраилаца Къудсуялдаса хъамун,
Рамлаталда сверун ккун, ракъуца гьел хун руго.

Лукъманул-XIакимасе хIикматал кьурав Аллагь,
Кьезе Дур хIалкIолелъул, нежейги насиб гьаре!
Раъсуль-хIикматалдалъун[3] ракIалги рацIцIад гьарун,
БацIцIадаб гIубудийят[4] гьабизе тавфикъги кье!

Гьал рехсарал гIакълаби – Лукъманил васийятал,
Инсаф[5] бугев чиясе – гIун тIокIаб сайгъат буго.
ТIад ургъун, пикру гьабун, пайда босизе лъарал –
Базаралъулъ къунарел къиматал ганчIал руго.

КъачIан хъулухъ гьабуни, гьуинаб пихъ бижунеб –
Бустан[6], койр хьвагIун тарас гIайиб жиндаго гьабе.
Ужра[7] гьечIого кьолел нигIматал сан гьаричIев,
Соноги бичун босун, базар гьабулев вукIа.

---

[1] Ай, цояс абуна.
[2] Хоб.
[3] Ай, хIикматалъул бетIер – Аллагьасдаса хIинкъиялдалъун.*
[4] Лагълъи.*
[5] Ай, ритIухълъи, битIи, бацIцIалъи.
[6] Бустан – ах.*
[7] Ужра – мухь.*

# - Ф А С Л О -

## ШАГӀЪЯ АВАРАГАСУЛ КЪИСАЯЛДАСАН БАЯН ﷺ

Муса хун хадусала, шаригӀатги рехон тун,
Пасалъаби гъаризе исраилал лъугьиндал,
Гьезие гӀадлоялъе тӀад тарав маликасе[1]
Комекалъе Аллагьас авараг витӀулаан.

Аллагьасул рахъалъан щвараб амрогин нагью,
Аварагас бицун, хан тӀовитӀулев вукӀана.
БетӀергьангин ханасда гьоркьов васитӀалъун[2] чӀун,
Гьев аварагас Таврат таждидги[3] гьабулаан.

Гьаб къисаялъул хӀасил: Садикъатан абулев
Бану-исраилазул цо лъикӀав хан вукӀана,
Ханасе иршадалъе ШагӀъя ибну Амзия,
Аллагьас амро гьабун, авараглъун витӀана.

ЛъикӀав ханги херлъидал, хвалдеги гӀагарлъидал,
Халкъалъул гӀадло-низам биххизе байбихьана.
Бану-исраилазулъ пасалъаби цӀикӀкӀана,
Пасадаб хьвади гьабун, мунагьазда рекӀана.

Гьезде тӀаде Аллагьас, Санжарибан абулев
Бабилалъул хан витӀун, Къудсуялде[4] рещтӀана.
Садикъат гьеб гӀужалда, бохалда рецӀцӀги рекӀун,
Босаде ккараб хӀалалъ койшго унтун вукӀана.

---

[1] Малик – хан.*

[2] ВаситӀа – гьоркьов чи.*

[3] Ай, цӀидасан Тавраталда гӀамал гьабизе тӀамулаан, хасаб тӀехь аварагасде рещтӀинчӀого.

[4] Ай, Байтул-Мукъаддасалде.

Анлънусазарго байрахъ борхараб боги бачун,
Байтул-Мукъаддасалде Санжариб щун вугилан
ШагIъяица, аскIув ун, Садикъатий бицана,
Цинги Садикъатиде кутакалда хIал щвана;

«ВахIю дуде рещтIараб диде баян гьабизе
ГьечIищ гьелъул хIакъалъулъ хабарго?-ян гьикъана. –
Къадирас нелъееги нелъер тушманасеги
Щибдай гьабила?» – абун ургъел бикьун, кIалъана.

Элда хадусан ШагIъя, Аллагьасул рахъалъан
РещтIараб вахIю босун, Садикъатихъе ана,
«Агьлуль-байталда гъорлъан[1] дурго бакIалълъ халифа
Вихьизе гьавун те»,-ян гьесухъе хабар кьуна.

Хойл тIаде щвараб лъайдал Садикъат цIакъ гIодана,
МагIо тIолел бералгун, как бан, дугIа гьабуна,
«Дир лъикIаб нийят-къасдги, къазаалъулъ хIуснуги,[2]
ХIаким, Дуда лъалелъул, лъикIаса хъвай», – гьарана.

ЛъикIав лагъасул дугIа Аллагьас кодоб босун,
Гьесде бицеян вахIю ШагIъяиде рещтIана.
ШагIъяица ханасде Халикъасул рахъалъан
РещтIараб вахIюялъул хIасил баян гьабуна:

ХIелун дуца гьабураб дугIаги къабул гьабун,
Къадирас дуе ажал нахъбахъанин абуна.
АнцIила щуго сонил гIумруги тIаде жобан,
Бану-исраилазе мун танилан бицана;

[1] Ай, дурго рукъалъул агьлоялда гъорлъан.*
[2] Ай, жинца гьабулеб букIараб битIараб, берцинаб хIукмуги.

Бабилалъул койшав хан Санжарибидасаги
Аллагьас мун цIунанин – гьаб рохелги бицана.
Рохалилаб хабаралъ Садикъат рахIатлъана,
Унтиги тIаса бикьун, сахав гIадин лъугьана.

Гьанжи РахIманасдаса цIакъго цIакъ намуслъана,
Суждаялда ккаралъув гIемераб рецц гьабуна.
РецIцI рекIараб махIоги, тиналъул[1] лъинги бахъун,
Бахани, сахлъилилан манлъун, вахIюги щвана.

Щварабго гьеб бахана, бохги сахаб лъугьана,
Хадуб Садикъатица ШагIъядехун абуна:
«Бабилалъул ханасе кин гьабуни лъикIилан
Лъалев БетIергьанасде гьаре»,-йилан тIадкъана.

ГьебсагIат вахIю рещтIун, ШагIъя аварагасде
Санжарибгин боялъул букIинисеб бицана,
Сордо рогьун, кьижарав мун тIаде вахъинелде
ТIолабго досул гIаскар хун батилин абуна.

Илла истиснаалъе хадубги регIизабун,
ГIаскаралъул хойчIого хутIулелги рицана.
Санжарибгин щуго чи гьесул кубараазул[2]
Гьалаклъизе гьечIилан – гьебги баян гьабуна.

Гьеб сордоялъ кьижарав Садикъат вахъинелде,
Нахъе чи хутIичIого, бо гьалаклъун батана.
Гьалаклъараб бо хъирщун, Санжариб валагьана,
Гьесул хвараб жаназа боялда гъорлъ батичIо.

[1] Тин – инжир.*
[2] Кубараал – цересел, къадро-къимат бугел гIадамал.*

ЧІаго нахъе хутІарав Санжариб валагьизе
Садикъатица, къачІан, къокъа хадуб регІана.
ГІемер къо бихьичІого, къокъабго заманалда
Къокъа гьев жанив вугеб нохъодул кІалтІе ккана.

КІалги гьикъун, къватІиве Санжариб гьез вачана,
Гьесда цадахъ, абухъе, щуго чиги ватана.
Щуявго чигун цадахъ цеве къотІун Санжариб,
Садикъатихъе вачун, маян кодове кьуна.

Рагъ-кьалалде ккечІого, биял гІодор тІечІого,
Бабилалъул ханасда корщел жиндир батидал,
Бакъ баккулъ суждаялде арав Садикъатица,
Бакъанида горони, бетІер тІаде борхичІо;

ТІадегІанав Аллагьас гьабураб бихьанищан,
Гьанжи, Санжарибиде кІал гьикъун, гаргадана.
КІи-кІи панкъ пурчІинадул къойил щивасеги кьун,
Горбода махха̄лги ран анлъавгоги вухьана.

КІиго моцІгин анцІго къо Байтул-Мукъаддасалда
Сверун тІаваф гьабизе гьеб хІалалда тІамуна.
«Гьаб захІмат чІалгІун бугин, чІвайго тІаса бищилин,
ТІобайзабе мурад»,-ан Санжариб-хан кІалъана.

Хадур Садикъатица туснахъалъур гьел лъуна,
Анлъавго цадахъ чІвайзе ракІалдаги букІана.
РахІманасул рахъалъан ШагІъяиде вахІю щун,
Санжарибгун гьалмагълъи чІвагейилан абуна;

Исраилал кантІизе, дозийги гІибраталъе,
Бабилалде рачун, гьел щойзареян манлъана.

Амроялда нахъвилълъун, исраилазул ханас
Санжарибгун гьалмагълъи тIобан эркен гьабуна.

Анлънусазарго байрахъ гьаваялде борхараб
Бодул нахъе хутIарав щуявго чиги вачун,
Довго гIечуде арав Хважа гIадин, Санжариб
Сах-саламат тIадвуссун, Бабилалде рещтIана;

Бабилалъул агьали тIолго данде ахIана,
Аллагьас жиндир бодуй гьабураб жо бицана.
Байтул-Мукъаддасалде гъазават гьабугеян,
Гьесий кагьанатчагIаз гIакълоги кьун букIана.

ГIакъло жиндир гIечIого гьабураб сапар кканин,
Санжариб Садикъатий мукIурлъунги вукIана.
Нежеца манлъаралда нахъвилълъарав аниян,
Анищаз килщал хIанчIун, кагьиналги хутIана.

Гьелда хадув Санжариб анкьго соналде хвана,
Гьесул бакIалде ханлъун Бухтанасарги ккана.
Санжарибил лъугIараб бодул нахъе хутIарав
Щуго чиясул цояв – Бухтанасар вукIана.

Байтул-Мукъаддасалде гьес[1] гьабураб гъазават
Рехсон цебе аниги, хадуб ккараб букIана.
ХойчIогун Санжарибгун тIадвуссун ворчIаниги,
Исраилазде тIаде балагьлъун тIамун ана.

Цинги, Садикъатги хун, ШагIъя живго хутIана,
Ханлъи тIалаб гьабулез питнаби рагъарана.

[1] Ай, Бухтанасарица.

Бану-исраилазулъ гІадло-низам биххана,
Багъю-пасалъиялъулъ гІорхъодаса рорчІана.

ГІазаб щоялда тІасан ШагІъя аварагасул
НасихІат-вагІзаги гьез гІадахъего босичІо,
БицанагІан гьесдаса нахъе тІурун горони,
ТІадегІан къазе хивал гьабулев чи лъугьинчІо.

Гьелда хадуб Аллагьас ШагІъя аварагасде
ВахІюялъул мацІалда кІалъайилан тІадкъана.
Къавмалда цеве вахъун, кІалъазе гьев лъугьана,
ВахІюялдалъун бицун, гІемер вагІза гьабуна.

Аллагьас вахІю гьабун, гьасул мацІалъ къватІиб кьун,
Къавмгин БетІергьанасда гьоркьов васитІалъун чІун,
Гьениб гьабурабщинаб вагІза-насихІаталъул
Къиса дица рехсечІо, халалъизехъин букІун.

Бицунебщиналдаса ШагІъя тІовараб мехалъ,
ТІаде руссун, киназго гьев чІвазе къасд гьабуна.
Гьездаса тІурулаго нухаб цо гъойтІ букІана,
КІихІи бихъун, гьеб гъойтІалъ ШагІъя жанив вачана.

ЩайтІаналъ ратІлил цо гІинщ къватІиб хутІизабуна,
Хадуб ккараб ахІуда гьеб бихьизе гьабуна.
Гьев гъотІол рохтиялда жанив вахчарав лъайдал,
Бихчи босун, ШагІъягун цадахъ гьеб гъойтІ хъухъана.

Гьелда хадуб Аллагьас Нашиатин цІар бугев,
Бану-исраилазулъ цойги хан чІезавуна.
ВахІюялдалъун хабар Нашиатий бицине
Авараглъун гьезие Армияъги витІана.

Армияъиде вахІю РахІманасул бачІана,
Бану-исраилазе ккезе бугеб бицана.
Цинги гьев цІакъ гІодана, гІемерго къварилъана,
«Къавмалдаса цеве дун хойзаве»,-ян гьарана.

Гьесде щвараб хІал бихьун, хІильму тІокІав БетІергьан,
Гьесул ракІ рахІатлъулеб вахІю гьабун, кІалъана:
Бану-исраилазде дур разилъи гьечІого
Гьалаклъи щойзе гьечІин гьесие рагІи кьуна.

Гьаб хабаргун Армияъ ханасда аскІов ана,
КІиясго цуцадехун рохел загьир гьабуна.
Бану-исраилазулъ фискъуйилан абуни,
Къоялдаса къоялде гІемерлъулеб букІана.

ГІемерлъиялъул рахъалъ рехсей цебе гьабураб
Богун Бухтанасарги Къудсуялде къокъана.
Гьесул хабар рагІидал ханасул рахІат хвана,
АхІун, Армияъиде гьаб щибилан абуна.

«Аллагь гьабураб къотІуй хилифлъуларо», – абун,
Ханасе жаваб гьабун, Армияъги кІалъана.
Азалалда тІобараб хІукмугин къадаралъул
Къадирасе бокьухъе тІобалеб куц халгьабе:

Бану-исраилазул цо чиясул сураталълъ
Цинги Армияъихъе малаик витІун щвана,
«Я набиййаллагь», – абун кІалъазе байбихьана,
Бугеб унтиги бицун, фатва тІалаб гьабуна:

«Дица гІагарлъи цІунун, рахІмоги хурхинабун,
Хира гьарун, жодое кІвараб лъикІлъиги гьабун,

Гьадинаб хIурматалда кIодо гьарун хадурги
Дихъ гIинбалареб агьло – гьезие щиб гьабилеб?»

«Гьезулгун ссилат[1] цIуне, берцинаб хабар бице,
Халикъасулгун дурго гьоркьоблъи бацIцIад гьабе», –
Гьединаб магIнаялъул берцинаб жавабги щун,
Бану-исраилияв тIадвуссун нахъе ана.

Нахъиял къоябазго гьадавго исраилав,
ВачIун, Армияъихъе щвана добго суалалъ.
«Щиб хIал буго дозул?»-ан гьикъа-бакъи гьабидал,
Дагьалги койш ругилан пашманаб жаваб кьуна.

«Жигиги мун тIадвуссун агьлоялъухъеги ун,
«АхIсин илайгьим»[2] абун, лъикIлъиялде тIамуна.
ТIадеги, Аллагьасде гьезул хIал лъикI гьабеян
Гьарейиланги манлъун, парахат нухав лъуна.

Хадуб Бухтанасарил рикIкIен лъаларел боял
Байтул-Мукъаддасалъул сверухълъуде рещтIана.
Исраилазул ханас, Армияъ тIаде ахIун,
«Аллагьасул къотIи дуй кибе араб?» – гьикъана.

Гьесде данде Армияъ цIакъго ракIчIун кIалъана,
Аллагьасул къотIуда дун божулин абуна.
Жив разилъун горони, бану-исраилазде
Балагь щунгутIиялде ракI гьесул чIун букIана.

Байтул-Мукъаддасалъул къедалда гIодовги чIун,
Велъа-вохун Армияъ аваданго вукIана.

[1] Ай, гIагарлъиялъул хIакъ.
[2] Ай, «Дозие лъикIлъи гьабе».

Довго исраилияв Армияъихъе щвана,
Эсда цеве гIодов чIун, добго суал баккана.

Семараб магIнаялда, «Гьанжиниги гьезие
КантIизе мех щойчIищ?»-ан набиюллагь кIалъана.
Лъабабилеб нухалъги цохIого гIарз бачIиндал,
ГIайиб дозда чIвачIого чIезе гьасул хIалкIойчIо.

ГьанжелъигIан доздасан букIанщинаб къварилъи,
Дирго нафсалъе букIун, сабро гьабизе кIвана,
Гьанжейилан абуни, Аллагь разилъулареб
ГIамал гьезул бугилан бицана исраилас.

«Гьел гьалаг гьарейилан гьаре Аллагьасде,-ян
Гьанжи исраилияв Армияъий хIелана, –
ХIехьон сабро гьабизе гьанжи дие рес гьечIин,
ДугIа гьабичIого дун нахъчIваге»,-ян гьарана.

Нахъа ккезе бугелда хадув гъечIев Армияъ
Аллагьасде гьаризе гьебсагIатго лъугьана:
«Гьаб агьло, хIакъаб нухда батани, нахъеги тун,
БатичIони, гьел гьалаг гьаре!»-йилан ахIана.

ГьебсагIаталъ зодосан пирхараб пири речIчIун,
Байтул-Мукъаддасалъул цо бакIалда цIа ккана.
Гьеб бихьидал Армияъ гьаркьал гьарун гIодана,
Гьабилеб жо лъайчIого, вихха-хичун лъугьана;

Хадуб БетIергьанасде: «Дуца дие гьабураб
КъотIи букIинчIищ?» – абун зигардизе лъугьана.
Зодосахун гьесухъе гьаватифалъ ахIана:
«Дуца гьарун горони, гьезде балагь щванищ?»-ан.

Гьанжи Армияъида исраилав вичIчIана,
Аллагьасул рахъалъан расул вукIарав лъана.
Воржун арав кинигин, цевеса гьев тIагIана,
ГIалхул хIайваназда гъорлъ жоваравин бицана.

Байтул-Мукъаддасалда Бухтанасарил боялъ,
Бицун, цебе рехсараб пасалъиги гьабуна.
Пасад инсан хьвадиялъ лъикIаб тIаде цIаларо,
ЛъикIлъиялда хьвадарав мекъса ккунги рагIичIо.

Махлукъаталъул корщел кодоб бугев Халикъас
Халкъалъулъ Жиндир хIукму билълъанхъизе гьабула.
Гьесий суал кьоларо, щай-кинин гьикъуларо,
Щиб Жинца гьабуниги, нилъ – Досул лагъзал руго.

Лагъасе гIадло гьаби – саййидасул иш буго,
Саййидасе мутIигIлъи – лагъасул шаъно буго.
Бищунго цIакъ лагъасда, саййидасе рекъараб
Разилъи тIалаб гьабун, чIового хIалтIи буго.

ЧIового хIалтIуларев – ужрачилъун вукIуна,
Ужрачи – саййидасул вацIцIадав лагъ кколаро.
ВацIцIадги хIалтIичIони, мутIигIлъиги гьечIони,
Гьев лагъасда саййидас рахIмогин цIоб гьабилищ?

ВацIцIадав лагълъун чIезе ракIалъул анищ бугев,
Аллагь, дуца тавфикъ кье Дур мискинав лагъасе!
Мунагь-хатIаби чурун, лагълъиялъул куц манлъун,
Тавбоялъул ракIал цIун, гъафлат хIузурлъун гьабе!

Амин, Аллагь, я Аллагь, амин, Аллагь, я Аллагь,
Амин, Аллагь, я Аллагь, къабул гьабе, БетIергьан!

# - ФАСЛО -

## БАЛУКЪЯ АВАРАГАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН ﷺ

Бану-исраилазулъ цо гIалимчи вукIана,
Церегосел тIахьазде тIаде жив валагьулев,
Жинца исраилазе имамлъиги гьабулев,
БоцIи-малалъул рахъалъ бечелъиги гIемерав.

ГIаламалъулго саййид – МухIаммад-ХIабибасул ﷺ,
Гьесул умматалъулги хиралъи-тIокIлъи бицун,
ТIахьазда жаниб гьесда гIемер батулеб букIун,
СахIаифазде росун[1] , данде гьес ракIарана.

РахIматлъун гIаламалъе БетIергьанас витIарав
ТIагьаясул сифатал гьесий рекIее гIечIо,
Расуласдехун гьесул хIасад ккараб лъаларо,
Гьесул лъикIал ахлакъал[2] халкъалдаса рахчана.

Сундукъалда жанир лъун, тIаде кирталги рахан,
Кутакалда щулаго тIанчал нахъе цIунана.
Нахъе, Балукъя абун, цIар бугеб наслоги тун,
Исраилазул гIалим дунялалдаса ана.

Эбелалъ вас хьихьана, балугъалде вахана,
Балукъя, кIудияв гIун, гIакъло-лъаялде щвана.
ГIилмо тадрис гьабуна, инсул тIахьал цIалана,
Исраилазда гьоркьов къимат тIокIав лъугьана.

[1] Ай, тIанчиде росун, хьван.*
[2] Ахлакъал – тIабигIатал.*

Инсуца бахчун тараб сундукъ гьесда батана,
Гьелъул хIакъалъулъ хабар эбелалда цIехана.
Эбелалда лъалеб жо щибго гьелъул батичIо,
Гьелда жаниб бугелъул баянги мухIканлъичIо.

Кирит тIун гъалмас рагьун, жаниве валагьана,
Жанир ратарал тIамчал, кодор росун, цIалана:
Киналниги адянал насхо гьаризе вугев [1]
Нахъ-заманалъул расул вахъинилан батана.

Уммат, жив хиралъиялъ, хира гьабун бижарав,
Гьав нелъер ХIабибасде Балукъя гIащикълъана.
Бану-исраилазде гьесул рохел бицана,
Хиралъаби рицарал тIамчал гьезий цIалана.

ГьадагIан жив Халикъас хира гьавун вижарав,
Алжаналъуб тIоцобе жиндир уммат лъугьунев,
Гьадинав расуласул нагIтал[2] балъго гьарурав
Васас хварав инсуде «Вайлун лака»,[3] – абуна.

Балъго нежедаса гьаб гьабурав дур инсул хоб,
Дуй гIоло горебани, бухIизе букIанилан,
Бану-исраилалги, Авшияда[4] бахъараб
Жедер ццин загьир гьабун, Балукъяде кIалъана.

Расул загьирлъиялъул хабарго лъаларищан
Шамалдехун къокъизе Балукъя хIадурлъана,

[1] Ай, цогидал киналго динал жиндир диналъ хисизе ругев.*
[2] Ай, лъикIал сифатал.
[3] Ай, «Дуе жужахI, гIазаб».
[4] Балукъял хварав инсуде цIар.

ХIабибасул Рисалат лъайчIого чIеларилан,
Мисриялдаса вахъун, сапар жинца бухьана.

Сапаралда рихьарал гIажаибал рицани,
Иманалъулъ загIипас макьо бугилан тела.
БетIергьан-Аллагьасул хIалкIой жинда лъаларес,
ХIикматазул рехсани, маргьуйилан абила.

Бакъбаккуда-тIерхьуда гьоркьоб бугеб ракьалда,
Ралъдадагин ракьдада – Балукъя кивго щвана,
Кивехун жив щваниги, щиб бакIалде кканиги,
Киса-щиван гьикъулеб махлукъат данде чIвана.

Мун гьанив кин ккараван киназго цIехолаан,
Рихха-хичараб гIадин тамаша гьабулаан.
«Адамил наслоялъул инсан дун вуго», – абун,
Балукъя – цIарги бицун, жаваб гьесги кьолаан.

Капуралгун рагъулел бусурманал женалги,
ЖужахIалъур рукIунел борхьал-аздагьабиги,
БецIлъиялда-нуралда, гьуригун ралъадазда
ТIад тарал Аллагьасул малайкалги рихьана;

Дуниял сверун ккураб гIурччинаб якъуталъул
Къаф мегIералда тарав малаикги вихьана.
Малаикгун кIалъана, гьесул пиша цIехана,
Къаф мегIералъул хасса малайкасги бицана:

Бидурихьал кинигин Къаф мегIералъул кьалбал
Дунялалъул букIназда хурхине гьарун руго,

Халикъас амро гьабун, гьев малайкас кьибил ккун,
Багъаргъизе гьабидал, гьениб залзалат[1] ккола.

Гьединго, малаикас кьибил къотIун рехани,
Ракь жанибе тIун араб бихха-хочи лъугьуна.
БетIергьан-Аллагьасул щибаб амро тIобайзе
ТIадкъан, вакил гьарурал малайкзаби рукIуна.

Ракьалде зодосахун рещтIунеб гIазу-цIцIадцин
Цо-цо къатIраккун, босун малайкзабаз бачIуна.
Цоялда цояб къатIра хъвазе гьез беччаларо,
Гьеб нелъер бераздаги бихьулареб жо гьечIо.

Балукъя, «Къаф мегIер тун, нахъехун щиб бугеб?» – ан
Малайкасде кIалъайдал, жавабги гьадин кьуна:
Гьаб мегIералда нахъа гIарацгин меседалъул
КIикъоазарго шагьар бугебилан бицана.

Гьенир сардалгин къоял рукIунарин бицана,
Шагьаразул суканал[2] малайкзаби рехсана,
Малайкзабазул пиша – гъафлат-футур гьечIого[3],
Даимго Аллагь рехсей бугин баян гьабуна.

«Гьел шагьаразда нахъа щиб жо бугеб?» – гьикъана.
Лъабкъоялда анцIазар пардав бугин абуна,
Пардавазда нахъ бугеб, Аллагь тун, нахъиясда
Лъаларилан, малайкас Балукъя чIезавуна.

[1] Залзалат – ракь багъари.
[2] Ай, гIумро гьабулел.*
[3] Ай, гъапуллъи-лъалхъи гьечIого.*

Ракьалдасан унаго, ралъадал къотIулаго,
Балукъя ахиралда чIинкIиллъиялде ккана.
ЧIинкIиллъиялда бугеб гъотIода аскIов щвана,
ГъотIода тIад кIусараб кIудияб хIинчI бихьана;

ХIалкIолев БетIергьанас бокьухъе жиб бижараб,
Берцинлъиялъ бакI ккураб гьайбатабги букIана.
Гьеб хIинчIалде Балукъя, салам кьун, гьикъардана,
«Гьаб бакIал щиб, мун щив?» - ан гьикъа-бакъи гьабуна.

Гьеб хIинчIалъ жаваб кьуна, жиндирго хIал бицана,
«Алжаналъул малаик – дун вугилан», – абуна.
Бежараб ччугIа тIадгун тIутI гьеб гъотIокь букIана,
ТIадегIан къан, Балукъя, вакъун вукIун, кванана.

Вакъун щваравщинасда гьаб кваназе гьабеян
Гьанив БетIергьанас дун тун вугилан абуна,
Балукъяца кванилан, кигIан гьитIинабниги
КамичIого, ччугIаги бугеб хIалалъ хутIана.

ХIава ГIарафаталда Адамгун данделъидал,
Алжаналъуса босун, гьаб тIагIам дозий кьезе
ТIадегIанав Аллагьас дун витIун вукIанилан,
ТIутIалъул хIакъикъатги Балукъяде бицана.

Цинги, тIаса кваниги, камичIеб тIагIамалда
ТIадеги гьав Балукъя гIажаиблъун хутIана.
Алжанул тIагIамалъе, заман баялъ, кванаялъ,
Ками-тагъаййур[1] гьечIин малайкас баян кьуна.

[1] Ай, хиси.

Малайкасде гьанжиги Балукъя тІадвуссана,
«ТІокІав гьаб тІагІам кунев чи вугищ?»-ан гьикъана.
Гьоркьо-гьоркьов, мех-мехалъ Хизри, гьанивги вачІун,
Гьаниса тІагІамги кун, нахъе унин абуна.

Абул-ГІаббасил[1] хабар Балукъяда рагІидал,
ДандчІвай гьабизе бокьун, гьенив чІезе къасд ккана.
Сапаралъул мурадги досие баян гьабун,
МатІлубалде жив щойзе анищги цІакъ букІана.

Абул-ГІаббас цо нухалъ, жиндирго гІадаталда,
Воржун щварав кинигин, тІаде рехун вачІана.
ТІаде вахъун, Балукъя Хизридехун вуссана,
Саламал цуцае кьун, кІиявго гаргадана.

Дун, ахир-заманалъул авараг тІалаб гьавун,
Гьесул умматалдаса дунго вукІине бокьун,
Сапар бухьун вахъарав гьаниве щун вугилан, –
Гьесие Балукъяца къиса баян гьабуна. –

Гьанив мун вачІунилан малаикас бициндал,
Дуда хабар цІехезе чІун вукІанин абуна,
«Ахир-заманаялъул набиййуллагь загьирлъи
Лъалеб дуда батани, бице»,-йилан гьарана.

Цинги гьесде Хизрица: «Ахир-заманаялъул
Авараг загьирлъизе мех щун гьечІин», – абуна,
Мун гьевгун дандчІвайзеги, дуда гьев вихьизеги
ГьечІилан тІаде жобан, жаваб мухІкан гьабуна.

[1] Ай, Хизри аварагасул.*

Гьанжеги Балукъяде: «Дудагин эбелалда
Гьоркьоб бугеб масират[1] лъалищ?»-илан гьикъана.
Лъаларилан Балукъя Хизридехун кIалъана,
КIикъоялда анцI санил манзил бугин абуна.

«Эбелалда аскIов дуй щойзе бокьилищ?» – абун,
Балукъяде Хизрица хитIаб берцин гьабуна.
Бокьун бугин абуна, Балукъя разилъана,
Берал къанщун чIайилан Хизрица буюрана.

Берал къанщун мех инчIо, макьо гьениб букIинчIо,
Балукъя эбелалъул хьолбода чIун ватана.
Берал рагьун, салам кьун, эбелалде кIалъана,
«Дун духъе щойзавизе щив вачIарав?» – гьикъана.

Гьелъ, цо хъахIаб хIинчI бачIун, восун гьанив мунги лъун,
ГьебсагIаталъ тIадбуссун боржун анин абуна.
Эбелалъе, рихьарал гIажаибалгун цадахъ,
Жив щваралщинал бакIал Балукъяца рицана.

Цинги исраилазде, салам кьун, тIаде ана,
ТIолгоял данде руссун, гьикъа-бакъи гьабуна.
Балукъяца рицарал гIемерал гIажаибал
Исраилаз ракIарун, къиса данде гьабуна.

Дица къисаялдасан къокъаб хIасилги босун,
«БадаигIалда» бугеб назмуялда херхана,
Заманаялъул рахъалъ регIел бугел гьуватаз[2]
«ГIараисалдасанги» боссе бегьила баян.

---

[1] Ай, манзил.
[2] Ай, рокьи гьелде бугел.

Балукъяда дандчIвараб кинабниги махлукъат,
Нафю-исбаталдалъун[1] зикроялда ратана.
Мазкурасул[2] цIаралда «МухIаммад – расулуллагь»
Хадуб хурхен гъабиги гьезул шаъно букIана.

Ралъдал чIинкIиллъиялда чIахIиял борхьал ратун,
Борхьазда гьев вихьидал, дур цIар щибан гьикъана.
Бану-исраилазул жив вукIин баян гьабун,
Балукъя – цIар бугилан гьас жавабги гьабуна.

«Исраилал щал?» – абун, борхьаз гьасда гьикъана.
«Адам аварагасул зурийят»,-ан абуна.
Адамил цIар рагIанин, исраилал лъаларин
Аллагьасул гьаб махлукъ Балукъяде кIалъана.

Балукъяца борхьаде нуж щалилан гьикъана,
Щиб ножоца гьабулеб гьанибилан цIехана.
Гьез, жодорго хIал бицун, берцинаб жаваб кьуна,
ЖужахIалъул хIайятал[3] – ниж ругилан абуна;

Аллагьасде ширк ккурал, капурал гIадамазе
ГIазаб жужахIалъуб кьей – жедер ишан бицана,
Цинги, лъалхъи гьечIого: «Ла илагьа иллаллагь,
МухIаммад – расулуллагь» бачунелги рукIана.

Балукъяца гьезие гьанжиги суал кьуна:
«Гьав МухIаммад ножода кин лъарав?»-ян гьикъана.
Гьесул цIар хъвайчIел бакIал жужахIалда жанирцин
Жедеда рихьичIилан борхьал данде кIалъана.

[1] Ай, «Ла илагьа илла ллагь».
[2] Ай, Аллагьасул цIаралда.
[3] ЖужахIалъул борхьал.

Байтул-Мукъаддасалда ГIафан аль-Хайр абурав
Рагьибгун данде чIвараб кIудияб къиса ккана.
Къисаялда жанисан Жабраилгун Балукъя
ДандчIваялъул ахирги рехсезин баркаталъе:

Балукъя, дов дандчIвайдал, мун щивилан кIалъана,
КIудияв Жабраилас жив вугилан бицана.
Цинги, ХIабибги вокьун, гьев вати тIалаб гьабун,
Вахъун вугилан баян Балукъяцаги кьуна.

«Бизалика нажавта[1]», – Балукъядеги абун,
Аминуллагь – Жабраил зодове воржун ана.
АхIмадидехун бугеб рокьиялъул баркаталъ
Балукъя сапаралда сундасаго цIунана.

Дунял-ахираталда нажат[2] жиндалъун бугев,
Жив вокьарав чиясе баракат хIасуллъулев,
Бахьи кьураб къавмалъул аманат жинде бугев,
Жиндехун божи гьечIев мурадалде щоларев;

РахIматлъун гIаламалъе жив витIи – хIакъаб бугев,
Къуръаналда Аллагьас гьедин витIи бицарав,
Вижилелде цевего, анбияъ-русулаца
Василатлъун жив гьавун, Аллагьасде гьарарав;

Гьавун хадув, хойзегIан Халикъас жиндий кьурал,
Халкъалъе мугIжизатал бакъ гIадин загьирлъарав,
Бакъуе рагIад гьабун, цадахъ накIкI билълъанхъарав,
Бугьналогода гьоркьоб мугьру-нубувват чIварав;

[1] Ай, «Гьев вокьиялъ цIунана мун гьалаклъиялдаса». Гьасул гьалмагъ ГIафан-рагьиб гьалаклъана гьеб сапаралъ.
[2] Нажат – хвасарлъи.*

МигIражалъул гьоболлъи жив горесе гьабичIев,
Жинде рещтIараб Къуръан къанунлъун тIаса инчIев,
Инжилгин Тавраталъе тахIвил[1] къавмалъ гьабидал,
Гьеб жинцаго цIунизе БетIергьан гъоркье чIарав;

Бану-исраилазул цересел умматазде
Аварагзабаз рохел жиндалъун бицун тарав,
Жиндир заманаялда загьирлъун жив вихьани,
Гьесий койрбакъилилан ругьбанал[2] хIайранлъарав;

Къиямасеб къоялъги шафигIлъун[3] жив гьаурав,
Гьелъул хIакъалъулъ хIадис жинцаго бицун тарав,
Жив вокьун дунялалда свалат гIемер битIарав
ГIарасат-майданалда, койр ккун, аскIов вачунев;

Кинабниги рахъалъан махIасинуль-ахлакъал[4]
Аллагьас жиндир чорхолъ данде гьарун вижарав,
Дунял-ахираталда пайда бугебщиналъул,
Щибго нахъе течIого, халкъалъе бицун тарав;

Бицунеб жиндир хIадис нургун цадахъ букIунев,
Цинги, дагьал рагIабаз гIемер магIнаби кьолев,
ГIарифунал горезе магIнаби тIокIкIунарев,
РекIел басират[5] гьечIез гьел ратIа рахъуларев. –

Гьединав ХIабиб вуго, хIикматал гIемер руго,
ГIорал щакъилъаниги, хъвайзе нелъер рес гьечIо.

[1] ТахIвил – хисизе гьаби (гьез Инжил-Тавратаола рехсарал Аварагасул ﷺ сифатал нахъе хъвагIан, тIахьал хисизе гьаруна).*
[2] ЖугьутIазул ва христианазул гIалимзаби.*
[3] Ай, халкъалъе шафагIат гьабулевлъун.*
[4] Ай, берцинал тIабигIатал.*
[5] Басират – рекIел нур.*

Русулазул хан вуго, хатамлъун витIун вуго,
ТIокIал нелъер гIакълаби хадур гъолеб жо гьечIо.

Халикъасул лагъ вуго, тIокI гьавун вижун вуго,
Вижарасда гIадин лъикI гьесул макъам лъаларо.
Гьесул уммат нилъ руго, иншааллагь, хьул буго
Аллагьасул фазлуялъ[1] гьевгун рахъинелилан.

الله أكبر

[1] Фазлу – цIоб.*

# - Ф А С Л О -

## ЗУЛКЪАРНАЙНИ АБУРАВ АВАРАГ ЯГИ ХАНАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ БАЯН

Зулкъарнайни абураб рагIиялъул магIнаго
Нелъер мацIалъ абуни – «КIиго лълъарил бетIергьан».
«КIиго лълъар бугев» аби – гьесие лакъбо[1] буго,
Аслияб цIар абуни, Искандар букIун буго.

КIиго лълъар бугев абун абиялъе гIиллаги
БатI-батIа куцалда бицуна тафсиразда:
Цояз гьелъул гIибарат, румазулгун фурсазул
Хан вукIиндал, абураб магIнаялда гьабуна.

БатIинабгин загьираб – кIиябго гIилмо букIун,
КIиго лълъар бугевилан абурабинги буго.
Амма гьесул ботIрода гьитIинабго кIиго лълъар
ХIакъикъаталда бижун букIарабинги буго.

НухI аварагасул вас Самил наслабаздаса
Искандар – эбелалъул цохIого вукIун вуго,
Ибрагьим-Халиласул шаригIат къабул гьабун,
Гьесулгун сухIбаталда[2] цадахъги хьвадун вуго.

Цингиги Зулкъарнайни – авараг вукIанилан
Абурал риваятал[3] ратула тафсиразда,

[1] Ай, тIокIцIар.
[2] СухIбати – гьалмагълъи.*
[3] Риваятал – рехсеял.*

Амма, сахIихIалда бан[1], авараг гьев вукIинчIин,
Валийуллагь[2] вукIанин бицана гIемерисез.

Бицен жиндир гьабулев гьев Зулкъарнайн горевги,
Зулкъарнайн цойги вуго ГIайсил наслабаздасан, –
Исламалда жив гьечIев, капурав хан вукIана,
Капураб къавмалъ гьесде Македонский абула.

Аллагьасе Зулкъарнайн ханлъун гьави бокьидал
Гьесда илгьамалдалъун хабар лъайзе гьабуна,
БатIа-батIа мацIазул тIолалго умматазде
Мун витIизе вугилан тIобараб баян кьуна.

Бакъбаккуда-тIерхьуда – тIолабго дунялалда
ТIобан ханлъи гьабурав хан ункъго лъугьун вуго,
Гьезда гъорлъан Зулкъарнайн – Искандар цояв вуго,
Цебеги гьалъул рехсон бицен гьабун букIана.

Халикъасул рахъалъан гьадинаб амро щойдал,
Щукру кин гьабилебан Зулкъарнайн хIайранлъана.
Къадро гьабун кIолареб кIодолъи жиндий кьедал,
Жиндир шавкат[3] билълъунеб куц манлъеян гьарана.

Кинабниги рахъалъан сабабал рекъезарун,
Къудраталъул Аллагьас Зулкъарнайн веччан тана.
Нургин бецIлъи гьесие мусахар гьабун[4] кьуна,
Бокьаралъув вачине гIаскаралльун рукIана.

[1] Ай, кьучIаб рагIиялда бан.*
[2] Валиюллагь – Аллагьасул вали.*
[3] Ай, ханлъи, къувват-гуч.*
[4] МутIигI гьабун.*

Жинда нахърилълъаразул къокъаги цадахъ бачун,
БакътIерхьул рахъалдехун Зулкъарнайн вагъарана.
Къуваталъулъ бергьарал, рикIкIен жедер гIемерал,
БатIа-батIа мацIалъул уммат гьениб батана.

Аллагьас жиндий кьураб бецIлъи-зулматалъул бо,
Умматалда сверун лъун, жанир ккезе гьаруна.
Гьел дагь-дагьккун данде къан, цойиде ракIарана,
Цойгиги бецIлъиялъул боял нахъа гIуцIана.

Нуралдалъун нух бачун, Зулкъарнайн тIаде ана,
Аллагь цо гьавиялде гьел ахIизе лъугьана.
Цояз къабул гьабуна, цогидал данде чIана,
Данде чIаралазда тIад тIобанго бецIлъи лъуна.

БецIлъи, щивав чиясул рукъзабахъегун цадахъ,
ГIинзунибе, бадибе, ургьибеги лъугьана.
Гьалаклъиялде ккараб хIинкъи тIаде бачIиндал
ТIолазго цадахъ, ахIун, Ислам къабул гьабуна.

Магърибалъул умматал койрде росун хадуса,
Киналго данде рачун, гучаб гIаскар гьабуна.
Гьеб гIаскаргун Искандар сапаралде вахъана,
Еменалъул ракьалде – Гьавиялде къокъана.

Нуралъ цебе нух бачун, нахъа зулмат[1] чIезабун,
Зодосан воржун унев Сулайманида релълъон,
Искандарил гьеб къуват, къаидлъун[2] Хизри гьавун,
Гьавиялде щвезегIан, ургъел тун, нухда ана.

[1] БецIлъи.*
[2] Къаид – бодул бетIер, цевехъан.*

Эниб батараб уммат Исламалде ахIана,
Магърибалда гьабураб гьазда тIадги билълъана.
Гьенибги бо гIуцIана, гIаскар данде гьабуна,
Добго хIалалъ Зулкъарнайн бакъбаккудехун ана.

Бакъбаккуде жив щойдал гьениб цо къавм батана,
Бакъалдагин жедеда гьоркьоб пардавго гьечIеб.
Гьел, тIаде бакъ баккидал, бухIиялдаса цIунун,
Ракьулъе, я ралъдалъе лъугьунеллъун ратана.

Гьез, тIаса бакъ ун хадуб, авлахъалдеги рахъун,
Бакъалъ бухIун хванщинаб хIайван бакIарулаан.
Гьеб балкан кванай гореб, койн-тIех гьезул букIинчIо,
Гьединго, мина-ватан балеб гIадат батичIо.

ГIуратан хIуфатан[1] жал, гIалхул хIайванал гIадин,
ГIавратцин бахчичIого хьвадулелги ратана.
Ракьги гьениб тамахаб, тIад бан мина чIолареб,
МугIрул-щобалги гьечIеб – гьединаблъун букIана.

Гьеб умматги гьениб тун, Зулкъарнайн тIадвуссана,
Нухда цойги къавм батун, къварилъи гьез бицана:
«Гьаб кIиго мегIералда нахъа цо гIалам буго,
ГIадамалищ, женалищ жал лъайзего кIоларо;

Жедер гIемерлъиялъул гIорхъи-рахъ, хIадго гьечIо,
Гьездаса пасадаб къавм бижунго батиларо.
Яъжуж-Маъжуж абураб, батIаяб махлукъ буго,
Халикъасда горони, гьезул хIисаб лъаларо.

[1] Ай, хIатIида хьитал, тIад ретIел гьечIого.

Гьез мех-мехалъ нежеда тIаде гьужум гьабула,
Гьабизе рес рекъараб заралги гьабун, уна.
Бекьараб нежер хур-хер, пасад гьабун, кванала,
Гьеб щойчIони, чIагого гIадан-хIайванги куна.

ГIададаги теларин, нежеца харжги кьелин,
Нежедаги гьездаги гьоркьоб сангар гьабе»,-ян
Гьарараб хIисабалда, Зулкъарнайн ханасдехун
Къавмалъ хитIаб гьабидал, гьесул разилъи ккана.

РахIманас дие кьураб, ножоца кьолелдаса
ЛъикIаб бугилан абун, ужра-мухь къабуллъичIо.
КъварагIанщинаб алат данде бакIаризабун,
КIиябго мегIералда гьоркьоб сангар гьабуна.

Биун пахь хIарщуе чIван, гамачIалъул кьучI тIамун,
ТIад балеб сангаралъе маххул кирпич къотIана.
Пахьгин маххалъул магIдан Зулкъарнайнида лъана,
Къавм комекалъе бахъун, кинабгоги къачIана.

КъитIгIатул-хIадид[1] сукIун, гьоркьобе цIул, тIурччи бан,
Гьапероялъ цIа гьабун, махх багIаризабуна.
БагIарараб маххалде тIаде, биун, пахь тIуна,
ТIобараб сангаралъул цохIого жо лъугьана.

Гьаб сангаралъул къиса Къуръаналда бицана,
Бугеб рахъгин бакIалъул юрухъ халкъалда лъана.
Туркал, азербайжанал, иранал, эрмениял –
Абула гьаб рахъалда гьеб сангар бугебилан.

[1] Ай, махх къотIун гьарурал чIахIиял кескал (кирпич).

Гьаб бакIалда бугилан, гьеб бихьизе гьабулев
Гьаб нелъер заманалда чи вугевищ лъаларо.
Чанги гIаламат буго, букIин нелъее хIакъаб,
ХIакъикъаталда хадув, Аллагь тарав, гъоларев.

Ракьалдаса тIадехун сангаралъул борхалъи –
Анлънусго натI, гIеблъуда – лъабнусгоян бицана.
Цинги, халалъиялда – щуго фарсах бугилан
«БадаигIалда» гьелъий гьадин сифат гьабуна.

Гьеб Яъжуж-Маъжужалъул, нусиялда къого натI –
Халалъиялда бугеб, цо тайпа бицун буго.
Цойги тайпа абуни, жодер халалъи-гIеблъи
Бащад – цо рокьо бугел ругелилан бицана.

РетIел тIад ретIин гьечIел, черхалда рас гIемерал,
ГIундул жедер чIахIиял цойги тайпа рагIула.
Цояб гIин гъоркье бачун, цойгидаб гIин тIад балел,
БухIи-квачаялдаса гьелдалъун цIуни бугел;

ГIалхул бацIазул гIадал, цаби-гIусал чIахIиял,
ГIанкъра-борхьал щваниги, кунеб жо рецаларел,
Койразда ругел малъал хъойкI-цIумазул гIадинал,
Жедерго хварав чиги, вукъичIого, кваналел.

Хабаралъулъ бачIана: ТIадегIанав Аллагьас
Гьоболлъи рагIизабун, ГIаршалде жив унелъул,
Яъжуж-Маъжуж, ХIабибас МигIражалъул сордоялъ
Исламалде ахIидал, жаваб гьабичIебилан.

БакI ккун букIаго, гьезул къисаялдасан хабар
Ахиралде щвезегIан бицун, баян гьабилин,

Гьаз ракьалда гьабизе бугебщинаб пасалъи,
Лъалебго бугониги, ракIалде щойзабизин.

Доб Яъжужгин Маъжужалъ щибаб къойил садд[1] бекун,
Бакъанил мех щойзегIан тIад хIалтIи гьабулила.
Гьанже нахъе хутIараб метер гьабизеги тун,
Гьениса Яъжуж-Маъжуж тIадбуссун унебила.

Нахъияб къоялъ радал саддалде гьал щвелелде,
Сон букIараб доб каратI пурччун батулебила.
Бакъанил мех щойзегIан добго хIалтIиги гьабун,
Гьанжиги Яъжуж-Маъжуж тIадбуссун унебила.

«Иншааллагь» абизе гьазда лъаларебила,
Гьеб куцалда хIалтIула жакъаги ругелила.
Къиямасеб къо чIезе заман гIагарлъизегIан
Зулкъарнайнил садд гьезда борлъизе кIоларила.

БетIергьан Аллагьасе гьел загьирлъи бокьидал,
Гьезда гьоркьоса цо чи муъминав лъугьунила.
Гьев чи кантIизе гьавун, къавмалъ хIалтIи толила,
«Метер, иншааллагь»,-ан абизе тIамулила.

Радалго тIаде рахъун, саддалде аскIор щойдал,
Сон гьабунщинаб хIалтIи букIухъе батулила.
ХIалтIуде байбихьилде довго муъминав чияс
Манлъун, Яъжуж-Маъжужалъ «Бисмиллагь» бахъулила.

Аллагьасул цIаралда жодоца байбихьидал,
Бигьаго саддги борлъун, тонель гьез бахъулила.

[1] Садд – Зул-къарнайница гьабураб къед-сангар.*

Тоннелалда жанисан, жужахIалъул кIкIуй гIадин,
Яъжуж-Маъжуж къватIибе бурун бачIунебила.

Баркат гьечIеб гьеб къавмалъ, къватIибехун борчIидал,
ДандчIваравщинав гIадан чIван кваназе вугила,
ЧIвазеги кваназеги киб, щиб жо батаниги,
Щибниги гьез рецараб жоги букIунарила.

Дажлатги Фурат гIорги гьез гьекъон бахъунила,
Гьединго жаниб бугеб рухIчIаголъи кунила.
ХIатта, Шамалда бугеб, ТIибарият абураб
БухIайратги[1], гьез гьекъон, парахат гьабулила.

Хадур ккараз цуцаде, цебе заманалда гьаб
Лъин букIараб гIадаб бакI бугилан абулила.
Аллагьасе бокьухъе ракьул гьомералда тIад,
Гьез щваралщинаб бакIалъулъ пасалъи гьабулила.

Гьезул питнаялдаса хIалкIолев БетIергьанас
Бищунго жиб хирияб ункъго бакI цIунулила.
Байтул-Мукъаддасалъул, Макка-Мадинаялъул,
ТIурайсан мегIералъул масжидал гьел ругила.

Гьездаса Магьди, яги ГIиса авараг, тIурун ﵇,
ТIурасайнаъ магIарде тIаде рахунелила.
Халикъасде гьез гьарун, гIадилазул гьури[2] пун,
Яги тIаде хIутI беччан, Яъжуж-Маъжуж холила.

Хварал гьезул балканаз дунялго махIцунила,
Цинги Къадирас хасал цо хIанчIи рижулила,

[1] ГьитIинаб ралъад.
[2] Ай, ГIадил къавм гьалак гьабизе тIаде тIамураб гьури.*

ХIанчIазул боял ритIун, балкаби ралъдалъе ран,
Ракь, гьездаса бацIцIалъун, букIухъе лъугьунила.

Магьди-имам загьирлъун, зодосан ГIиса рещтIун,
Хадусала горого гьаб питна ккеларила.
Гьал Яъжуж-Маъжужалъул насабилан абуни,
НухI аварагасул вас – Яфисил бугебила.

ГIиса авараг рещтIун, Магьди-имам загьирлъи,
Иншааллагь, хадусан рехсезе нийят буго.
Нийят хIорго гьабулев гьобол дихъе щойчIони,
Щойла гьелдеги эрга, Аллагьасе бокьани.

# - Ф А С Л О -

## ЗУЛКЪАРНАЙН БЕЦIАБ ДУНЯЛАЛДЕ ЛЪУГЬИНАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Аллагьас жиндий кьураб гьунар-къуваталдалъун
Зулкъарнайнил ханлъиялъ дунял кодоб босана.
Рафаилан цIар бугев, БетIергьанас гьесие,
Гьалмагълъун вакил гьавун, малайкги кьун вукIана.

Малайкасде, цо нухалъ, зобалазул агьлоялъ
Аллагьасе гьабулеб гIибадат гьес цIехана,
Гьесие жаваб гьабун, зодор малаикзабаз
ГIибадат гьабиялъул Рафаилас бицана:

Цоял ругин абуна даимго рахъун чIарал,
РахIманасдаса нечон, бетIерго борхуларел.
Цогидалин абуни – даимго рукугIалда,
Гьединго суждаялда чIарал ругин абуна.

Аллагьасе гьабулеб гьезул гIибадаталда
Зулкъарнайн цIакъ хIайранлъун, хIаят[1] анищан ккана,
«УхIиббу ан агIиша дагьран тIавилан»[2], – абун,
Анищги загьир гьабун, малайкасде кIалъана.

Малаикас: ракьалда «маул-хIаят»[3] абураб,
Аллагьас жиб бижараб ицц бугилан абуна,

[1] Ай, чIаголъи.
[2] Ай, «Диеги бокьилаан халатаб гIумро, малаикзабаз гIадин гIибадат гьабизе»,-ян абуна.
[3] Ай, чIаголъи кьолеб лъим.*

ЦохIо гьеб гьекъарав чи Къиямасеб къо щойгIан
Холарилан абураб балъголъиги рагьана.

Гьеб ицц тIалаб гьабизе Искандарил къасд ккана,
Къиямасеб къо чIейгIан чIаго вукIин бокьана,
Бугеб бакI лъалищилан малайкасде гьикъана,
Гьес, лъаларин жаваб кьун, лъалеб къадар бицана;

БецIаб дунялалда гьеб ицц бугин малайкзабаз
Бицунеб хабар дида рагIанилан абуна,
Амма мухIканго гьабун, гьеб бугеб бакI бицине
Дида хIалкIоларилан малайкас баян кьуна.

Киналго гIалимзаби, гIакъилал гьунарчагIи –
Гьелги данде ракIарун, кIудияб мажлис лъуна.
«Маул-хIаяталдасан хабарго лъалищ?» – абун,
Искандарица суал гьезда цебе бахъана.

Гьеб иццалъул хIакъикъат гьезда лъалеб батичIо,
Гьоркьосан цо гIалимас дида лъалин абуна, –
«Аллагьас гьаб ракьалда цо бецIлъи-зулмат лъуна
БецIлъиялда жанибги маул-хIаят бижана».

Адам аварагасул васиятазда жаниб
Жинца гьеб цIаланилан гIалимас накъло кьуна.
Бакъбаккул рахъалдехун гьеб букIине кколилан
Баянги тIаде жобан, ишкал къотIизабуна.

Анлъазарго чи вугеб гIаскар данде гьабуна,
ГIакъло-бажари бугел тIаса рищун, рачана.

ТIолазулго къаидлъун Абул-ГIаббас гьавуна [1] ,
Гьаб хIалалда Зулкъарнайн сапаралде къачIана.

БецIлъуда нух бачине бищун канлъи цIикIкIарал
Ал-хIужуратул-абкарал[2] ругелилан абуна.
Азарго гIолохъанаб гIала хIадур гьабуна,
Боялъе хIажалъулел сурсатал ракIарана;

Сардида-къад чIечIого сапаралъул хIал баччун,
БецIаб дунял балагьун, бакъбаккудехун ана,
АнцIила кIиябго сон сапаралда рехана,
Хадуб Искандаргин бо бецIаб ракьалде щвана.

Бурулеб кIкIуйин кколеб, сардил бецIлъиги гореб,
Бицинего лъалареб зулмат[3] гьениб батана.
Зулкъарнайнида, гьенир лъугьунго лъикI горилан,
Лъай бугел гIукъалаал, гIакъло кьун, гаргадана;

Дуде щвезегIан цере рукIарал ханзабиги
Зулматалде жанире лъугьинчIилан абуна.
Гьез кьолеб гIакълоялда Зулкъарнайн нахъвилълъинчIо,
Нахъруссине гьечIилан тагIассубалда[4] чIана;

«ЧIегIераб дуняпалде жанире лъугьун хадур
Ниж цуцада рихьизе рес букIунищ?»-ан абун,
Рафаил-малайкасде гьикъа-бакъи гьабуна.
Гьес цо багIараб жавгьар Зулкъарнайнихъе кьуна;

[1] Ай, Хизри авараг ﷺ гьавуна киназулго бетIерлъун.
[2] Ай, гIолохъанал гIулби.
[3] Ай, бецIлъи.*
[4] Ай, къвакIун чIана.

Жавгьар гIодоб рехани, ахIдолилан бицана,
«Цуцадаса нуж тIуни, гьелъ ралагье, – абуна. –
Боялдаса цо къадар цадахъ бачине къачIан,
Цогидал гьенир чIа»,-ян, гьеб амроги гьабуна.

АнцIила кIиго сонил болжал гьезие цIцIана,
«Гьелде ниж райинчIони, рокъор а»,-ян манлъана.
Абул-ГIаббас цевегун, цадахъ бугеб къокъагун
БецIаб дунялалъуве Зулкъарнайн лъугьун ана.

АнцIила кIиго къоялъ сапар гьениб гьабуна,
Сордо-къо, бакъ-моцIалъул хьвади гьениб батичIо.
Боржун унеб хIинчI-гъеду, хIайван-хIетIгин вухIушал –
РухI бугеб махлукъатги гьезда гьениб бихьичIо.

Гьеб хIалалда унаго Аллагьасул рахъалъан
Сиррияб[1] хабаралъул илгьам Хизрихъе щвана,
Маул-хIаят бугеб рахъ гьесий баян гьабуна,
«Боялдаса ватIалъун, мунго а»,-ян манлъана.

Мун горесе гьекъезе къисмат гьелъул гьечIилан
Къадирас Абул-ГIаббас иццалда хасс гьавуна.
Амро гьедин бачIиндал, дун вачIинегIан гьанир
ЧIчIаян гьалмагълъиги тун, гьав цохIого къокъана.

Цинги илгьамалдалъун жинда манлъараб куцалъ,
Кваранаб рахъалдехун цо кIкIалахъе рещтIана,
КIкIалахъ жаниб ицц батун, энив чодаса рещтIун,
Черх чурун, вузуъ[2] гьабун, гIорцIизегIан гьекъана.

---

[1] Ай, бальгояб.*
[2] Какичурун.

ГъацIцIудаса гьуинаб, рахьалдаса жиб хъахIаб
Маул-хIаятги гьекъон, Абул-ГIаббас хIалхьана.
Искандарил абуни, анищ хIорго хутIана. –
Анищ гьабурабщинаб щоларо инсанасе.

Унел-щолел бакIазда хадур гъезе кIойчIого,
КIикъого сордо-къоялъ свердана зулматалъур.
Зулкъарнайнгун Хизрида хадуб цо хъала бихьун,
Богун Хизри гьенив тун, гьав живго тIаде ана.

ТIогьилаб пахьул хъала, маххул каваби лъураб, –
Халалъи-гIеблъиялда цо-цо фарсах букIана.
Цинги, чодаса рещтIун, Зулкъарнайн кIалтIе щвана,
Къараб кавуги рагьун, жанивехун лъугьана.

Гьениб цо хIинчI бихьана – цIцIохъахIаб, цIакъ кIудияб,
Дагь-дагьккун аскIуве ун, салам гьелъие кьуна.
Салам буссине гьабун, БетIергьанас изно кьун,
Искандаридехун хIинчI пасахIатго кIалъана:

«Дунялалъул гIатIилъи гIечIогойищ, Искандар,
Дур гьаниве вачIине эрга щвараб?» – абуна.
Элда хадуб хIинчIалъе суал кьезе бокьана,
Бокьараб гьикъейилан гьавги цIакъ разилъана.

«Гьал фаша фикум зина ва шурбул-хамри?»[1] – абун,
Халкъалъул хьвада-чIвади хIинчIалъ гьесде цIехана.
«Гьеб кIиябго халкъалъулъ загьирлъун буго», – абун,
Искандарица жаваб гьелъиеги гьабуна.

[1] Ай, хIинчIалъ цIехана: «Халкъалъулъ зина гьаби ва гьекъолеб жо гьекъей тIибитIун бугищ?» – абун.

Гьеб мехалъ хIинчI, кIобокIун, кIалгIа цIурабгIан гIуна,
РагIду-малайкас гIадаб [1] гучаб гьаракь гьабуна,
Гьанжиги – «Халкъалда гъорлъ гьереси-нугIлъи гьаби,
Риба кванай тIибитIун бугищ?»-илан гьикъана.

Гьелъийги «буго», – абун данде жаваб гьабуна,
Добго хIалалда хIинчIги, хIал бергьун, кIобокIана.
«КIудиял минаби рай тIибитIун бугищ?» – абун,
ТIадеги Искандарий хIинчIалъ суал гьабуна.

«Гьебги буго», – абидал хIинчIалъул кIобокIиялъ,
КIудияб гьаракьалъги Зулкъарнайн сородана.
«Халкъалъ Аллагь цо гьави тун бугищ?»-ан гьикъана,
ГьечIин жаваб гьабидал, дагьаб гIодоб беччана.

«ГIаламалъ фаризаяб как тун бугищ?» – гьикъана,
ГьечIин жаваб гьабидал дагьабги гьитIинлъана.
Гьанжи: «Гъуслул-жинабат[2] тун бугищ?»-ан гьикъана,
Гьебги тун гьечIин абун, хIинчI букIухъе лъугьана.

«Хъаладул борхалъуде вахун, балагье», – абун,
Гьанжи гьеб хIинчIалъ изно Искандарие кьуна
Искандар, тIохде вахун, халгьабун, валагьана, –
Гьенив цо вахъун чIарав гьайбатав чи вихьана.

Гьес, Зулкъарнайн вихьидал, «Мун щив?» – абун гьикъана,
Зулкъарнайн дун вугилан данде гьавги кIалъана.
«Дунялалда кьунщинаб гIечIогойищ гьаниве
ВачIун щварав мун?»-илан тавбих[3] гьесги гьабуна.

[1] Ай, гъугъадиялъул малаикасгIадаб.*
[2] Ай, фаризаяб черх чури, черхалдаса лъим бахъи.*
[3] Ай, бадибчIвай .

Гьаваялдехун вуссун чIваркьун валагьун чIарав,
Гьайбатав гьев чиясе: «Мун щив?» - ан суал кьуна.
Исрафил дун вугилан данде жаваб гьабуна,
Гьаб суралъубе пуйзе хIадур вугин абуна.

Аллагьасул рахъалъан бачIунеб амроялде
Интизаралда[1] вугин Исрафилас бицана.
Искандарихъе цинги, гIодоса тIаде босун,
«Ма, гьабги босун а»,-ян цо гамачI кодоб кьуна.

Гьаб гамачI гIорцIидал мун гIорцIилевин абуна,
ГIорцIичIебгIан заманалъ вакъилинги абуна.
Босун кьураб гамачIгун Зулкъарнайн тIадвуссана,
ГIаскаргун дунялалде тIадвуссине къасд ккана.

Къасроялъув лъугьиндал лъугьанщинаб бицана,
Цингиги Исрафилас кьураб гамачI бахъана.
ГамачI жиндихъ кьолелъул абурабги бицана,
Алъул хIикмат щибдаян гIалимазде цIехана.

ГIалимзабаз гьеб гамачI – цIадиразул цо рахъалъ,
Цойги рахъалъ – гьелдаго бащадаб гамачI лъуна.
Исрафилас битIараб гамачI гIодобе цIцIана,
ЦIакъго гьаб бакIаб батун, тамаша гьаз гьабуна.

Гьаб гамчIида бащадаб цIцIайи гьабизе гIоло
ЦIадиразул цо рахъалъ азарго гамачI лъуна.
Азарабго гамчIилги цIцIай гьелда барщалъичIо,
ЦIцIан гIодоб гьабги бачIун, гьал гамчIал тIад хутIана.

[1] Интизар – балагьун, хъаравуллъи ккун чIей.*

ТIолалго гIалимзаби гIажизлъиялде ккана,
Жедеда гьалъул хIикмат лъаларилан абуна.
Азарабго гамачIги нахъе рехун, Хизрица
Цо хъат цIураб ракь, босун, гамчIиде данде лъуна.

ГамачIгин хъат цIураб ракь цуцада барщалъана,
Цоялдаса цоялъул цIцIайи тIокIаб батичIо.
ТIадеги гIалимзаби гIажаиблъун хутIана,
Хизрил камалаталда[1] киналго хIикмалъана.

ХIикмат лъайзе гьанжиги Искандарий бокьана,
Абул-ГIаббас – Хизрица бицун, баян гьабуна,
Гьаб ракь горебалъ инсан гIорцIуларин абураб
Исрафилас дуй мисал бачун бугин абуна.

Аллагьас, дунялалъул ханлъиги кодобе кьун,
Киналго лагъзадерил хIакимлъун гьавуниги,
Гьелъги гIей гьабичIого, гьанивги мун вачIиндал,
Дуе танбигь[2] букIине тавбих бугин бицана.

Цингиги Зулкъарнайн-хан хварав гIадин лъугьана,
Халикъасдаса нечон, бераца магIо тIуна,
«БитIараб буго», – абун Хизрие мукIурлъана,
ХойзегIан тIокIаб сапар гьабиларин абуна.

Богун цадахъ Зулкъарнайн, зулмат къотIун, къватIиве
ТIадвуссун вачIунелъул цо кIкIалахъе рещтIана,
РекIун ругел чуязул хIатIакь чвархъи бахъана,
Чабхилъан унел гIадаб сас рагIулеб букIана.

[1] Камалат – камиллъи.*
[2] Танбигь – кантIизави.*

Гьаб сасго сундулдаян суал бодулъ баккана,
Рафаил-малаикас Искандарий бицана.
Босаравгин босичIев – кIиявго пашманлъулеб
Шайъ[1] бугин гьаб, босеян Искандарги кIалъана.

Дагьаб цояз босана, цойгияз жибго тана,
Жедей маслахIат бугеб гьезда бичIчIизе кIойчIо.
БецIаб дунялалдаса къватIирехун рахъиндал,
Къимат тIокIаб зубаржад гьеб батун, пашманлъана.

БукIинчIебани гьабун Зулкъарнайница тавбо,
Турпуца баччилаан къимат тIокIаб зубаржад.
Зугьд[2] рекIелъе щвелелде щварабани кодобе,
Щибго жо гъоркь течIого, нахъе бакIарилаан.

Босизего босичIел пашманлъиялде ккана,
Доз гIадин, дагьабгIаги босараб анищилан.
Дагьаб босун таралги тIадеги пашманлъана
Щвараб давла босизе, дагь горони, лъайчIилан.

Расги щойчIес – дагьалде, дагь щварас – гIемералде
Даимго хьул халатав, халгьабе инсанасул.
Хун ракьалде инегIан гIорцIун чIезе лъаларев,
ГIункIкI горони, гьасдаса хъантIараб жо бугодай.

ГIункIкIги – цо хIайван буго, хIурлъун, хойдал, лъугьунеб,
ХIайвану-ннатIикъасе[3] къварагIун буго бетIер.
БетIер камурав чиги вукIунеб гIадат гьечIо,
ГIакъло буго хIажалъун лъикIаб-квешаб борцине.

[1] Ай, «Босаравги босичIевги пашманлъулеб жо буго»,-ян абуна.
[2] Ай, дунялалдаса ракIбуссинегIанго щун букIарабани.
[3] Ай, инсанасе (кIалъалев хIайван).*

ЛъангутIи – гIузру буго, гIелмуялъ тIаса уна,
ГIамал гьаби тарасе туснахъ буго къваридаб.
Туснахъ рокъовги гIадан гIайиб бихьун хутIула,
ГIазан-Аллагь – БетIергьан, рухI бахъулъ мекъса ккани.

Рехсараб ханлъиялда, Халикъасе бокьухъе,
АнцIила анкьго лъагIел Зулкъарнайнил тIобана.
Лъебералда анлъго сон гIумруялде вахиндал,
Хвалил эргадулаб лълъар гьесухъеги бачIана.

Арбабу-нужумаца[1] цебего Искандарий
Жив холеб бакIалдасан хабар бицун букIана.
Маххалъул ракьалдаги хъорщолаб зобалдаги
Гьоркьов хойзе вугилан – гьедин абун букIана.

Унев нухда унти чIван, багIари цIакъ захIмалъун,
Къолдаби гIодор тIамун, тIад хъорщол рагIад гьабун, –
ГIаскаралъ гьаб куцалда жив вегизе гьавидал,
НужумчагIаз бицараб къапан ракIалде щвана.

Къоял тIагIарал лъана, хойзе вукIин бичIчIана,
Хехаб жигаралдалъун Бабилалде ворчIана.
Бабилалда гьев хвана, гьеб бакIалда вукъана,
«БадаигIу-ззугьуралъ» гьадин баян гьабуна.

Авалалда бицине дихъа тохлъун хутIараб,
Хадуб регIизабизин Зулкъарнайнил байбихьи;
Гьаланат-ан цIар бугей эбел гьесул йикIана,
Эбелалъул эменги румазул хан вукIана.

[1] ЦIвабзадасан хабар бицунел гIадамаз.

Гьев хойдал хадусала ханлъун Зулкъарнайн ккана,
Къуват бугев, лебалав гIолохъанчи вукIана.
ГIарабазул, румазул ханзаби койрде росун,
Искандарил шавкаталъ[1] тIадегIанаб бакI ккуна.

«Дара» абун цIар бугев фурсазул цо ханасе
Румазул ханзабаца харжал кьезе кколаан,
Искандарил кIудада – эбелалъул инсуца
Меседил цо-цо хоно лъагIалие кьолаан.

Искандарица Дара довегIан чIезавуна,
Досий кьолеб магъало жиндийго тIокI гьабуна.
Гьеб ракIалде щвезабун, Дараца кагъатги хъван,
Дудаго тIад бугеб хIакъ тIобайилан абуна.

Искандарица досий: дуе хоно гьабулеб
Доб гIанкIо некIого хъун, кврананин жаваб кьуна.
Жавабалда ццин бахъун, Дара цIакъго хичана,
Харжалде инкар ккойдал, Искандар цIакъ рихана.

Дараца хадусанги сайгъат гIадин, валъаргъун,
Савлажанги[2] торгIоги гьесухъе битIун ана,
«Мун жиги гьитIин вугин, гьаб торгIогун васанде
Васав»,-илан абураб магIна гьелъул букIана.

Гьелдаго цадахъ дагьаб лъолъол хьонги битIана,
Лъолъол хьоналъул магIна гIаскаралъул букIана.
ГIадад-рикIкIен лъалареб гьаб лъелъалда бащадал
Боял жиндир ругилан дос бичIчIизе гьабуна.

[1] Шавкат – къуват-гуч.*
[2] Ай, торгIо кьабулеб тIил.

Гьанжи Искандарица Дарал кагъат цІалана,
Долда цадахъ бачІараб сайигъатги бихьана,
«Савлажаналъ кьабулеб гьаб торгІогІан бигьаго
Боссе буго дур улка дица»,-ян жаваб кьуна.

Жигиги хардалалъул[1] цІураб кесе битІана,
Симсималъулго[2] гІадаб магІна гьелъул букІана.
Гьадинаб хъачІаб жаваб Искандарил бачІиндал,
ЧІухІарав дов Дара-хан дагьавги гьалаклъана.

Искандаргин вагъизе боял данде гьаруна,
Гьесул ханлъи теларин тІаде босун, къачІана,
Дара-ханасул хабар Искандарихъе щвана,
Досде данде вахъине таваккал гьасги лъуна.

Меседил хоноялде гІумру данде босарав
Дара-ханасул гІаскар Хурасаналде щвана.
Шавкат-къуват бергьарал боялги данде гьарун,
Хадувго гьесде тІаде Искандарги вачІана.

РикІкІен лъайзе кІоларел кІиго рахъалъул боял,
КІиго щвараб гІор гІадин, цуцаде гъорлъе ана.
Бицине хІалкІолареб пасадаб рагъ гьабуна,
Искандарил гІаскаралъ Дара сорун восана.

Дара бергьиналдаса боялъул хьул къотІана,
Биял гІодоре тІейи гІадада ккараб лъана.
ГІаскаралда жанисан кІиго хиянатчияс,
Чодаса вахъун, Дара чІвазе хивал гьабуна.

[1] Гендуралъул хьон.
[2] Ай, лъелъалъул гІадаб.

Гьелги Дара ханасул божарал чи рукIана,
Жегиги, гIагарал чи рукIаралин абуна.
Искандарида аскIоб, Дараги жедеца чIван,
Даража-макъамалде хьулги дозул букIана.

Дара-хан чIвагейилан, асир гьавун вачеян
Искандарица буйрухъ боялъе кьун букIана.
КIиявго хIалихьатас лъукъ-лъукъарав Дара-хан
Хвалда цеве кIалъазе Искандарихъе щвана.

Дир ракIалда мун чIвазе букIинчIилан, Искандар
Дара-ханасда аскIов, гIузру бачун, кIалъана.
КIиявго жив вичарав хиянатчи чIвайилан
Холелде Дара-ханас васийятги гьабуна;

Гьединго, Равшанг абун цIар бугей жиндирго яс
Лъадилъун ячейилан – гьаб гьариги гьабуна.
Гьеб кIиябго аманат Искандарида тIадкъан,
Ханлъиги досие тун, Дарал иш парахлъана.

Халкъалда цере рачун, кIиявго хиянатчи
Хадур Искандарица, кварида ран, гIанкъана,
«ГIаданлъи-намус рехун, хан вичарал чиязе
Хадуб букIунеб жаза – гьале!»-янги ахIана;

Аманатлъун гьаюрай Дарал ясги ячана,
Румаздагин фурсазда тIад ханлъиги гьабуна,
Фурсаз лагълъи гьабизе жанир цIаял ракулел
Рукъзалги, пана гьарун, рихxун тIатIала лъуна.

Гьарабазатал[1] чІвана, тІахьал, цІа гъун, рухІана,
ТІомазда месед бекьун хъваралги гьел рукІана.
Хъанчал гъур-гъурун рана, гъазаватал гьаруна,
ТавхІидалде халкъ ахІи гьаб хІалалъ байбихьана.

Байбихьуда Зулкъарнайн къвакІарав хан вукІана,
Халкъалда рахІмо гьечІеб согІлъиялда хьвадана.
Сабаблъун БетІергьанас, комекчи хІисабалда,
Гьесий вагІза гьабизе цо муъминчи тІамуна;

«Мунго холелде цебе, хойдал хадуб батулеб,
Тавбо гьабун, вусса»,-ян гьес вагІзаби гьаруна.
Гьадинаб магІнаялъул вагІзаби гьасул рихун,
Искандарица, вачун, туснахъалда тІамуна.

Туснахъалда жаниб гьес лъабгго сордо-къо бана,
Къадирас амро гьабун, цо малаик витІана.
Муъминчи жанив вугеб туснахъалъул тІох рагьун,
ТІаде вахъун, малайкас эркен гьавун веччана.

Гьелъул хІакъалъулъ хабар Искандарихъе щвана,
Уяб бугищ бихьизе тІаде-гъоркье ваккана,
ТІаса тІох нахъе рехун, биххараб чІвад кинигин,
ЧІобогояб рукъ батун, тамашалъун хутІана.

Халикъасул къудраталъ гІажизлъиялде ккана,
Жиндирго гІажизлъи лъан, лъимер гІадин лъугьана.
Гьениса тІадвуссана, туснахъ тІалаб гьавуна,
Вахъун чІун цо магІарда как балев гьев ватана.

[1] Гьарабазатал - цІаял хьихьулел, цІаязе хъулухъ гьабулел чагІи.

Гъанжиги «Тавбо гъабун, Аллагьасде вусса!»-ян
Искандарие вагIза гьев ражулас[1] гьабуна.
Ражуласул насихIат Искандарий бокьичIо,
Буйрухъ кьун, гIаскаралде гьев ккойилан абуна.

Аллагьасул къудраталъ зодисан цIа речIчIана,
Зулкъарнайн тамахлъана, цогидал рухIун ана.
Вигъун хадув Искандар кутакалда кантIана,
Камилаб тавбо гьабун, Аллагьасде вуссана.

Аллагьас жив кантIизе сабабалъе тIамурав,
ТIаса лъугьине гьавун, – гьевги рази гьавуна,
РагIият боххизабун, Исламалде халкъ ахIун,
Халикъ разияб хIалалъ хьвадизе байбихьана;

Бищун цебе РахIманас жиндий кьураб боцIи-мал
БацIцIадаб нийяталда лъикIаб рахъалда лъуна,
Дунялалда бищунго бинаазул[2] хирияб –
Масжидалъе кьучI тIамун, гьелдалъун байбихьана.

БукIинчIеб бакIалдасан Аллагьас боцIиги кьун,
Бечелъарав чиясе мисалалъе гьаб гIела.
Искандарица гIадин, тIоцобе гьабулеб харж
Гьабила гIакъло бугес лъикIаб рахъалъ буссине.

ХIатта, гьечIев чиясе цо цIияб ретIел щвани,
ТIоцове гьебги ретIун, масжидалъуве ина,
Ялъуни мадрасалде, мажлису-зикроялде,
Мавлид-зияратазде, гьазда релълъараздеги.

[1] Ай, дов чияс.
[2] Рукъзазул.*

ЛъикIаб рахъалде сапар кибехун гьабуниги,
Квешаб рахъалъ гьабуге, гьеб цIакъ берцинаб бугин.
Цинги боцIи-малалъулъ байбихьулеб тасарруф
ТабарругIлъун бугони[1], гьебги – дуйго баракат.

Гьединго Аллагьас кьун, машина дуе щвани,
Щукру гьабун, тIоцобе лъикIаб рахъалде баче,
«Бисмиллагь»,-ан байбихьун, рул ккойзеги кIочонге,
РахIман дуда кIочани, Досда мунги кIочонин.

Дурго къуват-гьунаралъ машина щварабин ккун,
МунгIимасде гIасияб сапар гьелда гьабуге.
Гьакълил данделъи гIуцIун, гьеб чуризе лъугьунге,
ЛъикIаб мавлидги гьабун, муъминзабазул нух ккой.

Мунагьал ракIаризе годекIабахъ хьвадуге,
Дунял-ахираталъе хайир гьечIеб бицунге,
Бицаралда ракIбухIун, тавбо гьаби кIочонге,
Тавбо нелъее кьурав Аллагьасе рецц гьабе.

Гьанжиги Искандарил хабаралде тIадруссун,
Гьесул цо сапаралда ккараб къиса бицинин.
ГIакъилав, иман бугев хан вукIиналъ рагIийят
РахIаталда хутIараб, халгьабе баркаталъул.

Бакъбаккуда-тIерхьуда гьоркьов жив хьвадулелъул,
Гьав, кIудияб гIаскаргун, Китаялдехун ана.
Китаялъул ракьалда цо шагьарги сверун ккун,
Гьезулгун къиталалъе[2] къачIадулев вукIана.

[1] Ай, боцIи харж гьабизе лъикIаб рахъалде буссине гьабиялдалъун байбихьани.*

[2] Рагъуе къачIалев вукIана.

Къасе тохаб гIужалда, ханасул расул[1] абун,
Искандар тIалаб гьавун, цо гIадан вачIун щвана.
ГIаскаралъ гьесул хабар Искандарий бицана,
Изно кьун, жинде аскIов вачейилан абуна.

Вачун аскIов вачIана, гьикъа-бакъи гьабуна,
Мурад щибилан абун, кIалъазе веччан тана.
КIиявгоги гIодов чIун, балъго дуе бицине
Бокьараб хабар бугин, халват[2] тIалаб гьабуна.

Халваталъур лъугьана, кIиявго гIодов чIана,
ГIадан аскIув гьечIого, харбида байбихьана.
Ханасул расул абун, тIаде восарав чапар,
ТIул бикьарав вац гIадин, ракI рагьун гаргадана;

Дуца тIалаб гьавулев хан дун вугин абуна,
Халкъалъе лъикIлъи бокьун, вачIун вугин бицана.
Биял гIодор тIечIого, гIадамал гъуричIого,
Рагъ ракълиде бачине бокьи загьир гьабуна:

«Бокьани гьале дун чIвай, дуда цеве вугелъул,
Ялъуни харж тIад къотIе, тIаде дица босилин.
Дуца дун чIвананиги, дир бакIалда ханги тун,
Халкъалъги дудехун рагъ гьабичIогун теларин.

Гьаниве дир вачIинги, дур лъикIаб гIакъло-лъаялъ
Къабул гьавизе вукIин лъайдал кканин», – абуна.
Искандар, гIодов къулун, пикрабаде вуссана,
Китаялъул ханасул хабаралъ ракI хIеккана.

[1] Расул – чапар.*
[2] Халват – чи гьечIеб бакI.*

Лъабго соналъулаб харж жакъаго цадахъги кьун,
Цинги щибаб лъагIелалъ бащдаб къадарги кьезе
Дуда кIолеб батани, дирги инкар гьечIилан
Искандарги, ханасда тIадрекъон, разилъана.

«ТIокIаб дида гьаризе гьеб гореб жо бугищ?»-ан,
Гьаб къотIудаса вохун, ханас суал гьабуна.
ГьечIин, Искандарица къокъго жаваб кьун хадуб,
«Къад ажабтука»,[1] – абун, данде гьавги кIалъана;

«Лъабго сонил магъало дуца цадахъ кьолелъул
Дудехун рагIияталъ щиб абулеб?» – гьикъана.
Щибго рагIияталда зулму-хIал гьабичIого,
Гьеб дицаго кьелилан ханас жаваб гьабуна.

Гьудуллъи-вацлъиялда, гьаб къотIи-къайиялда
ТIадвуссун, гьениса хан берцинго рокъов ана.
Искандарие кьезе къотIи ккараб магъало,
Къасего тIатIала лъун, хIадур гьабун къачIана.

Радалго, бер биххарал боялги данде ахIун,
БетIералда тажги лъун, хан къватIиве вахъана,
Харил хьонгIан гIемерал гIаскаралги хадур цIан,
Искандарида тIаде, гьобол гIадин, рещтIана.

ГIаскарал, сверун гIуцIун, гьоркьор ккезе гьаруна,
Гьанжи жал гьалаклъанин гьазул ракIалде ккана.
Гьабураб къотIи биххун, ханас жив гукканилан
Живго Искандарилги занну[2] лъикIаб букIинчIо.

[1] Ай, дун разияв вугилан.
[2] Ай, пикру-хивал.*

Бакъул нурлъун кенчIолеб, чIухIараб, цIакъ къиматаб
Тажги бетIералда лъун, вачIун, хан аскIув щвана.
Искандарица: «КъотIи щай биххараб?» – абуна.
«БиххичIо гори, – абун, ханас жаваб гьабуна. –

Гьаб дуда бихьулеб бо дир дагьаб къадар буго,
Дургун гьабураб сулхIги, хIинкъун дица гьабичIо.
Дуда букIин бихьизе бачараб бо гьаб буго,
Гьабураб къотIиги дир кидаго хойзе гьечIо.

Харжги дуй кьезе буго, дунги вагъизе гьечIо,
Гьаб халкъалъул биялги дица гIодор тIоларо». –
ГIакъло-иман камилав китаязул ханасул
Каламалъ асар гьабун, Искандар цIакъ вохана;

Халкъалда гьесул бугеб рахIмоялъухъ балагьун,
«Гьадинав лъикI хан», – абун хивал ракIалде ккана.
Харжалги тIаса рехун, ханасул койрги босун,
Гьесулгун вацлъиялда Искандар тIадвуссана.

Иманияб къуваталъ гьоркьоб тIамураб вацлъи,
ТIадвуссун дов аниги, ханасда кIочон течIо.
Хадубги Искандарий, сайигъат хIисабалда,
ХIисаб гьечIеб гIемераб боцIи-мал битIун ана.

Искандаргун дандчIварав гьав кIиявго ханасда,
Халгьабе гьоркьоб бугеб кIудияб манзилалъул.
Дара-хан, хоно-гIанаб меседалда бахиллъун,
Биялги гIодоре тIун, тIаде живгоги хвана.

Халкъалда рахIмо гьабун, гьезие пайдаялъе
ЛъикIабщинаб гьабурав гьав хан чIаго хутIана.

ТIаде рагIийяталъул биялги гIодор тIечIо,
Баркатгин рахIматалъул гъуни гIадин вукIана.

ГIаламалъул биги цIцIун, бечелъарал ханзаби
Хадур гьалаклъичIого цониги хутIуларо.
Халкъалда зулму гьабун, данде гьабураб боцIи,
БацIаз чахъаби гIадин, нахъияца кIутIула.

ТIадчагIаца гIуцIулел асло гьечIел макраби
ГIанкабуталъ бессараб босеналда релълъона.
Баркат гьечIеб магIишат, рагIийяталъул гъийин
ЛагIизе гьабичIого киданиги толаро.

ТалихI къарав гьечIони, гьаб дунялалда гIумру
ГьадагIанго яхI рехун, инсанас гьабиларо.
Аллагьас, хIалал гьабун, жиндие кьураб боцIи
ХIарам гьабун горони, толаресда щибилеб?

Тавбу – астагъфируллагь, щукру – алхIамдулиллагь.
Ла илагьа илла ллагь, МухIаммад – расулуллагь.

# - ФАСЛО -

## АСХІАБУ-ССАБТАЗУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

Бану-исраилазул цо къавм букIарабила
Къулзум-ралъдал[1] рагIалда, Айлат абураб бакIалълъ.
Аллагьас амро гьабун, гьеб къавмалъе рузман-къо,
ГIала лисани Давуд[2], гIидлъун гьабурабила.

ГIибадат-дин гьабизе жедее хасс гьабураб
Гьеб хирияб рузман-къо къавмалда риханила.
Халикъасул амро тун, щайтIаналда нахърилълъун,
Шамат-къо, жалго лъугьун, гIидлъун гьез ккурабила.

Гьеб къоялъ ралъдал ччугIа – кинабго тIаде бачIун,
ТIиналда жо чIечIого, данделъулаанила.
Аллагьас, рузман гIадин, гьеб къоги гIидлъун гьабун,
Къавмалъе ччугIа ккойзе хIарам гьабурабила.

Гьеб шамат-къо ун хадуб, хадусеб бачIинегIан,
ГьечIел кинигин ччугIби тIагIунел рукIанила.
РахIманасул хIалбихьи хIехьечIеб къавмалда гъорлъ
ХIилла-макро ургъизе цо-цоял лъугьанила.

Цинги бачIун, иблисалъ гьезий гIакъло кьунила,
ГIазабалде кколареб куц абун, манлъанила,
Ралъдалъан канал бахъун, лъим къватIибехун бачун,
ЧчугIа жаниб буссине хасаб бакI къачIанила.

[1] БагIараб ралъад (Красное море).*
[2] Ай, Давуд аварагасул ﷺ мацIалдасан.*

Сабт-къоялъ[1] жанир рачIун ччугIбузул къанат[2] цIедал,
Къассе нахъаса къалеб къагIида гьабунила.
Гьеб сордо рогьинегIан туснахъ гьарурал ччугIби
Нахъияб патIан-къоялъ ккойзе ругьунлъанила.

Лъабкъоялда анцIазар чи гьезул вукIанила,
ЧчугIа кколеб куцалда киналго рекъечIила.
РахIманас тIобитIичIеб мекъса ккараб цо агьло,
Гьадин ччугIа ккойчIого чIеларин лъугьанила.

Гьезда нахърилълъинчIого, инкарги гьабичIого,
Гьоркьорго чIаразулги цо фиркъа[3] лъугьанила.
Лъабабилеб фиркъаги, Аллагьасе мутIигIлъун,
Сабталъ ччугIа кколезде инкаралда чIанила.

Аллагьасе мутIигIлъун, амро-нагью цIунарал –
АнцIила кIиазарго инсан вукIаравила.
Сабталъ ччугIа ккогеян кигIан гьез бицаниги,
Бахьикъосараб къавмалъ къабул гьабичIебила.

Къосарал ножода гъорлъ гIумру гьабиларилан,
Гьаз, шагьар кIиги бикьун, гьоркьоб къед гьабунила.
Гьаб хIалалда ччугIа ккун, бичун, кванан, кеп гьабун,
Кутакалда бечелъун гьалалги рукIанила.

КIибикьараб шагьаргун гьоркьор сонал анила,
Аллагьасул нагIана капуразде щванила.
ШаргIалъе мутIигIлъичIел, къосарал исраилал
Маймалак-болъоналлъун сверизе гьарунила.

[1] Сабт – щамат къо.*
[2] Къанат – канал.*
[3] Фиркъа – къокъа.*

Гьезул цо нухалъ радал, рукъзабахъа къватIиве
ГIаданго ваккичIого, къо къалъуде щванила.
Щибдай ккараб жо абун, шаргI цIунарал раккидал,
Маймалак-болъоназде масхолъун[1] ратанила.

Болъонгин маймалакал – кинасул щиб лъугьараб
ШаригIат цIунаразда лъалебго букIинчIила.
Бералги чвахулаго, жедерго гIагарлъи лъан,
Болъонал-маймалакал гьал сверун лъугьанила.

Гьазул ратIлиде сентIон, сверухъ лъугьун ралагьун,
Ругьунал гьаби гIадин, лъурлъулел рукIанила.
РахIманасул ццин бахъин жедеде рещтIараб лъан,
Жалго жедекьа нечон ругин кколаанила.

АбичIищ ножодеян бадибчIвай гьаз гьабидал,
БутIрул гьанкIезе гьарун, жаваб кьолаанила.
Жодорго рукъзалги тун, росолъа къватIир рахъун,
Къирадатал-хинзирал[2] гIалхуде гочанила.

ГIалахалда свердулел лъабго сордо-къо байдал,
Мамсухинал[3] Халикъас гьалак гьаруралила.
Гьуригун цIцIадалги ран, гучал лъаралги рахъун,
Лъухьа-рухьун цадахъго ралъдалъе раралила.

[1] Масхо – сифат-сурат хисизе гьаби.*
[2] Маймалакал-болъонал.
[3] Маймалакал-болъоналлъун соризе гьарурал.

# - Ф А С Л О -

## ЗАКАРИЯ АВАРАГАСУЛ ВАС ЯХIЯ ВА ГIИСА АВАРАГ ГЬАВИЯЛДА ХУРХАРАБ ВА ЗАКАРИЯГУН ЯХIЯ ЧIВАЯЛЪУЛГИ БИЦУНЕБ КЪИСА ﷺ

Факъуз абурав инсул, АйшагI ва ХIанат абун,
КIиго яс йикIанилан буго «ГIараисалда».
Гьел кIиязулго цояй – ХIанат абун цIар бугей
Масанил вас – ГIимранил лъадилъунги йикIана.

АйшагIилан абулей, Факъузил цогидай яс
Исраилазул расул – Закарияхъ йикIана.
ГIимранил лъади – ХIанат лъимал гьариялдаса
Айисатлъун[1] лъугьараб гIумруялъулъ йикIана.

Гьелъ, Аллагь-РахIманасде хIелараб дугIа гьабун,
Баркат бугев цо вас дий кьеян абун гьарана,
Гьев вас жиндие кьуни Байтул-Мукъаддасалъе
Садакъалъун гьавилин гьеб къотIиги гьабуна.

Къадар ясалъе букIун, ХIанатие вас вокьун,
ХIукму-къазаъ Аллагьас Жиндий бокьухъ тIобана.
ХIанат хIамиллъун[2] хадуй Халикъасде цебесан
«Инни назарту лака ма фи батIни»,[3] – абуна.

[1] ХьулкъотIарайлъун.*

[2] ХIамиль – лъималъ йигей гIадан.*

[3] Ай, «Дица назро гьабуна ургьиб бугеб лъимер Байтуль-мукъаддасалъе хъулухъ гьабизе»,-ян.

БетІергъанас яс кьуни, щиб гьабилебан абун,
ХІанатил назроялда ГІимран рекІекълъун ккана,
«Араайти ин кана ма фи батІники унса»,[1] –
Абураб калам гьабун, гьелдехун гаргадана.

Нагагь иш гьедин ккани, Байтуль-Мукъаддасалъе
Яс хидматалъе[2] кьейи дандеги кколарелъул,
Халикъасе гьабураб къотІи хоялда хІинкъун,
ХІанатидаги дагьаб ургъел тІаде бачІана.

Гьеб ургъалилъ рукІаго кІиялго ратІалъана,
Лъимер гьабилелдего ГІимран ракьалде ана.
ГІимран хойдал, гьесие ХІанатица яс гьаюн,
Гьей ясалде эбелалъ Марям абун цІар лъуна.

«Марям», дозул мацІалде, магІна сверизабуни,
«ГІабидат ва ХІамидат»[3] бачІунебилан буго.
Байтул-Мукъаддасалъе вас хадимлъун[4] манлъарай,
Яс гьаюнилан эбел рахІат дагьлъун лъугьана.

«Рабби инни вазагІту унса»[5],-ян абун, ХІанат,
Аллагьасдехун юссун, гІузру бачун кІалъана.
ГІимран хун хадусала гьоркьоб гІемер мех инчІо,
Хадуйго ХІанатги хун, Марям жийго хутІана.

ГьитІинай Марямие кафалатлъи гьабизе
Киналниги ахІбарал анищалда рукІана.

[1] «Ургьиб бугеб лъимер яс ятани щиб гьабилеб?» - ан.
[2] Хидмат – хъулухъ.*
[3] ГІабидат – Аллагьасе лагълъи гьабулей; ХІамидат – рецц гьабулей.*
[4] Хадим – хъулухъчи.*
[5] «Дица яс гьаюна гури, БетІергьан!»

АйшагIил яцалъул яс хьихьизе нождаса
Дун рекъарав вугилан Закария кIалъана.

Жиндирго лъимер гIадин, аскIуй ячун хьихьана,
УнкъгIалалъ хъулухъ гьабун, Марям кIудияй гIуна.
Масжидуль-Акъсаялъуб гьитIинаб бакIги къотIун.
ТIагIат-гIибадаталъе гьений рахIат гьаюна.

Лъин-койн гьелъие босун, живго тIад хьвадулаан,
ТIокIав батIияв инсан гьенив лъугьунароан.
Гьелда аскIуб абуни, Закарияда даим,
Заман гореб гIужалда пихъ батулеб букIана:

Роолил пихъ – хасало, хасалил пихъ – роода,
«Дуе гьаб кисса?» – абун гьес гьикъулеб букIана.
Гьесие жаваб гьабун, гьаб Аллагьас кьунилан,
Абураб калам гьабун, Марямги кIалъалаан.

Марямие гьеб хIалалъ кьолеб ризкъи бихьидал,
Закария авараг хIайранлъун хутIулаан.
Халикъасе бокьидал щибго сабаб гьечIого,
Щибаб жо билълъунеблъи бихьулебги букIана.

БетIергьан-Аллагьасул рахIматалде хьулги лъун,
Херлъиялъул гIузрабаз сверун ккун рукIаниги,
Сверухъ бугеб гIагарлъи – гьелги тарулел рукIун,
«Баркат бугев вас кье»,-ян Закария гьардана.

Гьев, ахIбаразда[1] жанив къурбанал жинца хъолев,
Къадро бищун цIикIкIарав хIибрулъунги вукIана.

[1] АхIбарал – жугьутIазул гIалимзаби; ХIибру – гIалим.*

МазбахIалъул[1] кIулалги гьесда кодор рукIана,
Гьесул изно гьечIого жанив чи унароан.

Гьеб мазбахIалда аскIуб михIраб гьесул букIана,
Жанив лъугьун цо къоялъ как байзе байбихьана,
Берцинаб сифаталъул, хъахIаб ретIел ретIарав
ГIолохъанчи загьирлъун, Закария тIуркIана.

ТIадегIанав Аллагьас васасул рохел бицун,
Гьесухъе жив витIарав Жабраил гьев вукIана.
«Я Закария, – абун Жабраилас абуна, –
ЯхIя абун цIар бугев вас дуй кьунин», – абуна.

«Ункъоялда анцIилъа соналги рорчIун рукIун,
Вас нежее кисса?» - ян Закария кIалъана.
Жинцаго Аллагьасде цевеккун васги гьарун,
Гьанжи киссаян аби, кинин суал бачIана.

Аллагь-ТагIалаясул хIалкIолъиялда сверухъ
КигIан дагьабги щаклъи Закариял букIинчIо.
Кинги, «АйшагI бахIарлъун, я цогиялдасандай
Дий вас кьела?» – абураб хивал ракIалде ккана.

Хадуб Закарияца Аллагьасдеги гьарун,
Ургьив вас вачIиналъе гIаламатги бицана.
ГIадамалгун кIалъай тун, лъабго къоялъ кIалги ккун,
Зикроялда мун чIейи гIаламатин абуна.

АйшагI, ЯхIя гьавизе, хIамиллъи загьирлъидал,
Закария авараг кутакалда вохана.

[1] Ай, къурбанал хъолеб бакI.

Халикъасде гьарараб дугІаялъе жаваб щун,
Дунял гьитІинго тарав такъи[1] гьесул лъугьана.

Гьанжи нилъ тІадруссинин Марямил къисаялде,
Рехсон баян гьабизин гьелъул ккараб хІакъикъат,
Къудраталъул Аллагьас, эмен жиндий гьечІого,
Гьелъий кьурав васасул баркат нелъейго щойзе.

Кафиллъун гьелъий чІарав Закария, херлъидал,
Лъида тІад гьей къалаян ахІбаразде кІалъана.
АхІбараз, данде руссун, гьоркьоб можоро тІамун,
Марямие кафиллъун Юсуфу-нажжар ккана.

Ражулун свалихІ[2] абун гьев машгьурав вукІана,
Марямие ибну гІамм[3] гьев вукІанин бицана.
Цинги гьес, тІаде йосун, яс-яц гІадин хьихьана,
ГІимранил наслоялъе хъулухъ берцин гьабуна.

Байтуль-Мукъаддасалъул хадимлъун гьев вукІана,
Хадиматлъун[4] Марямги бегьухъе хІалтІулаан.
Лъин тІагІиндал иццухъе цадахъги гьел унаан,
Цадахъ Юсуф гьечІого цо къоялъ жийго ккана.

Цинги, иццухъе щойдал, нохъоялъуй лъугьиндал
Инсанасул сураталъ Жабраил цеве чІана.
Жиндий рохел бицана, Марямиде кІалъана,
«Дуй вас кьеян Аллагьас витІун вуго», – абуна.

[1] Аллагьасдаса хІинкъарав.
[2] ЛъикІав чи.*
[3] Ай, вацгІал.
[4] Хадимат – хъулухъчІужу.*

Аллагьасдалъун жинца гьесдаса цIуни гьарун,
«Мун такъи[1] ватани», - ян Марям гьесда кIалъана.
«Дун дур БетIергьанасул расул вуго», - ян абун,
Вас кьезе витIиялъул хабар мухIкан гьабуна.

Гьелда хадубги Марям, Жибриласдехун юссун,
Вас дие киссайилан инкаралда кIалъана,
«Ва лам ямсасни башар ва лам аку багъийян»,[2] –
Абун тIадеги жобан жиндирго хIал бицана.

Жибрил-малаикасги, Аллагьасул рахъалъан,
Гьеб цIакъ бигьаяб жоян жаваб гьелъий гьабуна.
Гьаб хIакъикъат бичIчIидал къудраталъул Аллагьас
Къадарлъун гьабуралда Марямги разилъана.

РетIараб гордеялъул къвалги босун, Жибрилас
Жанибе пун, гьебсагIталъ хIамиллъун жий лъугьана.
ХIалкIолев БетIергьанас гьаб халкъалъе гIибратлъун[3]
ГIиса, эмен гьечIогун, Марямил ургьив лъуна.

Ургьиб ГIисаца бараб заманаялда тIасан
ТIахьазда риваятал батIа-батIа рицана.
Цо сагIат горони, гьес Марямил ургьиб байчIин
Абулел гIалимзаби гIемерисел лъугьана.

Марямил хIамло лъайдал, лъалел-кIолел гIадамал,
КIудияб гIайиб гьабун, гьелдехун гаргадана.
Гьей яцIцIине цIакъбахъун кIалъалев вугониги,
ВакъигIат уяб батун, Юсуфги пашманлъана.

[1] Ай, «Мун Аллагьасдаса хIинкъулевлъун ватани»,-ян абун.
[2] Ай, «Дун саяхъай гIаданги горо, дида гIаданги хъвайчIо», – абуна.
[3] Дарслъун, Жиндир хIалкIолъиялъе хIужжалъун.*

Юсуфгин Марямида гьоркьоб хабар бижана,
Гьелъий суал кьечIого нафсалъ хIалада течIо.
«ЦIцIадго гьечIого гъойтI-рохь бижунищ?»-ан гьикъана,
«Хьон хьвайчIого хур бачIин кин букIунеб?» – абуна.

«НагIам»[1], – абун жаваб кьун, Марям гьесда кIалъана,
Гьесул дагIба къотIараб далил чIезе гьабуна,
«ЗаргI[2] тIоцобе Аллагьас хьон гьечIого бижинчIищ,
Хьон батизеги асло заргI горищ?» - ан абуна.

«Алам тагIлам, я Юсуф, анна Ллагьа тагIала
Анбата биль-къудрати щажара мин гъайри гъайс»[3], –
Гъайс[4] абуни – гъойтIалъе, гъойтI гореб, заргIалъеги[5]
Рижун хадуб городай хIаят цIунизе[6] бугеб.

ХIикматалда кIалъарай Марямил къавлабаца[7]
Къварид вукIарав Юсуф ралъад гIадин лъугьана.
Гьелда тIаде бачIараб тIабигIияб гореб хIал –
ТIобанго илагьияб амро букIин бичIчIана.

Иман гьечIеб тайпаялъ бугьтанал гьелда лъуна,
Гьелъул хIакъалъулъ хабар ханасде щойзабуна.
Зaният[8] хIисабалда ханас гьей чIвазе йикIин,
Гьелъий кафиллъун[9] чIарав, Юсуфида бицана.

[1] Ай, «БукIуна», - ян абуна.
[2] Ай, хур.
[3] Ай, «ТIоцобе Аллагьас гъойтI-рохь, хур-хер цIад гьечIого бижинчIищ?» – абуна.
[4] Гъайс – цIад.*
[5] ЗаргI – хур-хер.*
[6] Ай, чIаголъи цIунизе, кIудияб гIезе.
[7] Къавло - рагIи-калам.*
[8] Зaният – зина гьабурай гIадан.*
[9] Кафил – цо жо тIаде босарав, гьелъул жаваб кьолев чи.*

Цинги Юсуф Марямгун къавмалдаса тIурана,
Къуддусалда гIагарлъухъ Байту-ЛахIмалде[1] щвана.
Виладаталъул[2] унти Марямиде бачIана,
Бакъвараб чамарсакIил гъотIокье жий кIанцIана.

Жакъа къо бихьизегIан хун тарай анийилан
Намусалъул цIакълъиялъ Марям хIайран гьаюна.
«Мун пашманлъуге», – абун Аллагьасул рахъалъан
Илгьамалдалъун ахIун, хIайранлъи тIаса ана.

ХIатIакьан ицц баккана, бакъвараб гъойтI цIилъана,
Барщараб чамарсакIалъ чурхъун цIураб лъугьана.
«Ва гьуззи илайки», - ян гьеб гьурщизе манлъана,
«ТусакъитI гIалайки», - ян гъине букIин бицана.

Цинги малаикзабаз Марям сверун йосана,
Инсалгин женаздаса жедеца гьей цIунана.
Гьенив ГIиса гьавуна, гIаламатал тIатана,
Хъанчал гIодоре къулун, щайтIаби цуцахъ рана.

Цинги ГIисагин Марям Юсуфу-нажжарица
Цо нохъоялда жанир парахлъизе гьаруна.
Гьеб нохъоялда жаниб кIикъого къо бан хадуб,
Байтул-Мукъаддасалде къавмалъухъе рачIана.

Къавмалъухъе инелде Аллагьас Марямида:
«Васасдасан гьикъани, я дуда гIайиб чIвани,
Дица кIал ккун бугилан койралъ ишара гьабун,
Гьав кIалъайзе гьаве»,-ян аби манлъун букIана.

[1] БакIалде цIар.
[2] Виладат – лъимер гьаби.*

Эмен гьечIеб лъимергун Марям тIаде ячIиндал,
ГIода-чIвадун агьали гьелдехун гаргадана,
«Дур эбел, яги эмен гьадиналги рукIинчIин,
Гьав вас дуе киса?» - ян бадирчIваял гьаруна.

БетIергьанас манлъухъе койралъ ишара гьабун,
«Гьав васасде гьикъе»,- ян Марямица абуна.
Цинги гьел ццидахана, ралъаргъулаян ккана,
Кин кIалъазе гьабулеб лъимерилан абуна.

Марямгун ягьудиял дагIбадизе лъугьана,
Гьоркьосан Закария лъимада аскIов щвана.
«Амро гьедин батани, антIикъ бихIужжатика»,[1] –
Абураб калам гьабун, ГIисадехун вуссана.

КIикъого къо тIобараб лъимер гьесда кIалъана,
Дун ГIабдуллагь вугилан байбихьиги гьабуна,
Гьез бачIунеб заманалъ жиндий гьабизе бугеб
Сифат гьересигьабун, гьенибго жаваб кьуна[2].

БетIергьанас вижарав лагъ живго вукIиналъе
Жинцаго нугIлъи гьабун, киниялда кIалъана,
Рисалаталъул амро таблигъ гьабулелъулги[3],
Аллагь горесе лагълъи гьабугеян манлъана.

Гьелда хадуб абуни, Аллагьас жиндий кьурал
Дунял-ахираталъул хиралъаби рицана.

---

[1] Ай, мун кIалъаян абуна.

[2] Ай, хадусан насранияз, «ГIиса – Аллагь яги Аллагьасул вас вуго» – абун байзе бугеб дагIба гьереси гьабун, «Дун Аллагьасул лагъ вуго» – абун кIалъана.*

[3] Ай, жинда тIадкъараб шаргI халкъалъухъе щвезе гьабулелъулги.*

Илагьияб къудраталъ[1] ГIиса кIалъачIевани,
ЧIимхаздалъун ягьудаз Марям чIвалей йикIана.

Марямилги ГIисалги къиса халатаб буго,
Къуръаналда Аллагьас баянги гьабун буго.
БетIергьан горевасе бегьуларел сифатал
Гьесий чIезе гьариялъ, ягьудиял къосана.

РухIуллагь гьавилелде бащдаб лъагIелалъ цеве
ЯхIя авараг гьавун – гьеб рохелги букIана.
ГьитIинго Аллагьасе гIибадат-тIагIат гореб,
БатIаяб жоялдехун рокьи гьесул букIинчIо.

Байтул-Мукъаддасалъул ругьбанал, ахIбаралгун
Мажлисазда гIахьаллъун сухIбат[2] берцин гьабуна.
Гьез ретIунеб квасалъул ретIелалда хIайранлъун,
ЯхIял, эбелалдехун, зигара-бакъ баккана.

Закария разилъун, эбелалъ кун дургъана,
Квасул мидрагIат[3] гьабун, васасда тIад ретIана.
Цо нухалъ лъималаца васандизе ахIана,
«Ма ли-ллагIби хуликъту»,[4] – гьезий жаваб гьабуна.

«Мун гьитIинав чи вугин, гьедин щай вукIунев?» - ан
Гьикъа-бакъун, цо къоялъ эмен гьесде кIалъана.
Инсул суал борхана, данде жаваб гьабуна:
«Дидаса гIисиналги холел гьечIищ?» – абуна.

---

[1] Ай, Аллагьасул хIалкIолъиялъ.*
[2] СухIбат – гьалмагълъи (гIалимзабазда аскIов чIун).*
[3] Ай, ретIунеб жо.
[4] Ай, «Васандизе вижун гьечIо дун», – абуна.

Гьев вугеб мажлисалда насихIатал гьаруни,
ХIехьезе кIоларого тамахлъулев вукIана.
«Ва атайнагьуль-хIукма сабийян»[1] - аят рещтIун,
Аллагьас Къуръаналда къадро гьесул бицана.

Цинги исраилазде авараглъун витIана,
Щуго пишаялдалъун гьезда амро гьабуна.
«Ширкалдаса гIибадат бацIцIад гьабе», – абуна,
БацIцIадаб гореб гIамал гIадада хой бицана.

Цинги как-кIал, садакъа, Аллагь рехсей тIадкъана,
ТIолгоязул мисалал гьезий баян гьаруна,
Ширк релълъене гьабуна, ханас жиндир малги кьун,
Даран-базар гьабизе веччан тарав лагъасда.

Тижараталъул хайир, жиндийго харжги гьабун,
ХутIараб ханасе кьей къотIи-шартIги гьабурав,
Гьеб шартIги хойзе гьабун, ханасул тушманасе
Щвараб хайир балъгого кьолевлъунги ватарав.

Изноги тIалаб гьабун, тIаде ханасги восун,
Гьесда цеве чIун хадув, щиб-щибалдеги вуссун,
Щиб дуй къварагIарабан цIех-рехцин гьабичIого,
Ханас рехун тарасда как релълъене гьабуна.

Как балев чи – лагъ ккола ханасда цеве чIарав,
Хан разилъи горони жиндир мурадги гьечIев,
Мурадалде щоялъе шартIлъун гьабураб ихлас[2]
ГьечIеб какалъул мисал релълъана дов чиясда.

[1] Ай, «Дица гьесие гьитIинго гIильмо-лъай (яги авараглъи) кьуна».*
[2] Ихлас – гIибадат Аллагьасе гIоло, бацIадго, гьаби.*

Тушманасде кодове асирлъунги жив ккарав,
Жиндирго нафс досухъа нахъе бичун босарав,
Багьа досий бецIизе дагь-дагьккун жив хIалтIулев,
Ражуласда релълъене садакъаги гьабуна.

Гьединго тушманасул койр жинде щунгутIизе,
Цебе кколеб турсалда[1] кIал релълъене гьабуна.
КIал ккоялъ инсанасул нафс гIодобе буссуна,
Иблис рекIелъ лъугьунел нухалги къварилъула.

Къуват бугев тушманас тIаде гьужум гьабидал,
Жал цIунизе щулияб хъала бугеб къавмалда,
Къудраталъул БетIергьан – Аллагь рехсон бачунеб
Зикро релълъене гьабун, гьаб мисалги бачана.

Гьанжи ЯхIя авараг исраилаз чIваялъе
Аслолъун ккараб гIилла бицинин рагIичIезе,
ГIиялъажо кинигин, къосарал ягьудияз
Гьев тIасталъуве[2] хъурав къиса баян гьабизин:

Бану-исраилазул ханзабада гьоркьосан
Гьесул заманаялда вукIарав цо ханасул
Хъизаналда, гьесие цойги чIужу ячине
Бокьун бугеблъи лъайдал, гьелъие захIмалъана.

Гьелъул йикIана цо яс, ханасе жий гьайичIей,
«Тазавваж бигьа»,[3] – абун гьай ханасда тIадчIана.
Ханас, ЯхIяде гьикъун бихьилилан абуна,
Изно гьесул бугони, гьабизе разилъана.

[1] Турс – щит.*
[2] Ай, багъиралъуве.
[3] Ай, жиндирго яс ячеян чIана.

Гьабизе бегьуларин ЯхIя авараг чIана,
Инкар гьабидал, гьесда ханасул ццин бахъана.
Цинги, ЯхIя чIвайчIони, дун дулъль чIезе гьечIилан,
ЧIужуялъги ханасда гIемераб жо бугIана.

ГIайибго гьечIев ЯхIя ханас чIвазе къасд гьаби
Бану-исраилазул гIалимазда рагIана.
ГIалимзабаз, ракьалде гьесул би тIинкIун хадуб,
ТIокIаб ракьалда хур-хер бижинарин абуна.

Гьелдаса хIинкъун ханас, пахьул тIаст бачIинабун,
Хьихьараб хIайван гIадин, ЯхIя гьелъуве хъуна.
Хъолев вукIин лъаниги, «Лима, кайфа?»[1] – абичIо,
Къазаалда[2] нахъвилълъун истисламалда[3] чIана.

Аллагьасул авараг исраилаз чIваялъе
Ишкал-хилаф тIад гьечIеб Къуръаналъул насс буго.
Хъоялъе ккараб гIилла батIа-батIа бицана,
Цо риваяталдасан дица накъло босана.

Цинги, ЯхIя хъун хадув, эмен тIалаб гьавуна,
Гьевги чIаго теларин рортанхъизе лъугьана.
Закарияда рагIун, вахчизе къасд гьабуна,
Гьездаса тIурулаго цо гъойтI цебе батана.

Цинги Закарияца гъойтIалде ахIи бана,
«Дун цIуне»,- йилан абун гьелда аскIув кIанцIана,
КIибихъун гъойтI бачIана, гьодриниве лъугьана,
ГьебсагIат данде бачIун, букIухъеги лъугьана.

---

[1] Ай, «Щай, кин?» – абун кIалъайчIо.
[2] Аллагьасул хIукму-къадаралда.*
[3] МутIигIлъун чIана.

Исраилазул ахIи гьениб тIаде гIунтIана,
Гьев араб рахъ лъайчIого сорсодулел хутIана,
Херав чи хIисабалда иблис гьазухъе щвана,
Закария гъотIода жанив анин бицана.

Цинги, ханас буюрун, хъухъадеро бачIана,
Хъарщи бахъулеб гIадин, гъойтI хъухъайзе лъугьана.
Закариял ботIрода хъухъадеро тункидал,
Унтиялъул хIал бергьун, агьан гьаракь борчIана.

Агьан тIокIаб абуни, Дица анбияазул
Диваналда гьоркьоса мун вахъизе вугилан,
Аллагьасул рахъалъан, мусибат[1] хIехье, – абун,
ВахIю босун Жабраил Закарияхъе щвана.

Хъухъан кIикъотIулелъул, кIутIби рукъун горони,
ТIокIаб къватIибехун сихI Закариял баккичIо.
Бану-исраилазул талихI къараб агьлоялъ
Аллагьасул авараг гьадин кIихIи хъухъана.

ЯхIягин Закария – кIиявгоги эмен-вас,
Унго, халгьабун бихье гьазда гьабураб зулму.
Залимасдасан къисас мазлумас босулелъул[2],
БетIергьанасда цебе метер щибдай букIина.

ЯхIя, гIалайгьи ссалам, тIасталъуве хъолелъул,
ТIинкIун цо бидул къатIра чIабаралде ккун буго.
ЧIарбиде тIинкIараб би, цIетIа лъураб хьаг гIадин,
Гьалдезе байбихьараб гIодобго буссун гьечIо.

[1] Мусибат – тIаде бачIараб балагь-къварилъи.*
[2] Ай, жинца зулму гьабурасдасан жинда зулму гьабурас къисас босулелъул.*

Бухтанасар Аллагьас къисас босизе тIамун,
Биялде тIаде гьезул гIемерав чи хъун вуго,
Лъабкъоялда анцIазар гьел рукIаралин буго,
Гьеб мехалда биялъул гьалдейги чIанин буго.

ЯхIя авараг хъойи Палестиналда ккана,
Къаркъала гьениб букъун, бетIер Шамалде ана.
Бейруталда – гъежгин койр, Сайданалда – хIетIе-бох, –
Гьаб хIалалъ бакI-бакIалда вукъаравин бицана.

ГIабдулмаликил Валид халифалъун вукIаго,
Димишкъи шагьаралда масжид балеб букIана.
Бинаалда тIад тарав Зайд бину Вакъидица
БетIералъулгун ккараб къиса гьадин бицана:

Къед гьабун кIал бацараб цо нохъо загьирлъана,
Гьелъул хIакъалъулъ хабар Валидихъе битIана.
Валид гьенив вачIана, гьеб нохъоги рагьана,
Нохъоялъуб рахараб маххул гьалмас батана.

Гьалмасалда жанибги, расцин тIаса бортичIеб,
Инсанасул берцинаб бетIер гьезда батана.
Балагьарал чиязда чIаго бугилан кколеб,
Бакъ гIадаб гьомералъул хисараб жо букIинчIо.

БетIералда аскIубги рухамалъул хъорщода
Хъван батараб хатI цIалун, лъил бугеб загьирлъана.
«Закариял вас ЯхIял бетIер гьаб буго», – абун,
Гьесул хIакъикъат гьелда баян гьабун батана.

БетIер, тIад койрги бахъун, баун убачги гьабун,
Валидица «БукIухъе гъансиниб лъе», – абуна.

Гъалмас, бетIергун цадахъ, Димищкъи шагьаралъул
Масжидалда жаниб лъун, тIад зиярат гьабуна.

Закариягун цадахъ гъойтI хъухъаян абуни,
Набилисин абураб бакIалда кканин буго.
Гьеб бакIалдаго хабалъ вукъунги вукIун вуго,
Нахъа гьениса восун, ХIалабалда лъун вуго.

Баракат тIалаб гьабун, зуварал тIад хьвадулел,
Закариял зиярат гьениб машгьураб буго.
Гьев кIиявго – эмен-вас – ЯхIягун Закария –
Баркат нелъей щваязул къисмат гьадин ккун буго.

Къосун хадув инсанас гьабичIеб жо толаро,
Гьесул ракIалда жаниб иман букIунарелъул.
Иман гьечIеб къавмалъе питна нухлъун букIуна,
Халикъасул шаригIат гьезда бичIчIуларелъул.

БичIчIи кьеги Аллагьас Исламияб диналъулъ
Агьлу-къиблатлъун ругел тIолго бусурбабазе!
ТIамеги БетIергьанас ХIабибасул суннатал,
Салафуназда релълъон, чIаго гьарун цIунизе!

Амин, амин, амин, я Мужиб!

# - ФАСЛО -

## МАРЯМ, ГIИСАГИ عليه السلام ВАЧУН, МИСРИЯЛДЕ ИЙИН ВА ГЬЕНИСА ТIАДРУССИНАЛЪУЛГИ ХIАКЪАЛЪУЛЪ БАЯН

Бану-исраилазул, Гьардус абун цIар бугев,
Румазул къайсарие мутIигIав хан вукIана,
ГьитIинго загьирлъарал ГIисал мугIжизатазул
Тavатур борхун ккейи[1] гьесие захIмалъана.

НужумчагIи, баккараб цIваялде ралагьана,
Гьелдасан хIукму босун, хIинкъи букIин бицана.
ХIинкъи тIаса иналъе ГIиса – РухIуллагь чIвайзе
Исраилазул ханас тIобараб къасд гьабуна.

Къадирас илгьам гьабун, Юсуфу-нажжарие
Гьардусил бугеб хивал, бицун, баян гьабуна,
Гьев хойдал тIадруссине, Мисриялъул ракьалде
Марям-ГIисаги рачун, айиланги манлъана.

Манлъухъе, гьелги рачун Юсуф къватIив вахъана,
Мисриялъул ракьалда жал парахат гьаруна.
Хурзабахъа тIор бищун, кун дургъун, базар гьабун,
БетIергьанас манлъухъе магIишатги гIуцIана.

ГIиса, галаби рахъун, вилълъанхъизе гIуравго,
МугIаллимасда аскIув адаб манлъизе кьуна.
МугIаллимас «Бисмиллагь» бахъизе гьев тIамуна,
Гьеб бахъун хадуб абжад абейилан манлъана.

---

[1] Ай, халкъалда гьоркьоб хабар тIибитIи.*

Абжад дуда лъалищан ГIисаца суал кьуна,
Ццин бахъун муаддибас кьабизе тIил борхана.
«Кьабуге, я муаддиб, дуда лъалеб батани,
Лъалаpевлъун ватани, диде гьикъе», – абуна.

«Гьабеха дуца тафсир, лъалеб батани», – абун,
Лъимадуй рагIиги кьун, муаддиб вуцIцIун чIана.
ГIисаца тафсир гьабун, гьелъул магIна бицана,
Гьав диде ккун гьечIилан рокъовахъа витIана.

РухIуллагь гIолилалгун къватIнав васандулелъул,
Гьезул рокъоб гьабула бугеб койн бицунаан,
Бицухъе, рокъор щойдал койн гьезда батулаан,
Кин лъараб ножодаян умумуз цIехолаан.

Умумузе лъималаз, гьикъидал, жаваб гьабун,
Нежеда ГIисаца гьаб бицунин абулаан.
Цинги, «Гьев сахIирасда[1] аскIуре къаге», – абун,
КъватIирго реччайчIого рокъор чIезарулаан.

ГIисал сихIроялдаса цIунаpаллъун рукIине,
РакIа-рахарун лъимал цо рокъор гъун рукIана.
Цинги, вачIун, ГIисаца лъимал тIалаб гьаруна,
ГьечIин, гьереси бицун, гьав тIаса ккезавуна.

«Гьаб рокъор жанир ругел щалха?» – абун гьикъана,
«Болъонал руго», – абун валъаргъун жаваб кьуна.
Гьедин гьел лъугьинилан ГIисацаги абуна,
Абухъе, болъоназул цIун гьеб рукъги батана.

[1] СахIир – сихIручи.*

АнцIила кIиябго сон Мисриялда тIобайдал,
Марямий тIадюссине тIобараб изно щвана,
Исраилазул малик[1] Гьардус хванилан абун,
Халикъас, вахIю рещтIун, гьелда рохел бицана.

Цинги, гьениса рахъун, Шамалдехун къокъана,
Насиратан абулеб цо росулъе рещтIана.
Росдал цIар нисбат гьабун, насраниял абураб
Исмуялда агьали машгьурлъанин бицана[2].

Лъеберго сонил гIумру ГIисал тамамлъун[3] хадуб,
Рисалаталъул амро гьесда тIаде рещтIана,
ТIадегIанав Аллагьас тавхIидалде халкъ ахIи,
ВахIю рещтIун тIадкъайдал, дагIват жинца гьабуна.

Гьесдехун халкъ гьетIана, атбагIал[4] гIемерлъана,
ГIемерав унтарав чи, дугIа гьабун, сахлъана.
Сахлъун хадур иман лъей гьезий шартI гьабулаан,
Гьаб хIалалъ ГIисадехун рокьи гьезул цIикIкIана.

ГьитIингоги гIедалги ГIиса аварагасул عليه السلام
ГIемерал мугIжизатал халкъалда загьирлъана,
Дару гьечIеб унтуца унтарал сах гьаруна,
Гьес дугIа гьабун, чанги хваралги чIаголъана.

РитIучI аскIубе ахIун, хъун, бежун гьанги кванан,
«Биизниллагь къум»,[5] – абун амро жинца гьабидал,

[1] Малик – хан, пача.*
[2] Ай, росдал цIар жедеде гIунтIизе гьабун, гьел насраниял абун машгьурлъана.*
[3] Тамамлъун – тIобан.*
[4] АтбагIал – нахърилъьарал гIадамал.*
[5] «Аллагьасул изноялдалъун мун тIаде бахъа».

Гьеб Аллагьасул хIайван, кIутIун тIадеги бахъун,
ТIадбуссун гIалахалде араб къисаги ккана.

Акмагьал[1], дугIа гьабун, бихьулел лъугьунаан,
Лъеда тIасан унелъул хIетIе биччулароан.
Рокъоб кванала бугеб, иддихар гьабурабги[2], –
Гьабги, гьабги гьечIищан гьезие бицунаан.

Буцун, хIарщул хIинчI гьабун, гьелда тIаде пулаан,
ГьебсагIаталъ чIаголъун, рухI бугеб лъугьунаан.
Лъугьинеги бищунго гIажаибаб махлукъат,
Къохьол лъалкIачги лъугьун, жиб боржунги унаан.

Гьединал мугIжизатал ГIиса аварагасул
ГIорхъи-рахъ лъаларелгIан гIемер рукIарал руго.
ГIадамаз жал ургъарал маргьабиги гьел горо,
Гьалъие Каламуллагь – Къуръанги нугIлъун буго.

قَالَ تَعَالَى: ﴿وَيُعَلِّمُهُ ٱلْكِتَٰبَ وَٱلْحِكْمَةَ وَٱلتَّوْرَىٰةَ وَٱلْإِنجِيلَ ﴿٤٨﴾ وَرَسُولًا إِلَىٰ
بَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ أَنِّى قَدْ جِئْتُكُم بِـَٔايَةٍ مِّن رَّبِّكُمْۖ أَنِّىٓ أَخْلُقُ لَكُم مِّنَ ٱلطِّينِ كَهَيْـَٔةِ
ٱلطَّيْرِ فَأَنفُخُ فِيهِ فَيَكُونُ طَيْرًۢا بِإِذْنِ ٱللَّهِۖ وَأُبْرِئُ ٱلْأَكْمَهَ وَٱلْأَبْرَصَ وَأُحْىِ
ٱلْمَوْتَىٰ بِإِذْنِ ٱللَّهِۖ وَأُنَبِّئُكُم بِمَا تَأْكُلُونَ وَمَا تَدَّخِرُونَ فِى بُيُوتِكُمْۚ إِنَّ فِى ذَٰلِكَ لَءَايَةً
لَّكُمْ إِن كُنتُم مُّؤْمِنِينَ ﴿٤٩﴾﴾ آل عمران : ٤٨ – ٤٩

[1] Ургьисаго, канлъи гьечIого беццаллъун гьарурал лъимал.
[2] Ай, нахъе цIунарабги.*

Гьелда гореб иш бугеб, Аллагь гурхIун рохаял,
«Инни ахлукъу лакум»[1] – гьалъул таржама гьабе.
Тафсир халгьабичIого рагIабазда дандбитIун,
Авар мацIалда гьалъул магIна кинаб бачIунеб?

МагIарул лугъаталде гьаб буссине гьабулес:
«Дица ножой бижина»,– абуни мекъса ккелищ?
Аллагь тун нахъияв чи Халикъги гьечIев хIалалъ
Гьадаб сифат гьабизе махлукъасе бегьилищ?

Бегьизеги бегьулеб, мустахIикъаб таржама,
Тафсиралдеги раккун гьабуни, берцин гьечIищ?
Гьениб дуда батула «Ахлукъу лакум»-алъул
«Усаввиру»,[2] – абураб мухIканаб магIна гьабун.

ГIисаца къавмалдехун гьадин абизе букIин
Бицун баян гьабурав мухбирги[3] – Аллагь горищ?
Умматалъе цо хайир букIинелъун горони,
БетIергьанас гIадада хабарги бицунебищ?

Цинги, «Би-изниллагьи» ГIисаца абичIищан,
Суал дие гьабуни, гьеб цIакъ битIараб буго,
Гьединго «Би-изниллагь» такъдирго гьабичIого,
Дун Халикъилан чIарав дуцаги вихьизаве.

«Ва ла тадгIу»[4] абураб аятги кьочIой босун,
Тавассулалде инкар гьабулел «гIалимзаби»,

[1] МагIарул мацIалде гьадал рагIаби руссине гьаруни, магIна ккола: «Дица ножое бижина», – абураб.
[2] Ай, «Дица ножое гьабила сурат».
[3] Мухбир – бицунев чи.*
[4] Ай, «Дуца ахIуге».

Гьаб рещтIиналъе ккараб гIилла, сабабу-нузул[1],
Нужги беццлъун ругелъул, бегьиларищ бицине?

Цо нухалъ мушрикинал ХIабибасде кIалъана:
«УгIбуд алигьатана санатан» - ин абуна,
«Ва санатан нагIбуду илагьака»,[2] -ян абун,
Капурзабаз ахIмакъаб гIакъло загьир гьабуна.

БетIергьан-Аллагьасе гьабулеб лагълъиялъулъ
Гьез цIакъ жигар бахъана хъанчал гIахьал гьаризе.
Заманаялъул рахъалъ цо-цо лъагIелги бикьун,
Цин-циназе бащадго гIибадат гьабилилан.

Гьазул рагIи радд[3] гьабун, ХIабибасде Аллагьас
Аят рещтIун, «Ла тадгIу магIаллагьи»[4] – абуна.
Аварагасде хитIаб Халикъас гьабуниги,
Умматго гIахьаллъараб мурад гьелъулъ бачIана.

Гьанжи халгьабун бихье, хириял бусурбаби,
Тавассул нахъчIвараб бакI бугищ гьаб аяталъулъ,
Гьадин мекъал магIнаби Къуръаналъул гьаризе
Гьаб халкъалде бачIараб балагьго щибдай буго?

**قوله ﴿ فَلَا تَدْعُ مَعَ ٱللَّهِ إِلَٰهًا ءَاخَرَ فَتَكُونَ مِنَ ٱلْمُعَذَّبِينَ ﴿٢١٣﴾ ﴾ الشعراء : ٢١٣ نزل ردا لقول المشركين : أعبد ألهتنا سنة ونحن نعبد إلهك سنة . والخطاب له صلى الله عليه وسلم والمراد غيره . ﴿ وَأَنذِرْ عَشِيرَتَكَ ٱلْأَقْرَبِينَ ﴿٢١٤﴾ ﴾ الشعراء : ٢١٤ وهم بنو هاشم وبنو مطلب وقد أنذرهم جهارا رواه البخاري ومسلم . «جلال»**

[1] Ай, аят рещтIиналъе ккараб сабаб.*
[2] Ай, капураз абуна: «Цо соналъ нижер хъанчазе, цинги цо соналъ дур Аллагьасе рачIа лагълъи гьабизе», – абун.
[3] Ай, кафуразул рагIи нахъчIван.
[4] Дуца Аллагьасда цадахъ цоги жоялъе лагълъи гьабуге.

**قوله : رواه البخاري ومسلم - أي فقد ورد أنه صلى الله عليه وسلم قال في إنذاره : ((يا معشر قريش اشتروا أنفسكم لا اغني عنكم من الله شيئا . يا بني عبد المطلب لا اغني عنكم من الله شيئا . يا عباس بن عبد المطلب لا اغني عنك من الله شيئا . يا صفية عمة رسول الله لا اغني عنك من الله شيئا . يا فاطمة بنت رسول الله سليني ما شئت من مالي لا اغني عنك من الله شيئا)) وفي رواية انه صلى الله عليه وسلم صعد على الصفا فجعل ينادي ((يا بني فهر يا بني عدي)) لبطون من قريش قد اجتمعوا فجعل الذي لا يستطيع أن يخرج يرسل رسولا لينظر ما هو فجاء أبو لهب وقريش فقال : ((أرأيتكم لو أخبرتكم أن خيلا بالوادي تريد أن تغير عليكم أكنتم مصدقي)) ؟ قالوا : ما جربنا عليك كذبا ، فقال ((فإني نذيركم بين يدي عذاب شديد)) فقال أبو لهب : تبا لك ألهذا جمعتنا ؟ فنزل ﴿تَبَّتۡ يَدَآ أَبِي لَهَبٖ وَتَبَّ﴾ إلى آخر السورة . «صاوي» صـ ١٨٣ جـ ٣**

«Дурго гIашираталда[1] гIазабалъул рахъалъан
ХIинкъи рагIизабе», - ян аят жинде рещтIиндал,
Сафаялдеги вахун, хирияв Аварагас ﷺ
АхIи бан, къурайшиял сверухъе ракIарана.

РахIманасул буюрухъ гьезухъе щойзабуна,
Щивасул цIар ахIараб хIинкъи гьезие кьуна,
Къиямасеб къояца, ширкалда нуж ругони,
ШафагIат дир гьечIилан хьул къотIизе гьабуна.

Гьаб аят кьочIой босун, Расуласул шафагIат
Умматалъе гьечIилан абизего бегьилищ?
Агьлу-л-кабаиразе[2] шафагIат жинца гьаби
Бицунеб хIадисалде гьаз щибиндай абула?

[1] ГIашират – тухум-кьибил
[2] ЧIахIиял мунагьазул бетIергьабазе.*

Аллагьасул рахъалъан изно жедее щвараз
ШафагIат гьабулеблъи Къуръаналъ бицун гьечIищ?
Цинги, БетIергьанасул изного щойчIониги,
ШафагIат гьабулилан лъица абула бугеб?

Аллагьасул рахъалъан шафагIаталъе изно
Щолеб агьлолъун вугев инсангойищха гьечIев?
Истиснаалдалъун гьал гъорлъа рахъизарурал[1]
Ралагье аятазухъ, бакI-бакIалда рехсарал.

قَالَ تَعَالَى: أَعُوذُ بِٱللَّهِ مِنَ ٱلشَّيْطَٰنِ ٱلرَّجِيمِ

﴿ لَّا يَمْلِكُونَ ٱلشَّفَٰعَةَ إِلَّا مَنِ ٱتَّخَذَ عِندَ ٱلرَّحْمَٰنِ عَهْدًا ﴿٨٧﴾ ﴾ مريم : ٨٧

﴿ يَوْمَئِذٍ لَّا تَنفَعُ ٱلشَّفَٰعَةُ إِلَّا مَنْ أَذِنَ لَهُ ٱلرَّحْمَٰنُ وَرَضِيَ لَهُۥ قَوْلًا ﴿١٠٩﴾ ﴾ طه : ١٠٩

﴿ لَّا يَتَكَلَّمُونَ إِلَّا مَنْ أَذِنَ لَهُ ٱلرَّحْمَٰنُ وَقَالَ صَوَابًا ﴿٣٨﴾ ﴾ النبأ : ٣٨

﴿ وَلَا تَنفَعُ ٱلشَّفَٰعَةُ عِندَهُۥٓ إِلَّا لِمَنْ أَذِنَ لَهُۥ ﴿٢٣﴾ ﴾ سبأ : ٢٣

﴿ ۞ وَكَم مِّن مَّلَكٍ فِي ٱلسَّمَٰوَٰتِ لَا تُغْنِي شَفَٰعَتُهُمْ شَيْـًٔا إِلَّا مِنۢ بَعْدِ أَن يَأْذَنَ ٱللَّهُ
لِمَن يَشَآءُ وَيَرْضَىٰٓ ﴿٢٦﴾ ﴾ النجم : ٢٦

﴿ مَّن يَشْفَعْ شَفَٰعَةً حَسَنَةً يَكُن لَّهُۥ نَصِيبٌ مِّنْهَا ۖ وَمَن يَشْفَعْ شَفَٰعَةً سَيِّئَةً يَكُن
لَّهُۥ كِفْلٌ مِّنْهَا ۗ وَكَانَ ٱللَّهُ عَلَىٰ كُلِّ شَيْءٍ مُّقِيتًا ﴿٨٥﴾ ﴾ النساء : ٨٥

Бихьулищ БетIергьанас, шафагIаталъул бицун,
БакI-бакIалда рехсарал аятазул мухIканлъи.
Изно шафагIаталъе щоларин къатIгI гьабураб[2],
Къуръаналда батани, цIале цониги аят.

[1] Ай, «БетIергьанас изну кьураз къиямасеб къоялъ шафагIат гьабула» - абурал*
[2] ЧIван-къотIун абураб*

Амма, шафагIаталъе шартI буго, лъайзе ккола, –
Мушрикинал гьелъие агьлолъун рукIунаро.
Исламалда хваралгин капурзабада гьоркьоб
Цуцай шафагIат гьаби гьечIолъи хIакъаб буго.

Гьединго капуразул кумек цуцай гьабизе
КигIан дагьабги гьунар ГIарасаталда гьечIо,
Гьезул хъанчал абуни, бицунго щиб гьабилеб,
Гьезлъидал жужахIалъур цIаял рорκьизе ругел.

РакIалда нифакъ гьечIев бусурманчи ватани,
Къуръаналъул аятал тафсиразде данде ккой.
Диналъулъ витIун ккейи бокьаравлъун вугони,
Бокьаралъур магIнаби цIацIалевлъун вукIунге.

Нелъеца цIацIанилан, борцун, къотIун лъун хадуб,
Ххамил метраялда тIад тIокIлъи билълъанхъиларо.
ТIадегIанав Аллагьас агьлолъун жал гьарураз
Гьарурал тафсиразда тенкон, нилъ бергьинаро.

Дунялалда койр лъураб ханлъи жинца гьабурав,
Жиндир шавкат[1] ракьалда бокьухъе билълъанхъарав,
Бихьуларищ ножода, «Фа агIинуни[2]» абун,
Зул-къарнайн ханас кумек халкъалдасан гьарараб.

Халкъалде комек гьарун, гьев кIалъаялъул къиса
Къуръаналъул аяталъ гьечIищ нелъей бицунеб.
Гьаб аят рещтIаравги БетIергьан Живго гьечIищ,
Гьалъулъ цо пайда-хайир батичIого рес бугищ?

[1] Шавкат – къуват, гуч.*
[2] «Дие кумек гьабе»*

Жив тун, махлукъаталде комек гьарунин абун,
Аллагьасул рахъалъан гьесий гIайиб щун бугищ?
Усватун хIасанатун[1] нелъей букIине горищ
БетIергьанас Жинцаго доб нелъей бицун бугеб?

Дунялалъул жо гьари бегьизабун бугилан
Гьаб дагIба дуца байи дидаги бичIчIун буго,
Дунялалъул гьаризе изно кьурав Халикъас
Ухраялъул гьаризе гьукъунгойищха бугеб?

Гьедин бугеб батани, гIилмо тIалаб гьабизе
ТIалиб гIалимасухъе ине щайха бегьулев?
Унтарасе – тIабибги[2], жагьиласе – гIалимги,
Мискинасе – гъаниги[3] сабаблъун горищ кколел?

ЩегI-маххалъул гьарурал рухIго гьечIел хъанчазда
РухI бугев инсан данде восизе бегьулевищ?
Инсанасда – хъанчалда гьоркьоб бугеб батIалъи, –
Гьебниги лъаларесе бицун харбил пайда щиб?

* * * * *

Гьанжи нилъ тIадруссинин ГIиса аварагасул ﷺ
Хадусеб къисаялъул къокъаб баян гьабизе,
Гьесул асфияазул[4] анцIила кIиго нафар[5] –
Гьездеги щой гьабураб гьабизин дагьаб калам.

[1] Усватун хIасанатун – нахърилълъине мисал, берцинаб нух.*
[2] ТIабиб – тохтур.*
[3] Гъани – бечедав, ресалда вугев чи.*
[4] Асфияал – жинда нахърилълъаразул бищун рацIадал, тIаса рищарал.*
[5] Ай, рацIцIадал чагIи анцIила кIиго рукIана.

Гьел, РухIуллагь божарал, вазирзаби рукIана,
Бищунго гьев разиял ансаралги[1] рукIана.
Эзул хIакъалъулъ хабар Ибну ГIаббасидасан
БачIараб риваяталъ гьадин бицунеб буго:

Цо нухалъ сапаралда ГIиса гьезухъе щвана,
Щибулел чи нужилан гьикъа-бакъи гьабуна.
Гьез, лъелълъа ччугIа кколел чанахъаби ругилан,
Жедерго пиша-гIамал ГIисай баян гьабуна.

«ГIадамазде чан гьабун, дунгун цадахъ хьвадизе
Рилълъунарел щай?» – абун ГIиса гьазда кIалъана.
«ГIадамазде чан гьаби кин букIунеб?» – абуна,
«НадгIу илаллагьи»,[2] -ян ГIисаца жаваб кьуна.

Гьез, «Мун щив кколев?» – абун гьикъа-бакъи гьабуна,
ГIабдуллагь бину Марям – ГIиса вугин бицана.
ГIиса вукIин лъан хадуб, «Дудаса тIадегIанав
ТIокIав расул вахъине вугищ?»-ан суал кьуна.

«Набийюн гIарабийюн[3] вахъине вуго», – абун,
АхIмадил тIадегIанлъи гьезий баян гьабуна.
ГьебсагIаталъ киналго тавбоялде рачIана,
ГIисал рисалаталде сахIихIаб иман лъуна.

ХIавариюнал абун, Къуръаналда рехсарал
ГIиса аварагасул асфияал гьал руго.
Гьез тавхIид къабул гьаби батIа-батIа бицана,
Цо риваяталда гьеб гьаб хIалалъги бачIана:

[1] Ансарал – кумекчагIи.*
[2] Ай, «Нелъеца ахIила гIадамал тавхIидалде».
[3] Ай, гIарабияв Авараг ﷺ.*

Ханзабаздасан цояс, тIагIамги хIадур гьабун,
Гьеб тIотIоде гьалбаллъун гIадамал ракIарана.
РакIарараздa гьоркьов РухIуллагьги вукIана,
РухI рикIкIун, къасгIат[1] щивасда цебе лъуна.

Цинги гьалбадерица кваназе байбихьана,
Киназго, тIино бахъун, гъудрул рацIцIад гьаруна.
Гьелго гIадин кванарав ГIиса аварагасул ﷺ
КъасгIаталъе абуни, щибниги ками ккечIо.

«Щив чи мун кколев?» – абун ханас гьесда гьикъана,
Дун ГIиса бину Марям вугин гьасги абуна.
Гьаб ханлъиги рехун тун, дунги мунгун чIелилан
ЧIухIараб тах-мулкалъе ханас къо-лъикI гьабуна.

Гьевги манлъун, ГIисаде иман жедеца лъурал
АнцIила кIиго чияс тавхIид къабул гьабуна.
ХIавариюнал ГIисал гьал рукIаралин абун,
Рехсараб риваяталъ гьедин баян гьабуна.

ГIиса аварагасул хъизан-кулфат букIинчIо,
КигIан дагьабги рахIат дунялалда гьабичIо.
Даимго атбагIалгун[2] сафаралда вукIана,
Рукъ, мина-ватаналъул тIалаб жинца гьабичIо.

Гьесда хIавариюназ, сафаралда унаго,
Ракъидалгин къечедал лъингин койн гьарулаан.
Гьезул щивав чиясе кIи-кIи панкъ, гьекъезе лъин
Къойил, бокьараб бакIалъ ракьулъан баккулаан.

[1] Ай, гъадаро.
[2] АтбагIал – ай, жинда нахърилълъарал чагIи (хIавариюнал).

Ракьалда хъатги кьабун, ГIисаца дугIа гьаби –
Гьеб ракьулъан баккизе багьанаги букIана.
Багьанадае сабаб Жинца рекъезабулев
Къадирасе бокьидал, бокьараб жо лъугьуна.

Гьаб рехсараб куцалда сапаралъ хьвадулаго,
ХIавариюназ кIалъай ГIисадехун гьабуна,
«Гьадин ракъаралъуб – койн, къечаралъуб – лъин кьолел
Нежедаса хирияв чи вугищ?»-ан гьикъана.

«Вуго», – абун ГIисаца гьезий жаваб гьабуна,
Жеденаса хириял щал рукIунел бицана,
«Ман ягIмал би-ядигьи ва яъкул би-касбигьи»[1] –
Ножодаса хирияв гьев вуго»,-ян абуна.

Гьелда хадуб, ГIисаде лъин-койн гьари жибго тун,
Жедерго койраздалъун касбо гьез байбихьана.
Караматлъун Аллагьас кьураб нигIматалдаса,
ГIетI бацIцIун, тIалаб гьабун, щвараб тIаса бищана.

* * * * *

Эбел Марямгун цадахъ ГIиса, гIалайгьи ссалам,
Сафаралда унаго цо росулъе рещтIана.
Цинги цо исраилас гьоболлъун тIаде росун,
ЛъикIаб хъулухъги гьабун, гьел цIакъ рази гьаруна.

Гьеб хIалалда рукIаго цо нухалда рокъове
Рукъалъул бетIергьанчи цIакъ пашманго вачIана.
Пашманго гьев вихьидал гьесул хъизаналдехун
«Гьасий ккараб щиб?» – абун Марямица цIехана.

[1] Ай, «Жиндир квералъ батараб, гьийин бихьун гьабураб бацIцIадаб [квен*] кваналел хириял руго», – абуна.

ЦIех-рехго гьабугеян гьалъги койрго хьвагIана,
Кутакаб ургъаликье гьал ккун рукIин бичIчIана.
Гьалбадерил рахIат хой Марямие бакIлъана,
«Бице ккараб жо», – абун гьанжиги тIаделъана.

Дица васасде бицун, цо бигьалъи ножое
Гьесдасан букIинилан, ракIбатун, гаргадана,
РакI-ракIалъго кIалъалей Марям жинда йихьидал,
Жедеда тIаде щвараб хIал гьелъ баян гьабуна.

Гьезул вукIун вуго цо къосарав, зулмуяв хан,
Жиндий мутIигIлъичIесе гIазаб-гIакъоба кьолев.
Кванай-гьекъейги гIуцIун къойил гьев, гьалмагълъигун,
Рокъове щивас ахIи гьазда тIад букIун буго.

Гьев хан рокъов ахIулеб къо тIаде щолеб букIун,
Щибдай гьабила абун гьал пашман рукIун руго.
Гьев ворхизе къуватги рукъалъул букIинчIого,
РакI унтараб хIалалъ гьал хIайранлъун рукIун руго.

Гьалбадериде тIаде щвараб къварилъи лъайдал,
ЛъикIаб асар лъугьинчIо Марямил ракIалъеги.
КIвараб комек гьазие гьабичIого гIеларин,
ГIисаеги эбелалъ, ургъел бикьун, бицана.

«Ин фагIалту залика якъагIу шаррун»,[1] – абун,
Эбелалъ абулелда ГIисал разилъи ккечIо.
Ккараб жо букIинебин, кIвараб жо гьабейилан
Гьанжиги Марямица ГIисадехун абуна.

[1] Ай, «Дица комек гьабуни, квеш букIина»,-ян абуна ГIисаца ﷺ.

Эбелалъул гьариги, гьалбадерий комекги
Гьабиларилан чIейи ГIисае данде ккечIо.
Дов хан тIаде щолелде хамро тIолел рагIалгин,
Чолпа гьабулел хьагахъ лъин тIун теян манлъана.

Лъин тIун гьел цIезе гьарун, цIа-рагI къачIан хIадурун,
РухIуллагьил манлъа-хъвай гьаз тIобайзе гьабуна.
Гьанжи, кьезе мех щвараб налъуда хадув гIадин,
Хадур чукъбиги гьарун, тIаде ханги рещтIана.

РагIал руго чогърол цIун, чолпа буго хьагал цIун,
Бер ккеялда хIинкъараб хIал буго къайисверухъ.
Бахъун чолпа цебе лъун, чагъиралъул рагI бачIун,
Бетадул васаз гIадаб, квана-гьекъей гьабуна.

ГьадагIан цIакъаб чагъир гьекъонго букIинчIилан,
Гьаб киса щвараб абун, воххун ханас гьикъана.
Ханасе жаваб гьабун, цо пуланаб бакIалълъа
Босун букIанин абун, ГIисал шаъно бахчана.

Ханас: диеги чагъир дуца абулелъуса
БачIун букIана, амма гьаб доб горин абуна.
Гьаб хамро босараб бакI батIаяб бугин чIана,
Бицеян тагьдид гьабун, гьазие хIинкъи кьуна.

РахIму гьечIев ханасул гIазабалдаса хIинкъун,
ГIисал мугIжизаталъул хабар гьезий бицана.
Хамроги, чолпа-гьанги, ГIисаца дугIа гьабун,
БацIцIадаб лълъел лъугьараб бугилан мукIурлъана.

КIутIа-сутIун койн-тIехгун хан рокъов тIадвуссана,
Цо вукIарав васги хун, магIирукъ лъун батана,

Жиндирго тахбакIалда тезе хIажат вукIарав
Васасул рухIалица хIайранлъизе гьавуна.

Гьанжи ГIисаги ахIун, «Аллагьасдеги гьарун,
Гьав вас чIаго гьавизе кIойларищ?»-ан гьикъана.
Гьав чIаго гьавуни, дуй койш букIине бугилан,
Берцинго гIакълоги кьун, ГIиса гьесда кIалъана.

Вас чIаголъун вихьани, щиб кканиги кIваричIин,
КIвараб жо гьабейилан гьанжиги хан гьардана.
Жинца дугIаги гьабун, гьав вас чIаголъун хадуб,
Ханас тIобайзабизе ГIисаца шартI гьабуна:

«Гьав вас тIаде вахъиндал дун бокьаралъув ине,
Инкар-квалквал гьечIого, веччалищ?»-ан гьикъана.
Гьаб шартI тIобайзабизе ханас тIаде босана,
ТIокIав валагьичIого айилан изно кьуна.

Аллагьасда цеве чIун, ГIисаца дугIа гьабун,
ГьебсагIаталъ хварав вас тирщун тIаде вахъана.
Вас тIаде вахъаравго, тIокIав валагьичIого,
Гьезул росу-ракьги тун, РухIуллагь нахъе ана.

Ханасул вас хунилан гIалам къварид букIинчIо,
ГIумру къокъав ватидал рохунгицин рукIана.
Рохел – вас чIаголъидал, питнаялде сверана,
Росу-жамагIат бахъун, ханасде тIаделъана.

«ХерлъизегIан дуцаго гьабунщиналде тIаде
Гьанжи ниж ралъаргъизе васги лъикI горищ?»-илан
Кошав ханасул зулму хIехьараб гьаб халкъалда
Хойдалги вас чIаголъи данде бачине кIойчIо.

КІийиде къавм бикьана, роркьун цуцалъ рагъана,
Цо эмен-вас сабалъун биял гІодоре тІуна,
ГІисал ишараялда гІей гьабизе лъайчІев хан
Лъайгин гІакъло биххараб питнаялъулъе ккана.

ЛъикІалдалъун манлъараб къабул жинца гьабичІев
Къориниве ккун хадув зигардун пайда гьечІо.
Пайда жиндие бугеб гІакъло кьолев чи щойдал,
Щукру гьабизе лъайчІес нахъа вайин гьабуге.

* * * * *

ГІиса, гІалайгьи ссалам, сапаралда унаго,
Нохда цо шагьар батун, гьениб лъалхъи гьабуна.
Гьаб шагьаралда жаниб цо хазина бугилан
ХІавариюназдехун балъголъиги бицана.

Цинги, гьездехун вуссун, хазина тІалаб гьабун
Гьаб шагьаралде унев ножор щиван гьикъана.
Шагьаралде жаниве лъугьарав ажнабияв[1]
Жиги чІаго къватІиве вайинчІин гьаз абуна.

Гьанир дун вачІинегІан чІаян гьаздаги абун,
Доб хазина балагьун РухІуллагь живго ана.
Шагьаралде лъугьана, цо бакІалде вуссана,
Салам кьун, изно гьарун, гьобол вугин ахІана.

Гьобол тІаде восизе рес гьечІолъи лъайзабун,
Гьеб рокъоса къватІие херай кІодо яккана.
Ханасдаса хІинкъараб хІисаб гьелъул букІана,
ХІайранлъарав ГІисаде гьалъул вас тІаде щвана.

[1] Ай, батІаяв чи.

Гьаб къассе сордо дида гьаниб бахъизе теян,
Гьарун, ГIиса авараг васасдеги кIалъана.
КIодолалда релълъараб жаваб гьасги гьабуна,
Гьанжиги васасдехун ГIисаги тIадвуссана:

Сордо гьаниб бахъизе дуца дий изно кьуни,
Дица дуе ханасул ясяс ячинин абуна.
Вас ГIисахъ валагьана, тамашалъун хутIана,
Мажнун[1], я Ибну Марям мун ватилин кIалъана.

Марямил вас ГIиса дун вугин баян гьабуна,
Гьоболлъун къабул гьавун, васас рокъов вачана.
Къасе сордо рогьана, радал тIаде рахъана,
Ханасул яс гьареян вас ГIисаца витIана.

Бакъвараб тIил гIадинав, гIажизай кIодол валад[2]
ВачIун ханасда цеве, офицер гIадин чIана.
Чин бащадав ханасде ханас абулеб гIадин,
Дун дуда яс гьаризе вачIун вугин бицана.

Ццин бахъиналъ ханасул гIакъло ине рекIана,
«КIвараб хIалалъ вухе!»-ян ханас амро гьабуна.
Гьедин, вухун ханас мун нахъе витIизе вугин,
ВитIулаго ГIисаца лъай гьабунги букIана.

КIиабилеб къоялъги, къиралаcул вас гIадин,
ВачIун ханасда цеве гIолилав эхетана.
Цебесеб къоялъ гIадин гIезе гьабичIониги,
ГIураб зар-хъатги босун, рокъове тIадвуссана.

[1] Мажнун – жундуз ккурав чи.*
[2] Валад – вас.*

ВитIулаго ГIисаца гьеб къоялъги васасде
Гьедин иш ккезе букIин лъайзе гьабун букIана.
Лъабабилеб къоялъги къачIан, вас хIадурлъана,
ХIайдар[1] гIадин лебалго ханасде тIаде ана.

«Ханас жакъа шартI гьабун, щиб цебе лъунаниги,
Дуца нахъе чIвайчIогун тIаде босе»,-ян абун,
Яс гьариялъул хIасил ккезе букIинги бицун,
Берцинго ГIисаца вас нухаврегIун вукIана.

КIодол мискинав валад лъабабилеб нухалъги,
Ханас, тIаде вачIиндал, чучаб рагIи бицана.
Цинги, васасда тIаде босизе хIалкIолареб,
БакIаб шартIги цебе лъун, чIезавизе къасд ккана.

«Зубаржад, месед-гIарцул къайи жаниб гIуцIараб,
ЧIухIараб месед-гIарцул хъала дуе батани,
Дица дуй ясги кьела, васлъунги мун гьавила,
Гьалда рази вугищ?»-ан шартI ханас цебе лъуна.

Ханас цебе лъураб шартI васас къабул гьабуна,
Гьеб хъала дир бугилан чIванкъотIун жаваб кьуна,
Жигиги, гьеб бихьизе чи витIеян абуна,
Рес къотIун ккарав ханас къокъа гьениб битIана.

Гьабураб сифаталъул хъала гьениб батана,
Гьебги бихьун, тIадбуссун къокъа ханасухъ щвана.
Ханасул ясги ячун, васги рокъове ана,
ГIисал мугIжизаталда хIайранлъунги хутIана;

[1] ХIайдар – гъалбацI.*

«Я РухIуллагь, гьадинаб гьунарги кодоб букIун,
Дур мискинаб гIумру»,-ян гIажаиблъи гьабуна.
ГIолиласе ГIисаца, гIакъло бугев кантIизе,
ГIураб каламалдалъун жаваб гьадинаб кьуна:

Даимаб-абадияб ахират тIаса бищун,
ТIаса унеб гьаб дунял дица рехун танилан,
РахIаталда хьвадизе рес жиндир бугониги,
Ресукъго гIумру гьаби, – гьеб лъикIилан бицана.

Цо кIутIараб цIал гIолеб ярагьунеб чол гIадин,
ГIисал цохIо вагIзаялъ васасул хIал хисана.
Ханасул ясгин цадахъ месед-гIарцул хъаладухъ
ГIумру дица гьабизе гьечIилан хIукму ккана.

Гьаб тIаса унеб дунял дийги къваригIинарин,
Дунги мунгун тейилан вас ГIисада гьардана.
Месед-гIарцул хъалаги ханасул ясалъе тун,
Васгун цадахъ РухIуллагь, шагьар тун, нахъе ана;

Шагьар рагIалда тараб гьалмагълъиялъухъ щвана,
Гьале доб хазинаян рохел гьезда бицана.
Цо мушрик ширкалдаса ватIа гьавизе кIвани,
Гьев мувахIхIидиназе[1] кIудаб хазина ккола.

Ахират тIаса бищун, дуниял рехон тейи,
Тавбату-ннасухIалъул[2] гIаламатлъун букIуна.
РакIги мацIги рекъараб тавбоялде вачIарас
Тола чорхолъ бессараб какараб хьвада-чIвади.

[1] Аллагь цо гьавулезе.*
[2] Тавбату-ннасухI – бацIадаб тавбу.*

Дунялалъ кьилиги лъун, матIийятлъун[1] ккуравги,
ТалихI кьурав ватани, нахъа долда рекIуна.
Жагьло къине гьабизе гIакълоялда кIун хадуб,
Хадусел умуразул ургъелал бигьалъула.

Балагье, дов гIолилав, гIакъло камилав вукIун,
ГIисал цохIо каламалъ койрде восун вугеб куц.
Цингиги пикру гьабе гьадинав таибасул[2],
Азарида гьоркьовги цо ватизе кIоларев.

* * * * *

Цойги нухалъ РухIуллагь сапаралде унаго,
Ягьудияв цадахъ ккун, кIиявго гьалмагълъана.
Гьалмагъасухъ кIиго панкъ тIагIамалъул букIана,
ГIисахъилан абуни, цо горони букIинчIо.

Бугеб тIагIам кIиясго жобан лъикI горищилан
РухIуллагь гьалмагъасде, хитIаб гьабун, кIалъана.
КIиявгоги разилъун, лъабабго панкъ жобана,
Жобан хадуса ГIисахъ цо гореб панкъ батичIо.

Цинги, ГIисал цо панкъгун кIиго жиндирго жобай
ЖугьутIасул ракIалъе кутакалда бакIлъана.
Какде вуссун РухIуллагь тохлъараб заманалда,
РакI загIипав ягьудас, босун, цо панкъ кванана.

Как бан тIобан хадуса кIиявго гIодов чIана,
КIиго рагъиф[3] горони тIагIамалъул батичIо.

[1] Ай, рекIунеб жолъун дунялалъ ккурав.
[2] Ай, тавбо гьабурав чи .
[3] КIиго панкъ.

Лъабго рагъиф букIанин, цояб кибе арабан
Берцинго гьалмагъасе суал ГIисаца кьуна.

ЦохIо панкъ горони дихъ букIинчIин гIадала ккун,
ГIисал рагIи ягьудас сан-къехьалда гьабичIо.
Гьанжи кIиявго гьалмагъ, кIиябго панкъги кванан,
Парахатаб куцалда цадахъ нухда рахъана.

Нохда унаго гьазда цо агIма[1] данде чIвана,
ГIиса, гIалайгьи ссалам, гьесдехун гаргадана.
«Дица дугIаги гьабун канлъи дуде бачIани,
Дуца шукру гьабизе бугищ?»-илан гьикъана.

Бугилан, цIакъ разилъун, беццас жаваб гьабуна,
Беразда койрги бахъун, ГIисацаги гьарана.
ГьебсагIаталъ беццасул сахал берал лъугьана,
РокIкIада кун хезегIан канлъиги тIобитIана.

Лъабабилеб панкъалъул хIакъикъат тIалаб гьабун,
Гьанжесалаги ГIиса ягьудасде кIалъана,
«Гьаб дур берда бихьараб мугIжизаталъе гIоло,
Доб рагъифат араб бакI бице»,-йилан гьарана.

ЦохIо панкъ горони дихъ букIинчIилан ягьудав,
Аллагьасул цIаралда, гьересигун гьедана.
Гьесда ГIиса кIалъайчIо, гIайиб гьабун семичIо,
Сапаралда байбихьун кIиявго вагъарана.

Вахъинего кIоларев, собарав чи ватана,
ГIиса гIалайгьи ссалам, гьесдехунги вуссана,

[1] АгIма – беццав чи.

«Дица дугІаги гьабун, дур сахав чи лъугьани,
Дуца Халикъасе рецц гьабилищ?»-ан гьикъана.

Гьасги, вохун, разилъун, гьабилилан абуна.
Аллагьасде гьаризе РухІуллагьги лъугьана.
ГьебсагІаталъ собарав бохдузда вахъун чІана,
БукІараб унтиги ун, барти гІадин вахъана.

Вихха-хичун ягьудас: гьадинаб хІикмат дида
Бихьунго букІинчІилан тамашалъи гьабуна.
«Мун хІикмалъизавурал мугІжизатазе гІоло, –
ГІисаца, – доб панкъ араб бакІ бице», - ян абуна.

ЦохІо горони панкъ дихъ букІинчІилан ягьудав
Гьанжиги Аллагьасул цІаралдалъун гьедана.
Гьасде ГІиса кІалъайчІо, лъайчІеб ххвел гьабун тана,
Гьалмагълъи берцин гьабун, гьенисаги рахъана.

Гьеб хІалалда унаго, рекІине гама гьечІеб,
ТІасан лъураб кьо гореб цо гІор цебе батана.
Цинги ГІиса авараг гьалмагъасде кІалъана,
«Дица лъура-лъуралъуб хІетІе лъе»,-ян манлъана.

Манлъаралъуб хІетІ лъуна, къан ГІисал рачел ккуна,
ГІорда тІасан кІиялго палупан гІадин ана,
Доб рагІалде рахиндал, «Рагъифат араб бакІал
Бице гьанжегІаги», - ян ГІиса гьесде гьардана.

Гьанжиги ягьудияв добго хІалалъ гьедана,
Дихъ цохІо горони панкъ букІинчІин инкар ккуна.
Энисаги рахъана, авлахъ къотІун къокъана,
АскІуб ахІун, цо ритІучІ ГІисаца хъун рехана.

Ракъун рукIун, кIиясго бежун гьелъул гьан квана,
Кванан хутIарал рукьби данде-гъанде гьаруна.
Гьанжи, «Къум биизниллагьи»,[1] – абулаго, ГIисаца
ГIанса рукьбузда кьабун, ритIучI тIаде бахъана.

БачIараб рахъалдехун нахъбуссунги жиб ана,
«СубхIаналлагь»,-ан абун, гьалмагъ гIажаиблъана,
«Гьал, мун гIажиз гьарурал мугIжизатазе гIоло,
Доб панкъалъул бетIергьан щив вукIарав?» – гьикъана.

Гьанжиги ягьудияс, дихъ цохIо горони панкъ
БукIинчIин гIадала ккун, ГIиса хIайран гьавуна.
Гьенисаги кIиясго сапар цадахъ гьабуна,
Цуцаде ракI бикьарал гIолилал гIадин ана.

ГIака кваназабулев цо чи гIалхуда вихьун,
«Бече хъойзе кье!» – абун ГIиса гьесда ахIдана.
ГIакдал бетIергьанчияс: «Бачине ягьудияв
ВитIе»,-ян жаваб гьабун, гьеб бече бачун, хъуна.

Гьелъул гьанги бежана, лъабавго гIодов чIана,
Лъабасго, гьоркьобе бан, бачил гьанги кванана.
Гьанжи рукьби ракIарун, тIомалда жанир рана,
«Биизниллагь къум», – абун гIанса гьелда кьабуна.

ГIисаца гIанса кьабун, тIаде бахъа абидал,
Бече, тIадеги бахъун, гIергIедизе лъугьана.
«Гьале гьаб дурго бече баче гьанже нахъе»,-ян
Бачил бетIергьанасде, баркала кьун, абуна.

[1] «Аллагьасул изноялдалъун бахъа», - янги абулаго.

Абизе жо лъайчIого, гьев чи вихха-хичана,
«ВайхIака, ман анта»,[1] - ян ГIисае суал кьуна.
Дун ГIиса – Марямил вас вугилан жаваб кьуна.
«Гьаб жо сихIродай?» – абун, дов чи хIинкъун тIурана.

«Гьаб дур берда бихьараб мугIжизаталъе гIоло,
Духъ чан рагъиф букIараб бице», - йилан гьарана.
Цо горони букIинчIин, цеве гIадин, гьанжиги
Ягьудияв ГIисаде тIиртIирун данде чIана.

Гьенисаги рахъана, цо росулъе лъугьана,
Ягьудияс ГIисахъа гIанса батIа гьабуна.
ГIанса кодобе щведал, кутакалда чIухIана,
РухIуллагьги живго тун, батIаяб рахъалъ ана.

«Ана-ль-áна убриу-ль-марзá ва ухIйи-ль-мавтá»,[2] –
Гьаб кIал-гьикъиги гьабун, ахIмакъас нух босана,
ГIансаялде мугъги чIван росу сверун тирана,
Унтаралгин гIажизал, гIакIа ахIун, цIехана.

Ахиралда, ханасул бабалде щун ватана,
Хан унтун вукIиналъул хабар гьасда рагIана,
«Хехго ханасухъе дун щвезе гьаве, – абуна. –
Гьесий дару гьабулев – дун горищ», - ан кIалъана.

Дуде щвезегIан чанги чIахIиял тохтурзаби
РачIун, ханасе дару гьабунилан бицана.
Гьезул дару-дарманги дандего ккечIин абун,
Ккараб-тарабги бицун, баян гьасие кьуна.

[1] Ай, мун щиван гьикъана.
[2] Ай, «Гьанжи дицаги унтарал сахги, хварал чIагоги гьарила»,-ян абуна.

Гьез бицунеб рагІуде ягьудияс гІин байчІо,
ГІансида божи лъеялъ бицен кьара гьабуна.
Унтаралгин щокъазе дару гьаби горебги,
Дица хварал чІагоцин гьарулин дагІба бана.

Гьасул харбида божун, хвалил босада вугев
Ханас ихтиярги кьун, кьабун тІаде веччана.
ТІаде щойгун ахІмакъас кьабун араб гІансаялъ,
Лага-сан кьуричІого, хан къадаралде щвана.

Хвараб къаркъалаялда, «Биизниллагь къум», – абун,
Къолода квартІил гІадин гІансил эрга беччана.
ГІансица черх бухиялъ, ханасул бахъараб рухІ
Нахъе бачІинабизе ягьудиясда кІойчІо.

Гьанжи, хан чІварав тушман халкъалъ нахъе толевищ, –
Нахъе кверални рухьун, гІанкъизе вачун ана.
ГІисада гьеб рагІана, гьалмагъ гІанкъулев лъана,
Гьев хвасар гьавизелъун хехго дове вортана.

Халкъ дов кварида вайзе хІадурлъулел рукІана,
Дагьал лъалхъеян абун, ГІиса гьезда кІалъана,
«Дица ножор хварав хан чІаголъизе гьавуни,
Гьав дир гьалмагъ ножоца веччан телищ?» – абуна.

Веччалин рагІи кьуна, гІадамал разилъана,
ГІисаца дугІа гьабун, гьазул хан чІаголъана.
Хвалдаса хвасарлъидал ГІисал гьалмагъ вохана,
Гьанжи мунгІан хирияв чи дий гьечІин абуна.

«Дудаса хойзегІан дун ватІалъиларо», – абун,
Аллагьасул цІаралда ГІисае жив гьедана.

«Дуда рихьаралщинал мугIжизатазе гIоло,
Чан рагъиф духъ букIараб бице», - йилан гьарана.

Цо горони букIинчIин бетIер бекун гьав чIана,
Гьеб гьедин танин абун, ГIисаца квер хьвагIана.
Сапаралда байбихьун кIиявго вагъарана,
КIудияб, цо чIунтараб росу цебе батана.

Цебегосеб хазина, бахчун ракьулъ букIараб,
Лъабго меседил кирпич, – гьал гьелда тIаде ккана.
Гьеб гIалхул жанавараз бухъа-хъиращун, заман ун,
Жибго тIадеги рехун, цебе лъураб букIана.

Цинги РухIуллагьица хазина лъаб бикьана,
Лъабалъулго цо кирпич панкъ кварасе цIарчIвана.
БоцIуца гIорцIи гьечIев хъантIарав ягьудасул
Меседил кирпичалъухъ кутакаб рокьи ккана.

КигIанго бакIлъаниги, мукIурлъи тIаса бищун,
Щибго намуслъичIого хIакъикъат гьес рагьана.
СвахIибу ррагъифати салиси[1] – дун вукIанин,
Дица гьебги кванании бицунго беччан тана.

Цинги ГIиса авараг хIалбихьизе кIалъана,
Лъабавго шарикасул пай дуй щванин абуна.
Дагьав нахъегIанги чIун, халгьабун валагьана,
Гьасий, хазина щойдал, бугеб рохел бихьана.

«Гьеб хазина сабаблъун жедеда тIад гьалаклъи
Гьабураб агьло бугин, жибго те!» - ян ахIана.

[1] Ай, «Лъабабилеб панкъалъул бетIергьан – дун вуго», - ян абуна (мукIурлъана).

ЯхI рехун, кодоб щвараб хазина жибго теян
Жинде гьабураб гьаракь гьасие цIакъ бокьичIо.

Гьеб тун нахъе вачIине нафсалъ веччаларого,
ГIисал амро рехизе намусги гIоларого,
Меседил хазинаялъ кIимагIида ракIги бан,
РахIат жиндир хваниги хIал лъайзени гьас течIо.

Гьеб хазина-малалда хурхаралъуб ракIги тун,
РухIуллагь, гьевги вачун, гьениса нахъе ана.
Нухлулазул лъабгояв малалде тIаде ккана,
Меседил лъабго кирпич гьазие дуруслъана.

Лъабасулго кIигояв цуцадехун рекъана –
Цояв, ракъунги рукIун, койн балагьун витIана,
Кванда хадув витIарав, тIаде щваравгоги, чIван,
ТIолго мал кIибикьизе гьазул гIакъло цолъана.

Цо кванда хадув арав – авги лъикIго ургъана,
Лъабасего щолеб пай жиндийго лъикIин ккана.
ЛъикI живго кванан хадув, кванилъ загьроги жобан,
Боржун унеб цIум гIадин, дозде тIаде гIунтIана.

ТIаде щваравго гъарин, гъванщилъ жоги бан, чIвана,
Гьос бачIараб койналде кутул гIадин руссана.
Кванан рахъинелдего кIиявго парахлъана –
Лъабавго гьалмагъасе гьадинаб давла щвана.

Гьанжи ГIиса авараг, довго гьалмагъгун цадахъ,
Нахъвуссун гьанив щвана гьасий гIибрат[1] букIине.

[1] ГIибрат – дарс.*

ГІебеде рехарал гьал, гьазда аскІуб – хазина, –
«Гьалеха дунял», – абун хабар гьасий бицана.

Цинги хадуб ГІисаца, Халикъасдеги гьарун,
Хварав лъабавго гьалмагъ чІаголъизе гьавуна.
Гьал, цуцадаса нечон, ккаралъул пикро гьабун,
ПартІан, хазинаги тун, жедерго нухда ана.

Жигиги ГІисал гьалмагъ ягьудияс абуни,
Меседил кирпичазде цІияб рокьи гьабуна,
Гьаб хазина дий теян гІищкъоялда гьарана.
ГІисаца ахирисеб жаваб гьасие кьуна:

«Гьеб, дунял-ухраялъул дуй щвараб давла бугин,
Босе гьеле», - ян абун ГІиса гьесда кІалъана.
Гьеб босизе къасдалда аскІуве гІагарлъидал,
Ракьалъ жанив цІан арав, тІокІав къватІив ваккичІо.

ГІакъло бугес цІалани, гьаб къиса – вагІза буго,
Гьалъие шархІ гьабизе хІажалъилин кколаро.
АхІмакъасе абуни, гьалъ асар гьабиларо,
Гьаругеги Аллагьас гьединазда гьоркьоса!

Гьесул гвангвараялде бетІерин абуниги, –
БетІер камурав инсан цониги вукІунаро, –
Цинги ботІрое къимат гІакълоялдалъун кьола,
ГІакъло бугесда дунял жиндир гореблъи лъала;

Жиндир гореб жоялде кІвар кьун валагьуларо,
БегьарабгІан къадаралъ гьелдаса нахъе къала.
Гьелдалъун, зугьадазул бищун гІодобегІанаб
Даражаги гьесие хІасуллъизе бегьула.

ХIуббу ддуня абуни – раъсу кулли хатIиат[1]
Хирияв ХIабибасул хIадис гьадинаб буго ﷺ.
Гьелда жаниб камураб койшаб гIамалги гьечIо,
Киналго хатIиатал – гьелъул натижат ккола[2].

Намус-яхI рехиялде, хIилла-рекIкI гьабиялде,
ХIалалгин хIарамалъул гIорхъаби рахиналде,
Амро-нагью теялде, тушманлъи-бикьиялде
Дунял бокьиялъ инсан бигьаго хадув цIала.

ЦIодорлъиялъ койрбакъун гIулумал[3] цIикIкIаниги,
ГIакъло гьечIев вугони, мекъаб нухаве ккола.
Мекъаб нухда ккун хадуб сапарги битIуларо,
МатIлубалде[4] щвейчIого, чIовогоги хутIула.

Халикъасул рахъалъан гьидаят[5] щун хадуса,
Дагьабго гIилмоялъги гIамал бечед гьабула.
ГIамалалъул пихъ балеб гIилмодул кIвагьаш-гъойтIалъ,
ГьитIинаб бугониги, кIудиялъул бакI ккола.

* * * * *

ГIиса аварагасде хIавариюназ гьарун,
Зодосан нигIматазул маидатги[6] рещтIана.
РещтIиналъул къагIида, тIад рукIарал нигIматал
Руватаз[7] батIа-батIа тIахьаздаги рицана.

[1] «Дунял бокьи – кинабго квешлъиялъул бетIер».
[2] Ай, киналго квешал гIамалал гьари – дунял бокьиялъул хIасил ккола.
[3] ГIимо, лъай.*
[4] Ай, мурадалда.*
[5] Ай, битIараб нухалде тIовитIи.*
[6] Маидат – тIад квен лъураб тIутI.
[7] Ай, бицунел чагIи.

Цо риваят бачIана Ибну ГIаббасидасан,
Аллагьасул разилъи кIияздего рещтIаял,
Риваяталъул хIасил къокъаб куцалъ рехсезе,
«ГIараисалъул» гьормал гьанже регун рихьизин:

Бану-исраилазул тIалабал гIемерлъидал,
ГIисаца, жаваб гьабун, манлъа-хъваял гьаруна.
Гьезда, лъеберго къоялъ кIалги ккун, гьарун хадуб,
Халикъас бокьараб жо кьезе бугин абуна.

Абухъе, исраилаз лъеберабго кIал ккуна,
КIалал тIоран хадуса ГIисадехун кIалъана.
Лъиениги нежеца щиб хIалтIи гьабуниги,
Гьез нежее кваназе тIагIам кьолин абуна;

Аллагьасе кIалал ккун, дуца абураб гьабун,
Нежеда ракъигин къеч бихьанилан бицана.
«Дуца дугIаги гьабун, Аллагьасдеги гьарун,
Зодосахун маидат рещтIинабе», – абуна.

«Аллагьумма раббана анзил гIалайна»,[1] – абун,
ГIиса БетIергьанасде кутакалда гьардана.
Гьесул дугIа къабуллъун, къудраталъул Аллагьас
Исраилазда цебе кванил маидат лъуна.

Маидат рещтIараб куц батIа-батIа бицана,
Цояца, малайкзабаз бачIанилан абуна.
Цогияца абуни – кIиго накIкIул парчаялъ
Гьоркьоб ккун бачIанилан, Аллагьасда лъикI лъала.

[1] Ай, ГIиса аварагас гьарана: «Зодосан кванил тIутI рещтIине гьабе»,-ян.

Маидаталда жаниб букIараб тIагIамалда
ТIасанги гIуламаал[1] батIа-батIа кIалъана.
ТIолго атIгIиматазул тIугIму[2] жиндилъ бессараб
Самакат[3] букIанилан цо риваят бачIана.

Цойгияс, Алжаналъул пихъ букIанин бицана,
Щибаб радалгин къасе хIайсу кану[4] рещтIунеб, –
Къокъаби ккун тIаделъун кигIан гIемер кваниги,
Ками жиндий ккечIого бугеб хIалалъ хутIулеб.

Буго цойги риваят, Вагьбудасан бачIараб, –
ПурчIинадул цо панкъгин ччугIа букIарабилан,
БетIергьанасул рахъалъ баракат тIаде рещтIун,
ТIаде цIикIкIун горони кванан жиб дагьлъулареб.

Расулуллагьасдасан ГIаммарица бицараб –
Гьангин чед букIанилан цойги риваят буго.
Мукъатилгун Калабий – кIиясдасанго щвараб
Риваятин абуни, гьаб магIнаялда буго:

Маидат рещтIинаби тIалаб гьабун гьаридал,
ТIадегIанав Аллагьас ГIисай жаваб гьабуна,
Гьеб тIутI Жинцаги рещтIун, тIагIам кванан хадуса
Иман лъечIев чиясе гIазабги шартI гьабуна.

ШартI гьез къабул гьабуна, киналго разилъана,
ШамгIун[5] аскIуве ахIун, ГIиса гьесда кIалъана,

[1] ГIуламаал – гIалимзаби.*
[2] Ай, киналго нигIматазул тIагIам жиндилъ бугеб.
[3] ЧчугIа.
[4] Киб бокьаниги рещтIунеб.
[5] ХIавариюназул бетIер.

Гьев хIавариюназул бищун лъикIав вукIана,
Бугищ духъ хутIа-тараб койн-тIехилан гьикъана.

Гьес, анлъго панкъгун цадахъ кIиго гьитIинаб ччугIа
Жиндихъ бугин бициндал, «Цебе бахъе», – абуна.
Цинги ГIисаца буссун, гIисинал кескал гьарун,
Исраилал, анцI-анцIккун, гIодор чIезе гьаруна.

Гьанжи тIадеги вахъун Аллагьасде гьарана,
Аллагьас жаваб гьабун, рахIмат тIаде рещтIана.
Буссун гIисин гьабураб щибаб цо кесекалъул
Сахаб панкъ – ччугIа лъугьун, реццгин щукру гьабуна.

Щибаб анцI-анцI чиясул къокъаялда тIад сверун,
ТIолгоязе щойзабун, ГIисаца гьеб бикьана,
«Бисмиллагь лъун кванайзе байбихье»,-ян абуна,
Байбихьи гьедин гьабун, гьал кванайзе лъугьана.

Квананилан тIаса ин тIагIамалъе лъугьинчIо,
ТIаде-тIадеги цIикIкIун, гIемерлъулеб букIана.
ГIадамазул къадарги щуазар чи вукIана,
Щивав инсанги гIорцIун, койн букIухъе хутIана.

Киналгоги цо кIалалъ, ГIисае нугIлъи гьабун,
«Мун Аллагьасул расул вуго», – абун кIалъана.
Авлахъалдаса рахъун, росабалъ тIадруссана,
ГIисал мугIжизаталъул хабарги тIибитIана.

Бихьараца бицараб хабар гьереси гьабун,
Росабазул агьали гьезда тIад релъанхъана.
Ножое гьабун бугеб сихIро бихьуларищан,
Бахьикъосаралщиназ щаклъи гьезулъ рехана.

Халикъас тІоритІарал игІтикъадалда чІана,
Иман загІипаб тайпа куфруялде руссана.
Куфруялде руссарал, маймалак-болъоналлъун
Сверизарун, Аллагьас къотІи тІобайзабуна.

Салманул Фарисияс бицаралдасан бачІун,
ГІатІаидасан щвараб цойги риваят буго,
Руватал хилифлъиялъ асло хисуларелъул,
Аслияб кьучІалда тІад цойги си эхетизин.

Маидат рещтІинаби хІавариюназ гьарун,
Гьезул мурад тІобайзе ГІисаца цІакъбахъана,
БетІергьанасде гьарун, хІелун дугІа гьабуна,
Доб цебе рехсон араб шартІгун[1] жавабги щвана.

Жиги берда бихьичІеб берцинаб сураталда
Гьайбатаб, цо багІараб тІутІ зодосан рещтІана,
ТІолгоязул беразда бихьулаго бачІана,
Гьелъул гьуинаб махІалъ хІайранлъун жал хутІана.

Хадув ГІиса – РухІуллагь, РахІманасдаса нечон,
Какичурун, какал ран, кутакалда гІодана,
Дуй щукру гьабулезда гьорлъа гьавеян абун,
Гьеб хІалалъ дугІа гьабун, Аллагьасде хІелана.

Гьелда хадуб ГІисаца хІавариюназдехун
«ГІамалалъул рахъалъан ножор бищунго лъикІас,
Суфраталда тІад бараб миндилги[2] нахъе босун,
Бисмиллагь лъун кванайзе байбихье»,-ян абуна.

[1] Ай, гьеб тІутІги рещтІун, тІагІам кванан хадуса иман лъечІев чиясе гІазаб щвейи.
[2] Ай, тІутІалда тІад бараб квербацІцІ.

Байбихьи гьабиялъе мун рекъарав вугилан,
Раису-л-хIаварийин – ШамгIун берцин кIалъана.
Цинги РухIуллагь вахъун,«Бисмиллагь», - ан байбихьун,
Суфраталда тIад бараб койрбацIцI нахъе босана.

Нахда бецIцIула бугеб, сасаби жинда гьечIеб,
Суфраталъуб батана берцин бежараб ччугIа.
БетIерабрахъалда–цIцIам,рачIчIбугебрахъалда–къанцI,
Цинги сверун сукIараб батIа-батIаяб бакълат[1].

Гьелда цадахъ – щуго панкъ, щибалда тIад – дандежо:
Жубнун, самнун, гIасалун, зайтун, къадид[2] букIана.
Ножоцаго гьарараб гьаб Аллагьасул нигIмат,
Гьале гьанже кванаян ГIиса гьезда кIалъана.

«Гьаб мугIжизаталдаса тIаде цойги мугIжизат –
Лав раайтана»[3] – абун, адаб тун гьаз абуна.
Гьанжи ГIиса авараг: «АхIйи, я самакату
Биизниллагьи»,[4] – абун ччугIидехун кIалъана.

ЧчугIа, чIагояб лъугьун, кIанцIезе байбихьана,
Гьеб бихьидал гьал хIинкъун, рихха-хичун лъугьана.
«Ножоцаго гьарулеб, гьеб бихьидал рихунеб, –
Гьаб къагIида щиб?» – абун РухIуллагьги кIалъана.

КIиабилеб нухалъги ГIисаца ччугIаялде
«ГIуди биизниллагьи кама кунти»,[5] – абуна.

---

[1] Ай, гIурччинлъи (зелень).
[2] Ай, хIан, нах, гьоцIо, зайтун, бакъвараб гьан букIана.
[3] Ай, гьаб мугIжизаталдасан цойги мугIжизат бихьизе гьабизе бокьана.
[4] «Аллагьасул изноялдалъун чIаголъе»,-ян абуна ГIисаца ччугIаялде.
[5] ГIисаца «Аллагьасул изноялдалъун букIухъе лъугьа»,-ян абуна ччугIаялде.

БукІарабго хІалалде гьебсагІаталъ сверана,
Гьеб куйне божичІого, нахъегІан гьалги къана.

Гьаз ГІисаде: «ТІоцобе дуца кванай», – абуна,
Цин дуца кванайчІого, кваналарилан чІана.
Койн тІалаб гьабуралги, гьеб кваназе хІакъалги
Нужго ругин, ГІисаги семун гьезда кІалъана.

Гьал инкаралда чІана, ччугІа куйне хІинкъана,
ГІисаца фукъараал, мискинзаби ахІана.
Азаралда лъабнусго чи гьенив данделъана,
Гьезда рохелги баркун, кванайилан абуна.

Киналго тІаделъана, тІутІалдаса кванана,
ТІолгоял гІорцІидалги ками гьелъие ккечІо.
БачІарабго куцалда киназдаго цебесан,
Бердаса тІерхьинегІан, тІутІ зодоб боржун ана.

Гьеб къоялъ тІутІалдаса тІагІам жедеца кварав,
Кинавниги чиясе баракат хІасуллъана.
Бецдазде канлъи бачІун, унтаразе сахлъи щун,
Собарал тІаде рахъун, батІияб хІал лъугьана.

Барас, жузам унтиялъ унтаралги сахлъана,
Мискинал пакъиралги агъниял лъугьана.
Гьаб кинабго бихьидал кванде инкар гьабурал
Кутакалда ракІбухІун, пашманлъиялде ккана.

ЗухІаялъул гІужалда кІикъого нухалъ суфрат,
Къо гьоркьоб ккун, гьеб хІалалъ хадусанги рещтІана,
Руччабигун бихьиназ, чІахІиялгун гІисиназ,
Мискиналгин бечедаз кваналебги букІана.

Гьелда хадуб Аллагьас ГIиса аварагасде ﷺ,
Агънияазе гьеб тIутI гьукъун, вахIю рещтIана.
«Лиль-фукъа́раи ду́наль-агънияи»[1],-ян абун,
Жал гъорлъа рахъизари гьезий цIакъ захIмалъана.

Гьеб сабалъун тIутIалда щаклъи жедер бижана,
Жедеца гIадамалги щакдаризе тIамуна,
Ножода гьаб тIутI рещтIин хIакъаблъун бихьулищан,
Щаклъи жодолъ бижарал цуцаде гьикъардана.

Гьанжи нуж гьалаклъанин ГIиса гьезда кIалъана,
«ГIазаб ножоде щванин, хIадур рукIа», – абуна.
Маидат рещтIун хадуб гьереси гьабуразе
ГIазаб кьей рагIизабун, вахIюги тIаде щвана.

«ТIутI гьереси гьабурал гьалак гьаре»,-ян абун,
Гьеб къавмалъе ГIисаца кошаб дугIа гьабичIо.
Дуца гIазаб кьуниги, тIаса лъугьун таниги,
Дурго лагъзал ругилан Аллагьасде тIамуна.

ТIутI рещтIиндал хадусан кафурлъаразул къадар –
Лъабнусиялда хадув лъеберго чи вукIана.
Къасе рукъзабахъ кьижун, парахат рукIарал гьел
Радал тIад рахъинелде болъоналлъун сверана.

Болъоназде гьел сверун гIадамазда рихьидал,
Рихха-хичун гIадамаз ГIисаде ахIи бана.
ГIиса гIодун, гьел гIодун, магIиде жал руссана,
Мамсухиназда[2] гурхIун, батIаяб хIал лъугьана.

[1] Ай, хасго фукъараазе, бечедал гъорлъа рахъун.
[2] Ай, болъоназде сверарал гIадамал.

Болъоналги, ГIиса лъан, сверун лъугьун гIодана,
ГIисаца цIарал ахIун, уян бутIрул хьвагIана.
Рищни балел бакIазда чуруклъаби хъирщулел
Лъабго сордо-къоги бан, цадахъго гьалаклъана.

# - ФАСЛО -

## ТIАДЕГIАНАВ АЛЛАГЬАС ГIИСА ﷺ ЗОДОВЕ ВАЧУН ИНАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

ГIиса аварагасул заманалда халкъалъулъ
Бищунго цебе тIураб тIибалъул гIилмо[1] букIун,
АтIибаал[2] гIажизаб гьунар мугIжизатлъун кьун
ТIадегIанав Аллагьас расуллъун гьев витIана.

Росулъ чIун ватIан ккойчIо, мина-къайи гIуцIичIо,
ГIабиру-ссабил гIадин[3] дагIваталда хьвадана.
Дунялалде мугъ рехун, ахират тIаса бищун,
Аллагьасул нухалде халкъ ахIизе къеркьана.

Халикъас тIоритIараз дагIват къабул гьабуна,
Къосун ккарал кафурал куфруялда хутIана.
Капурал ханзабазул дандечIей цIакъ букIана,
Дунял бижаралдаса гIадат гьедин билълъана.

Лъеберго сон тIобайдал амру-рисалат щвана [4] ,
Улул-гIазмабадаса авараглъун вукIана,
Лъабго соналъ диналде исраилал ахIана,
Аллагьасул къудраталъ зодов вачунги ана.

Зодов вачун унелъул ГIиса аварагасул ﷺ
Лъебералда лъабго сон гIумруялъул букIана,

[1] Тохторлъиялъул гIилмо.
[2] Тохторзаби.
[3] Ай, сафаралда вугев чи гIадин.
[4] Ай, авараглъун витIана.*

Инсанасе рес гьечIеб лъин-койналде хIажалъи, –
ХIалкIолев БетIергьанас гьебги нахъе босана.

Самавийян-арзийян, инсийян-малакийян[1]
Аллагьас соризавун, малайкалгун[2] воржана.
Жив зодове иналда инкар-ишкал тIагIана,
ТIолго гIалам бижарав Халикъас гьеб бицана.

Къуръаналъул аятги гьелъие нугIлъун чIана,
ГIакъло-лъай бугелщиназ гьеб къабулги гьабуна.
Гьанжи, Къуръангин хIадис аслоялъеги босун,
Баян гьабун рехсезин руватаца бицараб:

قَالَ تَعَالَى: ﴿ إِذْ قَالَ ٱللَّهُ يَٰعِيسَىٰٓ إِنِّى مُتَوَفِّيكَ وَرَافِعُكَ إِلَىَّ وَمُطَهِّرُكَ مِنَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوا۟ وَجَاعِلُ ٱلَّذِينَ ٱتَّبَعُوكَ فَوْقَ ٱلَّذِينَ كَفَرُوٓا۟ إِلَىٰ يَوْمِ ٱلْقِيَٰمَةِ ﴾

آل عمران : ٥٥

ГIиса аварагасул мугIжизатал цIикIкIиндал,
Инжилги жинде рещтIун дагIватги байбихьидал,
ГIемерисеб халкъалъул гьетIиги гьесдехун ккун,
Ягьудиязул миллат загIифлъизе рекIана.

Гьелдалъун ракIал хIинкъун, рахIат хварал мулукал [3]
Кидаго РухIуллагьий хIиллаялъе рукIана.
ХIакъалде инкар ккурал исраилазул квешаз
ГIиса аварагасда бугьтаналги лъолаан.

[1] Ай, зодовги ракьалдаги вукIуневльун гьавуна.
[2] Малайкал – малаикзаби.*
[3] Мулукал – ханзаби.*

Эбел – Марямгун цадахъ сапаралда вукIаго,
Цо нухалда РухIуллагь ягьудалгун дандчIвана.
Гьез, гьасда берчIварабго, хьандезе байбихьана,
Вихьулищ сахIир бину сахIират-ан кIалъана[1].

Бугьтанал жедеда лъун гьел кIалъалел рагIидал,
ГIиса аварагасул ракIалъе захIмалъана.
РахIматалдаса къотIун, басра гьареян абун,
Гьезие мустахIикъаб дугIа жинца гьабуна.

Ягьудиязул къокъа болъоназде сверана,
БетIергьанасул жаваб ГIисае хекко щвана.
Гьеб бихьидал ягьудал тIадеги цIакъ хIинкъана,
РухIуллагь чIвазе абун рагIи цуцаде ккана.

Цинги гьесда аскIор ун, суалал кьун, кIалъана,
Бокьарал жававабал щун мурад гьезул тIобайчIо.
Гьев чIвазе хивал гьабун тIаде жал кIанцIулелъул,
Жабраил-малаикас рокъов лъугьинавуна.

Рукъалъул сакъфоялда[2] канлъул тIаладо букIун,
ТIаде вахъун Жибрилас зодове вачун ана.
Ягьудазул бетIерас гьалмагъзабазул цояв,
Гьев чIваян амро гьабун, рокъов жанив витIана.

Жанив арав абуни, РухIуллаги гьечIого
ЧIобогояб рукъ батун, пашманлъиялде ккана.
Щиб гьабилеб лъайчIого хIайранлъарав ягьудав,
ЛъикIго мехалъ рукъ-бакьулъ чIаралъувго хутIана.

---

[1] Ай, сихIрочIужуялъул вас сихIрочи вачIина вугоян абуна.
[2] Ай, рукъалъул мокърокь.

КъватІиб тараб гьалмагълъи цІакъго ракІчІун рукІана,
РухІуллагь чІвалаго гьев кватІула вугин ккана,
ТІитІянусан абураб цІарги гьесда букІана,
БетІергьанас ГІисада пархен гьесул гьабуна.

Гьениса къватІив лъугьун, гьалмагълъиялъухъ щвана,
ГьебсагІат гьалмагълъиялъ чІвазе кварида вана.
ЧІван хадур ралагьидал, гьомер ГІисал букІана,
Нахъияб черх абуни, ТІитІянусил батана.

Тамашалъун хутІана, ишкал гьазулъ бижана,
Жедеца чІварав макътул щивдай абун ургъана.
ТІитІянус гьав ватани, ГІиса кив ине кколев?
ГІиса гьав чи ватани, ТІитІянус киве арав?

Киназулго пикраби цуцаде данде ккечІо,
Цояца чІварав макътул ГІиса вугин абуна,
Цойгиялин абуни, ТІитІянус вугин чІана,
Гьеб сабалъун цуцалъ ран, кІудияб кІалъай ккана.

Рехсараб къисаялъул магІнаялда бачІараб
Риваятин абуни, – Ибну ГІаббасил буго.
«ГІараисалда» бугеб, Вагьбудасан бачІараб
Бицинин гьелдасанги дагьа-макъабго къадар.

Къудраталъул Аллагьас дунялалдаса нахъе
Жив вачине вугевлъи ГІисада лъайзабуна.
ГІисаца, койнги къачІан, къассе хІавариюнал,
АхІун, дандеги гьарун кванай-гьекъезаруна.

Гьезие хидматалъе живго эхетун чІана,
Живго лъугьун лъинги тІун, койрал гьезул чурана.

Нечон, хIавариюнал хIалхьи тIагIун лъугьана,
Гьес жедей хидмат[1] гьаби цIакъ кIодолъун бихьана.

КIодолъун гьебги бихьун, гьел хIалагъун лъугьиндал,
Дир хидматалда тIад нуж кIалъагеян абуна.
КIалъарав чи абуни, – гьев лайса минни [2] – абун,
Гьезул ракIал рахIатаб калам жинца гьабуна.

Цинги, дидасан мисал босизелъун горони,
Дица ножой гьаб хъулухъ гьабичIилан бицана.
Гьадин, цуцада жанир кIодолъи гьабичIого,
Цуцае рухIалги кьун хьвадейилан манлъана.

НасихIат-вагIзаялъул васийятал гьаруна,
Гьелда хадуб гьезие балъголъиги рагьана.
Радал ножода гъорлъан цояс, диде капурлъун,
Дагьабго багьаялде дун вичилин абуна.

Гьеб мажлис тIобан хадуб, тIолго хIавариюнал, –
Рихха-хичун гьелги ун, МасихI[3] живго хутIана.
Ягьудиял абуни, ахIуд рахъарал гIадин,
ГIиса вугев бакI цIехон рортанхъулел рукIана.

РухIуллагьил хIал-хIукму гьасда лъайзе кколилан,
ДандчIварав ШамгIунги[4] ккун инжилъаби гьаруна.
Гьевго гIадин цо чанго хIавариюнал ккуна,
Киназгоги РухIуллагь рухI кинигин цIунана.

[1] Хидмат - хъулухъ.*
[2] Ай, гьев дир чи горо.
[3] Ай, ГIиса авараг ﷺ
[4] ХIавариюназул бетIер.

Радалго тІаде вахъун, хІавариюназдасан
ХІалихьатав цо гІадан ягъудиязухъ ана.
«Дица ГІисаде тІаде рачун щойзе гьаруни,
Щиб кьезе бугеб дие ножоца?» - ян гьикъана.

Гьал цуцаде кІалъана, кІиялго разилъана,
Лъеберго диргьам кьезе къотІи-къайи гьабуна.
Гьеб боцІигин малалъухъ МасихІ жинца вичана,
Рачун гьелгун намусгьечІ ГІисаде тІаде ана.

ГІиса, цебе рехсохъе, Жибрилас вачунги ун,
Жаниве гьав лъугьиндал, чІобого рукъ батана.
КъватІиве вачІунелъул, ТІадегІанав Аллагьас
ГІисада гьесул сипат релълъенабун букІана.

БерчІварабго ягъудаз кварица гьев вухьана,
Гьой кинигин хадув цІцІан, инжит гьавун вачана.
«ГІиса дун горо» – абун ахІи гьес бананиги,
Гьесухъ гІенеккулев чи цохІониги лъугьинчІо.

«Унтарал сахлъизарун, хваралал чІаго гьарун
ЧІухІун горищ вукІарав мун,-илан кІалгьикъана, –
КІолеб батани гьанже мунго хвасар гьаве», - ян,
Басриябщинаб рикІкІун, кварида ван гІанкъана.

ГІисал эбел Марямгун цо чІужугІадан ячІун,
Маслубасда[1] сверухъ лълъун, кІиялгоги гІодана.
«ГІодулел нуж лъихъ?» – абун ГІиса вачІун гьикъана.
Гьез, духъ гІодулел ругин, данде жаваб гьабуна.

[1] Ай, кварида варав чиясда асклор.

Дий ккараб зарал гьечIин, гIодугеян абуна,
Аллагьас дун зодове вачун вугин бицана.
«Ва инна гьаза щахсун шуббигьа лагьум»[1], – абун,
Маслуб живго гьечIолъи гьезий баян гьабуна.

Гьенисанги тIадвуссун ГIиса зодове ана.
Анкь ун хадуб Аллагьас амро гьесде гьабуна,
Гьанжиги мун ракьалде рещтIайилан манлъана,
Маждаланияталъухъ[2] щвайиланги абуна.

ЖийгIан духъ цIакъ гIодулей гIадан гьечIин бицана,
ГIисаца дугIа гьабун сахлъарай гьей йикIана.
Гьенир хIавариюнал духъе данделъун хадур
ДагIват гьезда тIадкъаян – гьаб амроги гьабуна.

Амроялда нахъвилълъун ГIиса жинда рещтIараб,
Маждаланалъул мегIер нуралъ гвангъизабуна.
Нур бихьараб бакIалде хIавариюнал щвана,
РухIуллагьгун данделъун лъикIаб мажлис гьабуна.

Гьезул щивав чиясда дагIват гьаби тIадкъана,
Дин цIунун, тавхIидалде халкъ ахIеян абуна.
Аллагьасул рахъалъан жиндихъе щвараб хIалалъ,
ХIавариюназухъе амро таблигъ гьабуна.

Гьаб рехсараб хIалалда хIавариюналги тун,
РухIуллагь цIидасанги зодове тIадвуссана.
Насранияз, гIид гIадин, кIодо гьабулеб сордо –
ГIиса зодоса рещтIун, нур бараб сордо буго.

[1] Ай, «ГIанкъарав чи Аллагьас гьезие дида релълъене гьавурав вуго», – абуна.
[2] Маждалан абураб бакIалдаса чIужугIадан, цIар Марям букIана.

ГІиса, гІалайгьи ссалам, чІванилан ягьудияз,
Я кварида ванилан аби – битІараб гьечІо.
БетІергьанас ГІисада жив релълъене гьавурав
Исраилияв чІвайи – мухІканаб хабар буго.

Халкъ бижарав Халикъас, Къуръаналъул аяталъ,
Ягьудияз бицунеб гьереси гьабун буго.
Гьезул хІалкІварабани, хІарпцин нахъе течІого,
ТахІриф[1] гьабун, гьаб аят гьез хойзе гьабилаан:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿وَقَوْلِهِمْ إِنَّا قَتَلْنَا ٱلْمَسِيحَ عِيسَى ٱبْنَ مَرْيَمَ رَسُولَ ٱللَّهِ وَمَا قَتَلُوهُ وَمَا صَلَبُوهُ وَلَٰكِن شُبِّهَ لَهُمْ ۚ وَإِنَّ ٱلَّذِينَ ٱخْتَلَفُوا۟ فِيهِ لَفِى شَكٍّ مِّنْهُ ۚ مَا لَهُم بِهِۦ مِنْ عِلْمٍ إِلَّا ٱتِّبَاعَ ٱلظَّنِّ ۚ وَمَا قَتَلُوهُ يَقِينًۢا ﴿١٥٧﴾ بَل رَّفَعَهُ ٱللَّهُ إِلَيْهِ ۚ وَكَانَ ٱللَّهُ عَزِيزًا حَكِيمًا ﴿١٥٨﴾﴾ النساء : ١٥٧ – ١٥٨

ГІисал хІавариюнал цо-цо кІи-кІияв рекъон
Рахъ-рахъалдехун рикьун, дагІваталде рахъана.
РахъинчІого хутІарал гьезул гьалмагьлъиялъе
Ягьудияз кьер-кьераб гІазаб кьолеб букІана.

Гьеб заманалъ вукІарав румазул маликасда
Ягьудияз гьабулеб зулмуялъул рагІана,
ДагІваталде рахъараз хабар гьесий бицана,
ГІисал сират, карамат – гьебги баян гьабуна.

Гьев ханас дин босана, дагІват къабул гьабуна,
ГІиса аварагасде щулияб иман лъуна.

[1] Хисизе гьабилаан.

Аллагъасул дин цIунун гъазават байбихьана,
Бану-исраилазул гIемерав чи гъурана.

Хъанчий лагълъи гьаби тун, тавбоялдеги рачIун,
Румазул ханги халкъги насраниял лъугьана, –
Насраниязул асло румазулъ гьедин лъуна,
Лъалев – БетIергьан вуго, тIехьалъ гьедин бицуна.

Цинги, ГIиса зодов ун анлъго лъагIел тIобайдал,
Лъабкъого сон гIумругун эбел – Марямги хвана.
Байтул-Мукъаддасалда къабруги[1] гьелъул буго,
Гьенир зияраталде халкъги хьвадулеб буго.

Халикъас зодов вачун РухIуллагь аралдаса
Насраниял битIараб Исламалда рукIана,
ГIисада нахърилълъана, Аллагьги цо гьавуна,
Аллагъас фарз гьабураб как-кIалги тIобитIана.

Ункъого сон замана гьеб хIалалда ун хадуб
Гьаздагин ягьудазда гьоркьоб гучаб рагъ ккана.
Рагъуе гьунар бугел ягьудиязда гъорлъан
Булас жинда абулев цо бахIарчи вукIана.

ХIарбо[2] тIобан хадувги, насраниял гуккизе,
ХIасад бергьарав Булас балъго гъоркьан хIалтIана.
Долалго ягьудиял данде гьес ракIарана,
Гьезие хабар бицун макроялъе ургъана.

«Ин ка́наль-хIакъкъу магIа ГIи́са́ факъад кафарна́
Ва-ння́ру маси́руна́ фа-нахIну магъбу́ну́на.

[1] Къабру – хоб.*
[2] ХIарбу – рагъ.*

Ин дахална ннáра ва дахалуль-жанната»[1] - ян,
Жиндирго рекIел хъублъи къватIиб загьир гьабуна.

Гьелги нилъеда цадахъ жужахIалъур лъугьине,
Гьанжи дица гьабулеб бихьилилан абуна.
Гьабун арабщиналда ракIбухIараб хIай гьабун,
РекIа-ворчун чодагун насраниязухъ ана.

Насранияз гьасдехун мун щивилан гьикъана,
Ножор гIадамал чIварав тушман вугин бицана.
Пашманлъун, тавбо гьабун щварав пакъир кинигин,
Щаклъизе бакIго гьечIеб калам гьабун кIалъана.

Гьаваялдасан дида, танассурлъун горони[2]
Тавбо дур къабуллъизе гьечIо ахIана абун,
Иблисгун гIакъло цолъун, къосарав ягьудияс
Насраниял божараб гьерсил къвачIа рагьана.

Гьел гъаримаз, уян ккун, инкар гьесде гьабичIо,
Килисаялъув вачун, насранияв гьавуна.
Гьениб жаниб букIараб гьитIинаб рокъов лъугьун,
ЛъагIелалъ жанивго чIун Инжил лъайзе гьабуна.

Гьелда хадуб гавурас цойги хIилла ургъана,
Аллагьас тавбо къабул гьабунилан абуна,
Гьатифалъ зодосахун жинде гьедин ахIанин, –
Гьал божулеб хIалалда, рекъезабун бицана.

[1] «ГIиса хIакъав ватани, нилъ купруялдаги ратани, нилъ жужахIалде, дол Алжаналдеги ани, нилъ рукIуна мекъал, Ай, нилъецаго нилъго гуккарал чагIи».
[2] Ай, ГIисал дин босун горони (насранияв лъугьун горони).

Цинги насраниязе гьав цIакъго хиралъана,
Гьесдехун рокьи жобан, жедерго чилъун ккана,
ЖугьутI-макроялъ квелъ бан койрде росарал гьазулъ
Гьасул къадрогин къимат кутакалда борхана.

Бищун лебалаздасан лъабго чи тIаса вищун,
Щивасда батIа-батIа гIакъидат гьас манлъана.
НестIур, ЯгIкъубгин Малкан – лъабалго гьел рукIана,
Лъабасулго рекIелъе балъгого загьро тIуна.

Гьезул цоясе ГIиса Аллагьлъун чIезавуна,
Аллагьасул вас – абун цойгиясде манлъана,
Лъабабилесдехунги – Марямгун цадахъ ГIиса
Салису саласати ругелилан бицана[1].

Цинги, гьаб гIакъидаталъ гьазул рекIелъ бакI ккойдал,
Цуцадаса балъгого халваталде рачана,
«Дица мун хасс гьавунин, халкъалде гьеб манлъе», - ян
Лъабасулго щивасда гьедин тIадкъай гьабуна.

ТIадеги, гьезул рекIелъ игIтикъад щулалъизе,
ГIиса макьилъ вихьанин гьересиги бицана, –
Гьев жиндаса цIакъ воххун, разиго вукIанилан,
БукIинчIеб маргьо бицун махсароде гьел ккуна.

Гьанже, ГIисае гIоло, такъарруб тIалаб гьабун,
Къурбаналъе дицаго дунго хъойлин абуна.
Хадур рачIунелазе гьаб питнаги бекьун тун,
МазбахIалде[2] жанив ун, живго жинцаго хъуна.

[1] Аллагь лъабго вугоян манлъана: тIоцовесев Аллагь – Аллагь, кIнабилев Аллагь – Марям, лъабабилев Аллагь – ГIиса абун манлъана.
[2] Ай, къурбанал хъолеб бакIалде.

ЖужахIалъе вижарав ягьудиясул къисмат
«Савигун» «Хазиналда» гьаб куцалда рехсана.
Гьес ургьиб загьро лъурав лъабавго питначиги
Лъабго батIаб рахъалде гьеб бекьизе рахъана.

Гьез жал щваралщиналъуб ширкалъул кьучI тIамуна,
БетIергьан цо гьавулел мекъаб нухаре цIана.
Мекъалъе койрбакъулел дагьал рукIунарелъул,
Лъабасулго гIакъидат халкъалъулъ тIибитIана.

Насраниязда гъорлъан Аллагьас тIоритIарал,
ГIисада нахъги рилълъун тавхIидалда хутIана
Нахъиябщинаб тамун, ширкалъул агьло лъугьун,
Лъабавго кафирасул атбагIаллъун сверана.

Аллагьилан ГIисада бугьтан лъурал гIадамал –
ЯгIкъубиятал абун досде нисбат гьаруна.
НестIуриятал абун жедеде абулелги –
ГIиса Аллагьасул вас вугин абулел ккола.

Малканида нахърилълъун, досде гIунтIизарураз
ГIиса-Марямгун цадахъ – Аллагь лъабго гьавуна.
Гьаз, Аллагь – Аллагь вуго, ГIисаги Аллагь вуго,
ГIисал эбел – Марямги Аллагьилан абула.

Ункъабилеб фиркъаялъ инкар гьезде гьабуна,
Гьезда тIадрекъечIого, гIакъидат щула ккуна.
Шарик Жиндие гьечIев Аллагь цохIо вугилан
ИгIтикъадалда чIарал – гьал кирего кьуричIо.

ГIисаги, Рисалатгун хасс гьавун жив витIарав,
Халикъасул вацIцIадав лагь вугилан абуна,

Аллагьас гьев зодове вачунги аравилан,
РухIуллагьил хIакъалъулъ хIакъаб рагIи бицана.

ГIакъидат пасалъараб лъабабго фиркъа цолъун,
Цо исламияб фиркъа гьездаса батIалъана.
Гьазулги долазулги данде рагIиги ккечIо,
Диналъулъ насраниял гьаб хIалалъ рикь-рикьана.

ХIакъаб нухалда ругел мекъаздаса дагьлъана,
Дагьлъаниги, гьоркьоса къотIунги жал хутIичIо.
Инжилгин Тавраталда бицен жиндир бачIарав
ХIабибасде щвезегIан ГIисал дин насхолъичIо.

Нахъзаманалъул расул – АхIмад загьирлъун хадуб,
Гьев тасдикъ гьавичIого, гьеб фиркъаги къосана.
Мусал Тавраталдаги ГIисал Инжилалдаги
Эсда нахърилълъине ккей тIад гьабунги букIана.

ТIолалго адяназе насихлъун вукIинесев[1]
Расул вахъине вукIин гьазда лъалеб букIана.
Гьесул тухум-кьибилги, сипат-сурат, миллатги
Насранал-ягьудазе балъгоябги букIинчIо.

Бугони щиб, щайтIаналъ инсан къосинавула,
Аллагьас манлъичIони нух бачине лъаларо.
Нухги, вачIун, Аллагьас Жинцаго манлъуларо,
Лъалел сабаблъун тIамун тIоритIула хIакъалде.

Халикъасул умуралълъ гIадат гьедин билълъана,
Гьеб, халкъалъе мисаллъун, бихьизеги гьабуна,

[1] Ай, киналго динал жиндир диналъ насхо гьаризе ругев. Ай, жив вачIун хадуб, цересел диназул хIукмуги тун, жиндир дин киназго къабул гьабизе кколев.

Балагье Жибриласухъ, Жиндир рисалат босун
Русулазухъ хьвадизе аминлъун гьавурав куц.

Инжил-Тавраталдасан ХІабибасул къадро лъан,
Гьесде иман лъун чІарал ругьбанал[1] дагь рукІинчІо,
Гьесул замана бачІун, чІаго нахъе ругони,
Рахъун чІун гьесий хидмат гьабилин къотІи ккарал.

Бану-исраилазде ГІиса аварагасги,
Ахир-заманаялда, АхІмад абун цІар бугев,
Анбияазул хатам[2], халкъалъулго хирияв
Расул вачІине вугин, хабар бицун букІана.

Цинги исраилазул инкар-дагІба радд гьабун,[3]
НугІлъиялъе Живго чІун, Аллагьасги бицана.
АллагьасулгІан хІакъаб каламги букІунаро,
Къуръаналда тІадкІалъан капурчиги бергьинчІо.

قَالَ تَعَالَى: ﴿وَإِذْ قَالَ عِيسَى ٱبْنُ مَرْيَمَ يَٰبَنِىٓ إِسْرَٰٓءِيلَ إِنِّى رَسُولُ ٱللَّهِ إِلَيْكُم مُّصَدِّقًا لِّمَا بَيْنَ يَدَىَّ مِنَ ٱلتَّوْرَىٰةِ وَمُبَشِّرًۢا بِرَسُولٍ يَأْتِى مِنۢ بَعْدِى ٱسْمُهُۥٓ أَحْمَدُ ۖ فَلَمَّا جَآءَهُم بِٱلْبَيِّنَٰتِ قَالُوا۟ هَٰذَا سِحْرٌ مُّبِينٌ ٦﴾ الصف : ٦

Гьаб рехсараб хІалалда, хІакъал далаилалгун,
Дунял гвангъараб нургун ХІабибуллагь вачІиндал,
Гьесул шаригІаталда нахърилълъине чІухІарал
АхІбаралгин ругьбаназ[4] чанги питна гьабуна.

[1] Насраниязул гІалимзаби.*
[2] Аварагзабазул ахирисев.*
[3] Ай, нахъчІван.
[4] Ай, жугьутІазул ва насраниязул гІуламааз.

Гьез бицунебщиналъе Къуръаналъ жаваб кьуна,
Жедер балъгояб нифакъ – гьебги къватIиб гьурщана.
Гьаб бабалдасан хабар хадуб бицинеги тун,
Хадусел къисабазул гъапудухъе рачIинин.

Иншааллагь!

# - Ф А С Л О -

## ГІИСА АВАРАГАС ﷺ АНТІАКИЙЯТ АБУРАБ ШАГЬАРАЛДЕ ЖИНДИРГО ХІАВАРИЮНАЛ РИТІИЯЛЪУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ БАЯН

ХIавариюназдаса кIиго расул[1] ГIисаца,
АнтIакийят абураб шагьаралде ритIана.
Шагьар рагIалде щойдал гIиялжалазда цеве
Цо херав чиги ватун, гьесда аскIор руссана.

Салам кьун, гьикъа-бакъун, кIалъа-ралъай гьабуна,
КIудияв чияс гьазде: «Нуж щал?» – абун гьикъана.
Нуж, хъанчалги жалго тун, тавхIидалде ахIулел
РухIуллагьил русулал ниж ругилан бицана.

Цинги, ножор мугIжизат бугищилан гьикъана.
«Буго», – абун, кIиясго херасе жаваб кьуна.
Абрас-акмагь – унтарал нежеда, би изниллагь,[2]
Сах гьаризе кIолилан гьесий баян гьабуна.

Босадаго санабаз, унтуца ккун, хутIарав
Рокъов вугев жиндирго васасул гьес бицана.
Гьесухъе ниж рачани, нежеца дугIа гьабун,
Дур вас сахлъиялде хьул бугин гьазги бицана.

Гьаз бицараб хабаралъ херав хIайран гьавуна,
Гьалги рачун, рокъове васасда аскIув щвана.

---

[1] Ай, чапар.*

[2] Ай, «Аллагьасул изноялдалъун батIа-батIаял унтаби сах гьарула нежеца»,-ян абуна.

Васасда койрал рахъун, кIиясго дугIа гьабун,
ГьебсагIат вас, бусен тун, тирщун тIаде вахъана.

ТIолго сорухълъиялда гьаб хабар тIибитIана,
Гьаз дугIа-алхIам гьабун гIемерав чи сахлъана.
Ханасдаги гьеб рагIун, гьал аскIуре ахIана,
Нуж щал чагIи кколелан ханас гьезде гьикъана.

Гьез, ханасе жаваб кьун, жал ГIисаца ритIарал
ХIавариюнал ругин, калам берцин гьабуна.
Кинаб мугIжизат ножор бугебилан гьикъана,
Гьаз, акмагьал-абрасал сах гьарулин, бицана.

«Нуж гьанире щибизе рачIун ругел?» – гьикъидал,
Диналде мун ахIизе рачIун ругин абуна.
Румазул ханзабалъа цо фиргIавн гьев вукIана,
Гьезул дагIваталдаса инкар гьабун, вуссана.

«Ава лана илагьун сива алигьатина»[1] –
Гьал горел, цойги Аллагь вукIуневищан чIана.
ВукIунилан ханасе хабар гьазги бицана,
Халикъасул сифатал – тIолго баян гьаруна.

Гьазул вагIзаялдасан ханас пайда босичIо,
Хъанчал тун, Аллагь ккойзе иблисалъ гьев веччайчIо.
Вачун, кIиявго чапар туснахъалъур тIамуна,
Туснахъазе букIунеб гIазабги гьезий кьуна.

ГIиса аварагасда гьезул хабар рагIана,
Гьезий шафагIаталъе ШамгIун жинца витIана.

[1] Ай, «Гьал нижер хъанчал горони, цойги Аллагьищ вукIунев?» - ан чIана.

АнтIакияталде щун, ШамгIун жанив лъугьана,
Жиндирго хIалги бахчун жасус гIадин[1] хьвадана.

МугIашара лъикI гьабун, гIадамазулъ жована,[2]
Жив аскIув кканщиназе анислъунги[3] лъугьана.
Гьесул хIакъалъулъ хабар маликасухъе щвана,
Маликас, аскIув вачун, вазир гIадин хьихьана.

Цо къоялъ ШамгIуница, харбилъ рекъезе гьабун,
Ханасе туснахъазул бицен ккезе гьабуна.
Цинги, диналдаса мун вуссинавулев вукIун,
КIигояв жанив тIами – уяб бугищ гьикъана.

Гьеб дидаги доздаги гьоркьоб бугеб жо – абун,
Жавабго гьабичIого, ханасул ццин бахъана.
Нахъуйги ШамгIуница, гьел чи дихъе рачани,
Гьезда цIех-рех гьабизе рес бугилан абуна.

«Бугони, раче» – абун, ханас эхтиярги кьун,
Вачун кIиявго гьалмагъ ШамгIунихъе рачIана.
ШамгIуница гьездехун гьикъа-бакьи гьабуна,
Гьел лъаларев чи гIадин суал кьезе лъугьана.

Нуж гьанире ритIарав чи щивилан гьикъана,
Халкъ бижарав БетIергьан вугин гьаз жаваб кьуна.
Гьесул сипат бицеян, цойги суал гьабуна,
Аллагьасул сипатал гьаз мухIканго рицана.

[1] Ай, агент-шпион гIадин.
[2] ХIалрекъезабун хьвадана.
[3] Ай, гьезул ракIгъолевлъун.*

«Иннагьу яфгIалу ма яшау ва яхIкуму
Ма юриду[1]», - ян абун, къвакIизабун абуна.
Ножор мугIжизат щибан хадубги суал кьуна,
«Дуй бокьараб жо», – абун жаваб гьазги гьабуна.

«Набрау, биизниллагь, аль-акмагьа валь-абрас
Ва нашфиль-марза»[2], – абун шархI гьабунги бицана.
Цинги, ханас буюрун, битIараб нодо гореб,
Берзулукъалго гьечIев цо беццав вас вачIана.

Цинги хIавариюназ Аллагьасде гьарана,
Васасул надалда гьоркь берзулукъал лъугьана,
Берзулукъазда жанир хIарщалъул гарал лъуна,
Гвангъараб канлъи бугел берал гьесул лъугьана.

Гьеб мугIжизат бихьидал гIажаиблъун хутIарав
Ханасда, ШамгIуница цойги жемизабуна,
Гьазго гIадин, дуцаги аллагьаздеги гьарун,
МугIжизат бихьизаби лъикI гьечIищан абуна.

ШамгIуние гьабизе жаваб ханасда лъайчIо,
Жиндирго хъанчил гьечIеб гьунар бицун горони.
Цинги, ШамгIунидехун ракI рагьун гаргадана,
Дудаса балъгояб жо дий щайилан абуна.

Нежеца жодой лагълъи гьабулел гьал аллагьал,
Бихьулел-рагIулеллъун гьечIилан мукIурлъана.

[1] Ай, «Аллагь Жиндие бокьараб гьабулев ва бокьаралдальун хIукмуги гьабулев вуго»,-ян жаваб кьуна.
[2] Ай, «Нежеца сах гьарула беццал, барас унти, ва цогидал унтабиги, Аллагьасул изноялдалъун», - илан абуна.

Гьелдаго релълъон, зарал, я хайир гьабизеги
Гьазда кІоларин абун, хІакъаб калам гьабуна.

Гьелда хадубги ханас, хварал чІаго гьаризе
Гьев ножор Аллагьасда хІалкІолищан гьикъана.
Нежер БетІергьан – Аллагь, Жиндий щиб бокьаниги,
Бокьаралда хІалкІолев вугин гьазги абуна.

Эмен сапаралъ вукІун, гьев рокъов вачІинегІан,
ВукъичІого жив тарав маййит[1] вугин бицана.
Маликасул гьев чІаго гьавизе анищ ккана,
Гьаз изно-эхтияр кьун, маййит гьанив восана.

Гьев хун анкьго сордо-къо тІобараб ун букІана,
ТІобараб балкан лъугьун, махІ бахъунги ватана.
Балъго ШамгІуницаги, тІатун гьав кІиясгоги
Аллагьасдеги гьарун, гьев маййит чІаголъана.

Тирщун тІадеги вахъун, «Дун хун анкьго къо буго,
Анкьабго жужахІалъул кІкІалабахъ дун рехана, –
Хадуб – УхІаззирукум ма антум фигьи»,[2] – абун,
Гьезие хІинкъиги кьун пасахІатго кІалъана.

«Ла илагьа илла ллагь – Аллагь цо горев гьечІо,
ГІиса – РухІуллагь», – абун шагьадатги битІана.
Гьаб мугІжизаталъги хан хІикмалъизе гьавуна,
Гьасул рекІелъ букІинчІеб цо асарги тІирщана.

ШамгІунида ханасе асар лъугьараб лъана,
Балъго букІараб иман гьасги загьир гьабуна.

---

[1] Маййит – хварав чи.*
[2] «Дица ножое хІинкъи кьола хьанчазе лагьлъи гьаби те»,-ян.

Бугониги, КагІбугун Вагьбудасан бицараб
Риваяталда рекъон, хан бусурманлъун гьечІо.

Ханасулгин къавмалъул гІакълоги цуцаде ккун,
ГІисал хІавариюнал чІвайзе хивал гьабуна.
ХІабибу-ннажжарида[1] гьезул хабар рагІана,
Гьезие койрбакъизе хехго къватІив вахъана.

Къуръаналда Аллагьас гьесул хабар бицана,
«Ясиналъул» аятал гьелда тІасан рещтІана;
ГІисал хІавариюназ дугІа гьабун сахлъарав,
Дов сабурав васасул эмен гьав чи вукІана.

Исламалда жив вукІин лъайзе гьес тун букІинчІо,
Балъго нохъазде хьвадун гІибадат гьабулаан,
Агьло-хъизан хьихьизе гІуралдаса тІокІлъараб
ТІолго боцІи-малалъул садакъаги кьолаан.

ГІисал хІавариюнал чІвазехъин рукІин лъайдал,
ХІабибу-ннажжарица Ислам загьир гьабуна,
Аллагь цо гьавиялде гьаб къавмги ахІулаго,
АхІуд вахъарав гІадин, гьазда тІаде гІунтІана.

Ужра-мухьго гьечІого нуж гьидаят гьарулел
Гьал мурсалиназда нахърилълъайилан гьарана.
Мунги гьазул диналде вуссунищ вугев абун,
Иман гьечІел капурал гьасдеги тІаделъана.

ТІаде кІанцІун, киназго малад гьавун мерхьана,
Яги хойзегІан тІаде тІолгояз гамачІ бана.

[1] Дов гІи кваназе гьабула ватарав, унтарав васасул эмен.

Барзахалда жиндирго макъам гьесда бихьана,
Мекъса ккараб къавмалда ракIги жиндир бухIана.

Жиндир къавм тIобитIеян гьари гьабун горони,
Гьезие квешаб дугIа гьабизе хивал ккечIо.
Халикъас жиндий кьураб макъам-даража лъайдал,
ГIакъоба-гIазабалъул захIмалъи тIаса ана.

Зулму-хIал гьабун къавмалъ ХIабибу-ннажжар чIвайдал
БетIергьан-Аллагьасул ццин жодода бахъана.
Жабраил-малаикас гьабураб цо гьаракьалъ,
Цо гIадан хутIичIого, киналго гьалаклъана.

قَالَ تَعَالَى: ﴿ وَجَآءَ مِنْ أَقْصَا ٱلْمَدِينَةِ رَجُلٌ يَسْعَىٰ قَالَ يَٰقَوْمِ ٱتَّبِعُوا۟
ٱلْمُرْسَلِينَ ﴿٢٠﴾ ﴾ يس : ٢٠

Кида хунги хойчIого хутIуларел лъалаго,
Лъалареб хIайван гIадин, унго, нилъ хьвадулел куц.
Ахираталъул бицун кIал-мацI гаргаданиги,
РекIелъ гьечIеб иманалъ элъий щолареб асар.

Аниб толеб лъаниги, дунялалъул гьаб боцIи,
Бер халалъун, инсанас данде бакIарулеб куц.
Даимго букIунареб гьаб ханлъигин кIодолъи
Хадур лъугьун, рушват кьун хIалалъ балагьулеб куц.

ЦохIого магIнаялъул, мурад бихьун, аятал
БатIа-батIа бакIалда Аллагьасги рехседал,
РакIалъе рахIат хварал умуразул хIакъалъулъ
Эхтиярго гьечIого рорчIун дихъаги уна.

Динуль-Исламги бичун данде гъабураб боцIи, –
Болъонил гъаналдаса гьелъул батIаяб жо щиб?
БетIергьанас тIад лъураб как-кIалги тIобайчIони,
ЧIегIер-хIайванин гьесда абичIого щибилеб?

ШаригIаталъул низам данде кколеб гьечIони,
Гьесдаса талихI къарав инсан дида лъаларо.
Амрогин нагьюялъул хилафалдаги хьвадун[1],
Хьул гIафвуялде гьаби[2] – гIакъиласул иш горо.

Аллагьас жиндий кьураб хIалалаб боцIи-нигIмат
ХIарам гьабун кунесде кинав чиян абилеб?
Чехь цIеялъул горони ургъелго жиндий гьечIев, –
ЖужахIалъе гьесдаса мустахIикъав лъаларо.

Мунагь-хатIабаздаса тавбо гьабизе тIамун
ТIоритIе, Аллагь, Дуца Дурго загIипал лагъзал!
Дунялалъул боцIуда бахиллъизе течIого,
БетIергьан, Дуца цIуне гьелъул питнаялдаса!

Амин, амин, амин, я Мужиба-ддагIават![3]

الله أكبر

[1] Ай, Аллагьас гьабеян абураб – тун, теян абураб - гьабун хьвадилаги вукIун.*
[2] Ай, Аллагь тIаса лъугьиналде хьулалда вукIин.*
[3] Къабул гьабе нижер гьари, я гьари нахъчIваларев БетIергьан!

# - ФАСЛО -

## БАНУ-ИСРАИЛАЗУЛ ХУН ХАДУБ ЧIАГО ГЬАБУРАБ КЪАВМАЛЪУЛ ВА ХIИЗКЪИЛ АВАРАГАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН ﷺ

«Тушбабигун рагъизе хIадурлъи гьабе», – абун,
Бану-исраилазда ханас амро гьабуна,
Ханасул амро тIобан, тIолгоял къачIадана,
КъватIир рахъине ккедал киналго хилифлъана.

Хвалидаса хIинкъана, багьанаби ратана,
Тушманасул ракьалда вабаъ бугин абуна.
Вабаъ-унти добаса тIагIун хадур горони
КъватIир рахъинарилан ханасде дандечIана.

Ханасул амроялъе хиянат гьез гьабидал,
Гьезда гъорлъ БетIергьанас унти баккизабуна.
Унтиялда цадахъго хойзеги байбихьана,
Холезул къадар цIикIкIун къавмалъул рахIатхвана.

Росулъа къватIир рахъун гIалхуде жал тIурана,
Хвалидаса божараб цо бакIалъ чIей гьабуна.
Цинги БетIергьанасде гьезул ханас гьарана,
Гьел мукIураб мугIжизат бихьизаби бокьана.

«Азалалда тIобараб хIукму-къадаралдаса
ТIурун рорчIулареллъи гьазда лъайзе гьабе»,-ян
Гьазул гIассилъиялда рахIатхварав маликас
ХIелун гьабураб дугIа РахIманас нахъечIвайчIо.

«Нуж хва», – абун Аллагьас амро гьезде гьабуна,
ГьебсагIаталъ киналго руге-ругелъур хвана,
«Кун фа якун»[1] – абураб Къуръаналъул аяталъ
Аллагьасе бокьараб гьедин лъугьин бицана.

Цинги, росу-рукъзал тун къватIире лъугьаразул
Къадар-гIадададалда тIад руватал хилифлъана,
Лъабкъоялда анцIазар – бищун тIасияб къадар,
ГIатIаица,[2] къавмалъул букIарабин абуна.

РухI цIунун, рукъзалги тун, къватIире рахъаниги,
Къадирасе бокьараб нахъечIван бажаричIо.
Божи бугеб бакIалде хвалдаса тIураниги,
Хадуб лъугьун бачIунги гьелъ рорчIизе реччайчIо.

Рукъизе рес рекъечIо, ракъдадаго хутIана,
ХIутI-хъоморалъ гьан кванан, рукьбаздеги сверана,
Гьелда хадуб Халикъас гьаб къавм чIаго гьабуна,
Къуръаналъул аятги гьелъий далилллъун чIана:

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ ۞ أَلَمْ تَرَ إِلَى ٱلَّذِينَ خَرَجُوا۟ مِن دِيَـٰرِهِمْ وَهُمْ أُلُوفٌ حَذَرَ ٱلْمَوْتِ فَقَالَ لَهُمُ ٱللَّهُ مُوتُوا۟ ثُمَّ أَحْيَـٰهُمْ ﴿٢٤٣﴾ ﴾ البقرة : ٢٤٣

Гьал чIаго гьариялъе сабаблъун ккарав ХIизкъил –
Гьесул хIакъалъулъ бицун къокъаб баян гьабизин.
Гьав вукIана авараг бану-исраилазул,
Муса накълолъун хадув лъабабилев вачIарав.

[1] Ай, Аллагьас бокьараб жоялде «Мун буголъе», Ай «Мун букIа, лъугьа»,-ян абула, цинги гьеб жо букIуна, лъугьуна.
[2] ГIатIаъ – риваят бицарав чи.

Эбел гьесул йикIана херай, гIажизай гIадан,
ГIакъимайлъун лъугьарай, лъималги гьаруларей.
Гьелъ Аллагьасде гьарун гьавурав гьав вукIиндал,
Гьесде лъураб тIокIцIарги Ибнуль-ГIажуз[1] букIана.

Аллагьас авараглъун гьев витIараб къавмалде
Заманалъул къварилъи тIаде бачIун букIана,
Къварилъи-балагьалде саброго гьечIеб хIалалъ,
Гьезул цуцада жаниб зигара-бакъ баккана.

Гьаб къварилъи-захIмалъи хIехьон рукIиналдаса
Нелъее хвел бигьаяб букIанин гаргадана.
БетIергьанасда гьезул гьеб зигара рихана,
Гьезда гIайибчIван вахIю ХIизкъилихъе рещтIана:

«Щиб гьазий зигардизе Дир хIукмуялда тIасан,
Кинаб рахIатдай гьазий рухl бахъиялъулъ бугеб?
Бокьани, хун хадурги тIаде рахъинаризе
Дир къудрат гьечIебиндай гьазда ракIалда кколеб?!»

Гьанже, дол хвалидаса тIурун жал рорчIичIезул
Рукьби ругеб бакI манлъун, ХIизкъил гьенив витIана.
БетIергьанас манлъухъе гьеб бакIалде жив щойдал,
Гьезул паналъи бихьун пикрабазде вуссана.

ВахIю гьабун Аллагьас, гьанжиги ХIизкъилиде,
Гьел чIаго гьаризе дуй изно кьунин абуна.
АхIулеб куц манлъана, гьев сабаблъун тIамуна
Амро, ирадат-къудрат Жинда кодоб букIана[2].

[1] Ай, кIодол вас.*
[2] Ай, чIаго гьариялъул амро, гьеб бокьи, гьелде хIалкIвей Аллагьасухъ букIана.*

Жиндие изно кьедал, рукьбузда хитIаб гьабун,
«Айятугьаль-гIизаму, – ХIизкъилица ахIана,[1] –
Аллагьасул рахъалъан амро ножоде бугин,
Нуж данде русса», - йилан гьезда лъайзе гьабуна.

Рукьби цуцада хурхун къаркъалаби лъугьана,
Гьан тIад бижун, тIом лъугьун, чурхдулги берцинлъана,
Бидурихьалгун щукIдул, щибаб нусабго лага
БукIине кколеб хIалалъ кинабго камиллъана.

«БетIергьан-Аллагьасул амро ножоде бугин,
Айятугьаль-арвахIу, нуж чурхдулъе лъугьа», - ян.
Гьанжиги ХIизкъилица ахIун гьаракь гьабуна,
ГьебсагIаталъ киналго цадахъ тIаде рахъана.

ТIаде рахъунелъул гьез, цохIо кIалдисан гIадин,
Такбир-тахIмидгун цадахъ шагьадатги битIана.
Щивав чи, жинда-жинда холелъул тIад букIараб,
РетIел-тIех, хьит-парталгун рахъанинги абуна.

Гьал, хун чIаго гьарурал – ХIизкъил аварагасул
Къавм букIарабин абун цойги риваят буго.
Рехсараб сураталда, цадахъго гьеб къавмги хун,
ЦохIого жив хутIидал гьав цIакъ пашманлъанила.

Гьанжи БетIергьанасде, Дуе лагълъиги гьабун,
Мун жедеца рехсолеб къавмалъулъ вукIарав дун,
Дунго цохIо, вахIидан-фаридан хутIанилан,[2]
РакIгъей тIагIун ккарав гьав, гIодаравилан буго.

[1] Ай, «Ва гьал рукьби», – абун ахIана.
[2] «ГIицIго, цохIого дун хутIана», – абун.

БетIергьан-Аллагьасда ХIизкъилил мурад лъайдал,
«Дуе гьал чIаго гьари бокьилищ?» – гьикъанила,
«Бокьила, я Рабби»,-ян гьас данде жаваб гьабун,
Духъего изно кьунин Аллагь кIалъаравила.

Аллагьасул рахъалъан, «АхIю биизниллагьи»,[1] –
ХIизкъилица рукьбузде, ахIун, абурабила,
Акбарги бачунаго, цебе рехсараб хIалалъ,
Цадахъго ХIизкъилил къавм тIаде бахъарабила.

ТIадруссун жеде-жедер ватаналдеги рачIун,
РукIарабго хIалалда гIумру гьабурабила.
Гьезул щивав чиясе азалалдаго хъвараб
Ажалалде щвезегIан чIагоги хутIанила.

Хадуб жигьадалдалъун амро жедеде щойдал,
ИгIтираз[2] гьабичIого гьенирги рахъанила.
Амма хвелалъул асар гьезда тIаса инчIила,
ТIад ретIараб ретIелцин турулеб букIанила.

Наслабазулъги гьезул гьеб асар хутIанила,
Гьанжиги жугьутIазул гьеб тайпа бугебила.
Гьеб махI жедеда бугев жугьутI-миллаталъул чи
ХIизкъил аварагасул къавмалъул кколевила.

Инсан цоцIол горони хойзеги гьечIев хIалалъ,
Гьаб къавм кIиго нухалда хварал кинин гьикъани,
Аллагьасе бокьани, бокьараб лъугьунелъул,
Гьесий бокьун хванилан абуни битIун буго.

[1] Ай, Аллагьасул изноялдалъун, нуж чIаголъеяан ахIарабила, – гьаб буго кIиабилеб риваят.
[2] ИгIтираз – инкар, дандечIей.*

Амма гIумру нахъе тун, ажал щойчIого хварал
ЧIаго гьариялъульни кIиго къагIида буго:
ГIукъубатан – ццин бахъун, я гIибратан – кантIизе,
ГIалламул-Гъуюбасда маслахIатаб лъалелъул.

Масала, набийюллагь – ГIузайр, гIалайгьи-ссалам,
Нусго сон хун бахъиндал, хадув чIаго гьавуна.
Гьесул гIадаб кIицIол хойл – гIибраталъе букIине,
ГIадамал яги хварал кантIизе мурадалда.

КантIи гьечIеб къавмалда Аллагьасул ццин бахъун
Хойзе гьари абуни, гIазабалъе букIуна.
Бану-исраилазул гьаб къавмилан абуни,
Гьадинаб магIнаялда хойзарурал рукIана.

Ханас амро гьабидал, гьечIеб багьана батун,
Гъазаваталде рахъин гьез къабул гьабичIелъул,
Гьелда хадур хвалдаса, росу тунги, тIуридал,
БетIергьан-Аллагьасул ццинбахъин гьазде щвана.

Цинги гьелда жанибги лъикIлъи гьезий батана,
Гьел чIаго гьарун хадур ханасе мутIигIлъидал,
Хвалил гIаламаталъул асар тIад хутIаниги,
Халикъасул рахъалъан фазлоги гьезде щвана.

Ццин бахъун дозий гIадаб гIазаб гьабулебани,
Гьаб Дагьистан некIого кIалагъоркье чIвалаан,
АхIмадил уммат букIун, рахIмо щун горебани,
РахIманас нилъ гьадинги телаанин кколаро.

Тавбо буго, дир Аллагь, щибаб мунагьалдаса,
Щукруги – Дуе, МунгIим, нигIматал гьарзалъидал,

ГIайибги нежедаго Дуде гIасилъиялъул,
ГIафвуялде рагъбатги[1] – Дур цIцIоб гIатIидаблъидал.

ГIилмогин гIамалги кьун Дуца тIоритIичIони,
БитIараб нух батизе нежеда хIалкIоларо.
ХIафургъарал ракIалгун кIалдиб мацI гаргадиялъ,
ДагIба цIикIкIун горони, рекъелги кколеб гьечIо.

Ракълил хабарги бицун, цо-цо мунафикъзаби
Цуцалъ рекъон кIиго чи теларин лъугьун руго.
ЛъикIлъиялъул цIаралда питна бекьулеб къавмалъ
Кьалде гIалам ахIизе чагъана хъвалеб буго.

Чали-къоноги биххун гIалхуде беччан тараб,
Халкъалъул хьвади гьанжи, гIи-боцIуда релълъана.
БоцIи-малалъухъ гьанжи бичулареб жо гьечIо,
Чолонибго рекъараб къавм нелъер букIун буго.

Къуръан-хIадисалъулги хIукму гьазий бегьичIо,
ХIукуматалъ гьабулеб гIадлоги паналъана.
ГIадло-низам битIарав ханги гьазий вокьичIо,
Хадусан ккезе бугеб заманалъги бицина.

Зулму-къварилъиялъул къулаги, тIасан чвахун,
Чанги мискинчиясул рокъобеги лъугьана.
РахIму-гурхIелалдаса гIицIлъарал гъачагъаца
Чанги васасул эбел гIодизеги тIамуна.

ЗахIмалъиялда хадуб бигьалъи букIунелъул,
Батила цо маслахIат гьаб бихха-хочиялъул.

[1] Ай, Мун тIаса лъугьиналде хьулги.

Халикъас нилъ рижарал гIададаги гьечIелъул,
ГIакъло бугев кантIизе цебего заман щвана.

Гьурщаниги гъунареб гъутIбузул тIамахгин пихъ,
ТIад лахIзаталъ чIоларо боржалалде щун хадуб.
БарщичIого гьоркьомацI бикIун хадуб бигъула,
БетIер унтилелдего къайин аби букIуна.

Ихдал хурзал рекьула, хаслихъе ракIарула,
Рииялъ хурухъабаз бухъа-хъуси гьабула.
Бекьараб къоялъго мугь баккулеб гIадат гьечIо,
Мугь бихьун гьелъиеги замана къваригIуна.

Фафгьам[1].

الله أكبر

[1] Ай, дуда бичIа

# - Ф А С Л О -

## ТIАДЕГIАНАВ АЛЛАГЬАС БАНУ-ИСРАИЛАЗДЕ ГIАКА ХЪОЯН АМРО ГЬАБИЯЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЪОКЪАБ БАЯН

БоцIи-малги гIемерав, ГIамил абун цIар бугев,
Бану-исраилазул бечедав чи вукIана.
БоцIи ирсалъе ккойзе насло гьесул букIинчIо,
Мискинав, къо бухIарав цохIо вацгIал горони.

Цо къоялъ радалалде гьев ГIамил чIван ватана,
Тафсиралъул агьлоялъ гIилла гьадин бицана:
Дов мискинав вацгIалас, ирс жиндий щолеб букIун,
Гьелъий гIоло чIваравин – гьаб цо риваят буго.

Цинги тушман валагьун, гьев лъайзе гIамал гьабун,
ГIамилил тухум-кьибил тIаде босун хIалтIана.
Росуго цуцахъ бараб багъа-бакари ккана,
Кинниги, къатиласул[1] лъаркIалде тIаде ккечIо.

ЛъангутIи мурадалда къатилас чIварав ГIамил
КIиго росдада гьоркьов рехаравин бицана.
Цойги риваяталда, цо пуланав чиясул
Рагьдухъ гьесул жаназа батарабин абуна.

Бану-исраилазул, анцIила кIиго нуцIа
Жинда жанибе бугеб, кIудияб масжидалъул
КIиго нуцIида гьоркьоб гьев ГIамилил жаназа
Лъун батарабин абун, цойгиязги бицана.

[1] Къатил – жинца дов ГIамил чIварав чи.*

Цинги исраилазул цо щакал гIадамазда
ГIамилил акъарибаз[1] би рагIизе гьабуна.
Гьезул бицунеб хабар дагIбаялде сверана,
Муса аварагасде суал борхизе ккана.

Би рагIизе гьабураз къисас тIалаб гьабуна,
Исраилаз абуни гьеб къабулго гьабичIо.
Гьез ГIамил чIвайиялда щаклъи букIун горони,
Би тIалаб гьабулезул нугIзалги рукIун гьечIо.

КIиязулго рахъ Мусай бащадаблъун хутIана,
ШаргI гьезие гьабизе гIурал хIужаби щойчIо.
Тавраталда абуни, гьеб вакъигIат кколелъул
Къасамалъул[2] хIакъалъулъ хIукму бачIун букIинчIо.

Къатил лъайзе гьавеян Аллагьасде гьаризе,
Исраилаз Мусада аманатлъун тIадкъана.
Къадирасде Мусаца мурад гьезул гьарана,
Гьезда «ГIака хъой», – абун Аллагьас буюрана.

«Аллагьасул рахъалъан гIака хъоян ножоде
Буюрухъ буго» – абун, Муса гьезда кIалъана.
Гьоркьоб суалго гьечIеб гIакаялъул бицине –
Дуца ниж ралъаргъулел ругилан гьаз абуна.

Загьиралда халгьабун, данде кколареб букIун,
БетIергьанасул амро гьезие цIакъ гIадлъана.
ГIака хъоялъулъ бугеб хIикмат гьезда лъайчIого,
Инкар гьабун, Мусаде киналго дандечIана.

[1] Ай, ГIамилил гIагарлъиялъ.
[2] Ай, гьедизе гьавиялъул.

«Дун нуж ралъаргъулевлъун гьечІо», – абун Мусаца,
Аллагьасул буюрухъ гьезий баян гьабуна.
Гьелда божи ккун хадуб, «Баййин лана ма гьия»,[1] –
Гьадинаб суал Мусай исраилаца кьуна.

ЦохІо гьаб суалалъе жаваб кьун гьазий гІечІо,
ГІакдал сонал, кьер, сифат тІатІалаго цІехана.
ТІадегІанав Аллагьас «ГІака хъой» – абурабго,
Хъун бокьараб гІакагун гьел тІорайзе рукІана.

Бугониги, суалал гьаз къвакІизе гьаридал,
Гьазие Аллагьасги ташдид цІакъго гьабуна.[2]
Гьадинаб хІукму-къадар Къадирасулги букІун,
Къадаралда букІухъе кинабго билълъанхъана.

Бану-исраилазде хъоян амро гьабураб
Гьеб гІакаялъул къиса, рехсон, баян гьабизин.
Гьелда жанир ратулел танбигьал-фаваидал,
Пикро гьабун цІалани, рихьила, иншааллагь.

Руватазул цояца бицунелъул халгьабун,
Инсуе цІакъ мутІигІав цо лъикІав вас вукІана.
ЛъикІлъи эбел-инсуе гьабеян, аят рещтІун,
Аллагьас Къуръаналъулъ нелъедаги манлъана.

ЛъикІав васас инсуе гьадинаб хъулухъ гьаби,
Гьадинаб даражаги цІакъго надир букІуна.
КІикъоялда анцІазар динаралде гьев васас,
Бичулев чи ватидал, цо жавгьар босун тана.

[1] Ай, гьеб гІака нижее баян гьабе кинаб гІакаяли.
[2] Ай, Аллагьасги цІакъго къвакІизе гьабуна.

Жавгъаралъул маликас багъа тIалаб гъабуна,
Гьеб жаниб бугеб гъансил кIул васасухъ букIинчIо.
КIул, кьижун ккарав инсул къаданиб ккун букIана,
Къаданиса кIул босун васас гъалмас рагьичIо.

«Гьав кьижарав дир эмен ворчIизегIан чIа», – абун,
БаигIасдехун[1] гьав вас, гьари гьабун, кIалъана.
Гьевги ворчIизе гьавун, гьабсагIаталда кьеян
Васасул гьариялде инкар ккун гьавги чIана.

Гьеб гьабизегIан дица дуе анцIазар динар
ТIаде кьезе бугилан васги данде кIалъана,
Эменги ворчIизавун, гьабсагIаталда кьуни,
Дуда тIаса анцIазар рехилин гьавги чIана.

Дир эмен ворчIизегIан мун чIани, къоазарго
Динар тIокIаб кьелилан вас гьанжиги кIалъана
Гьелда баигI рекъана, «Къабилту»,[2]-ян абуна,
Инсул макьо хойзабун васас налъи бецIичIо.

Макьидаса ворчIидал, инсуй ккараб бицана,
Ккараб налъиги бецIун баигIги нухав лъуна.
Эмен цIакъ разилъана, васасдаса вохана,
Дунял-ахираталъул икъбал[3] гьесий гьарана.

Гьелда хадуб инсуца васасда, сайгъат гьабун,
ЦохIо хутIун букIараб гIака бихьизабуна.
Бану-исраилазда, жедей гьабураб сифат
Гьеб гIакаялъул батун, бичунги босун, хъуна.

[1] Ай, жавгьар бичарав чиясдехун.
[2] Ай, «Дица къабул гьабуна»,-ян абуна.
[3] Икъбал – талихI.*

Багьа – гьелъул тIом цIураб месед чIезе гьабуна,
Инсул хIурмат гьабиялъ васасе боцIи щвана.
Баркат бугеб дуниял, гIазаб гьечIеб ахират,
Умумул рази гьаре – щойзе бокьун батани.

Бицун араб гьаб къиса – цо риваят букIана,
Цойги риваяталда гьаб хIалалъги бачIана,
Баракат тамамлъизе, танбигьалги цIикIкIине,[1]
Тавфикъ Аллагьас кьуни, гьебги баян гьабизин:

Бану-исраилазул цо лъикIав чи вукIана,
Цо гьитIинав вас горев наслоги жиндир гьечIев.
Гьев вас кIудав гIелелде, гьесий цIарчIван букIараб
Бече, бачун инсуца рохьоб щойзе гьабуна.

«Инни аставдигIука гьазигьиль-гIижлат», – абун,[2]
Бачил аманатги гьес Аллагьасде тIамуна.
Гьев вас кIудав гIезегIан гIумру инсуй батичIо,
Аллагьасул къадар щун ахираталде ана.

Инсул гьомер лъалареб лъимер, адабиятгун
Эбелалъ тарбият кьун гIакъло-лъаялде щвана.
Щибаб сордо лъаб бикьун, макьоялъе – цо бутIа,
Цойги бутIа – каказе вазифатлъунги ккуна.

Лъабабилеб бутIаги эбелалъе хадимлъун[3]
АскIув чIун хъулухъалъе тIад бухьараб букIана.
Рогьиндал рохьове ун, цIулалъул магьги баччун,
Бичун базаралдагун яшавги гьабулаан.

[1] Баракат камиллъизе, кантIиги цIикIкIине.
[2] Ай, «Дица гьаб бече Дуде аманат гьабуна, Аллагь», - анги абун.
[3] Хъулухъ гьабулев чилъун.

Гьеб бичун щвараб малги лъабиде бикьулаан,
Лъабалъулго цо бутIа садакъадай кьолаан.
Садакъа-хайрат гьабун хутIарабин абуни,
Эбел-васасда гьоркьоб хIалтIизе гьабулаан.

Васасе назру гьабун рохьобе беччан тараб,
Доб гьитIинаб бачилги гIака лъугьун букIана.
ГIадамасда берчIвани ритIучI гIадин тIурулеб,
Рижин-сипат рекъараб, берцинабги букIана.

Цо къоялъ гьей эбелалъ инсуца нахъе тараб
Бачил хIакъалъулъ хабар васасда бицун тана.
БетIергьан-Аллагьасде аманатлъунги гьабун,
Гьеб щойзабун букIараб бакIалъул баян кьуна.

БерчIварабго тIурулеб долъул тIабигIатазул
ТIолабго сияхIги кьун, бачине витIун ана.
ТIурун доб унеб мехалъ ахIулеб куц манлъана,
Аллагьасул цIаралда нидаъ[1] хурхинабуна.

Доб букIин жинда лъайзе гIаламатал рицана,
ГIажаибаб, гьайбатаб гьелъул сипат гьабуна.
Балагьун дур бералъе долъул тIомолъа къватIир
Бакъул чIорал речIчIулеб хIисаб ккелин абуна.

Эбелалъул амроги разилъун тIаде босун,
Вас гIака тIалаб гьабун гIалахалде вахъана.
ГIака гьасда бихьана, сипатал загьирлъана,
Манлъараб сигъаялда[2] гьелдехунги ахIана.

[1] Ай, бачиде ахIулеб куц манлъана, гьеб ахIи Аллагьасул цIаралда хурхараб букIана.
[2] Ай, эбелалъ манлъухъе.*

АхІи рагІидал гІака, бекерун, аскІуб щвана,
Ругьунаб хІайван гІадин, недегьго цебе чІана.
Надалда койр бахъана, квар гамуниб рехана,
Квелъалда гІакаги бан рокъове тІадвуссана.

ТІадгІанав Аллагьасул изноялдалъун гІака,
ПасахІатаб мацІалда гІолиласде кІалъана,
Дуйго бигьа букІине, дир мугъалда рекІаян,
РакІбухІараб хІисабалъ васасе гІакъло кьуна.

ГІакаялда рекІине васас инкар гьабуна,
Эбелалъ рекІа абун абичІилан кІалъана.
РекІаравани дида, дур беразда тІокІаб дун
Бихьизе букІинчІилан гІакаялъги абуна.

Нухав цо гІадан ватун, гІузру бачун кІалъана,
ГІачиязул вехь вуго дуниланги бицана.
Цо оцалда къайги лъун рокъов щойзе унелъул,
Эбги билун гьанив дун хутІун вуго абуна.

Хадуб, ракъи-къечалъги, къобихьун свакаялъги
Бихьанщинабги бицун, комек тІалаб гьабуна,
Гьаб гІакдал мугъалда дун дуца рекІине тани,
Дица дуй кІиго гІака кьелаанин абуна.

«Аллагьасде мугъги чІван нухда вагъаре», – абун,
Нухлуласе чІванкъотІун жаваб васас гьабуна.
БетІергьанасда лъала дур якъин бугеб-гьечІеб,
Батани, дуй Дов гІолин, гІака теян абуна.

АнцІго гІака дуй кьелин, дун рекІине гьавеян,
Гьанжиги гьав нухлулав васасде тІаделъана.

Ялъуни, гIарацалъухъ бичун кьеян гьарана,
Гьари къабул гьабизе васас хивал гьабичIо.

Гьединаб амро дие эбелалъул гьечIилан,
Абураб рагIуда нахъ вас гамачI гIадин чIана.
Божкъаликье, пархунеб цо хIинчI цебе тIамуна,
Нухлулавги тIагIана, тIурун гIакаги ана.

ГIажаибаб, хIикматаб, бицинего лъалареб,
Цо лахIзаталда жаниб батIаяб жо лъугьана:
Берзукьаго тIагIараб, тIурун араб гIакаги,
Араб бакIго лъайчIого, лъугIарав нухлулавги.

Халикъасул цIаралда, цебесеб нухалъ гIадин,
Васас гьанжесалаги гIакаялде ахIана.
ГIалхул чангIан лебалго, ахIидал жаваб гьабун,
Гьанжиги, бачIун, гIака васасда цебе чIана.

Цинги, дида рекIине мурадалда вукIарав –
МалгIун – иблис букIанин баян гьасие кьуна.
БукIарабани рекIун гьеб малгIун дир мугъалда,
Духъе дун абадалъго щолароан абуна.

Би илагьи Ибрагьим – дуца ахIараб мехалъ,[1]
Иблисалъ ккураб дир койлъ малаикас босана.
Малаикас койлъги ккун, иблисги нахъе къотIун,
ТIад буссине рес щванин, васасе гьелъ бицана.

Гьадин духъе дун щойи – эбелалъул баракат,
Эбелалъе дур бугеб хъулухъалъул натижат.[2]

[1] Ай, Ибрагьим аварагасул Аллагьасдалъун абун дуца ахIараб мехалъ.
[2] Ай, хIасил, результат.

Бахъун кьолболъа мегІер бачІаян гьараниги,
Гьебги дуе Аллагьас кьезе бугин абуна.

Инсуца Аллагьасухъ вадигІатлъун[1] кьун тараб,
Баркат бугеб гІакагун вас эбелалъухъ щвана.
Эбелалъе лъимадул рухІи кІудияблъидал,
ЛъикІав васасул ургъел камун гьейги йикІинчІо.

Щибаб къойил рохьов ун, къасе гІибадат гьабун,
Дуй захІматги бугелъул, дагьаб бигьалъи ккезе,
Базаралдеги бачун, гьаб гІака биче, абун
Эбелалъ кьураб гІакъло васас къабул гьабуна.

«Бикам абигІу?»[2] – абун эбелалда гьикъана,
Эбелалъ гІакдал багьа лъабго динар[3] гьабуна.
Гьелда тІадеги, «Дида дандбан хадуб горони
Бичуге», - ян васасе шартІги мухІкан гьабуна.

Гьеб гІакаги бачун вас базаралде къокъана,
Къудраталъул Аллагьас цо малаик витІана,
ГІакдал багьа цІехана, босулеб ххвел гьабуна,
Васасги, жинда манлъухъ: «Лъабго динар» – абуна. –

Эбелалда дандги бан, дой разилъун горони,
Даран гьабиларилан – гьединаб шартІги лъуна.
ТІадвуссун малаикас: «Эбелалъухъ инчІого,
Анлъго динарги кьелин, гІака кье», - ян гьарана.

[1] Ай, аманат.
[2] Ай, кигІаналде бичилеб абун гьикъана.
[3] Динар – меседил гъурущ (монета).*

ГIакдада данде цIараб месед дуца кьуниги,
Дуе гIака кьоларо, илла би риза умми,[1] –
Эбелалъул адаб тун щибго жо гьабиларин
БетIералде босараб васас лъайзе гьабуна.

Гьеб багьа-къадаралъул эбелалде бицине,
Базаралдаса вахъун, рокъове тIадвуссана.
Васасдехун эбелалъ «Анлъабго динаралде
Дов босулев чиясе бичун те»,-ян абуна.

ГIакаги колъалда бан базаралде къокъана,
Довго чи аскIув вачIун, щиб ккарабан гьикъана.
Багьа, дуцаго чIвараб, анлъго динар бугилан,
Эбелалъул рахъалъан васас гьесда абуна.

Гьанжиги малаикас, эбелалъухъ инчIони,
АнцIила кIиго динар гIакдахъ кьелин абуна.
Эбелалъул амро тун васас даран гьабичIо,
Динаразда бахиллъун гьелъул адаб рехичIо.

ВачIарабго хIалалда, тIадвуссун рокъов ана,
Эбелалъе лъугьараб къиса баян гьабуна.
Гьанжи эбел ургъана, хIикматалде кантIана,
Муштариясул шаъно ишкал гьечIого лъана[2].

«Гьев чи малаик вуго, инсан горо», – абуна,
Аллагьас дуде тIаде хIалбихьизе тIамурав.
ХIалбихьи дур гьабизе гьанжиги дов вачIани,
Досде «Гьаб гIака бичун лъикIищ?»-иланги гьикъе.

[1] Ай, эбелалъул разилъиялдалъун горони.
[2] Ай, гIака босулев чиясул хIал-хIукму лъана.

Гьаб манлъа-хъвайги гьабун, эбелалъ вас витIана,
ТIадвуссун базаралде довго чиясухъ щвана.
«Бичунищ лъикI, танищ лъикI гьаб гIака»,-ян гьикъана.
Гьанжесала васасе малайкас гIакъло кьуна.

«ГIакаги бачун рокъов тIадвусса»,- ян манлъана, –
ТIокIав базаралдеги вачIунге»,- ян абуна, –
Эбелалде, «Гьаб гIака боссе чи вачIинегIан
Бичуге», - ян абизе аманатги тIадкъана.

Исраилазул къатил тIатине гьавиялъе
Гьаб гIака сабаб бугин малаикас бицана.
Бичун ножор гьаб боссе Муса вачIине вугин,
НахъчIвайчIого гьесие кьейиланги абуна.

Багьаги, гIакаялъул тIом цIураб багIар-месед –
Гьеб кьечIого кьогеян, гьадин лъайзе гьабуна.
Гьал сияхIалги росун, гIакаги квелъалда бан,
Малаикас манлъухъе, вас рокъов тIадвуссана.

Исраилазул къатил ватиялъе сабаблъун
Нелъер гIака ккун бугин эбелалъе бицана.
Эбелги разилъана, лъикI ккун бугин абуна,
ЛъикIав васасул талихI жибго тIаде бачIана.

ТIадегIанав Аллагьас сипат жиндий гьабураб,
Исраилал, гьеб гIака балагьун рортанхъана.
Батана ахир-къадги эбел жинда разияв,
Амро гьелъул толарев гьав васасул къавуда.

Даран гьелъул гьабуна, тIом цIураб месед кьуна,
Мискинав васасул рукъ баракаталъул цIуна.

АнцIго нухалъ гIакдада данде цIараб месед кьун
Босарабин абулеб цо риваятги буго.

Цинги, БетIергьанасул амроялда нахърилълъун,
Мусал изноялдалъун исраилаз гьеб хъуна.
Хъураб гьеб гIакаялъул, дов макътуласда,[1] цо сан
Цуйзе гьабеян абун Аллагьас буюрана.

Исраилаз гIакдал сан досда цуйзе гьабуна,
Дун пуланас чIванилан, вахъун, макътул кIалъана.
Къатилги загьир гьавун, гьесул исмоги[2] бицун,
ГьебсагIаталъго ГIамил вукIухъе хунги ана.

Хварасда цуйзабураб гIакдал саналда тIадги
БатIа-батIа кIалъана кIудиял гIалимзаби, –
ГIажбу-ззанби[3] букIанин цо риваят бачIана
Цойги риваяталда мацI букIанин абуна.

* * * * *

قَالَ تَعَالَىٰ: ﴿ وَإِذْ قَالَ مُوسَىٰ لِقَوْمِهِۦٓ إِنَّ ٱللَّهَ يَأْمُرُكُمْ أَن تَذْبَحُوا۟ بَقَرَةً ۖ قَالُوٓا۟
أَتَتَّخِذُنَا هُزُوًا ۖ قَالَ أَعُوذُ بِٱللَّهِ أَنْ أَكُونَ مِنَ ٱلْجَٰهِلِينَ ﴿٦٧﴾ قَالُوا۟ ٱدْعُ لَنَا رَبَّكَ
يُبَيِّن لَّنَا مَا هِىَ ۚ قَالَ إِنَّهُۥ يَقُولُ إِنَّهَا بَقَرَةٌ لَّا فَارِضٌ وَلَا بِكْرٌ عَوَانٌۢ بَيْنَ ذَٰلِكَ ۖ
فَٱفْعَلُوا۟ مَا تُؤْمَرُونَ ﴿٦٨﴾ ﴾ البقرة : ٦٧ – ٦٨

---

[1] ЧIван хварав чи, ай ГIамил.
[2] Исмо – цIар.*
[3] ГIажбу-ззанби – копчик.*

Аза-азар санабаз цере ккарал къисаби
Къуръаналъул аятаз гIемерал рицун руго.
Риваятал абуни, хилафалда рукIуна,
Хилафалъ Къуръаналъул насс загIиф гьабуларо.

Гьаб рехсараб къисаги къудраталъул Аллагьас
Къуръаналда рехсана сурат – «Бакъараталъулъ».
Бусурманал вацазе танбигьлъун гьабегиян
Гьарулаго дицаги гIажамалде босана.

ГIажаиблъи-хIикмалъи, Аллагьасул хIалкIолъи,
ХIисаб гьабун бихьани, гIакълаби хIайранлъула.
ГIаламалъулъ хьвадулел умуразул балъголъи, –
БетIергьан тун нахъияв хадувгъолеб иш горо.

Исраилазул къатил тIатине гьавиялъе
ТIокIаб ресдай букIинчIо макътул кIалъан горони,
Макътул чIаго гьавизе, гьев кIалъайзавизеги
Гьаб гIакдал саналъищха квербакъи гьабун бугеб?

ГьечIо, диналъул вацал, дунял-гIалам Бижарас
Жиндий щиб бокьаниги сабабалъе тIамула.
Мусаббибуль-асбабас[1] сабаблъун тIамун хадуб,
Халгьабе, хъураб гIакдал лага-саналъул гьунар.

Сабаблъун гьеб тIамурав Аллагь вукIин лъайчIони,
Лъай-гIакъло бугев чиян гьесда кинан абилеб?
Лъалевлъун вукIун хадуб, хъураб гIакдал саналде
Сабабилан горого, МагIбудищха абилеб[2]?

[1] Ай, Аллагьас.
[2] Ай, Аллагьиланищ абилеб?

ГIабидасе МагIбудги[1] лъайчIого рес гьечIелъул,
Сабабги Мусаббиблъун сафигь горесда ккелищ?[2]
Сафигь гьечIев ватани, гьаб кIиялъулго магIна,
ГIилмого гьечIониги, лъалареб жойищ буго?

الله أكبر

[1] Ай, лагъасе жиндир БетIергьан.
[2] Ай, гIакъло дагьасда горони, жиб сабаблъун тIамураб жо Аллагьин ккелищ?

# ТIЕХЬАЛДА БУГО


Аллагьас Аварагасул ﷺ нур бижин.....1

Аллагьас Адам авараг вижин.....11

Аллагьас Адам чIаго гьави.....16

Адам Алжаналдас къватIиве вачIин.....23

Къабилица Гьабил чIвай.....32

Адам авараг عليه السلام хвей.....36

Идрис аварагасул عليه السلام хIакъалъулъ къокъаб баян.....43

НухI аварагасул عليه السلام къиса.....47

Гьуд аварагасул عليه السلام ва ГIадил къавмалъул хIакъалъулъ къокъаб баян.....60

СвалихI аварагасул عليه السلام хIакъалъулъ къокъаб баян.....63

Ибрагьим аварагасул عليه السلام къисаялдасан баян.....68

КагIба баялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.....84

ЛутI аварагасул عليه السلام хIакъалъулъ къокъаб баян.....93

Намруз гьалаклъиялъул къокъаб баян.....97

ИсмагIил عليه السلام хъоялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.....103

Шадад гьалаклъиялъул баян.....109

ИсхIакъил عليه السلام къисаялдасан къокъаб баян.....113

ЯгIкъубил ва Юсуфил хIакъалъулъ къокъаб баян.....119

Юсуфихъе عليه السلام, тIощел тIалаб гьабун, жиндирго вацал рачIиналъул къокъаб баян.....151

Аюб аварагасул عليه السلام хIакъалъулъ къокъаб къиса.....170

Зуль-кифли аварагасул хIакъалъулъ къокъаб баян.....188

ШугІайб аварагасул عليه السلام хІакъалъулъ къокъаб баян… 194

Муса аварагасул عليه السلام къисаялдасан къокъал баянал… 209

ФиргІавница Асият ячиналъул къокъаб баян… 216

ФиргІавнида рихьарал гІаламатазул хІакъалъулъ къокъаб баян (лагІанатуллагьи гІалайгьи)… 219

ФиргІавница МашитІат ва Асият чІваялъул къокъаб баян… 260

ФиргІавн ва гьесул къавм гъанкъиялъул хІакъалъулъ къокъаб баян… 266

Аллагьас Муса عليه السلام «ТІурсайнаъ» абураб магІарде ахІи ва гьесухъе Таварат хъварал хъарщал кьеялъул къокъаб баян… 280

Мусалги عليه السلام Къарунилги хІакъалъулъ къокъаб хабар… 298

Хизри гІалайгьи-ссаламасул гьитІинаб гІумру байбихьиялъул хІакъалъулъ къокъаб баян… 306

Мусалги Хизрилги хІакъалъулъ къокъаб баян… 319

Муса ва Гьарун хоялъул къокъаб баян… 334

ЮшагІ аварагас عليه السلام АрихІа шагьар бахъиялъул хІакъалъулъ къокъаб баян… 337

Ильяс аварагасул عليه السلام хІакъалъулъ къокъаб баян… 339

ШамгІунил عليه السلام хІакъалъулъ къокъаб баян… 347

Табут тІадбуссиналъул къокъаб баян… 351

Жалут чІваялъул хІакъалъулъ къокъаб баян… 356

Давуд аварагасул عليه السلام хІакъалъулъ къокъаб баян… 365

Сулайман аварагасул عليه السلام хІакъалъулъ къокъаб баян ва Давудилгун عليه السلام гьесул хІукму къотІиялъул хІакъалъулъ къиса… 377

Сулайман аварагасул عليه السلام хІакъалъулъ къокъаб баян… 384

Аллагьас Сулайманил عليه السلام хІалбихьиялъул баян… 393

Байтул-мукъаддас баялъул къокъаб баян....................................402

Сулайман аварагасулги عليه السلام Билкъисилги къисаялдасан ва гьев хоялда тIасан къокъаб баян ..................................................410

Сулайман авараг عليه السلام хвей..............................................................420

Даниял аварагасул عليه السلام къисаялдасан къокъаб баян.......................422

Даниял عليه السلام хоялда хурхараб къиса ..................................................426

ГIузайр аварагасул عليه السلام къисаялдасан къокъаб баян......................429

Лукъманул-хIакимил хIакъалъулъ къокъаб баян..........................439

ШагIья аварагасул عليه السلام къисаялдасан баян ....................................451

Балукъя аварагасул عليه السلام хIакъалъулъ къокъаб баян........................461

Зул-къарнайни абурав авараг яги ханасул хIакъалъулъ къокъаб баян...........................................................................................472

Зул-къарнайни бецIаб дунялалде лъугьиналъул хIакъалъулъ къокъаб баян............................................................................................481

АсхIабу-ссабтазул хIакъалъулъ къокъаб баян...............................501

Закария аварагасул вас ЯхIя ва ГIиса авараг гьавиялда хурхараб ва Закариягун ЯхIя عليه السلام чIваялъулги бицунеб къиса ...........504

Марям, ГIисаги عليه السلام вачун, Мисриялде ийин ва гьениса тIадруссиналъулги хIакъалъулъ баян...........................................520

ТIадегIанав Аллагьас ГIиса عليه السلام зодове вачун иналъул хIакъалъулъ къокъаб баян..........................................................558

ГIиса аварагас عليه السلام АнтIакият абураб шагьаралде жиндирго хIавариюнал ритIиялъул хIакъалъулъ баян...................................573

Бану-исраилазул хун хадуб чIаго гьабураб къавмалъул, ва ХIизкъил аварагасул عليه السلام хIакъалъулъ къокъаб баян......................581

ТIадегIанав Аллагьас бану-исраилазде гIака хъоян амро гьабиялъул хIакъалъулъ къокъаб баян.........................................589

Духовно-просветительское издание
[на аварском языке]

**Саид Афанди аль-Чиркави**

**КЪИСАСУЛЬ АНБИЯЪ**

**[истории пророков]**

Том 1
2-е издание

**Отвественный редактор:**
Г-М. Ичалов

**Литературный редактор, корректор:**
Т. Зургалова

**Дизайн и верстка:**
М-А. Гаджиев

ООО «Издательский дом “Нуруль иршад”»
367000, Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Левина, 9
web: **www.nurulirshad.ru**; e-mail: **info@nurulirshad.ru**

Продукцию Издательского дома «Нуруль иршад» можно заказать в интернет-магазине **www.nurulirshad.ru**